# EVAŊGERI
# YAKANYORWA NAMATEO

*Madziteteguru aJesu Kristu.*

(Ruka 3. 23–38.)

1 1 Mazita amadziteteguru aJesu
Kristu, mŋanakomana waDavidi,
mŋanakomana waAbrahama:
2 Abrahama wakaɓereka Isaka; Isaka
akaɓereka Jakobo; Jakobo akaɓereka Juda
naʋanuŋuna ʋake; 3 Juda akaɓereka
Faresi naZara *kumukadzi wake* Tamari;
Faresi akaɓereka Esromi; Esromi
akaɓereka Arami; 4 Arami akaɓereka
Aminadabi; Aminadabi akaɓereka Na-
soni; Nasoni akaɓereka Saremoni;
5 Saremoni akaɓereka Boasi *kumukadzi
wake* Rahabi; Boasi akaɓereka Obedi
*kumukadzi wake* Rute; Obedi akaɓe-
reka Jesi; 6 Jesi akaɓereka mambo
Davidi.
Davidi akaɓereka Soromoni *kumu-
kadzi* waUria; 7 Soromoni akaɓereka
Roboami; Roboami akaɓereka Abia;
Abia akaɓereka Asafa; 8 Asafa aka-
ɓereka Josafati; Josafati akaɓereka
Joramu; Joramu akaɓereka Ozia;
9 Ozia akaɓereka Jotamu; Jotamu
akaɓereka Ahazi; Ahazi akaɓereka Eze-
kia; 10 Ezekia akaɓereka Manase;
Manase akaɓereka Amoni; Amoni aka-
ɓereka Josia; 11 Josia akaɓereka Je-
konia naʋanuŋuna ʋake neŋguʋa yoku-
tapxa kwaʋo Babironi.
12 Shure kwokutapxa kwaʋo Babi-
roni Jekonia akaɓereka Saratieri; Sara-
tieri akaɓereka Zorobaberi; 13 Zoro-
baberi akaɓereka Abiudi; Abiudi aka-
ɓereka Eriakimi; Eriakimi akaɓereka
Azori; 14 Azori akaɓereka Sadoki;
Sadoki akaɓereka Akimi; Akimi aka-
ɓereka Eriudi; 15 Eriudi akaɓereka
Ereazari; Ereazari akaɓereka Matani;
Matani akaɓereka Jakobo; 16 Jakobo
akaɓereka Josefa, murume waMaria, iye
akaɓereka Jesu, unonzi Kristu.
17 Naiȥoȥo marudzi ose kubva kuna-
Abrahama kuȿikira kunaDavidi aiʋa
marudzi anegumi namanna; kubva
kunaDavidi kuȿikira pakutapxa Babironi
marudzi anegumi namanna; kubva
pakutapxa Babironi kuȿikira kunaJesu
Kristu marudzi anegumi namanna.

*Kuɓerekwa kwaJesu Kristu.*

18 Kuɓerekwa kwaJesu Kristu kwa-
iʋa kuɗai: Maria, mai ʋake, wakati
anyeŋgwa naJosefa, ʋasati ʋasoŋgana,
wakaʋonekwa aʋa nemimba noMŋeya
Mutȿene. 19 Ȥino Josefa, murume
wake, ȥaakaŋga ari munhu wakarurama,
asiŋgaɗi kumunyadzisa, wakafuŋga ku-
murega cinyararire. 20 Ȥino wakati
acaraŋgarira iȥoȥo, tarira, mutumŋa
waShe akaȥiratidza kwaari pakurota,
akati: Josefa, mŋanakomana waDavidi,
usatya kutora Maria, mukadzi wako;
nokuti cakagamucidzwa mukati make
ndecoMŋeya Mutȿene. 21 Iye uca-
ȥara mŋanakomana, ugomutumidza zita
rinonzi Jesu; nokuti ndiye ucaponesa
ʋanhu ʋake paȥiʋi ȥaʋo. 22 Iȥoȥo ȥose
ȥakaitwa kuti ȥiitike ȥakareɓga na-
She, *nomuromo* womuprofita, aciti:

23 Tarira, mhandara icaʋa nemimba,
icaȥara mŋanakomana,
Ʋacamutumidza zita rinonzi Ema-
nueri;

ndokuti kana ȥicishandurwa: Mŋari
unesu. 24 Ȥino Josefa akamuka pa-
hope dzake akaita seȥaakarairwa nomu-
tumŋa waShe, akatora mukadzi wake;
25 akasamuziʋa kuȿikira aȥara mŋana-
komana wake weɗaŋgwe, ndokumutu-
midza zita rinonzi Jesu.

*Ʋacenjeri ʋamabvazuʋa.*

2 1 Jesu wakati aɓerekwa paBe-
trehema reJudea, pamazuʋa ama-
mbo Herode, tarira, ʋacenjeri
ʋakaȿika Jerusarema ʋacibva mabva-
zuʋa, 2 ʋakati: Uripiko Mambo waʋa-
Juda wakaȥarwa? nokuti takaʋona
nyeredzi yake kumabvazuʋa, taʋuya
kuzomunamata. 3 Mambo Herode a-
ciȥinzwa, wakamanikidzwa, neJerusa-
rema rose naye. 4 Akakokera ʋapri-
sta ʋakuru ʋose naʋanyori ʋaʋanhu,
akaʋabvunza kuti Kristu ucaɓerekwepi.

5 Ʋakati kwaari: PaBetrehema reJudea;
nokuti ndiȥo ȥakanyorwa nomuprofita,
*ȥicinzi*:
6 Newe Betrehema, nyika yeJudea,
Hauzi muɗuku kwaȥo kuʋaɓati
ʋaJuda;
Nokuti kwauri Kucaɓuɗa Mutu-
ŋgamiririri,
Ucafudza ʋanhu ʋaŋgu ʋaIsraeri.
7 Ȥino Herode wakaɗana ʋacenjeri,
ʋari ʋoga, akaʋabvunzisisa ŋguʋa yaka-
ʋonekwa nyeredzi nayo, 8 akaʋatuma
Betrehema, akati: Endai munatso-
bvunzisisa ȥomŋana; kana mamuwana,
mundiʋudze, kuti neni ʋo ndiʋuye
kuzomunamata. 9 Ʋakati ʋanzwa ma-
mbo, ʋakaenda; ȥino, tarira, nyeredzi
yaʋakaŋga ʋaʋona kumabvazuʋa, yaka-
ʋatuŋgamirira, kuşikira yandomira
pamsoro peimba pakaŋga panomŋana.
10 Ʋakati ʋaʋona nyeredzi, ʋakafara
nomufaro mukuru-kuru. 11 Ʋaka-
pinda mumba, ʋakawana mŋana naMa-
ria mai ʋake; ʋakawira pasi, ʋakamu-
namata; ʋakasunuŋgura fuma yaʋo,
ʋakamupa ȥipo ȥendarama, neȥinonhu-
wira, nemura. 12 Ʋakati ʋanyeʋerwa
pakurota naMŋari, kuti ʋarege kudzo-
kera kunaHerode, ʋakaenda kunyika
yaʋo neimŋe nzira.

*Kutizira Egipita nokuʋurawa kwaʋana.*

13 Ʋakati ʋaenda, tarira, mutumŋa
waShe wakaʋonekwa naJosefa pakurota,
aciti: Simuka, utore mŋana namai ʋake,
utizire Egipita, ugare'ko kuşikira ndici-
kuʋudza; nokuti Herode ucatşaka
mŋana kuti amuʋuraye. 14 Akasimu-
ka, akatora mŋana namai ʋake ʋusiku,
akaenda Egipita, 15 akagara'ko kuşi-
kira Herode afa, kuti ȥiitike ȥakarebga
naShe *nomuromo* womuprofita, aciti:
Ndakaɗana mŋanakomana waŋgu abve
Egipita. 16 Ȥino Herode, wakati aʋo-
na kuti wanyeŋgerwa naʋacenjeri, aka-
tsamŋa kwaȥo-kwaȥo; akatuma *ʋanhu*
kundoʋuraya ʋana ʋaʋakomana ʋose
ʋaiʋa muBetrehema napanyika yose
yakapotereka, ʋaiʋa namakore maʋiri
naʋaɗuku kwaʋari, iri ŋguʋa yaaka-
nzwisisa kuʋacenjeri. 17 Ȥikaitika ȥa-
karebga nomuprofita Jeremia, aciti:
18 Inzwi rakanzwika muRama,
Rokucema nokurira kukuru;
Rakeri acicema ʋana ʋake,
Asiŋgaɗi kunyaradzwa, nokuti
haʋaci'po.

*Kudzoka paEgipita.*

19 Herode wakati afa, tarira, mutu-
mŋa waShe akaʋonekwa naJosefa pa-
kurota paEgipita, 20 akati: Simuka,
utore mŋana namai ʋake, uende ku-
nyika yaʋaIsraeri, nokuti ʋaitşaka kuʋu-
raya mŋana ʋafa. 21 Akasimuka, ndo-
kutora mŋana namai ʋake, akaşika
kunyika yaʋaIsraeri. 22 Asi, wakati
acinzwa kuti Arkerao waʋa mambo
panȥimbo yaɓaɓa ʋake Herode, akatya
kuenda'ko; akanyeʋerwa pakurota, aka-
enda kumatiʋi enyika yeGarirea;
23 akandogara muguta rinonzi Naza-
reta, kuti ȥakarebga naʋaprofita ȥiitike,
kuti ucanzi muNazareta.

*Johane Mubapatidzi.*

(Mar. 1. 1–8; Ruka 3. 1–18; Joh. 1. 6–8;
19–36; 3. 23–32.)

3 1 Namazuʋa iwayo Johane mu-
bapatidzi wakaʋuya aciparidza
parenje reJudea, aciti: 2 Tende-
ʋukai, nokuti ʋushe bgokuɗeŋga bg
sweɗera pedyo. 3 Nokuti uyu ndi
wakarebga nomuprofita Isaya, aciti:
Inzwi rounoɗana murenje:
Gadzirai nzira yaShe,
Ruramisai migwagwa yake.
4 Iye Johane waiʋa neŋguʋo yama-
kushe ekamera, nebanhire reganda paci-
ʋuno cake; ȥokudya ȥake ȥaiʋa mhashu
noʋuci bgeɓundo. 5 Ȥino ʋeJerusa-
rema neJudea rose ʋakaɓuɗira kwaari,
nenyika yose yapaJordani; 6 ʋaka-
bapatidzwa naye murwizi rwaJoridani
ʋaciȥireʋurura ȥiʋi ȥaʋo. 7 Asi wakati
aciʋona ʋazhinji ʋaʋaFarise naʋaSaduse
ʋaciʋuya kuzobapatidzwa, akati kwa-
ʋari: Ʋana ʋenyoka, ndianiko waka-
kunyeʋerai kuti mutize kutsamŋa kuno-
ʋuya? 8 Naiȥoȥo ɓerekai ȥiɓereko
ȥakafanira kutendeʋuka. 9 Musafuŋga
kutaura mumŋoyo menyu, muciti:
Abrahama ndiɓaɓa ʋeɗu; nokuti ndinoti
kwamuri, Mŋari uŋgamutsira Abrahama
ʋana pamabge awa. 10 Ȥino sanhu
ratoiswa pamudzi wemiti; saka muti
mumŋe nomumŋe usiŋgaɓereki ȥiɓereko
ȥakanaka, unotemŋa, ukakandirwa mu-
mŋoto. 11 Ini ndinokubapatidzai ne-
mvura, mutendeʋuke; asi unoʋuya
shure kwaŋgu, unesimba, kupfuuʋureni,
uyo wandisakafanira kutakura shaŋgu
dzake; iye ucakubapatidzai noMŋeya
Mutşene nomŋoto. 12 Rusero rwake
ruri muruʋoko rwake; ucanatsa ɓuriro

rake kwaȥo; ucaʋuŋganidzira ȥiyo mu-
ɗura, asi hundi ucaipisa mumŋoto
usiŋgadzimŋi.

*Kubapatidzwa kwaJesu.*

(Mar. 1. 9–11; Ruka 3. 21, 22; Joh. 1. 31–34.)

13 Ȥino Jesu wakabva Garirea. akaşika
paJoridani kunaJohane kuzobapatidzwa
naye. 14 Asi Johane wakaidza kumu-
dziʋisa, akati: Ndini ndinofanira kuba-
patidzwa nemi, ko moʋuya kwandiri
sei? 15 Asi Jesu wakapindura, akati
kwaari: Cirega hako ȥino, nokuti sa-
iȥoȥo ȥakafanira kuti tizadzise kurura-
ma kwose. Ipapo akamurega. 16 Jesu,
wakati abapatidzwa, pakarepo akaɓuɗa
mumvura; ȥino, tarira, ɗeŋga rakamu-
zarurirwa, akaʋona Mŋeya waMŋari
aciɓuruka senjiʋa, akaʋuya pamsoro
pake. 17 Ȥino tarira, inzwi rakabva
kuɗeŋga, riciti: Uyu ndiye Mŋana-
komana waŋgu unoɗikanwa, wandino-
farira!

*Kuidzwa kwaJesu.*

(Mar. 1. 12, 13; Ruka 4. 1–13.)

4 1 Ȥino Jesu wakatuŋgamiririrwa
noMŋeya kurenje, kuzoidzwa na-
Diaborosi. 2 Wakati aȥinyima ȥo-
kudya mazuʋa anamakumi manna, no-
ʋusiku bgunamakumi manna, akabva
oziya. 3 Ȥino muidzi akaʋuya kwaari,
akati kwaari: Kana uri Mŋanakomana
waMŋari, taura kuti mabge awa ȥiʋe
ȥiŋgwa. 4 Asi wakapindura, akati:
Kwakanyorwa *kucinzi*: Munhu haaŋga-
rarami neciŋgwa ɓedzi, asi namashoko
ose anoɓuɗa mumuromo waMŋari.
5 Ȥino Diaborosi akamuisa muguta
dȥene, akamumisa paciruʋu cetembere,
6 akati kwaari: Kana uri Mŋanakomana
waMŋari, uȥiwisire pasi; nokuti kwa-
kanyorwa *kucinzi*:

Iye ucaraira ʋatumŋa ʋake pamsoro
pako,
Pamaʋoko *avo* ʋacakusimudza,
Kuti urege kugumbusa rutsoka
rwako pabge.

7 Jesu akati kwaari: Kwakanyorwa
ʋo: Usaidza Ishe, Mŋari wako. 8 Dia-
borosi akamuisa ȥe pagomo refu-refu,
akamuratidza ʋushe bgose bgenyika,
nokubginya kwabgo; 9 akati kwaari:
Iȥi ȥose ndicakupa, kana ukawira pasi
ukandinamata. 10 Ipapo Jesu akati
kwaari: Ibva, Satani, nokuti kwaka-
nyorwa *kucinzi*: Namata Ishe, Mŋari
wako, umushumire iye oga. 11 Ȥino
Diaborosi akamurega, ʋatumŋa ʋaka-
ʋuya ʋakamushumira.

*Jesu paGarirea. Ʋadzidzi ʋokutaŋga.*

(Mar. 1. 14; Ruka 4. 14; 5. 1–11.)

12 Jesu wakati anzwa kuti Johane
wasuŋgwa, akaenda Garirea. 13 Ȥino,
wakabva Nazareta, akandogara Kape-
rnaume paguŋgwa, munyika yeZaburoni
neNeftarimi; 14 kuti ȥiitike ȥakarebga
nomuprofita Isaya, aciti:

15 Nyika yeZaburoni, nenyika yeNe-
ftarimi,
Panzira yeguŋgwa, mhiri kwaJo-
ridani,
Garirea raʋahedeni;
16 Ʋanhu ʋakaŋga ʋagere murima
Ʋakaʋona ciedza cikuru;
Naʋakaŋga ʋagere panyika *yorufu*
nomumumvuri worufu,
Ciedza cakaʋaɓuɗira.

17 Kubva paŋguʋa iyeyo Jesu waka-
taŋga kuparidza, aciti: Tendeʋukai,
nokuti ʋushe bgokuɗeŋga bgaswedera
pedyo.
18 Wakati acifamba paguŋgwa reGa-
rirea, akaʋona *ʋarume* ʋaʋiri, ʋana
ʋomunhu mumŋe, Simoni unonzi Petro,
naAndrea munuŋuna wake, ʋacika-
ndira ʋutaʋa muguŋgwa, nokuti ʋaka-
ŋga ʋari ʋaɓati ʋehoʋe. 19 Akati
kwaʋari: Nditeʋerei, ndigokuitai ʋaɓati
ʋaʋanhu. 20 Pakarepo ʋakasiya ʋuta-
ʋa bgaʋo, ʋakamuteʋera. 21 Ȥino
wakati apfuʋura mberi, akaʋona ʋamŋe
*ʋarume* ʋaʋiri mugwa, ʋana ʋomunhu
mumŋe, Jakobo mŋanakomana waZe-
bedi, naJohane munuŋuna wake, ʋana-
Zebedi, ɓaɓa ʋaʋo, ʋacigadzira ʋutaʋa
bgaʋo; akaʋaɗana. 22 Pakarepo ʋaka-
siya igwa naɓaɓa ʋaʋo, ʋakamute-
ʋera.
23 Jesu akapota neGarirea rose,
akadzidzisa mumasinagoge aʋo, acipa-
ridza Evaŋgeri yoʋushe, aciporesa hosha
dzose namarwere ose aʋanhu. 24 Mu-
kurumbira wake ukanzwika kunyika
yose yeSiria; ʋakaʋuya kwaari naʋa-
irwara ʋose, naʋakaɓatwa nehosha
dzamarudzi mazhinji namarwadzi,
naʋakaŋga ʋanemŋeya yakaipa, naʋa-
neȥipusha, naʋakaŋga ʋakafa mite-
zo, akaʋaporesa. 25 Ʋanhu ʋazhinji-
zhinji ʋaibva Garirea, neDekapori, ne-
Jerusarema, neJudea, nemhiri kwaJo
ridani ʋakamuteʋera.

*Mharidzo yaJesu pagomo.*
(Ruka 6. 20–49.)

5 1 Wakati aciʋona ʋanhu ʋazhi-
nji, akakwira mugomo; akagara
pasi, ʋadzidzi ʋake ʋakasweɗera
kwaari. 2 Akashamisa muromo wake,
akaʋadzidzisa, aciti:
3 Ʋakaropafadzwa ʋarombo pamŋeya;
nokuti ʋushe bgokuɗeŋga ndobgaʋo.
4 Ʋakaropafadzwa ʋanocema; nokuti
ʋacanyaradzwa.
5 Ʋakaropafadzwa ʋanyoro; nokuti
ʋacagara nhaka yenyika.
6 Ʋakaropafadzwa ʋanenzara nenyota
yokururama; nokuti ʋacagutiswa kwaȥo.
7 Ʋakaropafadzwa ʋaneŋgoni; nokuti
ʋacaitirwa ŋgoni.
8 Ʋakaropafadzwa ʋakacena pamŋoyo;
nokuti ʋacaʋona Mŋari.
9 Ʋakaropafadzwa ʋanoyananisa; no-
kuti ʋacanzi ʋana ʋaMŋari.
10 Ʋakaropafadzwa ʋanotambudzwa
nokuɗa kwokururama; nokuti ʋushe
bgokuɗeŋga ndobgaʋo. 11 Makaro-
pafadzwa imi, kana ʋacikuȥidzai, ʋaci-
kutambudzai, ʋacikupomerai ȥakaipa
ȥose nenhema, nokuɗa kwaŋgu. 12 Fa-
rai, mufarise kwaȥo; nokuti muɓairo
wenyu mukuru kuɗeŋga; nokuti ʋaka-
tambudza saiȥoȥo ʋaprofita ʋakakuta-
ŋgirai.

*Munyu neciedza cenyika.*

13 Imi muri munyu wenyika; asi
kana munyu waɗuruŋgunda, ucaruŋgwa
neiko? Haucaɓatsiri cinhu, asi kura-
shirwa kunze, utsikwe naʋanhu. 14 Imi
muri ciedza cenyika. Guta rakaʋakwa
pagomo hariŋgaʋanziki. 15 Nomŋenje
haʋaŋgautuŋgidzi, ʋakauisa pasi peɗe-
ŋgu, asi pacigadziko, uvenekere ʋose
ʋari mumba. 16 Saiȥoȥo ciedza cenyu
ŋgacivenekere pamberi paʋanhu, kuti
ʋaʋone maɓasa enyu akanaka, ʋakudze
Ɓaba ʋenyu ʋari kuɗeŋga.

*Jesu Kristu wakavuya kuzadzisa Murairo.*

17 Musafuŋga kuti ndakaʋuya kupa-
radza murairo kana ʋaprofita: Handina-
kuʋuya kuparadza, asi kuzadzisa.
18 Nokuti ȥirokwaȥo ndinoti kwamuri,
kuşikira ɗeŋga napasi ȥicipfuʋura, yota
imŋe kana tsaŋga imŋe yomurairo
haȥiŋgatoŋgopfuʋuri, ȥisati ȥaitika ȥose.
19 Naiȥoȥo aninani unoputsa mumŋe
wemirairo miɗuku iyi, akadzidzisa ʋanhu
kuita saiȥoȥo, ucanzi muɗuku muʋushe
bgokuɗeŋga; asi unoiita, akaidzidzisa,
ucanzi mukuru muʋushe bgokuɗeŋga.
20 Nokuti ndinoti kwamuri: Kana
kururama kwenyu kusiŋgapfuʋuri kwa-
ʋanyori nokwaʋaFarise, hamuŋgato-
ŋgopindi muʋushe bgokuɗeŋga. 21 Ma-
kanzwa kuti ȥakanzi kunaʋekare: Usa-
ʋuraya; aninani unoʋuraya ucapara
mhoşa iŋgatoŋgwa; 22 asi ini ndinoti
kwamuri: Unotsamŋira hama yake,
ucapara mhoşa iŋgatoŋgwa; unoti ku-
hama yake: Raka, ucapara mhoşa
pamakurukota; unoti: Ɓenzi, ucapara
mhoşa *kuti atoŋgerwe* Gehena romŋoto.
23 Naiȥoȥo kana iwe uciʋuya necipo
cako paartari, ukaraŋgarira ipapo kuti
hama yako inemhoşa newe, 24 usiye
cipo cako ipapo pamberi peartari,
uende, umbondoyanana nehama yako,
ugozoʋuya woisa cipo cako. 25 Kuru-
midza kutenderana nomudziʋisi wako,
uciri munzira naye; kuti mudziʋisi
arege kukukwirira kumutoŋgi, mutoŋgi
kumutariri, ukasuŋgwa mutoroŋgo.
26 Ȥirokwaȥo ndinoti kwauri, hauŋga-
toŋgoɓuɗi'mo, usati waripa kamari
kwokupedzisira.
27 Makanzwa kuti ȥakanzi: Usaita
ʋupombge. 28 Asi ini ndinoti kwa-
muri: Mumŋe nomumŋe unotarira
mukadzi acimuciʋa, watoita ʋupombge
naye mumŋoyo make. 29 Kana ziso
rako rorudyi ricikugumbusa, uribvise,
urirashire kure kwauri; nokuti ȥirinani
kwauri kuti mutezo wako mumŋe ufe,
muʋiri wako wose urege kukandirwa
muGehena. 30 Kana ruʋoko rwako
rworudyi rucikugumbusa, urugure, uru-
rashire kure kwauri, nokuti ȥirinani
kwauri kuti mutezo wako mumŋe ufe,
muʋiri wako wose urege kukandirwa
muGehena. 31 Ȥakanzi ʋo: Aninani
unorasha mukadzi wake, ŋgaamupe
rugwaro rwokumuramba. 32 Asi ini
ndinoti kwamuri: Mumŋe nomumŋe
unorasha mukadzi wake, asi nemhoşa
yoʋupombge, unomuitisa ʋupombge;
aninani unowana warashwa, unoita
ʋupombge.
33 Makanzwa ʋo kuti ȥakanzi kuna-
ʋekare: Usapika nhema, asi uripire
Ishe pawakapika napo. 34 Asi ini
ndinoti kwamuri: Musatoŋgopika, kana
nokuɗeŋga, nokuti ndicocigaro coʋushe
caMŋari; 35 kana nenyika, nokuti
ndico citsiko cetsoka dzake; kana
neJerusarema, nokuti ndiro guta

raMambo mukuru. 36 Usapika kana
nomusoro wako, nokuti haugoni ku-
shandura ruvudzi rumŋe kuti ruʋe
rucena kana rutema. 37 Asi shoko
renyu riʋe: Hoŋo, hoŋo; kwete, kwete;
ȥinopfuʋura iȥoȥo ȥinobva kunowa-
kaipa.
38 Makanzwa kuti ȥakanzi: Ziso rino-
tsibga neziso, zino nezino. 39 Asi ini
ndinoti kwamuri: Musadziʋisa wakaipa,
asi unokuroʋa paɗama rorudyi, umuri-
nzire rimŋe ʋo. 40 Kana munhu aciɗa
kukukwirira, kuti akutorere ŋguʋo yako
yomukati, umutendere neŋguʋo yo-
kunze ʋo. 41 Aninani unokumanikidza
*kuenda* maira imŋe, uende naye mbiri.
42 Unokumbira kwauri umupe, usa-
furatira unoɗa kukwereta kwauri.
43 Makanzwa kuti ȥakanzi: Uɗe wo-
kwako, uʋeŋge muʋeŋgi wako. 44 Asi
ini ndinoti kwamuri: Iɗai ʋaʋeŋgi
ʋenyu, munyeŋgeterere ʋanokutambu-
dzai; 45 kuti muʋe ʋanakomana ʋa-
ɓaɓa ʋenyu ʋari kuɗeŋga; nokuti
ʋanoɓuɗisira ʋakaipa naʋakanaka zuʋa
raʋo, nemvura ʋanoinisira ʋakarurama
naʋasakarurama. 46 Nokuti kana mu-
ciɗa ʋanokuɗai, munomuɓairo weiko?
Ko ʋateresi haʋaiti saiȥoȥo ʋo here?
47 Kana mucikwazisa hama dzenyu
ɓedzi, munopfuʋura ʋamŋe neiko? Ko
naʋahedeni haʋaiti saiȥoȥo ʋo here?
48 Naiȥoȥo muʋe ʋakakwana, saɓaɓa
ʋenyu ʋari kuɗeŋga ʋakakwana.

*Mharidzo pagomo: Kupa varombo.*

6 1 Cenjerai, kuti murege kuita
kururama kwenyu pamberi paʋa-
nhu, kuti muʋonekwe naʋo; kana
maɗaro hamunamuɓairo kunaɓaɓa ʋe-
nyu ʋari kuɗeŋga.
2 Ȥino kana ucipa *varombo* ȥipo, rega
kuridza hwamanda pamberi pako, seȥi-
noita ʋanyeŋgeri mumasinagoge nomu-
nzira dzomumusha, kuti ʋakudzwe
naʋanhu. Ȥirokwaȥo ndinoti kwamuri,
ʋapiwa muɓairo waʋo. 3 Asi iwe,
kana ucipa ȥipo, ruʋoko rwako rworu-
ɓoshwe ŋgarurege kuziʋa cinoitwa
norudyi rwako, 4 kuti kupa kwako
kuʋe pakaʋanda; ipapo ɓaɓa ʋako
ʋanoʋona pakaʋanda ʋacakupa muɓairo.

*Kunyeŋgetera.*

5 Kana mucinyeŋgetera, musaʋa saʋa-
nyeŋgeri, nokuti ʋanofarira kunyeŋge-
tera ʋamire mumasinagoge napamhara-
dzano dzenzira dzomumusha, kuti
ʋaʋonekwe naʋanhu. Ȥirokwaȥo, ndi-
noti kwamuri: Ʋapiwa muɓairo waʋo.
6 Asi iwe, kana ucinyeŋgetera, pinda
muimba yako yomukati; kana wazarira
mukoʋa wako, unyeŋgetere kunaɓaɓa
ʋako ʋari pakaʋanda; ȥino ɓaɓa ʋako
ʋanoʋona pakaʋanda, ʋacakupa mu-
ɓairo. 7 Pakunyeŋgetera kwenyu, mu-
sapamhidza ȥisinamaturo saʋahedeni;
nokuti iʋo ʋanofuŋga kuti ʋacanzwika
nokutaura kwaʋo kuzhinji. 8 Naiȥoȥo
musafanana naʋo; nokuti ɓaɓa ʋenyu
ʋanoziʋa ȥamunoshaiwa, musati maku-
mbira kwaʋari. 9 Ȥino imi nyeŋgeterai
kuɗai: ɓaɓa ʋeɗu ʋari kuɗeŋga, zita
renyu ŋgarikudzwe noʋutşene. 10 Ʋu-
she bgenyu ŋgabguʋuye, kuɗa kwenyu
ŋgakuitwe panyika seȥ*akunoitwa* ku-
ɗeŋga. 11 Mutipei nhasi ȥokudya
ȥeɗu ȥinotiriŋgana. 12 Mutikaŋga-
nwirei mhoşa dzeɗu seȥatinokaŋga-
nwira ʋo ʋanemhoşa nesu. 13 Re-
gai kutiisa pakuidzwa, asi mutirwirei
panowakaipa. [Nokuti ʋushe ndo-
bgenyu, nesimba, nokubginya, nokusi-
ŋgaperi. Ameni.] 14 Nokuti kana
mucikaŋganwira ʋanhu kuɗarika kwaʋo,
ɓaɓa ʋenyu ʋari kuɗeŋga ʋacakuka-
ŋganwirai ʋo. 15 Asi kana musiŋga-
kanwiri ʋanhu kuɗarika kwaʋo, ɓaɓa
ʋenyu haʋaŋgakukaŋganwiriyi ʋo ku-
ɗarika kwenyu.

*Kuȥinyima ȥokudya.*

16 Kana muciȥinyima ȥokudya, regai
kuʋa neciso cinopunyaira, saʋanye-
ŋgeri; nokuti ʋanoipisa ȥiso ȥaʋo,
ʋaʋonekwe naʋanhu kuti ʋanoȥinyima
ȥokudya. Ȥirokwaȥo ndinoti kwamuri:
Ʋapiwa muɓairo waʋo. 17 Asi iwe,
kana uciȥinyima ȥokudya, zodza musoro
wako, ushambe ciso cako; 18 kuti
urege kuʋonekwa naʋanhu kuti unoȥi-
nyima ȥokudya, asi naɓaɓa ʋako ʋari
pakaʋanda; ȥino ɓaɓa ʋako ʋanoʋona
pakaʋanda, ʋacakupa muɓairo.

*Fuma yenyika neyokuɗeŋga.*

19 Regai kuȥiʋuŋganidzira fuma pa-
nyika, paneȥipfunho neŋgura ȥinope-
dza, napanembava dzinopaza dziciɓa.
20 Asi muȥiʋuŋganidzire fuma kuɗe-
ŋga, pasineȥipfunho neŋgura ȥinope-
dza, pasinembava dzinopaza dziciɓa.
21 Nokuti panefuma yako, nomŋoyo
wako ucaʋa'po ʋo. 22 Mŋeŋje womu-

ʋiri iziso; ȥino kana ziso rako rakana-
ka, muʋiri wako wose ucaʋenekerwa.
23 Asi kana ziso rako rakaipa, muʋiri
wako wose ucaʋa nerima. Ȥino kana
ciedza ciri mauri riri rima, rima *iro*
iguru sei! 24 Hapano*munhu* uŋga-
ɓatira ʋatenzi ʋaʋiri; nokuti ucaʋeŋga
mumŋe, akaɗa mumŋe; kana ucana-
matira mumŋe, akaȥidza mumŋe. Ha-
muŋgaɓatiri Mŋari neFuma. 25 Saka
ndinoti kwamuri: Regai kufuŋganya
pamsoro poʋupenyu bgenyu, muciti,
ndicadyei, kana ndicanwei; kana pa-
msoro pomuʋiri wenyu, muciti, ndica-
fukeiko? Ʋupenyu habgupfuʋuri ȥo-
kudya here, kana muʋiri *haupfuvuri*
ȥokufuka here? 26 Tarirai shiri dzoku-
ɗeŋga, hadzidȥari, hadziceki, hadzi-
ʋuŋganidziri mumatura; asi Ɓaɓa ʋenyu
ʋokuɗeŋga ʋanodzipa ȥokudya. Imi
hamudzipfuʋuri ȥikuru here? 27 Ndi-
aniko kwamuri uŋgawedzera kubiti*
rimŋe paʋurefu bgake nokufuŋganya?
28 Munofuŋganyireiko pamsoro peȥo-
kufuka? Fuŋgai maruʋa eɓundo, ku-
mera kwawo; haaɓati, haaruki; 29 asi
ndinoti kwamuri, kuti kunyaŋge na-
Soromoni pakubginya kwake kwo-
se, haana-kushoŋgedzwa serimŋe rawo.
30 Ȥino kana Mŋari acifukidza saiȥoȥo
ʋuswa bgeɓundo, bguri'po nhasi, bgu-
cikandirwa mucoto maŋgwana, *haaŋga-
kufukidziyi* nokupfuʋurisa imi ʋoku-
tenda kuɗuku here? 31 Naiȥoȥo musafu-
ŋganya muciti: Ticadyei? Kana: Tica-
nwei? Kana: Ticafukeiko? 32 Nokuti
ʋahedeni ʋanotʂaka iȥoȥi ȥose, nokuti
Ɓaba ʋenyu ʋokuɗeŋga ʋanoziʋa kuti
munoshaiwa iȥoȥi ȥose. 33 Asi taŋgai
kutʂaka ʋushe bgaMŋari, nokururama
kwake; iȥoȥi ȥose ȥicawedzerwa kwa-
muri. 34 Naiȥoȥo musafuŋganya pa-
msoro peȥamaŋgwana; nokuti maŋgwa-
na acaȥifuŋganyira ȥawo; zuʋa rimŋe
nerimŋe rinokwanirwa nenhamo yaro.

*Mharidzo pagomo: Kutoŋga vamŋe.*

7 1 Musatoŋga, kuti murege kuto-
ŋgwa; 2 nokuti nokutoŋga kwamu-
notoŋga nako, mucatoŋgwa nako,
neciyero camunoyera naco, mucayerwa
naco. 3 Unotarireiko ruɓanzu ruri mu-
ziso rehama yako, asi hauʋoni ɗanda riri
muziso rako? 4 Kana uŋgataura seiko
kuhama yako, *uciti*: Rega, ndibvise
ruɓanzu muziso rako, iȥo, ɗanda riri
muziso rako? 5 Iwe munyeŋgeri,
taŋga kubvisa ɗanda muziso rako;
ugoʋona kwaȥo kubvisa ruɓanzu muziso
rehama yako.
6 Musapa imbga ȥinhu ȥitʂene, ʋuye,
musakanda maparera enyu pamberi
peŋguruʋe, kuti dzirege kuatsika netso-
ka dzadzo, dzikatendeʋuka dzikakubva-
mburai.

*Kutsuŋga pakunyeŋgetera.*

7 Kumbirai, mucapiwa; tʂakai, mu-
cawana; gogodzai, mucazarurirwa.
8 Nokuti mumŋe nomumŋe unoku-
mbira unopiwa; unotʂaka unowana;
unogogodza unozarurirwa. 9 Munhu
ndoupiko kwamuri, kana mŋanakomana
wake akakumbira ciŋgwa, uŋgamupa
ibge? 10 Kana akakumbira hoʋe,
uŋgamupa nyoka? 11 Ȥino kana imi
makaipa muciziʋa kupa ʋana ʋenyu
ȥipo ȥakanaka, Ɓaɓa ʋenyu ʋari ku-
ɗeŋga ʋacapfuʋurisa seiko kupa ȥinhu
ȥakanaka iʋo ʋanokumbira kwaari!
12 Saka ȥinhu ȥose ȥamunoɗa kuti
ʋanhu ʋakuitirei, muʋaitire nemi ʋo
saiȥoȥo, nokuti ndiwo murairo naʋa-
profita.

*Nzira mbiri.*

(Ruka 13. 24-30.)

13 Pindai nesuʋo rakamanikana; no-
kuti suʋo rakafara, nzira yakapamhamha,
inoenda kukuparadzwa; ʋanopinda naro
ʋazhinji. 14 Nokuti suʋo rakamani-
kana, nenzira inhete, inoenda kuʋu-
penyu, ʋanoiwana ʋashoma.

*Ʋadzidzisi venhema.*

15 Cenjerai ʋaprofita ʋenhema, ʋano-
ʋuya kwamuri ʋaneŋguʋo dzamakwai,
asi mukati ari mapere anoparadza.
16 Mucaʋaziʋa neȥiɓereko ȥaʋo. Ma-
zambiriŋga anombotanhwa paminzwa
here, kana maʋonde parukato? 17 Sa-
iȥoȥo muti mumŋe nomumŋe wakanaka
unoɓereka ȥiɓereko ȥakanaka, asi muti
wakaipa unoɓereka ȥiɓereko ȥakaipa.
18 Muti wakanaka hauŋgaɓereki ȥiɓe-
reko ȥakaipa, nomuti wakaipa hauŋga-
ɓereki ȥiɓereko ȥakanaka. 19 Muti
mumŋe nomumŋe usiŋgaɓereki ȥiɓe-
reko ȥakanaka, unotemŋa, ukakandirwa
mumŋoto. 20 Saka mucaʋaziʋa neȥi-
ɓereko ȥaʋo.

*Kunzwa nokuita.*

21 Haʋazi ʋose ʋanoti kwandiri, Ishe,
Ishe, ʋacapinda muʋushe bgokuɗeŋga;
asi unoita kuɗa kwaƁaɓa ʋaŋgu ʋari

* Kubva pagokora kuʂikira paminwe.

kuɗeŋga. 22 Ʋazhinji ʋacati kwandiri
nezuʋa iro: Ishe, Ishe, hatina-kuprofita
muzita renyu here? Nokudziŋga
mŋeya yakaipa muzita renyu here?
Nokuita maɓasa esimba mazhinji muzita
renyu here? 23 Ȥino ndicaʋaʋudza
pacena: Handina-kutoŋgokuziʋai; ibvai
kwandiri, imi ʋaiti ʋokusarurama.
24 Naiȥoȥo mumŋe nomumŋe uno-
nzwa mashoko aŋgu awa, akaaita,
uŋgafananidzwa nomurume wakace-
njera, wakaʋaka imba yake paruware.
25 Mvura ikanaya, mvura zhinji ika-
ʋuya, mitutu ikavuvuta, ikaroʋa imba
iyo; ikasawa, nokuti yakaŋga yakateyiwa
paruware. 26 Mumŋe nomumŋe uno-
nzwa mashoko aŋgu awa, akasaaita,
uŋgafananidzwa nomurume ɓenzi, wa-
kaʋaka imba yake pajeca. 27 Mvura
ikanaya, mvura zhinji ikaʋuya, mitutu
ikavuvuta, ikaroʋa imba iyo, ikawa,
kuwa kwayo kukaʋa kukuru.
28 Jesu wakati apedza mashoko iwaya,
ʋanhu ʋazhinji ʋakashamiswa nokudzi-
dzisa kwake; 29 nokuti wakaŋga aci-
ʋadzidzisa somunhu unesimba, asi-
ŋgaiti saʋanyori ʋaʋo.

*Jesu unoporesa munhu unamaperembudzi.*

(Mar. 1. 40–45; Ruka 5. 12–14.)

8 1 Wakati aɓuruka pagomo, ʋanhu
ʋazhinji-zhinji ʋakamuteʋera.
2 Tarira, *munhu* unamaperembudzi
akaʋuya kwaari, akamunamata, akati:
Ishe, kana mucida, munogona kundinatsa.
3 Akatambanudza ruʋoko rwake, aka-
muɓata, akati: Ndinoɗa; cinatswa!
Pakarepo maperembudzi ake akanatswa.
4 Jesu akati kwaari: Tarira, usaʋudza
munhu; asi enda, uȥiratidze kumuprista,
uɓayire cipo cakarairwa naMosesi, ciʋe
capupu kwaʋari.

*Jesu unoporesa muranda womukuru wezana.*

(Ruka 7. 1–10.)

5 Wakati apinda Kapernaume, mumŋe
mukuru wezana akaʋuya kwaari, aka-
kumbira ȥikuru kwaari, 6 aciti: Ishe,
muranda waŋgu uʋete kumba, akafa
mitezo, asi unotambudzika kwaȥo.
7 Akati kwaari: Ndicaʋuya kuzomu-
poresa. 8 Mukuru wezana akapindura,
akati: Ishe, handina-kufanirwa kuti mu-
pinde mumba maŋgu; asi taurai henyu
shoko *rimŋe* cete, muranda waŋgu
ucapora. 9 Nokuti neni ʋo ndiri
munhu unorairwa, ndinaʋarwi pasi
paŋgu; ndinoti kunomumŋe: Enda!
unoenda; kunomumŋe: Ʋuya! unoʋuya;
nokumuranda waŋgu: Ita cici! unoita.
10 Jesu, wakati acinzwa iȥoȥo, aka-
shamiswa, akati kunaʋakaŋga ʋacite-
ʋera: Ȥirokwaȥo, ndinoti kwamuri:
Handina-kumboʋona kutenda kwakaɗai,
kunyaŋge napakati paʋaIsraeri. 11 Ndi-
noti kwamuri, ʋazhinji ʋacaʋuya ʋaci-
bva kumabvazuʋa, nokumaʋirira, ʋaca-
gara naAbrahama, naIsaka, naJakobo,
muʋushe bgokuɗeŋga, 12 asi ʋana-
komana ʋoʋushe ʋacaɓuɗiswa kurima
rokunze; apo pacaʋa nokucema noku-
geɗa-geɗa kwameno. 13 Ȥino Jesu
akati kumukuru wezana: Enda, uitirwe
pawakatenda napo. Muranda wake
akapora neŋguʋa iyo.

*Jesu unoporesa mai ʋomukadzi waPetro.*

(Mar. 1. 29–34; Ruka 4. 38–41.)

14 Jesu, wakati acipinda mumba ma-
Petro, akaʋona mai ʋomukadzi wake
ʋaʋete, ʋacinzwa fiviri. 15 Akaɓata
ruʋoko rwaʋo, fiviri ikabva kwaʋari,
ʋakasimuka, ʋakamushandira. 16 Aʋa
maɗekwana, ʋakaʋuya kwaari naʋa-
zhinji ʋaiʋa nemŋeya yakaipa; aka-
ɓuɗisa mŋeya neshoko, akaporesa ʋose
ʋairwara. 17 Kuti ȥiitike ȥakarebga
nomuprofita Isaya, aciti: Iye wakatora
ʋutera bgeɗu, akatakura marwere *eɗu*.

*Kuteʋera Jesu.*

(Ruka 9. 57–62.)

18 Jesu, wakati aciʋona ʋanhu ʋa-
zhinji ʋakamukomba, akaraira kuti
ʋayambukire mhiri. 19 Ȥino mumŋe
munyori akaʋuya akati kwaari: Mudzi-
dzisi, ndicakuteʋerai kwose kwamu-
noenda. 20 Jesu akati kwaari: Mhu-
ŋgubge dzinemŋena, neshiri dzoku-
ɗeŋga dzinamatendere; asi Mŋana-
komana womunhu haana-paaŋgatsa-
midza musoro wake. 21 Mumŋe waʋa-
dzidzi akati kwaari: Ishe, nditenderei
henyu, ndimbondoʋiga ɓaɓa ʋaŋgu.
22 Asi Jesu wakati kwaari: Nditeʋere;
rega ʋakafa ʋaʋige ʋakafa ʋaʋo.

*Jesu unonyaradza ɗutu remhepo.*

(Mar. 4. 35–41; Ruka 8. 22–25.)

23 Wakati apinda mugwa, ʋadzidzi
ʋake ʋakamuteʋera. 24 Ipapo ɗutu

guru remhepo rikamuka muguŋgwa,
nokuɗaro igwa rakafukidzwa nama-
fuŋgu; asi iye wakaŋga aʋete. 25 Ȥino
ʋadzidzi ʋake ʋakaʋuya, ʋakamumutsa,
ʋakati: Ishe, tiponesei, tofa! 26 Akati
kwaʋari: Munotyireiko, imi ʋokutenda
kushoma? Ȥino akamuka, akaraira
mitutu neguŋgwa; kudzikama kukuru
kukaʋa'po. 27 Ʋanhu ʋakashamiswa,
ʋakati: Uyu munhu kunyi, ȥaanotere-
rwa nemitutu neguŋgwa?

*Jesu unoɓuɗisa mŋeya yakaipa panyika yaʋaGadara.*

(Mar. 5. 1–20; Ruka 8. 26–39.)

28 Wakati aşika mhiri kunyika yaʋa-
Gadara, ʋanhu ʋaʋiri ʋaiʋa nemŋeya
yakaipa ʋakasoŋgana naye, ʋacibva
kumarinda; ʋakaŋga ʋanehasha kwaȥo-
kwaȥo, naiȥoȥo kwakaŋga kusinomunhu
waigona kupfuʋura nenzira iyo. 29 Ȥi-
no ʋakaɗanidzira, ʋaciti: Tinemhaka
yeiko nemi, Mŋanakomana waMŋari?
Maʋuya pano kuzotirwadzisa, ŋguʋa
isati yaşika here? 30 Kwakaŋga kune-
ɓoka guru reŋguruʋe dzakaŋga dzici-
fura kure naʋo. 31 Mŋeya yakaipa
ikakumbira ȥikuru kwaari, iciti: Kana
mucitiɓuɗisa, mutitumire kuɓoka re-
ŋguruʋe. 32 Akati kwairi: Endai.
Ikaɓuɗa, ikapinda muŋguruʋe; ɓoka
rose rikamhanyira kumawere kugu-
ŋgwa, dzikafira mumvura. 33 Ipapo
ʋaidzifudza ʋakatiza, ʋakaenda kuguta,
ʋakataura ȥose, neȥakaitirwa ʋakaŋga
ʋanemŋeya yakaipa. 34 Ȥino guta rose
rikaɓuɗa kundosoŋgana naJesu; ʋakati
ʋacimuʋona, ʋakakumbira ȥikuru kwa-
ari kuti abve munyika yaʋo.

*Jesu unoporesa munhu wakafa mitezo.*

(Mar. 2. 1–12; Ruka 5. 18–26.)

9 1 Wakapinda mugwa, akaya-
mbuka, ndokuşika kuguta rake.
2 Ȥino ʋakaʋuya kwaari nomunhu
wakaŋga akafa mitezo, aʋete panhoʋo;
Jesu wakati aciʋona kutenda kwaʋo,
akati kumunhu wakaŋga akafa mitezo:
Mŋana, tsuŋga mŋoyo, wakaŋganwirwa
ȥiʋi ȥako. 3 Ȥino ʋamŋe ʋaʋanyori
ʋakati mumŋoyo yaʋo: Munhu uyu
unomhura *Mŋari*. 4 Asi Jesu aciziʋa
mifuŋgo yaʋo, akati: Munofuŋgireiko
ȥakaipa mumŋoyo yenyu? 5 Nokuti
cinyiko cakareruka, kuti: Wakaŋga-
nwirwa ȥiʋi ȥako, kana kuti: Simuka,
ufambe? 6 Asi kuti muziʋe kuti
Mŋanakomana womunhu unesimba pa-
nyika rokukaŋganwira ȥiʋi, (akati ku-
munhu wakaŋga akafa mitezo:) Si-
muka, tora nhoʋo dzako, uende kumba
kwako! 7 Akasimuka, akaenda kumba
kwake. 8 Ʋanhu ʋazhinji ʋakati ʋa-
ciȥiʋona, ʋakatya, ʋakarumbidza Mŋari,
wakapa ʋanhu simba rakaɗai.

*Kuɗanwa kwaMateo.*

(Mar. 2. 14–17; Ruka 5. 27–32.)

9 Jesu wakati acibva'po, akaʋona mu-
nhu, wainzi Mateo, agere panotereswa,
akati kwaari: Nditeʋere! Ipapo akasi-
muka, akamuteʋera. 10 Ȥino wakati
agere pakudya mumba, tarira, ʋateresi
ʋazhinji naʋatadzi ʋakaʋuya ʋakagara
pakudya naJesu naʋadzidzi ʋake.
11 Ȥino ʋaFarise ʋaciȥiʋona, ʋakati
kuʋadzidzi ʋake: Mudzidzisi wenyu
unodyireiko naʋateresi naʋatadzi?
12 *Iye*, aciȥinzwa, akati: Ʋasiŋgarwari
haʋatşaki ŋaŋga, asi ʋanorwara. 13 Asi
endai, mudzidze kuti ndokuɗiniko
kuti: Ndinoɗa ŋgoni, *handiɗi* ciɓayiro;
nokuti handina-kuʋuya kuzoɗana ʋaka-
rurama, asi ʋatadzi.

*Kuȥinyima ȥokudya.*

(Mar. 2. 18–22; Ruka 5. 33–38.)

14 Ȥino ʋadzidzi ʋaJohane ʋakaʋuya
kwaari, ʋakati: Isu, naʋaFarise, tino-
ȥinyimireiko ȥokudya kazhinji, asi ʋa-
dzidzi ʋenyu haʋaȥinyimi neiko?
15 Jesu akati kwaʋari: Shamŋari dze-
cikomba dziŋgacema seiko cikomba
ciciri naʋo? Asi mazuʋa acaşika, aca-
bviswa cikomba kwaʋari; neŋguʋa iyo
ʋacaȥinyima ȥokudya. 16 Hakunomu-
nhu unoisa ciremo citşa paŋguʋo
yakasakara; nokuti cakasonerwa cino-
bvarura ŋguʋo, ʋuri rikanyanya. 17 Ha-
ʋaɗiri ʋo waini itşa muhomboɗo tsaru,
nokuti homboɗo dziŋgaparuka, waini
ikateʋuka, nehomboɗo dzikafa ʋo; asi
ʋanoɗira waini itşa muhomboɗo itşa,
ȥiʋiri ȥose ȥiceŋgeteke.

*Jesu unoporesa mukadzi waiɓuɗa ropa, ʋuye unomutsa mukunda woMuɓati.*

(Mar. 5. 22–43; Ruka 8. 41–56.)

18 Wakati acaʋaʋudza iȥoȥo, mumŋe
muɓati akaşika'po, akamunamata, akati:
Mukunda waŋgu wafa ikoȥino, asi
ʋuyai muise ruʋoko rwenyu pamsoro
pake, ararame. 19 Ipapo Jesu aka-

simuka, akamuteʋera naʋadzidzi ʋake.
20 Ȥino *mumŋe* mukadzi, waiʋa *noku-*
*rwara* kwokuɓuɗa ropa makore anegumi
namaʋiri, wakaʋuya shure kwake,
akaɓata mupendero weŋguʋo yake;
21 nokuti wakati mumŋoyo make: Kana
ndikaɓata ŋguʋo yake ɓedzi, ndica-
poneswa. 22 Asi Jesu wakatendeʋuka,
akamuʋona, akati: Mukunda, tsuŋga
mŋoyo, kutenda kwako kwakuponesa.
Mukadzi akaponeswa kubva paŋguʋa
iyo. 23 Ȥino Jesu wakati aşika mumba
momuɓati, akaʋona ʋaridzi ʋenyere
naʋanhu ʋazhinji ʋaciita mhere-mhere,
24 akati kwaʋari: Ibvai, nokuti musi-
kana haana-kufa, asi uʋete. Ʋakamuse-
ka. 25 Asi ʋanhu ʋazhinji ʋakati ʋaɓu-
ɗiswa, akapinda, akaɓata ruʋoko rwake,
musikana ndokumuka. 26 Mukuru-
mbira waȥo ukaɓuɗira kunyika iyo yose.

### *Jesu unoporesa mapofu maviri nembeveve.*

27 Ȥino Jesu wakati acibva'po, mapofu
maʋiri akamuteʋera, akaɗanidzira, aciti:
Mŋanakomana waDavidi, tinzwirei ŋgo-
ni! 28 Akati kupinda mumba, mapofu
akaʋuya kwaari; Jesu akati kwaari:
Munotenda kuti ndinogona kuita iȥoȥo
here? Akati kwaari: Hoŋo, Ishe!
29 Ȥino wakaɓata meso aʋo, akati:
Muitirwe pamakatenda napo. 30 Meso
aʋo akaşinudzwa. Jesu akaʋaraira
ȥikuru, akati: Cenjerai kuti ȥirege kuzi-
kanwa nomunhu. 31 Asi ʋakaɓuɗa,
ʋakamurumbidza munyika iyo yose.

32 Ʋakati ʋaciɓuɗa, tarira, ʋakaʋuya
kwaari nomunhu wakaŋga ari mbeʋeʋe
waiʋa nomŋeya wakaipa. 33 Mŋeya
wakaipa ukati waɓuɗiswa, mbeʋeʋe
ikataura; ʋanhu ʋazhinji ʋakashamiswa,
ʋakati: Hakuna-kumboʋonekwa ȥaka-
ɗai pakati paʋaIsraeri. 34 Asi ʋaFarise
ʋakati: Unoɓuɗisa mŋeya yakaipa no-
mukuru wemŋeya yakaipa.

35 Ȥino Jesu wakapota namaguta ose
nemisha, acidzidzisa mumasinagoge aʋo,
aciparidza Evaŋgeri yoʋushe, noku-
poresa kurwara kwose noʋukosha bgose.
36 Asi wakati aciʋona ʋanhu ʋazhinji,
akaʋanzwira tsitsi, nokuti ʋakaŋga
ʋaneta, ʋarashwa, samakwai asinomu-
fudzi. 37 Ȥino akati kuʋadzidzi ʋake:
Ȥirokwaȥo kuceka kukuru, asi ʋaɓati
ʋashoma. 38 Naiȥoȥo kumbirai kuna-
She wokuceka kuti aɓuɗise ʋaɓati pa-
kuceka kwake.

### *Ʋanegumi navaviri vanotumŋa kuparidza nokuporesa.*

(Mar. 3. 13–19; 6. 7–13; Ruka 6. 12–16; 9. 1–6.)

10 1 Ȥino wakaɗanira kwaari ʋa-
dzidzi ʋake ʋanegumi naʋaʋiri,
akaʋapa simba pamsoro pemŋe-
ya yetşina, kuti ʋaiɓuɗise, nokuporesa
kurwara kwose noʋukosha bgose.
2 Mazita aʋaapostora ʋanegumi naʋa-
ʋiri ndiwawa: Wokutaŋga Simoni,
wainzi Petro, naAndrea, munuŋuna
wake; Jakobo, mŋanakomana waZebedi,
naJohane, munuŋuna wake; 3 Firipo
naBartoromeo; Tomasi naMateo, mu-
teresi; Jakobo, *mŋanakomana* waArfeo,
naTadeo; 4 Simoni muKanani, na-
Judasi Iskarioti, uya wakamupandu-
kira. 5 Aʋa ʋanegumi naʋaʋiri Jesu
wakaʋatuma, akaʋaraira, aciti:
Musaenda munzira yaʋahedeni, mu-
sapinda muguta raʋaSamaria; 6 asi
ȥirinani muende kumakwai akarashika
eimba yaʋaIsraeri. 7 Mufambe, mu-
paridze, muciti: Ʋushe bgokuɗeŋga
bgasweɗera. 8 Poresai ʋanorwara, mu-
tsai ʋakafa, natsai ʋanamaperembudzi,
ɓuɗisai mŋeya yakaipa. Makaŋgopiwa
henyu, ciŋgopai henyu. 9 Musatora
ndarama kana sirveri, kana ndarira
muȥikwama ȥenyu; 10 kana ho-
mboɗo yorwendo, kana ŋguʋo mbiri,
kana shaŋgu, kana tşimbo; nokuti
muɓati wakafanirwa neȥokudya ȥake.
11 Muguta kana musha pose pamuno-
pinda, bvunzai kuti ndiani uri'mo waka-
fanira; mugare'po kuşikira mucibva.
12 Kana mucipinda mumba muikwa-
zise. 13 Kana imba yakafanira, rugare
rwenyu ŋgaruʋuye pamsoro payo, asi
kana isina-kufanira, rugare rwenyu
ŋgarudzokere kwamuri. 14 Aninani
usiŋgakugamuciriyi, kana kunzwa ma-
shoko enyu, kana mucibva paimba iyo
kana paguta iro, muzuze guruʋa *riri*
patsoka dzenyu. 15 Ȥirokwaȥo ndinoti
kwamuri, nyika dzeSodoma neGomora
dzicarerukirwa nezuʋa rokutoŋgwa, ku-
pfuʋura guta iro.
16 Tarirai, ndinokutumai samakwai
pakati pamapere; saka cenjerai senyoka,
mururame senjiʋa. 17 Asi cenjerai
ʋanhu, nokuti ʋacakuisai kuʋuŋgano
dzamakurukota, nokukuroʋai ȥikuru
mumasinagoge aʋo. 18 Mucaiswa
ʋo pamberi paʋaɓati namadzimambo
nokuɗa kwaŋgu, muʋe ȥapupu kwaʋari
nokuʋahedeni. 19 Asi kana ʋaciku-

isai, musafuŋganya muciti mucataura
sei, kana inyiko, nokuti mucapiwa
neŋguʋa iyo ɀamunofanira kutaura.
20 Nokuti hamuzimi munotaura, asi
Mŋeya waƁaɓa ʋenyu unotaura mukati
menyu. 21 Mukoma ucaisa mununuŋuna
parufu, naɓaɓa mŋana *wavo*; ʋana
ʋacamukira ʋaɓereki ʋaʋo nokuʋaʋu-
raya. 22 Mucaʋeŋgwa naʋose nokuɗa
kwezita raŋgu; asi unotsuŋgirira ku-
ȿikira pakuguma, ucaponeswa. 23 Asi
kana ʋacikutambudzai muguta rimŋe,
tizirai kunerimŋe; nokuti ɀirokwaɀo
ndinoti kwamuri: Hamuŋgapedzi ma-
guta aʋaIsraeri, Mŋanakomana womu-
nhu asati aȿika.
24 Mudzidzi haakundi mudzidzisi
wake, kana muranda ishe wake. 25 Ɀa-
kariŋganira mudzidzi kuti aʋe somu-
dzidzisi wake, nomuranda aʋe sashe
wake. Ɀaʋakaidza mŋene weimba
Beerzeburi, *vàcaɗaro* ɀikuru sei ʋeimba
yake! 26 Naiɀoɀo musaʋatya; nokuti
hakunecinhu cakafukidzwa, cisiŋgazo-
zarurwi; kana cakaʋanzika, cisiŋgazozi-
kanwi. 27 Ɀandinokuʋudzai murima,
taurai pacena; ɀamunonzwa munzeʋe,
paridzirai pamsoro pedzimba. 28 Mu-
satya ʋanoʋuraya muʋiri, asi ʋasiŋga-
goni kuʋuraya mŋeya; ɀikuru mutye
uyo unogona kuʋuraya mŋeya nomuʋiri
ɀose muGehena. 29 Ko shiri ɗuku
mbiri hadziteŋgeswi nehafu yepeni
here? Asi imŋe yaɀo haiŋgawiri pasi
kunze kwaƁaɓa ʋenyu. 30 Kana mu-
ri'mi, nevudzi romusoro wenyu raka-
ʋereŋgwa rose. 31 Naiɀoɀo musatya;
munopfuʋura shiri zhinji. 32 Mu-
mŋe nomumŋe ucandipupura pamberi
paʋanhu, neni ndicamupupura ʋo pa-
mberi paƁaɓa ʋaŋgu ʋari kuɗeŋga.
33 Asi mumŋe nomumŋe unondiramba
pamberi paʋanhu, neni ndicamura-
mba ʋo pamberi paƁaɓa ʋaŋgu ʋari
kuɗeŋga.
34 Musafuŋga kuti ndakaʋuya kuisa
rugare panyika; handina-kuʋuya kuisa
rugare, asi kurwa. 35 Nokuti ndaka-
ʋuya kupesanisa munhu naɓaɓa ʋake,
nomŋanasikana namai ʋake, nomukadzi
womŋana naʋamŋene ʋake; 36 naʋa-
ʋeŋgi ʋomunhu ʋacaʋa ʋeimba yake.
37 Unoɗa ɓaɓa kana mai kupfuʋureni,
haana-kufanireni; nounoɗa mŋanako-
mana nomŋanasikana kupfuʋureni, ha-
ana-kufanireni. 38 Usiŋgatori muci-
njikwa wake, akanditeʋera, haana-
kufanireni. 39 Unowana ʋupenyu
bgake, ucarashikirwa nabgo; asi uno-
rashikirwa noʋupenyu bgake nokuɗa
kwaŋgu, ucabguwana.
40 Unokugamucirai imi, unondiga-
mucireni; nounogamucireni, unogamu-
cira wakandituma. 41 Unogamucira
muprofita muzita romuprofita, ucapiwa
muɓairo womuprofita; nounogamucira
wakarurama muzita rowakarurama, uca-
piwa muɓairo wowakarurama. 42 Ani-
nani unopa muzita romudzidzi mumŋe
waʋaɗuku aʋa mukombe ɓedzi wemvu-
ra inotonhora anwe, ɀirokwaɀo ndinoti
kwamuri, haaŋgatoŋgorashikirwi nomu-
ɓairo wake.

11 1 Jesu wakati apedza kuraira
ʋadzidzi ʋake ʋanegumi naʋa-
ʋiri, akapfuʋura kundodzidzisa
nokuparidza pamaguta aʋo.

*Johane Mubapatidzi unotuma vadzidzi kubvunza Jesu.*

(Ruka 7. 18–35.)

2 Ɀino Johane, ari mutoroŋgo, wa-
kaŋga anzwa maɓasa aKristu, akatuma
*shoko* naʋadzidzi ʋake, 3 aciti kwaari:
Ko ndimi iye wakaŋga acinzi unoʋuya
here, kana ticakatarira mumŋe? 4 Jesu
akapindura, akati kwaʋari: Endai, mu-
ndoʋudza Johane ɀamunonzwa neɀa-
munoʋona; 5 *ɀokuti*, mapofu anoȿi-
nudzwa, ʋanokamhina ʋanofamba, ʋa-
namaperembudzi ʋanonatswa, ʋematsi
ʋanonzwa, ʋakafa ʋanomutswa, naʋa-
rombo ʋanoparidzirwa Evaŋgeri. 6 Wa-
karopafadzwa iye usiŋgagumbuswi
neni. 7 Aʋa ʋakati ʋacienda, Jesu
akataŋga kuʋudza ʋanhu ʋazhinji pa-
msoro paJohane, akati: Makaŋga ma-
ɓuɗa kundoʋoneiko kurenje? Rutsaŋga
runozunuŋguswa nemhepo here? 8 Ko
makaŋga maɓuɗa kundoʋoneiko? Mu-
nhu wakapfeka *ŋguvo* nyoro here?
Tarirai, ʋanopfeka *ŋguvo* nyoro ʋari
mudzimba dzamadzimambo. 9 Asi
makaŋga maɓuɗireiko? Kuzoʋona mu-
profita here? Hoŋo, ndinoti kwamuri,
unopfuʋura kwaɀo muprofita. 10 No-
kuti ndiye wakanyorwa pamsoro pake,
*ɀicinzi*:

Tarira, ndinotuma munyai waŋgu pamberi pako,
Ucakugadzirira nzira yako pamberi pako.

11 Ɀirokwaɀo ndinoti kwamuri: Ku-

naʋakaɓerekwa naʋakadzi, hakuna-ku-
muka mukuru kunaJohane Mubapati-
dzi; asi muɗuku muʋushe bgokuɗeŋga
mukuru kwaari. 12 Kubva pamazuʋa
aJohane Mubapatidzi kuʂikira ȥino,
ʋushe bgokuɗeŋga bgunopambga, ʋa-
pambi ʋanobgutora nesimba. 13 No-
kuti ʋaprofita ʋose nomurairo ʋaka-
profita kuʂikira kunaJohane. 14 Kana
muciɗa kuȥigamucira, ndiye Eria wa-
kaŋga acinzi unoʋuya. 15 Unenzeʋe
dzokunzwa, ŋgaanzwe. 16 Asi ndica-
fananidza rudzi urwu neiko? Rwaka-
fanana naʋana ʋagere paɗare, ʋano-
ɗanidzira kushamŋari dzaʋo, ʋaciti:
17 Takakuridzirai nyere, mukasatamba;
takakuririrai, mukasacema. 18 Nokuti
Johane wakaʋuya, asiŋgadyi, asiŋganwi,
*ȥino* ʋanoti: Unomŋeya wakaipa.
19 Mŋanakomana womunhu waka-
ʋuya, acidya, acinwa, *ȥino* ʋoti: Tarirai
munhu unokara, nomunwi, neshamŋari
yaʋateresi naʋatadzi! Kucenjera kwaka-
ruramiswa namaɓasa ako.

### *Jesu unotuka maguta matatu akamuramba.*

(Ruka 10. 13–15.)

20 Ȥino wakataŋga kutuka maguta
makaŋga maitwa maɓasa ake esimba
mazhinji, nokuti haana-kutendeʋuka,
akati: 21 Unenhamo iwe, Korazini!
Unenhamo iwe, Betsaida! Nokuti
maɓasa akaitwa mukati menyu, ɗai
aiitwa muTire neSidoni, ʋaŋgaɗai ʋa-
tendeʋuka kare *ʋana*masaga neɗota.
22 Asi ndinoti kwamuri: Tire neSidoni
acarerukirwa nezuʋa rokutoŋgwa ku-
pfuʋuremi. 23 Iwe Kapernaume, uca-
simudzirwa kuɗeŋga here? Ucaɓuru-
kira kuHadesi, nokuti ɗai iwo maɓasa
esimba akaitwa mukati mako, akaitwa
muSodoma, riŋgaɗai rici'po nanhasi.
24 Asi ndinoti kwamuri: Nyika ye-
Sodoma icarerukirwa nezuʋa rokuto-
ŋgwa kupfuʋura iwe.
25 Neŋguʋa iyo Jesu akapindura,
akati: Ndinokutendai, Ɓaɓa, Ishe woku-
ɗeŋga napasi, kuti makaʋanzira ʋaka-
cenjera naʋakaŋgwara ȥinhu iȥoȥi, mu-
kaȥizarurira ʋacece. 26 Hoŋo, Ɓaɓa,
nokuti ndiȥo ȥakakufadzai. 27 Ȥinhu
ȥose ndakaȥipiwa naƁaɓa ʋaŋgu, ha-
kuna-unoziʋa Mŋanakomana, asi Ɓaɓa;
hakuna-unoziʋa Ɓaɓa, asi Mŋanako-
mana, naiye Mŋanakomana waaneŋge
aciɗa kumuzarurira iye.

### *Joko raJesu.*

28 Ʋuyai kwandiri, imi mose maka-
neta, makaremerwa, ini ndicakuzoro-
dzai. 29 Muise joko raŋgu pamsoro
penyu, mudzidze kwandiri; nokuti
ndiri munyoro, ndinomŋoyo unoȥinini-
pisa, kuti muwane zororo pamŋeya
yenyu. 30 Nokuti joko raŋgu rakanaka,
nomutoro waŋgu unorerukira.

### *Jesu Ishe weSaɓata.*

(Mar. 2. 23–28; Ruka 6. 1–5.)

12 1 Neŋguʋa iyo Jesu waka-
famba napakati peminda yeȥiyo
nomusi wesaɓata; ʋadzidzi ʋake
ʋakaŋga ʋanenzara, ʋakataŋga kutanha
hura, ʋacidya. 2 ƲaFarise ʋakati ʋaciȥi-
ʋona, ʋakati kwaari: Tarira, ʋadzidzi
ʋako ʋanoita ȥisina-kutenderwa no-
musi wesaɓata. 3 Asi wakati kwaʋari:
Ko hamuna-kuraʋa here ȥakaitwa na-
Davidi, musi waakaŋga aziya, *iye*
naʋakaŋga ʋanaye; 4 kuti wakapinda
mumba maMŋari, akadya ȥiŋgwa ȥoku-
ratidza, ȥakaŋga ȥisina-kutenderwa ku-
dyiwa naye, naʋaiʋa naye, asi naʋa-
prista ɓedzi? 5 Ko hamuna-kuraʋa
pamurairo, kuti nesaɓata ʋaprista
ʋanoputsa *murairo* wesaɓata mute-
mbere, ʋasinemhoʂa? 6 Asi ndinoti
kwamuri: Unokurira tembere uri
pano. 7 Asi ɗai maiziʋa kuti ȥinoti
kuɗini kuti: Ndinoɗa ŋgoni, handiɗi
ciɓayiro, muŋgaɗai musina-kutoŋga
ʋasinemhoʂa. 8 Nokuti Mŋanakomana
womunhu ndiye Ishe wesaɓata ʋo.

### *Jesu unoporesa munhu waiʋa noruʋoko rwakawonyana.*

(Mar. 3. 1–6; Ruka 6. 6–11.)

9 Wakabva'po, akapinda musinagoge
raʋo. 10 Ȥino tarira, kwakaŋga kuno-
munhu wakaŋga anoruʋoko rwaka-
wonyana. Ʋakamubvunza, ʋaciti: Ȥa-
katenderwa kuporesa nesaɓata here?
kuti ʋamupomere mhoʂa. 11 Akati
kwaʋari: Ndiani kwamuri uŋgaʋa ne-
gwai rimŋe, kana rikawira mugomba
nesaɓata, uŋgarega kuriɓata akariɓu-
ɗisa here? 12 Munhu unopfuʋura
gwai ȥikuru sei! Saka ȥakatenderwa
kuita ȥakanaka nesaɓata. 13 Ȥino
akati kumunhu: Tambanudza ruʋoko
rwako! Akarutambanudza, rukaʋa-
ndudzwa, *rukaʋa* sorumŋe. 14 Ȥino
ʋaFarise ʋakaɓuɗa, ʋakaraŋgana pa-
msoro pake, kuti ʋaŋgamuʋuraya sei.

15 Jesu wakati aciȥiziʋa, akabva'po;
ʋanhu ʋazhinji ʋakamuteʋera, aka-
ʋaporesa ʋose, 16 akaʋaraira kuti
ʋarege kumuziʋisa pacena, 17 kuti
ȥiitike ȥakarebga nomuprofita Isaya,
aciti:
18 Tarira, muranda waŋgu wandaka-
sanaŋgura;
Muɗikanwa waŋgu, unofarirwa no-
mŋeya waŋgu:
Ndicaisa Mŋeya waŋgu pamsoro
pake,
Iye ucaziʋisa ʋahedeni kutoŋga.
19 Haaŋgarwi, haaŋgaiti mhere-mhere;
Hakunomunhu ucanzwa inzwi rake
munzira dzomumusha.
20 Rutsaŋga rwakapxanyika haaŋga-
ruʋuni,
Nomŋenje unopxititika haaŋgau-
dzimi,
Kuşikira acituma kutoŋga kuti
kukunde.
21 Ʋahedeni ʋacaita zita rake tariro
yaʋo.

*Jesu unoɓuɗisa mŋeya wakaipa, ndokuɗaɗirwa naʋaFarise.*

(Mar. 3. 20–30; Ruka 11. 14–23.)

22 Ȥino ʋakaisa kwaari munhu waiʋa
nomŋeya wakaipa, raiʋa ɓofu nembe-
ʋeʋe; akamuporesa, naiȥoȥo mbeʋeʋe
yakataura nokuʋona ʋo. 23 Ʋanhu
ʋazhinji ʋose ʋakashamiswa, ʋakati:
Ko uyu haazi mŋanakomana waDavidi
here? 24 Ȥino ʋaFarise ʋakati ʋaci-
ȥinzwa, ʋakati: Munhu uyu haaɓuɗisi
mŋeya yakaipa, asi naBeerzeburi, mu-
cinda wemŋeya yakaipa. 25 Ȥino Jesu
aciziʋa kufuŋga kwaʋo, akati kwaʋari:
Ʋushe bgumŋe nobgumŋe bgunoȥipe-
sanisa, bgunoparadzwa; neguta kana
imba inoȥipesanisa, haiŋgamiri. 26 Na-
Satani kana aciɓuɗisa Satani, unoȥipe-
sanisa; ʋushe bgake bgucamira seiko?
27 Neni, kana ndiciɓuɗisa mŋeya ya-
kaipa naBeerzeburi, ko ʋanakomana
ʋenyu ʋanoiɓuɗisa nani? Saka iʋo
ʋacaʋa ʋatoŋgi ʋenyu. 28 Asi kana
ndiciɓuɗisa mŋeya yakaipa noMŋeya
waMŋari, ipapo ʋushe bgaMŋari bga-
şika kwamuri. 29 Munhu uŋgapinda
seiko paimba younesimba, akatora nhu-
mbi dzake, kana asati ambosuŋga
*iye* unesimba? Ipapo ucaparadza imba
yake. 30 Usi neni, unopesana neni,
nousiŋgaʋuŋganidzi neni, unoparadza.
31 Naiȥoȥo ndinoti kwamuri: Ʋanhu
ʋacakaŋganwirwa ȥiʋi ȥose nokumhura,
asi kumhura Mŋeya, haʋaŋgakukaŋga-
nwirwi. 32 Aninani unotaura shoko
*rakaipa* kuMŋanakomana womunhu,
ucakaŋganwirwa; asi unotaura shoko
rakaipa kuMŋeya Mutşene, haaŋga-
kaŋganwirwi, kana paŋguʋa ino, kana
kuneinoʋuya. 33 Itai muti uʋe waka-
naka, neȥiɓereko ȥawo ȥakanaka ʋo;
kana itai muti uʋe wakaipa, neȥiɓereko
ȥawo ȥakaipa ʋo; nokuti muti unozi-
kanwa neȥiɓereko ȥawo. 34 Imi, ȥiɓe-
reko ȥenyoka, muŋgagona seiko kutaura
ȥinhu ȥakanaka, ȥamuri ʋakaipa? No-
kuti muromo unotaura ȥizere pamŋoyo.
35 Munhu wakanaka unoɓuɗisa ȥinhu
ȥakanaka pafuma *yake* yakanaka; no-
munhu wakaipa unoɓuɗisa ȥinhu ȥaka-
ipa pafuma *yake* yakaipa. 36 Ndinoti
kwamuri: Shoko rimŋe nerimŋe risina-
maturo, rakarebga naʋanhu, ʋacaȥi-
ɗaʋirira pamsoro paro nezuʋa roku-
toŋga. 37 Nokuti namashoko ako
ucaruramiswa, ʋuye namashoko ako
ucagurwa.

*Ciratidzo comuprofita Jona.*

(Ruka 11. 16, 29–32.)

38 Ȥino ʋamŋe ʋanyori naʋaFarise
ʋakapindura, ʋakati: Mudzidzisi, tinoɗa
kuʋona ciratidzo kwamuri. 39 Aka-
pindura, akati kwaʋari: Rudzi rwakaipa
rwoʋupombge runotşaka ciratidzo, asi
haruŋgapiwi ciratidzo, asi ciratidzo
comuprofita Jona. 40 Nokuti Jona
seȥaakaʋa muɗumbu rehoʋe huru ma-
zuʋa matatu noʋusiku bgutatu, saiȥoȥo
Mŋanakomana womunhu ucaʋa mu-
mŋoyo wenyika mazuʋa matatu noʋu-
siku bgutatu. 41 Ʋarume ʋeNinivi
ʋacasimuka pakutoŋgwa norudzi urwu,
ʋacarupa mhoşa, nokuti ʋakatende-
ʋuka nokuparidza kwaJona; tarirai,
mukuru kunaJona uri pano. 42 Ma-
mbokadzi weZasi ucasimuka paku-
toŋgwa norudzi urwu, ucarupa mhoşa,
nokuti wakabva pamagumisiro enyika
kuzonzwa kucenjera kwaSoromoni; ta-
rirai, mukuru kunaSoromoni uri pano.
43 Ȥino kana mŋeya wetşina waɓuɗa
kumunhu, unopota panȥimbo dzisi-
nemvura, ucitşaka zororo, ucirishaiwa.
44 Ȥino unoti: Ndicadzokera kumba
kwaŋgu kwandakaɓuɗa; asi ucişika,
unoiwana isineciro, yakatşairwa, yana-
tswa. 45 Ȥino unoenda, ndokutora
mimŋe mŋeya minomŋe inoupfuʋura

nokuipa, ndokupinda, ndokugara'mo;
kupedzisira kwomunhu uyu kwakaipa
kupfuuʋura kutaŋga *kwake*. Ȥicaita sa-
iȥoȥo ʋo norudzi urwu rwakaipa.

*Ʋukama naJesu.*

(Mar. 3. 31–35; Ruka 8. 19–21.)

46 Wakati acataura naʋanhu ʋazhinji,
tarira, mai ʋake naʋanuŋuna ʋake
ʋakamira kunze, ʋacitşaka kutaura
naye. 47 Mumŋe akati kwaari: Haʋo
mai ʋenyu naʋanuŋuna ʋenyu ʋamire
kunze, ʋacitşaka kutaura nemi. 48 Aka-
pindura, akati kunaiye wamuʋudza:
Mai ʋaŋgu ndianiko, naʋanuŋuna ʋaŋgu
ndiʋananiko? 49 Ndokutambanudza
ruʋoko rwake kuʋadzidzi ʋake, akati:
Tarirai, mai ʋaŋgu naʋanuŋuna ʋaŋgu!
50 Nokuti aninani unoita kuɗa kwaƁaɓa
ʋaŋgu ʋari kuɗeŋga, ndiye mununŋuna
waŋgu, nehanȥadzi, namai.

*Mufananidzo womukushi.*

(Mar. 4. 1–20; Ruka 8. 4–15.)

**13** 1 Nezuʋa iro Jesu wakaɓuɗa
mumba, akandogara paguŋgwa.
2 Ȥino ʋanhu ʋazhinji-zhinji
ʋakaʋuŋgana kwaari, nokuɗaro akapi-
nda mugwa, akagara; ʋazhinji ʋose ʋaka-
mira pamhenderekedzo. 3 Ipapo aka-
ʋaʋudza ȥinhu ȥizhinji nemifananidzo,
akati: Tarirai, mukushi wakaɓuɗa ku-
ndokusha. 4 Ȥino pakukusha kwake
dzimŋe *mbeu* dzakawira panzira, shiri
dzikaşika dzikadzidya. 5 Dzimŋe dza-
kawira parukaŋgarabge, padzakaŋga
dzisinevu zhinji, dzikamera pakarepo,
nokuti dzakaŋga dzisinevu rakadzika.
6 Asi zuʋa rakati raɓuɗa, dzikapiswa;
dzikawoma, nokuti dzakaŋga dzisino-
mudzi. 7 Dzimŋe dzakawira mumi-
nzwa; minzwa ikamera, ikadzivuŋga.
8 Asi dzimŋe dzakawira muvu raka-
naka, dzikaɓereka ȥiɓereko; dzimŋe
zana, dzimŋe makumi matanhatu, dzi-
mŋe makumi matatu. 9 Unenzeʋe
dzokunzwa, ŋgaanzwe.
10 Ȥino ʋadzidzi ʋakaʋuya, ʋakati
kwaari: Munotaurireiko kwaʋari nemi-
fananidzo? 11 Akapindura, akati kwa-
ʋari: Nokuti imi makapiwa kuziʋa
ȥakaʋanzika ȥoʋushe bgokuɗeŋga, asi
aʋa haʋana-kupiwa. 12 Nokuti ani-
nani unaȥo ucapiwa, aʋe neȥakawanda;
asi aninani usina, ucatorerwa ne-
ȥaanaȥo. 13 Naiȥoȥo ndinotaura kwa-
ʋari nemifananidzo, nokuti ʋanoʋona,
asi haʋaʋoni; ʋanonzwa, asi haʋanzwi,
kana kunzwisisa. 14 Kuprofita kwa-
Isaya kwakaitika kwaʋari, kunoti:
Nokunzwa, mucanzwa, musiŋga-
toŋgonzwisisi;
Nokuʋona, mucaʋona, musiŋga-
toŋgoʋonesesi;
15 Nokuti mŋoyo yaʋanhu aʋa yaʋa
mikukutu,
Nzeʋe dzaʋo dzakadziʋira;
Nameso aʋo ʋakaatsinzina.
Kuti ȥimŋe ʋarege kuʋona nameso,
Nokunzwa nenzeʋe,
Nokunzwisisa nomŋoyo,
Ʋakadzoka,
Ndiʋaporese.
16 Asi meso enyu akaropafadzwa,
nokuti anoʋona; nenzeʋe dzenyu, no-
kuti dzinonzwa. 17 Nokuti ȥirokwaȥo
ndinoti kwamuri, kuti ʋaprofita naʋa-
karurama ʋazhinji ʋakaŋga ʋaciɗa ku-
ʋona ȥinhu ȥamunoʋona, asi haʋana-
kuȥiʋona; nokunzwa ȥamunonzwa, asi
haʋana-kuȥinzwa. 18 Naiȥoȥo imi
inzwai mufananidzo womukushi. 19 Ka-
na munhu akanzwa shoko ro-
ʋushe, asiŋgarinzwisisi, wakaipa uno-
şika, ndokubvuta cakakushwa mumŋoyo
make. Ndiye wakakushwa panzira.
20 Asi wakakushwa parukaŋgarabge,
ndiye unonzwa shoko, ndokurigamu-
cira pakarepo nomufaro. 21 Asi ha-
anomudzi mukati make, ndiye weci-
ŋguʋa ciɗuku; kana kutambudzika
nokuʋeŋgwa ȥiciʋuya nokuɗa kweshoko,
pakarepo unogumburwa. 22 Waka-
kushwa pakati peminzwa, ndiye uno-
nzwa shoko; ȥino kufuŋganya kwenyika
nokunyeŋgera kwefuma ȥinovuŋga sho-
ko, rikashaiwa ȥiɓereko. 23 Waka-
kushwa muvu rakanaka, ndiye unonzwa
shoko, akarinzwisisa; *ndiye* unoɓereka
ȥiɓereko, mumŋe aciita zana, mumŋe
makumi matanhatu, mumŋe makumi
matatu.

*Mufananidzo wamashawi neȥiyo.*

24 Wakaisa pamberi paʋo mumŋe
mufananidzo, aciti: Ʋushe bgoku-
ɗeŋga bgunofananidzwa nomunhu wa-
kakusha mbeu yakanaka mumunda
make. 25 Asi ʋanhu ʋaʋete, muʋeŋgi
wake akaʋuya, akakusha mashawi pakati
peȥiyo, akaenda. 26 Asi cipande cakati
camera nokuɓereka, ȥino mashawi aka-
ʋonekwa ʋo. 27 Ȥino ʋaranda ʋo-
mŋene weimba ʋakaʋuya, ʋakati kwa-

ari: Ishe, hamuna-kukusha mbeu yaka-
naka mumunda menyu here? *Munda*
wawanepiko mashawi? 28 Akati kwa-
ʋari: Munhu unondiʋeŋga waita iȥoȥo.
Ʋaranda ʋakati kwaari: Ko munoɗa
kuti tindoaʋuŋganidza here? 29 Aka-
ti: Kwete, ȥimŋe kana muciʋuŋga-
nidza mashawi, muŋgadzura neȥiyo ʋo.
30 Regai ȥikure ȥose ȥiri ȥiʋiri kuṣikira
pakuceka; neŋguʋa yokuceka ndicati
kuʋaceki: Taŋgai kuʋuŋganidza ma-
shawi, muasuŋge mŋanda kuti apiswe,
asi muʋuŋganidze ȥiyo muɗura raŋgu.

*Mufananidzo wembeu yemastarda, nowembiriso.*

(Mar. 4. 30–34; Ruka 13. 18, 19.)

31 Wakaisa pamberi paʋo mumŋe
mufananidzo, aciti: Ʋushe bgoku-
ɗeŋga bgakafanana netsaŋga yembeu
yemastarda, yakatorwa nomunhu, akai-
dȥara mumunda make; 32 iyo iɗuku
kumbeu dzose, asi kana yakura, ihuru
pamiriʋo yose, inoita muti wakakura
ukaɗaro kuti shiri dzokuɗeŋga dzi-
noʋuya, dzicigara pamataʋi awo.
33 Akaʋaʋudza mumŋe mufananidzo,
akati: Ʋushe bgokuɗeŋga bgakafanana
nembiriso yakatorwa nomukadzi, akai-
isa muȥiyero ȥitatu* ȥoʋupfu, kuṣikira
bgose bgaʋiriswa.
34 Ȥinhu ȥose Jesu wakaʋudza ʋanhu
ʋazhinji nemifananidzo; haana-kutaura
cinhu kwaʋari asiŋgafananidzi; 35 kuti
ȥiitike ȥakarebga nomuprofita, aciti:

Ndicashamisa muromo waŋgu ne-
mifananidzo,
Ndicataura ȥakaŋga ȥakaʋanzika
kubva pakuʋambga kwenyika.

*Kuɗudzirwa kwomufananidzo wamashawi neȥiyo.*

36 Ȥino Jesu wakati aendisa ʋanhu
ʋazhinji, akapinda mumba, ʋadzidzi
ʋake ʋakaʋuya kwaari, ʋakati: Tiɗu-
dzirei mufananidzo wamashawi omu-
munda. 37 Akapindura, akati: Uno-
kusha mbeu yakanaka ndiye Mŋana-
komana womunhu. 38 Munda inyika;
mbeu yakanaka ndiʋo ʋanakomana
ʋoʋushe; mashawi ndiʋo ʋanakomana
ʋowakaipa. 39 Muʋeŋgi wakakusha
ndiye Diaborosi; kuceka ndiko kugu-
ma kwenyika; ʋaceki ndiʋo ʋatumŋa.
40 Ȥino mashawi seȥaanoʋuŋganidzwa
acipiswa mumŋoto, ndiȥo ȥicaitwa
pakuguma kwenyika. 41 Mŋanakoma-
na womunhu ucatuma ʋatumŋa ʋake,
ʋagoʋuŋganidza muʋushe bgake ȥose
ȥinogumbusa, naʋanoita ȥisakarurama,
42 ʋacaʋakandira muʋira romŋoto; ipa-
po pacaʋa nokucema nokugeɗa-geɗa
kwameno. 43 Ipapo ʋakarurama ʋaca-
penya sezuʋa muʋushe bgaɓaɓa ʋaʋo.
Unenzeʋe dzokunzwa, ŋgaanzwe.

*Mufananidzo wefuma yakaʋanzwa.*

44 Ʋushe bgokuɗeŋga bgakafanana
nefuma yakaʋanzwa mumunda, iyo
yakawanikwa nomunhu, akaiʋanza *ȥê*;
ȥino nokufara kwake unoenda, akate-
ŋgesa ȥose ȥaanaȥo, akateŋga munda uyo.

*Mufananidzo wamaparera.*

45 Ʋushe bgokuɗeŋga bgakafanana
ȥe nomuteŋgi unotṣaka maparera aka-
naka; 46 akati awana parera rimŋe
rinomuteŋgo mukuru, akaenda, aka-
ndoteŋgesa ȥose ȥaakaŋga anaȥo, aka-
riteŋga iro.

*Mufananidzo worutaʋa.*

47 Ʋushe bgokuɗeŋga bgakafanana
ȥe norutaʋa runokandirwa muguŋgwa,
runoʋuŋganidza marudzi ose *ehove*;
48 kana rwazara ʋanorukweʋera pa-
mhenderekedzo, ʋakagara pasi, ʋaka-
ʋuŋganidzira dzakanaka mumidziyo,
asi dzakaipa ʋanodzirasha. 49 Ndiȥo
ȥicaitwa pakuguma kwenyika; ʋatumŋa
ʋacaɓuɗa, ʋacaɓuɗisa ʋakaipa pakati
paʋakarurama, 50 ʋacaʋakandira mu-
ʋira romŋoto; ipapo pacaʋa nokucema
nokugeɗa-geɗa kwameno.
51 [Jesu akati kwaʋari:] Manzwisisa
iȥoȥo ȥose here? Ʋakati kwaari: Ho-
ŋo, [Ishe]. 52 Akati kwaʋari: Naiȥoȥo
munyori mumŋe nomumŋe wakadzidzi-
swa ȥoʋushe bgokuɗeŋga, wakafanana
nomunhu, mŋene weimba, unoɓuɗisa
ȥinhu ȥitṣa neȥekare pafuma yake.

*Jesu unoshoʋorwa paNazareta.*

(Mar. 6. 1–6; Ruka 4. 16–32.)

53 Jesu wakati apedza mifananidzo
iyo, akabva'po. 54 Akaṣika kunyika
yake, akaʋadzidzisa musinagoge raʋo,
nokuɗaro ʋakakatyamara, ʋakati: Mu-
nhu uyu wawanepiko kucenjera uku
namaɓasa esimba? 55 Ko haazi mŋa-
nakomana womuʋezi here? Ko mai
ʋake haʋaidzwi Maria here, naʋanu-
ŋuna ʋake Jakobo, naJosefa, naSimoni,

* Magaroni aneŋge mapfumbamŋe.

naJudasi here? 56 Nehanȥadzi dzake
hadzizi pakati patiri dzose here? Ko
iye wakagowanepi ȥinhu iȥoȥo ȥose?
57 Ʋakagumburwa naye. Asi Jesu akati
kwaʋari: Muprofita haaŋgaShaiwi ku-
kudzwa, asi munyika yake, nomumba
make. 58 Akasaita maɓasa esimba
mazhinji ipapo nokusatenda kwaʋo.

*Kuvurawa kwaJohane Mubapatidzi.*

(Mar. 6. 14–29; Ruka 9. 7–9.)

14 1 Neŋguʋa iyo Herode, mu-
ɓati, wakanzwa mukurumbira
waJesu, 2 akati kuʋaranda ʋake:
Uyu ndiJohane mubapatidzi; wakamuka
kuʋakafa, saka masimba *awa* anoɓata
maari. 3 Nokuti Herode wakaŋga
aɓata Johane, akamusuŋga, akamuisa
mutoroŋgo, nokuɗa kwaHerodiasi, mu-
kadzi waFiripo, mununuŋuna wake.
4 Nokuti Johane wakati kwaari: Hauna-
kutenderwa kuti uʋe naye. 5 Ȥino
wakaŋga aciɗa kumuʋuraya, asi wakatya
ʋanhu ʋazhinji, nokuti ʋaiti muprofita.
6 Asi zuʋa rokuɓerekwa kwaHerode ra-
kati raşika, mukunda waHerodiasi akata-
mba pakati paʋo, akafadza Herode.
7 Naiȥoȥo wakamupikira nemhiko kuti
ucamupa cinhu cipi necipi caaneŋge
acakumbira. 8 Ȥino iye, wakati arairwa
namai ʋake, akati: Ndipei pano mundiro
musoro waJohane Mubapatidzi. 9 Ma-
mbo akaȥidya mŋoyo, asi nokuɗa
kwokupika kwake, ʋuye *nokuɗa* kwaʋa-
kaŋga ʋagere pakudya, akaraira kuti
apiwe. 10 Akatuma *murwi* kundogura
musoro waJohane mutoroŋgo. 11 Ʋa-
kaʋuya nomusoro wake uri mundiro,
musikana akapiwa; iye akaenda nawo
kunamai ʋake. 12 Ʋadzidzi ʋake ʋaka-
ʋuya ʋakatora mutumbu, ʋakaʋiga;
ndokuenda kundoʋudza Jesu.

*Ʋaneȥuru ȥishanu ʋanopiwa ȥokudya naJesu.*

(Mar. 6. 30–44; Ruka 9. 10–17; Joh. 6. 1–14.)

13 Jesu wakati aȥinzwa, akabva'po
negwa, akaenda kurenje ari oga. Ȥino
ʋanhu ʋaciȥinzwa, ʋakabva kumaguta,
ʋakamuteʋera netsoka. 14 Ȥino wakati
aciɓuɗa *mugwa*, akaʋona ʋanhu ʋa-
zhinji-zhinji, akaʋanzwira tsitsi, aka-
poresa ʋarwere ʋaʋo. 15 Ȥino aʋa
maɗekwana, ʋadzidzi ʋakaʋuya kwaari,
ʋakati: Pano irenje, zuʋa roɗa kuʋira,
endisai ʋanhu ʋazhinji, ʋaende kumisha,
ʋandoȥiteŋgera ȥokudya. 16 Asi Jesu
wakati kwaʋari: Haʋafaniri haʋo ku-
enda; imi muʋapei ȥaʋaŋgadya. 17 Ʋa-
kati kwaari: Hatinecinhu pano, asi
ȥiŋgwa ȥishanu ɓedzi nehoʋe mbiri.
18 Iye akati: Ʋuyai naȥo ʋuno kwa-
ndiri 19 Akaraira ʋanhu ʋazhinji
kuti ʋagare pasi paʋuswa, akatora
ȥiŋgwa ȥishanu nehoʋe mbiri, ndoku-
tarira kuɗeŋga, akaʋoŋga, akameɗura
ȥiŋgwa, ndokupa ʋadzidzi ʋake, ʋadzidzi
ʋakapa ʋanhu ʋazhinji. 20 Ʋakadya
ʋose, ʋakaguta; ʋakaʋuŋganidza ȥimeɗu
ȥakasara, mateŋgu anegumi namaʋiri
azere. 21 Ʋakaŋga ʋadya ʋaiʋa ʋarume
ʋaneȥuru ȥishanu, ʋakadzi naʋana
ʋasiŋgaʋereŋgwi.

*Jesu unofamba pamsoro pemvura.*

(Mar. 6. 45–56; Joh. 6. 16–21.)

22 Pakarepo wakagombedzera ʋadzi-
dzi ʋake kuti ʋapinde mugwa, ʋa-
mutuŋgamirire mhiri, iye ndokusara
kuendisa ʋanhu ʋazhinji. 23 Ȥino
wakati aendisa ʋanhu ʋazhinji, akakwira
mugomo ari oga kundonyeŋgetera; aʋa
maɗekwana wakaŋga ari'po ari oga.
24 Asi igwa ȥino rakaŋga raʋa pakati
peguŋgwa, ricitambudzika namafuŋgu,
nokuti mhepo yakaŋga iciʋadziʋisa.
25 Neŋguʋa yecinna yoʋusiku akaʋuya
kwaʋari, acifamba pamsoro peguŋgwa.
26 Ȥino ʋadzidzi ʋakati ʋacimuʋona
acifamba pamsoro peguŋgwa, ʋaka-
manikidzwa, ʋaciti madzimudzaŋgara,
ʋakaɗanidzira nokutya. 27 Pakarepo
Jesu akataura naʋo, akati: Tsuŋgai
mŋoyo ndini, musatya. 28 Ȥino Petro
akamupindura, akati: Ishe, kana muri-
'mi, ndiraire kuti ndiʋuye kwamuri
pamsoro pemvura. 29 Iye akati: Ʋuya!
Petro akaɓuruka mugwa, akafamba
pamsoro pemvura, akaenda kunaJesu.
30 Asi wakati aciʋona mhepo inesimba,
akatya; ȥino wakati otaŋga kunyura,
akaɗanidzira aciti: Ishe, ndiponesei!
31 Pakarepo Jesu akatambanudza ru-
ʋoko rwake, akamuɓata, akati kwaari:
Iwe unokutenda kuɗuku, wanyunyu-
tireiko? 32 Ʋakati ʋapinda mugwa,
mhepo ikanyarara. 33 Ipapo ʋakaŋga
ʋari mugwa ʋakamunamata, ʋaciti:
Ȥirokwaȥo, ndimi Mŋanakomana wa-
Mŋari!
34 Ʋakati ʋayambukira mhiri, ʋaka-
şika panyika yeGenesareti. 35 Ʋarume
ʋenȥimbo iyo ʋakamuziʋa, ʋakatuma
*shoko* panyika yose iyo yakapoteredza;

ʋakaʋuya kwaari naʋose ʋairwara;
36 ʋakakumbira ȥikuru kwaari kuti
ʋaɓate cete mupendero weŋguʋo yake;
ʋose ʋakaɓata ʋakaporeswa.

*Jesu unotuka vanyori navaFarise pamsoro petsika dzavo.*

(Mar. 7. 1–23.)

15 1 Ȥino ʋaFarise naʋanyori ʋa-
kaʋuya kunaJesu ʋacibva Jeru-
sarema, ʋakati: 2 Ʋadzidzi ʋe-
nyu ʋanoɗarikireiko tsika dzaʋakuru, no-
kuti haʋashambi maʋoko kana ʋacidya
ȥokudya? 3 Akapindura, akati kwa-
ʋari: Nemi ʋo munoɗarikireiko murairo
waMŋari nokuɗa kwetsika dzenyu?
4 Nokuti Mŋari wakati: Kudza ɓaɓa
ʋako namai ʋako; ʋuye, Unotuka ɓaɓa
kana mai, ŋgaafe norufu. 5 Asi imi
munoti: Aninani unoti kunaɓaɓa
ʋake kana mai ʋake: Cinhu cipi necipi
camaiti munoɓatsirwa naco kwandiri,
caʋa cipo *kunaMŋari,* 6 haacakudzi
ɓaɓa ʋake kana mai ʋake, *asi haane-*
*mhoşa.* Makatorera murairo waMŋari
simba netsika dzenyu. 7 Imi ʋa-
nyeŋgeri, Isaya wakaprofita kwaȥo pa-
msoro penyu, aciti:

8 Ʋanhu aʋa ʋanondikudza nemiromo
yaʋo,
Asi mŋoyo yaʋo iri kure neni.
9 Asi ʋanondinamata pasina,
Ʋacidzidzisa dzidziso *iri* mirairo
yaʋanhu.

10 Ȥino akaɗana ʋanhu ʋazhinji
kwaari, akati kwaʋari: Tererai, mu-
nzwisise: 11 Iȥo ȥinopinda mumu-
romo, haȥişiɓisi munhu, asi ȥinoɓuɗa
mumuromo, ndiȥo ȥinoşiɓisa munhu.
12 Ȥino ʋadzidzi ʋakaʋuya kwaari,
ʋakati: Munoziʋa kuti ʋaFarise ʋaka-
gumburwa ʋacinzwa shoko iri here?
13 Akapindura, akati: Muti mumŋe
nomumŋe usina-kusimŋa naƁaɓa ʋaŋgu
ʋari kuɗeŋga ucadzurwa. 14 Ʋaregei;
mapofu anotuŋgamirira mapofu. Ȥino
kana ɓofu ricituŋgamirira ɓofu, aca-
wira mugomba ose ari maʋiri. 15 Petro
akapindura, akati kwaari: Tiɗudzirei ʋo
mufananidzo uyu. 16 Iye akati: Na-
ȥino nemi ʋo mucigere kunzwisisa
here? 17 Hamunzwisisi here kuti ȥose
ȥinopinda mumuromo, ȥinoenda mu-
ɗumbu, ȥikazorashwa kunze? 18 Asi
ȥinoɓuɗa mumuromo, ȥinobva mu-
mŋoyo; ndiȥo ȥinoşiɓisa munhu. 19 No-
kuti mumŋoyo munoɓuɗa mifuŋgo
yakaipa, nokuʋuraya, noʋufeʋe, noʋu-
pombge, nokuɓa, nokupupura nhema,
nokumhura *Mŋari;* 20 ndiȥo ȥino-
şiɓisa munhu; asi kudya namaʋoko
asati ashambga, haȥişiɓisi munhu.

*Jesu unoporesa mŋanasikana womukadzi weKanani.*

(Mar. 7. 24–30.)

21 Ȥino Jesu wakabva'po, akaenda
kumatiʋi enyika yeTire neSidoni.
22 Ȥino, tarira, mukadzi muKanani
wakabva kunyika iyo, akaɗana, aciti:
Ndinzwirei ŋgoni, Ishe, Mŋanako-
mana waDavidi; mŋanasikana waŋgu
wakaɓatwa kwaȥo nomŋeya wakaipa.
23 Asi haana-kumupindura neshoko
rimŋe. Ipapo ʋadzidzi ʋake ʋakaʋuya
ʋakakumbira kwaari, ʋaciti: Mumu-
endisei, nokuti unoɗanidzira shure kwe-
ɗu. 24 Asi wakapindura, akati: Ndaka-
ŋgotumirwa kumakwai akarashika eimba
yaʋaIsraeri. 25 Ȥino akaʋuya, aka-
munamata, akati: Ishe, ɗondiɓatsirai
henyu. 26 Akapindura, akati: Haȥina-
kunaka kutora ciŋgwa caʋana, ndokuci-
kandira imbganana. 27 Akati: Hoŋo,
Ishe, kunyaŋge nembganana ʋo dzi-
nodya ȥimeɗu ȥinoɗonha patafura ra-
ʋatenzi ʋadzo. 28 Ȥino Jesu akapi-
ndura, akati kwaari: Haiwa, mai, kute-
nda kwako kukuru, ȥaunoɗa ŋgaȥiitwe.
Mŋanasikana wake akapora kubva
paŋguʋa iyo.

*Jesu unoporesa vazhinji.*

(Mar. 7. 31–37.)

29 Jesu wakati acibva ipapo, akaenda
napaguŋgwa reGarirea, akakwira mu-
gomo, akagara'po pasi. 30 Ȥino ʋanhu
ʋazhinji ʋakaʋuya kwaari naʋano-
kamhina, neȥirema, namapofu, nembe-
ʋeʋe, naʋamŋe ʋazhinji, ʋakaʋaisa
pamberi paJesu; akaʋaporesa. 31 Na-
iȥoȥo ʋanhu ʋazhinji ʋakashamiswa
ʋaciʋona mbeʋeʋe dzicitaura, neȥi-
rema ȥapora, naʋanokamhina ʋacifa-
mba, namapofu aciʋona; ʋakarumbidza
Mŋari waʋaIsraeri.

*Ʋaneȥuru ȥinna vanopiwa ȥokudya naJesu.*

(Mar. 8. 1–9.)

32 Ȥino Jesu wakaɗanira ʋadzidzi
ʋake kwaari, akati: Ndinetsitsi naʋanhu
ʋazhinji aʋa, nokuti atoʋa maȥuʋa
matatu aʋakagara neni ʋasina-ȥaʋa-

ŋgadya; handiɗi kuʋaendisa ʋanenzara,
ȥimŋe ʋaŋgaziya panzira. 33 Ʋadzidzi
ʋakati kwaari: Ticawanepiko murenje
ȥiŋgwa ȥakawanda ȥakaɗaro, kuti tigu-
tise ʋanhu ʋazhinji ʋakaɗai? 34 Jesu
akati kwaʋari: Muneȥiŋgwa ȥiŋganiko?
Ʋakati: Ȥinomŋe, nehoʋe ɗuku sho-
manene. 35 Ȥino akaraira ʋanhu ʋa-
zhinji kuti ʋagare pasi; 36 akatora
ȥiŋgwa ȥinomŋe nehoʋe, akaʋoŋga,
akaȥimeɗura, ndokupa ʋadzidzi ʋake,
ʋadzidzi *vakapa* ʋanhu ʋazhinji.
37 Ʋakadya ʋose, ʋakaguta; ʋaka-
noŋga ȥimeɗu ȥakasara, mateŋgu ma-
nomŋe azere. 38 Ʋakadya ʋakaŋga
ʋari ʋarume ʋaneȥuru ȥinna, ʋakadzi
naʋana ʋasiŋgaʋereŋgwi. 39 Ȥino wa-
kati aendisa ʋanhu ʋazhinji, akapinda
mugwa, akaşika munyika yeMagadani.

*Jesu unoramba kuratidza ciratidzo.*

(Mar. 8. 10–12.)

16 1 ƲaFarise naʋaSaduse ʋaka-
ʋuya kuzomuidza, ʋakakumbira
kwaari kuti aʋaratidze ciratidzo
cinobva kuɗeŋga. 2 Asi wakapindura,
akati kwaʋari: Paŋguʋa yamaɗekwana
munoti: Kucacena, nokuti ɗeŋga raka-
tşuka. 3 Maŋgwana *munoti*: Nhasi ku-
caşiɓa, nokuti ɗeŋga rakatşuka, ricifiɗu-
ka. Munoziʋa kuɗudzira ȥinoʋonekwa
muɗeŋga, asi hamugoni *kududzira* ȥira-
tidzo ȥeŋguʋa. 4 Rudzi rwakaipa
rwoʋupombge runotşaka ciratidzo, asi
haruŋgapiwi ciratidzo, asi ciratidzo
caJona. Ipapo akaʋasiya, akabva.

*Jesu unoɗudzira shoko rembiriso yavaFarise navaSaduse.*

(Mar. 8. 13–21.)

5 Ȥino ʋadzidzi ʋakaenda mhiri, ʋa-
kakaŋganwa kutora ȥiŋgwa. 6 Jesu
akati kwaʋari: Tarirai, mucenjere mbi-
riso yaʋaFarise naʋaSaduse. 7 Ʋa-
karaŋgana pakati paʋo, ʋaciti: *Unoɗaro*,
nokuti hatina-kutora ciŋgwa. 8 Ȥino
Jesu, aciȥiziʋa, akati kwaʋari: Imi
ʋokutenda kuɗuku, munoraŋgana pa-
kati penyu nemhaka yeiko, kuti hamu-
neȥiŋgwa? 9 Hamunzwisisi naȥino
here, kana kuraŋgarira ȥiŋgwa ȥishanu
*ȥavanhu* ʋaneȥuru ȥishanu, namateŋgu
amakawana kuti aiʋa maŋgani? 10 Ka-
na ȥiŋgwa ȥinomŋe *ȥavanhu* ʋaneȥuru
ȥinna, namateŋgu amakawana kuti aiʋa
maŋgani? 11 Hamunzwisisi neiko, kuti
handina-kutaura kwamuri pamsoro pe-
ȥiŋgwa? Asi mucenjere mbiriso yaʋa-
Farise naʋaSaduse. 12 Ȥino ʋaka-
nzwisisa kuti haana-kutaura kuti ʋace-
njere mbiriso yeȥiŋgwa, asi dzidziso
yaʋaFarise naʋaSaduse.

*Petro unopupura kuti Jesu ndiye Kristu.*

(Mar. 8. 27–30; Ruka 9. 18–21; Joh. 6. 68, 69.)

13 Jesu wakati aşika kumatiʋi enyika
yeKesaria Firipo, akabvunza ʋadzidzi
ʋake, akati: Ʋanhu ʋanoti Mŋanako-
mana womunhu ndianiko? 14 Ʋakati:
Ʋamŋe *vanoti*: Johane Mubapatidzi;
ʋamŋe Eria; ʋamŋe Jeremia, kana
mumŋe waʋaprofita. 15 Akati kwa-
ʋari: Ko imi munoti ndini ani? 16 Ipa-
po Simoni Petro akapindura, akati:
Ndimi Kristu Mŋanakomana waMŋari
mupenyu. 17 Jesu akapindura, akati
kwaari: Wakaropafadzwa iwe, Simoni
Bar-Jona, nokuti nyama neropa haȥina-
kukuziʋisa iȥoȥo, asi Ɓaɓa ʋaŋgu
ʋari kuɗeŋga. 18 Neni ndinoti kwauri,
ndiwe Petro, pamsoro poruware urwu
ndicaʋaka kereke yaŋgu, masuʋo eHa-
desi haaŋgaikundi. 19 Ndicakupa kiyi
dzoʋushe bgokuɗeŋga; cinhu cipi necipi
caucasuŋga panyika, cicasuŋgwa ku-
ɗeŋga, necinhu cipi necipi caucasu-
nuŋgura panyika, cicasunuŋgurwa ku-
ɗeŋga. 20 Ipapo akaraira ʋadzidzi
ʋake kuti ʋarege kuʋudza munhu kuti
ndiye Kristu.

*Jesu unovavudza ȥokutambura kwake norufu rwake.*

(Mar. 8. 31–38; Ruka 9. 22–27.)

21 Kubva paŋguʋa iyo Jesu waka-
taŋga kuratidza ʋadzidzi ʋake, kuti
unofanira kuenda Jerusarema, kundo-
tambudzwa ȥizhinji naʋakuru naʋa-
prista ʋakuru naʋanyori, nokuʋurawa,
nokumutswa *ȥe* nezuʋa retatu. 22 Pe-
tro akaenda naye ʋari ʋoga, akataŋga
kumuraira, akati: *Mŋari* ŋgaakunzwirei
ŋgoni, Ishe! hamuŋgaitirwi iȥoȥo.
23 Asi wakatendeʋuka, akati kuna-
Petro: Ibva shure kwaŋgu, Satani!
Uri cigumbuso kwandiri, nokuti hau-
raŋgariri ȥinhu ȥaMŋari, asi ȥinhu
ȥaʋanhu.

*Kutevera Jesu.*

(Mar. 8. 34–38; Ruka 9. 23–26.)

24 Ȥino Jesu akati kuʋadzidzi ʋake:
Kana munhu aciɗa kuʋuya shure
kwaŋgu, ŋgaaȥirambe, asimudze muci-
njikwa wake, anditeʋere. 25 Nokuti

aninani unoɗa kuponesa ʋupenyu
bgake, ucarashikirwa nabgo; asi aninani
unorashikirwa noʋupenyu bgake no-
kuɗa kwaŋgu, ucabguwana. 26 Nokuti
munhu ucaɓatsirweiko kana awana
nyika yose, akarashikirwa noʋupenyu
bgake? Kana munhu ucaripeiko kuti
adzikinure ʋupenyu bgake? 27 Nokuti
Mŋanakomana womunhu ucaʋuya na-
ʋatumŋa ʋake nokubginya kwaɓaɓa
ʋake; ipapo ucaripira mumŋe no-
mumŋe paakaɓata napo. 28 Ȥirokwaȥo
ndinoti kwamuri: Ʋamŋe ʋari'po kuna-
ʋamire pano, ʋasiŋgazonzwi rufu,
ʋasati ʋaʋona Mŋanakomana womunhu
aciʋuya muʋushe bgake.

*Kubginya kwaJesu pagomo.*
(Mar. 9. 2–13; Ruka 9. 28–36.)

17 1 Mazuʋa matanhatu akati
apfuʋura, Jesu akatora Petro,
naJakobo, naJohane munuŋuna
wake, akaenda naʋo mugomo refu ʋari
ʋoga. 2 Akashanduka pamberi paʋo;
ciso cake cikapenya sezuʋa, ŋguʋo
dzake dzikacena seciedza. 3 Pakarepo
Mosesi naEria ʋakaʋonekwa naʋo,
ʋacitaurirana naye. 4 Ȥino Petro aka-
pindura, akati kunaJesu: Ishe, ȥakanaka
ȥatiri pano; kana muciɗa, ndicaʋaka
matumba matatu pano, rimŋe renyu,
rimŋe raMosesi, rimŋe raEria. 5 Wa-
kati acataura naʋo, tarira, gore rino-
bginya rikaʋafukidza; inzwi *rikabva*
mugore, riciti: Uyu Mŋanakomana
waŋgu unoɗikanwa, wandinofarira,
mumunzwei. 6 Ʋadzidzi ʋakati ʋaci-
ȥinzwa, ʋakawira pasi neȥiso ȥaʋo,
ʋakatya ȥikuru. 7 Jesu akasweɗera,
akaʋaɓata, akati: Simukai, musatya.
8 Ʋakati ʋacitarira, haʋana-kuzoʋona
munhu, asi Jesu ɓedzi.
9 Ȥino ʋakati ʋaciɓuruka mugomo,
Jesu akaʋaraira, akati: Musaʋudza
munhu ȥamaratidzwa, kuşikira Mŋana-
komana womunhu amuka kuʋakafa.
10 Ʋadzidzi ʋakamubvunza, ʋaciti:
Ʋanyori ʋanotaurireiko, ʋaciti, Eria
unofanira kutaŋga kuʋuya? 11 Aka-
pindura, akati: Eria ucaʋuya hake,
aʋandudze ȥinhu ȥose. 12 Asi ndinoti
kwamuri: Eria wakatoşika, *asi* haʋana-
kumuziʋa; asi ʋakamuitira paʋakaɗa
napo. Saiȥoȥo ʋo Mŋanakomana
womunhu ucabva wotambudzwa naʋo.
13 Ȥino ʋadzidzi ʋakanzwisisa kuti
wakaʋaʋudza ȥaJohane Mubapatidzi.

*Jesu unoporesa mukomana uneȥipusha.*
(Mar. 9. 14–29; Ruka 9. 37–43.)

14 Ʋakati ʋaşika kuʋanhu ʋazhinji,
mumŋe munhu akaʋuya kwaari, aka-
mufugamira, akati: 15 Ishe, ɗonzwirai
mŋanakomana waŋgu ŋgoni, nokuti
uneȥipusha, unotambudzika kwaȥo.
Nokuti kazhinji unowira mumŋoto,
kazhinji mumvura. 16 Ndakaʋuya
naye kuʋadzidzi ʋenyu, ʋakasagona
kumuporesa. 17 Jesu akapindura, a-
kati: Haiwa! rudzi rusiŋgatendi,
rwakatsauka, ndicagara nemi kuşikira
riniko? Ndicakuitirai mŋoyo murefu
kuşikira riniko? Ʋuyai naye pano
kwandiri. 18 Ȥino Jesu akamuraira,
mŋeya wakaipa ukaɓuɗa kwaari, muko-
mana akapora kubva paŋguʋa iyo.
19 Ȥino ʋadzidzi ʋakaʋuya kunaJesu
ʋari ʋoga, ʋakati: Ko isu takaŋga
tisiŋgagoni neiko kuuɓuɗisa? 20 Akati
kwaʋari: Nemhaka yokutenda kwenyu
kuɗuku, nokuti ȥirokwaȥo ndinoti
kwamuri: Kana munokutenda kwakaita
setsaŋga yemastarda, muŋgati kugomo
iri: Ibva pano, enda koko! riŋgaenda;
hakunecinhu ciŋgakukundai. [21 Asi
rudzi urwu runoŋgobva cete noku-
nyeŋgetera, nokuȥinyima ȥokudya.]

*Jesu unotaura zorufu rwake nokumuka kwake.*
(Mar. 9. 30–32; Ruka 9. 43–45.)

22 Ȥino ʋacafamba muGarirea, Jesu
akati kwaʋari: Mŋanakomana womunhu
ucabva woiswa mumaʋoko aʋanhu;
23 ʋacamuʋuraya, *asi* nezuʋa retatu
ucamutswa ȥe. Ʋakafa neshuŋgu kwaȥo.

*Jesu unoripa mari yetembere.*

24 Ʋakati ʋacişika Kapernaume, ʋa-
nhu ʋaigamucira muripo wetembere
ʋakaʋuya kunaPetro, ʋakati: Mudzi-
dzisi wenyu haaripi muripo wetembere
here? 25 Akati: Hoŋo. Ȥino wakati
acipinda mumba, Jesu akataŋga ku-
taura kwaari, aciti: Simoni, unofu-
ŋgeiko? Madzimambo enyika anotora
muripo nomutero kunaʋananiko? Ku-
ʋanakomana ʋaʋo kana kuʋaeni?
26 Akati: Kuʋaeni. Jesu akati kwa-
ari: Saka ʋanakomana ʋakasunuŋguka.
27 Asi, kuti tirege kuʋagumbusa, enda
kuguŋgwa, ukande ciredzo, uɓate hoʋe
inotaŋga kuɓuɗa; kana washamisa mu-
romo wayo, ucawana stateri*; uritore,
uʋape iro, *kuripira* iwe neni.

* Mari ineŋge mashereni maʋiri nesisipenzi.

*Mukuru paʋushe bgokuɗeŋga, neȥigumbuso.*

(Mar. 9. 33–50; Ruka 9. 46–50.)

18 1 Neŋguʋa iyo ʋadzidzi ʋaka-
ʋuya kunaJesu, ʋakati: Ndi-
aniko mukuru paʋushe bgoku-
ɗeŋga? 2 Akaɗanira kwaari mŋana
muɗuku, akamuisa pakati paʋo, 3 aka-
ti: Ȥirokwaȥo ndinoti kwamuri: Kana
musiŋgashanduki, mukaʋa saʋana
ʋaɗuku, hamuŋgatoŋgopindi muʋushe
bgokuɗeŋga. 4 Naiȥoȥo aninani uno-
ȥininipisa somŋana uyu muɗuku, ndiye
mukuru muʋushe bgokuɗeŋga. 5 Ani-
nani unogamucira mŋana muɗuku
mumŋe wakaɗai nezita raŋgu, unondi-
gamucira ini. 6 Asi aninani unogu-
mbusa mumŋe waʋaɗuku aʋa, ʋano-
tenda kwandiri, ȥirinani kwaari kuti
guyo guru risuŋgirirwe pamutsipa wa-
ke, anyudzwe muguŋgwa rakadzika.
7 Nyika inenhamo nemhaka yeȥigu-
mbuso! Nokuti ȥigumbuso ȥinofanira
kuʋuya haȥo; asi unenhamo munhu uyo
unogumbusa ʋamŋe. 8 Kana ruʋoko
rwako kana rutsoka rucikugumbusa,
urugure, ururashire kure newe; ȥirinani
kwauri kuti upinde muʋupenyu uri
cirema, kana ucikamhina, pakukandi-
rwa mumŋoto usiŋgagumi, unamaʋoko
maʋiri kana tsoka mbiri. 9 Kana ziso
rako ricikugumbusa, uribvise, urira-
shire kure newe. Ȥirinani kwauri
kuti upinde muʋupenyu, uneziso ri-
mŋe, pakukandirwa muGehena ro-
mŋoto, unameso maʋiri. 10 Cenjerai
kuti murege kuȥidza mumŋe waʋa-
ɗuku aʋa; nokuti ndinoti kwamuri,
kuɗeŋga ʋatumŋa ʋaʋo ʋanosiʋona
misi yose ciso caƁaɓa ʋaŋgu ʋari
kuɗeŋga. [11 Nokuti Mŋanakomana
womunhu wakaʋuya kuzoponesa caka-
rashika.]

*Gwai rakarashika.*

(Ruka 15. 3–7.)

12 Munofuŋgeiko? Kana munhu ana-
makwai anezana, rimŋe rawo rika-
tsauka, haaŋgasiyi makumi mapfu-
mbamŋe namapfumbamŋe, akaenda
kumakomo kundotşaka rakatsauka here?
13 Kana ariwana, ȥirokwaȥo ndinoti
kwamuri, unorifarira kupfuʋura makumi
mapfumbamŋe namapfumbamŋe asa-
katsauka. 14 Nokuɗaro hakuzi kuɗa
kwaƁaɓa ʋenyu ʋari kuɗeŋga, kuti
mumŋe waʋaɗuku aʋa afe.

*Kukaŋganwirana. Muranda wakaŋga asinetsitsi.*

15 Kana hama yako yakutadzira, enda
umuʋudze mhoşa yake, iwe naiye muri
moga; kana akakunzwa, wadzora hama
yako. 16 Asi kana asiŋganzwi, tora
mumŋe kana ʋaʋiri newe, kuti mashoko
ose asimbiswe nemiromo yeȥapupu
ȥiʋiri kana ȥitatu. 17 Kana asiŋga-
ʋanzwi, uʋudze ʋuŋgano; kana asiŋga-
nzwi ʋo ʋuŋgano, ŋgaaʋe kwauri
somuhedeni nomuFarise. 18 Ȥiro-
kwaȥo ndinoti kwamuri: Ȥose ȥamuno-
suŋga panyika, ȥicasuŋgwa kuɗeŋga;
neȥose ȥamunosunuŋgura panyika,
ȥicasunuŋgurwa kuɗeŋga. 19 Ndinoti
kwamuri ȥe: Kana ʋaʋiri ʋenyu
ʋakatenderana panyika pamsoro peci-
mŋe cinhu caʋanokumbira, ʋacaciitirwa
naƁaɓa ʋaŋgu ʋari kuɗeŋga. 20 No-
kuti apo pakaʋuŋgana ʋaʋiri kana ʋa-
tatu muzita raŋgu, ndiri'po pakati paʋo.
21 Ȥino Petro wakaʋuya akati kwaari:
Ishe, hama yaŋgu icanditadzira kaŋga-
niko, ndikaikaŋganwira? Kuşikira
kanomŋe here? 22 Jesu akati kwaari:
Handiti kwauri, kuşikira kanomŋe; asi
kuşikira makumi manomŋe anoʋere-
ŋgwa kanomŋe. 23 Saka ʋushe bgoku-
ɗeŋga bguŋgafananidzwa nomumŋe ma-
mbo, wakaŋga aciɗa kugadzira maŋgaʋa
naʋaranda ʋake. 24 Ȥino wakati aci-
taŋga kugadzira, mumŋe wakaŋga aneci-
kwerete camatarenta aneȥuru ȥamazana
ȥinegumi* akaiswa kwaari. 25 Asi wa-
kati acishaiwa caaŋgaripa naco, ishe wake
akaraira kuti ateŋgeswe, iye nomukadzi
naʋana, neȥose ȥaakaŋga anaȥo, kuti
cikwerete ciripxe. 26 Ȥino muranda
akawira pasi, akamunamata, akati: Ishe,
iʋai nomŋoyo murefu neni, ndicazo-
kuripirai ȥose. 27 Ishe womuranda uyo
akamunzwira tsitsi, akamusunuŋgura,
akamukaŋganwira cikwerete. 28 Asi
muranda uyo wakati aciɓuɗa, akawana
mumŋe muranda waiɓata pamŋe cete
naye, wakaŋga anecikwerete kwaari
camadenari anezana†; akamuɓata,
akamudzipa, akati: Ripa cikwerete
cako! 29 Ȥino muranda uyo waiɓata
pamŋe cete naye, akawira pasi, akaku-
mbira ȥikuru kwaari, akati: Uʋe no-
mŋoyo murefu neni, ndicazokuripira.
30 Asi iye wakaramba, akaenda, aka-
muisa mutoroŋgo, kuşikira acizoripa

* Mari ineŋge pondo 2,500,000.
† Mari ineŋge pondo nhatu necumi.

cikwerete. 31 Ɀino ʋamŋe ʋaranda
ʋaiɓata pamŋe cete naye ʋakati ʋaciʋona
ɀaitwa, ʋakafa neshuŋgu kwaɀo, ʋaka-
enda kundoʋudza ishe waʋo ɀose
ɀakaitwa. 32 Ɀino ishe wake akamu-
ɗana, akati kwaari: Iwe muranda
wakaipa, ndakakukaŋganwira cikwerete
ico cose, nokuti iwe wakakumbira
ɀikuru kwandiri. 33 Ko iwe hauzai-
fanira kunzwira tsitsi mumŋe muranda
unoɓata pamŋe cete newe, seni ndaka-
kunzwira tsitsi here? 34 Ɀino ishe
wake akatsamŋa, akamuisa kuʋarwadzi,
kuşikira acizoripa cikwerete cake cose.
35 Saiɀoɀo Ɓaɓa ʋaŋgu ʋari kuɗeŋga
ʋacakuitirai ʋo, kana musiŋgakaŋga-
nwiriyi mumŋe nomumŋe hama yake
nomŋoyo wenyu *wose.*

*Kurambana kwomurume nomukadzi.*

(Mat. 5. 31, 32; Mar. 10. 1–12; Ruka 16. 18.)

19 1 Jesu wakati apedza mashoko
iwayo, akabva Garirea, akaenda
kunyika yeJudea mhiri kwe-
Joridani. 2 Ʋanhu ʋazhinji-zhinji ʋa-
kamuteʋera, akaʋaporesa'po.
3 ƲaFarise ʋakaʋuya kwaari, ʋaka-
muidza, ʋaciti: Ko munhu unotenderwa
kurasha mukadzi wake nemhaka ipi
neipi here? 4 Akapindura, akati:
Hamuna-kuraʋa here, kuti uyo waka-
ʋasika pakutaŋga, wakaʋaita murume
nomukadzi? 5 Akati: Nokuɗa kwa-
iɀoɀo murume ucasiya ɓaɓa ʋake namai
ʋake, akanamatira mukadzi wake; aʋa
ʋaʋiri ʋacaʋa nyama imŋe. 6 Nokudaro
haʋaciri ʋaʋiri, asi nyama imŋe. Ɀino,
iɀo Mŋari ɀaakasoŋganisa, munhu ŋga-
arege kuɀiparadzanisa. 7 Ʋakati kwa-
ari: Mosesi wakagoraireiko kuti *murume*
*amupe* rugwaro rwokumuramba, ago-
*mu*rasha? 8 Akati kwaʋari: Nokuɗa
kwoʋukukutu bgemŋoyo yenyu Mosesi
wakakutenderai kurasha ʋakadzi ʋenyu,
asi kubva pakutaŋga ɀakaŋga ɀisina-
kudaro. 9 Ndinoti kwamuri: Aninani
unorasha mukadzi wake, asi nemhaka
yoʋupombge, akawana mumŋe, unoita
ʋupombge; nounowana wakarashwa,
unoita ʋupombge. 10 Ʋadzidzi ʋakati
kwaari: Kana ɀakadaro pakati pomu-
rume nomukadzi, haɀina-kunaka ku-
wana. 11 Asi iye akati kwaʋari: Ʋose
haʋagamuciri shoko iri, asi aʋo ʋakaɀi-
piwa. 12 Nokuti ŋgomŋa dziri'po,
dzakaɓerekwa dzakadaro kubva muɗu-
mbu ramai; ŋgomŋa dziri'po, dzakaitwa
ŋgomŋa naʋanhu; ŋgomŋa dziri'po
dzakaɀiita ŋgomŋa nokuɗa kwoʋushe
bgokuɗeŋga. Uŋgagamucira *shoko iri*,
ŋgaarigamucire.

*Jesu unoropafadza vanana.*

(Mar. 10. 13–16; Ruka 18. 15–17.)

13 Ɀino ʋakaʋuya naʋana ʋaɗuku
kwaari, kuti aise maʋoko pamsoro
paʋo, aʋanyeŋgeterere; ʋadzidzi ʋaka-
ʋaraira. 14 Asi Jesu wakati kwaʋari:
Regai ʋana ʋaɗuku, musaʋadziʋisa
kuʋuya kwandiri; nokuti ʋushe
bgokuɗeŋga ndobgaʋakaɗai. 15 Akaisa
maʋoko pamsoro paʋo, akabva'po.

*Jaya mufumi.*

(Mar. 10. 17–30; Ruka 18. 18–30.)

16 Tarira, mumŋe munhu wakaʋuya
kwaari, akati: Mudzidzisi wakanaka,
ndiŋgaita cinhu cakanaka cipi, kuti
ndiʋe noʋupenyu bgusiŋgaperi? 17 A-
kati kwaari: Unondibvunzireiko pa-
msoro peɀakanaka? Uri'po mumŋe
wakanaka. Asi kana uciɗa kupinda
paʋupenyu, ceŋgeta mirairo. 18 Akati
kwaari: Ipiko? Jesu akati: Usaʋuraya,
usaita ʋupombge, usaɓa, usapupura
nhema; 19 kudza ɓaɓa ʋako namai
ʋako, uɗe wokwako seɀaunoɀiɗa iwe.
20 Jaya rikati kwaari: Iɀoɀo ɀose
ndakaɀiceŋgeta; ndicakashaiweiko?
21 Jesu akati kwaari: Kana uciɗa
kukwana, enda uteŋgese ɀose ɀaunaɀo,
upe ʋarombo, ugoʋa nefuma kuɗeŋga;
ugoʋuya unditeʋere. 22 Asi jaya raka-
ti ricinzwa shoko iri, rikaenda rineshu-
ŋgu; nokuti rakaŋga rinefuma zhinji.
23 Jesu akati kuʋadzidzi ʋake: Ɀiro-
kwaɀo, ndinoti kwamuri: Ɀinoremera
mufumi kupinda muʋushe bgokuɗeŋga.
24 Ndinoti kwamuri ɀe: Kamera
iŋgarerukirwa kupinda paʋuri reɗumho,
kumufumi kupinda muʋushe bgaMŋari.
25 Ʋadzidzi ʋakati ʋaciɀinzwa, ʋaka-
kahadzika kwaɀo, ʋakati: Ndianiko
uŋgagoponeswa? 26 Jesu ndokuʋa-
tarira, akati kwaʋari: Kuʋanhu iɀi ha-
ɀibviri, asi kunaMŋari ɀose ɀinobvira.
27 Ɀino Petro akapindura, akati
kwaari: Tarirai, isu takasiya ɀose,
tikakuteʋerai; ticagopiweiko? 28 Jesu
akati kwaʋari: Ɀirokwaɀo ndinoti kwa-
muri, imi makanditeʋera pakuɓerekwa
kutşa, kana Mŋanakomana womunhu
acizogara pacigaro coʋushe cokubginya

kwake, imi ʋo mucagara paȥigaro
ȥinegumi neȥiʋiri, mucitoŋga marudzi
anegumi namaʋiri aʋaIsraeri. 29 Mu-
mŋe nomumŋe wakasiya dzimba, kana
ʋanuŋuna, kana hanȥadzi, kana ɓaɓa,
kana mai, kana mukadzi, kana ʋana,
kana minda, nokuɗa kwezita raŋgu,
ucapiwa ȥiŋezana, akagara nhaka yoʋu-
penyu bgusiŋgaperi. 30 Asi ʋazhinji
ʋokutaŋga ʋacaʋa ʋokupedzisira, noʋo-
kupedzisira ʋacaʋa ʋokutaŋga.

*Mufananidzo wavaɓati pamunda.*

20 1 Nokuti ʋushe bgokuɗeŋga
bgakafanana nomŋene weimba,
wakaɓuɗa maŋgwanani kundo-
tşakira munda wake wemizambiriŋga
ʋaɓati. 2 Wakati atenderana naʋaɓa-
ti *kuvapa* denari* pazuʋa, akaʋatu-
ma kumunda wake wemizambiriŋga.
3 Akaɓuɗa neŋguʋa ineŋge yecitatu,
akaʋona ʋamŋe ʋamire paɗare, ʋasi-
ŋgaɓati; 4 akati kwaʋari: Endai imi
ʋo mumunda wemizambiriŋga, ndigo-
kupai ȥakafanira. Ʋakaenda. 5 Aka-
ɓuɗa ȥe neŋguʋa ineŋge yecitanhatu
neyepfumbamŋe, akaɗaro ȥe. 6 Aka-
ɓuɗa neŋguʋa ineŋge yegumi neimŋe,
akawana ʋamŋe ʋamire; akati kwaʋari:
Makamirireiko pano zuʋa rose musiŋga-
ɓati? 7 Ʋakati kwaari: Nokuti hapa-
nomunhu wakatipa ɓasa. Akati
kwaʋari: Endai nemi ʋo mumunda
wemizambiriŋga. 8 Aʋa maɗekwana,
mŋene womunda wemizambiriŋga akati
kumutariri wake: Ɗana ʋaɓati, uʋape
muɓairo waʋo, ucitaŋga kunoʋoku-
pedzisira, *ugumire* kunoʋokutaŋga.
9 Ȥino ʋeŋguʋa ineŋge yegumi neimŋe
ʋakati ʋaciʋuya, mumŋe nomumŋe
akapiwa denari.* 10 Ʋokutaŋga ʋakati
ʋaciʋuya, ʋakati ʋacapiwa nokupfu-
ʋura; iʋo ʋakapiwa ʋo mumŋe nomu-
mŋe denari.* 11 Ʋakati ʋacipiwa,
ʋakapopotera mŋene weimba, 12 ʋa-
kati: Aʋa ʋokupedzisira, ʋakaɓata
ŋguʋa imŋe cete, maʋaenzanisa nesu,
takatambudzika zuʋa rose, ticipiswa
nezuʋa. 13 Akapindura, akati kuno-
mumŋe waʋo: Shamŋari, handikuitiri
ȥisakarurama; hauna-kutenderana neni
*kuti upiwe* denari* here? 14 Tora ȥako,
uende, ndinoɗa kupa wokupedzisira
sewe. 15 Ko handina-kutenderwa kuita
neȥaŋgu pandinoɗa napo here? Ziso
rako rakaipa, nokuti ini ndakanaka

* Mari ineŋge sisipenzi netiki.

here? 16 Saiȥoȥo ʋokupedzisira ʋacaʋa
ʋokutaŋga, noʋokutaŋga ʋacaʋa ʋoku-
pedzisira.

*Jesu unovavudza ȥoruʄu rwake nokumuka kwake.*

(Mar. 10. 32–34; Ruka 18. 31–33.)

17 Jesu wakati okwira Jerusarema,
akatora ʋadzidzi ʋake ʋanegumi naʋa-
ʋiri ʋari ʋoga, akati kwaʋari panzira:
18 Tarirai, tinokwira Jerusarema, Mŋa-
nakomana womunhu ucaiswa kuʋaprista
ʋakuru naʋanyori, ʋacamutoŋgera rufu.
19 Ʋacamuisa kuʋahedeni, kuti asekwe,
aroʋeswe, aroʋerwe pamucinjikwa, asi
nezuʋa retatu ucamutswa ȥe.

*Ʋana ʋaZebedi ʋanokumbira kuʋa ʋakuru.*

(Mar. 10. 35–45.)

20 Ȥino mai ʋaʋanakomana ʋaZebedi
ʋakaʋuya kwaari naʋanakomana ʋaʋo,
ʋacimunamata, kuzokumbira cinhu
kwaari. 21 Akati kwaʋari: Muno-
tşakeiko? Ʋakati kwaari: Rairai kuti
ʋanakomana ʋaŋgu aʋa ʋaʋiri ʋagare,
mumŋe kuruʋoko rwenyu rworudyi,
mumŋe kuruɓoshwe, muʋushe bgenyu.
22 Asi Jesu akapindura, akati: Hamu-
ziʋi ȥamunokumbira. Muŋgagona
kunwira pamukombe pandinozonwira
ini, here? Ʋakati kwaari: Tiŋgagona.
23 Akati kwaʋari: Mucanwira henyu
pamukombe waŋgu, asi kugara kuru-
ʋoko rwaŋgu rworudyi, nokuruɓoshwe,
handizini ndinopa, asi *ndeȥa*ʋakaȥiga-
dzirirwa iȥo naƁaɓa ʋaŋgu. 24 Ʋane-
gumi ʋakati ʋaciȥinzwa, ʋakatsamŋira
aʋo ʋana ʋaʋiri ʋomunhu mumŋe.
25 Asi Jesu akaʋaɗanira kwaari, akati:
Munoziʋa kuti macinda aʋahedeni
anoʋaraira, naʋakuru ʋaʋo ʋanoita
simba naʋo. 26 Pakati penyu ŋgaȥirege
kuʋa kuɗaro; asi aninani unoɗa kuʋa
mukuru pakati penyu, ŋgaaʋe mushu-
miri wenyu. 27 Aninani unoɗa kuʋa
wokutaŋga pakati penyu, ŋgaaʋe mu-
randa wenyu. 28 *Ȥakaita* soMŋana-
komana womunhu usina-kuʋuya ku-
zoshumirwa, asi kushumira, nokupa
ʋupenyu bgake ruʋe rudzikinuro rwa-
ʋazhinji.

*Jesu unoşinudza mapofu maʋiri paJeriko.*

(Mar. 10. 46–52; Ruka 18. 35–43.)

29 Ʋakati ʋacibva Jeriko, ʋanhu
ʋazhinji-zhinji ʋakamuteʋera. 30 Ȥino

tarira, mapofu maʋiri akaŋga agere
panzira, akati acinzwa kuti Jesu wo-
pfuʋura, akaɗanidzira, aciti: Ishe,
Mŋanakomana waDavidi, tinzwirei
ŋgoni! 31 Ʋanhu ʋazhinji ʋakaaraira
kuti anyarare; asi akanyanya kuɗani-
dzira, aciti: Ishe, Mŋanakomana wa-
Davidi, tinzwirei ŋgoni! 32 Ipapo
Jesu akamira, akaaɗana, akati: Munoɗa
kuti ndikuitireiko? 33 Akati kwaari:
Ishe, kuti meso eɗu aȿinudzwe. 34 Jesu
akaanzwira tsitsi, akaɓata meso awo;
pakarepo akaȿinudzwa, akamuteʋera.

*Jesu unogamucirwa paJerusarema.*

(Mar. 11. 1–10; Ruka 19. 29–38; Joh. 12. 12–15.)

21 1 Ʋakati ʋaciswedera Jerusa-
rema, ʋakaȿika Betefage, pago-
mo reMiorivi, Jesu akatuma
ʋadzidzi ʋaʋiri, 2 akati kwaʋari: Endai
kumusha wakatarisana nemi, pakarepo
mucawana mboŋgoro yakasuŋgirwa,
inemhuru yayo; mudzisunuŋgure, mu-
ʋuye *nadzo* kwandiri. 3 Kana ani-
nani acitaura cinhu kwamuri, muti:
Ishe unodziɗa; pakarepo ucadzituma.
4 Iɀoɀo ɀakaitwa, kuti ɀakataurwa
nomuprofita ɀiitike, paakati:

5 Ʋudzai mŋanasikana weZioni:
Tarira Mambo wako unoʋuya kwa-
uri,
Ari munyoro, akataȿa mboŋgoro,
Nemhuru yecipfuwo cinokweʋa.

6 Ʋadzidzi ʋakaenda, ʋakaita seɀaʋa-
karairwa naJesu, 7 ʋakaʋuya nembo-
ŋgoro nemhuru, ʋakaisa ŋguʋo dzaʋo
pamsoro padzo; akagara pamsoro padzo.
8 Ʋazhinji pakati paʋanhu ʋakawarira
ŋguʋo dzaʋo munzira; ʋamŋe ʋakatema
mataʋi emiti ʋakaawarira munzira.
9 Ʋanhu ʋazhinji ʋakaŋga ʋakamutu-
ŋgamirira, naʋakaŋga ʋaciteʋera, ʋaka-
ɗanidzira, ʋaciti: Hosana kuMŋanako-
mana waDavidi! Ŋgaakudzwe iye
unoʋuya muzita raShe! Hosana kumso-
ro-soro! 10 Wakati apinda Jerusarema,
guta rose rikapesaniswa, *ʋanhu* ʋakati:
Uyu ndianiko? 11 Ʋanhu ʋazhinji
ʋakati: NdiJesu muprofita weNazareta
reGarirea.

*Jesu unonatsa tembere.*

(Mar. 11. 15–18; Ruka 19. 45–48; Joh. 2. 13–17.)

12 Ɀino Jesu wakapinda mutembere,
akaɓuɗisa ʋose ʋaiteŋgesa naʋaiteŋga
mutembere; akawisa matafura aʋaitsi-
nhanhisa mari, neɀigaro ɀaʋaiteŋgesa
njiʋa, 13 akati kwaʋari: Kwakanyorwa
*kucinzi*: Imba yaŋgu icanzi imba
yokunyeŋgetera, asi imi munoiita ɓako
ramakororo. 14 Ɀino mapofu naʋai-
kamhina ʋakaʋuya kwaari mutembere,
akaʋaporesa. 15 Asi ʋaprista ʋakuru
naʋanyori ʋakati ʋaciʋona ɀinoshamisa
ɀaakaŋga aciita, naʋana ʋaciɗanidzira
mutembere, ʋaciti: Hosana kuMŋana-
komana waDavidi! ʋakafa neshuŋgu,
16 ʋakati kwaari: Unonzwa ɀaʋanotaura
iʋaʋo here? Jesu akati kwaʋari: Hoŋo,
hamuna-kutoŋgoraʋa here, *panoti*: Mu-
miromo yaʋacece naʋanomŋa maka-
kwanisa kukudza? 17 Akaʋasiya, aka-
bva muguta, akaenda Betania, ndokuʋa-
ta'po.

*Jesu unotuka muʋonde wakaŋga usiŋgaɓereki.*

(Mar. 11. 12–14, 19–24.)

18 Maŋgwanani wakati acidzokera
kuguta, akanzwa nzara. 19 Ɀino, wa-
kati aciʋona muʋonde mumŋe panzira,
akaenda kwauri, akasawana cinhu
kwauri, asi mashizha ɓedzi; akati
kwauri: Ŋgakurege kuʋa neɀiɓereko
kwauri nokusiŋgaperi. Muʋonde uka-
woma pakarepo. 20 Ʋadzidzi ʋa-
kati ʋaciɀiʋona, ʋakashamiswa, ʋakati:
Muʋonde wawoma pakarepo seiko?
21 Jesu akapindura, akati kwaʋari:
Ɀirokwaɀo ndinoti kwamuri: ɗai maiʋa
nokutenda, musiŋganyunyuti, hamu-
ŋgaiti iɀi ɀomuʋonde ɓedzi, asi kana
mukati kugomo iri: Simudzwa, uka-
ndirwe muguŋgwa, ɀicaitwa. 22 Neɀose
ɀamunokumbira mucinyeŋgetera, kana
mucitenda, mucaɀipiwa.

*Simba raJesu rinobvepi.*

(Mar. 11. 27–33; Ruka 20. 1–8.)

23 Wakati acipinda mutembere, ʋa-
prista ʋakuru naʋakuru ʋaʋanhu
ʋakaʋuya kwaari acidzidzisa, ʋakati:
Munoita ɀinhu iɀoɀi nesimba ripiko?
Ndiani wakakupai simba iri? 24 Jesu
akapindura, akati kwaʋari: Neni ndi-
cakubvunzai ʋo shoko rimŋe; kana
mukandiʋudza iro, neni ndicakuʋudzai
ʋo simba randinoita naro ɀinhu iɀi.
25 Rubapatidzo rwaJohane rwaka-
bvepiko? Kuɗeŋga kana kuʋanhu
here? Ʋakataurirana ʋaciti: Kana
tikati, Kuɗeŋga, ucati kwatiri: Makago-
regerei kumutenda? 26 Asi kana tikati,

Kuʋanhu, tinotya ʋanhu ʋazhinji;
nokuti ʋose ʋanoti, Johane muprofita.
27 Ʋakapindura, ʋakati kunaJesu: Ha-
tiziʋi. Akati kwaʋari: Neni handiŋga-
kuʋudziyi ʋo simba randinoita naro
ȥinhu iȥi.

*Mufananidzo wavana vaviri.*

28 Ȥino munofuŋgeiko? *Mumŋe* mu-
nhu wakaŋga anaʋana ʋaʋiri; akaenda
kunowokutaŋga, akati: Mŋana, enda
nhasi kundoɓata mumunda waŋgu
wemizambiriŋga. 29 Iye akapindura,
akati: Handiɗi; asi pashure akaȥidya
mŋoyo, akaenda. 30 Akaenda kunowe-
cipiri, akataura saiȥoȥo. Iye akapindura,
akati: Ndinoenda, ishe; akasaenda.
31 Ndoupiko kunaiʋaʋo ʋaʋiri wakaita
kuɗa kwaɓaɓa ʋake? Ʋakati: Woku-
taŋga. Jesu akati kwaʋari: Ȥirokwaȥo
ndinoti kwamuri: Ʋateresi neȥifeʋe
ʋanokutaŋgirai kupinda muʋushe bga-
Mŋari. 32 Nokuti Johane wakaʋuya
kwamuri nenzira yokururama, mukasa-
mutenda, asi ʋateresi neȥifeʋe ʋakamu-
tenda. Imi makati muciʋona iȥoȥo, ha-
muna-kuzoȥidya mŋoyo mukamutenda.

*Mufananidzo wavarimi vakaipa.*

(Mar. **12**. 1–12; Ruka **20**. 9–18.)

33 Inzwai mumŋe mufananidzo:
*Mumŋe* munhu waiʋa'po, mŋene we-
imba, wakasima munda wake wemiza-
mbiriŋga; akaukomba noruzhowa, aka-
cera pokuşinira mauri, akaʋaka cirindo,
akaupa ʋarimi, ndokufamba rwendo.
34 Ŋguʋa yeȥiɓereko yakati yoşika,
akatuma ʋaranda ʋake kuʋarimi, kundo-
tora ȥiɓereko ȥake. 35 Asi ʋarimi
ʋakaɓata ʋaranda ʋake, ʋakaroʋa
mumŋe, ʋakaʋuraya mumŋe, ʋakataka
mumŋe namabge. 36 Akatuma ȥe
ʋamŋe ʋaranda, ʋazhinji kunoʋoku-
taŋga; ʋakaʋaitira saiȥoȥo. 37 Ȥino
pashure akatuma mŋanakomana wake
kwaʋari, aciti: Mŋanakomana waŋgu
ʋacaʋa nehanya naye. 38 Asi ʋarimi
ʋakati ʋaciʋona mŋanakomana, ʋaka-
taurirana, ʋaciti: Uyu ndiye mugari
wenhaka; ʋuyai timuʋuraye, titore
nhaka yake. 39 Ȥino ʋakamuɓata
ʋakamuɓuɗisa kunze kwomunda wemi-
zambiriŋga, ʋakamuʋuraya. 40 Ȥino
kana mŋene womunda wemizambiriŋga
acizoʋuya, ucaiteiko naʋarimi iʋaʋo?
41 Ʋakati kwaari: Ucaparadza kwaȥo
ʋanhu aʋo ʋakaipa, akaisa ʋamŋe
ʋarimi mumunda wemizambiriŋga,
ʋacazomupa ȥiɓereko neŋguʋa dzaȥo.
42 Jesu akati kwaʋari: Hamuna-kuto-
ŋgoraʋa here paMagwaro panoti:

Ibge rakarashwa naʋaʋaki,
Ndiro rakazoʋa musoro wekona:
Iȥoȥo *ȥakaitwa* naShe,
Ȥinoshamisa pameso eɗu?

43 Naiȥoȥo ndinoti kwamuri: Muca-
torerwa imi ʋushe bgaMŋari, bguka-
piwa ʋanhu ʋanoɓereka ȥiɓereko ȥabgo.
44 Unowira pamsoro pebge iri, ucavu-
nikanya; asi ricaparadza warinowira.
45 Ʋaprista ʋakuru naʋaFarise ʋakati
ʋacinzwa mifananidzo yake, ʋakaziʋa
kuti unoʋareʋa iʋo. 46 *Ȥino* ʋakatşaka
kumuɓata, asi ʋakatya ʋanhu ʋazhinji,
nokuti ʋakaŋga ʋaciti muprofita.

*Mufananidzo womutambo wokuwana.*

(Ruka **14**. 16–24.)

**22** 1 Ȥino Jesu wakapindura, aka-
taura ȥe naʋo nemifananidzo,
akati: 2 Ʋushe bgokuɗeŋga
bguŋgafananidzwa nomumŋe mambo,
wakaitira mŋanakomana wake mutambo
wokuwana; 3 akatuma ʋaranda ʋake
kundoɗana aʋo ʋakaŋga ʋakokerwa
kumutambo wokuwana; ʋakaramba
kuʋuya. 4 Akatuma ȥe ʋamŋe ʋaranda,
akati: Ʋudzai ʋakakokerwa, muti:
Tarirai, ndagadzira cişuşuro caŋgu;
nzombe dzaŋgu neȥakakora ȥaŋgu
ȥaɓayiwa, ȥinhu ȥose ȥagadzirwa; ʋuyai
kumutambo wokuwana. 5 Asi haʋana-
kuraŋgarira, ʋakaenda, mumŋe ku-
munda wake, mumŋe kukuteŋgesa
kwake; 6 ʋamŋe ʋakaɓata ʋaranda
ʋake, ʋakaʋaitira ȥakaipa, ʋakaʋaʋu-
raya. 7 Ȥino mambo wakatsamŋa,
akatuma hondo dzake, akaparadza ʋaya
ʋakaʋaʋuraya, akapisa guta raʋo.
8 Ȥino akati kuʋaranda ʋake: Mutambo
wokuwana wakagadzirwa, asi ʋakaŋga
ʋakokerwa ʋakaŋga ʋasina-kufanirwa.
9 Naiȥoȥo, endai kumharadzano dze-
nzira, mukokere kumutambo ʋose ʋamu-
nowana. 10 Ʋaranda iʋaʋo ʋakaɓuɗira
kunzira, ʋakaʋuŋganidza ʋose ʋaʋa-
kawana, ʋakaipa naʋakanaka; imba
yokuwana ikazara naʋagere pakudya.
11 Ȥino mambo wakati acipinda kuzo-
ʋona ʋagere pakudya, akaʋona munhu
usina-kupfeka ŋguʋo yomutambo
wokuwana; 12 akati kwaari: Shamŋari,
wapinda pano seiko, usineŋguʋo yomu-

tambo wokuwana? Akanyarara.
13 Ȥino mambo akati kuʋaranda:
Mumusuŋgei makumbo namaʋoko,
mumukandirei kunze murima; apo
pacaʋa nokucema nokugeɗa-geɗa kwa-
meno. 14 Nokuti ʋazhinji ʋakaɗanwa,
asi ʋakasanaŋgurwa ʋashoma.

*Kuripira Kesari mutero.*

(Mar. 12. 13–17; Ruka 20. 20–26.)

15 Ȥino ʋaFarise ʋakaenda kundo-
raŋgana kuti ʋaŋgamuɓata sei paku-
taura kwake. 16 Ʋakatuma kwaari ʋa-
dzidzi ʋaʋo naʋaHerode, ʋaciti: Mudzi-
dzisi, tinoziʋa kuti ndimi waȥokwaɗi,
munodzidzisa nzira yaMŋari neȥo-
kwaɗi, musiŋgaraŋgariri ȥinoʋonekwa
ȥomunhu; nokuti hamutariri ȥiri kunze
kwomunhu. 17 Ȥino tiʋudzei, muno-
fuŋgeiko? Munhu unotenderwa kuri-
pira Kesari mutero here, kana kwete?
18 Asi Jesu wakaziʋa kuipa kwaʋo,
akati: Munondiidzireiko, imi ʋanye-
ŋgeri? 19 Ndiratidzei mari yomutero.
Ʋakaʋuya kwaari nedenari.* 20 Ȥino
akati kwaʋari: Mufananidzo uyu noru-
nyoro urwu ndeȥani? 21 Ʋakati
kwaari: ȤaKesari. Akati kwaʋari:
Naiȥoȥo, ipai Kesari ȥaKesari, naMŋari
ȥaMŋari. 22 Ʋakati ʋacinzwa iȥoȥo,
ʋakashamiswa, ʋakamusiya, ʋakaenda.

*Vanobvunza Jesu pamsoro pokumuka kwavakafa.*

(Mar. 12. 18–27; Ruka 20. 27–40.)

23 Nezuʋa iro ʋaSaduse ʋakaşika
kwaari, iʋo ʋanoti hakuna-kumuka
kwaʋakafa, ʋakamubvunza, 24 ʋaciti:
Mudzidzisi, Mosesi wakati, kana munhu
akafa asinaʋana, munuŋuna wake ŋgaa-
wane mukadzi wake, agomutsira mu-
koma wake ʋana. 25 Kwatiri kwakaŋga
kunaʋanakomana ʋomunhu mumŋe
ʋanomŋe; weɗaŋgwe akawana mukadzi,
akafa asinaʋana, akasiyira munuŋuna
wake mukadzi wake; 26 nokuɗaro ʋo
wecipiri, nowecitatu, kuşikira kunowe-
cinomŋe. 27 Shure kwaʋose mukadzi
akafa ʋo. 28 Ȥino pakumuka kwaʋa-
kafa, ucaʋa mukadzi waniko waʋanomŋe
*avo*, nokuti ʋose ʋaiʋa naye. 29 Jesu
akapindura, akati kwaʋari: Marashika,
nokusaziʋa Magwaro, kana simba ra-
Mŋari. 30 Nokuti pakumuka *kwava-
kafa* haʋawani, kana kuwaniswa; asi
ʋakaita saʋatumŋa kuɗeŋga. 31 Asi

* Mari ineŋge sisipenzi netiki.

kana kuri kumuka kwaʋakafa, hamuna-
kuraʋa here ȥamakaʋudzwa naMŋari,
paakati: 32 Ini ndiri Mŋari waAbra-
hama, naMŋari waIsaka, naMŋari
waJakobo? Haazi Mŋari waʋakafa, asi
waʋapenyu. 33 Ʋanhu ʋazhinji ʋaci-
nzwa iȥoȥo, ʋakashamiswa nokudzidzisa
kwake.

*Murairo mukuru.*

(Mar. 12. 28–34; Ruka 10. 25–27.)

34 ƲaFarise ʋakati ʋacinzwa kuti
wapxisa ʋaSaduse, ʋakaʋuŋgana pamŋe
cete. 35 Mumŋe waʋo, muɗudziri
womurairo, akamubvunza, acimuidza,
*akati*: 36 Mudzidzisi, murairo mukuru
pamirairo ndoupiko? 37 Akati kwaari:
Iɗa Ishe, Mŋari wako, nomŋoyo wako
wose, nomŋeya wako wose, nokufuŋga
kwako kwose. 38 Ndiwo murairo mu-
kuru nowokutaŋga. 39 Wecipiri uno-
fanana nawo, ndiwoyu: Iɗa wokwako,
seȥaunoȥiɗa iwe. 40 Murairo wose
naʋaprofita ȥakaɓatanidzwa pamirairo
iyi miʋiri.

*Kristu Mŋanakomana waDavidi.*

(Mar. 12. 35–37; Ruka 20. 41–44.)

41 Ȥino ʋaFarise ʋacakaʋuŋgana, Jesu
akaʋabvunza, 42 akati: Munofuŋgeiko
pamsoro paKristu? Mŋanakomana wa-
niko? Ʋakati kwaari: WaDavidi.
43 Akati kwaʋari: Davidi wakagomu-
tumidza seiko noMŋeya, Ishe wake,
aciti:
44 Ishe wakati kunaShe waŋgu:
Gara kurudyi rwaŋgu,
Kuşikira ndaisa ʋaʋeŋgi ʋako pasi
petsoka dzako?
45 Ȥino, kana Davidi acimutumidza
Ishe, uŋgagoʋa mŋanakomana wake
seiko? 46 Kwakaŋga kusinomunhu
wakagona kumupindura shoko, ʋuye
kwakaŋga kusinomunhu wakatsuŋga
kumubvunza cinhu pazuʋa iro.

*Jesu unotuka vanyori navaFarise.*

(Mar. 12. 38–40; Ruka 20. 45–47.)

23 1 Ȥino Jesu wakataura kuʋa-
nhu ʋazhinji naʋadzidzi ʋake,
2 akati: Ʋanyori naʋaFarise
ʋagere pacigaro caMosesi; 3 saka
ȥose ȥaʋanokuʋudzai, muȥiite nokuȥi-
ceŋgeta, asi musateʋera maɓasa aʋo;
nokuti ʋanotaura, asi haʋaiti. 4 Ʋano-
suŋga mitoro inorema, inotambudza
kutakura, ʋaciiisa pamafudzi aʋanhu, asi
iʋo ʋamene haʋaɗi kuiɓata nomunwe

waʋo. 5 Asi maɓasa aʋo ose ʋanoaita
kuti ʋaʋonekwe naʋanhu; nokuti ʋano-
farisa mafiraktera aʋo, ʋanokurisa
mipeto *yeŋguvo dzavo*, 6 ʋanofarira
ȥigaro ȥapamberi pamitambo, neȥigaro
ȥapamberi mumasingagoge, 7 noku-
kwaziswa paɗare, nokuidzwa Rabi naʋa-
nhu. 8 Asi imi musaidzwa Rabi;
nokuti mudzidzisi wenyu ndomumŋe,
imi mose muri hama. 9 Musaidza
munhu uri panyika ɓaɓa ʋenyu, nokuti
mumŋe cete ndiɓaɓa ʋenyu, iʋo ʋari
kuɗeŋga. 10 Musaidzwa ʋo ʋatenzi,
nokuti mumŋe cete ndiTenzi wenyu,
*iye* Kristu. 11 Asi mukuru pakati pe-
nyu ŋgaaʋe muranda wenyu. 12 Ani-
nani unoȥikudza ucaninipiswa, naani-
nani unoȥininipisa, ucakudzwa.
13 Munenhamo, imi ʋanyori naʋa-
Farise, ʋanyeŋgeri! Nokuti munopfi-
gira ʋanhu ʋushe bgokuɗeŋga; nokuti
imi hamupindi mumene, naiʋo, ʋopi-
nda, hamuʋatenderi kupinda. [14 Mu-
nenhamo, imi ʋanyori naʋaFarise,
ʋanyeŋgeri! Nokuti munoparadza dzi-
mba dzecirikadzi muciita mano-mano
eminyeŋgetero mirefu; naiȥoȥo muca-
toŋgerwa ȥakaipa nokupfuʋurisa.]
15 Munenhamo, imi ʋanyori naʋa-
Farise, ʋanyeŋgeri! Nokuti muno-
famba paguŋgwa napanyika kuzotapa
mudzidzi mumŋe; kana awanikwa,
munomuita mŋanakomana weGehena
kukunda imi kaʋiri.
16 Munenhamo, imi ʋatuŋgamiriri
ʋakapofumara, munoti: Aninani uno-
pika netembere, haȥina haȥo; asi
aninani unopika nendarama yetembere,
ndiye unemhoşa. 17 Imi mapenzi
namapofu! Cikuru ndecipiko, ndarama
kana tembere, inoita ndarama iʋe
tşene? 18 *Munoti* ȥe: Aninani unopika
neartari, haȥina haȥo; asi aninani
unopika necipo ciri pamsoro payo,
ndiye unemhoşa. 19 Imi mapenzi
namapofu! Cikuru ndecipiko, cipo
kana artari, inoita cipo ciʋe citşene?
20 Naiȥoȥo, unopika neartari, unopika
nayo, neȥose ȥiri pamsoro payo.
21 Nounopika netembere, unopika na-
yo, nounogara mairi. 22 Nounopika
nokuɗeŋga, unopika necigaro coʋushe
caMŋari, nounogara pamsoro paco.
23 Munenhamo, imi ʋanyori naʋa-
Farise, ʋanyeŋgeri! Nokuti munopa
cegumi ceminte, neanise, nekumini,
mucirega ȥinhu ȥikuru ȥomurairo,
*ȥinoti*: Kururamisira *mhaka*, neŋgoni,
nokutendeka; maifanira kuȥiita iȥi,
nokusarega *kuita* iȥoȥo. 24 *Imi* ʋatu-
ŋgamiri ʋakapofumara, munomimina
runyunyu, mucimedza kamera.
25 Munenhamo, imi ʋanyori naʋa-
Farise, ʋanyeŋgeri! Nokuti munonatsa
kunze kwomukombe nendiro, asi mu-
kati muzere nokukara nokusaȥidzora.
26 *Iwe* muFarise wakapofumara, taŋga
kunatsa mukati momukombe, nendiro,
kuti kunze kwaȥo kugocena ʋo.
27 Munenhamo, imi ʋanyori naʋa-
Farise, ʋanyeŋgeri! Nokuti makafa-
nana namarinda akaceneswa, anoʋone-
kwa saakanaka kunze kwawo, asi
mukati muzere namafupa aʋakafa
netşina yose. 28 Saiȥoȥo nemi ʋo
munoʋonekwa naʋanhu kunze kwenyu
makaita samakarurama, asi mukati
muzere nokunyeŋgera nokuipa.
29 Munenhamo, imi ʋanyori naʋa-
Farise ʋanyeŋgeri! Nokuti munoʋaka
marinda aʋaprofita, nokushoŋgedza
marinda aʋakarurama, 30 muciti: Ɗai
taiʋa'po pamazuʋa amateteguru eɗu,
tiŋgaɗai tisina-kuʋaɓatsira kuʋuraya
ʋaprofita. 31 Saka munoȥipupurira
kuti muri ʋanakomana ʋaʋakaʋuraya
ʋaprofita. 32 Ȥino cizadzisai ciyero
camateteguru enyu. 33 Imi nyoka,
imi ʋana ʋenyoka! Mucatiza seiko
kutoŋga kweGehena? 34 Saka, tari-
rai, ndinotumira kwamuri ʋaprofita,
naʋakacenjera, naʋanyori; mucaʋu-
raya ʋamŋe ʋaʋo, nokuʋaroʋer
cinjikwa; mucaroʋesa ʋamŋe ʋaʋo
mumasinagoge enyu, nokuʋadziŋgirira
mumaguta ose. 35 Kuti ropa rose
raʋakarurama, rakateʋurirwa panyika,
riʋuye pamsoro penyu, kubva paropa
raAberi wakaŋga akarurama, kuşikira
paropa raZakaria, mŋanakomana wa-
Barakia, wamakaʋuraya pakati pete-
mbere neartari. 36 Ȥirokwaȥo ndinoti
kwamuri Iȥi ȥose ȥicaʋuya pamsoro
porudzi urwu.

*Jesu unocema pamsoro peJerusarema.*

(Ruka 13. 34, 35.)

37 Jerusarema! Jerusarema! iwe uno-
ʋuraya ʋaprofita, nokutaka namabge
aʋo ʋakatumŋa kwauri! Ndakaŋga
ndiciɗa kazhinji sei kuʋuŋganidza ʋana
ʋako, semhambo inoʋuŋganidza hu-
kwana dzayo munyasi mamapapiro ayo,
mukaramba! 38 Tarirai, masiyirwa

imba yenyu raʋa ɗoŋgo. 39 Nokuti
ndinoti kwamuri: Kubva ȥino hamuca-
zondiʋoni, kuşikira muciti: Ŋgaaru-
mbidzwe iye unoʋuya nezita raShe.

*Jesu unoprofita kuputswa kweJerusarema nokudzoka kwake.*

(Mar. 13. 1–29; Ruka 21. 5–36.)

24 1 Ȥino Jesu wakaɓuɗa pate-
mbere, akati oenda, ʋadzidzi
ʋake ʋakaʋuya kwaari kuzomu-
ratidza dzimba dzetembere. 2 Akapi-
ndura, akati kwaʋari: Munoʋona ȥinhu
iȥi ȥose here? Ȥirokwaȥo ndinoti
kwamuri: Hakuŋgaregwi ibge pamsoro
pebge, risiŋgazowisirwi pasi.
3 Wakati agara pagomo reMiorivi,
ʋadzidzi ʋake ʋakaʋuya kwaari, ʋari
ʋoga, ʋakati: Tiʋudzei, kuti iȥoȥi
ȥicagoʋa riniko? Neciratidzo cokuʋuya
kwenyu necokuguma kwenyika cicaʋa
cipiko? 4 Jesu akapindura, akati kwa-
ʋari: Cenjerai kuti murege kutsauswa
nomunhu. 5 Nokuti ʋazhinji ʋacaʋuya
nezita raŋgu, ʋaciti: Ndini Kristu;
ʋacitsausa ʋazhinji. 6 Mucanzwa ȥo-
kurwa neguhu rokurwa; cenjerai,
musavunduka, nokuti iȥoȥi ȥose ȥino-
fanira kumboitwa, asi kuguma kucigere
kuşika. 7 Nokuti rudzi rucamukira
rudzi, noʋushe *bgucamukira* ʋushe;
nenzara dzicaʋa'po, nehosha, noku-
ɗeŋgenyika kwenyika kunȥimbo zhinji.
8 Asi ȥinhu iȥoȥi ȥicaʋa kutaŋga
kwenhamo. 9 Ȥino ʋacakuisai kuma-
ɗambudziko, ʋacakuʋurayai, muca-
ʋeŋgwa namarudzi ose nokuɗa kwezita
raŋgu. 10 Ʋazhinji ʋacagumburwa,
ʋacaisana *kuvatoŋgi* nokuʋeŋgana.
11 Ʋaprofita ʋazhinji ʋenhema ʋaca-
muka, ʋacitsausa ʋazhinji. 12 Ruɗo
rwaʋazhinji rucatonhora, nokuti kusa-
rurama kucawanda. 13 Asi unotsu-
ŋgirira kuşikira pakuguma, ucapo-
neswa. 14 Evaŋgeri iyi yoʋushe ica-
paridzirwa munyika dzose, ciʋe ca-
pupu kumarudzi ose; ipapo kuguma
kucaşika.
15 Naiȥoȥo kana muciʋona nyaŋgadzi
yokuparadza, yakarebga nomuprofita
Daniere, imire panȥimbo tşene (unoraʋa
ŋgaacerekedze); 16 ȥino ʋari muJudea
ŋgaʋatizire kumakomo; 17 uri pa-
msoro peɗeŋga reimba, ŋgaarege
kuɓuruka kuzotora ȥiri mumba make;
18 nouri mumunda, ŋgaarege kudzo-
kera shure kuzotora ŋguʋo yake.
19 Ʋacaʋa nenhamo ʋanemimba naʋa-
nomŋisa namazuʋa iwayo; 20 nye-
ŋgeterai kuti kutiza kwenyu kurege
kuʋa pacando kana nesaɓata. 21 No-
kuti neŋguʋa iyo kucaʋa'po kutambu-
dzika kukuru, kusati kwakamboʋa'po
kwakaɗaro, kubva pakutaŋga kwenyika
kuşikira ȥino, ʋuye hakucazoʋi'po.
22 Ɗai mazuʋa iwayo asaitapudzwa,
hakunenyama yairarama; asi nokuɗa
kwaʋakasanaŋgurwa mazuʋa iwayo
acatapudzwa. 23 Ȥino kana munhu
akati kwamuri: Tarirai, Kristi uri pano,
kana apo; regai kutenda. 24 Nokuti
ʋacamuka ʋanaKristu ʋenhema, naʋa-
profita ʋenhema, ʋacaratidza ȥiratidzo
ȥikuru neȥinoshamisa, kuti kana ȥici-
bvira, ʋatsause naʋakasanaŋgurwa ʋo.
25 Tarirai, ndagara ndakuʋudzai.
26 Ȥino, kana ʋakati kwamuri: Tarirai,
uri kurenje, regai kuɓuɗa; Tarirai,
uri mudzimba dzomukati, regai ku-
tenda. 27 Nokuti semheni inobva
mabvazuʋa, icipenyera kumaʋirira,
ndiȥo ȥicaita kuʋuya kwoMŋanakomana
womunhu. 28 Apo panomutumbu,
ndi'po pacaʋuŋganira magora.
29 Pakarepo, shure kwokutambudzika
kwamazuʋa iwayo, zuʋa ricaşiɓa,
mŋedzi haucazobginyi, nyeredzi dzi-
cawa kuɗeŋga, namasimba okuɗeŋga
acazunuŋguswa. 30 Ipapo ciratidzo
coMŋanakomana womunhu cicaʋone-
kwa kuɗeŋga; ȥino marudzi ose enyika
acacema, aciʋona Mŋanakomana wo-
munhu aciʋuya pamsoro pamakore
okuɗeŋga nesimba nokubginya kukuru.
31 Ucatuma ʋatumŋa ʋake nehwa-
manda huru, ʋacaʋuŋganidza ʋasa-
naŋgurwa ʋake *kunobva* mhepo inna,
kubva kurutiʋi *rumŋe* rweɗeŋga kuşikira
*kunorumŋe* rutiʋi.

*Unovanyevera kurindira.*

(Ruka 12. 35–59.)

32 Dzidzai pamuʋonde mufananidzo
wawo: Kana ɗaʋi rawo raʋa nyoro,
mashizha acituŋga, munoziʋa kuti zhe-
zha raʋa pedyo. 33 Saiȥoȥo, nemi
ʋo, kana moʋona iȥoȥo ȥose, ziʋai kuti
waʋa pedyo pamukoʋa. 34 Ȥirokwaȥo
ndinoti kwamuri: Rudzi urwu haru-
ŋgatoŋgopfuʋuri kuşikira iȥoȥi ȥose
ȥaitika. 35 Ɗeŋga nenyika ȥicapfuʋura,
asi mashoko aŋgu haaŋgatoŋgopfuʋuri.
36 Asi kana riri zuʋa iro neŋguʋa iyo,
hakuna-unoȥiziʋa, kunyaŋge ʋatumŋa

ʋokuɗeŋga, kunyaŋge Mŋanakomana,
asi Ɓaɓa ʋoga. 37 Sapamazuʋa aNoa,
ndiȥo ȥicaita kuʋuya kwoMŋanakomana
womunhu. 38 Nokuti sapamazuʋa
iwayo, mvura zhinji isati yaşika, ʋaidya
nokunwa, nokuwana, nokuwaniswa,
kuşikira zuʋa Noa raakapinda naro
muareka, 39 ʋasiŋgaziʋi kuşikira
mvura zhinji yaʋuya, ikaʋabvisa ʋose;
ndiȥo ȥicaita kuʋuya kwoMŋanakomana
womunhu. 40 Neŋguʋa iyo ʋaʋiri
ʋacaʋa mumunda, mumŋe ucatorwa,
mumŋe akasiyiwa. 41 *Ʋakadzi* ʋaʋiri
ʋacakuya paguyo rimŋe, mumŋe uca-
torwa, mumŋe akasiyiwa. 42 Rindai
naiȥoȥo, nokuti hamuziʋi zuʋa, Ishe
wenyu raanoʋuya naro. 43 Asi ziʋai
iȥi, kuti mŋene weimba, ɗai aiziʋa
ŋguʋa yokuşika kwembava, uŋgaɗai
airinda, akasatendera kuti imba yake
ipazwe. 44 Naiȥoȥo nemi ʋo, garai
makaȥigadzira; nokuti Mŋanakomana
womunhu ucaʋuya neŋguʋa yomusi-
ŋgamutariri. 45 Ndianiko muranda
wakatendeka, wakaŋgwara, wakagadzwa
nashe wake aʋe mutariri weimba yake,
kuti aʋape ȥokudya neŋguʋa yakafanira?
46 Wakaropafadzwa muranda uyo, uno-
ti kana ishe wake acişika, akamuwana
aciita saiȥoȥo. 47 Ȥirokwaȥo ndinoti
kwamuri, ucamugadza aʋe mutariri
weȥose ȥaanaȥo. 48 Asi kana muranda
uyo wakaipa akataura mumŋoyo make,
*aciti*: Ishe waŋgu wanonoka; 49 aka-
taŋga kuroʋa ʋamŋe ʋaranda ʋanoɓata
pamŋe cete naye, akadya, akanwa
pamŋe cete naʋakaɓatwa; 50 ishe
womuranda uyo ucaşika nezuʋa raasi-
ŋgamutariri, neŋguʋa yaasiŋgaziʋi;
51 akamuroʋesa kwaȥo, akamupa mu-
goʋe wake pamŋe cete naʋanyeŋgeri;
apo pacaʋa nokucema nokugeɗa-geɗa
kwameno.

*Mufananidzo wavasikana vanegumi.*

25 1 Ȥino ʋushe bgokuɗeŋga
bguŋgafananidzwa naʋasikana
ʋanegumi, ʋakatora mŋenje
yaʋo, ʋakaɓuɗa kundociŋgamidza ciko-
mba. 2 Ʋashanu ʋaʋo akaŋga ari
mapenzi, ʋashanu ʋakaŋga ʋakacenjera.
3 Nokuti mapenzi akatora mŋenje
yawo, akasatora mafuta. 4 Asi ʋaka-
cenjera ʋakatora mafuta mumidziyo
yaʋo nemŋenje yaʋo. 5 Ȥino, cikomba
cakati cicinonoka, ʋakakotsira ʋose,
ʋakaʋata. 6 Pakati poʋusiku ʋakanzwa
mhere-mhere: Cikomba coʋuya! Ɓuɗai
mumuciŋgamidzei! 7 Ȥino ʋasikana
ʋose ʋakamuka, ʋakagadzira mŋenje
yaʋo. 8 Mapenzi akati kunaʋaka-
cenjera: Tipeiʋo mamŋe mafuta enyu,
nokuti mŋenje yeɗu yodzima. 9 Asi
ʋakacenjera ʋakapindura, ʋakati: Kwete,
ȥimŋe haaŋgakwaniri isu nemi tose;
endai henyu kunaʋanoteŋgesa, muȥi-
teŋgere. 10 Ʋakati ʋacienda kundo-
teŋga, cikomba ndokuşika; ȥino, ʋa-
kaŋga ʋakaȥigadzira ʋakapinda naco
pamutambo wokuwana, mukoʋa uka-
pfigwa. 11 Pashure ʋamŋe ʋasikana
ʋakaşika, ʋakati: Ishe, Ishe, tizarurirei!
12 Akapindura, akati: Ȥirokwaȥo, ndi-
noti kwamuri: Handikuziʋiyi imi.
13 Naiȥoȥo rindai, nokuti hamuziʋi
zuʋa kana ŋguʋa.

*Mufananidzo wamatarenta.*

14 Nokuti ȥakafanana nomunhu wa-
kaenda kuneimŋe nyika, akaɗana ʋara-
nda ʋake, akaʋapa fuma yake. 15 Aka-
pa mumŋe matarenta mashanu, mumŋe
maʋiri, mumŋe rimŋe, mumŋe no-
mumŋe ȥakakwanira simba rake; aka-
enda kuneimŋe nyika. 16 Pakarepo
iye, wakapiwa matarenta mashanu,
akaenda akaita mhindu nawo, akawana
mamŋe mashanu. 17 Saiȥoȥo ʋo,
*wakapiwa* maʋiri, wakawana mamŋe
maʋiri. 18 Asi wakapiwa rimŋe,
wakaenda, akacera pasi, akaʋiga mari
yashe wake. 19 Ŋguʋa huru yakati
yapfuʋura, ishe waʋaranda iʋaʋo aka-
şika, akagadzira mashoko naʋo. 20 Wa-
kaŋga apiwa matarenta mashanu,
akaʋuya namamŋe matarenta mashanu,
akati: Ishe, makandipa matarenta
mashanu, tarirai, ndawana mamŋe
matarenta mashanu. 21 Ishe wake
akati kwaari: Ȥakanaka, muranda
wakanaka, wakatendeka; wakaŋga wa-
katendeka paȥinhu ȥishoma, ndicakuisa
pamsoro peȥinhu ȥizhinji; pinda pamu-
faro washe wako. 22 *Wakaŋga apiwa*
matarenta maʋiri akaʋuya ʋo, akati.
Ishe, makandipa matarenta maʋiri;
tarirai, ndawana mamŋe matarenta
maʋiri. 23 Ishe wake akati kwaari:
Ȥakanaka, muranda wakanaka, waka-
tendeka; wakaŋga wakatendeka paȥinhu
ȥishoma, ndicakuisa pamsoro peȥinhu
ȥizhinji; pinda pamufaro washe wako.
24 Wakaŋga apiwa tarenta rimŋe, naiye
akaʋuya ʋo, akati: Ishe, ndakaŋga

ndicikuziʋai imi, kuti muri munhu
unehasha, munoceka pamusati maka-
dȥara, munoʋuŋganidza pamusati
makakusha; 25 ȥino ndakatya, ndi-
kandoʋiga tarenta renyu pasi; heco,
cinhu cenyu! 26 Ishe wake akapindura,
akati kwaari: Iwe, muranda wakaipa,
unoʋusimbe, wakaŋga uciziʋa kuti
ndinoceka pandisina-kudȥara, ndici-
ʋuŋganidza pandisina-kukusha; 27 sa-
ka waifanira kuisa mari yaŋgu kunaʋe-
baŋga, kuti pakuşika kwaŋgu ndiŋgaɗai
ndapiwa ȥaŋgu ȥawanda. 28 Naiȥoȥo
mutorerei tarenta rake, mupe unama-
tarenta anegumi. 29 Nokuti mumŋe
nomumŋe unaȥo, ucapiwa, aʋe neȥi-
zhinji; asi usina, ucatorerwa neȥaanaȥo.
30 Ɓuɗisirai muranda pasina, murima
rokunze; ipapo pacaʋa nokucema noku-
geɗa-geɗa kwameno.

*Kutoŋga kukuru.*

31 Ȥino kana Mŋanakomana womu-
nhu aciʋuya nokubginya kwake, naʋa-
tumŋa ʋose ʋanaye, ucagara pacigaro
cake coʋushe cinobginya; 32 nama-
rudzi ose acaʋuŋganidzwa pamberi
pake; ucaʋaraʋura somufudzi unoraʋura
makwai nembudzi. 33 Ucaisa makwai
kurudyi rwake, mbudzi kuruɓoshwe.
34 Ȥino Ishe ucati kunaʋari kurudyi:
Ʋuyai imi, makaropafadzwa naɓaɓa,
mugare nhaka yoʋushe bgakagadzi-
rirwemi kubva pakuʋamba kwenyika.
35 Nokuti ndakaŋga ndinenzara, mu-
kandipa cokudya; ndakaŋga ndine-
nyota, mukandipa cokunwa; ndakaŋga
ndiri mŋeni, mukandigamucira;
36 ndakaŋga ndisineŋguʋo, mukandi-
pfekedza; ndakaŋga ndicirwara, muka-
ndifambira; ndakaŋga ndiri mutoroŋgo,
mukaʋuya kwandiri. 37 Ȥino ʋaka-
rurama ʋacamupindura, ʋaciti: Ishe,
takakuʋonai riniko munenzara, tika-
kupai cokudya? kana munenyota,
tikakupai cokunwa? 38 Ʈakakuʋonai
riniko muri mŋeni, tikakugamucirai?
kana musineŋguʋo, tikakupfekedzai?
39 Takakuʋonai riniko mucirwara, kana
muri mutoroŋgo, tikaʋuya kwamuri?
40 Ishe ucapindura, aciti kwaʋari:
Ȥirokwaȥo, ndinoti kwamuri: Pama-
kaȥiitira mumŋe waʋaɗuku ʋehama
dzaŋgu idzi, makaȥiitireni. 41 Ȥino
ucati kunaʋari kuruɓoshwe: Ibvai kwa-
ndiri, imi makatukwa, muende kumŋoto
usiŋgaperi, wakagadzirirwa Diaborosi
naʋatumŋa ʋake. 42 Nokuti ndakaŋga
ndinenzara, mukasandipa cokudya;
ndakaŋga ndinenyota, mukasandipa
cokunwa; 43 ndakaŋga ndiri mŋe-
ni, mukasandigamucira; ndisineŋguʋo,
mukasandipfekedza; ndicirwara, no-
mutoroŋgo, mukasandifambira. 44 Ȥi-
no naiʋaʋa ʋacapindura, ʋaciti: Ishe,
takakuʋonai riniko munenzara, kana
munenyota, kana muri mŋeni, kana
musineŋguʋo, kana mucirwara, kana
muri mutoroŋgo, tikasakushumirai?
45 Ȥino ucaʋapindura, aciti: Ȥiro-
kwaȥo, ndinoti kwamuri, pamusati
makaȥiitira mumŋe waʋaɗuku aʋa,
hamuzakaȥiitireni. 46 Aʋa ʋacaenda
kukurobga kusiŋgaperi; asi ʋakarurama
kuʋupenyu bgusiŋgaperi.

*ƲaJuda ʋanoraŋgana kuʋuraya Jesu.*

(Mar. 14. 1, 2; Ruka 22. 1, 2.)

26 1 Jesu wakati apedza mashoko
iwayo ose, akati kuʋadzidzi
ʋake: 2 Munoziʋa kuti kana
mazuʋa maʋiri apfuʋura paseka inoşika,
Mŋanakomana womunhu ucaiswa
*kuʋatoŋgi*, kuti aroʋerwe pamucinjikwa.
3 Ȥino ʋaprista ʋakuru, naʋakuru
ʋaʋanhu ʋakaʋuŋgana muruʋazhe rwo-
muprista mukuru, wainzi Kayafasi.
4 Ʋakaraŋgana kuti ʋaɓate Jesu na-
mano, ʋagomuʋuraya. 5 Asi ʋakati:
Ȥirege kuitwa pamutambo, kuti kurege
kuʋa neɓope pakati paʋanhu.

*Jesu unozodzwa nomukadzi paBetania.*

(Mar. 14. 3–9; Joh. 12. 1–8.)

6 Ȥino Jesu wakati ari paBetania,
mumba maSimoni wamaperembudzi,
7 mumŋe mukadzi akaʋuya kwaari
anecinu cearbastera caiʋa necizoro
cinomuteŋgo mukuru, akaciɗurura
pamusoro wake, agere pakudya. 8 Asi
ʋadzidzi ʋake ʋaciȥiʋona, ʋakafa ne-
shuŋgu, ʋakati: Kuparadzwa kwaka-
ɗaro kwaitirweiko? 9 Nokuti cizoro
ici ciŋgaɗai cateŋgeswa nemari zhinji,
ikapiwa ʋarombo. 10 Asi Jesu, aciȥi-
nzwa, akati kwaʋari: Munotambudzi-
reiko mukadzi *uyu*? Nokuti wandiitira
ɓasa rakanaka. 11 Nokuti ʋarombo
munaʋo ŋguʋa dzose, asi ini hamuneni
ŋguʋa dzose. 12 Nokuti ȥaakaɗira
cizoro ici pamuʋiri waŋgu, wakaȥiitira
kuʋigwa kwaŋgu. 13 Ȥirokwaȥo,
ndinoti kwamuri: Kwose kunozopa-
ridzirwa Evaŋgeri iyi panyika dzose,

iʐi ʐakaitwa naye ʐicarebga ʋo, ʋamu-
raŋgarire naʐo.

*Judasi Iskarioti unotʂaka*
*kuteŋgesa Jesu.*
(Mar. 14. 10, 11; Ruka 22. 3–6.)

14 ʐino mumŋe waʋanegumi naʋa-
ʋiri, wainzi Judasi Iskarioti, wakaenda
kuʋaprista ʋakuru, 15 akati: Muca-
ndipeiko, kana ndikamuisa kwamuri?
Ʋakamuyerera masirveri anamakumi
matatu.* 16 ʐino kubva ipapo aka-
tʂaka ŋguʋa yakafanira yokumuisa
*kwaʋari* nayo.

*Paseka neCirayiro.*
(Mar. 14. 12–26; Ruka 22. 7–23.)

17 Nezuʋa rokutaŋga reʐiŋgwa ʐisi-
nembiriso, ʋadzidzi ʋakaʋuya kuna-
Jesu, ʋakati: Munoɗa kuti tikugadziri-
reipiko pamuŋgadya paseka? 18 Akati:
Endai muguta kunanyakuti, muti
kwaari: ʐanzi noMudzidzisi: Ŋguʋa
yaŋgu yaʋa pedyo; ndicadya paseka
paimba yako, naʋadzidzi ʋaŋgu.
19 Ʋadzidzi ʋakaita paʋakarairwa napo
naJesu, ʋakagadzira paseka. 20 Aʋa
maɗekwana, akagara pakudya naʋa-
dzidzi ʋanegumi naʋaʋiri. 21 Ʋakati
ʋacidya, akati kwaʋari: ʐirokwaʐo
ndinoti kwamuri: Mumŋe wenyu uca-
ndipandukira. 22 ʐino ʋakaʋa neshu-
ŋgu kwaʐo, ʋakataŋga mumŋe nomu-
mŋe kutaura kwaari, aciti: Ishe, ndini
here? 23 Akapindura, akati: Waisa
ruʋoko neni mundiro, ndiye ucandi-
pandukira. 24 Mŋanakomana womu-
nhu ucaenda hake, seʐaʐakanyorwa
pamsoro pake; asi unenhamo uyo,
Mŋanakomana womunhu waanopandu-
kirwa naye; ʐaiʋa nani kumunhu uyu
kana asina-kuɓerekwa. 25 ʐino Judasi,
uyo wakamupandukira, akapindura,
akati: Rabi, ndini here? Akati kwaari:
Ndiʐo ʐawataura. 26 Ʋakati ʋodya,
Jesu akatora ciŋgwa, akaciropafadza,
akacimeɗura, ndokupa ʋadzidzi ʋake,
aciti kwaʋari: Torai, mudye; ici ndiwo
muʋiri waŋgu. 27 Akatora mukombe,
akaʋoŋga, akaʋapa, aciti: Inwai mose
pauri. 28 Nokuti ici iropa raŋgu
resuŋgano *itʂa*, rakaɗururirwa ʋazhinji
kuti ʋakaŋganwirwe ʐiʋi. 29 Asi
ndinoti kwamuri: Handicatoŋgonwi ʐe
ʐiɓereko ʐomuzambiriŋga, kuʂikira zuʋa
iro randicazonwa naro nemi, ʐaʋa
ʐitʂa, muʋushe bgaƁaɓa ʋaŋgu.

* Mari ineŋge pondo nhatu necumi.

30 ʐino ʋakati ʋaimba rwiyo, ʋaka-
ɓuɗa *vakaenda* kugomo reMiorivi.

*Jesu unoʋudza Petro kuti ucamuramba*
(Mar. 14. 27–31; Ruka 22. 31–34;
Joh. 13. 36–38.)

31 ʐino Jesu wakati kwaʋari: Imi
mose mucagumburwa kwandiri ʋusiku
bguno; nokuti kwakanyorwa, *kucinzi*:
Ndicaroʋa mufudzi, namakwai eɓoka
acaparadzwa. 32 Asi kana ndamutswa,
ndicakutuŋgamirirai Garirea. 33 ʐino
Petro wakapindura, akati kwaari: Kana
ʋose ʋakagumburwa kwamuri, ini
handiŋgatoŋgogumburwi. 34 Jesu aka-
ti kwaari: ʐirokwaʐo ndinoti kwauri,
kuti ʋusiku bguno, joŋgwe risati
rarira, ucandiramba katatu. 35 Petro
akati kwaari: Kunyaŋge ndikafanira
kuɗa nemi, handiŋgatoŋgokurambiyi
ini. Ʋadzidzi ʋose ʋakaɗaro ʋo.

*Jesu muGetsemani.*
(Mar. 14. 32–42; Ruka 22. 39–46.)

36 ʐino Jesu wakaʂika naʋo panʐimbo
inonzi Getsemani, akati kuʋadzidzi:
Garai pano, ini ndicaenda kundonye-
ŋgetera uko. 37 Akatora Petro naʋana-
komana ʋaZebedi ʋaʋiri, akataŋga kuʋa
neshuŋgu nokuɗumbirwa. 38 Akati
kwaʋari: Mŋeya waŋgu uneshuŋgu
kwaʐo, kuʂikira pakuɗa; garai pano,
murinde neni. 39 Akapfuʋura mberi
ʐishomanene, akawira pasi neciso cake,
akanyeŋgetera, aciti: Ɓaɓa ʋaŋgu, kana
ʐicibvira, mukombe uyu ŋgaupfuʋure
kwandiri; kunyaŋge ʐakaɗaro kurege
kuʋa kuɗa kwaŋgu, asi kuɗa kwenyu.
40 Akaenda kuʋadzidzi, akaʋawana ʋa-
ʋata; akati kunaPetro: Makaŋga musi-
ŋgagoni seiko kurinda neni ŋguʋa
imŋe cete? 41 Rindai, munyeŋgetere,
kuti murege kupinda mukuidzwa;
mŋeya unoɗa hawo, asi nyama haine-
simba. 42 Akaenda ʐe rwecipiri,
akanyeŋgetera, aciti: Ɓaɓa ʋaŋgu, kana
mukombe uyu usiŋgagoni kupfuʋura
ndisiŋgaunwi, kuɗa kwenyu ŋgakuitwe.
43 Akaenda ʐe, akaʋawana ʋaʋata;
nokuti meso aʋo akaŋga aɓatwa nehope.
44 Akaʋasiya ʐe, akandonyeŋgetera
rwecitatu, acitaura ʐe mashoko iwayo
45 ʐino akaenda kuʋadzidzi, akati
kwaʋari: Ciʋatai henyu, muzorore;
tarirai, ŋguʋa yaʂika, Mŋanakomana
womunhu woiswa mumaʋoko aʋatadzi.
46 Simukai, tiende; tarirai, wondiisa
*kwaʋari* waʋa pedyo.

*Kusuŋgwa kwaJesu.*

(Mar. 14. 43–50; Ruka 22. 47–53;
Joh. 18. 1–11.)

47 Acataura, tarira Judasi, mumŋe
waʋanegumi naʋaʋiri, akaşika, ana-
ʋanhu ʋazhinji-zhinji ʋakaɓata mino-
ndo, netşimbo, ʋacibva kuʋaprista
ʋakuru naʋakuru ʋaʋanhu. 48 Ȥino
iye, wakamupandukira, wakaŋga aʋapa
ciratidzo, aciti: Uyo wandicaşeta, ndiye;
mumuɓate. 49 Pakarepo akaşika kuna-
Jesu, akati: Kwaziwai, Rabi! Akamu-
şeta ȥikuru. 50 Jesu akati kwaari:
Shamŋari, *ita* ȥawaʋiŋga. Ipapo ʋaka-
ʋuya, ʋakaisa maʋoko kunaJesu,
ʋakamuɓata. 51 Ȥino tarira, mumŋe
waʋaiʋa naJesu, akatambanudza ruʋoko
rwake, akavomora munondo wake,
akatema muranda womuprista mukuru,
akagura nzeʋe yake. 52 Ȥino Jesu
akati kwaari: Dzosera munondo wako
mumuhara wawo, nokuti ʋose ʋanoɓata
munondo, ʋacafa nomunondo. 53 Uno-
fuŋga here kuti handigoni kuku-
mbira kunaƁaɓa ʋaŋgu, ʋakandipa
ikoȥino ʋatumŋa ʋanopfuʋura mapoka
makuru-kuru anegumi namaʋiri?
54 Magwaro aŋgagoitika seiko, anoti
ȥinofanira kuitwa kuɗaro? 55 Neŋguʋa
iyo Jesu akati kuʋanhu ʋazhinji:
Maɓuɗa neminondo netşimbo kuzo-
ndiɓata sendiri gororo here? Ndaigara
mutembere mazuʋa ose, ndicidzidzisa,
mukasandiɓata. 56 Asi iȥi ȥose ȥaitwa
kuti magwaro aʋaprofita aitike. Ȥino
ʋadzidzi ʋose ʋakamusiya, ʋakatiza.

*Jesu pamberi paKayafasi navakuru.*

(Mar. 14. 53–65; Ruka 22. 63–71;
Joh. 18. 12–27.)

57 Aʋo, ʋakaŋga ʋaɓata Jesu, ʋaka-
muisa kunaKayafasi, muprista mukuru,
apo pakaŋga paʋuŋgana ʋanyori naʋa-
kuru. 58 Asi Petro wakamuteʋera
ari kure, kuşikira paruʋazhe rwomu-
prista mukuru, akapinda mukati, aka-
gara naʋatariri kuzoʋona kupera *kwaȥo*.
59 Ȥino ʋaprista ʋakuru namakurukota
ose ʋakatşaka ʋucapupu bgenhema kuti
ʋapomere Jesu, ʋamuʋuraye; 60 asi
haʋana-kuwana, kunyaŋge ȥapupu ȥi-
zhinji ȥenhema ȥakaʋuya. Pashure ȥi-
ʋiri ȥakaşika, ȥikati: 61 Munhu uyu
wakati: Ndinogona kuputsa tembere
yaMŋari, ndikaiʋaka ȥe namazuʋa
matatu. 62 Ȥino muprista mukuru
akasimuka, akati kwaari: Haupinduri
cinhu here? Cinyiko ici caʋanoku-
pomedzera? 63 Asi Jesu wakaramba
anyerere. Muprista mukuru akati
kwaari: Ndinokupikisa naMŋari mu-
penyu, kuti utiʋudze kana uri Kristu,
Mŋanakomana waMŋari. 64 Jesu akati
kwaari: Ndiȥo ȥawataura; asi ndinoti
kwamuri: Kubva ȥino mucaʋona Mŋa-
nakomana womunhu agere kurudyi
rwesimba, aciʋuya namakore okuɗeŋga.
65 Ipapo muprista mukuru akabvarura
ŋguʋo dzake, akati: Wamhura Mŋari!
Ticatşakireiko ȥapupu? Tarirai, manzwa
ȥino kumhura kwake. 66 Munoti
kuɗiniko? Ʋakapindura, ʋakati: Uno-
fanira kufa. 67 Ȥino ʋakamupfira
mate paciso, ʋakamuroʋa netsiʋa, ʋa-
mŋe noruʋoko, 68 ʋaciti: Profita, iwe
Kristu, kuti ndiani wakuroʋa.

*Kuramba kwaPetro.*

(Mar. 14. 66–72; Ruka 22. 54–62
Joh. 18. 16–18, 25–27.)

69 Petro wakaŋga agere panze paru-
ʋazhe. Ȥino mushandiri akaʋuya
kwaari, akati: Newe ʋo wakaŋga una-
Jesu weGarirea. 70 Asi iye waka-
ramba pamberi paʋose, aciti: Handiziʋi
ȥaunoreʋa. 71 Ȥino wakati aɓuɗa
pasuʋo, mumŋe mushandiri akamu-
ʋona, akati kunaʋaiʋa'po: Uyu *munhu*
wakaŋga anaJesu weNazareta. 72 Aka-
ramba ȥe nokupika, *aciti*: Handimuziʋi
munhu uyu. 73 Caʋa ciŋguʋa ʋakaŋga
ʋamire'po ʋakaʋuya, ʋaciti kunaPetro:
Ȥirokwaȥo, newe ʋo uri *mumŋe* waʋo,
nokuti kutaura kwako kunokuziʋisa.
74 Ȥino wakataŋga kutuka nokupika,
aciti: Handimuziʋi munhu uyu. Paka-
repo joŋgwe rikarira. 75 Ipapo Petro
akaraŋgarira shoko rakaŋga rarebga
naJesu, rokuti: Joŋgwe risati rarira,
ucandiramba katatu. Ipapo akaɓuɗa
panze, akandocema ȥikuru.

*Jesu unoiswa kunaPirato.*

(Mar. 15. 1; Ruka 23. 1; Joh. 18. 28.)

27 1 Aʋa maŋgwana, ʋaprista
ʋakuru ʋose naʋakuru ʋaʋanhu
ʋakaraŋgana pamsoro paJesu
kuti ʋamuʋuraye; 2 ʋakamusuŋga,
ʋakaenda naye, ʋakamuisa kunaPirato,
muɓati.

*Judasi unoȥiʋuraya.*

(Maɓasa 1. 16–19.)

3 Ȥino Judasi, uyo wakamupandukira,
wakati aciʋona kuti watoŋgerwa kufa,
ndokuȥidya mŋoyo, akadzosera masi-

rveri aya anamakumi matatu kuʋa-
prista ʋakuru naʋakuru, 4 aciti:
Ndatadza, ndapandukira ropa risine-
mhoşa. Ʋakati: Tinemhaka yeiko
naȥo? Imhaka yako. 5 Akakandira
pasi masirveri mutembere; akabva,
akaenda ndokuȥisuŋgirira. 6 Ʋaprista
ʋakuru ʋakatora masirveri, ʋakati:
Haȥina-kufanira kuti tiaise muciʋigiro
cemari, ȥauri muteŋgo weropa. 7 Ʋa-
karaŋgana, ʋakateŋga nawo munda wo-
muʋumbi wehari, kuzoʋiga'po ʋatorwa.
8 Naiȥoȥo munda uyo wakanzi munda
weropa kuşikira zuʋa ranhasi. 9 Ȥino
ȥakarebga nomuprofita Jeremia ȥaka-
itika, ȥinoti:

Ʋakatora masirveri anamakumi matatu,
Muteŋgo waiye wakatarirwa muteŋgo,
Uyo wakatarwa naʋana ʋaIsraeri;
10 Ʋakateŋga nawo munda womuʋumbi wehari,
Seȥandakarairwa naShe.

*Jesu pamberi paPirato.*

(Mar. 15. 1–20; Ruka 23. 1–25; Joh. 18. 29–19. 16.)

11 Ȥino Jesu wakamira pamberi po-
muɓati, muɓati akamubvunza, akati:
Ndiwe mambo waʋaJuda here? Jesu
akati kwaari: Ndiȥo ȥamataura. 12 Asi
wakati acipomerwa mhoşa naʋaprista
ʋakuru naʋakuru, haana-kupindura
cinhu. 13 Ȥino Pirato akati kwaari:
Haunzwi ȥinhu ȥizhinji ȥaʋanoku-
pomedzera here? 14 Asi haana-
kuʋapindura, kunyaŋge neshoko rimŋe
cete, muɓati akashamiswa kwaȥo-kwaȥo
naȥo. 15 Ȥino, pamutambo muɓati
waisisunuŋgurira ʋanhu ʋazhinji mu-
suŋgwa mumŋe, waʋaneŋge ʋaiɗa.
16 Neŋguʋa iyo ʋaiʋa nomusuŋgwa
wakakurumbira, wainzi Barabasi.
17 Naiȥoȥo ʋakati ʋaʋuŋgana, Pirato
akati kwaʋari: Munoɗa kuti ndikusu-
nuŋgurirei aniko? Barabasi, kana Jesu,
unonzi Kristu? 18 Nokuti wakaŋga
aciziʋa kuti ʋakaŋga ʋamuisa *kwaari*
negoɗo. 19 Ȥino wakati agere pacigaro
cokutoŋga, mukadzi wake akatumira
kwaari, aciti: Usaʋa nemhaka nomunhu
uyo wakarurama; nokuti ndakata-
mbudzika ȥikuru nhasi pakurota nokuɗa
kwake. 20 Ʋaprista ʋakuru naʋakuru
ʋakagombedzera ʋanhu ʋazhinji kuti
ʋakumbire Barabasi, Jesu aʋurawe.
21 Muɓati akapindura, akati kwaʋari:
Munoɗa kuti ndikusunuŋgurirei aniko
kunaiʋaʋo ʋaʋiri? Ʋakati: Barabasi.
22 Pirato akati kwaʋari: Ndicagoiteiko
naJesu, unonzi Kristu? Ʋose ʋakati
kwaari: Ŋgaaroʋerwe pamucinjikwa.
23 Iye akati: Cakaipa caakagoita nde-
ceiko? Ʋakanyanyisa kuɗanidzira, ʋa-
citi: Ŋgaaroʋerwe pamucinjikwa!
24 Ȥino Pirato, aciʋona kuti haȥiɓa-
tsiri, asi kuti pomuka ɓope, wakatora
mvura, akashamba maʋoko ake pamberi
paʋanhu ʋazhinji, aciti: Handinemhaka
neropa romunhu uyu wakarurama;
mhaka yenyu! 25 Ʋanhu ʋose ʋaka-
pindura, ʋakati: Ropa rake ŋgariʋe
pamsoro peɗu napaʋana ʋeɗu. 26 Ȥino
akaʋasunuŋgurira Barabasi, asi Jesu
wakamuroʋesa kwaȥo, akamuisa kwa-
ʋari, kuti aroʋerwe pamucinjikwa.

*Jesu unoɗaɗirwa naʋarwi.*

(Mar. 15. 16–20; Joh. 19. 2, 3.)

27 Ȥino ʋarwi ʋomuɓati ʋakaisa Jesu
mumba momuɓati, hondo yose ika-
ʋuŋganira kwaari. 28 Ʋakamubvisa
ŋguʋo dzake, ʋakamufukidza ŋguʋo
tşuku; 29 ʋakaruka korona yeminzwa,
ndokuiisa pamusoro wake; norutsaŋga
muruʋoko rwake rworudyi; ʋakafugama
pamberi pake, ʋakamuseka, ʋaciti:
Kwaziwai, Mambo waʋaJuda! 30 Ʋa-
kamupfira mate, ʋakatora rutsaŋga, ʋa-
karamba ʋacimuroʋa musoro. 31 Ʋa-
kati ʋamuseka, ʋakamubvisa ŋguʋo
*tşuku,* ʋakamupfekedza ŋguʋo dzake,
ʋakaenda naye kundomuroʋera pamuci-
njikwa.

*Jesu unoroʋerwa pamucinjikwa.*

(Mar. 15. 21–41; Ruka 23. 26–49; (Joh. 19. 17–37.)

32 Ʋakati ʋaciɓuɗa, ʋakawana munhu
weKurini, wainzi Simoni; ʋakamuma-
nikidza iye kuti atakure mucinjikwa
wake. 33 Ʋakati ʋaşika panȥimbo
inonzi Gorgota, ndokuti nȥimbo yeɗe-
henya, 34 ʋakamupa waini yakaveŋga-
niswa nenduru, kuti anwe; asi wakati
araʋira, akaramba kunwa. 35 Ʋakati
ʋamuroʋera pamucinjikwa, ʋakagoʋana
ŋguʋo dzake pakati paʋo, ʋacikanda
mijenya, [kuti ȥakarebga nomuprofita
ȥiitike, *ȥinoti*: Ʋakagoʋana ŋguʋo dza-
ŋgu pakati paʋo, ʋakakanda mijenya pa-
msoro peȥokufuka ȥaŋgu.] 36 Ʋaka-
gara, ʋakamurinda'po. 37 Ʋakaisa pa-

msoro pomusoro wake rugwaro rwe-
mhoşa yake, *rwokuti*: UYU NDIJESU
MAMBO WAƲAJUDA. 38 Ʋaka-
roʋera pamŋe cete naye makororo
maʋiri, mumŋe kurudyi, mumŋe kuru-
ɓoshwe. 39 Ʋakaŋga ʋacipfuʋura,
ʋakamutuka, ʋacidzuŋgudza misoro
yaʋo, 40 ʋaciti: Iwe wokuputsa te-
mbere, nokuiʋaka ȥe namazuʋa matatu,
ciȥiponesa. Kana uri Mŋanakomana
waMŋari, ɓuruka pamucinjikwa.
41 Saiȥoȥo ʋaprista ʋakuru, naʋanyori
naʋakuru, ʋakamuseka, ʋaciti: 42 Wa-
kaponesa ʋamŋe; haagoni kuȥiponesa!
Ndiye Mambo waʋaIsraeri! Ŋgaa-
ɓuruke ȥino pamucinjikwa, titende
kwaari. 43 Waiʋimba naMŋari; ŋgaa-
cimusunuŋgura ȥino pamucinjikwa,
kana acimuɗa; nokuti wakati: Ndiri
Mŋanakomana waMŋari. 44 Nama-
kororo akaŋga aroʋerwa pamucinjikwa
pamŋe cete naye, akamuȥidza saiȥoȥo.
45 Ȥino kubva paŋguʋa yecitanhatu
kuşikira paŋguʋa yepfumbamŋe, rima
rakaʋa'po panyika yose. 46 Neŋguʋa
ineŋge yepfumbamŋe, Jesu akaɗana
nenzwi guru, aciti: Eri, Eri, rama
sabaktani? Ndokuti: Mŋari waŋgu,
Mŋari waŋgu, mandisiyireiko? 47 Ʋa-
mŋe ʋakaŋga ʋamire'po, ʋaciȥinzwa,
ʋakati: Uyo unoɗana Eria. 48 Paka-
repo mumŋe waʋo wakamhanya, aka-
tora cipanje, akacizadza nevinega,
ndokuciisa parutsaŋga, akamunwisa.
49 Ʋamŋe ʋakati: Regai, timboʋona
kana Eria acizoʋuya kumuponesa.
50 Ȥino Jesu akaɗanidzira ȥe nenzwi
guru, akarega mŋeya wake. 51 Ipapo
tarira, cidzitiro cetembere cakabvaruka
napakati, kubva kumsoro kuşikira pasi;
nyika ikaɗeŋgenyeka, mabge akatse-
muka; 52 mabgiro akazaruka, nemi-
tumbu mizhinji yaʋatşene, ʋakaŋga
ʋaʋete, yakamutswa; 53 ʋakaɓuɗa
pamabgiro, iye amuka, ʋakapinda mu-
guta dȥene, ʋakaʋonekwa naʋazhinji.
54 Ȥino mukuru wezana, naʋairinda
Jesu naye, ʋakati ʋaciʋona kuɗeŋge-
nyeka kwenyika, neȥakaitwa, ʋakatya
ȥikuru, ʋakati: Ȥirokwaȥo uyu wakaŋga
ari Mŋanakomana waMŋari. 55 Ʋa-
kadzi ʋazhinji ʋakaŋga ʋari'po, ʋaka-
tarira ʋari kure, ʋakaŋga ʋateʋera
Jesu, ʋacibva Garirea ʋacimushandira.
56 Pakati paʋo kwakaŋga kunaMaria
Magdarene, naMaria mai ʋaJakobo
naJose, namai ʋaʋanakomana ʋaZebedi.

*Kuʋigwa kwaJesu.*

(M r. 15. 42–47; Ruka 23. 50–56; Joh. 19. 38–42.)

57 Ȥino aʋa maɗeko kukaşika mumŋe
mufumi weArimatea, wainzi Josefa,
wakaŋga ari mudzidzi waJesu amene,
58 akaenda kunaPirato, akakumbira
mutumbu waJesu. Pirato akaraira
kuti apiwe. 59 Josefa akatora mutu-
mbu, akauputira nomuceka mucena,
60 akauʋiga mubgiro bgake bgutşa,
bgaakaŋga acera pabge; akakuŋgurusira
ibge guru pamuromo wobgiro, akabva.
61 Maria Magdarene, nomumŋe Maria,
ʋakaŋga ʋari'po ʋagere ʋakatarisana
nobgiro.
62 Fume maŋgwana—ndiro *zuʋa* rai-
teʋera zuʋa roKugadzirira—ʋaprista
ʋakuru naʋaFarise ʋakaʋuŋgana kuna-
Pirato, 63 ʋakati: Ishe, tinoraŋgarira kuti
munyeŋgeri uyu, aciri mupenyu, wakati:
Mazuʋa matatu apfuʋura, ndicamuka.
64 Saka rairai kuti bgiro bguceŋgetwe
kuşikira pazuʋa retatu, kuti ʋadzidzi
ʋarege kuʋuya kumuɓa, ʋagoti kuʋa-
nhu: Wakamutswa kuʋakafa; kurashika
kwokupedzisira kukazopfuʋura kwo-
kutaŋga. 65 Pirato akati kwaʋari: Imi
munaʋarindi; endai, mubguceŋgete
seȥamunoziʋa. 66 Ʋakaenda, ʋakando-
ceŋgeta bgiro, ʋakaisa ciratidzo cokusi-
mbisa pabge, ʋarindi ʋanaʋo.

*Kumuka kwaJesu, nokuȥiratidza kwake.*

(Mar. 16. 1–8; Ruka 24. 1–49; Joh. 20. 1–23.

28 1 Nokupera kwesaɓata, kwo-
edza, *nomusi* wokutaŋga weviki,
Maria Magdarene, nomumŋe
Maria, ʋakaʋuya kuzoʋona bgiro.
2 Ȥino kukaʋa'po kuɗeŋgenyeka kukuru
kwenyika, nokuti mutumŋa waShe
wakaɓuruka kuɗeŋga, akaʋuya, akaku-
ŋgurusa ibge, ndokugara pamsoro paro.
3 Kuʋonekwa kwake kwakaŋga kwa-
kaita semheni, neȥokufuka ȥake ȥaiʋa
ȥicena secando. 4 Ȥino ʋarindi ʋaka-
ɗedera ʋacimutya, ʋakaita saʋakafa.
5 Ȥino mutumŋa akapindura, akati
kuʋakadzi: Musatya imi, nokuti ndi-
noziʋa kuti munotşaka Jesu, wakaŋga
akaroʋerwa pamucinjikwa. 6 Haa'po
pano, nokuti wakamuka, seȥaakareʋa.
Ʋuyai, muʋone pakaŋga paʋete Ishe.
7 Kurumidzai muende mundoʋudza
ʋadzidzi ʋake, kuti wakamuka kuʋakafa;
tarirai unokutuŋgamirirai Garirea,

mucandomuʋona'po. Tarirai, ndaku-
ʋudzai. 8 Ȥino ʋakakurumidza kubva
pabgiro, ʋacitya nokufara ȥikuru, ʋaka-
mhanyira kundoʋudza ʋadzidzi ʋake.
9 Ȥino tarira, Jesu wakasoŋgana naʋo,
akati: Kwaziwai! Ʋakaʋuya, ʋakaɓata
tsoka dzake, ʋakamunamata. 10 Ȥino
Jesu akati kwaʋari: Musatya, endai
mundoʋudza hama dzaŋgu, kuti ʋaende
Garirea, ʋagondiʋona'ko.
11 Ȥino ʋaciri munzira, ʋamŋe ʋarindi
ʋakaşika muguta, ʋakaʋudza ʋaprista
ʋakuru ȥose ȥakaitwa. 12 Ʋakati ʋaʋu-
ŋgana naʋakuru, ʋakaraŋgana, ʋakapa
ʋarwi mari zhinji, 13 ʋaciti: Taurai
ȥmuciti: Ʋadzidzi ʋake ʋakaʋuya ʋusiku
ʋakamuɓa, isu tiʋete. 14 Kana ȥika-
nzwika nomuɓati, ticamutendisa, imi
murege kusundirwa mhoşa. 15 Ȥino
ʋakatora mari, ʋakaita seȥaʋakadzi-
dziswa, shoko iri rikaparidzirwa pakati
paƲaJuda, kuşikira zuʋa ranhasi.
16 Ȥino ʋadzidzi ʋanegumi nomumŋe
ʋakaenda Garirea, kugomo raʋaka-
rairwa naJesu. 17 Ʋakati ʋacimuʋona,
ʋakamunamata, asi ʋamŋe ʋakanyu-
nyuta. 18 Ipapo Jesu wakaşika, aka-
taura kwaʋari, akati: Ndakapiwa simba
rose kuɗeŋga napanyika. 19 Endai
naiȥoȥo, mudzidzise marudzi ose,
muʋabapatidze muzita raƃaɓa, nero-
Mŋanakomana, neroMŋeya Mutşene;
20 muʋadzidzise kuceŋgeta ȥose ȥa-
ndakakurairai imi; tarirai, ndinemi
mazuʋa ose, kuşikira pakuguma kwe-
nyika.

# EVAŊGERI YAKANYORWA NAMARKO

*Johane Mubapatidzi.*

(Mat. 3. 1–12; Ruka 3. 1–20; Joh. 1. 6–8, 19–38.)

1 1 Kutaŋga kweEvaŋgeri yaJesu
Kristu, Mŋanakomana wa-
Mŋari.
2 Seȥaȥakanyorwa mumuprofita Isaya,
*ȥicinzi:*
Tarira, ndinotuma munyai waŋgu
pamberi pako,
Ucakunatsira nzira yako;
3 Inzwi rounoɗana murenje,
Gadzirai nzira yaShe,
Ruramisai migwagwa yake.
4 Johane wakaʋuya acibapatidza mu-
renje, aciparidza rubapatidzo rwoku-
tendeʋuka ʋakaŋganwirwe ȥiʋi. 5 Nyi-
ka yose yeJudea, naʋeJerusarema ʋose
ʋakaɓuɗira kwaari, ʋakabapatidzwa naye
murwizi rwaJoridani, ʋaciȥireʋurura ȥiʋi
ȥaʋo. 6 Johane wakaŋga akapfeka *ŋguʋo*
yamakushe ekamera, nebanhire reganda
muciʋuno cake; waidya mhashu noʋuci
bgesaŋgo. 7 Akaparidza, aciti: Shure
kwaŋgu kunoʋuya mumŋe unesimba
kupfuʋureni, wandisino-kufanira kuko-
tama kuti ndisunuŋgure rukanda rwe-
shaŋgu dzake. 8 Ini ndakakubapatidzai
nemvura, asi iye ucakubapatidzai no-
Mŋeya Mutşene.

*Kubapatidzwa kwaJesu.*

(Mat. 3. 13–17; Ruka 3. 21, 22.)

9 Namazuʋa iwayo Jesu wakabva
Nazareta muGarirea, akabapatidzwa
naJohane muJordani. 10 Pakarepo aci-
ɓuɗa mumvura, akaʋona ɗeŋga rici-
zarurwa, noMŋeya uciɓurukira pamsoro
pake senjiʋa; 11 inzwi rikabva kuɗeŋga,
*riciti:* Ndiwe Mŋanakomana waŋgu
unoɗikanwa, ndinokufarira.

*Kuidzwa kwaJesu.*

(Mat. 4. 1–11; Ruka 4. 1–13.)

12 Pakarepo Mŋeya wakamuɓuɗisira
kurenje; 13 akaʋa murenje mazuʋa
makumi manna, aciidzwa na Satani;
wakaŋga ari kuȥikara, ʋatumŋa ʋakamu-
shumira.

*Jesu unoɗana vadzidzi vokutaŋga.*

(Mat. 4. 12–22; Ruka 5. 1–11.)

14 Johane wakati asuŋgwa, Jesu aka-
şika Garirea, aciparidza Evaŋgeri ya-
Mŋari, 15 aciti: Ŋguʋa yazadziswa,
ʋushe bgaMŋari bgasweɗera pedyo;
tendeʋukai, mutende Evaŋgeri.
16 Wakati acifamba paguŋgwa re Gari-
rea, akaʋona Simoni, naAndrea, m unu-
ŋuna waSimoni, ʋacikandira ʋ utaʋ-

muguŋgwa, nokuti ʋakaŋga ʋari ʋaɓati
ʋehoʋe. 17 Jesu akati kwaʋari: Ndite-
ʋerei, kuti ndikuitei ʋaɓati ʋaʋanhu.
18 Ʋakasiya ʋutaʋa bgaʋo pakarepo,
ʋakamuteʋera. 19 Wakati apfuʋura
ȥishoma, akaʋona Jakobo, *mŋanakomana*
waZebedi, naJohane munuŋuna wake,
ʋacigadzira ʋutaʋa mugwa. 20 Aka-
ʋaɗana pakarepo, ʋakasiya ɓaɓa ʋaʋo
Zebedi mugwa naʋaranda, ʋakamute-
ʋera.

*Jesu unoporesa munhu waiva nomŋeya wakaipa paKapernaume.*

(Ruka 4. 31–37.)

21 Ʋakapinda Kapernaume; pakarepo
nomusi wesaɓata akapinda musinagoge,
akadzidzisa. 22 Ʋakashamiswa noku-
dzidzisa kwake, nokuti wakaʋadzidzisa
somunhu unesimba, asiŋgaiti saʋanyori.
23 Ȥino musinagoge raʋo makaŋga mu-
nomunhu wakaŋga anomŋeya wetşina,
wakaɗanidzira, 24 aciti: Tinemhaka
yeiko nemi, Jesu weNazareta? Maʋu-
ya kuzotiparadza kanhi? Ndinokuziʋai
kuti ndimi ani; *muri* Mutşene waMŋari.
25 Ȥino Jesu akamuraira, akati: Nya-
rara, uɓuɗe kwaari! 26 Mŋeya wetşina
ukamubvundisa, ndokuɗanidzira nenzwi
guru, ndokuɓuɗa kwaari. 27 Ʋakatya
ȥikuru ʋose, nokuɗaro ʋakaita nyaʋa,
ʋaciti: Cinyiko ici? Kudzidzisa kutşa
kunesimba! Unoraira kunyaŋge nemŋe-
ya yetşina ikamuterera. 28 Pakarepo
mukurumbira wake ukanzwika panyika
yose yakapoteredza yeGarirea.

*Jesu unoporesa mai ʋomukadzi waPetro, naʋamŋe.*

(Mat. 8. 14–17; Ruka 4. 38–44.)

29 Pakarepo ʋakati ʋacibva musina-
goge, ʋakapinda mumba maSimoni
naAndrea, Jakobo naJohane ʋanaʋo.
30 Mai ʋomukadzi waSimoni ʋakaŋga
ʋaʋete ʋacirwara nefiviri; pakarepo
ʋakamuʋudza iȥoȥo. 31 Akaenda, aka-
ʋaɓata noruʋoko, akaʋamutsa; fiviri
ikaʋarega, ʋakaʋashandira.
32 Maɗekwana, zuʋa raʋira, ʋakaisa
kwaari ʋose ʋakaŋga ʋacirwadziwa,
naʋakaŋga ʋakaɓatwa nemŋeya yakaipa.
33 Guta rose rakaŋga raʋuŋgana pamu-
koʋa. 34 Akaporesa ʋazhinji ʋakaŋga
ʋacirwadziwa namarudzi ehosha, aka-
ɓuɗisa mŋeya yakaipa mizhinji; asi
wakaŋga asiŋgatenderi mŋeya yakaipa
kutaura, nokuti yakaŋga icimuziʋa.
35 Maŋgwanani kucinerima, waka-
muka akaɓuɗa, akaenda kunȥimbo mu-
renje, akandonyeŋgetera'po. 36 Simoni,
naʋakaŋga ʋanaye, ʋakamuteʋera.
37 Ʋakamuwana, ʋakati kwaari: Ʋose
ʋanokutşakai. 38 Akati kwaʋari: Ŋga-
tiende kumŋe kumisha iri pedyo, kuti
ndindoparidza ikoko ʋo, nokuti ndiȥo
ȥandakaʋuyira. 39 Akaenda, akaparidza
mumasinagoge aʋo paGarirea rose aci-
ɓuɗisa mŋeya yakaipa.

*Jesu unoporesa munhu unamaperembudzi.*

(Mat. 8. 2–4; Ruka 5. 12–14.)

40 Ȥino munhu unamaperembudzi
akaʋuya kwaari, akakumbira ȥikuru
kwaari, ndokufugama pamberi pake,
akati kwaari: Kana muciɗa, munogona
kundinatsa. 41 Akamunzwira ŋgoni,
akatambanudza ruʋoko rwake, akamu-
ɓata, akati kwaari: Ndinoɗa, cinatswa.
42 Pakarepo maperembudzi akabva
kwaari, akanatswa. 43 Ȥino akamuraira
kwaȥo, akamuendisa pakarepo. 44 Aka-
ti kwaari: Cenjera kuti urege kuʋudza
munhu cinhu; asi enda uȥiratidze
kumuprista, uɓayire pamsoro poku-
natswa kwako ȥakarairwa naMosesi,
ciʋe capupu kwaʋari. 45 Asi iye
wakaɓuɗa, akataŋga kuȥiʋudza ʋanhu
ʋazhinji, nokuparidzira shoko *iro*, noku-
ɗaro Jesu wakaŋga asiŋgagoni kupinda
muguta pacena, asi wakaŋga ari kunze
panȥimbo murenje; ʋakaʋuya kwaari
*ʋacibva* kumatiʋi ose.

*Jesu unoporesa munhu wakafa mitezo.*

(Mat. 9. 1–8; Ruka 5. 17–26.)

2 1 Kwakati mazuʋa apfuʋura,
akapinda ȥe Kapernaume; *ʋanhu*
ʋakanzwa kuti uri mumba. 2 Ʋa-
zhinji ʋakaʋuŋgana nokuɗaro ʋaka-
shaiwa nȥimbo, kunyaŋge pamukoʋa;
akaʋataurira shoko. 3 Ʋakaʋuya ʋa-
kaisa kwaari munhu wakaŋga akafa
mitezo, akatakurwa na*ʋanhu* ʋanna.
4 Ȥino ʋakati ʋasiŋgagoni kusweɗera
kwaari nokuɗa kwaʋazhinji, ʋakazarura
ɗeŋga paakaŋga ari; ʋakati ʋariputsa,
ʋakaɓurusa nhoʋo, pakaŋga paʋete mu-
nhu wakaŋga akafa mitezo; 5 Jesu
wakati aciʋona kutenda kwaʋo, akati
kunowakaŋga akafa mitezo: Mŋana,
wakaŋganwirwa ȥiʋi ȥako. 6 Ȥino ʋa-
mŋe ʋanyori ʋakaŋga ʋagere'mo, ʋaka-
fuŋga mumŋoyo yaʋo, *ʋaciti*: 7 Uyu
unoreʋereiko kuɗaro? Unomhura
*Mŋari*; ndianiko unogona kukaŋganwira

ȥiʋi, asi mumŋe cete, ndiye Mŋari?
8 Pakarepo Jesu aciziʋa mumŋeya make
kuti ʋanofuŋga kuɗaro mumŋoyo yaʋo,
akati kwaʋari: Munofuŋgireiko ȥinhu
iȥi mumŋoyo yenyu? 9 Cinyiko caka-
reruka, kuti kunowakafa mitezo: Wa-
kaŋganwirwa ȥiʋi ȥako, kana kuti:
Simuka, tora nhoʋo dzako, ufambe?
10 Asi kuti muziʋe kuti Mŋanakomana
womunhu unesimba panyika roku-
kaŋganwira ȥiʋi, (akati kumunhu wa-
kaŋga akafa mitezo:) 11 Ndinoti
kwauri: Simuka, tora nhoʋo dzako,
uende kumba kwako! 12 Pakarepo
akasimuka, akatora nhoʋo, ndokuɓuɗa
pamberi paʋo ʋose; naiȥoȥo ʋose ʋaka-
shamiswa, ʋakarumbidza Mŋari, ʋaciti:
Hatina-kumboʋona ȥakaɗai.

*Kuɗanwa kwaRevi.*

(Mat. 9. 9–13; Ruka 5. 27–32.)

13 Wakaɓuɗa ȥe *akaenda* kuguŋgwa;
ʋazhinji ʋose ʋakaʋuya kwaari, aka-
ʋadzidzisa. 14 Wakati acipfuʋura,
akaʋona Revi, *mŋanakomana* waArfeo,
agere panotereswa, akati kwaari: Ndite-
ʋere. Akasimuka, akamuteʋera. 15 Ȥino
wakati agere pakudya mumba make,
ʋateresi ʋazhinji naʋatadzi ʋakagara
naJesu naʋadzidzi ʋake; nokuti ʋakaŋga
ʋari ʋazhinji ʋaimuteʋera. 16 Ȥino
ʋanyori naʋaFarise ʋakati ʋacimuʋona
acidya naʋatadzi naʋateresi, ʋakati
kuʋadzidzi ʋake: *Mudzidzisi* unodyi-
reiko naʋateresi naʋatadzi? 17 Jesu
wakati aciȥinzwa, akati kwaʋari: Ʋasi-
ŋgarwari haʋatşaki ŋaŋga, asi ʋanorwa-
ra; handina-kuʋuya kuzoɗana ʋakaru-
rama, asi ʋatadzi.

*Kuȥinyima ȥokudya.*

(Mat. 9. 14–17; Ruka 5. 33–39.)

18 Ʋadzidzi ʋaJohane naʋaFarise ʋa-
kaŋga ʋaciȥinyima ȥokudya; ʋakaʋuya
ʋakati kwaari: Ʋadzidzi ʋaJohane na-
ʋadzidzi ʋaʋaFarise ʋanoȥinyimireiko
ȥokudya, asi ʋadzidzi ʋenyu haʋaȥinyimi
neiko? 19 Jesu akati kwaʋari: Sha-
mŋari dzecikomba dziŋgaȥinyima ȥoku-
dya seiko ciciri kwaʋari? Haʋaŋga-
ȥinyimi ȥokudya cikomba ciciri kwaʋari.
20 Asi mazuʋa acaşika, acazobviswa
cikomba kwaʋari; ȥino neŋguʋa iyo
ʋacaȥinyima ȥokudya. 21 Hakuno-
munhu unosonera ciremo citşa paŋguʋo
yakasakara, nokuti ciremo citşa cinobva-
rura ŋguʋo yakasakara, ʋuri rikanyanya.
22 Hakunomunhu unoɗira waini itşa
muhomboɗo tsaru; nokuti waini inopa-
rusa homboɗo, waini nehomboɗo ȥikafa;
asi waini itşa inoɗirwa muhomboɗo itşa.

*Jesu Ishe weSaɓata.*

(Mat. 12. 1–8; Ruka 6. 1–5.)

23 Kwakati nomusi wesaɓata, aci-
famba napakati peminda, ʋadzidzi ʋake
ʋakataŋga kutanha hura ʋacifamba.
24 ƲaFarise ʋakati kwaari: Tarirai,
ʋanoitireiko ȥisina-kutenderwa nomusi
wesaɓata? 25 Akati kwaʋari: Hamuna-
kuraʋa here ȥakaitwa naDavidi, musi
waakaŋga ashaiwa, aziya, iye naʋa-
kaŋga ʋanaye? 26 Kuti wakapinda
mumba maMŋari, Abiatari ari muprista
mukuru, akadya ȥiŋgwa ȥokuratidza
ȥakaŋga ȥisina-kutenderwa kudyiwa, asi
naʋaprista ʋoga, akapa ʋo ʋaiʋa naye?
27 Akati kwaʋari: Saɓata yakaitirwa
munhu, munhu haana-kuitirwa saɓata;
28 naiȥoȥo Mŋanakomana womunhu
ndiye Ishe wesaɓata ʋo.

*Jesu unoporesa munhu waiva noruvoko rwakawonyana.*

(Mat. 12. 9–14; Ruka 6. 6–11.)

3 1 Wakapinda ȥe musinagoge;
ȥino kwakaŋga kunomunhu wa-
kaŋga anoruʋoko rwakawonyana.
2 Ʋakamutarisisa *kuvona* kana aŋgamu-
poresa nomusi wesaɓata; kuti ʋamu-
pomere mhoşa. 3 Ȥino akati kumunhu
wakaŋga anoruʋoko rwakawonyana:
Simuka pakati *pavo*! 4 Akati kwaʋari:
Ȥakatenderwa here nesaɓata kuita ȥaka-
naka kana ȥakaipa, kuponesa munhu
kana kuʋuraya? Ʋakanyarara. 5 Ȥino
wakati ariŋga-riŋga aciʋatarira nokutsa-
mŋa, aneshuŋgu nokuɗa kwokuwoma
kwemŋoyo yaʋo, akati kumunhu:
Tambanudza ruʋoko rwako. Akaruta-
mbanudza, ruʋoko rwake rukaʋandu-
dzwa. 6 Ȥino ʋaFarise ʋakati ʋaɓuɗa,
ʋakandoraŋgana pakarepo naʋaHerode
pamsoro pake kuti ʋaŋgamuʋuraya sei.

*Jesu unoporesa vazhinji.*

(Mat. 12. 15–16; Ruka 6. 17–19.)

7 Ȥino Jesu wakaenda naʋadzidzi ʋake
kuguŋgwa; ʋanhu ʋazhinji-zhinji ʋaka-
muteʋera ʋacibva Garirea; nokuJudea,
8 neJerusarema, neIdumea, nemhiri
kwaJoridani, noku*nyika* yeTire neSidoni,
ʋanhu ʋazhinji-zhinji ʋakati ʋanzwa
ȥaanoita, ʋakaʋuya kwaari. 9 Akaʋudza
ʋadzidzi ʋake kuti kagwa kamugarire

nokuɗa kwaʋazhinji, kuti ʋarege kumu-
manikidza. 10 Nokuti wakaŋga aporesa
ʋazhinji; naiȥoȥo ʋose ʋakaŋga ʋana-
marwere ʋakamumanikidza, kuti ʋamu-
nyaŋgate. 11 Nemŋeya yetʂina yakati
kana yamuʋona, yaiwira pasi pamberi
pake, ikaɗanidzira iciti: Ndiwe Mŋana-
komana waMŋari! 12 Akairaira ȥikuru
kuti irege kumuziʋisa pacena.

*Jesu unoɗana ʋadzidzi ʋake.*

(Mat. 10. 1–4; Ruka 6. 12–16.)

13 Ȥino wakakwira mugomo akaɗana
ʋaakaŋga aciɗa, ʋakaʋuya kwaari.
14 Akagadza ʋanegumi naʋaʋiri kuti
ʋagare naye, aʋatume kuti ʋaparidze,
15 ʋuye ʋaʋe nesimba rokuɓuɗisa
mŋeya yakaipa. 16 Akatumidza Simoni
zita rinonzi Petro, 17 naJakobo,
*mŋanakomana* waZebedi, naJohane, mu-
nuŋuna waJakobo; akaʋatumidza iʋo
mazita anonzi Boanergesi, ndokuti ʋana-
komana ʋokutinhira; 18 naAndrea,
naFiripo, naBartoromeo, naTomasi, na-
Jakobo *mŋanakomana* waArfeo, naTa-
deo, naSimoni muKanani, 19 naJudasi
Iskarioti wakamupandukira ʋo.

*Kumhura Mŋeya Mutʂene.*

(Mat. 12. 22–32; Ruka 11. 14–20.)

Ȥino wakapinda mumba; 20 ʋazhinji
ʋakaʋuŋgana ȥe, nokuɗaro ʋakaŋga
ʋasiŋgagoni kunyaŋge kudya ciŋgwa.
21 Ʋanhu ʋokwake ʋakati ʋaciȥinzwa,
ʋakaɓuɗa kuzomuɓata, nokuti ʋakati:
Unopeŋga. 22 Naʋanyori ʋakaŋga ʋa-
ɓuruka ʋacibva Jerusarema, ʋakati:
UnaBeerzeburi, unoɓuɗisa mŋeya yaka-
ipa nomucinda wemŋeya yakaipa. 23 Ȥi-
no akaʋaɗanira kwaari, akati kwaʋari
nemifananidzo: Satani uŋgaɓuɗisa Sa-
tani seiko? 24 Kana ʋushe bguciȥipe-
sanisa, ʋushe ubgo habguŋgagoni ku-
mira. 25 Kana imba iciȥipesanisa, imba
iyo haiŋgagoni kumira. 26 Kana Satani
aciȥimukira, akaȥipesanisa, haaŋgagoni
kumira, asi unopera. 27 Hakunomunhu
uŋgapinda mumba mounesimba, aka-
tora nhumbi dzake, asati ambosuŋga
unesimba; ȥino uŋgaparadza imba yake.
28 Ȥirokwaȥo ndinoti kwamuri, ʋana-
komana ʋaʋanhu ʋacakaŋganwirwa ȥiʋi
ȥose, nokumhura kwose kwaʋanomhura
*Mŋari* nako; 29 asi aninani wamhura
Mŋeya Mutʂene, haaŋgakaŋganwirwi
nokuiŋgaperi, asi unemhoʂa yeciʋi cisi-
ŋgapesi. 30 Nokuti ʋakati: Unomŋeya
wetʂina.

*Ʋukama naJesu.*

(Mat. 12. 46–50; Ruka 8. 19–21.)

31 Ȥino mai ʋake naʋanuŋuna ʋake
ʋakaʋuya, ʋakamira kunze, ʋakatumira
*nhume* kwaari, kumuɗana. 32 Ʋazhinji
ʋakaŋga ʋagere, ʋakamukomba, ʋakati
kwaari: Tarirai, mai ʋenyu naʋanuŋuna
ʋenyu nehanȥadzi dzenyu ʋari kunze
ʋacikutʂakai. 33 Akaʋapindura, akati:
Mai ʋaŋgu, naʋanuŋuna *ʋaŋgu ndiʋana-
niko*? 34 Ȥino akariŋga-riŋga ʋanhu
ʋakaŋga ʋagere, ʋakamukomba, akati:
Tarirai mai ʋaŋgu naʋanuŋuna ʋaŋgu!
35 Nokuti aninani unoita kuɗa kwa-
Mŋari, ndiye munuŋuna waŋgu, neha-
nȥadzi, namai.

*Mufananidzo womukushi.*

(Mat. 13. 1–23; Ruka 8. 4–15.)

4 1 Ȥino wakataŋga ȥe kudzidzisa
paguŋgwa; ʋanhu ʋazhinji-zhinji
ʋakaʋuŋganira kwaari, nokuɗaro
wakapinda mugwa, akagara'*mo* mu-
guŋgwa; ʋazhinji ʋose ʋakaŋga ʋari
pedyo neguŋgwa pamhenderekedzo.
2 Akaʋadzidzisa ȥizhinji nemifananidzo,
akati kwaʋari pakudzidzisa kwake:
3 Tererai: Mukushi wakaɓuɗa kundo-
kusha. 4 Wakati acikusha, dzimŋe *mbeu*
dzakawira panzira; shiri dzikaʋuya
dzikadzidya. 5 Dzimŋe dzakawira
parukaŋgarabge, padzakaŋga dzisineʋu
zhinji; dzikamera pakarepo, nokuti
dzakaŋga dzisineʋu rakadzika; 6 asi
zuʋa rakati raɓuɗa, dzikapiswa; dzika-
woma, nokuti dzakaŋga dzisinomudzi.
7 Dzimŋe dzakawira muminzwa; mi-
nzwa ikamera, ikadziʋuŋga, dzikasa-
ɓereka ȥiɓereko. 8 Dzimŋe dzakawira
muʋu rakanaka, dzikaɓereka ȥiɓereko,
*nokuti* dzakakura, dzikawanza; dzika-
ɓereka makumi matatu, namakumi ma-
tanhatu, nezana. 9 Akati: Unenzeʋe
dzokunzwa, ŋgaanzwe.
10 Wakati ari oga, ʋakaŋga ʋanaye
naʋanegumi naʋaʋiri ʋakamubvunza
ȥemifananidzo. 11 Akati kwaʋari: Imi
makapiwa ȥakaʋanzika ȥoʋushe bga-
Mŋari, asi kunaaʋa, ʋari kunze, ȥose
ȥinoitwa nemifananidzo. 12 Kuti ku-
ʋona ʋaʋone, asi ʋarege kuʋonesesa,
nokunzwa ʋanzwe, asi ʋarege kunzwi-
sisa, kuti ȥimŋe ʋarege kutendeʋuka,
ʋakaŋganwirwe. 13 Ȥino akati kwaʋari:
Hamuziʋi here mufananidzo uyu? Mu-
caziʋa seiko mifananidzo yose? 14 Mu-
kushi unokusha shoko. 15 Ʋari munzira

panokushwa shoko ndiʋo ʋanoti kana
ʋanzwa, pakarepo Satani unoʋuya,
ndokubvisa shoko rakakushwa mukati
maʋo. 16 Naʋakakushwa parukaŋga-
rabge ʋakaita saiȥoȥo, ndiʋo ʋanoti kana
ʋanzwa shoko rakakushwa, ʋanoriga-
mucira pakarepo nomufaro, 17 asi
haʋanomudzi maʋari, asi ndiʋo ʋeci-
ŋguʋa ciɗuku; pashure kana kutambu-
dzika nokuʋeŋgwa ȥiciʋuya nokuɗa
kweshoko, pakarepo ʋanogumburwa.
18 Ʋamŋe ʋanokushwa muminzwa,
ndiʋo ʋanonzwa shoko, 19 asi ku-
fuŋganya kwenyika, nokunyeŋgera kwe-
fuma, nokuciʋa ȥimŋe, ȥinopinda, ȥici-
vuŋga shoko, rikashaiwa ȥiɓereko.
20 Ʋakakushwa muvu rakanaka, ndiʋo
ʋanonzwa shoko, ʋakarigamucira, ʋaka-
ɓereka, mumŋe makumi matatu, mumŋe
makumi matanhatu, mumŋe zana.

*Mufananidzo womŋenje.*

(Mat. 5. 15, 16; Ruka 8. 16–18; 11. 33–36.)

21 Ȥino wakati kwaʋari: Mŋenje uri'po
kuti uiswe pasi peɗeŋgu, kana pasi
pomubeda here? *Hauzi'po* kuti uiswe
pacigadziko here? 22 Nokuti hapane-
cinhu cakaʋanzika cisiŋgazoʋoneswi,
hapana-cakaʋigwa cisiŋgazoɓuɗi pace-
na. 23 Kana munhu anenzeʋe dzoku-
nzwa, ŋgaanzwe. 24 Ȥino akati kwa-
ʋari: Cenjerai ȥamunonzwa. Ciyero ca-
munoyera naco, nemi mucayerwa naco;
mukawedzerwa. 25 Nokuti unaco uca-
piwa, asi usina, ucatorerwa necaanaco.

*Kukura kwoʋushe bgokuɗeŋga.*

26 Ȥino akati: Ʋushe bgaMŋari bgaka-
fanana nomunhu unodȥara mbeu muvu,
27 akaʋata, akamuka, ʋusiku nama-
sikati; mbeu inomera, icikura, iye
asiŋgaziʋi kuti *ȥinoitika* sei; 28 ivu
rinoŋgoɓereka haro, pakutaŋga cipande,
pashure hura, pashure ȥiyo ȥakakora
pahura. 29 Kana ȥiɓereko ȥaibva,
pakarepo unoceka neɓaŋga, nokuti
kuceka kwaşika.

*Mufananidzo wembeu yemastarda.*

(Mat. 13. 31, 32; Ruka 13. 18, 19.)

30 Ȥino akati: Ʋushe bgaMŋari tica-
bgufananidza neiko? Ticabguenzanisira
nomufananidzo upiko? 31 Bgakafanana
netsaŋga yemastarda, iyo kana icidȥarwa
muvu iɗuku kumbeu dzose dzapanyika;
32 asi kana yadȥarwa, inomera, iciʋa
huru kumiriʋo yose iciita mataʋi
makuru, akaɗaro kuti shiri dzokuɗeŋga
dzinogara pamumvuri wayo.
33 Akasireʋa shoko kwaʋari nemifa-
nanidzo mizhinji yakaɗaro, paʋaigona
kunzwa napo. 34 Haana-kutaura naʋo
kunze kwemifananidzo, asi waiɗudzira
ʋadzidzi ʋake ȥose ʋari ʋoga.

*Jesu unonyaradza ɗutu remhepo.*

(Mat. 8. 23–27; Ruka 8. 22–25.)

35 Ȥino nezuʋa iro, aʋa maɗekwana,
wakati kwaʋari: Ŋgatiyambukire mhiri.
36 Ʋakasiya ʋanhu ʋazhinji, ʋakaenda
naye mugwa akaŋgoɗaro; mamŋe magwa
akaŋga aiʋa naye. 37 Ȥino ɗutu guru
remhepo rakamuka, mafuŋgu emvura
akaroʋa mugwa, rikaŋga roɗo-kuzara.
38 Asi iye wakaŋga ari mushure megwa
aʋete pamutsago; ʋakamumutsa, ʋakati
kwaari: Mudzidzisi, hamunehanya ku-
nyaŋge tofa here? 39 Akamuka, aka-
raira mhepo, akati kuguŋgwa: Nyarara,
ugadzikane! Mhepo ikanyarara, kudzi-
kama kukuru kukaʋa'po. 40 Ȥino akati
kwaʋari: Munotyireiko kuɗaro? Hamu-
nokutenda here? 41 Ʋakatya nokutya
kukuru, ʋakataurirana ʋaciti: Ndianiko
uyu, nokuti mhepo kunyaŋge neguŋgwa
ȥinomuterera?

*Jesu unoɓuɗisa mŋeya yakaipa yaʋaGerasa.*

(Mat. 8. 28–34; Ruka 8. 26–39.)

5 1 Ʋakaşika mhiri kweguŋgwa ku-
nyika yaʋaGerasa. 2 Ȥino wakati
aɓuɗa mugwa, pakarepo akaso-
ŋgana nomunhu waiʋa nomŋeya wetşi-
na, acibva kumarinda. 3 Uyo waigara
mumarinda; kwakaŋga kusinomunhu
wakaŋga acagona kumusuŋga kunyaŋge
neketani. 4 Nokuti kazhinji waisuŋgwa
neȥisuŋgo ȥamakumbo namaketani, asi
waiɗambura maketani, nokuɗashura ȥi-
suŋgo; kwakaŋga kusinomunhu wai-
gona kumunyoroʋesa. 5 Ŋguʋa dzose,
ʋusiku namasikati, waigara mumarinda
nomumakomo, aciɗanidzira, aciȥiceka
namabge. 6 Ȥino wakati aciʋona Jesu
ari kure, akamhanya, ndokumunamata;
7 akaɗanidzira nenzwi guru, akati:
Ndinemhaka yeiko nemi Jesu, Mŋana-
komana waMŋari Wokumsoro-soro?
Ndinokupikirai naMŋari kuti murege
kunditambudza. 8 Nokuti wakati kwa-
ari: Ɓuɗa pamunhu, iwe mŋeya we-
tşina! 9 Akamubvunza, akati: Zita
rako ndianiko? Akati kwaari: Regioni

ndiro zita raŋgu, nokuti tiri ʋazhinji.
10 Akakumbira ȥikuru kwaari kuti
arege kuidziŋga panyika iyo. 11 Ȥino
kwakaŋga kuri'po pagomo ɓoka guru
reŋguruʋe dzakaŋga dzicifura. 12 Ika-
kumbira ȥikuru kwaari, iciti: Titu-
mirei kuŋguruʋe, kuti tindopinda
madziri. 13 Akaitendera. Mŋeya ye-
tşina ikaɓuɗa, ikapinda muŋguruʋe;
ɓoka rikamhanyira kumawere kugu-
ŋgwa, dzineŋge dzaiʋa ȥuru ȥiʋiri,
dzikafira muguŋgwa. 14 Ʋaidzifudza
ʋakatiza, ʋakandoʋudza iȥoȥo muguta
naparuwa. Ʋakaʋuya kuzoʋona ȥaitwa.
15 Ʋakaʋuya kunaJesu, ʋakaʋona wa-
kaŋga anemŋeya yakaipa agere, apfeka,
ari munhu kwaye—iye waiʋa neregioni;
ʋakatya. 16 Ʋaya ʋakaŋga ʋaȥiʋona,
ʋakarondedzera ȥaakaitirwa, iye waka-
ŋga anemŋeya yakaipa, neŋguruʋe
ʋo. 17 Ʋakataŋga kukumbira ȥikuru
kwaari kuti abve munyika yaʋo.
18 Ȥino wakati acipinda mugwa, iye
waiʋa nemŋeya yakaipa akakumbira
ȥikuru kwaari kuti agare naye. 19 Asi
haana-kumutendera, asi wakati kwa-
ari: Enda kumba kwako, kuhama
dzako, uʋaʋudze ȥinhu ȥikuru ȥawaka-
itirwa naShe, napawakaitirwa ŋgoni
napo. 20 Akaenda, akataŋga kupa-
ridza *munyika ye*Dekapori ȥinhu ȥiku-
ru ȥaakaitirwa naJesu; ʋakashamiswa
ʋose.

*Jesu unoporesa mukadzi waiɓuɗa ropa, ʋuye unomutsa mŋanasikana waJairosi.*

(Mat. 9. 18–26; Ruka 8. 41–56.)

21 Jesu wakati ayambukira ȥe mhiri
negwa, ʋanhu ʋazhinji ʋakaʋuŋganira
kwaari; wakaŋga ari paguŋgwa. 22 Mu-
mŋe waʋakuru ʋesinagoge, wainzi
Jairosi, akaşika; akati acimuʋona, aka-
ȥiwisira pasi petsoka dzake, 23 aka-
kumbira ȥikuru kwaari, aciti: Mukunda
waŋgu muɗuku wotandadza, ʋuyai,
muise maʋoko enyu pamsoro pake
aporeswe, ararame. 24 Akaenda naye;
ʋanhu ʋazhinji ʋakamuteʋera, ʋaci-
mumanikidza.

25 Ȥino mumŋe mukadzi waiʋa no-
kurwara kwokuɓuɗa ropa makore ane-
gumi namaʋiri, 26 wakaŋga aʋoneswa
nhamo neŋaŋga zhinji, akapedza ȥose
ȥaakaŋga anaȥo asina-kutoŋgoɓatsirwa,
asi kuŋgonyanyiswa, 27 wakati anzwa
ȥaJesu, akaʋuya pakati paʋanhu ʋazhi-
nji ʋaiʋa mashure, akaɓata ŋguʋo
yake. 28 Nokuti wakati: Kana ndika-
ɓata ŋguʋo yake ɓedzi, ndicapo-
neswa. 29 Pakarepo tsime rake reropa
rikapwa, akanzwa pamuʋiri wake kuti
waporeswa pakurwara kwake. 30 Paka-
repo Jesu wakati aciziʋa mukati make
kuti simba rakaɓuɗa kwaari, akatende-
ʋuka pakati paʋanhu ʋazhinji, akati:
Ndianiko waɓata ŋguʋo dzaŋgu? 31 Ʋa-
dzidzi ʋake ʋakati kwaari: Munoʋona
ʋanhu ʋazhinji ʋanokumanikidzai, ȥino
muŋgati seiko: Ndiani wandiɓata?
32 Ȥino akariŋga-riŋga kuti aʋone wa-
kaita iȥoȥo. 33 Mukadzi akatya, aka-
ɗeɗera, aciziʋa ȥaaitirwa, akaʋuya,
ndokuȥiwisira pamberi pake, ndoku-
muʋudza ȥirokwaȥo ȥose. 34 Akati
kwaari: Mukunda, kutenda kwako kwa-
kuponesa; enda norugare, upore pa-
kurwara kwako. 35 Wakati acataura,
ʋamŋe *ʋeimba* yomukuru wesinagoge
ʋakaşika, ʋakati: Mukunda wenyu
wafa; mucatambudzireiko Mudzidzisi?
36 Jesu wakati acinzwa shoko rataurwa,
akati kumukuru wesinagoge: Usatya,
tenda ɓedzi. 37 Akasatendera munhu
kumuteʋera, asi Petro, naJakobo, na-
Johane munuŋuna waJakobo. 38 Ʋa-
kaşika mumba momukuru wesinagoge;
akawana iri mhere-mhere, naʋanocema
ȥikuru, naʋanorira. 39 Akapinda, akati
kwaʋari: Munoitireiko mhere-mhere,
mucicema? Mŋana haana-kufa, asi
uʋete. 40 Ʋakamuseka. Akaʋaɓuɗisa
ʋose, akatora ɓaɓa ʋomŋana namai,
naʋaakaŋga anaʋo, akapinda kwakaŋga
kunomŋana. 41 Akaɓata ruʋoko rwo-
mŋana, akati kwaari: Tarita kumi!
ndokuti, kana ȥicishandurwa, Musikana,
ndinoti kwauri: Muka! 42 Pakarepo
musikana akasimuka, akafamba; nokuti
waiʋa namakore anegumi namaʋiri;
ʋakashamiswa nokushama kukuru.
43 Akaʋaraira ȥikuru kuti ȥirege kuzi-
kanwa nomunhu; akati, ŋgaapiwe
ȥokudya.

*Jesu unoshovorwa paNazareta.*

(Mat. 13. 53–58; Ruka 4. 16–32.)

6 1 Wakabva'po, akaşika kunyika ya-
ke, ʋadzidzi ʋake ʋakamuteʋera.
2 Musi wesaɓata wakati waşika,
akataŋga kudzidzisa musinagoge; ʋanhu
ʋazhinji ʋakati ʋacimunzwa, ʋakasha-
miswa, ʋaciti: Munhu uyu wawanepiko
iȥoȥi? Kucenjera kwakapiwa munhu
uyu ndokweiko? Namaɓasa esimba

akaɗai anoitwa namaʋoko ake? 3 Ko
uyu haazi muʋezi here, mŋanakomana
waMaria, nomukoma waJakobo, naJose,
naJuda, naSimoni? Nehanȥadzi dzake
hadzizi pano pakati patiri here? Ʋaka-
gumburwa naye. 4 Jesu akati kwaʋari:
Muprofita haaŋgashaiwi kukudzwa, asi
munyika yake, nokuhama dzake, no-
mumba make. 5 Akasagona kuɓate-
ɓasa resimba ipapo, asi wakaisa maʋoko
ake pamsoro paʋairwara ʋashoma,
akaʋaporesa. 6 Akashamiswa nokusa-
tenda kwaʋo.
Ipapo wakapota nemisha, acidzidzisa.

*Ʋaneȥumi naʋaviri ʋanotumŋa kuparidza nokuporesa.*

(Mat. 10. 1–42; Mar. 3. 13–19; Ruka 6. 12–16; 9. 1–6.)

7 Ȥino wakaɗanira kwaari ʋanegumi
naʋaʋiri, akataŋga kuʋatuma ʋaʋiri
ʋaʋiri, akaʋapa simba pamsoro pemŋeya
yetşina; 8 akaʋaraira kuti ʋarege kuto-
ŋgotora ȥomunzira, asi muɗonȥo ɓedzi;
ʋarege *kutora* ciŋgwa, nehomboɗo,
nemari mucikwama. 9 Asi ʋafuke
shaŋgu, ʋarege kupfeka ŋguʋo mbiri.
10 Akati kwaʋari: Pose pamunopinda
mumba, mugare'mo, kuşikira muci-
bva'po. 11 Pose paʋasiŋgakugamuci-
riyi nokukunzwai, kana mucibva'po,
muzuze guruʋa *riri* patsoka dzenyu,
ciʋe capupu kwaʋari. 12 Ʋakaɓuɗa,
ʋakaparidza kuti ʋanhu ʋatendeʋuke.
13 Ʋakaɓuɗisa mŋeya yakaipa mizhinji,
ʋakazodza ʋazhinji ʋairwara maɗuta,
ʋaciʋaporesa.

*Kuʋurawa kwaJohane Mubapatidzi.*

(Mat. 14. 1–12; Ruka 9. 7–9.)

14 Ȥino mambo Herode wakaȥinzwa,
nokuti zita rake rakaŋga rakurumbira,
akati: Johane Mubapatidzi wakamuka
kuʋakafa, saka masimba *awa* anoɓata
maari. 15 Ʋamŋe ʋakati: NdiEria;
ʋamŋe ʋakati: Muprofita wakafanana
nomumŋe waʋaprofita. 16 Asi Herode
wakati aciȥinzwa, akati: NdiJohane
wakamuka, *uya* wandakagura musoro.
17 Nokuti Herode wakaŋga atuma
*ʋanhu,* akaɓata Johane, akamusuŋga
mutoroŋgo nokuɗa kwaHerodiasi, mu-
kadzi waFiripo, mununŋuna wake, nokuti
wakaŋga amuwana. 18 Nokuti Johane
wakaŋga ati kunaHerode: Hauna-
kutenderwa kuti uʋe nomukadzi wo-
mununŋuna wako. 19 Herodiasi akamu-
ʋeŋga, akaɗa kumuʋuraya, akasagona;
20 nokuti Herode wakaŋga acitya Jo-
hane, aciziʋa kuti munhu wakarurama,
mutşene, akamuceŋgeta ȥakanaka. Wa-
kati amunzwa, akakaŋganiswa kwaȥo,
akasifara kumunzwa. 21 Asi zuʋa
rakafanira rakati raşika, Herode nezuʋa
rokuɓerekwa kwake akaitira madzishe
ake naʋakuru ʋeȥuru ȥamazana naʋaɓati
ʋakuru ʋeGarirea mutambo mukuru;
22 ȥino mŋanasikana waHerodiasi
amene wakapinda, akatamba, akafadza
Herode naʋakaŋga ʋagere *pakudya* naye;
mambo akati kumŋanasikana: Kumbira
kwandiri caunoɗa, ndikupe. 23 Aka-
mupikira, *aciti*: Caunokumbira kwandi-
ri ndica*ku*pa, kuşikira pahafu yoʋushe
bgaŋgu. 24 Akaɓuɗa, akati kunamai
ʋake: Ndicakumbireiko? Ʋakati: Mu-
soro waJohane Mubapatidzi. 25 Paka-
repo akakurumidza kupinda kunama-
mbo, akakumbira aciti: Ndinoɗa kuti
mundipe mundiro ikoȥino musoro wa-
Johane Mubapatidzi. 26 Ipapo mambo
akaȥidya mŋoyo kwaȥo, asi wakaŋga
asiŋgaɗi kumurambira nokuɗa kwoku-
pika kwake, ʋuye *nokuɗa* kwaʋakaŋga
ʋagere naye pakudya. 27 Pakarepo
mambo akatuma murwi, akaraira kuti
aʋuye nomusoro wake. 28 Akaenda,
akamugura musoro mutoroŋgo, akaʋuya
nomusoro wake mundiro, akaupa musi-
kana, musikana ndokuupa mai ʋake.
29 Ʋadzidzi ʋake ʋakati ʋaciȥinzwa,
ʋakaʋuya ʋakatora mutumbu wake,
ʋakauʋiga mubgiro.

*Ʋaneȥuru ȥishanu ʋanopiwa ȥokudya naJesu.*

(Mat. 14. 13–21; Ruka 9. 10–17; Joh. 6. 1–14.)

30 Ȥino ʋaapostora ʋakaʋuŋganira ku-
naJesu, ʋakamuʋudza ȥose ȥaʋakaŋga
ʋaita, neȥaʋakaŋga ʋadzidzisa. 31 Akati
kwaʋari: Ʋuyai imi muri moga ku-
nȥimbo murenje, muzorore ȥishoma;
nokuti kwakaŋga kunaʋazhinji ʋaiʋuy
naʋaienda, ʋakasaʋa neŋguʋa kunyaŋge
yokudya. 32 Ʋakaenda negwa ku-
nȥimbo murenje ʋari ʋoga. 33 *Ʋanhu*
ʋakaʋaʋona ʋacienda, ʋazhinji ʋaka-
muziʋa, ʋakamhanyira ʋose ikoko,
ʋacibva pamaguta ose, ʋakaʋataŋgira
kuşika. 34 Ȥino wakati aciɓuɗa *mugwa,*
akaʋona ʋazhinji-zhinji, akaʋanzwira
tsitsi, nokuti ʋakaŋga ʋakafanana nama-
kwai asinomufudzi; akataŋga kuʋadzi-
dzisa ȥizhinji. 35 Ȥino zuʋa roɗo-

kuʋira, ʋadzidzi ʋake ʋakaʋuya kwaari,
ʋakati: Pano inȥimbo murenje, zuʋa
roɗo-kuʋira; 36 ʋaendisei, kuti ʋaende
kuruwa nemisha yakapoteredza, ʋando-
ȥiteŋgera ȥokudya. 37 Akapindura, a-
kati kwaʋari: Imi muʋapei ȥaʋaŋgadya.
Ʋakati kwaari: Tiŋgaenda kundoteŋga
ȥiŋgwa namadenari anamazana maʋiri,*
tiʋape ʋadye here? 38 Akati kwaʋari:
Muneȥiŋgwa ȥiŋganiko? Endai mu-
tarire. Ʋakati ʋaziʋa, ʋakati: Ȥishanu,
nehoʋe mbiri. 39 Ȥino akaʋaraira kuti
ʋagarise ʋose pasi paʋuswa bgunyoro
ʋakaita mapoka-mapoka. 40 Ʋakagara
pasi ʋakaita mapoka-mapoka anezana
naanamakumi mashanu. 41 Ȥino aka-
tora ȥiŋgwa ȥishanu nehoʋe mbiri,
akatarira kuɗeŋga, akaʋoŋga, akameɗura
ȥiŋgwa, akapa ʋadzidzi ʋake, kuti
ʋaȥiise pamberi paʋo; nehoʋe mbiri
akadzigoʋera ʋose. 42 Ʋakadya ʋose,
ʋakaguta. 43 Ʋakaʋuŋganidza ȥimeɗu,
mateŋgu anegumi namaʋiri akazadzwa,
neȥehoʋe ʋo. 44 Ʋakaŋga ʋadya ȥiŋgwa
ʋaiʋa ʋarume ʋaneȥuru ȥishanu.

*Jesu unofamba pamsoro pemvura.*

(Mat. **14.** 22–33; Joh. **6.** 15–21.)

45 Pakarepo akagombedzera ʋadzidzi
ʋake kuti ʋapinde mugwa, ʋamutuŋga-
mirire kuyambukira mhiri Betsaida, iye
aciendisa ʋanhu ʋazhinji. 46 Akati
awonekana naʋo, akaenda mugomo
kundonyeŋgetera. 47 Aʋa maɗekwana
igwa rakaŋga riri pakati peguŋgwa, iye
ari oga panyika. 48 Ȥino wakati aciʋona
kuti ʋanotambudzika nokukwaşa, nokuti
mhepo yakaŋga iciʋadziʋisa, neŋguʋa
ineŋge seyecinna yoʋusiku, akaʋuya kwa-
ʋari acifamba pamsoro peguŋgwa; akaɗa
kupfuʋura. 49 Ȥino ʋakati ʋacimuʋona
acifamba pamsoro peguŋgwa, ʋakati
madzimudzaŋgara, ʋakaridza mhere.
50 Nokuti ʋose ʋakamuʋona, ʋakama-
nikidzwa; akataura naʋo, akati kwaʋari:
Tsuŋgai mŋoyo, ndini, musatya. 51 Aka-
kwira kwaʋari mugwa, mhepo ika-
nyarara; ʋakashamiswa kwaȥo-kwaȥo
mumŋoyo yaʋo. 52 Nokuti ʋakaŋga
ʋasati ʋainzwisisa shoko reȥiŋgwa, no-
kuti mŋoyo yaʋo yakaŋga iri mikukutu.

*Jesu unoporesa vanhu paGenesareti.*

(Mat. 14. 34–36.)

53 Ʋakati ʋayambukira mhiri, ʋaka-
şika kunyika yeGenesareti, ʋakasuŋgi-
ra *igwa* pamhenderekedzo. 54 Ʋakati
ʋaɓuɗa mugwa, pakarepo *vanhu* ʋa-
kamuziʋa, 55 ʋakamhanyira munyika
yose iyo, ʋakataŋga kutakura ʋairwara
panhoʋo dzaʋo, *vakavaisa* paʋainzwa
kuti ndiko kwaari. 56 Pose paakapi-
nda pamisha napamaguta, naparuwa,
ʋakaradzika ʋairwara paɗare, ʋakaku-
mbira ȥikuru kwaari kuti ʋaɓate ku-
nyaŋge mupendero weŋguʋo dzake
cete; ʋose ʋakamuɓata ʋakaporeswa.

*Jesu unotuka vaFarise navanyori pamsoro petsika dzavo.*

(Mat. 15. 1–20.)

7 1 Ȥino ʋaFarise naʋamŋe ʋaʋanyo-
ri ʋaibva Jerusarema, ʋakaʋuŋganira
kwaari; 2 ʋakaʋona ʋamŋe ʋaʋa-
dzidzi ʋake ʋacidya namaʋoko anetşina,
ndokuti asina-kushambga. 3 Nokuti
ʋaFarise, naʋaJuda ʋose haʋadyi ʋasina-
kumboshamba maʋoko kwaȥo, ʋaci-
ceŋgeta tsika dzaʋakuru. 4 Kana
ʋacidya paɗare haʋaŋgadyi ʋasina-
kumboshamba; neȥimŋe ȥizhinji ȥiri'po
ȥaʋakaŋga ʋagamucira, kuti ʋaȥiceŋgete,
*ȥinoti*: Kusuka mikombe, nehari, ne-
midziyo yendarira. 5 Ipapo ʋaFarise
naʋanyori ʋakamubvunza, *vaciti*: Ʋa-
dzidzi ʋenyu ʋanoregereiko kufamba
netsika dzaʋakuru, ȥaʋanodya ciŋgwa
namaʋoko anetşina? 6 Akati kwaʋari:
Isaya wakaprofita kwaȥo pamsoro penyu,
imi ʋanyeŋgeri, seȥaȥakanyorwa, *ȥicinzi*:
Ʋanhu aʋa ʋanondikudza nemiro-
mo yaʋo,
Asi mŋoyo yaʋo iri kure neni.
7 Asi ʋanondinamata pasina,
Ʋacidzidzisa dzidziso, *iri* mirairo
yaʋanhu.
8 Munosiya mirairo yaMŋari, muci-
ceŋgeta tsika dzaʋanhu. 9 Akati
kwaʋari: Ȥirokwaȥo, munoramba mu-
rairo waMŋari, kuti muceŋgete tsika
dzenyu; 10 nokuti Mosesi wakati:
Kudza ɓaɓa ʋako namai ʋako, ʋuye,
unotuka ɓaɓa namai, ŋgaafe norufu.
11 Asi imi munoti: Kana munhu aciti
kunaɓaɓa ʋake kana mai ʋake: Cinhu
cipi necipi camaiti munoɓatsirwa naco
kwandiri caʋa Korbani, ndokuti caʋa
cipo *kunaMŋari*, 12 hamucamutenderi
kuitira ɓaɓa ʋake namai ʋake cinhu,
13 mucitorera shoko raMŋari simba
netsika dzenyu dzamakaceŋgeta, neȥinhu
ȥizhinji ȥakaɗaro munoȥiita. 14 Aka-
ɗanira ȥe kwaari ʋanhu ʋazhinji **akati**

* Mari ineŋge pondo nemŋe necumi.

kwaʋari: Ndiͅtererei mose, munzwisise!
15 Hapanecinhu kunze kwomunhu ci-
ŋgamuşiɓisa, kana cicipinda maari; asi
ȥinoɓuɗa maari, ndiȥo ȥinoşiɓisa munhu.
[16 Kana munhu anenzeʋe dzokunzwa,
ngaanzwe.] 17 Ȥino wakati abva ku-
ʋanhu ʋazhinji, apinda mumba, ʋadzidzi
ʋake ʋakamubvunza ȥomufananidzo *uyo*.
18 Akati kwaʋari: Nemi ʋo hamunzwi-
sisi saiȥoȥo here? Hamunzwisisi here
kuti ȥose ȥiri kunze, kana ȥicipinda
mumunhu, haȥigoni kumuşiɓisa?
19 Nokuti haȥipindi mumŋoyo make
asi muɗumbu, ȥicirashwa kunze; *no-
kutaura kwakaɗaro* wakanatsa ȥokudya
ȥose. 20 Ipapo akati: Ȥinoɓuɗa mu-
munhu ndiȥo ȥinoşiɓisa munhu. 21 No-
kuti mukati, mumŋoyo yaʋanhu muno-
ɓuɗa mifuŋgo yakaipa, noʋupombge,
nokuɓa, nokuʋuraya, 22 noʋufeʋe, no-
ruciʋa, nokuipa, nokunyeŋgera, noʋu-
tere, neziso rinegoɗo, nokutuka, nama-
nyawi, noʋupenzi; 23 ȥakaipa iȥoȥo
ȥose ȥinobva mukati, ȥinoşiɓisa munhu.

*Jesu unoporesa mŋanasikana womukadzi weSirofenike.*

(Mat. 15. 21–28.)

24 Wakasimuka ipapo, akaenda ku-
nyika yeTire neSidoni; akapinda mu-
mba, asiŋgaɗi kuzikanwa nomunhu;
akakoniwa kuȥiʋanza. 25 Nokuti *mu-
mŋe* mukadzi, *waiʋa* nomŋanasikana
muɗuku, wakaŋga anomŋeya wetşina,
wakati acimunzwa, akaʋuya akaȥiwisira
pasi petsoka dzake. 26 Ȥino iye
mukadzi waiʋa muGiriki, worudzi
rwaʋeSirofenike; akaramba acikumbira
kwaari kuti aɓuɗise mŋeya wakaipa
pamŋanasikana wake. 27 Akati kwaari:
Ʋana ŋgaʋataŋge kuguta, nokuti haȥina-
kunaka kutora ciŋgwa caʋana, ndokuci-
kandira imbganana. 28 Akapindura,
akati kwaari: Hoŋo, Ishe, kunyaŋge
nembganana ʋo dzinodya pasi petafura
ȥimeɗu ȥaʋana. 29 Akati kwaari: No-
kuɗa kweshoko iro, enda; mŋeya waka-
ipa wabva pamŋanasikana wako. 30 Aka-
enda kumba kwake, akawana mŋana
aʋete pamubeda, mŋeya wakaipa wabva.

*Jesu unoporesa munhu wematsi panyika yeDekapori.*

31 Ȥino wakati acibva ȥe munyika
yeTire, akaenda napakati peSidoni ku-
guŋgwa reGarirea, napakati penyika
yeDekapori. 32 Ʋakaisa kwaari munhu
wematsi, waikakamira, ʋakakumbira
ȥikuru kuti aise ruʋoko rwake pamsoro
pake. 33 Akamubvisa pakati paʋanhu
ʋazhinji, ndokuenda naye parutiʋi, aka-
pinza munwe munzeʋe dzake, akapfira
mate, ndokuɓata rurimi rwake. 34 Ipa-
po akatarira kuɗeŋga, akagomera, akati
kwaari: Efata, ndokuti: Dziʋuka.
35 Pakarepo nzeʋe dzake dzakadziʋuka,
cisuŋgo corurimi rwake cikasunuŋguka,
akataura ȥakanaka. 36 Ȥino wakaʋara-
ira, kuti ʋarege kuʋudza ʋanhu; asi iye
acinyanya kuʋaraira, iʋo ʋakanyanyisa
kuparidza iȥoȥo. 37 Ʋakashamiswa
ȥikuru-kuru, ʋaciti: Wakaita ȥose ȥaka-
naka; wakaita matsi kuti dzinzwe,
nembeʋeʋe kuti dzitaure.

*Ʋaneȥuru ȥinna ʋanopiwa ȥokudya naJesu.*

(Mat. 15. 32–39.)

8 1 Namazuʋa iwayo ȥe kwakaŋga
kunaʋazhinji-zhinji, ʋakaŋga ʋasi-
naȥaʋaŋgadya, akaɗanira ʋadzidzi
ʋake kwaari, akati kwaʋari: 2 Ndine-
tsitsi naʋanhu ʋazhinji, nokuti atoʋa
mazuʋa matatu aʋakagara neni ʋasina-
ȥaʋaŋgadya. 3 Kana ndikaʋaendisa
kumusha kwaʋo ʋanenzara, ʋacaziya
panzira; ʋamŋe ʋaʋo ʋanobva kure.
4 Ʋadzidzi ʋake ʋakapindura, ʋakati
kwaari: Munhu uŋgawanepiko murenje
muno, ȥiŋgwa ȥiŋgagutisa ʋanhu aʋa?
5 Akaʋabvunza, akati: Muneȥiŋgwa
ȥiŋganiko? Ʋakati: Ȥinomŋe. 6 Ȥino
akaraira ʋanhu ʋazhinji kuti ʋagare pasi,
akatora ȥiŋgwa ȥinomŋe, akaʋoŋga,
akaȥimeɗura, ndokupa ʋadzidzi ʋake,
kuti ʋaise pamberi paʋo; ʋakaȥiisa
pamberi paʋazhinji. 7 Ʋuye ʋakaŋga
ʋanehoʋe ɗuku shomanene; ȥino aka-
dziropafadza, akati ȥiiswe ʋo pamberi
*paʋo*. 8 Ʋakadya, ʋakaguta, ndoku-
ʋuŋganidza ȥimeɗu ȥakasara, mateŋgu
manomŋe. 9 Ʋaneŋge ʋaiʋa ȥuru
ȥinna; akaʋaendisa. 10 Pakarepo aka-
pinda mugwa naʋadzidzi ʋake, akaşika
kumatiʋi enyika yeDarmanuta.

*Jesu unoramba kuratidza ciratidzo.*

(Mat. 16. 1–4.)

11 Ȥino ʋaFarise ʋakaɓuɗa, ʋakataŋga
kuita nyaya naye, ʋacitşaka kwaari
ciratidzo cinobva kuɗeŋga, ʋacimuidza.
12 Akagomera ȥikuru pamŋeya wake,
akati: Rudzi urwu runotşakireiko cira-

tidzo? Ȥirokwaȥo ndinoti kwamuri:
Rudzi urwu haruŋgapiwi ciratidzo.
13 Ipapo akaʋasiya, akapinda ȥe mugwa,
akayambukira mhiri.

*Jesu unodudzira shoko rembiriso yaʋaFarise naʋaSaduse.*

(Mat. 16. 5–12.)

14 Ʋakaŋga ʋakaŋganwa kutora ȥi-
ŋgwa; ʋakaŋga ʋasineȥiŋgwa, asi cimŋe
ɓedzi. 15 Ȥino akaʋaraira, akati:
Cenjerai, mutye mbiriso yaʋaFarise
nembiriso yaHerode. 16 Ʋakaraŋgana
ʋakati: *Unodaro* nokuti hatineȥiŋgwa.
17 Ȥino Jesu wakati aciȥiziʋa, akati
kwaʋari: Munoraŋgana nemhaka yeiko
kuti hamuneȥiŋgwa? Hamuziʋi, no-
kunzwisisa here? Mŋoyo yenyu iciri
mikukutu here? 18 Ȥamunameso, ha-
muʋoni here? Ȥamunenzeʋe, hamunzwi
here? Hamuraŋgariri here? 19 Musi
wandakameɗurira ʋaneȥuru ȥishanu ȥi-
ŋgwa ȥishanu, makanoŋga mateŋgu
maŋganiko azere neȥimeɗu? Ʋakati
kwaari: Gumi namaʋiri. 20 Nomusi
*wandakameɗurira* ʋaneȥuru ȥinna ȥi-
ŋgwa ȥinomŋe, makanoŋga mateŋgu
maŋganiko akazadzwa neȥimeɗu? Ʋa-
kati: Manomŋe. 21 Akati kwaʋari:
Ko hamunzwisisi naȥino here?

*Jesu unoṣimudza ɓofu paBetsaida.*

22 Ȥino ʋakaṣika Betsaida; ʋakaʋuya
neɓofu, ʋakakumbira ȥikuru kwaari,
kuti amunyaŋgate. 23 Akaɓata ruʋoko
rweɓofu, akamuisa kunze kwomusha,
ndokupfira mate mumeso ake, akaisa
maʋoko pamsoro pake, akamubvunza
aciti: Unoʋona cinhu here? 24 *Iye*
akatarira, akati: Ndinoʋona ʋanhu,
ndinoʋaʋona ʋacifamba ʋakafanana ne-
miti. 25 Ȥino akaisa ȥe maʋoko pamso-
ro pameso ake, iye akatarisisa, akapo-
reswa, akaʋona ȥose ȥakanaka. 26 Aka-
muendisa kumba kwake akati: Usa-
toŋgopinda mumusha.

*Petro unopupura kuti Jesu ndiye Kristu.*

(Mat. 16. 13–20; Ruka 9. 18–22; Joh. 6. 68, 69.)

27 Ȥino Jesu naʋadzidzi ʋake ʋaka-
enda kumisha yeKesaria Firipo; mu-
nzira akabvunza ʋadzidzi ʋake akati
kwaʋari: Ʋanhu ʋanoti ndini aniko?
28 Ʋakapindura ʋaciti kwaari: *Ʋamŋe
ʋanoti*: Johane Mubapatidzi; ʋamŋe,
Eria, ʋamŋe ȥe, mumŋe waʋaprofita.
29 Ȥino akaʋabvunzą, akati: Ko imi
munoti ndini ani? Petro akapindura,
akati kwaari: Ndimi Kristu. 30 Aka-
ʋaraira ȥikuru kuti ʋarege kuziʋisa
munhu *iȥoȥo* ȥake. 31 Ȥino akataŋga
kuʋadzidzisa kuti Mŋanakomana wo-
munhu unofanira kutambudzika ȥizhinji
nokurashwa naʋakuru, naʋaprista ʋa-
kuru, naʋanyori, aʋurawe, amuke ȥe
mazuʋa matatu apfuʋura. 32 Akataura
shoko iro pacena. Ȥino Petro akaenda
naye ʋari ʋoga, akataŋga kumuraira.
33 Asi iye wakatendeʋuka, ndokutarira
ʋadzidzi ʋake, akaraira Petro, akati:
Ibva shure kwaŋgu, Satani, nokuti
hauraŋgariri ȥinhu ȥaMŋari, asi ȥinhu
ȥaʋanhu.

*Kutevera Jesu.*

(Mat. 16. 24–27; Ruka 9. 23–26.)

34 Ȥino wakaɗanira kwaari ʋanhu
ʋazhinji naʋadzidzi ʋake, akati kwaʋari:
Kana munhu aciɗa kuʋuya shure
kwaŋgu, ŋgaaȥirambe, asimudze mu-
cinjikwa wake, anditeʋere. 35 Nokuti
aninani unoɗa kuponesa ʋupenyu bgake,
ucarashikirwa nabgo; asi aninani unora-
shikirwa noʋupenyu bgake nokuɗa
kwaŋgu nokweEvaŋgeri, ucabguponesa.
36 Nokuti munhu ucagoɓatsirweiko,
kana awana nyika yose, akarashikirwa
noʋupenyu bgake? 37 Nokuti munhu
ucaripeiko kuti adzikinure ʋupenyu
bgake? 38 Nokuti aninani unonyara
pamsoro pamashoko aŋgu parudzi urwu
rwoʋupombge nokutadza, Mŋanako-
mana womunhu ucanyara ʋo pamsoro
pake, musi waanoʋuya nokubginya
kwake naɓaɓa ʋake naʋatumŋa ʋatṣene.

*Kubginya kwaJesu pagomo.*

(Mat. 17. 1–13; Ruka 9. 28–36.)

9 1 Ȥino wakati kwaʋari: Ȥirokwaȥo
ndinoti kwamuri: Ʋamŋe ʋari'po
kunaʋamire pano, ʋasiŋgazoʋoni
rufu, ʋasati ʋaʋona ʋushe bgaMŋari
bguciʋuya nesimba.
2 Mazuʋa matanhatu akati apfuʋura,
Jesu akatora Petro, naJakobo, naJohane,
akaenda naʋo kurutiʋi mugomo refu
ʋari ʋoga; akashanduka pamberi paʋo.
3 Ŋguʋo dzake dzikapenya, dzikacena
ȥikuru; hakunomusuki pano panyika,
uŋgagona kudzicenesa dzikaɗaro. 4 Ipa-
po Eria naMosesi ʋakaʋonekwa naʋo,
ʋacitaurirana naJesu. 5 Petro akapi-
ndura, akati kunaJesu: Rabi, ȥakanaka
ȥatiri apno; ŋgatiʋake matumba matatu,

rimŋe renyu, rimŋe raMosesi, rimŋe
raEria. 6 Nokuti wakaŋga asiŋgaziʋi
caanotaura, nokuti ʋakatya ȥikuru.
7 Ȥino gore rikaʋuya rikaʋafukidza,
inzwi rikaɓuɗa mugore, *riciti*: Uyu
Mŋanakomana waŋgu unoɗikanwa, mu-
munzwei! 8 Kamŋe, ʋakati ʋaciriŋga-
riŋga, haʋana-kuzoʋona munhu, asi
Jesu ɓeɗzi anaʋo.
9 Ȥino ʋakati ʋaciɓuruka mugomo,
akaʋaraira kuti ʋarege kuʋudza munhu
ȥaʋakaŋga ʋaʋona kuṣikira Mŋanako-
mana womunhu amuka kuʋakafa.
10 Ʋakariceŋgeta shoko *iro*, ʋaciita
nyaya pakati paʋo, kuti kumuka kwaʋa-
kafa cinyiko? 11 Ʋakamubvunza,
ʋaciti: Ʋanyori ʋanotaurireiko ʋaciti,
Eria unofanira kutaŋga kuʋuya? 12 Aka-
ti kwaʋari: Eria ucataŋga kuʋuya hake,
aʋandudze ȥinhu ȥose, asi kwakago-
nyorwa seiko ȥoMŋanakomana womu-
nhu, kuti ucatambudzika ȥikuru noku-
ȥidzwa? 13 Asi ndinoti kwamuri, Eria
wakatoṣika, ʋakamuitira ȥose paʋakaŋga
ʋaciɗa napo, seȥaȥakanyorwa pamsoro
pake.

*Jesu unoporesa mukomana uneȥipusha.*

(Mat. 17. 14–21; Ruka 9. 37–43.)

14 Ʋakati ʋaṣika kuʋadzidzi, ʋakaʋona
ʋanhu ʋazhinji-zhinji, ʋakaʋakomba,
naʋanyori ʋaciita nyaya naʋo. 15 Paka-
repo ʋazhinji ʋose ʋakati ʋacimuʋona,
ʋakashamiswa kwaȥo, ʋakamhanyira
kwaari, ʋakamukwazisa. 16 Akaʋa-
bvunza, akati: Munoita nyaya neiko
naʋo? 17 Mumŋe waʋazhinji akamu-
pindura, akati: Mudzidzisi, ndaʋuya
kwamuri nomŋanakomana waŋgu, uno-
mŋeya wembeʋeʋe. 18 Kwose kwaano-
muɓata, unomuwisira pasi, acipupuma
furo, acigeɗa-geɗa meno, ʋuye uno-
wonda kwaȥo; ndakataura naʋadzidzi
ʋenyu kuti ʋauɓuɗise, ʋakasagona.
19 Akaʋapindura, akati: Haiwa, rudzi
rusiŋgatendi, ndicagara nemi kuṣikira
riniko? Ndicakuitirai mŋoyo murefu
kuṣikira riniko? Ʋuyai naye kwandiri.
20 Ʋakaʋuya naye kwaari; wakati aci-
muʋona, pakarepo mŋeya ukamubvu-
ndisa, akawira pasi, akakuŋguruka,
acipupuma furo. 21 Ȥino akabvunza
ɓaɓa ʋake, *akati*: Yaʋa ŋguʋa yaka-
ɗiniko kubvira iȥoȥi ȥicimuwira? Akati:
Kubva paʋuɗuku *bgake*. 22 Kazhinji
wakamuwisira mumŋoto kana mumvura
kuti umuparadze; asi kana mucigona
kuita cinhu, mutinzwire tsitsi, muti-
ɓatsire. 23 Jesu akati kwaari: Kana iwe
ucigona *kutenda*, ȥose ȥiŋgaitika kuno-
unotenda. 24 Pakarepo ɓaɓa ʋomŋana
ʋakaɗanidzira, ʋaciti: Ndinotenda, ndi-
ɓatsirei pakusatenda kwaŋgu. 25 Ȥino
Jesu wakati aciʋona ʋanhu ʋazhinji
ʋacimhanyirana pamŋe cete, akaraira
mŋeya wetṣina, akati kwauri: *Iwe*,
mŋeya wembeʋeʋe nematsi, ndinoku-
raira kuti ubve maari, urege kupi[illegible]da e
maari! 26 Ukaɗanidzira, ukamubvu-
ndisa ȥikuru, ukaɓuɗa; akafanana no-
munhu wakafa, nokuɗaro ʋazhinji
ʋakati: Wafa. 27 Asi Jesu wakaɓata
ruʋoko rwake, akamusimudza, iye aka-
simuka. 28 Ȥino wakati apinda mumba,
ʋadzidzi ʋake ʋakamubvunza ʋari ʋoga
ʋaciti: Isu takaŋga tisiŋgagoni neiko
kuuɓuɗisa? 29 Akati kwaʋari: Rudzi
urwu haruŋgatoŋgoɓuɗi, asi nokunye-
ŋgetera.

*Jesu unotaura ȥorufu rwake nokumuka kwake.*

(Mat. 17. 22–23; Ruka 9. 43–45.)

30 Ʋakabva ipapo, ʋakagura neGari-
rea, akaramba kuti ȥizikanwe nomunhu.
31 Nokuti wakadzidzisa ʋadzidzi ʋake,
akati kwaʋari: Mŋanakomana womunhu
ucaiswa mumaʋoko aʋanhu, ʋacamu-
ʋuraya; kana aʋurawa, ucamuka ȥe
mazuʋa matatu apfuʋura. 32 Asi
haʋana-kunzwisisa shoko iro, ʋakatya
kumubvunza.

*Mukuru paʋushe bgokuɗeŋga, neȥigumbuso.*

(Mat. 18. 1–11; Ruka 9. 46–50.)

33 Ʋakaṣika Kapernaume; ȥino wakati
aʋa mumba, akaʋabvunza, *aciti*: Ma-
kaŋga muciita nyaya yeiko munzira?
34 Ʋakaramba ʋanyerere, nokuti ʋa-
kaŋga ʋaita nharo pakati paʋo munzira,
kuti mukuru ndiani. 35 Ipapo akagara
pasi, akaɗana ʋanegumi naʋaʋiri, akati
kwaʋari: Kana munhu aciɗa kuʋa
wokutaŋga, ucazoʋa weshure kunaʋose
nomuranda waʋose. 36 Akatora mŋana
muɗuku, akamuisa pakati paʋo; aka-
mufuŋgatira mumaʋoko, akati kwaʋari:
37 Aninani unogamucira mumŋe wa-
ʋaɗuku ʋakaɗai nezita raŋgu, uno-
ndigamucireni; aninani unondigamucira
ini, haandigamuciri ini, asi uyo waka-
nditumа.
38 Johane akati kwaari: Mudzidzisi,

taʋona munhu aciɓuɗisa mŋeya yakaipa
muzita renyu, tikamudziʋisa, nokuti
haana-kutiteʋera. 39 Jesu akati: Mu-
samudziʋisa, nokuti hakunomunhu
uŋgaita ɓasa resimba nezita raŋgu,
uŋgakurumidza kutaura ȥakaipa pamso-
ro paŋgu. 40 Nokuti usiŋgapesani
nesu, unesu. 41 Nokuti aninani uno-
kunwisai mukombe wemvura muzita
*raŋgu*, nemhaka yokuti muri ʋaKristu,
ȥirokwaȥo ndinoti kwamuri, haana-
kurashikirwa nomuɓairo wake. 42 Ani-
nani unogumbusa mumŋe waʋaɗuku
aʋa ʋanotenda *kwandiri*, ȥirinani kwaari
kuti guyo guru risuŋgirirwe pamutsipa
wake, akandirwe muguŋgwa. 43 Kana
ruʋoko rwako rucikugumbusa, urugure;
ȥirinani kwauri kuti upinde muʋupenyu
uri cirema, pakuenda muGehena, mu-
mŋoto usiŋgadzimŋi, unamakumbo
maʋiri. [44 Apo pasiŋgafi honye yaʋo,
napasiŋgadzimŋi mŋoto.] 45 Kana
rutsoka rwako rucikugumbusa, urugure;
ȥirinani kwauri kuti upinde muʋupenyu
ucikamhina, pakukandirwa muGehena,
unetsoka mbiri. [46 Apo pasiŋgafi
honye yaʋo, napasiŋgadzimŋi mŋoto.]
47 Kana ziso rako ricikugumbusa,
urirashe; ȥirinani kwauri kuti upinde
muʋushe bgokuɗeŋga uneziso rimŋe,
pakukandirwa muGehena, unameso ma-
ʋiri. 48 Apo pasiŋgafi honye yaʋo,
napasiŋgadzimŋi mŋoto. 49 Nokuti
mumŋe nomumŋe ucaruŋgwa nomŋoto.
50 Munyu wakanaka; asi kana munyu
usicaʋaʋi, muŋgauruŋga neiko? Iʋai
nomunyu mukati menyu, mugare noru-
gare pakati penyu.

*Kurambana kwomurume nomukadzi.*

(Mat. 5. 31, 32; 19. 1–12; Ruka 16. 18.)

**10** 1 Ȥino wakasimuka'po, aka-
şika munyika yeJudea, nemhiri
kwaJoridani, ʋanhu ʋazhinji-
zhinji ʋakaʋuŋganira ȥe kwaari; aka-
ʋadzidzisa ȥe seȥaakaŋga acisiita.
2 ƲaFarise ʋakaʋuya kwaari, ʋakamu-
bvunza, ʋacimuidza, *ʋaciti*: Murume
wakatenderwa kurasha mukadzi wake
here? 3 Akapindura, akati kwaʋari:
Mosesi wakakuraireiko? 4 Ʋakati:
Mosesi wakatendera *murume* kunyora
rugwaro rwokumuramba, nokumurasha.
5 Jesu akati kwaʋari: Wakakunyorerai
murairo iwoyo nokuɗa kwoʋukukutu
bgemŋoyo yenyu. 6 Asi kubva paku-
taŋga kwokusikwa wakaʋaita murume
nomukadzi. 7 Nokuɗa kwaiȥoȥo mu-
rume ucasiya ɓaɓa ʋake namai ʋake,
akanamatira mukadzi wake; 8 aʋa
ʋaʋiri ʋacaʋa nyama imŋe; nokuɗaro
haʋaciri ʋaʋiri, asi nyama imŋe. 9 Ȥino
iȥo Mŋari ȥaakasoŋganisa, munhu ŋga-
arege kuȥiparadzanisa. 10 Ȥino mumba
ʋadzidzi ʋakamubvunza ȥe pamsoro
paiȥoȥo. 11 Akati kwaʋari: Aninani
unorasha mukadzi wake, akawana mu-
mŋe, unoita ʋupombge kwaari. 12 Ʋuye
kana iye *mukadzi* akarasha murume
wake, akawanikwa nomumŋe, unofeʋa.

*Jesu unoropafadza vanana.*

(Mat. 19. 13–15; Ruka 18. 15–17.)

13 Ȥino ʋakaʋuya naʋana ʋaɗuku
kwaari, kuti aʋanyaŋgate; asi ʋadzidzi
ʋakaʋaraira. 14 Ȥino Jesu wakati
aciȥiʋona, akatsamŋa, akati kwaʋari:
Regai ʋana ʋaɗuku ʋaʋuye kwandiri,
musaʋadziʋisa, nokuti ʋushe bgaMŋari
ndobgaʋakaɗai. 15 Ȥirokwaȥo ndinoti
kwamuri: Aninani usiŋgagamuciri ʋushe
bgaMŋari somŋana muɗuku, haaŋgato-
ŋgopindi mabguri. 16 Ipapo akaʋafu-
ŋgatira mumaʋoko, akaʋaropafadza,
ndokuisa maʋoko pamsoro paʋo.

*Jaya mufumi.*

(Mat. 19. 16–30; Ruka 18. 18–30.)

17 Ȥino wakati aciɓuɗa kunzira, mu-
mŋe akamhanyira kwaari, akafugama
pamberi pake akamubvunza, aciti:
Mudzidzisi wakanaka, ndiŋgaiteiko kuti
ndigare nhaka yoʋupenyu bgusiŋgaperi?
18 Jesu akati kwaari: Unondiidzireiko
wakanaka? Hakuna-wakanaka, asi
mumŋe cete, *iye* Mŋari. 19 Mirairo
unoiziʋa, *inoti*, usaʋuraya, usaita ʋu-
pombge, usaɓa, usapupura nhema,
usanyeŋgera, kudza ɓaɓa ʋako namai
ʋako. 20 Akati kwaari: Mudzidzisi, iȥi
ȥose ndakaȥiceŋgeta kubva paʋuɗuku
bgaŋgu. 21 Jesu akamutarira akamuɗa,
akati kwaari: Unoshaiwa cinhu cimŋe
cete; enda, uteŋgese ȥose ȥaunaȥo, upe
ʋarombo, uʋe nefuma kuɗeŋga; ugo-
ʋuya, unditeʋere. 22 Asi wakaşiɓa
mŋoyo neshoko iro, akaenda neshuŋgu,
nokuti wakaŋga anefuma zhinji.
23 Ipapo Jesu akariŋga-riŋga, akati
kuʋadzidzi ʋake: Ʋanefuma ʋacare-
merwa sei kupinda paʋushe bgaMŋari!
24 Ʋadzidzi ʋakashamiswa namashoko
ake. Asi Jesu wakapindura ȥe, akati

kwaʋari: Ʋana, ȥinorema sei kunaʋano-
ʋimba nefuma kupinda paʋushe bga-
Mŋari! 25 Kamera iŋgarerukirwa
kupinda paʋuri reɗumho, kumufumi
kupinda muʋushe bgaMŋari. 26 Ipapo
ʋakakahadzika ȥikuru, ʋakati kwaari:
Ndianiko uŋgagoponeswa? 27 Ȥino
Jesu wakati aciʋatarira, akati: Kuʋanhu
iȥi haȥibviri, asi kunaMŋari *ȥinobvira*.
28 Petro akataŋga kutaura kwaari, aciti:
Tarirai isu takasiya ȥose tikakuteʋerai.
29 Jesu akati: Ȥirokwaȥo ndinoti kwa-
muri: Hakunomunhu wakasiya imba,
kana ʋanuŋuna, kana hanȥadzi, kana
mai, kana ɓaɓa, kana ʋana, kana minda,
nokuɗa kwaŋgu nokweEvaŋgeri, 30 usi-
ŋgazopiwi ȥinezana neŋguʋa ino, dzi-
mba naʋanuŋuna, nehanȥadzi, nama-
dzimai, naʋana, neminda, pamŋe cete
nokuʋeŋgwa, noʋupenyu bgusiŋgaperi
neŋguʋa inoʋuya. 31 Asi ʋazhinji
ʋokutaŋga ʋacaʋa ʋokupedzisira, noʋo-
kupedzisira ʋacaʋa ʋokutaŋga.

*Jesu unovavudza ȥorufu rwake nokumuka kwake.*

(Mat. 20. 17–19; Ruka 19. 31–33.)

32 Ȥino ʋakaŋga ʋari munzira, ʋaci-
kwira Jerusarema; Jesu wakaŋga aciʋa-
tuŋgamirira; ʋakashamiswa; naʋakaŋga
ʋaciteʋera, ʋakatya. Ipapo akatora ȥe
ʋanegumi naʋaʋiri, akataŋga kuʋaʋudza
iȥo ȥaakaŋga oɗo-kuitirwa, *aciti*: 33 Ta-
rirai tinokwira Jerusarema, Mŋanako-
mana womunhu ucaiswa kuʋaprista
ʋakuru naʋanyori; ʋacamutoŋgera rufu,
nokumuisa kuʋahedeni. 34 Ʋacamu-
seka, nokumupfira mate, nokumuroʋesa,
nokumuʋuraya; kana mazuʋa matatu
apfuʋura, ucamuka ȥe.

*Ʋana ʋaZebedi ʋanokumbira kuʋa ʋakuru.*

(Mat. 20. 20–28.)

35 Ȥino Jakobo naJohane, ʋanako-
mana ʋaZebedi, ʋakaʋuya kwaari, ʋa-
kati kwaari: Mudzidzisi, tinoɗa kuti
mutiitire seȥatinokumbira kwamuri.
36 Akati kwaʋari: Munoɗa kuti ndi-
kuitireiko? 37 Ʋakati kwaari: Tigarisei
pakubginya kwenyu, mumŋe kuruʋoko
rwenyu rworudyi, mumŋe kuruɓoshwe.
38 Asi Jesu wakati kwaʋari: Hamuziʋi
ȥamunokumbira. Muŋgagona kunwira
pamukombe pandinonwira ini, noku-
bapatidzwa norubapatidzo rwandinoba-
patidzwa narwo here? 39 Ʋakati
kwaari: Tiŋgagona. Jesu akati kwaʋari:
Mucanwira henyu pamukombe pandi-
nonwira ini, nokubapatidzwa norubapa-
tidzo rwandinobapatidzwa narwo ini;
40 asi kugara kuruʋoko rwaŋgu rworu-
dyi, kana kuruɓoshwe, handizini ndi-
nopa, asi *ndeȥa*ʋakaȥigadzirirwa iȥo.
41 Ʋanegumi ʋakati ʋaciȥinzwa, ʋaka-
taŋga kutsamŋira Jakobo naJohane.
42 Ipapo Jesu akaʋaɗanira kwaari,
akati kwaʋari: Munoziʋa kuti aʋo
ʋanonzi macinda aʋahedeni anoʋaraira,
naʋakuru ʋaʋo ʋanoita simba naʋo.
43 Ȥino pakati penyu ŋgaȥirege kuʋa
kuɗaro; asi aninani unoɗa kuʋa mukuru
pakati penyu, ŋgaaʋe mushumiri wenyu;
44 aninani unoɗa kuʋa wokutaŋga pa-
kati penyu, ŋgaaʋe muranda waʋose.
45 Nokuti Mŋanakomana womunhu
naiye haana-kuʋuya kuzoshumirwa, asi
kushumira, nokupa ʋupenyu bgake
ruʋe rudzikinuro rwaʋazhinji.

*Jesu unoşinudza Bartimeo paJeriko.*

(Mat. 20. 29–34; Ruka 18. 35–43.)

46 Ʋakaşika Jeriko; ȥino wakati aci-
ɓuɗa Jeriko naʋadzidzi ʋake naʋazhinji-
zhinji, Bartimeo, mŋanakomana wa-
Timeo, raiʋa ɓofu riri rombe, wakaŋga
agere panzira. 47 *Iye* wakati anzwa,
kuti ndiJesu weNazareta, akataŋga
kuɗanidzira, aciti: Mŋanakomana wa-
Davidi, ndinzwirei ŋgoni! 48 Ʋazhinji
ʋakamuraira kuti anyarare, asi iye
wakanyanya kuɗanidzira kwaȥo, aciti:
Mŋanakomana waDavidi, ndinzwirei
ŋgoni! 49 Ipapo Jesu akamira, akati:
Muɗanei. Ʋakaɗana ɓofu, ʋaciti kwari-
ri: Tsuŋga mŋoyo, simuka, unokuɗana.
50 Ipapo akarasha ŋguʋo yake, aka-
simuka, akaenda kunaJesu. 51 Jesu
akamupindura, akati kwaari: Unoɗa
kuti ndikuitireiko? Ɓofu rikati kwaari:
Raboni, kuti ndiʋone. 52 Jesu akati
kwaari: Enda hako, kutenda kwako
kwakuponesa. Pakarepo akaʋona, aka-
teʋera Jesu munzira.

*Jesu unogamucirwa paJerusarema.*

(Mat. 21. 1–11; Ruka 19. 29–38; Joh. 12. 12–15.)

11 1 Ʋakati ʋaciswedera Jeru-
sarema, paBetfage neBetania,
pagomo reMiorivi, akatuma ʋa-
ʋiri ʋaʋadzidzi ʋake, 2 akati kwaʋari:
Endai kumusha wakatarisana nemi;
pakarepo kana mucipinda mauri, mu-
cawana mhuru *yemboŋgoro* yakasuŋgi-

rwa, isina-kumbotaȿwa nomunhu; mu-
isunuŋgure, mugoʋuya nayo. 3 Kana
munhu akati kwamuri: Munoitireiko
kuɗaro? muti: Ishe unoiɗa. Pakarepo
ucaitumira ɀe pano. 4 Ʋakaenda, ʋaka-
ndowana mhuru *yemboŋgoro* yakasu-
ŋgirwa kunze pamukoʋa, pamharadzano
dzenzira, ʋakaisunuŋgura. 5 Ʋamŋe
ʋakaŋga ʋamire'po, ʋakati kwaʋari:
Munoiteiko ɀamunosunuŋgura mhuru
*yemboŋgoro*? 6 Ʋakaʋaʋudza seɀaʋa-
karairwa naJesu; ʋakaʋarega. 7 Ɀino
ʋakaʋuya nemhuru *yemboŋgoro* kuna-
Jesu, ʋakakandira ŋguʋo dzaʋo pamsoro
payo; akagara pamsoro payo. 8 Ʋazhinji
ʋakawarira ŋguʋo dzaʋo panzira, na-
ʋamŋe mashizha aʋakaŋga ʋatema
kuɓundo. 9 Aʋo ʋakaŋga ʋacituŋga-
mira, naʋakaŋga ʋaciteʋera ʋakaɗani-
dzira, ʋaciti: Hosana, ŋgaakudzwe iye
unoʋuya muzita raShe. 10 Ŋgabgu-
kudzwe ʋushe bgaɓaɓa ʋeɗu Davidi,
bgunoʋuya! Hosana kumsoro-soro!
11 Ipapo Jesu wakapinda Jerusarema
mutembere; akati ariŋga-riŋga ɀinhu
ɀose, zuʋa ɀarakaŋga raʋira, akaɓuɗa,
akaenda Betania naʋanegumi naʋaʋiri.

*Jesu unotuka muvonde wakaŋga usiŋgaɓereki.*

(Mat. 21. 18–22.)

12 Fume maŋgwana ʋakati ʋacibva
Betania, akaziya; 13 ɀino wakati aci-
ʋona muʋonde uri kure, unamashizha,
akaenda'*ko*, *aciti*, ɀimŋe uŋgawana
cinhu pauri; ɀino aciȿika pauri, haana-
kuwana cinhu, asi mashizha ɓedzi;
nokuti yakaŋga isi ŋguʋa yamaʋonde.
14 Akapindura, akati kwauri: Kusaʋa
nomunhu, unozodya ɀiɓereko pauri no-
kusiŋgaperi. Ʋadzidzi ʋake ʋakaɀinzwa.

*Jesu unonatsa tembere*

( Mat. 21. 12–17; Ruka 19. 45–48; Joh. 2. 13–17.)

15 Ʋakaȿika Jerusarema; akapinda
mutembere, akataŋga kuɓuɗisa ʋaite-
ŋgesa, naʋaiteŋga mutembere; akawisa
matafura aʋaitsinhanhisa mari, neɀigaro
ɀaʋaiteŋgesa njiʋa. 16 Akasatendera
munhu kuti atakure nhumbi mutembere.
17 Akadzidzisa, aciti kwaʋari: Hakuna-
kunyorwa here kucinzi: Imba yaŋgu
icanzi imba yokunyeŋgetera yamarudzi
ose? Asi imi makaiita ɓako ramakororo.
18 Ʋaprista ʋakuru naʋanyori ʋakati
ʋaciɀinzwa, ʋakatȿaka paʋaŋgamuʋu-
raya napo; nokuti ʋakaŋga ʋacimutya,
nokuti ʋazhinji ʋose ʋakashamiswa
nokudzidzisa kwake.
19 Ɀino, ŋguʋa dzose kana aʋa
maɗekwana, waienda kunze kweguta.
20 Ʋakati ʋacipfuʋura napo maŋgwa-
nani, ʋakaʋona muʋonde wawoma
kubva pamidzi. 21 Petro akaraŋgarira,
akati kwaari: Rabi, tarirai muʋonde
wamakatuka wawoma. 22 Jesu aka-
pindura, akati kwaʋari: Iʋai nokutenda
kunaMŋari. 23 Ɀirokwaɀo ndinoti
kwamuri: Mumŋe nomumŋe unoti ku-
gomo iri: Simudzwa, ukandwe mugu-
ŋgwa, asiŋganyunyuti mumŋoyo make,
asi acitenda kuti ɀaanoreʋa ɀicaitika,
ucaʋa naɀo. 24 Saka ndinoti kwamuri:
Ɀinhu ɀose ɀose ɀamunonyeŋgeterera
nokukumbira, tendai kuti maɀigamucira,
mugoʋa naɀo. 25 Kana mukamira
mucinyeŋgetera, kaŋganwirai kana mu-
nemhaka nomumŋe, kuti naɓaɓa ʋenyu
ʋari kuɗeŋga, ʋakukaŋganwirei kuɗarika
kwenyu; [26 asi kana musiŋgaka-
ŋganwiriyi imi, naɓaɓa ʋenyu ʋari
kuɗeŋga haʋaŋgakukaŋganwiriyi imi
kuɗarika kwenyu.]

*Simba raJesu rinobvepi.*

(Mat. 21. 23–27; Ruka 20. 1–8.)

27 Ʋakaȿika ɀe Jerusarema. Ɀino
wakati aciɗamba mutembere, ʋaprista
ʋakuru naʋanyori naʋakuru ʋakaʋuya
kwaari; 28 ʋakati kwaari: Munoita
ɀinhu iɀoɀi nesimba ripiko? Ndianiko
wakakupai simba iri, kuti muite iɀi?
29 Jesu akati kwaʋari: Neni ndicaku-
bvunzai ʋo shoko rimŋe, mundipi-
ndure, neni ndicakuʋudzai ʋo simba
randinoita naro ɀinhu iɀoɀi. 30 Ruba-
patidzo rwaJohane rwakabva kuɗeŋga
here kana kuʋanhu? Ndipindurei.
31 Ʋakataurirana, ʋaciti: Kana tikati,
Kuɗeŋga, ucati: Makagoregerei kumu-
tenda? 32 Asi tiŋgati, Kuʋanhu, here?
Ʋakaŋga ʋacitya ʋanhu ʋazhinji, nokuti
ʋose ʋakaŋga ʋaciti Johane mupro-
fita ɀirokwaɀo. 33 Ʋakapindura ʋaciti
kunaJesu: Hatiziʋi. Jesu akati kwaʋa-
ri: Neni handiŋgakuʋudziyi ʋo simba
randinoita naro ɀinhu iɀi.

*Mufananidzo wavarimi vakaipa.*

(Mat. 21. 33–46; Ruka 20. 9–18.)

12 1 Ɀino wakataŋga kutaura naʋo
nemifananidzo, *aciti*: Mumŋe
munhu wakaŋga asima munda
wemizambiriŋga, akaukomba noruzho-

wa, akacera pokuşinira, akaʋaka cirindo,
akaupa ʋarimi, ndokufamba rwendo.
2 Neŋguʋa yeȥiɓereko akatuma mu-
randa kuʋarimi, kuti apiwe naʋarimi
ȥiɓereko ȥomunda wemizambiriŋga.
3 Ʋakamuɓata, ʋakamuroʋa, ʋakamu-
dzosa asina. 4 Akatuma ȥe mumŋe
muranda kwaʋari; ʋakamutaka na-
mabge, ʋakamutema musoro, ʋaka-
munyadza. 5 Akatuma ȥe mumŋe,
ʋakamuʋuraya; naʋamŋe ʋazhinji, ʋa-
karoʋa ʋamŋe, nokuʋuraya ʋamŋe.
6 *Ȥino* wakaŋga acinomŋanakomana
mumŋe, muɗikanwa; akamutuma kwa-
ʋari pakupedzisira, aciti: Ʋacakudza
mŋanakomana waŋgu. 7 Asi ʋarimi
iʋaʋo ʋakataurirana, ʋaciti: Uyu ndiye
mugari wenhaka; ʋuyai timuʋuraye,
nhaka igoʋa yeɗu. 8 Ʋakamuɓata,
ʋakamuʋuraya, ʋakamuɓuɗisa kunze
kwomunda wemizambiriŋga. 9 *Ȥino*
mŋene womunda wemizambiriŋga uca-
iteiko? Ucaʋuya, akaparadza ʋarimi
iʋaʋo, akapa ʋamŋe ʋarimi munda
wemizambiriŋga. 10 Ko hamuna-
kutoŋgoraʋa here rugwaro urwu, *runoti*:
Ibge rakarashwa naʋaʋaki,
Ndiro rakazoʋa musoro wekona;
11 Iȥoȥo ȥakaitwa naShe,
Ȥinoshamisa pameso eɗu?
12 Ipapo ʋakatşaka kumuɓata, asi
ʋakatya ʋanhu ʋazhinji; nokuti ʋakaŋga
ʋaciziʋa kuti wakaʋareʋa iʋo nomu-
fananidzo iwoyo; ʋakamusiya, ʋaka-
bva'*po*.

*Kuripira Kesari mutero.*

(Mat. 22. 15-22; Ruka 20. 20-26.)

13 Ȥino ʋakatuma kwaari ʋamŋe
ʋaʋaFarise naʋaHerode, kuti ʋamuɓate
pakutaura *kwake*. 14 Ʋakaʋuya, ʋakati
kwaari: Mudzidzisi, tinoziʋa kuti ndimi
waȥokwaɗi, musiŋgaraŋgariri ȥinoʋo-
nekwa ȥomunhu; hamutariri ȥiri kunze
kwomunhu, asi munodzidzisa nzira
yaMŋari neȥokwaɗi: Munhu unote-
nderwa kuripira Kesari mutero here,
kana kwete? 15 Ticaripa here, kana
tirege kuripa? Asi iye aciziʋa kunye-
ŋgera kwaʋo, akati kwaʋari: Munondi-
idzireiko? Ʋuyai nedenari* kwandiri,
ndiriʋone. 16 Ʋakaʋuya naro. Ipapo
akati kwaʋari: Mufananidzo uyu noru-
nyoro urwu ndeȥani? Ʋakati kwaari:
ȤaKesari. 17 Jesu akati kwaʋari: Ipai
Kesari ȥaKesari, naMŋari ȥaMŋari.
Ʋakashamiswa ȥikuru naye.

* Mari ineŋge sisipenzi netiki.

*Ʋanobvunza Jesu pamsoro pokumuka kwaʋakafa.*

(Mat. 22. 23-33; Ruka 20. 27-40.)

18 Ȥino ʋaSaduse ʋakaʋuya kwaari,
iʋo ʋanoti hakuna-kumuka kwaʋakafa.
ʋakamubvunza ʋaciti: 19 Mudzidzisi,
Mosesi wakatinyorera kuti, kana mu-
koma womunhu akafa, akasiya mukadzi
asinomŋana, munuŋuna wake atore
mukadzi wake, amutsire mukoma wake
ʋana. 20 Ȥino kwakaŋga kunaʋanako-
mana ʋomunhu mumŋe ʋanomŋe;
weɗaŋgwe akatora mukadzi, akafa asina-
ʋana. 21 Wecipiri akamutora, akafa
asiŋgasiyi ʋana; nowecitatu akaɗaro ʋo.
22 Naʋanomŋe *ʋose* haʋana-kuʋa no-
mŋana; shure kwaʋose mukadzi akafa
ʋo. 23 Ȥino pakumuka *kwaʋakafa*,
kana ʋacimuka, ucaʋa mukadzi waniko
kwaʋari? Nokuti wakaŋga ari mukadzi
wa*ʋose* ʋanomŋe. 24 Jesu akati kwa-
ʋari: Hamuna-kurashika here, nemhaka
yokusaziʋa magwaro nesimba raMŋari?
25 Nokuti kana ʋacimuka kuʋakafa,
haʋawani kana kuwaniswa; asi ʋakaita
saʋatumŋa kuɗeŋga. 26 Kana kuri
kumutswa kwaʋakafa, hamuna-kuraʋa
here pabuku yaMosesi *pashoko* regwe-
nzi, kuti Mŋari wakataura naye, akati:
Ndini Mŋari waAbrahama, naMŋari
waIsaka, naMŋari waJakobo? 27 Haazi
Mŋari waʋakafa, asi waʋapenyu: ma-
rashika kwaȥo.

*Murairo mukuru.*

(Mat. 22. 34-40; Ruka 10. 25-27.)

28 Ȥino mumŋe waʋanyori wakaŋga
anzwa kutaurirana kwaʋo, aciziʋa kuti
wakaŋga aʋapindura ȥakanaka, waka-
ʋuya, akamubvunza, *aciti*: Murairo
wokutaŋga payose ndoupiko? 29 Jesu
akapindura, akati: Wokutaŋga ndiwoyu:
Inzwai ʋaIsraeri, Ishe Mŋari weɗu,
ndiye Ishe mumŋe cete! 30 Iɗa Ishe
Mŋari wako, nomŋoyo wako wose,
nomŋeya wako wose, nokufuŋga kwako
kwose, nesimba rako rose. 31 Wecipiri
ndiwoyu: Iɗa wokwako seȥaunoȥiɗa
iwe. Hakuno murairo mukuru kuna-
iyeyo. 32 Ȥino munyori akati kwaari:
Ȥakanaka Mudzidzisi, mareʋa ȥiro-
kwaȥo, kuti ndiye mumŋe cete, hakuno
mumŋe kunze kwake; 33 nokumuɗa
iye nomŋoyo wose, nokufuŋga kwose,
nesimba rose, nokuɗa wokwake seȥa-
anoȥiɗa iye, ȥinopfuʋura ȥikuru ȥipiriso
ȥose ȥinopiswa cose, neȥiɓayiro. 34 Ȥino

Jesu wakati aciʋona kuti wapindura
nokufuŋga, akati kwaari: Hauzi kure
noʋushe bgaMŋari. Kukasaʋa nomunhu
wakazotsuŋga kumubvunza *cinhu*.

*Kristu Mŋanakomana waDavidi.*

(Mat. 22. 41–46; Ruka 20. 41–44.)

35 Ȥino Jesu wakati acidzidzisa mu-
tembere, akapindura, akati: Ʋanyori
ʋanoreʋa seiko kuti Kristu ndiye
mŋanakomana waDavidi? 36 Davidi
amene wakati noMŋeya Mutşene:
Ishe wakati kunaShe waŋgu:
Gara kurudyi rwaŋgu,
Kuşikira ndaisa ʋaʋeŋgi ʋako pasi
petsoka dzako.
37 Davidi amene unomuidza Ishe,
uŋgagoʋa mŋanakomana wake seiko?
Ʋazhinji-zhinji ʋakaŋga ʋacifara ku-
munzwa.

*Jesu unonyevera vadzidzi vake.*

(Mat. 23. 1–12; Ruka 20. 45–47.)

38 Ȥino pakudzidzisa kwake wakati:
Cenjerai ʋanyori, ʋanoɗa kufamba
neŋguʋo refu, nokukwaziswa paɗare,
39 neȥigaro ȥapamberi mumasinagoge,
nenȥimbo dzapamberi pamitambo;
40 ʋaciparadza dzimba dzecirikadzi,
ʋacinyeŋgetera neminyeŋgetero mirefu.
Iʋaʋa ʋacatoŋgerwa ȥakaipa nokupfu-
ʋurisa.

*Jesu unorumbidza cipo cecirikadzi.*

(Ruka 21. 1–4.)

41 Ȥino wakaŋga agere akatarisana
neciʋigiro cemari, akatarira ʋanhu ʋa-
zhinji ʋaciisa mari muciʋigiro; ʋafumi
ʋazhinji ʋakaŋga ʋaciisa ȥizhinji.
42 Kukaşika cirikadzi, waiʋa murombo,
akaisa tumari tuʋiri tuɗuku tunoita
fadini. 43 Akaɗanira ʋadzidzi ʋake
kwaari, akati kwaʋari: Ȥirokwaȥo ndi-
noti kwamuri: Cirikadzi iyi, iri mu-
rombo, yakaisa ȥizhinji kunaaʋo ʋose
ʋakaisa muciʋigiro; 44 nokuti *avo* ʋose
ʋakaisa *vacitora* paȥizhinji ȥaʋo; asi iye
wakaisa *acitora* pakushaiwa kwake, ȥose
ȥaakaŋga anaȥo, ȥose ȥaaifanira kura-
rama naȥo.

*Jesu unoprofita kuputswa kweJerusarema nokudzoka kwake.*

(Mat. 24. 1–51; Ruka 21. 5–36.)

13 1 Wakati aciɓuɗa mutembere,
mumŋe waʋadzidzi ʋake akati
kwaari: Mudzidzisi, tarirai ma-
bge, kunaka! nedzimba kunaka! 2 Jesu
akati kwaari: Unoʋona dzimba idzi
huru? Hakuŋgaregwi ibge pamsoro
pebge, risiŋgazowisirwi pasi.
3 Ȥino wakati agere pagomo reMiorivi,
pakatarisana netembere, Petro, naJako-
bo, naJohane, naAndrea ʋakamubvunza
ʋari ʋoga, *vaciti*: 4 Tiʋudzei kuti iȥoȥi
ȥicagoʋa riniko? Neciratidzo cicaʋa
cipiko, kana iȥoȥi ȥose ȥoɗo-kuitwa?
5 Ȥino Jesu akataŋga kuʋaʋudza, *akati*:
Cenjerai kuti murege kutsauswa no-
munhu. 6 Ʋazhinji ʋacaʋuya nezita
raŋgu, ʋaciti: Ndini *Kristu*, ʋacitsausa
ʋazhinji. 7 Kana mucinzwa ȥokurwa,
neguhu rokurwa, musavunduka; iȥoȥo
ȥinofanira kumboitika; asi kuguma ku-
cigere kuşika. 8 Nokuti rudzi rucamu-
kira rudzi, ʋushe *bgucamukira* ʋushe;
kuɗeŋgenyika kwenyika kucaʋa'po ku-
nedzimŋe nȥimbo; nenzara dzicaʋa'po.
Ndiko kutaŋga kwenhamo.
9 Ȥicenjerei imi, nokuti ʋacakuisai
kumakurukota, ʋuye mucarobga mu-
masinagoge, mucaiswa pamberi paʋa-
ɓati namadzimambo nokuɗa kwaŋgu,
ciʋe capupu kwaʋari. 10 NeEvaŋgeri
inofanira kutaŋga kumboparidzirwa ma-
rudzi ose. 11 Kana ʋacienda nemi
*kukutoŋgwa*, ʋacikuisai kumakurukota,
musamboɗuŋganya ȥamucataura, asi
taurai camuneŋge mapiwa neŋguʋa iyo.
Nokuti hamuzimi munotaura, asi *ndi*-
Mŋeya Mutşene. 12 Mukoma ucaisa
mununuŋuna kurufu, naɓaɓa mŋana
waʋo; naʋana ʋacamukira ʋaɓereki ʋaʋo
nokuʋaʋurayisa. 13 Mucaʋeŋgwa na-
ʋose nokuɗa kwezita raŋgu; asi uno-
tsuŋga kuşikira pakuguma ucaponeswa.
14 Ȥino kana muciʋona nyaŋgadzi
yokuparadza imire paisina-kufanira *ku-
mira* (unoraʋa ŋgaacerekedze), ʋari mu-
Judea ŋgaʋatizire kumakomo; 15 uri
pamsoro peɗeŋga reimba ŋgaarege
kuɓuruka, kana kupinda kuzotora cinhu
mumba make. 16 Nouri mumunda
ŋgaarege kudzokera shure kuzotora
ŋguʋo yake. 17 Ʋacaʋa nenhamo
ʋanemimba naʋanomŋisa namazuʋa
iwayo! 18 Nyeŋgeterai kuti ȥirege kuʋa
pacando. 19 Nokuti namazuʋa iwayo
kucaʋa'po kutambudzika, kusati kwa-
kamboʋa'po kwakaɗaro, kubva paku-
taŋga kwokusikwa kwakasikwa naMŋari,
kuşikira ȥino, ʋuye hakucazoʋi'po.
20 Ɗai Ishe asaitapudza mazuʋa iwayo,
hakunenyama yairarama; asi nokuɗa
kwaʋakasanaŋgurwa ʋaakasanaŋgura,

wakatapudza mazuʋa iwayo. 21 Ȥino
kana munhu aciti kwamuri: Tarirai
Kristu uri pano, tarirai uri papo, regai
kutenda. 22 Nokuti ʋanaKristu ʋenhe-
ma ʋacamuka, naʋaprofita ʋenhema,
ʋacaita ȥiratidȥo neȥinoshamisa, kuti
ʋatsause ʋakasanaŋgurwa, kana ȥici-
bvira. 23 Asi cenjerai imi; tarirai,
ndagara ndakuʋudzai ȥose!
24 Asi namazuʋa iwayo, shure kwoku-
tambudzika ikoko, zuʋa ricaşiɓa, no-
mŋedzi haucazobginyi, 25 nenyeredzi
dzicawa kuɗeŋga, namasimba ari ku-
ɗeŋga acazunuŋguswa. 26 Ipapo ʋaca-
ʋona Mŋanakomana womunhu aciʋuya
mumakore nesimba guru nokubginya.
27 Ipapo ucatuma ʋatumŋa, akaʋuŋga-
nidza ʋakasanaŋgurwa ʋake *kunobva*
mhepo inna, kubva kurutiʋi *rumŋe*
rwenyika kuşikira *kunorumŋe* rutiʋi
rwokuɗeŋga.
28 Dzidzai pamuʋonde mufananidzo
wawo; kana ɗaʋi rawo raʋa nyoro,
mashizha acituŋga, munoziʋa kuti zhezha
raʋa pedyo. 29 Saiȥoȥo imi ʋo, kana
moʋona iȥoȥo ȥiciitwa, ziʋai kuti waʋa
pedyo pamukoʋa. 30 Ȥirokwaȥo ndinoti
kwamuri: Rudzi urwu haruŋgatoŋgo-
pfuʋuri, kuşikira iȥoȥo ȥose ȥaitika.
31 Ɗeŋga nenyika ȥicapfuʋura, asi
mashoko aŋgu haaŋgatoŋgopfuʋuri.
32 Asi kana riri zuʋa iro neŋguʋa iyo,
hakuna-unoȥiziʋa, kunyaŋge ʋatumŋa
ʋokuɗeŋga, kunyaŋge Mŋanakomana,
asi Ɓaɓa. 33 Cenjerai, murinde, noku-
nyeŋgetera; nokuti hamuziʋi kuti ŋguʋa
icaşika rini. 34 *Ȥakaita* somunhu
wakaenda kuneimŋe nyika, akasiya imba
yake, akapa ʋaranda ʋake simba, mumŋe
nomumŋe ɓasa rake, akaraira murindi
womukoʋa kuti arindire. 35 Naiȥoȥo
rindai, nokuti hamuziʋi musi mŋene
weimba waanoʋuya nawo, kana maɗeko,
kana pakati poʋusiku, kana pakurira
kwehuku, kana maŋgwanani; 36 kuti
arege kuʋuya kamŋe-kamŋe, akakuwa-
nai muʋete. 37 Ȥandinokuʋudzai imi,
ndinoʋudza ʋose, *ndiciti*: Rindai!

*ʋaJuda ʋanoraŋgana kuʋuraya Jesu.*

(Mat. 26. 2–5; Ruka 22. 1–2.)

14 1 Ȥino mazuʋa maʋiri akaŋga
asara pakuşika kwepaseka *no-
mutambo* weȥiŋgwa ȥisinembi-
riso. ʋaprista ʋakuru naʋanyori
ʋakaŋga ʋacitşaka mutoʋo waʋaŋgamu-
ɓata nawo namano, kuti ʋamuʋuraye.
2 Nokuti ʋakati: Ȥirege *kuitwa* pamu-
tambo, kuti kurege kuʋa neɓope pakati
paʋanhu.

*Jesu unozodzwa nomukadzi paBetania.*

(Mat. 26. 6–13; Joh. 12. 1–8.)

3 Ȥino wakati ari paBetania, mumba
maSimoni wamaperembudzi, agere pa-
kudya, mumŋe mukadzi akaʋuya ane-
cinu cearbastera caiʋa necizoro cenardo
cakanakisa, cinomuteŋgo mukuru; aka-
putsa cinu cearbastera, akaciɗurura
pamusoro wake. 4 Asi ʋamŋe ʋakaŋga
ʋari'po ʋakatsamŋa pamŋoyo yaʋo,
ʋakati: Kuparadza ikoko kwecizoro
kwakaitirweiko? 5 Nokuti cizoro ici
ciŋgaɗai cateŋgeswa namadenari ano-
pfuʋura mazana matatu,* akapiwa
ʋarombo. ʋakatsamŋira *mukadzi*. 6 Asi
Jesu wakati: Muregei. Munomutambu-
dzireiko? Wakandiitira ɓasa rakanaka.
7 Nokuti ʋarombo munaʋo ŋguʋa
dzose, ŋguʋa ipi neipi yamunoɗa,
muŋgaʋaitira ȥakanaka; asi ini hamu-
neni ŋguʋa dzose. 8 Wakaita paakagona
napo; wakagara azodzera muʋiri waŋgu
kuʋigwa. 9 Ȥirokwaȥo ndinoti kwa-
muri: Kwose kunozoparidzirwa Eva-
ŋgeri panyika dzose, ȥakaitwa naye
ȥicarebga ʋo, ʋamuraŋgarire naȥo.

*Judasi Iskarioti unotşaka kuteŋgesa Jesu.*

(Mat. 26. 14–16; Ruka 22. 3–6.)

10 Judasi Iskarioti, mumŋe waʋane-
gumi naʋaʋiri, wakaenda kuʋaprista
ʋakuru, kuti amuise kwaʋari. 11 Iʋo
ʋakati ʋaciȥinzwa, ʋakafara, ʋakamupi-
kira kuti ʋacamupa mari. Ipapo
akatşaka mutoʋo waaŋgamuisa *kwaʋari*
nawo paŋguʋa yakaɗanira

*Paseka neCirayiro.*

(Mat. 26. 17–30; Ruka 22. 7–23.)

12 Nezuʋa rokutaŋga reȥiŋgwa ȥisi-
nembiriso, musi waʋaiɓayira paseka
nawo, ʋadzidzi ʋakati kwaari: Munoɗa
kuti tikugadzirirepiko pamuŋgadya pa-
seka? 13 Akatuma ʋadzidzi ʋake
ʋaʋiri, akati kwaʋari: Endai muguta,
ipapo mucasoŋgana nomunhu akatakura
ciroŋgo cemvura; mumuteʋere iye.
14 Paaneŋge acipinda, muti kumŋene
weimba: Ȥanzi nomudzidzisi: Imba
yaŋgu yaʋaeni iripiko, mandiŋgadyira
paseka naʋadzidzi ʋaŋgu? 15 Ipapo

* Mari ineŋge pondo gumi nembiri.

iye amene ucakutaridzai imba huru yo-
kumsoro, yakaroŋgedzwa, yakagadzirwa;
mutigadzirire'po.
16 Ʋadzidzi ʋake
ʋakaɓuɗa, ʋakaȿika muguta, ʋakando-
wana seɀaʋakaŋga ʋaʋudzwa naye;
ʋakagadzira paseka.
17 Aʋa maɗekwana, akaʋuya naʋane-
gumi naʋaʋiri.
18 Ɀino ʋakati ʋagere
pakudya, Jesu akati: Ɀirokwaɀo ndinoti
kwamuri: Mumŋe wenyu ucandipandu-
kira, iye unodya neni.
19 Ipapo
ʋakataŋga kuʋa neshuŋgu, mumŋe no-
mumŋe akati kwaari: Ndini here?
20 Akati kwaʋari: Ndomumŋe waʋane-
gumi naʋaʋiri, unoisa ruʋoko neni
mundiro.
21 Nokuti Mŋanakomana
womunhu unoenda hake, seɀaɀaka-
nyorwa pamsoro pake; asi unenhamo
munhu uyo, Mŋanakomana womunhu
waanopandukirwa naye; kwaiʋa nani
kumunhu uyu kana asina-kuɓerekwa.
22 Ɀino ʋakati ʋacidya, Jesu akatora
ciŋgwa, aka*ci*ropafadza, akacimeɗura,
ndokuʋapa, aciti: Torai, ici ndiwo
muʋiri waŋgu.
23 Akatora mukombe,
akaʋoŋga, akaʋapa, ʋakanwa ʋose pauri.
24 Akati kwaʋari: Ici iropa raŋgu
resuŋgano itȿa, rinoɗururirwa ʋazhinji.
25 Ɀirokwaɀo, ndinoti kwamuri: Ha-
ndicazonwi ɀe ɀiɓereko ɀomuzambiriŋga,
kuȿikira zuʋa iro randicazonwa naro,
ɀaʋa ɀitȿa, muʋushe bgaMŋari.
26 Ɀino ʋakati ʋaimba rwiyo, ʋaka-
ɓuɗa, *vakaenda* kugomo reMiorivi.

*Jesu unovudza Petro kuti ucamuramba.*

(Mat. 26. 31–35; Ruka 22. 31–34; Joh. 13. 36–38.)

27 Ɀino Jesu wakati kwaʋari: Imi
mose mucagumburwa kwandiri, nokuti
kwakanyorwa, *kucinzi*: Ndicaroʋa mu-
fudzi, namakwai acaparadzwa.
28 Asi
kana ndamutswa, ndicakutuŋgamirirai
Garirea.
29 Ɀino Petro akati kwaari:
Kunyaŋge ʋose ʋakagumburwa, ini
kwete.
30 Jesu akati kwaari: Ɀirokwaɀo
ndinoti kwauri, kuti nhasi, ʋusiku
bguno, joŋgwe risati rarira kaʋiri,
ucandiramba katatu.
31 Asi iye waka-
reʋa nokusimbisa, *aciti*: Kunyaŋge
ndikafanira kufa nemi, handiŋgato-
ŋgokurambiyi ini. Naʋose ʋakaɗaro ʋo.

*Jesu muGetsemani.*

(Mat. 26. 36–46; Ruka 22. 39–46.)

32 Ɀino ʋakaȿika panɀimbo inonzi
Getsemani, akati kuʋadzidzi ʋake:
Garai pano, ini ndicindonyeŋgetera.
33 Akatora Petro naJakobo naJohane,
akataŋga kuvunduka kwaɀo nokuɗu-
mbirwa.
34 Akati kwaʋari: Mŋeya
waŋgu uneshuŋgu kwaɀo, kuȿikira pa-
kufa; garai pano murinde.
35 Aka-
pfuʋura mberi ɀishoma, akawira pasi,
akayeŋgetera kuti, kana ɀicibvira, ŋguʋa
ipfuʋure kwaari.
36 Akati: Aba, Ɓaɓa,
ɀose ɀinobvira kwamuri, bvisai mu-
kombe uyu kwandiri, asi kuɗa kwaŋgu
ŋgakurege *kuitwa*, asi kuɗa kwenyu.
37 Ɀino akaȿika, akaʋawana ʋaʋata;
akati kunaPetro: Simoni, uʋete here?
Wakaŋga usiŋgagoni kurinda ŋguʋa
imŋe cete here?
38 Rindai, munyeŋge-
tere, kuti murege kupinda mukuidzwa;
mŋeya unoɗa hawo, asi nyama haine-
simba.
39 Akaenda ɀe, akanyeŋgetera
acireʋa mashoko iwayo.
40 Akaenda
ɀe, akaʋawana ʋaʋata, nokuti meso aʋo
akaŋga aɓatwa nehope kwaɀo; ʋaka-
saziʋa ɀaʋaŋgamupindura.
41 Akaenda
ɀe rwecitatu, akati kwaʋari: Ciʋatai
henyu, muzorore; ɀariŋgana, ŋguʋa
yaȿika, tarirai, Mŋanakomana womunhu
woiswa mumaʋoko aʋatadzi.
42 Simu-
kai, tiende; tarirai, wondiisa *kwavari*
waʋa pedyo.

*Kusuŋgwa kwaJesu.*

(Mat. 26. 47–56; Ruka 22. 47–53; Joh. 18. 1–11.)

43 Pakarepo, acataura, Judasi, mumŋe
waʋanegumi naʋaʋiri, akaȿika, ana-
ʋanhu ʋazhinji ʋakaɓata minondo
netȿimbo, ʋacibva kuʋaprista ʋakuru
naʋanyori naʋakuru.
44 Ɀino iye,
wakamupandukira, wakaŋga aʋapa cira-
tidzo, aciti: Uyo wandinoȿeta ndiye,
mumuɓate muende naye *makamusuŋga*
ɀakaɓata.
45 Ɀino wakati aȿika, paka-
repo akasweɗera kwaari, akati: Rabi!
Akamuȿeta ɀikuru.
46 Ipapo ʋakaisa
maʋoko kwaari, ʋakamuɓata.
47 Ɀino
mumŋe waʋakaŋga ʋamire'po, waka-
vomora munondo wake, akatema mu-
randa womuprista mukuru, akagura
nzeʋe yake.
48 Ipapo Jesu akapindura,
akati kwaʋari: Maɓuɗa kuzondiɓata
neminondo netȿimbo, *sendiri* gororo
here?
49 Ndakaŋga ndinemi mazuʋa
ose, ndicikudzidzisai mutembere, mu-
karega kundiɓata, asi *iɀi ɀaitwa*, kuti
Magwaro aitike.
50 Ipapo ʋakamusiya
ʋose, ʋakatiza.
51 Ɀino rimŋe jaya rakamuteʋera,
rakapfeka muceka ɓedzi pamuʋiri,

ʋakariɓata; 52 asi rakasiya muceka,
rikatiza risineŋguʋo.

*Jesu pamberi pomuprista mukuru naʋakuru.*

(Mat. 26. 57–68; Ruka 22. 63–71; Joh. 18. 12–24.)

53 Ȥino ʋakaisa Jesu kumuprista mu-
kuru; ʋaprista ʋakuru ʋose naʋakuru
naʋanyori ʋ kaʋuŋganira kwaari.
54 Petro wakaŋga amuteʋera ari kure
kuşikira paruʋazhe rwomuprista mu-
kuru; akaŋga agere naʋatariri, acidziya
mŋoto. 55 Ȥino ʋaprista ʋakuru na-
makurukota ose ʋakatşaka capupu pa-
msoro paJesu kuti ʋamuʋuraye, asi
haʋana-kuwana. 56 Nokuti ʋazhinji
ʋaimupupurira nhema, asi kupupura
kwaʋo kwakapesana. 57 Ʋamŋe ʋaka-
simuka, ʋakamupupurira nhema, ʋaciti:
58 Takamunzwa isu aciti: Ndicaputsa
tembere iyi yakaʋakwa namaʋoko,
ndikaʋaka imŋe namazuʋa matatu,
isina-kuʋakwa namaʋoko. 59 Asi ku-
pupura kwaʋo kwakapesana. 60 Ȥino
muprista mukuru akasimuka pakati
*paʋo*, akabvunza Jesu, aciti: Haupinduri
cinhu here? Cinyi ici caʋanokupo-
medzera? 61 Asi iye wakaramba
anyerere, asiŋgapinduri cinhu. Mu-
prista mukuru akamubvunza ȥe, akati
kwaari: Ndiwe Kristu, Mŋanakomana
wounokudzwa here? 62 Jesu akati:
Ndini. Nemi mucaʋona Mŋanakomana
womunhu agere kurudyi rwesimba,
aciʋuya namakore okuɗeŋga. 63 Ipapo
muprista mukuru akabvarura ŋguʋo
dzake, akati: Ticatşakireiko ȥapupu?
64 Manzwa kumhura kwake *Mŋari*;
munofuŋgeiko? Ipapo ʋose ʋakamu-
toŋgera kuti unofanira kufa. 65 Ʋamŋe
ʋakataŋga kumupfira mate, ʋakafukidza
meso ake, ʋakamuroʋa netsiʋa, ʋaciti
kwaari: Profita; naʋatariri ʋakamuroʋa
namaʋoko.

*Kuramba kwaPetro.*

(Mat. 26. 69–75; Ruka 22. 54–62; Joh. 18. 16–18, 25–27.)

66 Ȥino Petro aciri panze paruʋazhe,
mumŋe waʋashandiri ʋomuprista mu-
kuru akaşika, 67 akaʋona Petro aci-
dziya mŋoto, akamutarira, akati: Newe
ʋo wakaŋga unaJesu weNazareta! 68 Asi
iye wakaramba, aciti: Handiziʋi kana
kunzwisisa ȥaunoreʋa; akaɓuɗa panze
kuruʋazhe rwapamberi, joŋgwe rikarira.
69 Ȥino mushandiri akamuʋona, aka-
taŋga ȥe kureʋa kunaʋakaŋga ʋari'po,
aciti: Uyu ndo*mumŋe* waʋo! 70 Asi iye
wakaramba ȥe. Ŋguʋa ɗuku yakati
yapfuʋura, ʋakaŋga ʋamire'po ʋakati ȥe
kunaPetro: Ȥirokwaȥo, uri *mumŋe* waʋo,
nokuti newe ʋo uri muGarirea. 71 Ipa-
po akataŋga kutuka nokupika, aciti:
Handimuziʋi munhu uyu wamunoreʋa.
72 Pakarepo joŋgwe rikarira rwecipiri;
ipapo Petro akaraŋgarira shoko rakaŋga
rarebga kwaari naJesu *rokuti*: Joŋgwe
risati rarira kaʋiri, ucandiramba katatu.
Ȥino wakati acifuŋga *iȥoȥo*, akacema.

*Jesu pamberi paPirato.*

(Mat. 27. 1, 2, 11–26; Ruka 23. 1–25; Joh. 18. 29–19. 16.)

**15** 1 Pakarepo maŋgwanani ʋa-
prista ʋakuru ʋakaraŋgana na-
ʋakuru naʋanyori namakuru-
kota ose, ʋakasuŋga Jesu, ʋakaenda
naye, ʋakamuisa kunaPirato. 2 Pirato
akamubvunza, akati: Ndiwe Mambo
waʋaJuda here? Akapindura, akati
kwaari: *Ndiȥo* ȥamataura. 3 Ʋaprista
ʋakuru ʋakaramba ʋacimupomera ȥi-
zhinji. 4 Pirato akamubvunza ȥe akati:
Haupinduri cinhu here? Cinzwa,
ʋanokupomera ȥizhinji seiko! 5 Asi
Jesu haana-kuzopindura cinhu, Pirato
akashamiswa naȥo.
6 Ȥino pamutambo waisiʋasunuŋgu-
rira musuŋgwa mumŋe, waʋaneŋge
ʋaikumbira. 7 Ȥino kwakaŋga kuno-
mumŋe wainzi Barabasi, wakaŋga asu-
ŋgwa pamŋe cete naʋamŋe ʋakaŋga
ʋamutsa ɓope, ʋakaʋuraya *vanhu* pa-
ɓope *irero*. 8 Ʋanhu ʋazhinji ʋakakwira,
ʋakataŋga kukumbira kunaPirato kuti
aʋaitire saiȥoȥo. 9 Pirato akaʋapindura,
akati: Munoɗa kuti ndikusunuŋgurirei
Mambo waʋaJuda here? 10 Nokuti
wakaŋga aciziʋa kuti ʋaprista ʋakuru
ʋakaŋga ʋamuisa *kwaari* negoɗo.
11 Ȥino ʋaprista ʋakuru ʋakakurudzira
ʋanhu ʋazhinji, *kuti ʋakumbire* kuti
ȥirinani aʋasunuŋgurire Barabasi.
12 Pirato akapindura ȥe, akati kwaʋari:
Ndicagoiteiko naiye, wamunoti ndiye
Mambo waʋaJuda? 13 Ʋakaɗanidzira
ȥe, ʋaciti: Muroʋere pamucinjikwa!
14 Pirato akati kwaʋari: Wakagota-
dzeiko? Ʋakanyanyisa kuɗanidzira,
ʋaciti: Muroʋere pamucinjikwa! 15 Ȥi-
no Pirato, nokuti wakaŋga aciɗa kufadza
ʋanhu ʋazhinji, akaʋasunuŋgurira Ba-
rabasi, asi Jesu wakamuroʋesa, aka-

muisa *kwaʋari* kuti aroʋerwe pamuci-
njikwa.

*Jesu unoɗaɗirwa naʋarwi.*

(Mat. 27. 27–31; Joh. 19. 2, 3.)

16 Ȥino ʋarwi ʋakamuisa mukati
moruʋazhe, imo muimba yomuɓati, ʋa-
kaʋuŋganidza hondo yose; 17 ʋaka-
mupfekedza ŋguʋo tȿuku, ʋakaruka
korona yeminzwa, ʋakamudzika iyo.
18 Ʋakataŋga kumukwazisa, *ʋaciti*:
Kwaziwai, Mambo waʋaJuda! 19 Ʋa-
kamuroʋa musoro norutsaŋga, ʋaka-
mupfira mate, ʋakafugama namabvi,
ʋakamunamata. 20 Ʋakati ʋamuseka,
ʋakamubvisa ŋguʋo tȿuku, ndokumu-
pfekedza ŋguʋo dzake, ʋakaenda naye
kundomuroʋera pamucinjikwa.

*Jesu unoroʋerwa pamucinjikwa.*

(Mat. 27. 32–56; Ruka 23. 26–49; Joh. 19. 17–37.)

21 Ȥino ʋakamanikidza mumŋe, wa-
kaŋga acipfuʋura acibva kuruwa, *wainzi*
Simoni weKurini, ɓaɓa ʋaAreksandro
naRufo, kuti atakure mucinjikwa wake.
22 Ʋakamuisa kunȥimbo *inonzi* Gorgo-
ta, ndokuti nȥimbo yeɗehenya, kana
ȥicishandurwa. 23 Ʋakamupa waini,
yakaveŋganiswa nemura, asi iye waka-
ȥiramba. 24 Ʋakati ʋamuroʋera pamu-
cinjikwa, ʋakagoʋana ŋguʋo dzake,
ʋacikanda mijenya pamsoro padzo, kuti
mumŋe nomumŋe apiwe cake. 25 Ya-
kaŋga iri ŋguʋa yecitatu, ʋakamuroʋera
pamucinjikwa. 26 Norugwaro rwe-
mhoȿa yake rwakaŋga rwakanyorwa
pamsoro *pake*, *ruciti*: MAMBO WA-
ƲAJUDA. 27 Ʋakaroʋera pamuci-
njikwa pamŋe cete naye makororo
maʋiri, mumŋe kurudyi rwake, mumŋe
kuruɓoshwe. [28 Rugwaro rukaitika,
runoti: Wakarabga naʋaɗariki ʋomu-
rairo.] 29 Naʋaipfuʋura ʋakamutuka,
ʋacidzuŋgudza misoro yaʋo, ʋaciti:
Iwe, wokuputsa tembere, nokuiʋaka ȥe
namaȥuʋa matatu, 30 ciȥiponesa iwe,
uɓuruke pamucinjikwa! 31 Saiȥoȥo
ʋaprista ʋakuru naʋanyori ʋaka*mu*seka
pakati paʋo, ʋaciti: Wakaponesa ʋamŋe,
ȥino haagoni kuȥiponesa. 32 Kristu,
Mambo waʋaIsraeri, ŋgaaɓuruke ȥino
pamucinjikwa, kuti tiʋone titende.
Naʋakaŋga ʋaroʋerwa pamŋe cete naye
ʋakamuȥidza.
33 Ȥino yakati yaʋa ŋguʋa yecitanhatu,
rima rikaʋa'po panyika yose kuȿikira
paŋguʋa yepfumbamŋe. 34 Neŋguʋa
yepfumbamŋe Jesu akaɗana nenzwi
guru, aciti: Eroi, Eroi, rama Saɓaktani!
Ndokuti, kana ȥicishandurwa: Mŋari
waŋgu, Mŋari waŋgu, mandisiyireiko?
35 Ʋamŋe ʋakaŋga ʋamire'po ʋakati
ʋaciȥinzwa, ʋakati: Cinzwai, unoɗana
Eria. 36 Ipapo mumŋe wakamhanya,
akazadza cipanje nevinega, akaciisa
parutsaŋga, ndokumunwisa, aciti: Regai
timboʋona kana Eria acizoʋuya kumu-
ɓurusa. 37 Ipapo Jesu akaɗana nenzwi
guru, akaɓuɗisa mŋeya *wake*. 38 Cidzi-
tiro cetembere cikabvaruka napakati,
kubva kumsoro kuȿikira pasi. 39 Ȥino
mukuru wezana wakaŋga amire'po, aka-
tarisana naye, wakati aciʋona mutoʋo
wokufa kwake, akati: Ȥirokwaȥo, munhu
uyu wakaŋga ari Mŋanakomana wa-
Mŋari. 40 Naʋakadzi ʋakaŋga ʋari'po,
ʋakatarira ʋari kure; pakati paʋo
*kwakaŋga* kunaMaria Magdarene, na-
Maria mai ʋaJakobo muɗuku naJose,
naSarome; 41 ndiʋo ʋaimuteʋera aciri
muGarirea ʋacimushandira, naʋamŋe
ʋakadzi ʋazhinji ʋakaŋga ʋakwira Jeru-
sarema naye.

*Kuʋigwa kwaJesu.*

(Mat. 27. 57–66; Ruka 23. 50–56; Joh. 19. 38–42.)

42 Ȥino aʋa maɗeko, ȥarakaŋga riri
zuʋa rokugadzirira, ndokuti rinotaŋgira
saɓata, 43 Josefa weArimatea, *mumŋe*
wamakurukota, munhu wakakudzwa—
iye amene wakaŋga acigarira ʋo ʋushe
bgaMŋari—wakaʋuya akapinda noku-
tsuŋga kunaPirato, akakumbira mu-
tumbu waJesu. 44 Pirato akashamiswa
*acinzwa* kuti wakaŋga atofa; akaɗana
mukuru wezana, akamubvunza kana
akaŋguʋa afa. 45 Ȥino wakati aȥinzwa
kumukuru wezana, akapa Josefa mu-
tumbu. 46 Iye akateŋga muceka, aka-
muɓurusa, akamuputira nomuceka,
ndokumuʋiga mubgiro bgakaŋga bgaka-
cerwa pabge, ndokukuŋgurusira ibge
pamuromo wobgiro. 47 Maria Magda-
rene, naMaria mai ʋaJose, ʋakaʋona
paakaʋigwa.

*Kumuka kwaJesu, nokuȥiratidza kwake.*

(Mat. 28. 1–20; Ruka 24. 1–49; Joh. 20. 1–23.)

16 1 Saɓata yakati yapfuʋura,
Maria Magdarene, naMaria mai
ʋaJakobo, naSarome, ʋakate-
ŋga ȥinonhuwira, kuti ʋaende kuzo-
muzodza. 2 Maŋgwanani nomusi
wokutaŋga weviki, ʋakaenda kubgiro,

zuʋa roɓuɗa. 3 Ʋakataurirana, ʋaciti:
Ndianiko ucatikuŋgurusira ibge pamu-
koʋa wobgiro? 4 Ȥino ʋakati ʋacita-
rira, ʋakaʋona kuti ibge rakaŋga rato-
kuŋguruswa, nokuti raiʋa guru-guru.
5 Ʋakapinda mubgiro, ʋakaʋona jaya,
rakaŋga rigere kurudyi, rakapfeka
ŋguʋo cena yakareɓa, ʋakavunduka.
6 Rikati kwaʋari: Musavunduka, mu-
notşaka Jesu weNazareta, wakaŋga aro-
ʋerwa pamucinjikwa; wamuka, haa'po
pano; tarirai paʋakaŋga ʋamuisa.
7 Asi endai, mundoʋudza ʋadzidzi ʋake
naPetro, kuti unokutuŋgamirirai Gari-
rea, mucandomuʋona'ko, seȥaakaku-
ʋudzai. 8 Ʋakaɓuɗa, ʋakatiza *vacibva*
pabgiro, nokuti ʋakaŋga ʋaɓatwa noku-
ɗeɗera nokushamiswa; ʋakasaʋudza
munhu cinhu, nokuti ʋakaŋga ʋacitya.
9 Ȥino wakati amuka maŋgwanani
nomusi wokutaŋga weviki, akaȥiratidza
pakutaŋga kunaMaria Magdarene, wa-
akaŋga aɓuɗisa mŋeya yakaipa minomŋe
kwaari. 10 Iye akaenda kundoʋudza
aʋo ʋaiʋa naye, ʋakaŋga ʋacicema
nokurira. 11 Iʋo ʋakati ʋacinzwa kuti
uri mupenyu, ʋuye kuti wakaʋonekwa
naye, ʋakasatenda.
12 Shure kwaiȥoȥo wakaȥiratidza no-
mumŋe mutoʋo kunaʋaʋiri ʋaʋo, ʋa-
kaŋga ʋacifamba muruwa. 13 Naiʋo
ʋo ʋakaenda, ʋakandoʋudza ʋamŋe;
naiʋo ʋakasaʋatenda ʋo.
14 Pashure wakaȥiratidza kunaʋane-
gumi nomumŋe, ʋagere pakudya; aka-
ʋapa mhaka pamsoro pokusatenda
kwaʋo noʋukukutu bgemŋoyo yaʋo,
nokuti haʋana-kutenda ʋaya ʋakaŋga
ʋamuʋona amuka. 15 Akati kwaʋari:
Endai munyika yose, muparidzire ȥisi-
kwa ȥose Evaŋgeri. 16 Unotenda,
akabapatidzwa, ucaponeswa; asi usiŋga-
tendi ucatoŋgwa. 17 Ȥiratidzo iȥi
ȥicaʋa naʋanotenda: Ʋacaɓuɗisa mŋeya
yakaipa nezita raŋgu, ʋacataura nendimi
itşa; 18 ʋacaɓata nyoka; kunyaŋge
ʋakanwa cinhu cinoʋuraya, haciŋga-
ʋarwadzi; ʋacaisa maʋoko pamsoro
paʋarwere, ʋakapora.

*Kukwira kwaJesu.*

(Ruka 24. 50–53; Maɓ. 1. 9–11.)

19 Ȥino Ishe Jesu wakati ataura naʋo,
akagamucirwa kuɗeŋga, akagara kuru-
ʋoko rworudyi rwaMŋari. 20 Iʋo
ʋakaenda, ʋakaparidza kwose-kwose,
Ishe aciɓata naʋo, acisimbisa shoko
neȥiratidzo ȥaiʋa naʋo.

# EVAŊGERI YAKANYORWA NARUKA

*Shoko rokuvamba.*

1 1 Ʋazhinji ȥaʋakaidza kuronde-
dzera mashoko eȥinhu iȥo ȥaka-
itika pakati peɗu, 2 seȥaʋakatipa
iʋo ʋakaȥiʋona nameso aʋo kubva
pakutaŋga, na*ʋaiʋa* ʋanyai ʋeshoko,
3 neni ʋo, ndakati ndanatso-feya ȥose
kubva pakutaŋga, ndakati ȥakanaka kuti
ndikunyorerei ʋo nokuteʋedzanisa, imi
Teofiro, makakurumbira; 4 kuti mu-
ziʋe kuti mashoko amakadzidziswa
ndeeȥokwaɗi.

*Zakaria unoziʋiswa kuɓerekwa kwa-
Johane Mubapatidzi.*

5 Namazuʋa aHerode, mambo we-
Judea, mumŋe muprista waiʋa'po,
wainzi Zakaria, wegoʋero raAbia; muka-
dzi wake waiʋa waʋanasikana ʋaAroni,
zita rake rainzi Erisabete. 6 Ʋakaŋga
ʋakarurama ʋose, ʋari ʋaʋiri, pamberi
paMŋari, ʋacifamba nemirairo neȥaka-
rurama ȥose ȥaShe, ʋasina-caʋaŋga-
pomerwa. 7 Ʋakaŋga ʋasinomŋana,
nokuti Erisabete wakaŋga asiŋgaɓereki,
ʋuye ʋakaŋga ʋacembera ʋose ʋari
ʋaʋiri.
8 Ȥino, wakati aciɓate-ɓasa roʋuprista
pamberi paMŋari, padzoro regoʋero
rake, 9 akagoʋerwa netsika dzoʋu-
prista, kuti apinde mutembere yaShe,
kuzopisa ȥinonhuwira. 10 Ʋanhu
ʋazhinji ʋose ʋakaŋga ʋacinyeŋgetera
kunze neŋguʋa yokupisa ȥinonhuwira.
11 Ipapo mutumŋa waShe wakaʋone-
kwa naye, amire kurudyi rweartari
yeȥinonhuwira. 12 Zakaria akamaniki-

dzwa acimuʋona; kutya kukamuwira.
13 Mutumŋa akati kwaari: Usatya
Zakaria, nokuti kukumbira kwako kwa-
nzwika, mukadzi wako Erisabete ucaku-
ɓerekera mŋanakomana, ugomutumidza
zita rinonzi Johane. 14 Iwe ucaʋa
nomufaro nokufarisisa, naʋazhinji ʋaca-
farira kuɓerekwa kwake. 15 Nokuti iye
ucaʋa mukuru pamberi paShe; haaŋga-
toŋgonwi waini neȥinoɓata; ucazadzwa
noMŋeya Mutşene kubva paɗumbu
ramai ʋake. 16 Ucadzorera ʋazhinji
ʋaʋana ʋaIsraeri kunaShe, Mŋari waʋo.
17 Ucafamba pamberi pake noMŋeya
nesimba raEria, kuti adzorere mŋoyo
yamadziɓaɓa kuʋana, naʋasiŋgatereri
kuʋucenjeri bgaʋakarurama, agadzirire
Ishe ʋanhu ʋaka*mu*gadzirirwa kwaȥo.
18 Zakaria akati kumutumŋa: Iȥoȥi
ndicaȥiziʋa seiko? Nokuti ini ndaʋa
mutana, nomukadzi waŋgu wacembera.
19 Mutumŋa akapindura, akati kwaari:
Ndini Gabrieri, ndinomira pamberi
paMŋari; ndatumŋa kuti nditaure newe,
ndikuparidzire mashoko awa akanaka.
20 Tarira, ucanyarara, usiŋgagoni ku-
taura, kuşikira zuʋa rinoitwa ȥinhu iȥi,
nokuti hauna-kutenda mashoko aŋgu,
acaitika neŋguʋa yawo. 21 Ʋanhu
ʋakaŋga ʋakamirira Zakaria ʋakasha-
miswa nokunonoka kwake mutembere.
22 Ȥino wakati aciɓuɗa, akasagona
kutaura naʋo; ʋakaziʋa kuti wakaŋga
aʋona ciratidzo mutembere; iye akara-
mba acininira namaʋoko, akaramba ari
mbeʋeʋe. 23 Ȥino mazuʋa okushumira
kwake akati apera, akaenda kumba
kwake.
24 Mazuʋa iwayo akati apfuʋura,
Erisabete mukadzi wake akatora mimba,
akaȥiʋanza mŋedzi mishanu, aciti:
25 Ndiȥo ȥandakaitirwa naShe nama-
zuʋa aaka*ndi*tarira, kuti abvise kunya-
dzwa kwaŋgu pakati paʋanhu.

*Maria unoȥiʋiswa kuti ucaɓereka Jesu.*

26 Nomŋedzi wecitanhatu mutumŋa
Gabrieri wakatumŋa naMŋari kuguta
reGarirea, rinonzi Nazareta, 27 ku-
mhandara yakaŋga yanyeŋgwa nomu-
rume, wainzi Josefa, weimba yaDavidi;
zita remhandara rainzi Maria. 28 Mu-
tumŋa akapinda kwaari, akati: Kwaziwa,
*iwe* wakaropafadzwa, Ishe unewe! 29 Iye
akavunduswa kwaȥo neshoko iro, aka-
fuŋga kuti kukwazisa kwakaɗaro ndo-
kweiko. 30 Ipapo mutumŋa akati
kwaari: Usatya Maria, nokuti wanzwi-
rwa nyasha naMŋari. 31 Tarira, ucaʋa
nemimba, ucaȥara mŋanakomana, ugo-
mutumidza zita rinonzi Jesu. 32 Iye
ucaʋa mukuru, ucanzi Mŋanakomana
woWokumsoro-soro; Ishe Mŋari uca-
mupa cigaro coʋushe caɓaɓa ʋake
Davidi. 33 Ucaɓata imba yaJakobo
nokusiŋgaperi, noʋushe bgake habgu-
ŋgaʋi nomugumo. 34 Ipapo Maria
akati kumutumŋa: Iȥoȥi ȥiŋgaʋa seiko,
ȥandisiŋgaziʋi murume? 35 Mutumŋa
akapindura, akati kwaari: Mŋeya Mu-
tşene ucaʋuya pamsoro pako, nesimba
roWokumsoro-soro ricakufukidza; saka
ico citşene cicaɓerekwa cicanzi: Mŋana-
komana waMŋari. 36 Ʋuye tarira,
Erisabete, hama yako, naiye waʋa
nemimba ʋo yomŋanakomana pakuce-
mbera kwake; mŋedzi uno waʋa
wecitanhatu kunaiye wainzi haaɓereki.
37 Nokuti hakuneshoko raMŋari rica-
shaiwa simba. 38 Ipapo Maria akati:
Tarirai, *ndiri* mushandiri waShe; ndi-
itirwe haŋgu seȥamataura. Mutumŋa
akabva kwaari

*Maria unondoshanyira Erisabete.*

39 Namazuʋa iwayo Maria akasimuka,
akakurumidza kuenda kunyika yama-
komo, kuguta reJudea; 40 akapinda
mumba maZakaria, akakwazisa Erisa-
bete. 41 Ȥino Erisabete wakati acinzwa
kukwazisa kwaMaria, mŋana akakwa-
kuka muɗumbu rake; ipapo Erisabete
akazadzwa noMŋeya Mutşene, 42 aka-
ɗana nenzwi guru, akati: Wakaropafa-
dzwa iwe pakati paʋakadzi, neciɓereko
ceɗumbu rako cakaropafadzwa! 43 Ȥaita
seiko kwandiri, kuti ndamutswa namai
ʋaShe waŋgu? 44 Nokuti, tarira,
inzwi rokukwazisa kwako rakati ricişika
munzeʋe dzaŋgu, mŋana akakwakuka
nomufaro muɗumbu raŋgu. 45 Waka-
ropafadzwa iye *mukadzi* wakatenda,
nokuti ȥakataurwa naShe kwaari ȥica-
itika. 46 Maria akati:

Mŋoyo waŋgu unokudza Ishe,
47 Mŋeya waŋgu wakafara naMŋari,
Muponesi waŋgu;
48 Ȥaakaʋona ʋurombo bgomusha-
ndiri wake;
Nokuti, tarira, kubva ȥino marudzi
ose acati, ndakaropafadzwa;
49 Nokuti uyo unamasimba wakandi-
itira ȥinhu ȥikuru;
Zita rake idȥene.

50 Ŋgoni dzake dziri kumarudzi na-
marudzi
Aʋanhu ʋanomutya.
51 Wakaratidza simba *rake* noruʋoko
rwake;
Wakaparadza ʋaiɀikudza munda-
ŋgariro dzemŋoyo yaʋo;
52 Wakabvisa madzimambo paɀigaro
ɀaʋo ɀoʋushe,
Akasimudza ʋakaninipiswa;
53 Ʋanenzara wakaʋagutsa neɀaka-
naka,
Akadzosera ʋafumi ʋasina;
54 Wakaɓatsira Israeri, muranda wa-
ke,
Kuti araŋgarire ŋgoni *dzake*,
55 (Seɀaakareʋa kumadziɓaɓa eɗu),
KunaAbrahama nokurudzi rwake
nokusiŋgaperi.
56 Maria akagara naye mŋedzi ine-
ŋge semitatu, akadzokera kumusha
kwake.

*Kuɓerekwa kwaJohane Mubapatidzi.*

57 Ɀino ŋguʋa yaErisabete yokuɀara
kwake yakaȿika; akaɓereka mŋanako-
mana. 58 Ɀino ʋakaʋakirana naʋo
nehama dzake ʋakati ʋanzwa kuti Ishe
wakaŋga amuitira ŋgoni huru, ʋakafara
naye. 59 Ɀino nezuʋa rorusere ʋaka-
ʋuya kuzodziŋgisa mŋana, ʋakaɗa ku-
mutumidza zita raɓaɓa ʋake, Zakaria.
60 Ipapo mai ʋakapindura, ʋakati:
Kwete, ucatumidzwa Johane. 61 Ʋa-
kati kwaari: Hakunomunhu kuhama
dzenyu wakatumidzwa zita iro. 62 Ʋa-
kabvunza ɓaɓa ʋake, ʋaciɗudzira nama-
ʋoko, kuti anzi aniko. 63 Ʋakakumbira
ibge rokunyora pariri, ʋakanyora ʋaciti:
Johane, ndiro zita rake. Ʋakashamiswa
ʋose. 64 Kamŋe-kamŋe muromo wake
ukashamiswa, norurimi rwake *rukasu-
nuŋguka*, akataura, akarumbidza Mŋari.
65 Kutya kukawira ʋose ʋakaŋga ʋagere
naʋo; namashoko iwayo ose akanzwika
kunyika yose yamakomo eJudea. 66 Ʋose
ʋakaanzwa, ʋakaaceŋgeta mumŋoyo ma-
ʋo, ʋaciti: Ucazoʋa mŋana wakaɗi-
niko? Nokuti ruʋoko rwaShe rwakaʋa
naye.
67 Ɓaɓa ʋake, Zakaria, ʋakazadzwa
noMŋeya Mutȿene, ʋakaprofita, ʋa-
citi:
68 Ishe, Mŋari waʋaIsraeri, ŋgaaku-
dzwe;
Nokuti wakamutsa ʋanhu ʋake,
nokuʋadzikinura,
69 Akatisimudzira runyaŋga rwoku-
poneswa
Mumba momuranda wake, Davidi;
70 (Seɀaakataura nomuromo waʋa-
profita ʋake ʋatȿene, ʋakaŋga
ʋari'po kubva pakuʋamba kwe-
nyika),
71 Kutiponesa paʋaʋeŋgi ʋeɗu, napa-
maʋoko aʋose ʋanotiʋeŋga;
72 Kunzwira madziɓaɓa eɗu ŋgoni,
Nokuraŋgarira suŋgano yake tȿene;
73 Kupika kwaakapika nako kunaɓaɓa
ʋeɗu Abrahama,
74 Kutipa *simba* isu, tasunuŋgurwa
mumaʋoko aʋaʋeŋgi ʋeɗu,
Kuti timushumire tisiŋgatyi,
75 Noʋutȿene nokururama pamberi
pake mazuʋa eɗu ose.
76 Iwe, Mŋana, ucanzi muprofita
woWokumsoro-soro,
Nokuti iwe ucatuŋgamira pambe-
ri paShe, kumugadzirira nzira
dzake;
77 Kuziʋisa ʋanhu ʋake *nzira* yoku-
poneswa nayo,
Ʋacikaŋganwirwa ɀiʋi ɀaʋo,
78 Nomŋoyo munyoro waMŋari we-
ɗu,
Ucatishanyira namambakwedza o-
kudeŋga,
79 Kuvenekera ʋagere murima nomu-
mumvuri worufu;
Nokuraramisa tsoka dzeɗu mu-
nzira yorugare.
80 Mŋana akakura, akasimba mu-
mŋeya, akagara mumarenje, kuȿikira
zuʋa rokuratidzwa kwake kuʋaIsraeri.

*Kuɓerekwa kwaJesu Kristu.*
(Mat. i. 18–25.)

2 1 Ɀino namazuʋa iwayo cire-
ʋo cakaitwa naKesari Augusto,
kuti nyika yose inyorwe *mazita*.
2 Uku ndokwaiʋa kunyorwa kwoku-
taŋga, kwakaitwa Kuriniosi ari muɓati
weSiria. 3 Ʋanhu ʋose ʋakaenda
kundonyorwa, mumŋe nomumŋe kuguta
rake. 4 NaJosefa ʋo wakabva Garirea,
muguta reNazareta, akaenda Judea,
kuguta raDavidi, rinonzi Betrehema,
nokuti waiʋa weimba yaDavidi, nowo-
rudzi rwake; 5 kuti anyorwe naMaria,
wakaŋga anyeŋgwa naye, aʋa nemimba.
6 Ɀino ʋakati ʋari'po, mazuʋa okuɀara
kwake akaȿika; 7 akaɀara daŋgwe rake
mŋanakomana, akamuputira nemiceka,
akamuʋanzarika mucidyiro *ceɀipfuwo*,

nokuti ʋakashaiwa nȥimbo mumba ma-
ʋaeni.

*Ʋafudzi ʋeBetrehema.*

8 Ȥino kwakaŋga kunaʋafudzi mu-
nyika iyo, ʋaigara kuʋuragu ʋacirinda
mapoka aʋo ʋusiku. 9 Mutumŋa
waShe akamira naʋo, nokubginya kwa-
She kukaʋakomba, ʋakatya nokutya
kukuru. 10 Ipapo mutumŋa akati
kwaʋari: Musatya; nokuti tarirai, ndi-
nokuparidzirai *mashoko* omufaro mu-
kuru, ucaʋa waʋanhu ʋose; 11 nokuti
nhasi maȥarirwa muguta raDavidi Mu-
ponesi, ndiye Kristu Ishe. 12 Ici
ndico ciratidzo kwamuri: Mucando-
wana rushiye, rwakaputirwa nemiceka,
ruʋete mucidyiro *ceȥipfuwo.* 13 Ipapo
kamŋe-kamŋe kukaʋa'po pamŋe cete
nomutumŋa, ʋazhinji ʋehondo yokuɗe-
ŋga, ʋacirumbidza Mŋari, ʋaciti:

14 Mŋari ŋgaarumbidzwe kumsoro-
soro,
Norugare ŋgaruʋe naʋanhu ʋaano-
farira.

15 Ȥino ʋatumŋa ʋakati ʋabva kwa-
ʋari, *ʋaenda* kuɗeŋga, ʋafudzi ʋaka-
taurirana, *ʋaciti*: Ŋgatiende heɗu Betre-
hema, tindoʋona cinhu ici cakaitwa,
catakaziʋiswa naShe. 16 Ipapo ʋaka-
kurumidza kuenda, ʋakawana Maria
naJosefa, norushiye ruʋete mucidyiro
*ceȥipfuwo.* 17 Ʋakati ʋaʋona, ʋakazi-
ʋisa kwose shoko raʋakaŋga ʋaʋudzwa
romŋana uyo. 18 Ʋose ʋakanzwa
ʋakashamiswa neȥaʋakaʋudzwa naʋa-
fudzi. 19 Asi Maria wakaceŋgeta
mashoko iwayo ose, aciafuŋgisisa mu-
mŋoyo make. 20 Ȥino ʋafudzi ʋaka-
dzokera kwakare, ʋacikudza nokurumbi-
dza Mŋari pamsoro peȥose ȥaʋakanzwa
neȥaʋakaʋona, seȥaʋakaŋga ʋaʋudzwa.

*Jesu unoiswa mutembere. Simeoni naAna.*

21 Mazuʋa masere akati apfuʋura,
*musi* wokudziŋgiswa *waṣika*, ʋakatumi-
dza zita rake Jesu, iro raakaŋga atumi-
dzwa nomutumŋa, asati agamucirwa
muɗumbu *ramai.*

22 Ȥino mazuʋa okuȥinatsa kwaʋo
nomurairo waMosesi akati apera, ʋa-
kaenda naye Jerusarema, kuti ʋamuise
pamberi paShe; 23 (seȥaȥakanyorwa
pamurairo waShe, ȥicinzi: Mŋanarume
mumŋe nomumŋe unotaŋga kuzarura
ciȥaro, ucanzi mutṣene waShe), 24 ʋu-
ye kuɓayira ciɓayiro; seȥaȥakarebga
pamurairo waShe, ȥinoti, njiʋa mbiri,
kana haŋgaiʋa mbiri ɗuku. 25 Ȥino,
kwakaŋga kunomunhu paJerusarema,
wainzi Simeoni; waiʋa munhu waka-
rurama waiɗa Mŋari, waitarira kunya-
radzwa kwaʋaIsraeri; noMŋeya Mutṣene
wakaŋga anaye. 26 Iye wakaŋga arati-
dzwa noMŋeya Mutṣene, kuti haaŋga-
ʋoni rufu, asati aʋona Kristu waShe.
27 Iye wakaʋuya mutembere noMŋeya;
ȥino ʋaɓereki ʋakati ʋaciʋuya nomŋana
Jesu, kuti ʋaite naye nomutoʋo womu-
rairo, 28 akamuɓata mumaʋoko ake
akarumbidza Mŋari, aciti:

29 Ȥino, Tenzi, muranda wenyu ŋgaa-
ende hake
Norugare seȥamakareʋa;
30 Nokuti meso aŋgu aʋona ruponeso
rwenyu,
31 Rwamakagadzira pamberi paʋanhu
ʋose;
32 Ciedza cokuvenekera ʋahedeni,
Nokurumbidzwa kwaʋanhu ʋenyu
ʋaIsraeri.

33 Ɓaɓa ʋake namai ʋake ʋakasha-
miswa neȥakarebga pamsoro pake.
34 Ipapo Simeoni akaʋaropafadza, akati
kunaMaria, mai ʋake: Tarira, *mŋana*
uyu wakaisirwa kuwa nokumuka kwa-
ʋazhinji pakati paʋaIsraeri, cicaʋa cira-
tidzo cicarambga; 35 ʋuye munondo u-
caɓaya mŋeya wako ʋo; kuti ndaŋgariro
dzemŋoyo mizhinji dzizikanwe. 36 Ȥi-
no kwakaŋga kunaAna ʋo, muprofitaka-
dzi, mukunda waFanueri, worudzi rwa-
Asheri; (iye wakaŋga acembera kwaȥo,
wakaŋga anomurume makore manomŋe
kubvira paʋumhandara bgake, 37 wa-
kaŋga ari cirikadzi yaiʋa namakore
makumi masere namanna), wakaŋga asi-
ŋgabvi mutembere, acishumira Mŋari
nokuȥinyima ȥokudya nokukumbira ʋu-
siku namasikati. 38 Naiye wakati
aciṣika neŋguʋa iyo, akatenda Mŋari,
akataura pamsoro pake kunaʋose ʋaka-
ŋga ʋacitarira kusunuŋgurwa kweJeru-
sarema. 39 Ȥino ʋakati ʋapedza ȥose
ȥomurairo waShe, ʋakadzokera Garirea,
kuguta raʋo Nazareta.

40 Mŋana akakura, akasimba, akaza-
ra nenjere; nenyasha dzaMŋari dzikaʋa
pamsoro pake.

*Jesu pakati paʋadzidzisi ʋakuru.*

41 Ȥino ʋaɓereki ʋake ʋaisienda Jeru-
sarema makore ose kumutambo wepa-
seka. 42 Ȥino iye wakati aʋa namakore
anegumi namaʋiri. ʋakakwira'ko netsika

yomutambo. 43 Ʋakati ʋapedza ma-
zuʋa, pakudzoka kwaʋo mŋana Jesu
akasara Jerusarema, ʋaɓereki ʋake ʋasi-
ŋgaziʋi. 44 Asi ȥaʋaiti ȥimŋe uri
kunaʋamŋe ʋakaŋga ʋari panzira naʋo,
ʋakafamba zuʋa rimŋe, ʋakazomutşaka
kuhama dzaʋo nokuʋazikani ʋaʋo.
45 Ʋakati ʋamushaiwa, ʋakadzokera
Jerusarema ʋacimutşaka. 46 Mazuʋa
matatu akati apfuʋura, ʋakamuwana ari
mutembere, agere pakati paʋadzidzisi
aciterera nokuʋabvunza. 47 Ʋose ʋa-
kaŋga ʋacimunzwa, ʋakashamiswa no-
kuziʋa kwake ʋuye nokupindura kwake.
48 Ȥino ʋakati ʋamuʋona, ʋakakatya-
mara; mai ʋake ʋakati kwaari: Mŋana,
watiitireiko ȥakaɗai? Tarira, ɓaɓa ʋako
neni takakutşaka ticicema. 49 Akati
kwaʋari: Makaŋga mucinditşakireiko?
Makaŋga musiŋgaziʋi kuti ndinofanira
kuʋa paȥinhu ȥaɓaɓa ʋaŋgu here?
50 Ʋakasanzwisisa shoko raakaʋaʋudza.
51 Ipapo akaɓuruka naʋo, akaşika
Nazareta, akaʋaterera. Mai ʋake ʋaka-
ceŋgeta mashoko *iwayo* ose mumŋoyo
maʋo.
52 Jesu akaramba acienda mberi paku-
cenjera, napakukura, napakufadza Mŋari
naʋanhu.

*Johane Mubapatidzi.*

(Mat. 3. 1–12; Mar. 1. 1–8; Joh. 1. 6–8, 19–38.)

3 1 Negore regumi namashanu ro-
kuɓata kwaTiberio Kesari, Pontio
Pirato ari muɓati weJudea, Herode
ari muɓati weGarirea, Firipo munuŋuna
wake, ari muɓati weIturea neTrakoniti,
Risanio ari muɓati weAbirene, 2 Anasi
naKayafasi ʋari ʋaprista ʋakuru, shoko
raMŋari rakaʋuya kunaJohane, mŋana-
komana waZakaria, murenje. 3 Iye
akaenda munyika yose yakapoteredza
yaJoridani, akaparidza rubapatidzo rwo-
kutendeʋuka kuzokaŋganwirwa ȥiʋi;
4 seȥaȥakanyorwa mubuku yamashoko
aIsaya muprofita, *ȥicinzi:*

Inzwi rounoɗana murenje,
Gadzirai nzira yaShe,
Ruramisai migwagwa yake.
5 Mipata yose icafusirwa,
Makomo ose neȥikomo ȥose ȥicaɗe-
redzwa;
Ȥakakombama ȥicaruramiswa,
Pasakaenzana *pacaitwa* nzira dzaka-
enzaniswa;
6 Nyama yose icaʋona ruponeso rwa-
Mŋari.

7 Naiȥoȥo wakati kuʋazhinji ʋaiʋuya
kuzobapatidzwa naye: Imi ʋana ʋenyo-
ka, ndianiko wakakunyeʋerai kuti mutize
kutsamŋa kunoʋuya? 8 Naiȥoȥo ɓere-
kai ȥiɓereko ȥakafanira kutendeʋuka;
musataŋga kureʋa mumŋoyo menyu,
muciti: Abrahama ndiɓaɓa ʋeɗu; nokuti
ndinoti kwamuri: Mŋari uŋgamutsira
Abrahama ʋana pamabge awa. 9 Ȥino
sanhu ratoiswa pamudzi wemiti; naiȥoȥo
muti mumŋe nomumŋe usiŋgaɓereki
ciɓereko cakanaka, unotemŋa, ukaka-
ndirwa mumŋoto. 10 Ʋanhu ʋazhinji
ʋakamubvunza, ʋaciti: Ȥino toɗiniko?
11 Akapindura, akati kwaʋari: Une-
ŋguʋo mbiri ŋgaagoʋane nousina; no-
uneȥokudya ŋgaaite saiȥoȥo. 12 Naʋa-
teresi ʋakaʋuya ʋo kuzobapatidzwa,
ʋakati kwaari: Mudzidzisi, toɗiniko?
13 Akati kwaʋari: Musareʋa *mari* ku-
pfuʋura pamakarairwa napo. 14 Na-
ʋarwi ʋo ʋakamubvunza, ʋaciti: Nesu
ʋo toɗiniko? Akati kwaʋari: Musato-
rera munhu cinhu nesimba, kana kupo-
mera *munhu* nhema; muteʋde nomu-
ɓairo wenyu.
15 Ȥino ʋanhu ʋakati ʋacatarira, ʋose
ʋaciraŋgarira mumŋoyo maʋo pamso-
ro paJohane, kuti ȥimŋe ndiKristu,
16 Johane akapindura, akati kunaʋose:
Ini ndinokubapatidzai nemvura, asi uyu
unoʋuya, unesimba kupfuʋureni, wa-
ndisina-kufanira kusunuŋgura rukanda
rweshaŋgu dzake; iye ucakubapatidzai
noMŋeya Mutşene nomŋoto. 17 Ru-
sero rwake ruri muruʋoko rwake;
ucanatsa ɓuriro rake kwaȥo; ucaʋuŋga-
nidzira ȥiyo muɗura rake; asi hundi
ucaipisa nomŋoto usiŋgadzimŋi.
18 Akaparidzira ʋanhu Evaŋgeri, aci-
ʋaraira namamŋe mashoko mazhinji;
19 asi Herode muɓati, wakati arairwa
naye pamsoro paHerodiasi, mukadzi
womunuŋuna wake, neȥakaipa ȥose
ȥaakaŋga aita iye Herode, 20 wakawe-
dzera pamsoro peȥose cinhu ici, kuti
wakapfigira Johane mutoroŋgo.

*Kubapatidzwa kwaJesu.*

(Mat. 3. 13–17; Mar. 1. 9–11; Joh. 1. 31–34.)

21 Ʋanhu ʋose ʋakati ʋababapatidzwa,
naiye Jesu abapatidzwa ʋo, acinyeŋge-
tera, ɗeŋga rikazarurwa, 22 MŋeyaMu-
tşene akaɓurukira pamsoro pake nomu-
fananidzo wakaita sowenjiʋa, inzwi rika-
bva kuɗeŋga, *riciti*: Ndiwe Mŋanakoma-
na waŋgu, unoɗikanwa; ndinokufarira.

*Rudzi rwaJesu Kristu.*
(Mat. 1. 1-17.)
23 Ȥino iye Jesu wakaŋga anamakore
aneŋge makumi matatu, ŋguʋa yaaka-
taŋga *kudzidzisa*, ari, pakufuŋga *kwa-
ʋanhu*, mŋanakomana waJosefa, mŋa-
nakomana waHeri, 24 mŋanakomana
waMatati, mŋanakomana waRevi, mŋa-
nakomana waMerki, mŋanakomana wa-
Janai, mŋanakomana waJosefa, 25 mŋa-
nakomana waMatatiasi, mŋanakomana
waAmosi, mŋanakomana waNaumi,
mŋanakomana waEsri, mŋanakomana
waNagai, 26 mŋanakomana waMaati,
mŋanakomana waMatatiasi, mŋanako-
mana waSemeini, mŋanakomana wa-
Joseki, mŋanakomana waJoda, 27 mŋa-
nakomana waJoanani, mŋanakomana
waResa, mŋanakomana waZorobaberi,
mŋanakomana waSaratieri, mŋanako-
mana waNeri, 28 mŋanakomana wa-
Merki, mŋanakomana waAdi, mŋana-
komana waKosamu, mŋanakomana wa-
Ermadamu, mŋanakomana waEri,
29 mŋanakomana waJesu, mŋanako-
mana waEriezeri, mŋanakomana wa-
Jorimu, mŋanakomana waMatati, mŋa-
nakomana waRevi, 30 mŋanakomana
waSimeoni, mŋanakomana waJuda,
mŋanakomana waJosefa, mŋanakomana
waJonamu, mŋanakomana waEriakimu,
31 mŋanakomana waMerea, mŋanako-
mana waMena, mŋanakomana waMa-
tata, mŋanakomana waNatamu, mŋa-
nakomana waDavidi, 32 mŋanakomana
waJese, mŋanakomana waJobedi, mŋa-
nakomana waBoosi, mŋanakomana wa-
Sara, mŋanakomana waNasoni, 33 mŋa-
nakomana waAminadabi, mŋanakoma-
na waAdmini, mŋanakomana waArni,
mŋanakomana waEsromi, mŋanako-
mana waFaresi, mŋanakomana waJuda,
34 mŋanakomana waJakobo, mŋanako-
mana waIsaka, mŋanakomana waAbra-
hama, mŋanakomana waTara, mŋana-
komana waNahori, 35 mŋanakomana
waSeruki, mŋanakomana waRagau,
mŋanakomana waFareki, mŋanakoma-
na waEberi, mŋanakomana waSara,
36 mŋanakomana waKainami, mŋana-
komana waArfaksadi, mŋanakomana
waSemu, mŋanakomana waNoa, mŋa-
nakomana waRameki, 37 mŋanako-
mana waMatusara, mŋanakomana wa-
Enoki, mŋanakomana waJareti, mŋana-
komana waMarereeri, mŋanakomana
waKainami, 38 mŋanakomana wa-
Enosi, mŋanakomana waSeti, mŋana-
komana waAdama, mŋanakomana wa-
Mŋari.

*Kuidzwa kwaJesu.*
(Mat. 4. 1-11; Mar. 1. 12, 13.)
4 1 Ȥino Jesu azere noMŋeya Mu-
tşene, wakadzoka ȥe *acibva* pa-
Jordani, akatuŋgamirirwa noMŋeya
murenje 2 aciidzwa naDiaborosi ma-
zuʋa anamakumi manna. Wakaŋga
asiŋgadyi cinhu namazuʋa iwayo; ȥino
akati apera, akaziya. 3 Ȥino Diaborosi
akati kwaari: Kana uri Mŋanakomana
waMŋari, ʋudza ibge iri kuti riʋe
ciŋgwa. 4 Jesu akamupindura, *akati*:
Kwakanyorwa kuti munhu haaŋgararami
neciŋgwa ɓedzi. 5 Ȥino akamutuŋga-
mirira kumsoro, akamuratidza ʋushe
bgose bgenyika neŋguʋa ɗuku-ɗuku.
6 Diaborosi akati kwaari: Ndicakupa
simba iri rose nokubginya kwaȥo,
nokuti ndakabgupiwa ini, kuti ndibgupe
wandinoɗa. 7 Ȥino, iwe, kana ukandi-
namata, ȥose ȥicaʋa ȥako. 8 Jesu
akapindura, akati kwaari: Kwakanyorwa
*kucinzi*: Namata Ishe, Mŋari wako,
umushumire iye oga. 9 Akaenda naye
Jerusarema, akamuisa paciruʋu cete-
mbere, akati kwaari: Kana uri Mŋana-
komana waMŋari, uȥiwisire pasi pano;
10 Nokuti kwakanyorwa, *kucinzi*:
Ucaraira ʋatumŋa ʋake pamsoro
pako, kuti ʋakuceŋgete;
11 Pamaʋoko *aʋo* ʋacakusimudza,
Kuti urege kugumbusa rutsoka
rwako pabge.
12 Jesu akapindura, akati kwaari: Kwa-
kanzi: Usaidza Ishe, Mŋari wako.
13 Diaborosi akati apedza kuidza
kwose, akamusiya kuşikira imŋe
ŋguʋa.

*Ʋanhu ʋanoramba Jesu paNazareta.*
14 Ȥino Jesu wakadzokera Garirea
nesimba roMŋeya; mukurumbira wake
ukanzwika nenyika yose yakapoteredza.
15 Waidzidzisa mumasinagoge aʋo, aci-
kudzwa naʋanhu ʋose.
16 Akaşika paNazareta, paakaŋga are-
rwa, akapinda musinagoge nomusi we-
saɓata seȥaaisiita, akasimuka kuti araʋe.
17 Akapiwa buku yomuprofita Isaya;
ȥino wakati aipetenura, akawana paka-
nyorwa panoti:
18 Mŋeya waShe uri pamsoro paŋgu,
Nokuti wakandizodza, kuti ndipa-
ridzire ʋarombo Evaŋgeri;

Wakandituma kuti ndiziʋise ʋaka-
tapxa kusunuŋgurwa *kwaʋo*;
Namapofu kuti ʋaʋone ȥe;
Ndiregedze ʋakatsikirirwa;
19 Nokuziʋisa gore raShe rakanaka.
20 Akapeta buku, akaidzosera kumu-
tariri, akagara pasi; meso aʋose ʋaiʋa
musinagoge akamutarisisa. 21 Ȥino
akataŋga kuʋaʋudza, aciti: Nhasi ru-
gwaro urwu rwaitika munzeʋe dzenyu.
22 Ʋose ʋakamupupurira *ȥakanaka*,
ʋakashamiswa namashoko akanaka aka-
ɓuɗa mumuromo make, ʋakati: Ko uyu
haazi mŋanakomana waJosefa here?
23 Akati kwaʋari: Ndinoziʋa, mucareʋa
shumo iyi kwandiri: Ŋaŋga uȥiporese;
ȥose iȥo ȥatakanzwa ȥakaitwa paKa-
pernaume, uȥiite ʋo nomuno munyika
yako. 24 Akati: Ȥirokwaȥo, ndinoti
kwamuri: Hakunomuprofita unogamu-
cirwa munyika yake. 25 Ndinokuʋu-
dzai *shoko iri* raȥokwaɗi: Kwakaŋga
kunecirikadzi zhinji pakati paʋaIsraeri
pamazuʋa aEria, paŋguʋa yakazarirwa
ɗeŋga makore matatu nemŋedzi mita-
nhatu, nzara huru ikaʋa'po panyika
yose; 26 asi Eria haana-kutumŋa
kunomumŋe waʋo, asi *wakatumŋa*
Sarepta ɓedzi, munyika yeSidoni, ku-
mukadzi waiʋa cirikadzi. 27 Kwakaŋga
kunaʋaiʋa namaperembudzi ʋazhinji
pakati paʋaIsraeri *pamazuva* omupro-
fita Erisha; hakunomumŋe waʋo waka-
natswa, asi Naamani ɓedzi, muSiria.
28 Ipapo ʋose ʋakaŋga ʋari musina-
goge, ʋakatsamŋa ȥikuru, ʋacinzwa
iȥoȥo, 29 ʋakasimuka, ʋakamudziŋgira
kunze kweguta, ʋakaenda naye kuma-
were egomo, pakaŋga pakaʋakwa guta
raʋo, kuti ʋamuwisire pasi. 30 Asi iye
wakapinda napakati paʋo, akaenda.

*Jesu unoporesa munhu waiva nomŋeya wakaipa paKapernaume.*

(Mar. 1. 23–28.)

31 Ȥino wakaɓurukira Kapernaume,
*raiva* guta reGarirea; akasiʋadzidzisa
nemisi yesaɓata; 32 ʋakashamiswa
nokudzidzisa kwake; nokuti shoko rake
rakaŋga rinesimba. 33 Ȥino musina-
goge makaŋga munomunhu wakaŋga
anomŋeya wakaipa wetşina; iye akaɗa-
nidzira nenzwi guru, aciti: 34 Haiwa,
tinemhaka yeiko nemi, Jesu weNaza-
reta? Maʋuya kuzotiparadza kanhi?
Ndinokuziʋai kuti ndimi ani; *muri*
Mutşene waMŋari. 35 Ipapo Jesu
akauraira, aciti: Nyarara, uɓuɗe kwaari!
Mŋeya wakaipa ukamuwisira pasi pakati
paʋo, ukaɓuɗa kwaari, usina-kutoŋgo-
mukuʋadza. 36 Kutya kukaʋawira ʋose,
ʋakataurirana, ʋaciti: Shoko iri ndere-
iko? Nokuti unoraira mŋeya yetşina
necikuriri nesimba, ikaɓuɗa. 37 Mu-
kurumbira wake ukanzwika kumatiʋi
ose enyika yakapoteredza.

*Jesu unoporesa mai vomukadzi waPetro, navamŋe.*

(Mat. 8. 14–17; Mar. 1. 29–38.)

38 Ȥino wakasimuka musinagoge, aka-
pinda mumba maSimoni. Mai ʋomu-
kadzi waSimoni ʋakaŋga ʋakaɓatwa
neɗiviri ȥikuru; ʋakaʋakumbirira kwaari.
39 Ipapo akakotamira pamsoro paʋo,
akaraira ɗiviri, ikaʋarega; ʋakasimuka
pakarepo, ʋakaʋashandira.
40 Ȥino zuʋa rakati roʋira, ʋose ʋaiʋa
naʋanorwara nehosha zhinji ʋakaʋuya
naʋo kwaari; akaisa maʋoko ake pamsoro
pomumŋe nomumŋe waʋo, akaʋapo-
resa. 41 Nemŋeya yakaipa yakaɓuɗa
kuʋazhinji, iciɗanidzira, iciti: Ndimi
Mŋanakomana waMŋari! Asi wakai-
raira, akasaitendera kutaura, nokuti
yakaŋga iciziʋa kuti ndiye Kristu.
42 Ȥino kwakati kwaedza, akaɓuɗa,
akaenda kwakaŋga kunerenje; ʋazhinji
ʋakamutşaka, ʋakaşika kwaari, ʋakaidza
kumudziʋisa, kuti arege kubva kwaʋari.
43 Asi wakati kwaʋari: Ndinofanira
kuparidzira mamŋe maguta ʋo Evaŋgeri
yoʋushe bgaMŋari; nokuti ndiȥo ȥanda-
katumirwa.
44 Akasiparidza mumasinagoge eGa-
rirea.

*Kuɓatwa kwehove zhinji.*

5 1 Ȥino, ʋanhu ʋazhinji ʋakati
ʋacimumanikidza kuti ʋanzwe sho-
ko raMŋari, iye amire paguŋgwa re-
Genesareta, 2 akaʋona magwa maʋiri
ari paguŋgwa, asi ʋaɓati *vehove* ʋakaŋga
ʋaɓuɗa maari, ʋacisuka ʋutaʋa bgaʋo.
3 Akapinda muŋerimŋe igwa, raiʋa ra-
Simoni, akakumbira kwaari kuti abve
pamhenderekedzo paɗuku *apinde mu-
mvura*. Ȥino akagara, akadzidzisa ʋanhu
ʋazhinji, ari mugwa. 4 Wakati apedza
kutaura, akati kunaSimoni: Pindai
kwakadzika, mukande ʋutaʋa bgenyu,
kuti muɓate. 5 Simoni akapindura,
akati: Tenzi, takatambura ʋusiku bgose,
tisiŋgaɓati cinhu; asi ȥamaɗaro imi,

ndicakanda ʋutaʋa. 6 Ʋakati ʋaita
iȥoȥo, ʋakakomba hoʋe zhinji; ʋutaʋa
bgaʋo bgukabvaruka. 7 Ʋakaninira
shamŋari dzaʋo munerimŋe igwa, kuti
ʋaʋuye kuzoʋaɓatsira. Ʋakaʋuya, ʋa-
kazadza magwa ose ari maʋiri, akaŋga
onyura. 8 Ȥino, Simoni Petro wakati
aciȥiʋona, akaȥiwisira pasi pamabvi
aJesu, akati: Ishe, ibvai kwandiri,
nokuti ndiri mutadzi. 9 Nokuti waka-
ŋga ashamiswa iye, naʋose ʋaakaŋga
anaʋo nokuwanda kwehoʋe dzaʋakaŋga
ʋaɓata. 10 Ndiȥo ȥaŋga ȥaita ʋo
Jakobo naJohane, ʋanakomana ʋa-
Zebedi, ʋaiʋa shamŋari dzaSimoni.
Ipapo Jesu akati kunaSimoni: Usatya,
kubva ȥino ucaɓata ʋanhu. 11 Ȥino,
ʋakati ʋaisa magwa kunyika, ʋakasiya
ȥose ʋakamuteʋera.

*Jesu unoporesa munhu unamaperembudzi.*

(Mat. 8. 2–4; Mar. 1. 40–44.)

12 Wakati ari kunerimŋe guta, tarira,
*kwakaŋga kuno*murume wakaŋga ana-
maperembudzi pamuʋiri wose; iye
akati aciʋona Jesu, akaȥiwisira pasi
neciso, ndokukumbira kwaari, aciti:
Ishe, kana mucida, munogona kundi-
natsa. 13 Ipapo akatambanudza ruʋo-
ko, akamuɓata, aciti: Ndinoɗa, cina-
tswa! Pakarepo maperembudzi akabva
kwaari. 14 Akamuraira kuti asaʋudza
munhu, *akati*: Enda undoȥiratidza
kumuprista, uɓayire pamsoro pokuna-
tswa kwako ȥakarairwa naMosesi, ciʋe
capupu kwaʋari. 15 Asi mukurumbira
*wake* wakapararira nokupfuʋurisa; ʋa-
nhu ʋazhinji-zhinji ʋakaʋuŋgana kuzo-
*mu*nzwa, nokuporeswa matenda aʋo.
16 Asi iye wakaenda mumarenje, aka-
ndonyeŋgetera.

*Jesu unoporesa munhu wakafa mitezo.*

(Mat. 9. 1–8; Mar. 2. 1–12.)

17 Nerimŋe ramazuʋa iwayo wakaŋga
acidzidzisa; ʋaFarise naʋadzidzisi ʋo-
murairo ʋakaŋga ʋagere'po, ʋaibva
kumisha yose yeGarirea neJudea ne-
Jerusarema; simba raShe rokuporesa
rakaŋga rinaye. 18 Ȥino, tarira, *ʋamŋe*
ʋarume ʋakaŋga ʋakatakura munhu
wakaŋga akafa miteȥo, ari panhoʋo,
ʋakatşaka kupinda naye, nokumuisa
pamberi pake. 19 Ȥino, ʋakati ʋaci-
shaiwa paʋaŋgamupinza napo, nokuɗa
kwaʋazhinji, ʋakakwira pamsoro pe-
imba, ʋakamuɓurusira mukati nenhoʋo
*yake*, napakati pamapfuriro, pamberi
paJesu. 20 Iye akati aciʋona kutenda
kwaʋo, akati: Murume, wakaŋganwirwa
ȥiʋi ȥako. 21 Ʋanyori naʋaFarise
ʋakataŋga kufuŋga, ʋaciti: Ndianiko
uyu unotaura acimhura *Mŋari*? Ndi-
aniko uŋgakaŋganwira ȥiʋi, asi Mŋari
oga? 22 Ȥino Jesu, ȥaaiziʋa mifuŋgo
yaʋo, akapindura, akati kwaʋari: Muno-
fuŋgeiko mumŋoyo yenyu? 23 Cinyiko
cakareruka, kuti: Wakaŋganwirwa ȥiʋi
ȥako, kana kuti: Simuka, ufambe?
24 Asi kuti muziʋe kuti Mŋanakomana
womunhu unesimba panyika rokuka-
ŋganwira ȥiʋi, (akati kunowakafa mi-
tezo:) Ndinoti kwauri: Simuka, utore
nhoʋo yako, uende kumba kwako.
25 Akasimuka pakarepo pamberi paʋo,
akatora caakaŋga aʋete pamsoro paco,
akaenda kumba kwake, acirumbidza
Mŋari. 26 Ʋakashamiswa ʋose, ʋaka-
rumbidza Mŋari, ʋakatya kwaȥo, ʋaciti:
Taʋona maɗambi nhasi!

*Kuɗanwa kwaRevi.*

(Mat. 9. 9–13; Mar. 2. 13–17.)

27 Shure kwaiȥoȥo, wakaɓuɗa, aka-
ʋona muteresi, wainzi Revi, agere
panotereswa, akati kwaari: Nditeʋere!
28 Iye akasiya ȥose, akasimuka, akamu-
teʋera. 29 Revi akamuitira mutambo
mukuru mumba make; kukaʋa'po ʋa-
zhinji-zhinji ʋaʋateresi naʋamŋe, ʋaka-
ŋga ʋagere naʋo pakudya. 30 Ʋa-
Farise naʋanyori ʋaʋo ʋakanyunyutira
ʋadzidzi ʋake, ʋaciti: Munodyireiko
naʋateresi naʋatadzi, nokunwa naʋo?
31 Jesu akapindura, akati kwaʋari:
Ʋasiŋgarwari haʋatşaki ŋaŋga, asi ʋano-
rwara. 32 Handina-kuʋuya kuzoɗana
ʋakarurama, asi ʋatadzi, kuti ʋatende-
ʋuke.

*Kuȥinyima ȥokudya.*

(Mat. 9. 14–17; Mar. 2. 18–22.)

33 Ȥino ʋakati kwaari: Ʋadzidzi ʋa-
Johane ʋanoȥinyima ȥokudya kazhinji,
ʋacikumbira; naʋaʋaFarise ʋanoɗaro
ʋo, asi ʋenyu ʋanodya nokunwa.
34 Jesu akati kwaʋari: Muŋgadziʋisa
shamŋari dzecikomba kudya, cikomba
ciri kwaʋari here? 35 Asi mazuʋa
acaşika; ȥino kana cikomba cazobviswa
kwaʋari, ʋacaȥinyima ȥokudya nama-
zuʋa iwayo. 36 Akataura naʋo nomu-
fananidzo, akati: Hakunomunhu uca-
bvarura ciremo paŋguʋo itşa, akaciisa

paŋguʋo yakasakara; nokuti ucabvarura
*nguvo* itȿa, ʋuye ciremo *ceŋguvo* itȿa
haciŋganzwani neyakasakara. 37 Ha-
kunomunhu ucaɗira waini itȿa muho-
mboɗo tsaru; nokuti waini itȿa icaparusa
homboɗo, ikateʋuka, nehomboɗo dzi-
kafa ʋo; 38 asi waini itȿa inofanira
kuɗirwa muhomboɗo itȿa. 39 Haku-
nomunhu unoti kana anwa tsaru,
uŋgazoɗa itȿa; nokuti unoti: Tsaru
ndiyo yakaiȿo-naka.

### *Jesu Ishe wesaɓata.*

(Mat. 12. 1–8; Mar. 2. 23–28.)

6 1 Ɀino nomusi wesaɓata wa-
kafamba napakati peminda ye-
ɀiyo; ʋadzidzi ʋake ʋakatanha hu-
ra, ʋakadya, ʋacidzipukuta namaʋoko.
2 Ɀino ʋamŋe ʋaʋaFarise ʋakati kwa-
ʋari: Munoitireiko ɀisina-kutenderwa
kuitwa nomusi wesaɓata? 3 Jesu aka-
ʋapindura, akati: Ko hamuna-kuraʋa
here ɀakaitwa naDavidi, musi waakaŋga
aziya, *iye* naʋakaŋga ʋanaye; 4 kuti
wakapinda mumba maMŋari, akatora
ɀiŋgwa ɀokuratidza, akaɀidya, akapa ʋo
ʋakaŋga ʋanaye, iɀo ɀakaŋga ɀisina-
kutenderwa kudyiwa, asi naʋaprista
ʋoga? 5 Akati kwaʋari: Mŋanakomana
womunhu ndiye Ishe wesaɓata ʋo.

### *Jesu unoporesa munhu waiva noruvoko rwakawonyana.*

(Mat. 12. 9–14; Mar. 3. 1–6.)

6 Ɀino neimŋe saɓata wakapinda
musinagoge, akadzidzisa; ɀino kwakaŋga
kunomunhu ipapo wakaŋga anoruʋoko
rworudyi rwakawonyana. 7 Ʋanyori
naʋaFarise ʋakamutarisisa, *kuvona* kana
aŋgamuporesa nomusi wesaɓata, kuti
ʋawane paʋaŋgamupomera mhoȿa napo.
8 Asi iye wakaziʋa mifuŋgo yaʋo, akati
kumunhu wakaŋga anoruʋoko rwaka-
wonyana: Simuka, umire pakati *pava-
nhu*. Akasimuka, akamira. 9 Ɀino
Jesu akati kwaʋari: Ndino*ku*bvunzai
*shoko iri*: Ɀakatenderwa here kuita
ɀakanaka kana ɀakaipa nesaɓata, kupo-
nesa munhu, kana kuʋuraya? 10 Ipapo
akariŋga-riŋga aciʋatarira ʋose, akati
kwaari: Tambanudza ruʋoko rwako.
Akaɗaro, ruʋoko rwake rukaʋandudzwa.
11 Ɀino ʋakatsamŋa kwaɀo, ʋakara-
ŋgana ʋose kuti Jesu ʋaŋgamuitei.

### *Jesu unoɗana vadzidzi vake.*

(Mat. 10. 1–4; Mar. 3. 13–19.)

12 Namazuʋa iwayo wakaɓuɗira ku-
gomo kundonyeŋgetera, akapedza ʋusiku
bgose pakunyeŋgetera kunaMŋari.
13 Ɀino kwakati kwaedza, akaɗana
ʋadzidzi ʋake; akasanaŋgura kwaʋari
ʋanegumi naʋaʋiri, ʋaakatumidza zita
rokuti ʋaapostora; 14 Simoni, waaka-
tumidza ʋo Petro, naAndrea, munuŋuna
wake, naJakobo, naJohane, naFiripo,
naBartoromeo, 15 naMateo, naTo-
masi, naJakobo *mŋanakomana* waArfeo,
naSimoni, wainzi Zerote; 16 naJudasi
*mŋanakomana* waJakobo; naJudasi Iska-
rioti, wakazomupandukira. 17 Akaɓu-
ruka naʋo, akamira pakati cecetere,
naʋadzidzi ʋake ʋazhinji, naʋanhu
ʋazhinji-zhinji, ʋaibva Judea rose ne-
Jerusarema, napamhenderekedzo yegu-
ŋgwa reTire neSidoni, 18 ʋakaŋga
ʋaʋuya kuzomunzwa, nokuporeswa ho-
sha dzaʋo. Naʋakaŋga ʋacitambudzika
nemŋeya yetȿina ʋakaporeswa. 19 Ʋa-
nhu ʋazhinji ʋose ʋakatȿaka kumunya-
ŋgata, nokuti simba rakaɓuɗa kwaari
rikaʋaporesa ʋose.

### *Mharidzo yaJesu.*

(Mat. 5. 1–8.)

20 Ɀino wakatarisisa ʋadzidzi ʋake,
akati: Makaropafadzwa imi ʋarombo,
nokuti ʋushe bgaMŋari ndobgenyu.
21 Makaropafadzwa imi munenzara ɀi-
no, nokuti mucagutiswa. Makaropa-
fadzwa imi munocema ɀino, nokuti
mucaseka. 22 Makaropafadzwa, kana
ʋanhu ʋacikuʋeŋgai, ʋacikudziŋgai, ʋa-
cikuɀidzai, ʋacirasha zita renyu se*cinhu*
cakashata, nokuɗa kwoMŋanakomana
womunhu. 23 Farai nezuʋa iro, mupe-
mbere, nokuti tarirai, muɓairo wenyu
kuɗeŋga mukuru; nokuti madziɓaɓa
aʋo akaitira ʋaprofita ɀakaɗaro. 24 Asi
munenhamo imi ʋafumi, nokuti mapiwa
kunyaradzwa kwenyu. 25 Munenhamo
imi makaguta ɀino, nokuti mucaʋa
nenzara. Munenhamo imi munoseka
ɀino, nokuti mucacema nokurira.
26 Munenhamo kana ʋanhu ʋose ʋaci-
taura ɀakanaka pamsoro penyu, nokuti
madziɓaɓa aʋo akaitira ʋaprofita ʋe-
nhema ɀakaɗaro.

27 Asi ndinoti kwamuri imi muno-
nzwa: Iɗai ʋaʋeŋgi ʋenyu; muitire
ɀakanaka ʋanokuʋeŋgai. 28 Ropafa-
dzai ʋanokutukai, munyeŋgeterere ʋa-
nokumhurai. 29 Unokuroʋa paɗama,
umurinzire rimŋe ʋo; unokutorera
ŋguʋo yokunze, usamuramba neŋguʋo

yomukati uo. 30 Mumŋe nomumŋe
unokumbira kwauri, umupe; nouno-
kutorera ȥako, usaȥikumbira ȥe kwaari.
31 Seȥamunoɗa kuti uanhu uakuitirei,
muuaitire uo saiȥoȥo. 32 Kana muci-
ŋgoɗa auo uanokuɗai, munokuuoŋgwa
kwakaɗiniko? Nokuti nauatadzi uo
uanoɗa uanouaɗa. 33 Kana muciŋgo-
itira ȥakanaka auo uanokuitirai ȥaka-
naka, munokuuoŋgwa kwakaɗiniko?
Nokuti nauatadzi uanoɗaro uo. 34 Ka-
na muciŋgopa iuo cikwerete, uamunoti
mucadzoserwa ȥe nauo, munokuuoŋgwa
kwakaɗiniko? Nokuti nauatadzi uanopa
uo uatadzi cikwerete, kuti ʋapiwe ȥe
ȥakaenzana *naȥo*. 35 Asi iɗai uaueŋgi
uenyu, muuaitire ȥakanaka. Mupe
cikwerete musiŋgauori mŋoyo; muɓairo
wenyu ucaua mukuru, mugoua uanako-
mana uoWokumsoro-soro; nokuti iye
unomŋoyo munyoro kunauasiŋgauoŋgi
nauakaipa. 36 Iuai netsitsi, saɓaɓa
uenyu uanetsitsi uo. 37 Musatoŋga,
nemi hamuŋgazotoŋgwi; muȿapa mhaka,
nemi hamuŋgazopiwi mhaka; sunuŋgu-
rai, nemi mucasunuŋgurwa uo. 38 Ipai,
nemi mucapiwa; uacakupai pamaʋoko
enyu ciyero cakanaka, cakatsikirirwa,
cakazuŋguzirwa, cakaita mupfuŋga; no-
kuti neciyero camunoyera naco, muca-
yerwa uo naco.
39 Wakauauudza uo mufananidzo, *aka-
ti*: Ɓofu riŋgatuŋgamirira rimŋe ɓofu
here? Haaŋgawiri mugomba ose ari
mauiri here? 40 Mudzidzi haapfuuuri
mudzidzisi wake. Asi mumŋe nomu-
mŋe, kana akwaniswa, ucaua somu-
dzidzisi wake. 41 Unotarireiko ruɓa-
nzu ruri muziso rehama yako, iȥo,
ɗanda riri muziso rako hauriuoni?
42 Kana uŋgareua seiko kuhama yako,
*uciti*: Hama, rega ndibvise ruɓanzu
ruri muziso rako, usiŋgauoni ɗanda *riri*
muziso rako? Iwe munyeŋgeri, taŋga
ubvise ɗanda muziso rako, ipapo ucauo-
nesesa kubvisa ruɓanzu ruri muziso
rehama yako. 43 Nokuti hakunomuti
wakanaka unoɓereka ȥiɓereko ȥakaipa,
kana muti wakaipa unoɓereka ȥiɓereko
ȥakanaka; 44 nokuti muti mumŋe no-
mumŋe unozikanwa neȥiɓereko ȥawo.
Nokuti uanhu hauatanhi mauonde
paminzwa, kana mazambiriŋga haata-
nhwi parukato. 45 Munhu wakanaka
unoɓuɗisa ȥakanaka pafuma yakanaka
yomŋoyo wake; wakaipa unoɓuɗisa
ȥakaipa *pafuma* yakaipa yomŋoyo
wake; nokuti muromo unoreua ȥizere
pamŋoyo.

*Mufananidzo weimba yakavakwa paruware.*

(Mat. 7. 24–27.)

46 Munondiidzireiko Ishe! Ishe! musi-
ŋgaiti ȥandinoreua? 47 Mumŋe nomu-
mŋe unoʋuya kwandiri, akanzwa ma-
shoko aŋgu, akaaita, ndicakuratidzai
waakafanana naye. 48 Wakafanana no-
munhu wakauaka imba, akacera, akadzi-
kisa, akaiteya paruware; mvura zhinji
ikauuya, mvura ikaroua imba iyo, ikasa-
gona kuizunuŋgusa, nokuti yakaŋga
yakauakwa kwaȥo. 49 Asi unonzwa,
asiŋgaiti, wakafanana nomunhu waka-
uaka imba pavu, isinenheyo; mvura
yakati iciiroua, ikawa pakarepo, kupu-
tsika kweimba iyo kukaua kukuru.

*Jesu unoporesa muranda womukuru wezana.*

(Mat. 8. 5–13.)

7 1 Ȥino wakati apedzisa mashoko
ake ose, uanhu uacianzwa, akapinda
Kapernaume.
2 Muranda womumŋe mukuru wezana
waiɗikanwa naye, wakaŋga acirwara,
acitandadza. 3 Ȥino wakati anzwa
ȥaJesu, akatuma uakuru uauaJuda kwa-
ari acikumbira kuti auuye kuzoporesa
muranda wake. 4 Iuo uakati uaciȿika
kunaJesu, uakakumbira ȥikuru kwaari,
uaciti: Iye wakafanira kuti mumuitire
iȥoȥo; 5 nokuti unoɗa rudzi rweɗu,
ndiye wakatiuakira sinagoge reɗu.
6 Jesu akaenda nauo. Ȥino aua pedyo
neimba, mukuru wezana akatuma sha-
mŋari *dzake*, kuzoti kwaari: Ishe, musa-
ȥitambudza; nokuti handina-kufanirwa
kuti mupinde mumba maŋgu; 7 na-
iȥoȥo ndakati handifaniri kuuuya kwa-
muri; asi taurai henyu shoko, muranda
waŋgu ucapora. 8 Nokuti neni uo
ndiri munhu wakaiswa pasi pauamŋe,
ndinauarwi pasi paŋgu; kana ndikati
kunomumŋe: Enda! unoenda; kuno-
mumŋe: Ʋuya! unouuya; nokumuranda
waŋgu: Ita cici, unoita. 9 Jesu wakati
acinzwa iȥoȥo, akashamiswa naye, aka-
tendeuuka, akati kuuazhinji uakaŋga
uacimuteuera: Ndinoti kwamuri: Ha-
ndina-kumbouona kutenda kwakaɗai,
kunyaŋge napakati pauaIsraeri. 10 Ʋa-
kaŋga uatumŋa uacidzokera kumba,
uakandowana muranda apora.

*Jesu unomutsa mŋanakomana wecirikadzi paNaini.*

11 Ȥino nezuʋa rinoteʋera, wakaenda
kuguta rainzi Naini; ʋadzidzi ʋake
naʋanhu ʋazhinji-zhinji ʋakaenda naye.
12 Ȥino, wakati aciswedera pedyo ne-
suʋo reguta, akaʋona ʋanhu ʋakaŋga
ʋakatakura wakafa, mŋanakomana mu-
mŋe woga wamai ʋake, yaiʋa cirikadzi;
naʋanhu ʋazhinji ʋeguta ʋakaŋga ʋa-
naye. 13 Ȥino Ishe wakati acimuʋona,
akamunzwira tsitsi, akati kwaari: Usa-
cema. 14 Ipapo akasweɗera, akaɓata
bganyanza; ʋakaŋga ʋacitakura ʋaka-
mira. Akati: Jaya, ndinoti kwauri:
Muka. 15 Iye wakaŋga afa akagara,
akataŋga kutaura; akamupa mai ʋake.
16 Ʋakaɓatwa ʋose nokutya; ʋakaru-
mbidza Mŋari, ʋaciti: Muprofita mu-
kuru wakamuka pakati peɗu; ʋuye ȥe:
Mŋari wakashanyira ʋanhu ʋake.
17 Shoko iri pamsoro pake rikanzwika
muJudea rose nenyika yose yakapote-
redza.

*Johane mubapatidzi unotuma vadzidzi kubvunza Jesu.*

(Mat. 11. 2–19.)

18 Ʋadzidzi ʋaJohane ʋakamuʋudza
iȥoȥo ȥose. 19 Johane akaɗana ʋadzi-
dzi ʋake ʋaʋiri, akaʋatuma kunaShe
neshoko rokuti: Ko ndimi iye wakaŋga
acinzi unoʋuya here, kana ticakatarira
mumŋe? 20 Ȥino ʋarume ʋaciṣika
kwaari, ʋakati: Johane Mubapatidzi
wakatitumira kwamuri neshoko rokuti:
Ko ndimi iye wakaŋga acinzi unoʋuya
here, kana ticakatarira mumŋe? 21 Ne-
ŋguʋa iyo akaporesa ʋazhinji hosha
*dzavo*, noʋurwere, nemŋeya yaka-
ipa; namapofu mazhinji wakaaṣinudza.
22 Akapindura, akati kwaʋari: Endai,
mundoʋudza Johane ȥamakaʋona neȥa-
makanzwa; *ȥokuti*, mapofu anoʋona,
ʋanokamhina ʋanofamba, ʋanamapere-
mbudzi ʋanonatswa, ʋematsi ʋanonzwa,
ʋakafa ʋanomutswa, naʋarombo ʋano-
paridzirwa Evaŋgeri. 23 Wakaropafa-
dzwa usiŋgagumbuswi neni.
24 Nhume dzaJohane dzakati dzabva,
akataŋga kuʋudza ʋanhu ʋazhinji pa-
msoro paJohane, *aciti*: Makaŋga ma-
ɓuɗa kundoʋoneiko kurenje? Rutsaŋga
runozunuŋguswa nemhepo here? 25 Asi
makaŋga maɓuɗa kundoʋoneiko? Mu-
nhu wakapfeka ŋguʋo nyoro here?
Tarirai, ʋaneŋguʋo dzinobginya, naʋa-
nogara ȥinonaka, ʋari mudzimba dza-
madzimambo. 26 Asi makaŋga ma-
ɓuɗa kundoʋoneiko? Muprofita here?
Hoŋo, ndinoti kwamuri: Unopfuʋura
ȥikuru muprofita. 27 Uyu ndiye waka-
nyorwa pamsoro pake, *ȥicinzi*:

Tarira, ndinotuma munyai waŋgu
pamberi pako,
Ucakugadzirira nzira yako pamberi
pako.

28 Ndinoti kwamuri: Kunaʋakaɓere-
kwa naʋakadzi, hakunomukuru kuna-
Johane Mubapatidzi; asi muɗuku mu-
ʋushe bgaMŋari mukuru kwaari. 29 Ȥi-
no ʋanhu ʋose naʋateresi ʋakati ʋaciȥi-
nzwa, ʋakati Mŋari wakarurama, ȥaʋa-
kaŋga ʋabapatidzwa norubapatidzo rwa-
Johane. 30 Asi ʋaFarise naʋaɗudziri
ʋomurairo ʋakaramba kufuŋga kwa-
Mŋari pamsoro paʋo, ʋakasabapatidzwa
naye. 31 Naiȥoȥo ʋanhu ʋorudzi urwu
ndicaʋafananidza neiko? Ʋakafanana
nei? 32 Ʋakafanana naʋana ʋagere
paɗare, ʋanoɗanidzirana, ʋaciti: Taka-
kuridzirai nyere, mukasatamba; takaku-
ririrai, mukasacema. 33 Nokuti Johane
Mubapatidzi wakaʋuya, asiŋgadyi ciŋg-
wa, asiŋganwi waini, *ȥino* moti: Uno-
mŋeya wakaipa. 34 Mŋanakomana
womunhu wakaʋuya acidya, acinwa,
*ȥino* moti: Tarirai, munhu unokara.
nomunwi, neshamŋari yaʋateresi naʋa-
tadzi. 35 Asi ʋucenjeri bgunoruramiswa
naʋana ʋabgo ʋose.

*Mukadzi mutadzi unozodza makumbo aJesu.*

36 Ȥino mumŋe waʋaFarise wakaku-
mbira kuti adye naye. Akapinda
mumba momuFarise uyo, akagara pa-
kudya. 37 Ȥino tarira, muguta iro
makaŋga munomukadzi waiʋa mutadzi;
iye wakati anzwa kuti ugere pakudya
mumba momuFarise, akaʋuya necinu
cearbastera caiʋa necizoro, 38 aka-
mira patsoka dzake mashure *make*,
aciŋgocema, akataŋga kunyoroʋesa tsoka
dzake nemisodzi, akadzipisika nevuɗzi
romusoro wake, ndokuṣeta tsoka dzake
ndokudzizodza necizoro. 39 Ȥino mu-
Farise wakaŋga amuɗana, wakati aciȥi-
ʋona, akareʋa mumŋoyo make, aciti:
Munhu uyu, ɗai aiʋa muprofita, uŋgaɗai
aiziʋa mukadzi uyu unomuɓata kuti
ndiani, ʋuye kuti wakaɗini, nokuti
mutadzi. 40 Ipapo Jesu akapindura,
akati kwaari: Simoni ndineshoko newe.

Akati: Reʋai henyu, Mudzidzisi.
41 *Jesu akati:* Ʋanhu ʋaʋiri ʋakaŋga
ʋanecikwerete kumunhu mumŋe; mu-
mŋe wakaŋga anecikwerete camadenari
anamazana mashanu,* mumŋe cama-
kumi mashanu.† 42 Ʋakati ʋashaiwa
cokuripa naco, akaŋgoʋakaŋganwira
ʋose ʋari ʋaʋiri. Ȥino ndoupiko kwa-
ʋari ucanyanya kumuɗa? 43 Simoni
akapindura, akati: Handiti ndiye waka-
kaŋganwirwa ȥizhinji here? Akati
kwaari: Wareʋa kwaȥo. 44 Ȥino aka-
tendeʋukira kumukadzi, akati kuna-
Simoni: Unoʋona mukadzi uyu here?
Ndakapinda mumba mako, ukasandipa
mvura yetsoka dzaŋgu; asi uyu waka-
nyoroʋesa tsoka dzaŋgu nemisodzi yake,
akadzipisika nevudzi rake. 45 Hauna-
kundişeta, asi uyu ciŋguri candapinda,
naana-kurega kuseta tsoka dzaŋgu.
46 Hauna-kundizodza musoro waŋgu
namafuta, asi uyu wakazodza tsoka
dzaŋgu necizoro. 47 Naiȥoȥo ndinoti
kwauri: Ȥiʋi ȥake, ȥiya ȥizhinji, waȥi-
kaŋganwirwa, nokuti wakaɗa ȥikuru; asi
unokaŋganwirwa ȥishoma, unoɗa ȥisho-
ma. 48 Ȥino akati kwaari: Wakaŋga-
nwirwa ȥiʋi ȥako. 49 Ʋakaŋga ʋagere
naye pakudya ʋakataŋga kureʋa mu-
mŋoyo yaʋo, *ʋaciti:* Uyu ndianiko
unokaŋganwira ȥiʋi ʋo? 50 Akati
kumukadzi: Kutenda kwako kwakurara-
misa; enda hako norugare.

*Ʋakadzi ʋaishandira Jesu.*

8 1 Ȥino shure kwaiȥoȥo, wakapota
nokumaguta nemisha, aciparidza
nokureʋa ȥeEvaŋgeri yoʋushe bga-
Mŋari, ʋanegumi naʋaʋiri ʋanaye.
2 Naʋamŋe ʋakadzi ʋakaŋga ʋaporeswa
pamŋeya yakaipa napamarwere, *ʋaiti,*
Maria unonzi Magdarene, iye wakaŋga
aɓuɗa mŋeya yakaipa minomŋe kwaari,
3 naJohana, mukadzi waKuza, mutariri
waHerode, naSusana, naʋamŋe ʋazhinji,
ʋaimushumira neȥaʋo.

*Mufananidzo womukushi.*
(Mat. 13. 1–23; Mar. 4. 1–25.)

4 Ȥino ʋanhu ʋazhinji-zhinji ʋakati
ʋaʋuŋgana, naʋakaŋga ʋabva kumaguta
ose ʋaşika kwaari, akataura nomufana-
nidzo, *akati:* 5 Mukushi wakaɓuɗa
kundokusha mbeu dzake; wakati aciku-
sha, dzimŋe *mbeu* dzakawira panzira,
dzikatsikwa, shiri dzokuɗeŋga dzikadzi-
dya. 6 Dzimŋe dzakawira paruware;
dzikamera, dzikawoma, nokushaiwa
mŋando. 7 Dzimŋe dzakawira pakati
peminzwa; minzwa ikakura pamŋe cete
nadzo, ikadzivuŋga. 8 Dzimŋe dzaka-
wira muvu rakanaka, dzikamera, dzika-
ɓereka ȥiɓereko ȥinezana. Akati ataura
iȥoȥo, akaɗanidzira, *aciti:* Unenzeʋe
dzokunzwa, ŋgaanzwe.
9 Ȥino ʋadzidzi ʋake ʋakamubvunza,
kuti mufananidzo uyo waireʋei.
10 Akati: Imi makapiwa kuziʋa ȥakaʋa-
nzika ȥoʋushe bgaMŋari; asi ʋamŋe
*ʋanoȥipiwa* nemifananidzo, kuti ʋaci-
ʋona, ʋarege kuʋona; ʋacinzwa, ʋarege
kunzwisisa. 11 Ȥino mufananidzo ndi-
wo: Mbeu ishoko raMŋari. 12 Aʋo
ʋapanzira ndiʋo ʋakanzwa; ȥino Dia-
borosi unoʋuya, akabvisa shoko pa-
mŋoyo yaʋo, kuti ʋarege kutenda,
ʋakaponeswa. 13 Aʋo ʋaparuware ndi-
ʋo ʋanoti kana ʋanzwa shoko, ʋanoriga-
mucira nomufaro; haʋanomudzi, ʋano-
ŋgotenda ŋguʋa ɗuku; neŋguʋa yoku-
idzwa ʋanotsauka. 14 Dzakawira pa-
kati peminzwa ndiʋo ʋakanzwa; ȥino
ʋanoenda, ʋakavuŋgiwa nokufuŋganya
nefuma, neȥinofadza ȥoʋupenyu *bguno,*
ʋakasaşitsa ȥiɓereko. 15 Asi dzomuvu
rakanaka, ndiʋo ʋakanzwa shoko mu-
mŋoyo wakarurama nowakanaka, ʋano-
riceŋgeta, ʋaciɓereka ȥiɓereko nokutsu-
ŋgirira.

*Mufananidzo womŋenje.*
(Mat. 5. 15, 16; Mar. 4. 21–23; Ruka 11. 33–36.)

16 Hakunomunhu, unoti kana atuŋgi-
dza mŋenje, unozoufukidzira nomu-
dziyo, kana kuuisa pasi pomubeda; asi
unouisa pacigadziko, kuti ʋanopinda
ʋaʋone ciedza. 17 Nokuti hakuna-caka-
ʋanzika, cisiŋgazoʋoneswi, hakuna-
cakaʋigwa, cisiŋgazozikanwi, nokuɓuɗa
pacena. 18 Naiȥoȥo, cenjerai mutoʋo
wamunonzwa nawo; nokuti unaȥo,
ucapiwa; usina, ucatorerwa naiceco ʋo
caanoti ndinaco.

*Ʋukama naJesu.*
(Mat. 12. 46–50; Mar. 3. 31–35.)

19 Ȥino mai ʋake naʋanuŋuna ʋake
ʋakaʋuya kwaari, ʋakasagona kuşika
kwaari nemhaka yaʋanhu ʋazhinji.
20 Akaʋudzwa, *ȥicinzi:* Mai ʋenyu
naʋanuŋuna ʋenyu ʋamire kunze, ʋa-
noɗa kukuʋonai. 21 Akapindura, akati
kwaʋari: Mai ʋaŋgu naʋanuŋuna ʋaŋgu
ndiʋo ʋanonzwa shoko raMŋari ʋaciriita.

* Mari ineŋge pondo dzinamakumi maʋiri.
† Mari ineŋge pondo mbiri.

*Jesu unonyaradza ɗutu remhepo.*
(Mat. 8. 23–27; Mar. 4. 35–41.)

22 Ȥino nerimŋe ramazuʋa *iwayo*
wakapinda mugwa naʋadzidzi ʋake,
akati kwaʋari: Ŋgatiyambukire mhiri
kweguŋgwa. Ʋakaenda. 23 Ȥino ʋa-
kati ʋacienda, iye akaʋata; ɗutu guru
remhepo rikaʋuya paguŋgwa; ʋakata-
ŋga kuzarirwa *nemvura,* ʋakaʋa munjo-
dzi. 24 Ʋakaʋuya kwaari, ʋakamu-
mutsa, ʋaciti: Tenzi! Tenzi! tofa! Ipa-
po akamuka, akaraira mhepo namafu-
ŋgu emvura; ȥikaguma, kukadzikama.
25 Ȥino akati kwaʋari: Kutenda kwe-
nyu kuripiko? Ʋakatya nokushamiswa,
ʋakataurirana, ʋaciti: Ndianiko uyu,
ȥaanoraira kunyaŋge nemhepo nemvura,
ȥicimuterera?

*Jesu unoɓuɗisa mŋeya yakaipa*
*panyika yaʋaGerasa.*
(Mat. 8. 28–34; Mar. 5. 1–20.)

26 Ȥino ʋakaşika kunyika yaʋaGerasa,
yakatarisana neGarirea. 27 Wakati aci-
ɓuɗa *mugwa* panyika, mumŋe murume
weguta akasoŋgana naye, wakaŋga ane-
mŋeya yakaipa; ŋguʋa huru wakaŋga
asina-kupfeka ŋguʋo, asiŋgagari mu-
mba, asi mumarinda. 28 Ȥino iye
wakati aciʋona Jesu, akaɗanidzira,
ndokuȥiwisira pamberi pake, akati ne-
nzwi guru: Ndinemhaka yeiko nemi
Jesu, Mŋanakomana woWokumsoro-
soro? Ndinokumbira kwamuri kuti
musanditambudza. 29 Nokuti waka-
raira mŋeya wetşina kuti uɓuɗe kumu-
nhu. Nokuti kazhinji wakaŋga waɓatwa
nawo; akasuŋgwa neȥisuŋgo namaketani
akarindiwa; akaɗambura ȥisuŋgo, aka-
dziŋgirwa kumarenje nomŋeya wakaipa.
30 Jesu akamubvunza, *aciti*: Zita rako
ndianiko? Akati: Regioni. Nokuti
mŋeya yakaipa mizhinji yakaŋga yapinda
maari. 31 Ikakumbira ȥikuru kwaari,
kuti arege kuiraira kuti iende kwaka-
dzika-dzika. 32 Ȥino kwakaŋga kuri'po
ɓoka guru reŋguruʋe zhinji, raifura
mugomo; ikakumbira ȥikuru kwaari,kuti
aitendere kupinda madziri; akaitendera.
33 Mŋeya yakaipa ikaɓuɗa kumunhu,
ikapinda muŋguruʋe; ipapo ɓoka raka-
mhanyira kumawere kuguŋgwa, rikaɓi-
tirirwa. 34 Ʋaidzifudza ʋakati ʋaʋona
ȥaitwa, ʋakatiza, ʋakandoʋudza iȥoȥo
muguta naparuwa. 35 Ʋakaɓuɗa ku-
ndoʋona ȥaitwa; ʋakaşika kunaJesu,
ʋakandowana munhu, makaŋga ma-
ɓuɗa mŋeya yakaipa maari, agere
patsoka dzaJesu, apfeka, aʋa munhu
kwaye; ʋakatya. 36 Ʋakaŋga ʋaȥiʋona
ʋakaʋaʋudza mutoʋo waakaporeswa na-
wo, iye waiʋa nemŋeya yakaipa.
37 Ʋanhu ʋose ʋenyika yakapoteredza
yaʋaGerasa ʋakakumbira kwaari kuti
abve kwaʋari, nokuti ʋakaŋga ʋaɓatwa
nokutya kukuru. Akapinda mugwa,
akadzoka. 38 Asi munhu uyo, makaŋga
maɓuɗa mŋeya yakaipa maari, wakaku-
mbira kwaari kuti agare naye. Asi
wakamudzosa, aciti: 39 Dzokera ku-
mba kwako, undotaura ȥinhu ȥikuru
ȥawaitirwa naMŋari. Akaenda, akando-
paridza muguta rose ȥinhu ȥikuru
ȥaakaitirwa naJesu.

*Jesu unoporesa mukadzi waiɓuɗa ropa,*
*ʋuye unomutsa mukunda waJairosi.*
(Mat. 9. 18–26; Mar. 5. 22–43.)

40 Ȥino Jesu wakati acidzoka, ʋazhinji
ʋakamugamucira; nokuti ʋose ʋakaŋga
ʋakamumirira. 41 Ipapo mumŋe mu-
rume, wainzi Jairosi, wakaŋga ari
mukuru wesinagoge, wakaʋuya akaȥi-
wisira patsoka dzaJesu, akakumbira
ȥikuru kwaari kuti apinde mumba make.
42 Nokuti wakaŋga anomukunda mu-
mŋe cete, waiʋa namakore aneŋge gumi
namaʋiri, wakaŋga otandadza. Ȥino
wakati acienda, ʋanhu ʋazhinji ʋaka-
m̃umanikidza.
43 Ipapo mumŋe mukadzi, waiʋa
*nokurwara* kwokuɓuɗa ropa makore
anegumi namaʋiri, wakaŋga apedzera
paŋaŋga ȥose ȥaairarama naȥo, asiŋga-
poreswi neimŋe, 44 akaʋuya m̃ashure
*make,* akaɓata mupendero weŋguʋo
yake, pakarepo kuɓuɗa kwake kweropa
kukaguma. 45 Jesu akati: Ndianiko
wandiɓata? Ȥino ʋose ʋakati ʋaciramba,
Petro akati: Tenzi, ʋanhu ʋazhinji
ʋanokumanikidzai nokukutsikirirai.
46 Asi Jesu wakati: Mumŋe wandiɓata,
nokuti ndanzwa kuti simba raɓuɗa
kwandiri. 47 Ȥino mukadzi wakati
aciʋona kuti haana-kuʋanzika, akaʋuya,
aciɗeɗera, akaȥiwisira pasi pamberi
pake, akamuʋudza pamberi paʋose kuti
wakaŋga amuɓata nemhaka yei, ʋuye
kuti wakaporeswa pakarepo. 48 Akati
kwaari: Mukunda, kutenda kwako kwa-
kuporesa, enda hako norugare.
49 Wakati acataura, mumŋe akaşika,
acibva *kumba* kwomukuru wesinagoge,
akati kwaari: Mukunda wenyu wafa;

regai henyu kutambudza Mudzidzisi.
50 Ȥino Jesu wakati aciȥinzwa, akapi-
ndura, akati: Usatya, tenda ɓedzi, *iye*
ucaponeswa. 51 Ȥino wakati aşika
kumba, akasatendera munhu kupinda
naye, asi Petro, naJohane, naJakobo,
naɓaɓa ʋomusikana, namai. 52 Ʋose
ʋakaŋga ʋacicema, ʋacimuririra. Iye
akati: Musacema, haana-kufa, asi uʋete.
53 Ʋakamuseka, ʋaciziʋa kuti wafa.
54 Ȥino iye wakaɓata ruʋoko rwake,
akaɗana, aciti: Musikana, muka!
55 Ipapo mŋeya wake wakadzoka, aka-
muka pakarepo. Akaraira kuti apiwe
ȥokudya. 56 Ʋaɓereki ʋake ʋakasha-
miswa, asi wakaʋaraira kuti ʋarege
kuʋudza munhu ȥakaitwa.

*Ʋanegumi naʋaʋiri ʋanotumŋa kuparidza nokuporesa.*

(Mat. 10. 1–42; Mar. 3. 13–19; 6. 7–13.)

9 1 Ȥino wakaʋuŋganidza ʋanegumi
naʋaʋiri, akaʋapa simba necikuriri
pamsoro pemŋeya yakaipa yose, no-
kuporesa kurwara. 2 Akaʋatuma ku-
paridza ʋushe bgaMŋari nokuporesa.
3 Akati kwaʋari: Musatoŋgotora ȥomu-
nzira, kana muɗonȥo, kana homboɗo,
kana ciŋgwa, kana mari; musaʋa
neŋguʋo mbiri. 4 Imba ipi neipi
yamunopinda mairi, garai'mo, mugozo-
bva'po. 5 Ʋuye ʋose ʋasiŋgakugamu-
ciryi, kana mobva paguta iro, muzuze
guruʋa *riri* patsoka dzenyu, ciʋe capupu
kwaʋari. 6 Ipapo ʋakabva, ʋakapota
nemisha, ʋakaparidza Evaŋgeri, noku-
poresa panȥimbo dzose.

*Herode unokaŋganiswa pamsoro paJohane Mubapatidzi.*

7 Ȥino Herode, muɓati, wakanzwa
ȥose ȥakaŋga ȥiciitwa; akakaŋganiswa,
nokuti ʋamŋe ʋakaŋga ʋaciti, Johane
wakamuka kuʋakafa; 8 ʋamŋe kuti
Eria waʋonekwa; naʋamŋe ȥe, kuti
mumŋe waʋaprofita ʋekare wamuka.
9 Herode akati: Johane ndakamugura
musoro; ȥino ndianiko uyu, wandino-
nzwa ȥinhu ȥakaɗai pamsoro pake?
Akatşaka kumuʋona.

*Ʋaneȥuru ȥishanu ʋanopiwa ȥokudya naJesu.*

(Mat. 14. 13–21; Mar. 6. 30–44; Joh. 6. 1–14.)

10 Ʋaapostora ʋakati ʋadzoka, ʋaka-
murondedzera ȥose ȥaʋakaŋga ʋaita;
akaʋatora, akaenda naʋo ʋari ʋoga
kuguta rainzi Betsaida. 11 Ȥino ʋanhu
ʋazhinji ʋaciȥiziʋa, ʋakamuteʋera; aka-
ʋagamucira, akaʋaʋudza ȥoʋushe bga-
Mŋari, akaporesa ʋakaŋga ʋaciɗa kupo-
reswa. 12 Zuʋa rakatiroʋira, ʋanegumi
naʋaʋiri ʋakaʋuya, ʋakati kwaari: Endi-
sai ʋanhu ʋazhinji, ʋaende kumisha
nokuruwa rwakapoteredza, ʋagare'ko,
ʋawane ȥokudya; nokuti pano tiri
murenje. 13 Asi iye akati kwaʋari:
Muʋapei imi, ʋadye. Ʋakati: Isu hati-
neȥiŋgwa ȥiŋgapfuʋura ȥishanu, nehoʋe
mbiri, asi kana tikaenda kundoteŋgera
ʋanhu aʋa ʋose ȥokudya. 14 Nokuti
ʋaiʋa ʋarume ʋaneŋge ȥuru ȥishanu.
Akati kuʋadzidzi ʋake: Ʋagarisei pasi
ʋaite mapoka, anaʋanhu ʋaneŋge ma-
kumi mashanu. 15 Ʋakaita kuɗaro, ʋa-
kaʋagarisa ʋose. 16 Ipapo akatora ȥi-
ŋgwa ȥishanu nehoʋe mbiri, akatarira ku-
ɗeŋga, akaʋoŋga, akaȥimeɗura, ndokupa
ʋadzidzi kuti ʋaise pamberi paʋanhu
ʋazhinji. 17 Ʋakadya, ʋakaguta ʋose;
ʋakaʋuŋganidza ȥimeɗu ȥaʋakaŋga ʋasa-
rirwa naȥo, mateŋgu anegumi namaʋiri.

*Petro unopupura kuti Jesu ndiye Kristu.*

(Mat. 16. 13–20; Mar. 8. 27–30.)

18 Ȥino wakati acinyeŋgetera ari oga,
ʋadzidzi ʋake ʋakaŋga ʋanaye; akaʋa-
bvunza, aciti: Ʋanhu ʋazhinji ʋanoti
ndini aniko? 19 Ʋakapindura, ʋakati:
*Ʋamŋe ʋanoti:* Johane Mubapatidzi;
ʋamŋe Eria; ʋamŋe ȥe, kuti mumŋe
waʋaprofita ʋekare wamuka. 20 Akati
kwaʋari: Ko imi munoti ndini ani?
Ipapo Petro akapindura, akati: *Ndimi*
Kristu waMŋari. 21 Akaʋaʋudza ȥiku-
ru, nokuʋaraira kuti ʋarege kuziʋisa
munhu iȥoȥo; 22 aciti: Mŋanakomana
womunhu unofanira kutambudzika ȥi-
zhinji, nokurashwa naʋakuru naʋaprista
ʋakuru naʋanyori, nokuʋurawa, noku-
mutswa nezuʋa retatu.

*Kuteʋera Jesu.*

(Mat. 16. 24–28; Mar. 8. 34–38.)

23 Ȥino wakati kunaʋose: Kana mu-
nhu aciɗa kuʋuya shure kwaŋgu,
ŋgaaȥirambe, asimudze mucinjikwa wa-
ke zuʋa rimŋe nerimŋe, anditeʋere.
24 Nokuti aninani unoɗa kuponesa
ʋupenyu bgake, ucarashikirwa nabgo;
asi unorashikirwa noʋupenyu bgake
nokuɗa kwaŋgu, ucabguponesa. 25 No-
kuti munhu ucaɓatsirweiko, kana awana
nyika yose, akaȥirasha nokuȥitadzira?
26 Nokuti aninani unonyara pamsoro

paŋgu namashoko aŋgu, Mŋanakomana
womunhu ucanyara ʋo pamsoro pake
musi waanoʋuya nokubginya kwake
nokwaɓaɓa, nokwaʋatumŋa ʋatşene.
27 Ȥirokwaȥo ndinoti kwamuri: Ʋamŋe
ʋari'po kunaʋamire *pano* ʋasiŋgazonzwi
rufu, ʋasati ʋaʋona ʋushe bgaMŋari.

*Kubginya kwaJesu pagomo.*
(Mat. 17. 1–13; Mar. 9. 2–13.)

28 Mashoko iwayo akati apera kuta-
urwa mazuʋa aneŋge masere, akatora
Petro naJohane naJakobo, akakwira
mugomo kundonyeŋgetera. 29 Ȥino
wakati acinyeŋgetera, mugarire weciso
cake ukashanduka, ŋguʋo dzake dzika-
cena dzikapenya. 30 Ȥino tarira, ʋaru-
me ʋaʋiri, ʋanaMosesi naEria, ʋakaʋo-
nekwa ʋacitaurirana naye. 31 Ʋakaʋo-
nekwa ʋacibginya, ʋakataura ȥokuenda
kwake, kwaakaŋga ondopedzisa pa-
Jerusarema. 32 Ȥino Petro, naʋaiʋa
naye, ʋakaŋga ʋaɓatwa nehope; asi
ʋakati ʋacipepuka, ʋakaʋona kubginya
kwake, naʋarume ʋaʋiri ʋamire naye.
33 Ȥino ʋakati ʋoparadzana naye, Petro
akati kunaJesu: Tenzi, ȥakanaka ȥatiri
pano; ŋgatiʋake matumba matatu,
rimŋe renyu, rimŋe raMosesi, rimŋe
raEria, asiŋgaziʋi ȥaanoreʋa. 34 Wakati
acataura iȥoȥo, gore rikaʋuya, rikaʋa-
fukidza; ʋakatya ʋacipinda mugore.
35 Ipapo inzwi rakabva mugore, riciti:
Ʋyu Mŋanakomana waŋgu, musana-
ŋgurwa waŋgu, mumunzwei! 36 Inzwi
rakati raenda, Jesu akaʋonekwa ari oga.
Ʋakanyarara, ʋakasaʋudza munhu na-
mazuʋa iwayo cinhu *cimŋe* caʋakaŋga
ʋaʋona.

*Jesu unoporesa mukomana uneȥipusha.*
(Mat. 17. 14–21; Mar. 9. 14–29.)

37 Nezuʋa rinoteʋera ʋakati ʋaɓuruka
mugomo, ʋazhinji-zhinji ʋakamugamu-
cira. 38 Ȥino *mumŋe* murume pakati
paʋazhinji wakaɗana, akati: Mudzidzisi,
ndinokumbira kwamuri kuti mutarire
mŋanakomana waŋgu, nokuti ndiye
mŋana waŋgu mumŋe woga. 39 Ta-
rirai, mŋeya unomuɓata, ȥino woridza
mhere pakarepo; unomubvundisa, aci-
pupuma furo; hauɗi kumurega, *asi* uno-
murwadzisa ȥikuru. 40 Ndakakumbira
kuʋadzidzi ʋenyu kuti ʋauɓuɗise, ʋa-
kasagona. 41 Jesu akapindura, akati:
Haiwa! rudzi rusiŋgatendi, rwakatsauka;
ndicagara nemi kuşikira riniko, nokuku-
itirai mŋoyo murefu? Ʋuya pano
nomŋanakomana wako. 42 Akati aca-
ʋuya, mŋeya wakaipa ukamuwisira
pasi, ukamubvundisa ȥikuru. Asi Jesu
wakaraira mŋeya wetşina, akaporesa
mŋana, akamudzosera kunaɓaɓa ʋake.
43 Ʋose ʋakashamiswa noʋukuru bga-
Mŋari.

*Jesu unotaura ȥorufu rwake nokumuka kwake.*
(Mat. 17. 22–23; Mar. 9. 30–32.)

Ȥino ʋose ʋacashamiswa neȥose ȥa-
akaita, akati kuʋadzidzi ʋake: 44 Ma-
shoko awa ŋgaapinde munzeʋe dzenyu;
nokuti Mŋanakomana womunhu uca-
iswa mumaʋoko aʋanhu. 45 Asi iʋo
haʋana-kunzwisisa kutaura uku; ʋaka-
ŋga ʋakuʋanzirwa, kuti ʋarege kuku-
nzwisisa; ʋakatya kumubvunza pamsoro
pokutaura uku.

*Mukuru paʋushe bgokuɗeŋga.*
(Mat. 18. 1–5; Mar. 9. 33–37.)

46 Ȥino nharo dzikamuka pakati paʋo,
kuti ndiani mukuru kwaʋari. 47 Asi
Jesu, ȥaakaŋga aciziʋa kufuŋga kwe-
mŋoyo yaʋo, akatora mŋana muɗuku,
akamuisa parutiʋi rwake, 48 akati
kwaʋari: Aninani unogamucira mŋana
uyu muɗuku muzita raŋgu, unondiga-
mucira ini, ʋuye aninani unondigamu-
cira ini, unogamucira wakandituma;
nokuti muɗuku kwamuri mose, ndiye
mukuru.
49 Johane akapindura, akati: Tenzi,
taʋona munhu aciɓuɗisa mŋeya yakaipa
muzita renyu, tikamudziʋisa, nokuti
haateʋeri nesu. 50 Asi Jesu akati
kwaari: Musamudziʋisa; nokuti usiŋga-
pesani nemi, unemi.

*ƲaSamaria ʋanoramba kugamucira Jesu.*

51 Mazuʋa okukwidzwa kwake akati
osweɗera, wakaramba akarinzira ciso
cake kuenda Jerusarema, 52 akatuma
nhume pamberi pake. Idzo dzikaenda,
dzikapinda mumusha waʋaSamaria ku-
ndomugadzirira. 53 *Asi* haʋana-kumu-
gamucira, nokuti ciso cake cakaŋga
cakariŋgira Jerusarema. 54 Ʋadzidzi
ʋake, Jakobo naJohane, ʋakati ʋaciȥi-
ʋona, ʋakati: Ishe, munoɗa kuti titi
mŋoto uɓuruke kuɗeŋga, uʋaparadze
here? 55 Asi iye wakatendeʋuka, aka-
ʋaraira. 56 Ipapo ʋakaenda kunomu-
mŋe musha.

*Kuteʋera Jesu.*
(Mat. 8. 18–23.)
57 Ȥino ʋakati ʋacifamba munzira,
mumŋe munhu akati kwaari: Ndicaku-
teʋerai pose pamunoenda. 58 Jesu
akati kwaari: Mhuŋgubge dzinemŋena,
neshiri dzokuɗeŋga dzinamatendere,
asi Mŋanakomana womunhu haana-
paaŋgatsamidza musoro wake. 59 Aka-
ti kunomumŋe: Nditeʋere. Iye akati:
Nditenderei henyu ndimbondoʋiga ɓaɓa
ʋaŋgu. 60 Asi iye akati kwaari: Rega,
ʋakafa ŋgaʋaʋige ʋakafa ʋaʋo; asi iwe,
enda undoparidza ʋushe bgaMŋari.
61 Mumŋe ȥe akati: Ndicakuteʋerai
Ishe, asi munditenderei henyu ndimbo-
ndowonekana naʋari mumba maŋgu.
62 Asi Jesu akati kwaari: Hakuno-
munhu uŋgati kana aisa ruʋoko rwake
paɓadza, akaceukira shure, uŋgafanirwa
noʋushe bgaMŋari.

*Ʋanamakumi manomŋe ʋanotumŋa kuparidza nokuporesa.*
(Mat. 10. 1–42; Mar. 3. 13–19; 6. 7–13.)
10 1 Shure kwaiȥoȥo Ishe waka-
gadza ȥe ʋamŋe ʋanamakumi
manomŋe, akaʋatuma ʋaʋiri
ʋaʋiri pamberi pake mumaguta ose,
ʋuye kwose kwaakaŋga aciɗa kuenda.
2 Akati kwaʋari: Kuceka kukuru, asi
ʋaɓati ʋashoma; naiȥoȥo kumbirai
kuňaShe wokuceka kuti aɓuɗise ʋaɓati
pakuceka kwake. 3 Fambai henyu;
tarirai, ndinokutumai samakwaiana pa-
kati pamapere. 4 Musatora cikwama,
kana homboɗo, kana shaŋgu; musakwa-
zisa munhu panzira. 5 Paimba ipi
neipi yamunopinda, mutaŋge kuti:
Rugare *ŋgaruʋe* neimba ino. 6 Kana
munhu worugare aneŋge ari'po, rugare
rwenyu rucazorora pamsoro pake; kana
kusina, rucadzokera kwamuri. 7 Garai
muimba iyo, mucidya nokunwa ȥaʋa-
naȥo; nokuti muɓati wakafanirwa nomu-
ɓairo wake; musapota-pota nedzimba.
8 Paguta ripi neripi, pamunopinda, kana
ʋakakugamucirai, idyai ȥamunopakuri-
rwa. 9 Poresai ʋarwere ʋari'mo, muciti
kwaʋari: Ʋushe bgaMŋari bgasweɗera
kwamuri. 10 Asi guta ripi neripi
pamunopinda, kana ʋasiŋgakugamuci-
riyi, ɓuɗirai munzira dzaro, muti:
11 Kunyaŋge neguruʋa reguta renyu
rakanamatira tsoka dzeɗu, tinorikuhu-
murira kwamuri; asi muziʋe *cinhu* ici
kuti ʋushe bgaMŋari bgasweɗera.
12 Ndinoti kwamuri: Sodoma ricare-
rukirwa nezuʋa iro kupfuʋura guta iro.
13 Unenhamo, iwe Korazeni! Une-
nhamo, iwe Betsaida! Nokuti maɓasa
esimba akaitwa mukati menyu, ɗai
akaitwa muTire neSidoni, ʋaŋgaɗai
ʋatendeʋuka kare, ʋakagara ʋanamasaga
neɗota. 14 Asi Tire neSidoni acareru-
kirwa pakutoŋgwa kupfuʋuremi. 15 Ne-
we Kapernaume, ucasimudzirwa kuɗe-
ŋga here? Ucaɓurukira kuHadesi.
16 Unokunzwai imi, unondinzwa ini;
unokurambai imi, unondiramba ini;
unondiramba ini, unoramba iye waka-
ndituma.
17 Ʋanamakumi manomŋe ʋakadzoka
nomufaro, ʋaciti: Ishe, kunyaŋge
nemŋeya yakaipa inoȥiisa pasi peɗu
muzita renyu. 18 Akati kwaʋari: Nda-
kaʋona Satani aciwa kuɗeŋga semheni.
19 Tarirai, ndakakupai simba rokutsika
pamsoro penyoka neȥinyaʋaɗa, napa-
msoro pesimba rose romuʋeŋgi; haku-
necinhu ciŋgatoŋgokukuʋadzai. 20 Asi,
musafara ɓedzi necinhu ici, kuti mŋeya
inoȥiisa pasi penyu; asi mufare kuti
mazita enyu akanyorwa kuɗeŋga.
21 Neŋguʋa iyo wakafara noMŋeya
Mutşene, akati: Ndinokuʋoŋgai Ɓaɓa,
Ishe wokuɗeŋga napasi, kuti makaʋa-
nzira ʋakacenjera naʋakaŋgwara ȥinhu
iȥi, mukaȥizarurira ʋacece. Hoŋo Ɓaɓa,
nokuti ndiȥo ȥakakufadzai. 22 Ȥinhu
ȥose ndakaȥipiwa naƁaɓa ʋaŋgu;
hakuna-unoziʋa kuti Mŋanakomana ndi-
ani, asi Ɓaɓa, ʋuye kuti Ɓaɓa ndiani,
asi Mŋanakomana, naiye Mŋanakomana
waaneŋge aciɗa kumuzarurira iye.
23 Ipapo akatendeʋukira kuʋadzidzi
ʋake, akati kwaʋari, ʋari ʋoga: Meso,
anoʋona ȥamunoʋona, akaropafadzwa.
24 Nokuti ndinoti kwamuri: Ʋaprofita
ʋazhinji namadzimambo ʋaiɗa kuʋona
ȥamunoʋona, ʋakasaȥiʋona, nokunzwa
ȥamunonzwa, ʋakasaȥinzwa.

*Mufananidzo womuSamaria wakanaka.*
25 Ȥino mumŋe muɗudziri womurairo
wakasimuka, akamuidza, aciti: Mudzi-
dzisi, ndiŋgaiteiko kuti ndigare nhaka
yoʋupenyu bgusiŋgaperi? 26 Akati
kwaari: Pamurairo pakanyorweiko?
Unoraʋa sei? 27 Iye akapindura, akati:
Iɗa Ishe, Mŋari wako, nomŋoyo wako
wose, nomŋeya wako wose, nesimba
rako rose, nokufuŋga kwako kwose,
nowokwako seȥaunoȥiɗa iwe. 28 Akati

kwaari: Wapindura ȥakanaka; ita iȥoȥo,
ugorarama. 29 Asi iye, aciɗa kuȥirura-
misa, akati kunaJesu: Wokwaŋgu ndi-
aniko? 30 Jesu akapindura, akati:
Mumŋe munhu wakabva Jerusarema,
akaɓurukira Jeriko; akawirwa namako-
roro, akamupamba ŋguʋo, akamuroʋa,
akaenda, ndokumusiya oɗa kufa. 31 Ȥi-
no mumŋe muprista wakaŋga aciŋgoɓu-
ruka hake nenzira iyo; akati acimuʋona,
akanyenyeredza. 32 Nokuɗaro muRevi
ʋo wakaşika'po, aka*mu*ʋona, akanyenye-
redza. 33 Ȥino mumŋe muSamaria,
wakaŋga ari parwendo, wakaşika kwaari;
akati acimuʋona, akamunzwira tsitsi,
34 akaenda *kwaari*, ndokupombera ma-
ʋaŋga ake, aka*a*ɗira mafuta newaini;
akamukwidza pacipfuwo cake, ndoku-
muisa kuimba yaʋaeni, ndokumuceŋgeta.
35 Ȥino, aʋa maŋgwana, akaɓuɗisa ma-
denari maʋiri,* akaapa mŋene weimba,
akati: Muceŋgete; ʋuye ȥose ȥauno*mu*-
ripira kupfuʋura iȥi, ndicakupa ȥe, kana
ndicidzoka. 36 Unofuŋgei, ndoupiko
kunaʋatatu aʋa wakaŋga ari wokwake
waiye wakawirwa namakororo? 37 Aka-
ti: Ndiye wakamuitira ŋgoni. Jesu
akati kwaari: Enda, undoita saiȥoȥo.

*Marta naMaria.*

38 Ȥino ʋakati ʋacifamba, akapinda
munomumŋe musha; mumŋe mukadzi
wainzi Marta, akamugamucira mumba
make. 39 Iye wakaŋga anomunuŋuna
wainzi Maria, wakagara ʋo pamakumbo
aJesu, akanzwa shoko rake. 40 Asi
Marta wakaŋga acitambudzika noku-
shanda ȥikuru, akaʋuya, akati: Ishe,
hamunehanya *mucivona* munuŋuna wa-
ŋgu acindirega ndicishanda ndoga here?
Muʋudzei andiɓatsire. 41 Ishe aka-
pindura, akati kwaari: Marta! Marta!
unofuŋganya, nokuȥitambudza neȥinhu
ȥizhinji, 42 asi cinhu cimŋe cinoɗi-
kanwa; nokuti Maria wakasanaŋgura
mugoʋe wakanaka, waasiŋgazotorerwi.

*Kunyeŋgetera.*

(Mat. 6. 9–13.)

11 1 Ȥino wakati acinyeŋgetera
paneimŋe nȥimbo, apedza, mu-
mŋe waʋadzidzi ʋake akati
kwaari: Ishe, tidzidzisei kunyeŋgetera,
Johane seȥaakadzidzisa ʋadzidzi ʋake
ʋo. 2 Akati kwaʋari: Kana mucinye-
ŋgetera, muti: Ɓaɓa, zita renyu ŋgari-
kudzwe noʋutşene; ʋushe bgenyu ŋga-
bguʋuye; 3 mutipei zuʋa rimŋe neri-
mŋe ȥokudya ȥedu ȥinotiriŋgana; 4 mu-
tikaŋganwirei ȥiʋi ȥedu, nokuti nesu
tinokaŋganwira ʋose ʋanemhoşa nesu;
musatiisa pakuidzwa.

*Mufananidzo weshamŋari yakatsuŋgirira.*

5 Akati kwaʋari: Ndianiko kwamuri
uŋgaʋa neshamŋari, akaenda kwaari
pakati poʋusiku, akati kwaari: Sha-
mŋari, ndipose ʋo ȥiŋgwa ȥitatu;
6 nokuti shamŋari yaŋgu iri parwendo
yakaşika kwandiri, ȥino handina-candi-
ŋgamupakurira. 7 Uri mukati akapi-
ndura, akati: Usandinetsa; mukoʋa
watopfigwa, naʋana ʋaŋgu ʋaʋa neni
panhoʋo; handiŋgamuki ndikakupa.
8 Ndinoti kwamuri: Kunyaŋge asiŋga-
muki akamupa, nokuɗa kwokuti isha-
mŋari yake, kunyaŋge ȥakaɗaro, nokuɗa
kwokutsuŋgirira kwake, ucamuka, aka-
mupa ȥose ȥaanoshaiwa. 9 Ndinoti
kwamuri: Kumbirai, mucapiwa; tşakai,
mucawana; gogodzai, mucazarurirwa.
10 Nokuti mumŋe nomumŋe unoku-
mbira, unopiwa; unotşaka, unowana;
nounogogodza, unozarurirwa. 11 Nda-
ʋapiko ɓaɓa pakati penyu, kana mŋana-
komana acikumbira ciŋgwa, ʋaŋgamupa
ibge here? Kana hoʋe, ʋaŋgamupa
nyoka panȥimbo yehoʋe here? 12 Kana
akakumbira zai, ʋaŋgamupa cinyaʋaɗa
here? 13 Naiȥoȥo kana imi makaipa
muciziʋa kupa ʋana ʋenyu ȥipo ȥaka-
naka, Ɓaɓa ʋenyu ʋari kuɗeŋga ʋacapa
ȥikuru sei Mŋeya Mutşene ʋanokumbira
kwaari.

*Jesu unoɓuɗisa mŋeya yakaipa. Uno-
ɗaɗirwa naʋaFarise.*

(Mat. 12. 22–37.)

14 Ȥino wakaŋga aciɓuɗisa mŋeya
wakaipa, waiʋa mbeʋeʋe; mŋeya wa-
kaipa ukati wabva, mbeʋeʋe ikataura,
ʋanhu ʋazhinji ʋakashamiswa. 15 Asi
ʋamŋe ʋaʋo ʋakati: Unoɓuɗisa mŋeya
yakaipa naBeerzeburi, mukuru we-
mŋeya yakaipa. 16 Asi ʋamŋe ʋaka-
muidza, ʋakakumbira ciratidzo kwaari
cinobva kuɗeŋga. 17 Ȥino iye wakati
aciziʋa kufuŋga kwaʋo, akati kwaʋari:
Ʋushe bgumŋe nobgumŋe bgunoȥipesa-
nisa, bgunoparadzwa; neimba *inopesana*
neimba, inowa. 18 NaSatani, kana aciȥi-
pesanisa, ʋushe bgake bguŋgamira seiko,
ȥamunoti, ndinoɓuɗisa mŋeya yakaipa
naBeerzeburi? 19 Kana ini ndiciɓuɗi-

* Mari ineŋge shereni nesisipenzi.

sa mŋeya yakaipa naBeerzeburi, ko
ʋanakomana ʋenyu ʋanoiɓuɗisa nani?
Naiȥoȥo iʋo ʋacaʋa ʋatoŋgi ʋenyu.
20 Asi kana ndiciɓuɗisa mŋeya yakaipa
nomunwe waMŋari, ipapo ʋushe bga-
Mŋari bgaşika kwamuri. 21 Kana
*munhu* unesimba, wakashoŋga nhumbi
dzokurwa, acirinda imba yake, nhumbi
dzake dzinoceŋgeteka. 22 Asi kana
*mumŋe* unomupfuʋura nesimba aka-
muʋamba, akamukunda, ipapo ucamu-
torera nhumbi dzose dzokurwa, dzaaka-
ŋga aciʋimba nadzo, ndokugoʋera iȥo
ȥaapamba. 23 Usi neni, unopesana
neni, nousiŋgaʋuŋganidzi neni, uno-
paradza. 24 Mŋeya wetşina kana
waɓuɗa kumunhu, unopota nenȥimbo
dzakawoma, ucitşaka zororo; kana
ukashaiwa, unoti: Ndicadzokera kumba
kwaŋgu kwandaɓuɗa. 25 Kana waşika,
unoiwana yatşairwa, yanatswa. 26 Ipa-
po unoenda, ndokundotora mimŋe
mŋeya minomŋe inoukunda nokuipa,
ndokupinda, ndokugara'mo; kuguma
kwomunhu uyo kwakaipa kupfuʋura
kutaŋga *kwake*.
27 Wakati areʋa iȥoȥo, mumŋe mu-
kadzi pakati paʋanhu ʋazhinji aka-
ɗanidzira, akati kwaari: Rakaropafa-
dzwa ɗumbu rakakutakurai, namazamu
amakamŋa. 28 Asi iye akati: Hoŋo,
ȥikuru ʋakaropafadzwa ʋanonzwa shoko
raMŋari, ʋaciriceŋgeta.

*Ciratidzo comuprofita Jona.*

(Mat. 12. 39–42.)

29 Ȥino ʋazhinii ʋakati ʋaciʋuŋganira
kwaari, akataŋga kuti: Rudzi urwu,
rudzi rwakaipa; runotşaka ciratidzo,
asi haruŋgapiwi ciratidzo, asi ciratidzo
caJona. 30 Nokuti Jona seȥaakaŋga
ari ciratidzo kunaʋaNinivi, ndiȥo ȥicaita
ʋo Mŋanakomana womunhu kurudzi
urwu. 31 Mambokadzi weZasi ucasi-
muka pakutoŋgwa naʋarume ʋorudzi
urwu, akaʋapa mhoşa, nokuti wakabva
pamigumo yenyika, kuzonzwa kuce-
njera kwaSoromoni; tarirai, mukuru
kunaSoromoni uri pano. 32 Ʋarume
ʋeNinivi ʋacasimuka pakutoŋgwa noru-
dzi urwu, ʋakarupa mhoşa, nokuti
ʋakatendeʋuka nokuparidza kwaJona;
tarirai, mukuru kunaJona uri pano.

*Mufananidzo womŋenje.*

Mat. 5. 15, 16; Mar. 4. 21, 22; Ruka 8. 16–18.)

33 Hakunomunhu unoti kana atuŋgi-
dza mŋenje, uŋgauisa pakaʋanda, kana
pasi peɗeŋgu, asi pacigadziko, kuti
ʋanopinda ʋaʋone ciedza. 34 Mŋenje
womuʋiri iziso rako; kana ziso rako
rakanaka, muʋiri wako wose ucavene-
kerwa; asi kana rakaipa, muʋiri wako
wose ucaʋa nerima. 35 Naiȥoȥo cenjera
kuti ciedza ciri mukati mako cirege
kuʋa rima. 36 Ȥino kana muʋiri wako
wose wakavenekerwa, pasinarutiʋi ru-
nerima, ucavenekerwa wose, somŋenje
unokuvenekera nokupenya *kwawo*.

*Jesu unotuka vaFarise navadudziri vomurairo.*

(Mat. 23. 13–35.)

37 Wakati acataura, mumŋe muFarise
akakumbira kwaari kuti aşuşure naye;
akapinda, akagara pakudya. 38 Ȥino
muFarise akashamiswa, aciʋona ku-
ti haana-kumboshamba asati aşuşura.
39 Ishe akati kwaari: Ȥino imi ʋaFarise,
munosuka kunze kwomukombe ne-
ndiro, asi mukati menyu muzere noku-
kara nokuipa. 40 Imi mapenzi! Ko
uyo wakaita ȥiri kunze, haazi iye wakaita
ȥiri mukati ʋo here? 41 Asi ipai iȥo
ȥiri mukati ȥiʋe ȥipo; ipapo tarirai
ȥose ȥicaʋa ȥakanaka kwamuri.
42 Asi munenhamo, imi ʋaFarise,
nokuti munopa cegumi ceminte neruyi
nemiriʋo yose, mucirega kururamisira
*mhaka* noruɗo kunaMŋari; maifanira
kuȥiita iȥi, nokusarega *kuita* iȥoȥo.
43 Munenhamo, imi ʋaFarise, nokuti
munoɗa ȥigaro ȥapamberi mumasina-
goge, nokukwaziswa paɗare. 44 Mune-
nhamo, imi, nokuti makaita samarinda
asiŋgaʋonekwi; ʋanhu ʋanofamba pa-
msoro pawo, ʋasiŋgaziʋi.
45 Ȥino mumŋe waʋaɗudziri ʋomu-
rairo wakapindura, akati kwaari: Mu-
dzidzisi, kana mucitaura iȥoȥo, muno-
tituka nesu ʋo. 46 Iye akati: Mune-
nhamo nemi ʋo, ʋaɗudziri ʋomurairo;
nokuti munotakudza ʋanhu mitoro
inorema, inotambudza kutakura, asi
imi mumene hamuɓati mitoro iyo
kunyaŋge nomunwe wenyu mumŋe.
47 Munenhamo, imi, nokuti munoʋaka
marinda aʋaprofita ʋakaʋurawa nama-
dziɓaɓa enyu. 48 Naiȥoȥo muri ȥapupu,
mucitenderana ʋo namaɓasa amadzi-
ɓaɓa enyu; nokuti iʋo ʋakaʋaʋuraya,
nemi munoʋaka *marinda avo*. 49 Saka
nokucenjera kwaMŋari ʋo kwakati:
Ndicatumira kwaʋari ʋaprofita naʋaapo-
stora, ʋacaʋuraya ʋamŋe ʋaʋo, noku-

ʋatambudza; 50 kuti *mhosa yeropa*
raʋaprofita ʋose, rakateʋurwa kubva
pakuʋambga kwenyika, itşakwe parudzi
urwu; 51 kubva paropa raAberi,
kuşikira paropa raZakaria, wakaʋurawa
pakati peartari neImba *yaMyari*; hoŋo,
ndinoti kwamuri, *mhoşa* icatşakwa
parudzi urwu. 52 Munenhamo, imi
ʋadudziri ʋomurairo; nokuti maka-
bvisa kiyi yokuziʋa; hamuna-kupinda
mumene, ʋuye makadziʋisa aʋo ʋakaŋga
ʋacipinda.
53 Wakati acibva'po, ʋanyori naʋa-
Farise ʋakataŋga kumumanikidȥa kwa-
ȥo, nokumubvunzisisa pamsoro peȥimŋe
ȥizhinji, 54 ʋacimurindira, kuti ʋamu-
ɓate *pa*shoko rinoɓuɗa mumuromo
make.

*Jesu unoraira ʋadzidzi ʋake.*

12 1 Ȥino ʋanhu ʋaneȥuru ȥizhi-
nji ʋakati ʋaʋuŋganira pamŋe
cete kuşikira ʋotsikitirana, aka-
ʋamba kutaura kuʋadzidzi ʋake paku-
taŋga, *aciti*: Cenjerai mbiriso yaʋa-
Farise, ndiko kunyeŋgera. 2 Haku-
necinhu cakafukidzwa, cisiŋgazozaru-
rwi; kana cakaʋanzika, cisiŋgazozikanwi.
3 Saka ȥose ȥamakataura murima,
ȥicanzwika muciedza; neȥamakataura
munzeʋe mudzimba dzomukati, ȥica-
paridzwa pamsoro pedzimba. 4 Ndi-
noti kwamuri, hama dzaŋgu: Musatya
ʋanoʋuraya muʋiri, ʋasiŋgazogoni kuita
cimŋe cinhu shure kwaiȥoȥo. 5 Asi
ndicakuratidzai wamunofanira kutya;
mumutyei iye, unoti kana aʋuraya,
unesimba *ʋo* rokukandira muGehena.
Hoŋo, ndinoti kwamuri: Mumutyei
iye. 6 Ko shiri ɗuku shanu hadzi-
teŋgeswi nepeni here? Hakunaimŋe
yadzo inokaŋganikwa pamberi paMŋari.
7 Asi nevudzi romusoro wenyu raka-
ʋereŋgwa rose. Musatya, munopfuʋura
shiri ɗuku zhinji. 8 Ndinoti kwamuri:
Mumŋe nomumŋe unondipupura pa-
mberi paʋanhu, Mŋanakomana womu-
nhu ucamupupura ʋo pamberi paʋa-
tumŋa ʋaMŋari. 9 Asi unondiramba
pamberi paʋanhu, ucarambga ʋo pa-
mberi paʋatumŋa ʋaMŋari. 10 Mumŋe
nomumŋe unoreʋa shoko *rakaipa* pa-
msoro poMŋanakomana womunhu,
ucakaŋganwirwa, asi unomhura Mŋeya
Mutşene haaŋgakaŋganwirwi. 11 Kana
ʋacikuisai pamberi pamasinagoge naʋa-
toŋgi naʋakuru, musafuŋganya kuti
mucapindura sei, kana inyiko, kana
mucataurei. 12 Nokuti Mŋeya Mutşene
ucakudzidzisai neŋguʋa iyo ȥamuno-
fanira kutaura.

*Mufananidzo womufumi ɓenzi.*

13 Ȥino mumŋe pakati paʋazhinji
wakati kwaari: Mudzidzisi, ʋudzai
munuŋuna waŋgu kuti agoʋane nhaka
neni. 14 Iye akati kwaari: *Iwe* munhu,
ndianiko wakandiita mutoŋgi kana
mugoʋeri pakati penyu? 15 Akati
kwaʋari: Cenjerai, muȥiceŋgete paku-
ciʋa kwose, nokuti ʋupenyu bgomunhu
habguzi paȥinhu ȥakawanda ȥaanaȥo.
16 Akaʋataurira mufananidzo, akati:
Nyika yomumŋe mufumi yakaŋga ya-
ɓereka kwaȥo; 17 akafuŋga mumŋoyo
make, akati: Ndicaita seiko? Nokuti
handina-pandiŋgaʋuŋganidzira ȥiɓereko
ȥaŋgu. 18 Akati: Ndicaita kuɗai:
Ndicaputsa matura aŋgu, ndikaʋaka
makuru; ndicaʋuŋganidzira'po ȥiyo
ȥaŋgu, neȥose ȥaŋgu ȥakanaka, 19 ndi-
goti kumŋeya waŋgu: Mŋeya, uneȥa-
kawanda ȥakanaka, ȥakaʋigirwa ma-
kore mazhinji; zorora, udye, unwe,
ufare. 20 Asi Mŋari akati kwaari: Iwe
ɓenzi, noʋusiku ubgu ʋacakutorera
mŋeya wako; iȥo ȥawagadzira, ȥicagoʋa
ȥani? 21 Ndiȥo ȥakaita munhu uno-
ȥiʋuŋganidzira fuma, asiŋgafumi kuna-
Mŋari.

*Ɓaɓa ʋanoziva ȥatinoshaiwa.*

(Mat. 6. 25–34.)

22 Ȥino wakati kuʋadzidzi ʋake:
Naiȥoȥo ndinoti kwamuri: Musafuŋga-
nya pamsoro poʋupenyu *bgenyu*, kuti
mucadyei, kana pamsoro pomuʋiri
*wenyu*, kuti mucapfekei? 23 Nokuti
ʋupenyu bgunopfuʋura ȥokudya, no-
muʋiri *unopfuvura* ȥokupfeka. 24 Fu-
ŋgai makuŋguʋu, kuti haadȥari, haaceki,
haanetsapi kana ɗura; asi Mŋari unoapa
ȥokudya. Imi munokunda shiri ȥikuru
sei! 25 Ndianiko kwamuri uŋgawe-
dzera kubiti* rimŋe paʋurefu bgake
nokufuŋganya? 26 Ȥino kana imi
musiŋgagoni kuita cinhu ciɗuku, mu-
nofuŋganyireiko pamsoro peȥimŋe?
27 Fuŋgai maruʋa, kumera kwawo;
haaɓati, haaruki; asi ndinoti kwamuri:
Kunyaŋge naSoromoni pakubginya
kwake kwose, haana-kushoŋgedzwa
serimŋe rawo. 28 Ȥino kana Mŋari

* Kubiti kubva pagokora kuşikira paminwe.

acipfekedza saiȥoȥo ʋuswa bgenyika,
bguri'po nhasi, maŋgwana bgokandirwa
mucoto, *haaŋgaku*pfekedziyi nokupfu-
ʋurisa, imi ʋokutenda kuɗuku here?
29 Imi musatşaka ȥamucadya, neȥa-
mucanwa; musaȥidya mŋoyo. 30 No-
kuti ȥinhu iȥoȥi ȥose ȥinotşakwa naʋa-
hedeni; asi Ɓaɓa ʋenyu ʋanoziʋa kuti
munoshaiwa iȥoȥi. 31 Asi tşakai ʋushe
bgaʋo, naiȥoȥo ȥose mucaȥiwedzerwa.
32 Musatya henyu, imi kapoka kaɗuku,
nokuti Ɓaɓa ʋenyu ʋanofara nokukupai
ʋushe. 33 Teŋgesai ȥamunaȥo, mupe
ȥipo; muȥiitire ȥikwama ȥisiŋgasaka-
ri, fuma isiŋgaperi kuɗeŋga, pasiŋga-
şiki mbava, pasiŋgaparadzi ȥipfunho.
34 Nokuti panefuma yenyu, nomŋoyo
wenyu ucaʋa'po ʋo.

*Mufananidzo womuranda wakarindira ishe wake.*

(Mat. 24. 37–51.)

35 Ȥiʋuno ȥenyu ŋgaȥigare ȥakasu-
ŋgwa, nemŋenje yenyu ipɗute. 36 Ne-
mi muʋe saʋanhu ʋakarindira ishe
waʋo pakudzoka kwake kumutambo
wokuwana; kuti kana akaşika, akago-
godza, ʋamuzarurire pakarepo. 37 Ʋa-
karopafadzwa ʋaranda aʋo, ʋanoti,
kana ishe acişika, unoʋawana ʋakari-
ndira. Ȥirokwaȥo ndinoti kwamuri,
ucaȥisuŋga ciʋuno iye, akaʋagarisa
pakudya, akaʋuya akaʋashandira.
38 Kana akaşika neŋguʋa yokuri-
ndira yecipiri, kana yecitatu yoʋusiku,
akaʋawana ʋakaɗaro, ʋakaropafadzwa
ʋaranda iʋaʋo. 39 Asi muziʋe iȥi, kuti
ɗai mŋene weimba aiziʋa ŋguʋa inoʋuya
nayo mbava, haazaitendera kuti imba
yake ipazwe. 40 Nemi ʋo mugare
makaȥigadzira, nokuti Mŋanakomana
womunhu ucaʋuya neŋguʋa yamusi-
ŋgafuŋgi.
41 Ȥino Petro akati kwaari: Ishe,
mufananidzo uyu munoutaura kwatiri,
kana kunaʋose here? 42 Ishe akati:
Ndianiko mutariri wakatendeka, waka-
cenjera, ucaiswa nashe wake pamsoro
paʋaranda ʋake, kuti aʋape mugoʋe
weȥokudya ȥaʋo neŋguʋa yakafanira?
43 Wakaropafadzwa muranda uyo,
unoti, kana ishe wake acişika, akamu-
wana aciita saiȥoȥo. 44 Ȥirokwaȥo
ndinoti kwamuri, kuti ucamugadza aʋe
mutariri weȥose ȥaanaȥo. 45 Asi kana
muranda uyo akareʋa mumŋoyo make,
*aciti:* Ishe waŋgu wanonoka kuʋuya;
akataŋga kuroʋa ʋaranda, ʋarume naʋa-
kadzi, akadya, akanwa, akaɓatwa,
46 ishe womuranda uyo ucaşika ne-
zuʋa raasiŋgatariri, neŋguʋa yaasiŋga-
ziʋi, akamuroʋesa ȥikuru, akamupa
mugoʋe wake pamŋe cete naʋasaka-
tendeka. 47 Muranda uyo wakaziʋa
kuɗa kwashe wake, akasagadzira, kana
kuita kuɗa kwake, ucarobga ȥizhinji.
48 Asi usina-kuziʋa, akaita ȥakafanira
kurobga, ucarobga ȥishoma. Wakapiwa
ȥizhinji, ȥizhinji ȥicatşakwa kwaari;
unotendwa neȥizhinji, ʋacareʋa ȥino-
pfuʋurisa kwaari.
49 Ndakaʋuya kuzokanda mŋoto pa-
nyika; ȥino ndinoti: ɗai watoɓatidzwa
hawo! 50 Ndinorubapatidzo rwandi-
cabapatidzwa narwo; ndinomanikidzwa
sei kuşikira ȥiciitika. 51 Munofuŋga
kuti ndakaʋuya kuzopa rugare panyika
here? Ndinoti kwamuri: Kwete, asi
kupesanisa. 52 Nokuti kubva ȥino
ʋashanu ʋeimba imŋe ʋacapesana,
ʋatatu *vacipesana* naʋaʋiri, ʋaʋiri naʋa-
tatu. 53 Ɓaɓa ʋacapesana nomŋana-
komana waʋo, nomŋanakomana naɓaɓa
ʋake; mai nomŋanasikana waʋo, no-
mŋanasikana namai ʋake; ʋamŋene
nomukadzi womŋanakomana waʋo,
nomukadzi womŋanakomana naʋa-
mŋene ʋake.
54 Akati kuʋanhu ʋazhinji: Kana
muciʋona gore ricikwira kumaʋirira,
pakarepo munoti: Mvura icanaya;
ȥoitika saiȥoȥo. 55 Kana *mucivona*
mhepo icivuvuta icibva Zasi, munoti:
Kucapisa kwaȥo; ȥoitika. 56 Imi
ʋanyeŋgeri, munoziʋa kuɗudzira ȥamu-
noʋona ȥenyika neȥokuɗeŋga, asi hamu-
ziʋi nei kuɗudzira ŋguʋa ino? 57 Mu-
noregereiko kuȥitoŋgera mumene ȥaka-
rurama? 58 Nokuti kana ucienda-
kunashe nomudziʋisi wako, idza kuti
uregedzwe naye muciri munzira; kuti
arege kukukwirira kumutoŋgi, mutoŋgi
akuise kumupurisa, mupurisa akusu-
ŋge mutoroŋgo. 59 Ndinoti kwauri,
hauŋgatoŋgoɓuɗi'mo, usati waripa ka-
mari kwokupedzisira.

*Tendevukai.*

13 1 Neŋguʋa iyo ʋamŋe ʋa-
kaŋga ʋari'po ʋakamuʋudza
*shoko* raʋaGarirea ʋakaŋga ʋa-
veŋganisirwa ropa raʋo neȥiɓayiro ȥaʋo
naPirato. 2 Akapindura, akati kwaʋari:
Munoti ʋaGarirea aʋo ʋakaŋga ʋari

ʋatadzi here kupfuʋura ʋaGarirea ʋose,
ȥaʋakatambudzika saiȥoȥo? 3 Ndino-
kuʋudzai: Kwete; asi kana musiŋga-
tendeʋuki, imi mose mucaʋurawa sa-
iȥoȥo. 4 Kana ʋaya ʋanegumi naʋasere,
ʋakawirwa neşiŋgo yeSiroami, ika-
ʋaʋuraya, munoti ʋakaŋga ʋanemhoşa
kukunda ʋanhu ʋose ʋaigara Jerusarema
here? 5 Ndinokuʋudzai: Kwete; asi
kana musiŋgatendeʋuki, imi mose mu-
caʋurawa saiȥoȥo.

*Muʋonde usiŋgaɓereki.*

6 Ȥino wakataura mufananidzo uyu:
Mumŋe munhu wakaŋga anomuʋonde,
wakaŋga wakasimŋa mumunda wake
wemizambiriŋga; akaʋuya acitşaka ȥi-
ɓereko kwauri, akashaiwa. 7 Ipapo
akati kumurimi womunda wemizambi-
riŋga: Tarira, ndaʋuya makore matatu
ndicitşaka ȥiɓereko pamuʋonde uyu,
ndikashaiwa; uuteme, unotadzireiko
pasi? 8 Akapindura, akati kwaari:
Ishe, muuregei henyu nhaka, kuşikira
ndiciurimira, nokuuisa mupfudze;
9 kana ukazoɓereka ȥiɓereko, *ȥaka-
naka*; asi kana *usiŋgaɓereki*, muŋga-
zoutema henyu.

*Jesu unoporesa mukadzi nesaɓata.*

10 Ȥino wakaŋga acidzidzisa mune-
rimŋe sinagoge nomusi wesaɓata.
11 Ȥino tarira, *kwaiʋa'po* mukadzi
waiʋa nomŋeya woʋurwere makore
anegumi namasere; wakaŋga akafu-
nyana, asiŋgatoŋgogoni kusimuka.
12 Jesu akati acimuʋona, akamuɗana,
akati kwaari: Mai, wasunuŋgurwa
paʋurwere bgako. 13 Akaisa maʋoko
ake pamsoro pake; akatasanudzwa pa-
karepo, akarumbidza Mŋari. 14 Ȥino
mukuru wesinagoge akatsamŋa, nokuti
Jesu wakaporesa nomusi wesaɓata,
akapindura, akati kuʋanhu ʋazhinji:
Mazuʋa matanhatu ari'po, anofanira
kuɓatwa nawo; ʋuyai naiwayo, mu-
poreswe; asi *musaʋuya* nomusi wesa-
ɓata. 15 Asi Ishe wakamupindura,
akati: Imi, ʋanyeŋgeri! Ko mumŋe
nomumŋe wenyu haaŋgasunuŋguri
ŋombe yake kana mboŋgoro yake
pacidyiro nomusi wesaɓata, akaenda
nayo kundoinwisa here? 16 Ȥino
mukadzi uyu, mŋanasikana waAbra-
hama, wakaŋga akasuŋgwa naSatani
makore anegumi namasere, haazaifanira
kusunuŋgurwa nomusi wesaɓata paci-
suŋgo ici here? 17 Ȥino wakati areʋa
iȥoȥo, ʋadziʋisi ʋake ʋose ʋakanya-
dziswa; asi ʋanhu ʋazhinji ʋose ʋaka-
fara neȥinhu ȥose ȥakaişo-naka ȥakaitwa
naye.

*Mufananidzo wembeu yemastarda nembiriso.*

(Mat. 13. 31, 32; Mar. 4. 30–32.)

18 Ȥino akati: Ʋushe bgaMŋari bga-
kafanana neiko? Ndicabgufananidza
nei? 19 Bgakafanana netsaŋga yembeu
yemastarda, yakatorwa nomunhu, akai-
kanda mumunda make, ikamera, ikaita
muti, shiri dzokuɗeŋga dzikagara pa-
mataʋi awo. 20 Akati ȥe: Ʋushe
bgaMŋari ndicabgufananidza neiko?
21 Bgakafanana nembiriso yakatorwa
nomukadzi akaiisa muȥiyero ȥitatu*
ȥoʋupfu, kuşikira bgose bgaʋiriswa.

*Suʋo rakamanikana.*

(Mat. 7. 13, 14.)

22 Ȥino wakafamba namaguta nemi-
sha, acidzidzisa, aciŋgoenda Jerusarema.
23 Mumŋe akati kwaari: Ishe, ʋaca-
zoponeswa ʋashoma here? 24 Akati
kwaʋari: Irwai kupinda nesuʋo raka-
manikana; nokuti ʋazhinji, ndinoti
kwamuri, ʋacatşaka kupinda, asi haʋa-
ŋgagoni. 25 Paŋguʋa iyo kana mŋene
weimba asimuka, azarira suʋo, imi
mukataŋga kumira kunze, mukagogodza
pasuʋo, muciti: Ishe! tizarurirei! Iye
akapindura, aciti kwamuri: Handiku-
ziʋiyi imi kwamakabva. 26 Ȥino
mucataŋga kuti: Taidya, tainwa pa-
mberi penyu, ʋuye maidzidzisa panzira
dzomumisha yeɗu. 27 Asi iye ucati:
Ndinokuʋudzai: Handiziʋi kwamaka-
bva; ibvai kwandiri, imi mose, ʋaiti
ʋeȥisakarurama! 28 Apo pacaʋa no-
kucema nokugeɗa-geɗa kwameno, kana
muciʋona Abrahama naIsaka naJakobo
naʋaprofita ʋose *ʋari* muʋushe bga-
Mŋari, asi imi maɓuɗiswa kunze.
29 Ʋacabva mabvazuʋa, nokumaʋirira,
nokumsoro, nezasi, ʋakagara muʋushe
bgaMŋari. 30 Tarirai, ʋari'po ʋoku-
pedzisira ʋacaʋa ʋokutaŋga, noʋoku-
taŋga ʋacaʋa ʋokupedzisira.

*Jesu unocema pamsoro peJerusarema.*

(Mat. 23. 37–39.)

31 Neŋguʋa iyo ʋamŋe ʋaFarise
ʋakaşika, ʋakati kwaari: Ɓuɗai, mubve

* Magaroni aneŋge mapfumbamŋe.

pano, nokuti Herode unoɗa kukuʋu-
rayai. 32 Akati kwaʋari: Endai, mu-
ndoʋudza mhuŋgubge iyo, *muti*: Tarira,
ndinoɓuɗisa mŋeya yakaipa, ndino-
poresa nhasi namaŋgwana, ne*zuʋa*
retatu ndinopedzisa. 33 Asi ndino-
fanira kufamba nhasi namaŋgwana,
nerinoteʋera, nokuti haɀiŋgaitiki kuti
muprofita aʋurawe kunze kweJeru-
sarema. 34 Jerusarema, Jerusarema,
unoʋuraya ʋaprofita, nokutaka namabge
aʋo ʋakatumŋa kwauri; ndakaŋga ndi-
ciɗa kazhinji sei kuʋuŋganidza ʋana
ʋako semhambo *inoʋuŋganidza* hukwana
dzayo munyasi mamapapiro ayo, muka-
ramba. 35 Tarirai, masiyirwa imba
yenyu raʋa ɗoŋgo; asi ndinoti kwamuri:
Hamucazondiʋoni, kuȿikira muciti:
Ŋgaarumbidzwe iye unoʋuya nezita
raShe!

*Jesu unoporesa munhu unorukandwe.*

14 1 Ɀino wakati apinda mumba
momumŋe waʋakuru ʋaʋa-
Farise nomusi wesaɓata kuzo-
dya ɀokudya, ʋakamucerekedza. 2 Ɀino
kwakaŋga kunomumŋe munhu pamberi
pake waiʋa norukandwe. 3 Ipapo Jesu
akapindura, akataura kuʋaɗudziri ʋo-
murairo nokuʋaFarise, aciti: Kwaka-
tenderwa kuporesa nomusi wesaɓata
here, kana kwete? 4 Ʋakaramba
ʋanyerere. Ɀino akamutora, akamu-
poresa, ndokumuendisa. 5 Akati kwa-
ʋari: Ndianiko pakati penyu, uŋgati,
kana mŋanakomana wake, kana ŋombe
yake yawira mugomba, uŋgarega kui-
ɓuɗisa pakarepo nomusi wesaɓata?
6 Ʋakasagona kupindura ɀe pamsoro
paiɀoɀi.

*Kuɀininipisa.*

7 Ɀino wakataura mufananidzo ku-
naʋakakokerwa, nokuti wakaʋona ʋaci-
ɀisanaŋgurira ɀigaro ɀapamberi, akati
kwaʋari: 8 Kana iwe uciŋge wakokerwa
nomunhu kumutambo wokuwana,
usagara pacigaro capamberi; ɀimŋe
mumŋe, unokudzwa kupfuʋurewe, wa-
kokerwa *ʋo* naye; 9 ɀino wakakukokera
iwe naye, uŋgaȿika, akati kwauri:
Ibva'po, munhu uyu agare; ipapo uca-
taŋga kugara kucigaro ceshure uci-
nyara. 10 Asi kana wakokerwa, enda
ugare pacigaro ceshure, kuti uyo waka-
kukokera, kana aciȿika, agoti kwauri:
Shamŋari, pinda mberi! Ɀino ucakudzwa
we pamberi paʋose ʋagere pakudya
newe. 11 Nokuti mumŋe nomumŋe
unoɀikudza, ucaninipiswa; ʋuye mumŋe
nomumŋe unoɀininipisa, ucakudzwa.
12 Akati ʋo kunowakamukokera: Kana
wagadzira ciȿuȿuro kana cirayiro, usa-
ɗana shamŋari dzako, kana ʋanuŋuna
ʋako, kana hama dzako, naʋafumi
ʋokwako, kuti ʋarege kukukokera ɀe,
ugoripirwa. 13 Asi kana wagadzira
mutambo wokudya, ukokere ʋarombo,
neɀirema, naʋanokamhina, namapofu.
14 Ipapo ucaropafadzwa, ɀaʋasina-
ɀaʋaŋgakuripira naɀo, nokuti ucaripirwa
pakumuka kwaʋakarurama.

*Mufananidzo wecirayiro cikuru.*

(Mat. 22. 1–14.)

15 Mumŋe waʋakaŋga ʋagere naye
pakudya wakati aciɀinzwa, akati kwaari:
Wakaropafadzwa uyo ucadya ɀokudya
paʋushe bgaMŋari! 16 Iye akati
kwaari: Mumŋe munhu wakagadzira
cirayiro cikuru, akakokera ʋazhinji.
17 Akatuma muranda wake neŋguʋa
yokurayira kuti aʋudze ʋakaŋga ʋaka-
kokerwa, *kuti*: Ʋuyai, nokuti *ɀose* ɀaga-
dzirwa ɀino. 18 Ipapo ʋose ʋakataŋga
nomŋoyo mumŋe kuɀireʋera. Woku-
taŋga akati kwaari: Ndateŋga munda,
ndinofanira kumbondoʋuʋona; ndino-
kumbira kuti undireʋere. 19 Mumŋe
akati: Ndateŋga nzombe dzamajoko ma-
shanu, ndinoenda kundodziidza; ndi-
nokumbira kuti undireʋere. 20 Mumŋe
akati: Ndawana mukadzi, naiɀoɀo
handiŋgaʋuyi. 21 Muranda akaʋuya,
akaʋudza ishe wake iɀoɀo. Ipapo
mŋene weimba akatsamŋa, akati kumu-
randa wake: Kurumidza, uɓuɗe kunzira
huru neɗuku dzomumusha, uʋuye pano
naʋarombo, neɀirema, namapofu, na-
ʋanokamhina. 22 Muranda akati: Ishe,
iɀo ɀamaraira, ɀaitwa, asi nɀimbo ici'po.
23 Ishe akati kumuranda: Ɓuɗa kunzira
nokuʋuzhowa, *uʋa*gombedzere ʋapinde,
imba yaŋgu izare. 24 Nokuti ndinoti
kwamuri: Hakunomumŋe kunaʋarume
aʋo ʋandakokera, ucaraʋira cirayiro
caŋgu.

*Kuteʋera Jesu.*

(Mat. 10. 37–39.)

25 Ɀino ʋazhinji-zhinji ʋakafamba
naye; akatendeʋuka, akati kwaʋari:
26 Kana munhu aciʋuya kwandiri,
asiŋgaʋeŋgi ɓaɓa ʋake namai, nomu-
kadzi, naʋana, naʋanuŋuna, nehanɀa-
dzi, kunyaŋge noʋupenyu bgake ʋo,

haaŋgaʋi mudzidzi waŋgu. 27 Aninani
usiŋgatakuri mucinjikwa wake, akaʋuya
shure kwaŋgu, haaŋgaʋi mudzidzi
waŋgu. 28 Nokuti ndiani kwamuri,
kana aciɗa kuʋaka şiŋgo, usiŋga-
taŋgi kugara pasi, akaʋereŋga kukosha
kwayo, *kuvona* kana ane*mari* yokui-
pedzisa nayo? 29 Kuti ȥimŋe kana
ataŋga nheyo, akakoniwa kupedzisa,
ʋose ʋanoȥiʋona, ʋasataŋga kumuseka,
30 ʋaciti: Uyu munhu wakataŋga
kuʋaka, akakoniwa kupedzisa. 31 Kana
ndoupiko mambo, kana acienda kundo-
rwa nomumŋe mambo, usiŋgataŋgi
kugara pasi, akaraŋgarira kana iye,
unaʋanhu ʋaneȥuru ȥamazana ȥine-
gumi, aŋgagona kundosoŋgana nouno-
ʋuya kuzorwa naye, ana*ʋanhu* ʋaneȥuru
ȥamazana ȥinamakumi maʋiri? 32 Ka-
na asiŋga*goni*, unotuma nhume, iye
aciri kure, kundokumbira mashoko
orugare. 33 Saiȥoȥo ʋo, aninani kwa-
muri usiŋgasiyi ȥose ȥaanaȥo, haaŋgaʋi
mudzidzi waŋgu. 34 Munyu waka-
naka; asi kana munyu waɗuruŋgunda,
ucaruŋgwa neiko? 35 Haucineɓasa
pamunda, kana paɗutu romupfudze;
ʋanourashira kunze. Unenzeʋe dzo-
kunzwa, ŋgaanzwe.

*Mufananidzo wegwai rakarashika.*
(Mat. 8. 12–14.)

15 1 Ȥino ʋateresi ʋose naʋatadzi
ʋakaswedera kwaari, kuzomu-
nzwa. 2 Ʋafarise naʋanyori
ʋose ʋakaŋuŋuna, ʋaciti: Uyu munhu
unogamucira ʋatadzi, acidya naʋo.
3 Ȥino wakaʋaʋudza mufananidzo
uyu, aciti: 4 Ndianiko kwamuri una-
makwai anezana, kana akarashikirwa
nerimŋe rawo, uŋgasasiya makumi ma-
pfumbamŋe namapfumbamŋe murenje,
akateʋera rakarashika kuşikira ariwana?
5 Kana ariwana, unoriisa pamafudzi
ake, acifara. 6 Kana aşika kumusha,
unokokera shamŋari dzake naʋakaʋaka
naye, akati kwaʋari: Farai neni, nokuti
ndawana gwai raŋgu rakaŋga rakarashika.
7 Ndinoti kwamuri, saiȥoȥo mufaro
ucaʋa kuɗeŋga pamsoro pomutadzi
mumŋe unotendeʋuka, *kupfuvura* paʋa-
karurama ʋanamakumi mapfumbamŋe
naʋapfumbamŋe, ʋasiŋgatşaki kute-
ndeʋuka.

*Mufananidzo wedrakema rakarashika.*

8 Ndoupiko mukadzi unamadrakema*
anegumi, kana arashikirwa nerimŋe,
uŋgarega kutuŋgidza mŋenje, akatşaira
imba, akatşakisisa, kuşikira ariwana?
9 Kana ariwana, unokokera hama dzake
naʋakaʋaka naye, akati kwaʋari: Farai
neni, nokuti ndawana drakema randa-
kaŋga ndarashikirwa naro. 10 Ndinoti
kwamuri, saiȥoȥo mufaro uri'po pamberi
paʋatumŋa ʋaMŋari pamsoro pomu-
tadzi mumŋe unotendeʋuka.

*Mufananidzo womŋanakomana waka-
rashika.*

11 Ȥino wakati: Mumŋe munhu waiʋa
naʋanakomana ʋaʋiri. 12 Muɗuku
waʋo akati kunaɓaɓa ʋake: Ɓaɓa, ndipei
mugoʋe wenhaka ucazoʋa waŋgu.
Akaʋagoʋera fuma yake. 13 Mazuʋa
mashoma akati apfuʋura, mŋanakomana
muɗuku akaʋuŋganidza ȥose, akaenda
kunyika iri kure; akaparadza'ko nhaka
yake acifamba nemitoʋo yakaipa.
14 Ȥino wakati apedza ȥose, nzara
huru ikaşika panyika iyo, akataŋga
kushaiwa. 15 Ipapo akaenda, aka-
ndoȥiisa kunomumŋe waʋanhu ʋenyika
iyo; iye akamutumira kuminda yake,
kundofudza ŋguruʋe. 16 Wakaŋga
aciɗa kuȥigutsa namateko aidyiwa ne-
ŋguruʋe; asi kwakaŋga kusinomunhu
waimupa. 17 Ȥino wakati aciȥifuŋga,
akati: Ʋaranda ʋazhinji sei ʋaɓaɓa
ʋaŋgu ʋaneȥokudya ȥakawandisa, asi
ini ndofa pano nenzara. 18 Ndicasi-
muka, ndiende kunaɓaɓa ʋaŋgu, nditi
kwaʋari: Ɓaɓa, ndatadzira kuɗeŋga,
napamberi penyu, 19 handicafaniri
kunzi mŋanakomana wenyu; mundiite
somumŋe waʋaranda ʋenyu. 20 Aka-
simuka, akaenda kunaɓaɓa ʋake.
Wakati aciri kure, ɓaɓa ʋake ʋakamu-
ʋona, ʋakamunzwira tsitsi, ʋakamha-
nya, ndokumufuŋgatira, nokumuşeta.
21 Mŋanakomana akati kwaʋari: Ɓaɓa,
ndatadzira kuɗeŋga napamberi penyu,
handicafaniri kunzi mŋanakomana we-
nyu. 22 Asi ɓaɓa ʋakati kuʋaranda
ʋaʋo: Kurumidzai, muʋuye neŋguʋo
yakaişo-naka, mumupfekedze iyo; mu-
ise mhete pamunwe wake, neshaŋgu
patsoka dzake; 23 muʋuye nemhure
yakakodzwa, muiɓaye, tidye, tifare;
24 nokuti mŋanakomana waŋgu uyu
wakaŋga afa, wararama ȥe; wakaŋga
arashika, wawanika ȥe Ȥino ʋaka-
taŋga kufara. 25 Mŋanakomana wake
weɗaŋgwe wakaŋga ari kumunda; ȥino

* Drakema mari ineŋge sisipenzi netiki.

wakati acişika, aciswedera paimba, ndo-
kunzwa kuimba nokutamba. 26 Ipapo
akaɗanira kwaari mumŋe waʋaranda,
akamubvunza kuti iȥi ȥinyiko. 27 Akati
kwaari: Munuŋuna wako waşika, ȥino
ɓaɓa ʋako ʋaɓaya mhuru yakakodzwa,
nokuti ʋamuwana ȥe ari mupenyu.
28 Asi iye wakatsamŋa, akaramba
kupinda. Ȥino ɓaɓa ʋake ʋakaɓuɗa,
ʋakakumbira ȥikuru kwaari. 29 Asi
iye wakapindura, akati kunaɓaɓa ʋake:
Tarirai, ndakakuɓatirai makore awa
mazhinji, ndisiŋgatoŋgoɗariki murairo
wenyu, asi hamuna-kutoŋgondipa
mbudzana, kuti ndifare neshamŋari
dzaŋgu. 30 Asi mŋanakomana we-
nyu uyu, wakaparadza fuma yenyu
neȥifeʋe, wakati acişika, mamuɓa-
yira mhuru yakakodzwa. 31 Iʋo ʋa-
kati kwaari: Mŋana *waŋgu*, iwe uneni
ŋguʋa dzose, ȥose ȥaŋgu ndeȥako.
32 Kwaifanira kuti tifare nokufarisisa,
nokuti munuŋuna wako uyu wakaŋga
afa, wararama; wakaŋga arashika, aka-
wanika.

*Mutariri usakarurama.*

**16** 1 Ȥino wakati ʋo kuʋadzidzi
ʋake: Kwakaŋga kunomufumi,
waiʋa nomutariri; iye aka-
cerwa kwaari, ȥicinzi unoparadza fuma
yake. 2 Ipapo akamuɗana, akati
kwaari: Iȥi ȥandinonzwa pamsoro pako
ndeȥeiko? Ciȥiɗaʋirira pamsoro poʋu-
tariri bgako; nokuti hauŋgazoʋi muta-
riri. 3 Ȥino mutariri akati mumŋoyo
make: Ndicaiteiko, ishe waŋgu ȥowo-
nditorera ʋutariri bgaŋgu? Handine-
simba rokurima naro; kukumbira ndi-
nonyara. 4 Ndinoziʋa ȥandicaita, kuti
kana ndaɓuɗiswa paʋutariri, ʋandiga-
mucire mudzimba dzaʋo. 5 Ȥino aka-
ɗana mumŋe nomumŋe wakaŋga aneci-
kwerete nashe wake, akati kunowoku-
taŋga: Unecikwerete cakaɗiniko kunashe
waŋgu? 6 Iye akati: Makate anezana
amafuta. Akati kwaari: Tora runyoro
rwako, gara pasi pakarepo, unyore
makumi mashanu. 7 Akati kuno-
mumŋe: Ko iwe, unecikwerete caka-
ɗiniko? Iye akati: Mateŋgu anezana
eȥiyo. Akati kwaari: Tora runyoro
rwako, unyore makumi masere. 8 Ishe
wake akarumbidza mutariri usakaru-
rama, nokuti wakaŋga aita nokucenjera;
nokuti ʋana ʋenyika ino ʋakacenjera
parudzi rwaʋo kukunda ʋana ʋeciedza.
9 Ndinoti kwamuri: Muȥiitire sha-
mŋari neFuma isakarurama, kuti, kana
yapera, ʋakugamucirei mudzimba dzi-
siŋgaperi. 10 Wakatendeka paȥinhu
ȥiɗuku-ɗuku, wakatendeka ʋo paȥikuru;
asi usakarurama paȥinhu ȥiɗuku-ɗuku,
haaŋgarurami ʋo paȥikuru. 11 Naiȥoȥo
kana musina-kuʋa ʋakatendeka paFuma
isakarurama, ndianiko ucakutendai
*nefuma* yaȥokwaɗi? 12 Kana musina-
kuʋa ʋakatendeka paȥinhu ȥomumŋe,
ndianiko ucakupai ȥenyu? 13 Haku-
nomuranda uŋgagona kuɓatira ʋatenzi
ʋaʋiri: nokuti ucaʋeŋga mumŋe, akaɗa
mumŋe; kana ucanamatira mumŋe,
akaȥidza mumŋe; hamuŋgaɓatiri Mŋari
neFuma.

*Jesu unotuka ʋaFarise.*

14 Ȥino ʋaFarise, ʋakaŋga ʋaciɗa
mari, ʋakanzwa iȥoȥo ȥose, ʋakamuseka.
15 Akati kwaʋari: Imi munoȥiruramisa
pamberi paʋanhu, asi Mŋari unoziʋa
mŋoyo yenyu; nokuti iȥo ȥinokudzwa
pakati paʋanhu, ȥinonyaŋgadza pamberi
paMŋari. 16 Murairo naʋaprofita ȥaka-
ŋga ȥiri'po kuşikira kunaJohane; kubva
paŋguʋa iyo ʋushe bgaMŋari bguno-
paridzwa, mumŋe nomumŋe unopinda
mabguri nesimba. 17 Asi ȥakareruka
kuti kuɗeŋga nenyika ȥipfuʋure, pakuti
tsaŋga imŋe yomurairo ikoneswe.
18 Mumŋe nomumŋe unorasha muka-
dzi wake, akawana mumŋe, unoita
ʋupombge; ʋuye mumŋe nomumŋe
unowana wakarashwa nomurume, unoita
ʋupombge.

*Mufananidzo womufumi naRazaro.*

19 Mumŋe mufumi wakaŋga ari'po,
waipfeka ŋguʋo tşuku nemiceka yaka-
naka, nokufarira ȥakaişo-naka misi yose.
20 Ȥino mumŋe murombo, wainzi
Razaro, wakaŋga anamaronda mazhinji,
akaiswa pasuʋo rake, 21 aciɗa ku-
ȥigutisa neȥaiwa patafura romufumi;
kunyaŋge nembga dzaiʋuya dzicinanȥa
maronda ake. 22 Ȥino murombo
wakati afa, ʋatumŋa ʋakamuisa pacifuʋa
caAbrahama. Mufumi akafa ʋo, aka-
ʋigwa. 23 Ȥino ari paHadesi, ari
pakurwadziwa, akatarira kumsoro, aka-
ʋona Abrahama ari kure, naRazaro *ari*
pacifuʋa cake. 24 Akaɗanidzira, akati:
Ɓaɓa Abrahama, ndinzwirei ŋgoni;
tumai Razaro, kuti anyike muromo
womunwe wake mumvura, atonhodze
rurimi rwaŋgu, nokuti ndinorwadziwa

nomuraȥo uyu *womŋoto.* 25 Abrahama
akati: Mŋana, fuŋga kuti *wakapiwa*
ȥakanaka ȥako paʋupenyu bgako; na-
Razaro, saiȥoȥo *wakapiwa* ȥakaipa; asi
ȥino iye unonyaradzwa pano, iwe uno-
rwadziwa. 26 Ʋuye paȥinhu iȥi ȥose,
mukaha mukuru wakaiswa pakati peɗu
nemi, kuti ʋoʋuno ʋanoɗa kuenda
mhiri kwamuri, ʋakoniwe, noʋo'ko
ʋarege kuyambukira kwatiri. 27 Ipapo
akati: Ndinokumbira kwamuri Ɓaɓa,
kuti mumutumire kumba kwaɓaɓa
ʋaŋgu; 28 nokuti ndinaʋanuŋuna
ʋashanu, kuti andonatso-ʋapupurira,
kuti ʋarege kuʋuya ʋo panȥimbo ino
yokurwadziwa. 29 Abrahama akati:
Mosesi naʋaprofita ʋanaʋo, ŋgaʋaʋa-
nzwe iʋo. 30 Iye akati: Kwete, Ɓaɓa
Abrahama, asi kana mumŋe akabva
kuʋakafa, akaenda kwaʋari, ʋaŋgatende-
ʋuka. 31 Akati kwaari: Kana ʋasi-
ŋganzwi Mosesi naʋaprofita, haʋaŋga-
tendiswi, kunyaŋge mumŋe akamuka
kuʋakafa.

*Ȥigumbuso nokukaŋganwirana.*
(Mat. 18. 7, 15.)

17 1 Ȥino wakati kuʋadzidzi
ʋake: Haȥiŋgaitiki kuti ȥigu-
mbuso ȥisaʋuya. Asi unenhamo
iye waȥinoʋuya naye. 2 Ȥaiʋa nani
kwaari, kuti guyo risuŋgirirwe pamu-
tsipa wake, awisirwe muguŋgwa, pa-
kuti agumbuse mumŋe waʋaɗuku aʋa.
3 Cenjerai; kana hama yako ikatadza,
umuraire; kana akatendeʋuka, umu-
kaŋganwire. 4 Kunyaŋge akutadzira
kanomŋe nezuʋa rimŋe, akadzokera
kwauri kanomŋe, aciti: Ndatendeʋuka;
umukaŋganwire.

*Simba rokutenda. Ʋaranda pasina.*

5 Ȥino ʋaapostora ʋakati kunaShe:
Tiwedzerei kutenda kweɗu. 6 Ishe
akati: Kana maiʋa nokutenda kwakaita
setsaŋga yemastarda, maiti kumuʋonde
uyu: Dzurwa, usimŋe muguŋgwa!
ucakutererai. 7 Ndiani kwamuri
uŋgaʋa nomuranda unorima, kana
unofudza *makwai*, akati kwaari, acibva
kumunda: Ʋuya, ugare pakudya?
8 Handiti uŋgati kwaari: Ndigadzirire
ȥokudya, uȥisuŋge ciʋuno, undishandire,
kuşikira ini ndadya, ndikanwa; iwe
ugozodya, nokunwa? 9 Ko uŋgatenda
muranda, ȥaaita ȥakaŋga ȥarairwa here?
10 Saiȥoȥo nemi ʋo, kana maita ȥose
ȥamarairwa, muti: Tiri ʋaranda pasina,
takaita seȥataifanira kuita.

*Jesu unoporesa ʋanamaperembudzi ʋanegumi.*

11 Ȥino ʋakati ʋacienda Jerusarema,
akapfuʋura napaSamaria neGarirea.
12 Ȥino acipinda munomumŋe musha,
akasoŋgana naʋarume ʋanegumi ʋaiʋa
namaperembudzi, ʋamire kure. 13 Ʋa-
kaɗanidzira, ʋaciti: Jesu, Tenzi, tinzwi-
rei ŋgoni! 14 Ȥino wakati aciʋaʋona,
akati kwaʋari: Endai mundoȥiratidza
kuʋaprista. Ʋakati ʋacienda, ʋakapora.
15 Ȥino mumŋe waʋo, wakati aciʋona
kuti ndaporeswa, akadzoka, acikudza
Mŋari nenzwi guru; 16 akawira pasi
neciso patsoka dzake, akamuʋoŋga.
Ȥino iye wakaŋga ari muSamaria.
17 Ipapo Jesu akapindura, akati:
Haʋana-kuporeswa ʋanegumi here?
Ʋapfumbamŋe ʋaripiko? 18 Hapana-
wakawanikwa wadzokera kuzokudza
Mŋari, asi uyu mutorwa here? 19 Ipa-
po akati kwaari: Simuka, uende; kutenda
kwako kwakuponesa.

*Ʋushe bgaMŋari, nokudzoka kwaShe.*

20 Ȥino wakati acibvunzwa naFarise
kuti ʋushe bgaMŋari bgunoşika rini,
akapindura, akati: Ʋushe bgaMŋari
habguʋuyi bguciʋonekwa. 21 Haʋa-
ŋgati: Tarirai pano! kana: Uko!
Nokuti tarirai, ʋushe bgaMŋari bguri
mukati menyu.
22 Akati kuʋadzidzi *ʋake*: Mazuʋa
acaşika amucatşaka kuʋona zuʋa rimŋe
ramazuʋa oMŋanakomana womunhu,
asi hamuŋgariʋoni. 23 Ʋacati kwa-
muri: Tarirai uko! Tarirai pano!
Regai kuenda, kana kuʋateʋera;
24 nokuti semheni inopenya, icibva
kunorumŋe rutiʋi paşi peɗeŋga, icive-
nekera kuşikira kunorumŋe rutiʋi pasi
peɗeŋga; ndiȥo ȥicaita Mŋanakomana
womunhu ʋo nezuʋa rake. 25 Asi
unofanira kumbotambudzika ȥizhinji,
nokurashwa norudzi urwu. 26 Seȥa-
ȥakaŋga ȥakaita namazuʋa aNoa, ndiȥo
ȥaȥicaita ʋo namazuʋa oMŋanakomana
womunhu; 27 ʋaidya, nokunwa, no-
kuwana, nokuwaniswa, kuşikira zuʋa
rakapinda Noa muareka, mvura zhinji
ikaşika, ikaparadza ʋose. 28 Seȥa-
ȥakaŋga ȥakaita ʋo namazuʋa aRoti;
ʋaidya, nokunwa, nokuteŋga, noku-
teŋgesa, nokusima, nokuʋaka; 29 asi

nomusi wakaƃuɗa Roti muSodoma,
mŋoto nesurferi ȥakanaya, ȥicibva
kuɗeŋga, ȥikaʋaparadza ʋose. 30 Ndiȥo
ȥaȥicaita ʋo nezuʋa *iro*, Mŋanakomana
womunhu raacaʋonekwa naro. 31 Ne-
zuʋa iro, uri pamsoro peimba, nhumbi
dzake dziri mumba, ŋgaarege kuƃuruka
kundodzitora; saiȥoȥo ʋo, uri kumunda
ŋgaarege kudzokera kuneȥiri shure.
32 Raŋgarirai mukadzi waRoti. 33 Ani-
nani unotşaka kuŋgwarira ʋupenyu
bgake, ucarashikirwa nabgo, ʋuye
aninani unorashikirwa nabgo, ucabgu-
raramisa. 34 Ndinoti kwamuri: Ʋusiku
ubgo ʋarume ʋaʋiri ʋacaʋa panhoʋo
imŋe, mumŋe ucatorwa, mumŋe ucasi-
yiwa. 35 Ʋakadzi ʋaʋiri ʋacakuya
pamŋe cete, mumŋe ucatorwa, mumŋe
ucasiyiwa. 36 Ʋaʋiri ʋacaʋa kumunda,
mumŋe ucatorwa, mumŋe ucasiyiwa.
37 Ipapo ʋakapindura, ʋakati kwaari:
Ipiko, Ishe? Akati kwaʋari: Apo pano-
mutumbu, ndi'po panoʋuŋganira ʋo
magora.

*Mufananidzo womutoŋgi usakarurama.*

**18** 1 Ȥino wakaʋaʋudza mufa-
nanidzo wokuti ʋanofanira
kunyeŋgetera ŋguʋa dzose,
ʋasiŋgarashi mŋoyo; 2 akati: Mune-
rimŋe guta makaŋga munomumŋe
mutoŋgi, wakaŋga asiŋgatyi Mŋari,
kana kuʋa nehanya nomunhu. 3 Ȥino
kwakaŋga kunecirikadzi muguta iro,
yairamba iciʋuya kwaari, iciti: Ndiru-
ramisire kumuʋeŋgi waŋgu. 4 Iye
akamboramba ŋguʋa; asi pashure akati
mumŋoyo make: Kunyaŋge ndisiŋgatyi
Mŋari, kana kuʋa nehanya nomunhu;
5 iyi cirikadzi ȥainonditambudza, ndi-
cairuramisira, kuti irege kuzoʋuya
pashure indiroʋe kumeso. 6 Ishe
akati: Inzwai ȥinorebga nomutoŋgi
usakarurama. 7 Ko ȥino Mŋari ha-
aŋgaruramisiri ʋakasanaŋgurwa ʋake,
ʋanoɗanidzira kwaari masikati noʋu-
siku, kunyaŋge acinonoka pamsoro
paʋo here? 8 Ndinoti kwamuri: Uca-
kurumidza kuʋaruramisira. Asi Mŋa-
nakomana womunhu kana acişika,
ucawana kutenda panyika here?

*Mufananidzo womuFarise nomuteresi.*

9 Wakareʋa ʋo mufananidzo uyu
kunaʋamŋe, ʋakaŋga ʋaciȥitenda, ʋaciti
takarurama, ʋaciȥidza ʋamŋe, akati:
10 Ʋanhu ʋaʋiri ʋakakwira kutembere
kundonyeŋgetera, mumŋe *ari* muFarise,
mumŋe *ari* muteresi. 11 MuFarise
akandomira, akanyeŋgetera kuɗai, aci-
ȥireʋa, *akati*: Ndinokutendai Mŋari,
kuti handina-kufanana naʋamŋe ʋanhu,
makororo, ʋasakarurama, mhombge,
kana nomuteresi uyo. 12 Ndinoȥi-
nyima ȥokudya kaʋiri neviki, ndinopa
cegumi ceȥose ȥandinowana. 13 Asi
muteresi wakamira kure, asiŋgaɗi ku-
nyaŋge nokutarira kuɗeŋga, akaȥiroʋa
cifuʋa, akati: Mŋari, ndinzwirei tsitsi,
ini mutadzi! 14 Ndinoti kwamuri:
Uyu wakaƃurukira kumba kwake arura-
miswa kupfuʋura uya. Nokuti mumŋe
nomumŋe, unoȥikudza, ucaninipiswa,
nomumŋe nomumŋe, unoȥininipisa
ucakudzwa.

*Jesu unogamucira ʋanana.*

(Mat. 19. 13–15; Mar. 10. 13–16.)

15 Ȥino ʋakaʋuya naʋacece ʋo kwaari,
kuti aʋanyaŋgate; asi ʋadzidzi ʋakati
ʋaciȥiʋona, ʋakaʋaraira. 16 Ipapo Jesu
akaʋaɗanira kwaari, akati: Regai ʋana
ʋaɗuku, ʋaʋuye kwandiri, musaʋadzi-
ʋisa, nokuti ʋushe bgaMŋari ndobga-
ʋakaɗai. 17 Ȥirokwaȥo ndinoti kwa-
muri: Aninani usiŋgagamuciri ʋushe
bgaMŋari somŋana muɗuku, haaŋgato-
ŋgopindi mabguri.

*Jaya mufumi.*

(Mat. 19. 16–30; Mar. 20. 17–30.)

18 Ȥino mumŋe mukuru wakamu-
bvunza, akati: Mudzidzisi wakanaka,
ndiŋgaiteiko kuti ndigare nhaka yoʋu-
penyu bgusiŋgaperi? 19 Jesu akati
kwaari: Unondiidzireiko wakanaka?
Hakuna-wakanaka, asi mumŋe cete,
*iye* Mŋari. 20 Mirairo unoiziʋa, *inoti*:
Usaita ʋupombge, usaʋuraya, usaƃa,
usapupura nhema, kudza ƃaƃa ʋako
namai ʋako. 21 Iye akati: Iȥi ȥose
ndakaȥiceŋgeta kubva paʋuɗuku bga-
ŋgu. 22 Ȥino Jesu aciȥinzwa, akati
kwaari: Unoshaiwa cinhu cimŋe cete;
teŋgesa ȥose ȥaunaȥo, upe ʋarombo,
uʋe nefuma kuɗeŋga; ugoʋuya, undi-
teʋere. 23 Ȥino wakati acinzwa iȥoȥo,
akaƃatwa neshuŋgu kwaȥo; nokuti
wakaŋga anefuma zhinji. 24 Ȥino Jesu,
acimuʋona, akati: Ʋanefuma ʋacare-
merwa sei kupinda muʋushe bgaMŋari.
25 Nokuti kamera iŋgarerukirwa ku-
pinda paʋuri rorunji, kumufumi kupinda
muʋushe bgaMŋari. 26 Ȥino ʋakaŋga

ʋaȥinzwa, ʋakati: Ndianiko uŋgago-
poneswa? 27 Iye akati: Iȥo ȥisiŋga-
bviri kuʋanhu, ȥinobvira kunaMŋari.
28 Ipapo Petro akati: Tarirai, isu
takasiya ȥose, tikakuteʋerai. 29 Akati
kwaʋari: Ȥirokwaȥo, ndinoti kwamuri:
Hakunomunhu wakasiya imba, kana
mukadzi, kana ʋanuŋuna, kana ʋaɓe-
reki, kana ʋana, nokuɗa kwoʋushe
bgaMŋari, 30 usiŋgazopiwi ȥizhinji
kunaiȥoȥo neŋguʋa ino, ʋuye ʋupenyu
bgusiŋgaperi neŋguʋa inoʋuya.

*Jesu unovavudza ȥorufu rwake nokumuka kwake.*

(Mat. 20. 17–19; Mar. 10. 32–34.)

31 Ȥino wakatora ʋanegumi naʋaʋiri,
akati kwaʋari: Tarirai, tinokwira Jeru-
sarema, Mŋanakomana womunhu uca-
itirwa ȥose ȥakanyorwa naʋaprofita.
32 Nokuti ucaiswa kuʋahedeni, noku-
sekwa, nokuitirwa ȥakaipa, nokupfirwa
mate, 33 ʋacamuroʋesa, nokumuʋu-
raya, asi nezuʋa retatu ucamuka ȥe.
34 Asi haʋana-kunzwisisa cinhu cimŋe
caiȥoȥo; shoko iri rakaŋga rakaʋanzika
kwaʋari, ʋuye haʋana-kunzwisisa iȥo
ȥakarebga.

*Jesu unoşinudza ɓofu paJeriko.*

(Mat. 20. 29–34; Mar. 10. 46–52.)

35 Ȥino wakati asweɗera Jeriko, rimŋe
ɓofu raigara panzira ricikumbira,
36 rakanzwa ʋanhu ʋazhinji ʋacipfu-
ʋura, rikabvunza, riciti: Cinyiko?
37 Ʋakariʋudza, ʋaciti: NdiJesu we-
Nazareta unopfuʋura. 38 Ipapo raka-
ɗanidzira, riciti: Jesu, Mŋanakomana
waDavidi, ndinzwirei ŋgoni! 39 Ȥino
ʋakaŋga ʋakatuŋgamira ʋakariraira, kuti
rinyarare; asi rakanyanya kuɗanidzira,
*riciti*: Mŋanakomana waDavidi, ndi-
nzwirei ŋgoni! 40 Ȥino Jesu wakamira,
akaraira kuti ʋaʋuye naro kwaari;
rikati rasweɗera, akaribvunza, 41 aci-
ti: Unoɗa kuti ndikuitireiko? Rikati:
Ishe, kuti ndiʋone. 42 Jesu akati
kwariri: Ciʋona, kutenda kwako kwa-
kuponesa. 43 Pakarepo rikaʋona, rika-
muteʋera, ricirumbidza Mŋari. Ʋanhu
ʋose ʋakati ʋaciȥiʋona, ʋakakudza
Mŋari.

*Zakeo.*

19 1 Wakapinda Jeriko, akapfu-
ʋura napakati. 2 Ȥino murume
*waiva'po*, wainzi Zakeo; iye
wakaŋga ari mukuru waʋateresi, ʋuye
waiʋa mufumi; 3 akatşaka kuʋona
Jesu, kuti ndiye ani; asi wakaŋga
asiŋgagoni, nokuti wakaŋga akafupika.
4 Ipapo akamhanyira mberi, akakwira
mumuʋonde kuti amuʋone, nokuti
wakaŋga opfuʋura napo. 5 Ȥino Jesu
wakati acişika'po, akatarira kumsoro,
akati kwaari: Zakeo, kurumidza uɓu-
ruke; nokuti nhasi ndinofanira kugara
mumba mako. 6 Iye akakurumidza
kuɓuruka, akamugamucira nomufaro.
7 Ʋose ʋakaȥiʋona, ʋakaŋuŋuna, ʋaciti:
Wapinda kundogara nomurume *uri*
mutadzi. 8 Ipapo Zakeo akamira,
akati kunaShe: Tarirai, Ishe, ndinopa
ʋarombo hafu yefuma yaŋgu, ʋuye
kana ndatorera mumŋe cinhu *cake*
nokunyeŋgera, ndinomudzosera ȥaʋa
ȥinna. 9 Jesu akati kwaari: Nhasi
ruponeso rwaşika paimba ino; nokuti
naiye ʋo mŋanakomana waAbrahama.
10 Nokuti Mŋanakomana womunhu
wakaʋuya kuzotşaka nokuponesa ca-
karashika.

*Mufananidzo wepondo.*

(Mat. 25. 14–30.)

11 Ʋakati ʋacanzwa iȥoȥo, akawedzera
akataura *mumŋe* mufananidzo, nokuti
wakaŋga aʋa pedyo neJerusarema, iʋo
ʋakati ʋushe bgaMŋari bgobva bgo-
ʋonekwa pakarepo. 12 Naiȥoȥo akati:
Mumŋe munhu mukuru wakaenda
kunyika yakaŋga iri kure, kuti andopiwa
ʋushe, agodzoka ȥe. 13 Akaɗana ʋara-
nda ʋake ʋanegumi, akaʋapa pondo
dzinegumi, akati kwaʋari: Shamba-
dzirai, kuşikira ndiciʋuya ȥe. 14 Asi
ʋanhu ʋenyika yake ʋakaŋga ʋacimu-
ʋeŋga, ʋakatuma nhume kumuteʋera,
kundoti: Hatiɗi kuti uyu munhu aʋe
ishe weɗu. 15 Ȥino wakati adzoka
kuya kwaakaŋga andopiwa ʋushe, aka-
raira kuti ʋaya ʋaranda ʋaakaŋga apa
mari, ʋaɗanirwe kwaari, anzwe kuti
mumŋe nomumŋe wakawanei noku-
shambadzira *kwake*. 16 Wokutaŋga
akaşika, akati: Ishe, pondo yenyu yaka-
wana dzimŋe pondo dzinegumi ȥe.
17 Akati kwaari: Ȥakanaka, muranda
wakanaka; ȥawakaŋga wakatendeka
paȥiɗuku-ɗuku, uɓate maguta anegumi.
18 Wecipiri akaşika, akati: Ishe, pondo
yenyu yakawedzera ȥe pondo shanu.
19 Akati kwaari ʋo: Newe, uɓate
maguta mashanu. 20 Ȥino mumŋe
akaşika, akati: Ishe, tarirai pondo yenyu

heyi, yandakaŋga ndaceŋgeta mumu-
ceka. 21 Nokuti ndakaŋga ndicikutyai,
ȥamuri munhu unehasha, munotora
ȥamusakaisa'po, munoceka ȥamusaka-
kusha. 22 Akati kwaari: Ndicakutoŋga
namashoko ako amene, iwe muranda
wakaipa! Wakaŋga uciziʋa kuti ndiri
munhu unehasha, ndicitora ȥandisa-
kaisa, ndiciceka ȥandisakakusha;
23 ȥino wakaregereiko kuisa mari
yaŋgu mubaŋga, ndikazoitora paku-
dzoka kwaŋgu yawanda. 24 Ipapo
akati kunaʋakaŋga ʋamire'po: Muto-
rerei pondo iyo, muipe unepondo
dzinegumi. 25 Ʋakati kwaari: Ishe,
watoʋa nepondo dzinegumi. 26 Ndi-
noti kwamuri: Mumŋe nomumŋe une-
cinhu, ucapiwa; asi usina, ucatorerwa
neȥaanaȥo. 27 Asi ʋaʋeŋgi ʋaŋgu
aʋo, ʋakaŋga ʋasiŋgaɗi kuti ndiʋe ishe
waʋo, ʋuyai naʋo pano, muʋaʋuraye
pamberi paŋgu.
28 Wakati areʋa iȥoȥo, akatuŋgamirira
mberi, acikwira Jerusarema.

*Jesu unogamucirwa paJerusarema.*

(Mat. 21. 1-9; Mar. 11. 1-10; Joh. 12. 12-15.)

29 Wakati osweɗera Betfage neBe-
tania, kugomo rinonzi reMiorivi, aka-
tuma ʋadzidzi ʋake ʋaʋiri, 30 aciti:
Endai kumusha wakatarisana nemi;
kana mucipinda mauri, mucawana
mhuru yemboŋgoro yakasuŋgirwa,
isina-kumbotaşwa nomunhu; muisu-
nuŋgure, mugoʋuya nayo. 31 Kana
mumŋe akakubvunzai, *aciti*: Munoisu-
nuŋgurireiko? muti kwaari kuɗai: Ishe
unoiɗa. 32 Aʋo ʋakatumŋa ʋakaenda,
ʋakandowana seȥaakaŋga aʋaʋudza.
33 Ȥino ʋakati ʋacisunuŋgura mhuru,
ʋene ʋayo ʋakati kwaʋari: Muno-
sunuŋgurireiko mhuru? 34 Ʋakati:
Ishe unoiɗa. 35 Ʋakaʋuya nayo kuna-
Jesu, ʋakaisa ŋguʋo dzaʋo pamsoro
pemhuru, ʋakataşisa Jesu pamsoro payo.
36 Ȥino acifamba, ʋakawarira ŋguʋo
dzaʋo munzira. 37 Akati osweɗera pa-
maɓurusiro egomo reMiorivi, ʋadzidzi
ʋake ʋazhinji ʋose ʋakataŋga kufara
nokurumbidza Mŋari nenzwi guru
pamsoro pamaɓasa ose esimba aʋakaŋga
ʋaʋona, 38 ʋaciti: Mambo ŋgaaku-
dzwe, iye unoʋuya muzita raShe!
Rugare ŋgaruʋe kuɗeŋga, nokubginya
kumsoro-soro! 39 Ʋamŋe ʋaFarise
pakati paʋazhinji ʋakati kwaʋari: Mudzi-
dzisi, rairai ʋadzidzi ʋenyu! 40 Aka-
pindura, akati: Ndinokuʋudzai, kana
aʋa ʋakanyarara, mabge aŋgaɗani-
dzira.

*Jesu unocema pamsoro peJerusarema.*

41 Ȥino wakati asweɗera pedyo, aka-
ʋona guta, akacema pamsoro paro,
42 aciti: Ɗai waiziʋa iwe zuʋa rino
ȥinhu *ȥiŋgakupa* rugare, asi ȥino ȥaka-
ʋanzirwa meso ako! 43 Nokuti uca-
şikirwa namazuʋa, aucaʋakirwa nawo
mucinjiziri naʋaʋeŋgi ʋako, ʋacaku-
komba, nokukumanikidza pamatiʋi ose;
44 ʋacakuparadzira pasi, iwe naʋana
ʋako mukati mako; haʋaŋgaregi mukati
mako ibge rimŋe riri pamsoro perimŋe;
nokuti hauna-kuziʋa ŋguʋa yokusha-
nyirwa kwako.

*Jesu unonatsa tembere.*

(Mat. 21. 12-16; Mar. 11. 15-18.)

45 Ȥino wakapinda mutembere, aka-
taŋga kuɓuɗisira kunze ʋakaŋga ʋaci-
teŋgesa'mo, 46 aciti kwaʋari: Kwa-
kanyorwa kuti imba yaŋgu icaʋa imba
yokunyeŋgetera; asi imi makaiita ɓako
ramakororo.
47 Waidzidzisa zuʋa rimŋe nerimŋe
mutembere; asi ʋaprista ʋakuru na-
ʋanyori naʋakuru ʋaʋanhu ʋakaŋga
ʋacitşaka kumuʋuraya. 48 Asi ʋa-
kaŋga ʋasiŋgawani ȥaʋaŋgaita, nokuti
ʋanhu ʋose ʋakamunamatira, ʋaci*mu-
nzwa*.

*Simba raJesu rinobvepi.*

(Mat. 21. 23-27; Mar. 11. 27-33.)

20 1 Ȥino panerimŋe ramazuʋa
*iwayo*, acidzidzisa ʋanhu mute-
mbere, aciʋaparidzira Evaŋgeri,
ʋaprista ʋakuru naʋanyori naʋakuru
ʋakaşika, 2 ʋakataura, ʋakati kwaari:
Tiʋudzei, kuti munoita ȥinhu iȥi nesi-
mba ripi, kana ndianiko wakakupai simba
iri? 3 Akapindura, akati kwaʋari: Neni
ndicakubvunzai ʋo shoko; ndiʋudzei:
4 Rubapatidzo rwaJohane rwakabva ku-
ɗeŋga kana kuʋanhu here? 5 Ʋakatau-
rirana pakati paʋo, ʋaciti: Kana tikati,
Kuɗeŋga, ucati: Makagoregerei kumu-
tenda? 6 Asi kana tikati, Kuʋanhu,
ʋanhu ʋose ʋacatitaka namabge; nokuti
iʋo ʋanotenda kuti Johane waiʋa mu-
profita. 7 Ʋakapindura, *ʋaciti* hati-
ziʋi kwarwakabva. 8 Ȥino Jesu akati
kwaʋari: Neni ʋo handiŋgakuʋudziyi
simba randinoita naro ȥinhu iȥi.

*Mufananidzo wavarimi vakaipa.*

(Mat. 21. 33–46; Mar. 12. 1–12.)

9 Ɀino wakataŋga kuʋudza ʋanhu
mufananidzo uyu: *Mumŋe* munhu
wakaŋga asima munda wemizambiriŋga;
akaupa ʋarimi, akandogara kumŋe ŋguʋa
refu. 10 Neŋguʋa yeɀiɓereko akatuma
muranda kuʋarimi, kuti ʋamupe ɀiɓe-
reko ɀomunda wemizambiriŋga; asi
ʋarimi ʋakamuroʋa, ʋakamudzosa asina.
11 Akatuma ɀe mumŋe muranda;
naiye ʋo ʋakamuroʋa, ʋakamunyadzisa,
ʋakamudzosa asina. 12 Akatuma ɀe
wecitatu; naiye ʋakamukuʋadza, ʋaka-
muɓuɗisa kunze. 13 Ɀino mŋene
womunda wemizambiriŋga akati: Ndi-
caiteiko? Ndicatuma mŋanakomana
waŋgu unoɗikanwa, ɀimŋe ʋacamu-
kudza iye. 14 Asi ʋarimi ʋakati ʋaci-
muʋona, ʋakaraŋgana, ʋakati: Uyu
ndiye mugari wenhaka; ŋgatimuʋuraye,
nhaka igoʋa yeɗu. 15 Ʋakamuɓuɗisa
kunze kwomunda wemizambiriŋga,
ʋakamuʋuraya. Ɀino, mŋene womunda
wemizambiriŋga ucaʋaiteiko? 16 Uca-
ʋuya, akaparadza ʋarimi iʋaʋa; munda
wemizambiriŋga akaupa ʋamŋe. Ɀino
ʋacinzwa iɀoɀo, ʋakati: Haiȿa! 17 Wa-
kati aʋatarisisa, akati: Ɀino cinyiko ico
cakanyorwa, *cinoti*:

Ibge rakarashwa naʋaʋaki,
Ndiro rakazoʋa musoro wekona?

18 Mumŋe nomumŋe unowira pamsoro
pebge iro, ucavunikanya; asi ricaparadza
warinowira.

*Kuripira Kesari mutero.*

(Mat. 22. 15–22; Mar. 12. 13–17.)

19 Ɀino ʋanyori naʋaprista ʋakuru
ʋakatȿaka neŋguʋa iyo kumuɓata, asi
ʋakatya ʋanhu; nokuti ʋakaziʋa kuti
wakaʋareʋa iʋo nomufananidzo uyo.
20 Ʋakamucerekedza, ʋakatuma ʋa-
shori, ʋakaɀiita saʋanhu ʋakarurama,
kuti ʋamuɓate pakutaura kwake, ʋa-
muise kuʋushe nesimba romutoŋgi.
21 Ʋakamubvunza, ʋaciti: Mudzidzisi,
tinoziʋa kuti munotaura nokudzidzisa
ɀakarurama, musiŋgatendi ɀinoʋonekwa
ɀomunhu, asi munodzidzisa nzira ya-
Mŋari neɀokwaɗi. 22 Ko ɀino taka-
tenderwa kuripira Kesari mutero here,
kana kwete? 23 Asi iye aciziʋa kunye-
ŋgera kwaʋo, akati kwaʋari: 24 Ndi-
ratidzei denari.* Rinomufananidzo
norunyoro rwaniko? Ʋakati: ⱿaKesari.

* *Mari ineŋge sisipenzi netiki.*

25 Ipapo akati kwaʋari: Naiɀoɀo ipai
Kesari ɀaKesari, naMŋari ɀaMŋari.
26 Ʋakakoniwa kumuɓata pakutaura
kwake pamberi paʋanhu; ʋakashamiswa
nokupindura kwake, ndokunyarara.

*Ʋanobvunza Jesu pamsoro pokumuka kwaʋakafa.*

(Mat. 22. 23–33; Mar. 12. 18–27.)

27 Ɀino ʋamŋe ʋaSaduse, iʋo ʋa-
noramba kumuka kwaʋakafa ʋaciti
hakuna, ʋakaʋuya kwaari, ʋakamu-
bvunza, 28 ʋaciti: Mudzidzisi, Mosesi
wakatinyorera kuti kana mukoma wo-
munhu akafa, anomukadzi, asi iye
asinaʋana, mununŋuna wake atore mu-
kadzi wake, amutsire mukoma wake
ʋana. 29 Ɀino, kwakaŋga kunaʋana-
komana ʋomunhu mumŋe ʋanomŋe;
weɗaŋgwe akatora mukadzi, akafa asi-
naʋana; 30 nowecipiri; 31 noweci-
tatu akamutora; nokuɗaro naʋanomŋe
*ʋose*, ʋakasasiya ʋana, ʋakafa. 32 Pa-
shure mukadzi akafa ʋo. 33 Ɀino
pakumuka ucaʋa mukadzi waniko kwa-
ʋari? Nokuti wakaŋga ari mukadzi
wa*ʋose* ʋanomŋe. 34 Jesu akati kwa-
ʋari: Ʋanakomana ʋenyika ino ʋano-
wana, ʋuye ʋanowaniswa; 35 asi aʋo
ʋacanzi *naMŋari* ʋakafanira kuwana
nyika iyo nokumuka kwaʋakafa, haʋa-
wani, ʋuye haʋawaniswi. 36 Nokuti
haʋazofi ɀe; nokuti ʋacaenzana naʋa-
tumŋa; ʋaʋa ʋanakomana ʋaMŋari
ɀaʋari ʋanakomana ʋokumuka. 37 Na-
iye Mosesi ʋo wakaratidza *pashoko*
reGwenzi kuti ʋakafa ʋanomutswa ɀe,
paakati Ishe ndiye Mŋari waAbrahama,
naMŋari waIsaka, naMŋari waJakobo.
38 Ɀino Mŋari haazi *Mŋari* waʋakafa,
asi waʋapenyu; nokuti ʋose ʋapenyu
kwaari. 39 Ipapo ʋamŋe ʋanyori ʋaka-
mupindura, ʋakati: Mudzidzisi, ma-
taura ɀakanaka. 40 Nokuti ʋakaŋga
ʋacitya kuzomubvunza cinhu.

*Kristu Mŋanakomana waDavidi.*

(Mat. 22. 41–46; Mar. 12. 35–37.)

41 Ɀino akati kwaʋari: Ʋanoreʋa seiko
kuti Kristu ndiye Mŋanakomana wa-
Davidi? 42 Nokuti Davidi wakareʋa
amene mubuku yaMapisarema, *aciti*:

Ishe wakati kunaShe waŋgu:
Gara kurudyi rwaŋgu,

43 Kuȿikira ndaisa ʋaʋeŋgi ʋako *ʋave*
citsiko cetsoka dzako. 44 Naiɀoɀo,
Davidi unomuidza Ishe, ɀino uŋgagoʋa
Mŋanakomana wake seiko?

*Jesu unonyevera vadzidzi vake.*
(Mat. 23. 1–14; Mar. 12. 38–40.)
45 Ɀino akati kuʋadzidzi ʋake, ʋanhu
ʋose ʋaciɀinzwa: 46 Cenjerai ʋanyori,
ʋanoɗa kufamba neŋguʋo refu, ʋaci-
farira kukwaziswa paɗare, neɀigaro ɀa-
pamberi mumasinagoge, noʋugaro bga-
pamberi pamitambo; 47 ʋanoparadza
dzimba dzecirikadzi, ʋaciita mano-mano
eminyeŋgetero mirefu; iʋaʋo ʋacato-
ŋgerwa ɀakaipa ɀinopfuʋurisa.

*Jesu unorumbidza cipo cecirikadzi.*
(Mar. 12. 41–44.)
21 1 Ɀino wakati acitarira, aka-
ʋona ʋafumi ʋaciisa ɀipo ɀaʋo
muciʋigiro cemari. 2 Akaʋona
imŋe cirikadzi, waiʋa murombo, aciisa-
'mo tumari tuʋiri tuɗuku. 3 Akati:
Ɀirokwaɀo ndinoti kwamuri: Cirikadzi
iyi, iri murombo, yakaisa kupfuʋura
ʋamŋe ʋose; 4 nokuti aʋo ʋose ʋa-
kaisa paɀipo, *ʋacitora* paɀizhinji ɀaʋo,
asi uyu wakaisa, *acitora* pakushaiwa
kwake, ɀaaifanira kurarama naɀo, ɀose
ɀaakaŋga anaɀo.

*Jesu unoprofita kuputswa kweJerusarema nokudzoka kwake.*
(Mat. 24. 1–51; Mar. 13. 1–29.)
5 Ɀino ʋamŋe ʋakati ʋacitaura pamso-
ro petembere, kuti yakaŋga yakasho-
ŋgedzwa namabge akanaka neɀipo, iye
akati: 6 Kana ɀiri iɀi ɀamunoʋona,
mazuʋa acaȿika, asiŋgazoregwi ibge
pamsoro pebge, risiŋgazowisirwi pasi.
7 Ɀino ʋakamubvunza, ʋaciti: Mudzi-
dzisi, iɀoɀi ɀicagoʋa riniko? Necira-
tidzo cicaʋa cipi, kana iɀoɀi ɀoɗo-
kuitwa? 8 Akati: Cenjerai, kuti murege
kutsauswa; nokuti ʋazhinji ʋacaʋuya
nezita raŋgu, ʋaciti: Ndini *Kristu*;
ŋguʋa yasweɗera. Musaʋateʋera.
9 Kana mucinzwa ɀokurwa, nenyo-
ŋganiso, musavunduka henyu, nokuti
iɀoɀi ɀinofanira kumboitwa; asi kuguma
hakuȿiki pakarepo.
10 Akati kwaʋari: Rudzi *rumŋe* ruca-
mukira *rumŋe* rudzi, noʋushe *bgumŋe*
*bgucamukira bgumŋe* ʋushe. 11 Kuɗe-
ŋgenyeka kukuru kwenyika kucaʋa'po,
nokunedzimŋe nɀimbo nzara nehosha,
neɀinotyisa, ʋuye ɀiratidzo ɀikuru,
ɀicabva kuɗeŋga, ɀicaʋa'po. 12 Asi
iɀoɀi ɀose ɀisati ɀaȿika, ʋacakuɓatai,
nokukutambudzai, ʋacikuisai kumasi-
nagoge nomumatoroŋgo, nokukuisai pa-
mberi pamadzimambo naʋaɓati, nokuɗa
kwezita raŋgu. 13 Ici cicaʋa capupu
kwamuri. 14 Naiɀoɀo simbai mumŋoyo
menyu, kuti murege kumbofuŋgisisa
pamucapindura napo. 15 Nokuti ndi-
cakupai muromo nokucenjera, kuca-
konesa ʋaʋeŋgi ʋenyu ʋose kukukundai
nokuramba *ɀamunoreva*. 16 Mucaiswa
*kuʋatoŋgi* kunyaŋge naʋaɓereki, naʋa-
nuŋuna, nehama, neshamŋari; ʋamŋe
ʋenyu ʋacaʋurawa. 17 Mucaʋeŋgwa
naʋanhu ʋose nokuɗa kwezita raŋgu.
18 Asi ruvudzi rumŋe rwomusoro
wenyu haruŋgarashiki. 19 Nokutsu-
ŋgirira kwenyu mucawana ʋupenyu
bgenyu.
20 Ɀino kana muciʋona Jerusarema
rakombga nehondo, ziʋai kuti roɗo-
kuparadzwa. 21 Musi uyo ʋari mu-
Judea ŋgaʋatizire kumakomo; naʋari
pakati paro ŋgaʋaɓuɗe; naʋari kuruwa
ŋgaʋarege kupinda'mo. 22 Nokuti
iwayo ndiwo mazuʋa okutsiʋa, kuti ɀose
ɀakanyorwa ɀiitike. 23 Asi ʋacaʋa
nenhamo ʋanemimba naʋanomŋisa na-
mazuʋa iwayo, nokuti kutambudzika
kukuru kucaʋa'po panyika, nokutsamŋa
pamsoro paʋanhu iʋaʋo. 24 Ʋacapara-
dzwa nomuromo womunondo, noku-
tapxa kumarudzi ose; Jerusarema rica-
tsikwa naʋahedeni, kuȿikira ŋguʋa
dzaʋahedeni dzazadzika. 25 Ɀiratidzo
ɀicaʋa'po pazuʋa napamŋedzi, napa-
nyeredzi; napanyika ʋurombo bgaʋa-
nhu, ʋacikaŋganiswa nokutinhira kwe-
guŋgwa namafuŋgu; 26 ʋanhu ʋaca-
pera nokutya nokutarira ɀinowira nyika;
nokuti masimba okuɗeŋga acaɗeŋge-
nyeka. 27 Ipapo ʋacaʋona Mŋana-
komana womunhu aciʋuya negore,
nesimba rokubginya kukuru. 28 Asi
kana iɀoɀi ɀicitaŋga kuitika, tarirai
kumsoro, musimudze misoro yenyu,
nokuti kusunuŋgurwa kwenyu kwa-
sweɗera.
29 Ɀino akaʋataurira mufananidzo,
aciti: Tarirai muʋonde nemiti yose;
30 Kana yotuŋga, mukaɀiʋona, munoziʋa
mumene, kuti ɀino zhezha raʋa pedyo.
31 Saiɀoɀo, nemi ʋo, kana moʋona
iɀoɀo ɀoitwa, ziʋai kuti ʋushe bgaMŋari
bgaʋa pedyo. 32 Ɀirokwaɀo, ndinoti
kwamuri: Rudzi urwu haruŋgatoŋgo-
pfuʋuri, kuȿikira ɀose ɀaitika. 33 Ɗe-
ŋga nenyika ɀicapfuʋura, asi mashoko
aŋgu haaŋgatoŋgopfuʋuri.
34 Cenjerai, kuti mŋoyo yenyu irege

kuremedzwa nokudyisa nokuɓatwa,
nokufuŋganya pamsoro peȥinhu ȥoʋu-
penyu bguno, kuti zuʋa iro rirege
kukuwirai seriʋa. 35 Nokuti ricawira
ʋose ʋagere panyika yose. 36 Asi
rindai neŋguʋa dzose, mukumbire, kuti
mugone kupukunyuka paȥinhu iȥi ȥose
ȥinozoitwa, mugomira pamberi po-
Mŋanakomana womunhu.
37 Ȥino waidzidzisa masikati mute-
mbere, asi ʋusiku waiɓuɗa, akandoʋata
mugomo rinonzi reMiorivi. 38 Ʋanhu
ʋose ʋakaʋuya kwaari mutembere
maŋgwanani, kuzomunzwa.

*VaJuda vanoraŋgana kuvuraya Jesu.*

(Mat. 26. 1–5; Mar. 14. 1, 2.)

22 1 Ȥino mutambo weȥiŋgwa
ȥisinembiriso, unonzi paseka,
wakasweɗera. 2 Ʋaprista ʋa-
kuru naʋanyori ʋakatşaka kuti ʋaŋga-
muʋuraya sei; nokuti ʋakaŋga ʋacitya
ʋanhu.

*Judasi Iskarioti unotşaka kuteŋgesa Jesu.*

(Mat. 26. 14–16; Mar. 14. 10, 11.)

3 Ȥino Satani wakapinda kunaJudasi
wainzi Iskarioti, mumŋe waʋanegumi
naʋaʋiri. 4 Akaenda, akandoraŋgana
naʋaprista ʋakuru naʋakuru *vetembere*,
kuti uŋgamuisa *kwavari* sei. 5 Ʋaka-
fara, ʋakatenderana naye ʋose kuti
ʋamupe mari. 6 Akatenda, akatşaka
ŋguʋa yokumuisa nayo *kwavari* pasi-
naʋanhu ʋazhinji.

*Paseka neCirayiro.*

(Mat. 26. 17–30; Mar. 14. 12–26.)

7 Ȥino zuʋa reȥiŋgwa ȥisinembiriso
rakati raşika, rakafanira kuɓayirwa
paseka naro, 8 akatuma Petro na-
Johane, aciti: Endai, mundotigadzirira
paseka, kuti tidye. 9 Ʋakati kwaari:
Munoɗa kuti tigadzirirepiko? 10 Akati
kwaʋari: Tarirai, kana mapinda muguta,
mucasoŋgana nomunhu akatakura ciro-
ŋgo cemvura; mumuteʋere iye kumba
kwanoenda; 11 muti kumŋene we-
imba: Mudzidzisi unoti kwauri: Imba
yaʋaeni iripiko, mandiŋgadyira paseka
naʋadzidzi ʋaŋgu? 12 Ucakuratidzai
imba huru iri kumsoro, yakaroŋgedzwa;
gadzirai ipapo. 13 Ʋakaenda, ʋaka-
ndowana seȥaakaŋga aʋaʋudza; ʋaka-
gadzira paseka.
14 Ȥino ŋguʋa yakati yaşika, akagara
pakudya naʋaapostora. 15 Akati kwa-
ʋari: Ndakaŋga ndiciɗa ȥikuru kudya
paseka iyi nemi ndisati ndatambudzika.
16 Nokuti ndinoti kwamuri: Handica-
zoidyi, kuşikira yaitika muʋushe bga-
Mŋari. 17 Ȥino akatora mukombe;
akaʋoŋga, akati: Torai ici, mugoʋane
pakati penyu. 18 Nokuti ndinoti kwa-
muri: Kubva ȥino handicatoŋgonwi ȥe
ȥiɓereko ȥomuzambiriŋga, kuşikira
ʋushe bgaMŋari bgaşika. 19 Akatora
ciŋgwa, akaʋoŋga, akameɗura, akaʋapa,
aciti: Ici muʋiri waŋgu, unopiwemi;
itai iȥi, mugondiraŋgarira. 20 Noku-
ɗaro ʋo, ʋapedza kurayira, *akatora*
mukombe, akati: Mukombe uyu isu-
ŋgano itşa muropa raŋgu, rinoteʋuri-
rwemi. 21 Asi tarirai, ruʋoko rwaiye,
unondipandukira, runeni patafura.
22 Nokuti Mŋanakomana womunhu
unoenda hake, seȥaȥakatemŋa; asi une-
nhamo munhu uyo waanopandukirwa
naye. 23 Ipapo ʋakataŋga kubvunzana
kuti ndianiko kwaʋari uŋgaita cinhu ico.

*Mukuru ndiani.*

(Mat. 20. 25–28; Mar. 10. 42–45.)

24 Ȥino nharo dzakamuka pakati paʋo
kuti ndiani kwaʋari ucanzi mukuru.
25 Akati kwaʋari: Madzimambo aʋa-
hedeni anesimba pamsoro paʋo, naʋa-
ɓati ʋaʋo ʋanonzi ʋaɓatsiri. 26 Ȥino
imi musaɗaro, asi mukuru kwamuri
ŋgaaʋe somuɗuku, nomutuŋgamiri
sounoshumira. 27 Nokuti ndianiko
mukuru, ugere pakudya, kana uno-
mushumira? Haazi iye ugere pakudya
here? Asi ini ndiri pakati penyu so-
unoshumira 28 Ȥino imi ndimi ma-
kagara neni pamiidzo yaŋgu. 29 Ndi-
nokugarisai nhaka yoʋushe saɓaɓa
ʋaŋgu ʋakandigarisa nhaka, 30 kuti
mugodya nokunwa patafura raŋgu mu-
ʋushe bgaŋgu; mucagara paȥigaro ȥo-
ʋushe, mucitoŋga marudzi anegumi
namaʋiri aʋaIsraeri.

*Jesu unovudza Petro kuti ucamuramba.*

(Mat. 26. 31–35; Mar. 14. 27–31;
Ruka 13. 36–38.)

31 Simoni! Simoni! tarira Satani
wakakumbira kuti akuzuŋgurei imi
seȥiyo; 32 asi ini ndakakukumbirira
iwe, kuti kutenda kwako kurege kupera;
iwe kana watendeʋuka, usimbise hama
dzako. 33 Akati kwaari: Ishe, nda-
kaȥigadzirira kuenda nemi mutoroŋgo,
kunyaŋge kurufu. 34 Akati: Petro,

ndinoti kwauri: Nhasi, joŋgwe risati
rarira, ucaramba katatu uciti haundiziʋi.
35 Ȥino akati kwaʋari: Musi wanda-
kakutumai, musinecikwama nehomboɗo
neshaŋgu, makashaiwa cinhu here?
Ʋakati: Hakuna. 36 Akati kwaʋari:
Asi ȥino, unecikwama, ŋgaacitore, no-
kuɗaro ʋo unehomboɗo; usinomuno-
ndo, ŋgaateŋgese ŋguʋo yake, auteŋge.
37 Nokuti ndinoti kwamuri, kuti iȥi
ȥakanyorwa ȥinofanira kuitika kwandiri,
*ȥinoti*: Wakaʋereŋgwa pamŋe cete
naʋaɗariki ʋomurairo; nokuti *iȥo ȥaka-
nyorwa* pamsoro paŋgu ȥoitika. 38 Ipa-
po ʋakati: Ishe, tarirai, heyi minondo
miʋiri. Akati kwaʋari: Ȥariŋgana.

*Jesu muGetsemani.*

(Mat. **26.** 36–46; Mar. **14.** 32–42.)

39 Ȥino wakaɓuɗa, akaenda kugomo
reMiorivi, seȥaaisiita; naʋadzidzi ʋake
ʋakamuteʋera. 40 Wakati aşika pa-
nȥimbo iyo, akati kwaʋari: Nyeŋgeterai
kuti murege kupinda pakuidzwa.
41 Akaparadzana naʋo, cinhambo ci-
ŋgaşika ibge, kana rikaposherwa; aka-
fugama, akanyeŋgetera, 42 aciti: Ɓaɓa,
kana muciɗa, bvisai mukombe uyu
kwandiri! Asi kuɗa kwaŋgu kurege
kuitwa, asi kwenyu. 43 Ipapo mutu-
mŋa akaʋonekwa naye, wakabva ku-
ɗeŋga, akamusimbisa. 44 Ȥino, ari
pak[illegible]cambudzika kukuru, wakanyanya
[illegible]yeŋgetera; ziya rake rikaita sama-
[illegible]onhwe eropa, akaɗonhera pasi.
45 Akasimuka pakunyeŋgetera, akaenda
kuʋadzidzi, akaʋawana ʋaʋata neshuŋgu
dzomŋoyo. 46 Akati kwaʋari: Maʋa-
tireiko? Mukai, munyeŋgetere, kuti
murege kupinda pakuidzwa.

*Kusuŋgwa kwaJesu.*

(Mat. **26.** 47–56; Mar. **14.** 43–50;
Joh. **18.** 1–11.)

47 Wakati acataura, tarira, ʋanhu
ʋazhinji, naiye wainzi Judasi, mumŋe
waʋanegumi naʋaʋiri, akaʋatuŋgami-
rira; akaswedera kunaJesu, kuti amu-
şete. 48 Jesu akati kwaari: Judasi,
unopandukira Mŋanakomana womunhu
nokuşeta here? 49 Ȥino ʋaiʋa naye
ʋakati ʋaciʋona ȥicaitika, ʋakati: Ishe,
totema neminondo here? 50 Ipapo
mumŋe waʋo akatema muranda womu-
prista mukuru, akamugura nzeʋe yoru-
dyi. 51 Jesu akapindura, akati: Regai,
ȥariŋgana. Akaɓata nzeʋe yake, aka-
muporesa. 52 Ȥino Jesu akati kuʋa-
prista ʋakuru naʋakuru ʋetembere,
naʋakuru ʋakaŋga ʋaʋuya kwaari *kumu-
ɓata*: Maɓuɗa neminondo netşimbo
sokugororo here? 53 Ndaiʋa nemi
mutembere mazuʋa ose mukasandiɓata;
asi ȥino iŋguʋa yenyu nesimba rerima.

*Kuramba kwaPetro.*

(Mat. **26.** 69–75: Mar. **14.** 66–72;
Joh. **18.** 16–18, 25–27.)

54 Ȥino ʋakamuɓata, ʋakaenda naye,
ʋakandomuisa kumba kwomuprista
mukuru. Petro akateʋera ari kure.
55 Ʋakati ʋaʋesa mŋoto pakati poru-
ʋazhe, ʋakagara pasi pamŋe cete,
naPetro akagara pakati paʋo. 56 Ȥino
mumŋe mushandiri wakati acimuʋona
agere muciedza *comŋoto*, akamutarisisa,
akati: Noyuyu ʋo wakaŋga anaye.
57 Asi iye wakaramba, aciti: Iwe
mukadzi, handimuziʋi. 58 Garegare,
mumŋe ȥe akamuʋona, akati: Iwe uri
mumŋe waʋo. Petro akati: Iwe munhu,
handizati. 59 Ŋguʋa ineŋge seimŋe
yakati yapfuʋura, mumŋe ȥe akasimbisa,
aciti: Ȥirokwaȥo, uyu wakaŋga anaye
ʋo; nokuti muGarirea. 60 Petro akati:
Iwe munhu, handiziʋi ȥaunoreʋa!
Pakarepo, acataura, joŋgwe rikarira.
61 Ipapo Ishe akatendeʋuka, akatarira
Petro. Petro akaraŋgarira shoko raShe,
raakaŋga amuʋudza, aciti: Joŋgwe
risati rarira nhasi, ucandiramba katatu.
62 Akaɓuɗa, akacema ȥikuru.
63 Ʋarume ʋo ʋakaŋga ʋaɓata Jesu,
ʋakamuseka, nokumuroʋa. 64 Ʋaka-
fukidzira meso *ake*, ʋakamubvunza,
ʋaciti: Profita kuti ndiani wakuroʋa.
65 Neȥimŋe ȥizhinji ʋakareʋa kwaari,
ʋacimutuka.

*Jesu pamberi pavaprista vakuru navakuru.*

(Mat. **26.** 57–68; Mar. **14.** 53–65;
Joh. **18.** 12–24.)

66 Ȥino kwakati kwaedza, ʋakuru
ʋaʋanhu naʋaprista ʋakuru naʋanyori
ʋakaʋuŋgana, ʋakamuisa kumakurukota
aʋo, 67 ʋaciti: Kana uri Kristu,
utiʋudze. Iye akati kwaʋari: Kana
ndikakuʋudzai, hamuŋgatendi. 68 Ka-
na ndikakubvunzai, hamuŋgandipinduri.
69 Asi kubva ȥino Mŋanakomana
womunhu ucagara kurudyi rwesimba
raMŋari. 70 Ipapo ʋose ʋakati: Uri
Mŋanakomana waMŋari kanhi? Akati
kwaʋari: Mareʋa kuti ndini iye. 71 Iʋo

ʋakati: Ticatşakireiko capupu? Nokuti
taȥinzwira timene pamuromo wake.

*Jesu pamberi paPirato naHerode.*

(Mat. 27. 1, 2, 11–26; Mar. 15. 1–15;
Joh. 18. 29–19. 15.)

23 1 Ȥino ʋose ʋakaŋga ʋakaʋu-
ŋgana, ʋakasimuka, ʋakaenda
naye kunaPirato. 2 Ʋakataŋga
kumupomera mhoşa, ʋaciti: Takawana
munhu uyu acitsausa rudzi rweɗu, aci-
*ʋa*dziʋisa kuti ʋarege kuʋigira Kesari
mutero; ʋuye aciȥiidza Kristu Mambo.
3 Ipapo Pirato akamubvunza, akati: Ko
uri Mambo waʋaJuda here? Akamupi-
ndura, akati: *Ndiȥo* ȥamareʋa. 4 Pirato
akati kuʋaprista ʋakuru nokuʋazhinji:
Handiwani mhoşa kumunhu uyu. 5 Iʋo
ʋakanyanya, ʋaciti: Unomutsa ʋanhu,
acidzidzisa muJudea rose, acitaŋga pa-
Garirea kuşikira pano. 6 Pirato wakati
acinzwa iȥoȥo, akabvunza kana munhu
uyu ari muGarirea. 7 Akati anzwa kuti
unobva *kunyika* yakaɓatwa naHerode,
akamutumira kunaHerode, *nokuti* wa-
kaŋga ari muJerusarema amene pama-
zuʋa iwayo.
8 Ȥino Herode wakafara kwaȥo-kwaȥo
aciʋona Jesu; nokuti waiɗa kumuʋona
kare, ȥaakaŋga anzwa ȥake; akafuŋga
kuti ucaʋona cimŋe ciratidzo ciŋgaitwa
naye. 9 Akamubvunza mashoko ma-
zhinji; asi iye haana-kumupindura
cinhu. 10 Ʋaprista ʋakuru naʋanyori
ʋakamira ʋakamupomera mhoşa ȥikuru.
11 NaHerode naʋarwi ʋake ʋaka-
muȥidza, nokumuseka; ʋakazomupfe-
kedza ŋguʋo dzinobginya, ʋakamudzo-
sera kunaPirato. 12 Nomusi uyo Pirato
naHerode ʋakayanana; nokuti ʋaiʋe-
ŋgana.
13 Ȥino Pirato akaʋuŋganidza ʋaprista
ʋakuru naʋaɓati naʋanhu, 14 akati
kwaʋari: Maʋuya kwandiri nomunhu
uyu, muciti: Unotsausa ʋanhu; tari-
rai ini ndamubvunzisisa pamberi pe-
nyu, ndikasawana kumunhu uyu mho-
şa yeȥinhu ȥamunomupomera naȥo;
15 kunyaŋge naHerode ʋo; nokuti
wamudzosera kwatiri; tarirai, hakune-
cinhu cakaitwa naye, cakafanira rufu.
16 Naiȥoȥo ndicamuroʋa, ndigomu-
sunuŋgura. [17 Nokuti waifanira ku-
ʋasunuŋgurira mumŋe pamutambo.]
18 Asi ʋose ʋakaɗanidzira pamŋe cete,
ʋaciti: Bvisai munhu uyu, mutisunu-
ŋgurire Ɓarabasi! 19 Iye wakaŋga
asuŋgwa mutoroŋgo nemhaka yeɓope
rakaŋga ramutswa muguta, neyoku-
ʋuraya. 20 Ȥino Pirato akataura ȥe
naʋo, aciɗa kusunuŋgura Jesu. 21 Asi
iʋo ʋakaramba ʋaciɗanidzira, ʋaciti:
Roʋerai pamucinjikwa, mumuroʋere
pamucinjikwa! 22 Akati kwaʋari rwe-
citatu: Uyu wakagotadzeiko? Handi-
na-kuwana mhoşa yorufu kwaari.
Naiȥoȥo ndicamuroʋa, ndigomusunu-
ŋgura. 23 Asi iʋo ʋakasimbisa na-
manzwi makuru, ʋacikumbira kuti
aroʋerwe pamucinjikwa. Manzwi aʋo
akakunda. 24 Ȥino Pirato akatoŋga
kuti ȥaʋakakumbira ȥiitwe; 25 aka-
ʋasunuŋgurira uyo waʋakakumbira,
wakaŋga asuŋgwa mutoroŋgo nemhaka
yeɓope neyokuʋuraya; akaʋapa Jesu
*ʋaite* nokuɗa kwaʋo.

*Jesu unoroʋerwa pamucinjikwa.*

Mat. 27. 32–56; Mar. 15. 21–41;
Joh. 19. 17–37.)

26 Ʋakati ʋacienda naye, ʋakaɓata
mumŋe, wainzi Simoni weKurini,
acibva kuruwa, ʋakaisa mucinjikwa
pamsoro pake, kuti autakure shure
kwaJesu.
27 Akateʋerwa naʋanhu ʋazhinji-
zhinji, naʋakadzi ʋaimuririra nokumu-
cema. 28 Asi Jesu wakatendeʋukira
kwaʋari, akati: Ʋakunda ʋeJerusarema,
musandicema ini, asi muȥiceme imi
naʋana ʋenyu; 29 nokuti tarirai,
mazuʋa anoʋuya, aʋacati: Ʋakaropa-
fadzwa ʋasiŋgaponi, neȥiȥaro ȥisina-
kutoŋgoɓereka, namazamu asina-ku-
mŋisa. 30 Musi uyo mucataŋga kurèʋa
kumakomo, *muciti*: Wirai pamsoro peɗu,
nokuȥikomo: Tifukidzei. 31 Nokuti
kana ʋaciita iȥi kumuti munyoro, waka-
woma ucaitirweiko?
32 Kwakaŋga kunaʋamŋe ʋatadzi
ʋaʋiri ʋo, ʋaʋakaenda naʋo pamŋe
cete naye kundoʋurawa.
33 Ȥino ʋakati ʋaşika panȥimbo inonzi
Ɗehenya, ʋakamuroʋera'po naʋatadzi,
mumŋe kurudyi mumŋe kuruɓoshwe.
34 Ipapo Jesu akati: Ɓaɓa, muʋaka-
ŋganwire, nokuti haʋaziʋi caʋanoita.
Ʋakagoʋana ŋguʋo dzake, ʋacikanda
mijenya pamsoro padzo. 35 Ʋanhu
ʋakamira, ʋacitarira; naʋaɓati ʋaka-
museka ʋo, ʋaciti: Wakaponesa ʋamŋe;
ŋgaaȥiponese, kana ari Kristu waMŋari,
Musanaŋgurwa wake. 36 Naʋarwi ʋo
ʋakamuseka, ʋakaʋuya kwaari, ʋaka-

mupa vinega, 37 ʋaciti: Kana uri
Mambo waʋaJuda, uȥiponese. 38 Ȥino
kwakaŋga kunorunyoro ʋo pamsoro
pake, *rwaiti*: UYU NDIMAMBO
WAƲAJUDA.
39 Mumŋe waʋatadzi ʋakaŋga ʋaka-
turikwa, wakamutuka, aciti: Hauzi
Kristu here? Uȥiponese, nesu ʋo.
40 Mumŋe akapindura, akamuraira,
aciti: Hautyi kunyaŋge naMŋari kanhi,
ȥauri pakutoŋgwa kumŋe naye? 41 Ka-
na tirisu, *takaitirwa* patakafanirwa napo;
nokuti isu tinopiwa ȥakafanira maɓasa
edu; asi uyu haana-kuita cinhu cisa-
kafanira. 42 Ipapo akati: Jesu mundi-
raŋgarire, kana moşika muʋushe bgenyu!
43 Iye akati kwaari: Ȥirokwaȥo, nhasi
ucaʋa neni muParadiso.
44 Ȥino yakaŋga yaʋa ŋguʋa ineŋge
yecitanhatu; rima rikaʋa'po panyika
yose, kuşikira paŋguʋa yepfumbamŋe,
45 Zuʋa rikaşiɓa; cidzitiro cetembere
cikabvaruka napakati. 46 Ȥino Jesu
akaɗana nenzwi guru, aciti: Ɓaɓa,
ndinoisa mŋeya waŋgu pamaʋoko enyu!
Akati areʋa iȥoȥo, akaɓuɗisa mŋeya
*wake*. 47 Ipapo mukuru wezana wakati
aʋona ȥaitwa, akarumbidza Mŋari, aciti:
Ȥirokwaȥo, munhu uyu wakaŋga aka-
rurama. 48 Ʋazhinji ʋose ʋakaŋga
ʋakaʋuŋgana kuzoʋona iȥoȥo, ʋakati
ʋaʋona ȥaitwa, ʋakadzoka ʋaciroʋa
ȥifuʋa *ȥavo*. 49 Naʋazikani ʋake ʋose,
naʋakadzi, ʋaimuteʋera ʋacibva Garirea,
ʋakamira kure, ʋaciʋona iȥoȥo.

*Kuvigwa kwaJesu.*

(Mat. 27. 57–66; Mar. 15. 42–47; Joh. 19. 38–42.)

50 Ȥino kwakaŋga kunomumŋe, wai-
nzi Josefa, mumŋe wamakurukota,
murume wakanaka wakarurama, 51 (iye
wakaŋga asina-kutenderana naʋo paku-
raŋgana nokuita kwaʋo), waiʋa we-
Arimatia, guta raʋaJuda, wakaŋga
acimirira ʋushe bgaMŋari; 52 iye
akaenda kunaPirato, akandokumbira
mutumbu waJesu, 53 akauɓurusa,
akauputira nomuceka, akauisa mubgiro
bgakaŋga bgakacerwa pabge, makaŋga
musina-kumboʋigwa munhu. 54 Waiʋa
musi woKugadzirira, saɓata roɗo-
kutaŋga. 55 Naʋakadzi ʋakaŋga ʋa-
ʋuya naye, ʋacibva Garirea, ʋakaʋa-
teʋera, ʋakaʋona bgiro, nomuisirwe
womutumbu wake. 56 Ʋakadzoka,
ʋakagadzira ȥinonhuwira namafuta.
Ʋakazorora nomusi wesaɓata ʋaci-
terera murairo.

*Kumuka kwaJesu.*

(Mat. 28. 1–6; Mar. 16. 1–8; Joh. 20. 1–17.)

24 1 Nomusi wokutaŋga weviki,
mambakwedza, ʋakaʋuya ku-
bgiro, ʋakaɓata ȥinonhuwira,
ȥaʋakaŋga ʋagadzira. 2 Ʋakawana ibge
rakuŋguruswa, *rabviswa* pabgiro, 3 ʋa-
kapinda, ʋakashaiwa mutumbu waShe
Jesu. 4 Ȥino ʋakati ʋacakaŋganiswa
naȥo, tarira, ʋarume ʋaʋiri ʋakamira
naʋo ʋaneŋguʋo dzinopenya; 5 ȥino
nokutya kwaʋo ʋakakotamira pasi neȥiso
*ȥavo*, iʋo ʋakati kwaʋari: Munotşa-
kireiko mupenyu pakati paʋakafa?
6 Haa'po pano, wamuka. Fuŋgai
ȥaakakuʋudzai aciri Garirea, 7 kuti
Mŋanakomana womunhu unofanira
kuiswa mumaʋoko aʋanhu ʋakaipa,
aroʋerwe pamucinjikwa, agomuka ne-
zuʋa retatu. 8 Ipapo ʋakaraŋgarira
mashoko ake, 9 ʋakadzoka ʋacibva
kubgiro, ʋakaʋudza ʋanegumi nomumŋe
naʋamŋe ʋose ȥinhu iȥoȥo ȥose.
10 Ʋaiʋa Maria Magdarene naJohana
naMaria, *mai* ʋaJakobo, naʋamŋe ʋa-
kadzi ʋaiʋa naʋo, ʋakandoʋudza ʋaapo-
stora iȥoȥo. 11 Mashoko awa akaita
sooʋupenzi kwaʋari; ʋakasaatenda.
12 Ȥino Petro akasimuka, akamhanyira
kubgiro; akakotama, akaʋona miceka
iri yoga; ndokudzoka *kumba* kwake,
ashamiswa neȥakaŋga ȥaitwa.

*Jesu unosoŋgana navaviri vanoenda Emausi.*

13 Pazuʋa irero ʋamŋe ʋaʋiri ʋaʋo
ʋakaŋga ʋacienda kumusha wainzi
Emausi, wakaŋga uri kure neJerusare-
ma mastadia anamakumi matanhatu;*
14 ʋakaŋga ʋacitaurirana pamsoro pe-
ȥinhu ȥose ȥakaŋga ȥaitika. 15 Ȥino
ʋakati ʋacataurirana nokubvunzana,
Jesu amene akaswedera, akafamba naʋo.
16 Asi meso aʋo akaŋga aɓatwa, ʋaka-
samuziʋa. 17 Akati kwaʋari: Mashoko
amunotaurirana pamsoro pawo muci-
famba, ndeeiko? Ʋakamira ʋaneshuŋgu
*pamŋoyo*. 18 Mumŋe waʋo, wainzi
Kreopasi, akapindura, akati kwaari:
Ko ndiwe woga ugere muJerusarema
*so*mutorwa, usiŋgaziʋi ȥakaitwa'mo ma-
zuʋa ano here? 19 Akati kwaʋari:
Ȥinyiko? Ʋakati kwaari: ȤaJesu we-

* Maira dzineŋge nomŋe.

Nazareta, waiʋa muprofita unesimba
paɓasa napashoko pamberi paMŋari
napaʋanhu ʋose; 20 ʋuye kuti ʋa-
prista ʋakuru naʋaɓati ʋeɗu ʋakamuisa
*kuʋatoŋgi* kuti atoŋgerwe rufu, ʋaka-
muroʋera pamucinjikwa. 21 Takaŋga
ticiti ndiye waizodzikinura ʋaIsraeri;
ʋuye pamsoro paiȥoȥo ȥose, nhasi raʋa
zuʋa retatu kubva pakuitwa kwaȥo.
22 Ʋuye ȥe, ʋamŋe ʋakadzi ʋokweɗu,
ʋakaŋga ʋafumira kubgiro, ʋakatisha-
misa; 23 *nokuti* ʋakati ʋacishaiwa
muʋiri wake, ʋakaʋuya ʋaciti, ʋaʋona
ciratidzo caʋatumŋa ʋaiti mupenyu.
24 Ȥino ʋamŋe ʋaiʋa nesu, ʋakaenda
kubgiro, ʋakandoȥiwana seȥaʋakareʋa
ʋakadzi; asi iye haʋana-kumuʋona.
25 Ȥino iye akati kwaʋari: Imi ʋoku-
safuŋga, munemŋoyo inononoka ku-
tenda ȥose ȥakarebga naʋaprofita!
26 Ko Kristu wakaŋga asiŋgafaniri
kutambudzika saiȥoȥo, agopinda paku-
bginya kwake here? 27 Ipapo aka-
taŋga kunaMosesi naʋaprofita ʋose,
akaʋaɗudzira ȥakanyorwa pamsoro pake
muMagwaro ose. 28 Ȥino ʋakasweɗera
kumusha kwaʋakaŋga ʋacienda; iye
akaita sowoɗa kupfuʋura. 29 Ʋaka-
mugombedzera, ʋaciti: Garai nesu,
nokuti aʋa maɗekwana, zuʋa raʋira.
Ipapo akapinda kundogara naʋo.
30 Ȥino wakati agara naʋo pakudya,
akatora ciŋgwa, akaciropafadza, akaci-
meɗura, ndokuʋapa. 31 Ipapo meso
aʋo akaşinudzwa, ʋakamuziʋa; aka-
nyaŋgarika kwaʋari. 32 Ʋakataurirana,
ʋaciti: Ko mŋoyo yeɗu yakaŋga isi-
ŋgapisi mukati meɗu, acitaura nesu
munzira, nokutizarurira Magwaro here?
33 Ʋakasimuka neŋguʋa iyo, ʋaka-
dzokera Jerusarema, ʋakawana ʋane-
gumi nomumŋe naʋaiʋa naʋo ʋaka-
ʋuŋgana. 34 Iʋo ʋakati: Ishe wamuka
ȥirokwaȥo; waʋonekwa naSimoni.
35 Ʋakarondedzera *ȥakaitika* munzira,
ʋuye kuti wakazikanwa naʋo sei paku-
meɗura ciŋgwa.

36 Ʋakati ʋacataura iȥoȥo, akamira
pakati *paʋo* amene, akati kwaʋari:
Rugare ŋgaruʋe nemi! 37 Asi ʋaka-
vunduka, ʋakatya kwaȥo, ʋakati ȥimŋe
ʋaʋona mŋeya. 38 Akati kwaʋari:
Munomanikidzwa neiko? Mifuŋgo
inomukireiko mumŋoyo yenyu? 39 Ta-
rirai ȥanza ȥaŋgu netsoka dzaŋgu, kuti
ndini ndimene. Ndiɓatei, muʋone,
nokuti mŋeya haunenyama namafupa,
seȥamunondiʋona ndinaȥo ini. 40 Wa-
kati areʋa iȥoȥo, akaʋaratidza ȥanza
ȥake netsoka dzake. 41 Ȥino ʋakati
ʋacigere kutenda nokufara *kwaʋo*, ʋaca-
shamiswa, akati kwaʋari: Muneȥokudya
pano here? 42 Ʋakamupa nhindi
yehoʋe yakagocwa. 43 Akatora, aka-
dya ʋaciȥiʋona.
44 Akati kwaʋari: Ndiwo mashoko
aŋgu, andakakuʋudzai ndiciri nemi,
kuti ȥose ȥakanyorwa pamsoro paŋgu
pamurairo waMosesi, napaʋaprofita,
napaMapisarema, ȥinofanira kuitika.
45 Ipapo akadziʋura kuziʋa kwaʋo,
kuti ʋanzwisise Magwaro. 46 Akati
kwaʋari: Ndiȥo ȥakanyorwa, kuti Kristu
ucatambudzika, agomuka kuʋakafa ne-
zuʋa retatu; 47 kuti marudzi ose
aparidzirwe nezita rake kutendeʋuka
nokukaŋganwirwa ȥiʋi, ʋacitaŋga pa-
Jerusarema. 48 Imi muri ȥapupu
ȥeȥinhu iȥi. 49 Tarirai, ndinotu-
ma pamsoro penyu cipikirwa caɓa-
ɓa ʋaŋgu; asi imi garai muguta, kuşi-
kira mafukidzwa nesimba rinobva
kumsoro.

*Kukwira kwaJesu.*

(Mar. 16. 19, 20; Maɓasa 1. 9–11.)

50 Ȥino akaʋatuŋgamirira kunze
*kweguta* kuşikira pakatarisana neBeta-
nia, ndokutambanudza maʋoko ake,
akaʋaropafadza. 51 Wakati acaʋaro-
pafadza, akaparadzana naʋo, akakwidzwa
kuɗeŋga. 52 Ipapo ʋakamunamata,
ʋakadzokera Jerusarema ʋanomufaro
mukuru. 53 Ʋakarambira mutembere,
ʋacirumbidza Mŋari.

# EVAŊGERI YAKANYORWA NAJOHANE

*Shoko rakava nyama.*

1 1 Pakutaŋga Shoko rakaŋga
riri'po, Shoko rakaŋga riri kuna-
Mŋari, Shoko rakaŋga riri Mŋari.
2 Ireri pakutaŋga rakaŋga riri kuna-
Mŋari. 3 Ȥinhu ȥose ȥakaitwa naye;
kunze kwake hakuna-kuitwa kunyaŋge
cinhu cimŋe cakaitwa. 4 Ʋupenyu
bgaiʋa maari; ʋupenyu bgaiʋa ciedza
caʋanhu. 5 Ciedza cinovenekera muri-
ma; asi rima harina-kucikunda. 6 Kwa-
kaŋga kunomunhu wakatumŋa naMŋari,
zita rake rainzi Johane. 7 Iye wakaʋuya
kuzopupura, kuti apupurire ciedza, kuti
ʋose ʋatende naye. 8 Uyo wakaŋga
asati ari ico ciedza, asi *wakatumŋa* kuti
apupurire ciedza. 9 Ici caiʋa ciedza
caȥokwaɗi, cinovenekera munhu mumŋe
nomumŋe, pakuşika *kwaco* panyika.
10 Wakaŋga ari panyika, asi nyika
haina-kumuziʋa. 11 Wakaʋuya kune-
ȥake, asi *vanhu* ʋake haʋana-kumuga-
mucira. 12 Asi ʋose ʋakamugamucira,
wakaʋapa simba kuti ʋaʋe ʋana ʋa-
Mŋari, iʋaʋo ʋanotenda kuzita rake;
13 aʋo ʋasina-kuɓerekwa neropa, kana
nokuɗa kwenyama, kana nokuɗa kwo-
murume, asi naMŋari. 14 Shoko raka-
zoʋa nyama, rikagara pakati peɗu,
(tikaʋona kubginya kwake, kubginya
sokwowakaɓerekwa mumŋe cete wa-
Ɓaɓa), azere nenyasha neȥokwaɗi.
15 Johane akamupupurira, akaɗani-
dzira, aciti: Ndiye wandaireʋa, *ndiciti*:
Uyo, unoʋuya shure kwaŋgu, wakaʋa'po
mberi kwaŋgu; nokuti wakanditaŋgira.
16 Nokuti pakuzara kwake isu tose
takapiwa nyasha pamsoro penyasha.
17 Nokuti murairo wakapiwa naMosesi,
nyasha neȥokwaɗi ȥakaʋuya naJesu
Kristu. 18 Hakunomunhu wakatoŋgo-
ʋona Mŋari; Mŋari wakaɓerekwa ari
mumŋe woga, uri pacifuʋa caɓaɓa,
ndiye waka*muzi*ʋisa *isu*.

*Kupupura kwaJohane Mubapatidzi.*

(Mat. 3. 1–12; Mar. 1. 1–8; Ruka 3. 1–20.)

19 Uku ndiko kupupura kwaJohane,
musi ʋaJuda ʋakatumira kwaari ʋaprista
naʋaRevi, ʋacibva Jerusarema, kundo-
mubvunza, *kuti*: Iwe ndiwe aniko?
20 Akatenda pacena, haana-kuramba,
akatenda pacena, *aciti*: Handizi Kristu.
21 Ʋakamubvunza, *vaciti*: Asi kuɗiniko?
Ndiwe Eria here? Akati: Handizi iye.
Ko uri uya muprofita here? Aka-
pindura, *akati*: Kwete. 22 Ȥino ʋakati
kwaari: Ndiwe aniko? Tigondopindura
ʋakatituma. Unoȥiti aniko? 23 Akati:
Ndini inzwi rounoɗana murenje, *riciti*:
Ruramisai nzira yaShe; seȥakarebga
nomuprofita Isaya. 24 Aʋa ʋakaŋga
ʋatumŋa ʋaiʋa ʋaʋaFarise. 25 Ʋaka-
mubvunza, ʋakati kwaari: Kana usi
Kristu, kana Eria, kana muprofita uya,
unogobapatidzireiko? 26 Johane aka-
pindura, akati: Ini ndinobapatidza
nemvura; asi pakati penyu pamire
mumŋe wamusiŋgaziʋi; 27 ndiye
unoʋuya shure kwaŋgu, wandisina-
kufanira kuti ndisunuŋgure rukanda
rweshaŋgu yake. 28 Iȥoȥi ȥakaitwa
paBetania, mhiri kwaJoridani, kwai-
bapatidza Johane.
29 Aʋa maŋgwana wakaʋona Jesu
aciʋuya kwaari, akati: Tarirai, Gwaiana
raMŋari, rinobvisa ȥiʋi ȥenyika.
30 Ndiye wandaireʋa, *ndiciti*: Shure
kwaŋgu kunoʋuya murume, wakaʋa'po
mberi kwaŋgu, nokuti wakanditaŋgira.
31 Neni ndakaŋga ndisiŋgamuziʋi; asi
ndiȥo ȥandakaʋuyira, ndicibapatidza
nemvura, kuti aʋoneswe kuʋaIsraeri.
32 Johane akapupura, akati: Ndakaʋona
Mŋeya aciɓuruka kuɗeŋga senjiʋa, aka-
gara pamsoro pake. 33 Neni ndakaŋga
ndisiŋgamuziʋi; asi wakandituma ku-
bapatidza nemvura, ndiye wakati kwa-
ndiri: Uyo waunoʋona Mŋeya aciɓuruka
pamsoro pake, akagara pamsoro pake,
ndiye unobapatidza noMŋeya Mutşene.
34 Ini ndikaʋona, ndikapupura kuti uyu
ndiye Mŋanakomana waMŋari.

*Ʋadzidzi vokutaŋga.*

35 Aʋa maŋgwana ȥe Johane wakaŋga
amire naʋadzidzi ʋake ʋaʋiri; 36 aka-
tarisisa Jesu acifamba, akati: Tarirai,
Gwaiana raMŋari! 37 *Ivavo* ʋadzidzi
ʋaʋiri, ʋakamunzwa acitaura, ʋakate-

ʋera Jesu. 38 Jesu akatendeʋuka
akaʋaʋona ʋaciteʋera, akati kwaʋari:
Munotşakeiko? Ʋakati kwaari: Rabi
(ndokuti Mudzidzisi, kana ȥicisha-
ndurwa), munogarepiko? 39 Akati
kwaʋari: Ʋuyai, muʋone. Ʋakaenda,
ʋakandoʋona kwaaigara, ʋakagara naye
zuʋa iro; yakaŋga iri ŋguʋa ineŋge
yegumi. 40 Mumŋe waiʋaʋo ʋaʋiri,
ʋakaŋga ʋanzwa Johane, ʋakamuteʋera,
waiʋa Andreasi, mununŋuna waSimoni
Petro. 41 Iye akataŋga kuwana Simoni,
mukoma wake, akati kwaari: Tawana
Mesiasi (ndokuti Kristu, kana ȥicisha-
ndurwa). 42 Akamuisa kunaJesu.
Jesu akamutarira, akati: Ndiwe Simoni,
mŋanakomana waJona, ucanzi Kefasi
(ȥinoshandurwa, ɗombo).
43 Aʋa maŋgwana akaɗa kuenda
Garirea, akawana Firipo; Jesu akati
kwaari: Nditeʋere. 44 Firipo wakaŋga
ari weBetsaida, guta raAndreasi naPetro.
45 Firipo akawana Natanaeri, akati
kwaari: Tamuwana iye, wakanyorwa
ȥake naMosesi pamurairo naʋaprofita,
*iye* Jesu weNazareta, mŋanakomana
waJosefa. 46 Natanaeri akati kwaari:
Kunecinhu cakanaka ciŋgabva Nazareta
here? Firipo akati kwaari: Ʋuya, uʋone.
47 Jesu akaʋona Natanaeri aciʋuya
kwaari, akamuti: Tarirai, muIsraeri
waȥokwaɗi, usinokunyeŋgera maari.
48 Natanaeri akati kwaari: Mandizi-
ʋirepiko? Jesu akapindura, akati
kwaari: Firipo asati akuɗana, uri
munyasi momuʋonde, ndakakuʋona.
49 Natanaeri akamupindura, *akati*:
Rabi, ndimi Mŋanakomana waMŋari,
ndimi Ishe waIsraeri. 50 Jesu aka-
pindura, akati kwaari: Unotenda iwe,
nokuti ndakati kwauri, ndakakuʋona
munyasi momuʋonde here? Ucazoʋona
ȥikuru kunaiȥoȥi. 51 Akati kwaari:
Ȥirokwaȥo, ȥirokwaȥo, ndinoti kwa-
muri: Mucaʋona kuɗeŋga kwazarurwa,
naʋatumŋa ʋaMŋari ʋacikwira, noku-
ɓurukira pamsoro poMŋanakomana wo-
munhu.

*Jesu unoshandura mvura ikava waini.*

2 1 Nezuʋa retatu mutambo woku-
wana waiʋa'po paKana yeGarirea;
namai ʋaJesu ʋakaŋga ʋari'po.
2 NaJesu naʋadzidzi ʋake ʋakaŋga
ʋaɗanwa ʋo kumutambo wokuwana.
3 Waini yakati icizoshaikwa, mai ʋaJesu
ʋakati kwaari: Haʋacinewaini. 4 Jesu
akati kwaʋari: Ndineiko nemi, mai?
Ŋguʋa yaŋgu icigere kuşika. 5 Mai ʋake
ʋakati kuʋaranda: Itai ȥose ȥaanoku-
ʋudzai. 6 Ȥino kwakaŋga kunamakate
matanhatu amabge, akaŋga aiswa'po
netsika yaʋaJuda yokuȥinatsa, rimŋe ne-
rimŋe raizadzwa neȥiyero ȥiʋiri kana
ȥitatu.* 7 Jesu akati kwaʋari: Zadzai
makate nemvura. Iʋo ʋakaazadza kuşi-
kira pamiromo. 8 Akati kwaʋari: Cerai
ȥino muise kumukuru womutambo.
Ʋakandoisa. 9 Ȥino mukuru womu-
tambo wakati araʋira mvura yakasha-
nduka waini, asiŋgaziʋi payabva, (asi
ʋaranda, ʋakaŋga ʋacera mvura, ʋai-
ziʋa), mukuru womutambo akaɗana ci-
komba, 10 akati kwaari: Munhu
mumŋe nomumŋe unositaŋga aɓuɗisa
waini yakanaka, neisiŋganaki kana
ʋanwa kwaȥo; asi iwe waceŋgeta waini
yakanaka kuşikira ȥino. 11 Ici ciratidzo
cake cokutaŋga Jesu wakaita paKana
yeGarirea, akaratidza kubginya kwake;
ʋadzidzi ʋake ʋakatenda kwaari.
12 Shure kwaiȥoȥo wakaɓurukira
Kapernaume, iye namai ʋake naʋanu-
ŋuna, naʋadzidzi ʋake; akagara'po
mazuʋa mashomanene.

*Jesu unonatsa tembere.*
(Mat. 21. 12–17; Mar. 11. 15–18; Ruka 19. 45–48.)

13 Paseka yaʋaJuda yakaŋga yaʋa
pedyo; ȥino Jesu akakwira Jerusarema.
14 Akawana mutembere ʋaiteŋgesa
ŋombe namakwai nenjiʋa, naʋaitsi-
nhanha mari, ʋagere'mo. 15 Akaruka
tyaʋa yorwonzi, akaɓuɗisa mutembere
makwai neŋombe ȥose; akaparadza ma-
ri yaʋaitsinhanha, nokuwisa matafura
aʋo. 16 Akati kunaʋaiteŋgesa njiʋa:
Bvisai ȥinhu iȥoȥo muno; musaita imba
yaɓaɓa ʋaŋgu imba yokuteŋgesera.
17 Ʋadzidzi ʋake ʋakaraŋgarira kuti
kwakanyorwa, *kucinzi*: Kushiŋgairira
imba yenyu kucandipedza. 18 Ȥino
ʋaJuda ʋakapindura, ʋakati kwaari:
Uŋgatiratidza ciratidzo ceiko, ȥaunoita
ȥinhu iȥoȥo? 19 Jesu akapindura, akati
kwaʋari: Putsai tembere iyi, ini ndicai-
mutsa ȥe namazuʋa matatu. 20 Ȥino
ʋaJuda ʋakati: Tembere iyi yakaʋakwa
namakore anamakumi manna namata-
nhatu, ȥino iwe uŋgaimutsa namazuʋa
matatu here? 21 Asi iye wakaŋga
acireʋa tembere yomuʋiri wake

* Ciyero cimŋe aneŋge magaroni mapfu-
mbamŋe.

22 Ȥino wakati amutswa kuʋakafa, ʋa-
dzidzi ʋake ʋakaraŋgarira, kuti wakaŋga
areʋa iȥoȥo; ʋakatenda Rugwaro ne-
shoko rakaŋga rarebga naJesu.
23 Ȥino ŋguʋa yaakaŋga ari Jerusa-
rema pamutambo wepaseka, ʋazhinji
ʋakatenda kuzita rake, ʋaciʋona ȥira-
tidzo ȥaaiita. 24 Asi Jesu haana-kuȥiisa
*mumavoko* aʋo, nokuti wakaŋga aci-
ʋaziʋa ʋose. 25 Wakaŋga asiŋgatşaki
kuti munhu mumŋe apupure ȥomu-
nhu; nokuti wakaŋga aciziʋa iye ȥiri
mumunhu.

*Jesu naNikodimo.*

3 1 Kwaiʋa'po mumŋe waʋaFarise,
wainzi Nikodimo, mukuru waʋa-
Juda. 2 Iye akaʋuya kwaari ʋusiku,
akati kwaari: Rabi, tinoziʋa kuti muri
Mudzidzisi wakabva kunaMŋari; nokuti
hakunomunhu unogona kuita ȥiratidzo
iȥoȥo ȥamunoita, kana Mŋari asi naye.
3 Jesu akapindura, akati kwaari: Ȥiro-
kwaȥo, ȥirokwaȥo, ndinoti kwauri:
Kana munhu asiŋgaɓerekwi kutşa, ha-
aŋgaʋoni ʋushe bgaMŋari. 4 Niko-
dimo akati kwaari: Munhu uŋgagoɓe-
rekwa seiko aʋa mukuru? Uŋgapinda
ȥe muɗumbu ramai ʋake rwecipiri,
akaɓerekwa here? 5 Jesu akapindura,
*akati*: Ȥirokwaȥo, ȥirokwaȥo, ndinoti
kwauri: Kana munhu asiŋgaɓerekwi
nemvura noMŋeya, haaŋgagoni kupinda
muʋushe bgaMŋari. 6 Cakaɓerekwa
nenyama inyama, cakaɓerekwa no-
Mŋeya, mŋeya. 7 Usashamiswa, no-
kuti ndakati kwauri: Munofanira kuɓe-
rekwa kutşa. 8 Mhepo inovuvuta
painoɗa napo, unonzwa inzwi rayo, asi
hauziʋi painobva napainoenda; mumŋe
nomumŋe wakaɓerekwa noMŋeya waka-
ɗaro. 9 Nikodimo akapindura, akati
kwaari: Ȥinhu iȥi ȥiŋgagoitwa seiko?
10 Jesu akapindura, akati kwaari: Iwe
uri mudzidzisi waʋaIsraeri, haunzwisisi
ȥinhu iȥoȥi here? 11 Ȥirokwaȥo,
ȥirokwaȥo, ndinoti kwauri: Tinotaura
ȥatinoziʋa, tinopupura ȥatakaʋona; asi
imi hamugamuciri kupupura kweɗu.
12 Kana ndakakuʋudzai ȥinhu ȥenyika,
mukasatenda, muŋgagotenda seiko, ka-
na ndicikuʋudzai ȥinhu ȥokuɗeŋga?
13 Hakunomunhu wakakwira kuɗeŋga,
asi iye wakaɓuruka kuɗeŋga, iye Mŋana-
komana womunhu. 14 Mosesi seȥaaka-
simudza nyoka murenje, saiȥoȥo Mŋana-
komana womunhu unofanira kusimu-
dzwa ʋo, 15 kuti aninani unotenda
kwaari, aʋe noʋupenyu bgusiŋgaperi.
16 Nokuti Mŋari wakaɗa nyika noku-
ɗaro, kuti wakapa Mŋanakomana wake
wakaɓerekwa mumŋe woga, kuti ani-
nani unotenda kwaari, arege kufa, asi
aʋe noʋupenyu bgusiŋgaperi. 17 No-
kuti Mŋari haana-kutumira Mŋanako-
mana wake panyika, kuti atoŋge nyika,
asi kuti nyika iponeswe naye. 18 Uno-
tenda kwaari, haatoŋgwi; asi usiŋga-
tendi kwaari, watotoŋgwa, nokuti haana-
kutenda kuzita roMŋanakomana wa-
Mŋari wakaɓerekwa mumŋe woga.
19 Kutoŋgwa ndokuku, kuti ciedza
cakaşika panyika, asi ʋanhu ʋakaɗa rima
kupfuʋura ciedza, nokuti maɓasa aʋo
akaŋga akaipa. 20 Nokuti mumŋe
nomumŋe, unoita ȥakaipa, unoʋeŋga
ciedza, haaʋuyi paciedza, kuti maɓasa
ake arege kuɓuɗiswa pacena. 21 Asi
unoita ȥokwaɗi, unoʋuya paciedza,
kuti maɓasa ake aʋonekwe, kuti akaitwa
munaMŋari.

*Kupupura kwaJohane Mubapatidzi.*

22 Shure kwaiȥoȥo Jesu wakaşika mu-
nyika yeJudea, naʋadzidzi ʋake, aka-
gara'ko naʋo acibapatidza. 23 NaJo-
hane wakaŋga acibapatidza ʋo paAinoni,
pedyo neSarimi, nokuti kwaiʋa ne-
mvura zhinji ipapo; ʋakaʋuya, ʋaka-
bapatidzwa. 24 Nokuti Johane wa-
kaŋga acigere kuiswa mutoroŋgo.
25 Ȥino nharo dzikamuka pamsoro po-
kuȥinatsa pakati paʋadzidzi ʋaJohane
nomumŋe muJuda. 26 Ʋakaʋuya kuna-
Johane, ʋakati kwaari: Rabi, uya waiʋa
nemi mhiri kwaJoridani, wamaimbo-
pupurira, tarirai, iye unobapatidza, ʋuye
ʋose ʋanoʋuya kwaari. 27 Johane
akapindura, akati: Munhu haaŋgaga-
muciri cinhu, kana asina-kucipiwa
cicibva kuɗeŋga. 28 Imi mumene mu-
ŋgandipupurira, kuti ndakati: Handizi
Kristu ini, asi kuti ndakatumŋa pa-
mberi pake. 29 Unomŋeŋga ndico
cikomba; asi shamŋari yecikomba ino-
mira icimunzwa, inofara ȥikuru nenzwi
recikomba. Naiȥoȥo kufara kwaŋgu uku
kwazadzika. 30 Iye unofanira kukura,
asi ini *ndinofanira* kuɗukupiswa.
31 Unobva kumsoro ndiye uri pa-
msoro paʋose; nounobva panyika ndo-
wenyika, unotaura ȥenyika; unobva
kuɗeŋga ndiye uri pamsoro paʋose.
32 Ȥaakaʋona neȥaakanzwa, ndiȥo ȥa-

anopupura; asi hakunomunhu uno-
gamucira kupupura kwake. 33 Uyo
wakagamucira kupupura kwake, waka-
simbisa kuti Mŋari ndowaȥokwaɗi.
34 Nokuti wakatumŋa naMŋari, ndiye
unotaura mashoko aMŋari; nokuti haapi
Mŋeya aciyera. 35 Ɓaɓa ʋanoɗa Mŋana-
komana, ʋakamupa ȥose muruʋoko
rwake. 36 Unotenda kuMŋanakomana,
unoʋupenyu bgusiŋgaperi; asi usiŋga-
tereri Mŋanakomana, haaŋgaʋoni ʋu-
penyu, asi kutsamŋa kwaMŋari kuno-
gara pamsoro pake.

*Jesu nomukadzi weSamaria.*

4 1 Ȥino Ishe wakati aziʋa kuti ʋa-
Farise ʋakaŋga ʋanzwa kuti Jesu
wakaita nokubapatidza ʋadzidzi
kupfuʋura Johane, 2 (kunyaŋge Jesu
wakaŋga asiŋgabapatidzi amene, asi ʋa-
dzidzi ʋake), 3 akabva Judea, akaenda
ȥeGarirea. 4 Wakaŋga acifanira kupfu-
ʋura neSamaria. 5 Ȥino akaşika paguta
reSamaria, rainzi Sikari, pedyo nenyika
yakaŋga yapa Jakobo mŋanakomana
wake Josefa. 6 Tsime raJakobo rakaŋga
riri'po. Ȥino Jesu aneta nokufamba,
ndokuŋgogara ȥake patsime. Yaiʋa
ŋguʋa ineŋge yecitanhatu. 7 Ȥino
*mumŋe* mukadzi weSamaria akaşika'po
kuzocera mvura. Jesu akati kwaari:
Ndipeiʋo, ndinwe. 8 Nokuti ʋadzidzi
ʋake ʋakaŋga ʋaenda muguta kundo-
teŋga ȥokudya. 9 Ipapo mukadzi mu-
Samaria akati kwaari: Ko iwe muJuda,
unokumbira seiko kwandiri kunwa,
ini mukadzi muSamaria? (Nokuti ʋa-
Juda haʋafambidzani naʋaSamaria).
10 Jesu akapindura, akati kwaari: Ɗai
waiziʋa cipo caMŋari, ʋuye kuti ndiani
unoti kwauri, ndipei ʋo ndinwe, uŋgaɗai
waikumbira kwaari, akakupa mvura
mhenyu. 11 Mukadzi akati kwaari:
Ishe, hamuna-camuŋgacera naco, tsime
rakadzika, ȥino mvura mhenyu muŋgai-
wanepiko? 12 Ko muri mukuru kuna-
ɓaɓa ʋeɗu Jakobo, ʋakatipa tsime *iri*,
ʋakanwa pariri ʋamene naʋanakomana
ʋaʋo neȥipfuwo ȥaʋo? 13 Jesu aka-
pindura, akati kwaari: Mumŋe no-
mumŋe, unonwa mvura iyi, ucaʋa
nenyota ȥe. 14 Asi aninani, unonwa
mvura yandicamupa ini, haacazoʋi ne-
nyota nokusiŋgaperi; asi mvura, yandi-
camupa, icaʋa mukati make tsime
remvura, inovaira kuʋupenyu bgusi-
ŋgaperi. 15 Mukadzi akati kwaari: Ishe,
ndipei mvura iyi, kuti ndirege kuzoʋa
nenyota, kana kuʋuya kucera pano.
16 Jesu akati kwaari: Enda, undoɗana
murume wako, ugoʋuya pano. 17 Mu-
kadzi akapindura, akati kwaari: Handi-
nomurume. Jesu akati kwaari: Wareʋa
ȥakanaka, *ȥawati*: Handinomurume.
18 Nokuti watoʋa naʋarume ʋashanu;
uyo, waunaye ȥino, haazi murume wako;
apo wareʋa ȥokwaɗi. 19 Mukadzi
akati kwaari: Ishe, ndinoʋona kuti muri
muprofita. 20 Madziɓaɓa eɗu aina-
mata pagomo iri; imi munoti muJerusa-
rema ndimo munofanira kunamatwa.
21 Jesu akati kwaari: Mai, nditende
kuti ŋguʋa inoʋuya, yamusiŋgazona-
mati Ɓaɓa pagomo iri, kana paJerusa-
rema. 22 Imi munonamata camusiŋga-
ziʋi; isu tinonamata catinoziʋa, nokuti
ruponeso runobva kuʋaJuda. 23 Asi
ŋguʋa inoʋuya, naȥino yatoʋa'po, yokuti
ʋanonamata neȥokwaɗi ʋacanamata
Ɓaɓa mumŋeya neȥokwaɗi; nokuti Ɓaɓa
ʋanotşaka ʋakaɗaro kuzomunamata.
24 Mŋari ndiMŋeya; ʋanomunamata,
ʋanofanira kumunamata mumŋeya ne-
ȥokwaɗi. 25 Ȥino mukadzi akati
kwaari: Ndinoziʋa kuti Mesiasi uno-
ʋuya, unonzi Kristu; kana iye aşika,
ucatiʋudza ȥose. 26 Jesu akati kwaari:
Ini, ndinotaura newe, ndini iye.
27 Ȥino ʋadzidzi ʋake ʋakaşika, ʋaka-
shamiswa *vacivona* kuti unotaurirana
nomukadzi; kunyaŋge ȥakaɗaro hakuno-
*mumŋe* wakati: Munotşakeiko? Kana:
Munotaurireiko naye? 28 Ipapo mu-
kadzi akasiya ciroŋgo cake, akaenda
muguta, akati kuʋanhu: 29 Ʋuyai
muʋone munhu, wakandiʋudza ȥose
ȥandakaita. Ko uyu handiti ndiye
Kristu here? 30 Ʋakaɓuɗa muguta,
ʋakaenda kwaari. 31 Neŋguʋa iyo
ʋadzidzi ʋake ʋakafano-munyeŋgetera,
ʋaciti: Rabi, cidyai. 32 Iye akati kwa-
ʋari: Ini ndineȥokudya, ȥandinodya,
ȥamusiŋgaziʋi. 33 Ȥino ʋadzidzi ʋaka-
taurirana, *vaciti*: Kasi mumŋe wamuʋi-
gira ȥokudya kanhi? 34 Jesu akati kwa-
ʋari: Ȥokudya ȥaŋgu ndiȥo, kuti ndiite
kuɗa kwowakandituma, nokupedza ɓasa
rake. 35 Ko imi hamuti: Kwasara
mŋedzi minna, kuceka kwaşika? Tarirai,
ini ndinoti kwamuri: Simudzai meso
enyu, ʋonai minda, kuti yatoibvira
kuceka. 36 Unoceka unopiwa muɓairo,
unoʋuŋganidza ȥiɓereko muʋupenyu
bgusiŋgaperi; kuti unokusha nounoceka

ʋafare ʋose. 37 Nokuti shumo ndeyaȥo-
kwaɗi, inoti: Mumŋe unokusha, mumŋe
aciceka. 38 Ndakakutumai kundoceka
ȥamusakaɓatira; ʋamŋe ʋakaɓata, ȥino
imi mapinda paneȥaʋakaɓatira iʋo.
39 Ȥino ʋaSamaria ʋazhinji ʋeguta iro
ʋakatenda kwaari neshoko romukadzi,
wakapupura, *aciti*: Wandiʋudza ȥose
ȥandakaita. 40 Ȥino ʋaSamaria ʋakati
ʋaciʂika kwaari, ʋakamunyeŋgetera kuti
agare naʋo; akagara'po mazuʋa maʋiri.
41 Naʋamŋe ʋazhinji ʋakatenda ne-
shoko rake. 42 Ʋakati kumukadzi:
Haticatendi nokureʋa kwako; taȥinzwira
timene, tinoziʋa kuti uyu ndiye Mu-
ponesi wenyika ȥirokwaȥo.
43 Mazuʋa maʋiri akati apfuʋura, aka-
bva'po; akaenda Garirea. 44 Nokuti
Jesu amene wakapupura, kuti muprofita
haakudzwi munyika yake. 45 Ȥino
wakati aciʂika Garirea, ʋaGarirea ʋaka-
mugamucira, nokuti ʋakaŋga ʋaʋona
ȥose ȥaakaita Jerusarema pamutambo,
nokuti naiʋo ʋakaŋga ʋaenda ʋo
kumutambo.

*Jesu unoporesa mŋanakomana womutariri washe.*

46 Ȥino Jesu wakaʂika ȥe paKana
yeGarirea, paakaŋga ashandura mvura
ikaita waini. *Ipapo* pakaŋga panomumŋe
mutariri washe, mŋanakomana wake
wakaŋga acirwara paKapernaume.
47 Iye wakati acinzwa kuti Jesu wabva
Judea, waʂika Garirea, akaenda kwaari,
akamunyeŋgetera kuti aɓuruke kundo-
poresa mŋanakomana wake; nokuti wa-
kaŋga wotandadza. 48 Ȥino Jesu aka-
ti kwaari: Kana musiŋgaʋoni ȥirati-
dzo neȥishamiso, hamuŋgatoŋgotendi.
49 Mutariri washe akati kwaari: Ishe,
ɓurukai henyu, mŋana waŋgu asati
afa. 50 Jesu akati kwaari: Enda hako,
mŋanakomana wako mupenyu. Munhu
*uyu* akatenda shoko rakarebga naJesu
kwaari, akaenda. 51 Wakati acaɓuruka,
ʋaranda ʋake ʋakasoŋgana naye, ʋakati:
Mŋana wenyu mupenyu. 52 Ȥino aka-
ʋabvunza ŋguʋa yaakataŋga kunaya
nayo. Ʋakati kwaari: Zuro neŋguʋa
yecinomŋe fiviri yakabva kwaari. 53 Ȥi-
no ɓaɓa ʋakaziʋa kuti ndiyo ŋguʋa
Jesu yaakati kwaari: Mŋanakomana
wako mupenyu. Iye akatenda nemhuri
yake yose. 54 Ici ndico ciratidzo ceci-
piri cakaitwa naJesu, abva Judea, aʂika
Garirea.

*Jesu unoporesa munhu padziʋa reBetesda.*

5 1 Shure kwaiȥoȥo, mutambo
waʋaJuda waiʋa'po; Jesu aka-
kwira Jerusarema.
2 Ȥino paJerusarema pedyo nesuʋo
ramakwai kwaiʋa nedziʋa rainzi Betesda
neciHeberu, raiʋa namaɓiraʋira ma-
shanu. 3 Mukati mawo makaŋga
muʋete ʋazhinji ʋairwara namapofu, ne-
ȥirema, naʋakawonyana, [ʋaigarira ku-
bvoŋgodzwa kwemvura. 4 Nokuti mu-
tumŋa waiɓurukira mudziʋa iro neimŋe
ŋguʋa, acibvoŋgodza mvura; ȥino uyo
waitaŋga kupinda mumvura yabvo-
ŋgodzwa waiporeswa, kunyaŋge akaŋga
akaɓatwa nokurwara kupi nokupi.]
5 Ȥino kwaiʋa'po mumŋe munhu,
wakaŋga aɓatwa nokurwara kwake
makore makumi matatu namasere.
6 Jesu wakati aʋona munhu uyo aʋete
pasi, ȥaaiziʋa kuti wakaŋga *akaɗaro*
ŋguʋa huru, akati kwaari: Unoɗa kupo-
reswa here? 7 Murwere akamupindura,
*akati*: Ishe, ndinoshaiwa munhu uno-
ndiwisira mudziʋa, kana mvura ici-
bvoŋgodzwa; asi ndinoti kana ndoenda,
mumŋe wonditaŋgira kupinda. 8 Jesu
akati kwaari: Simuka, tora nhoʋo dzako,
ufambe. 9 Pakarepo munhu uyo aka-
poreswa, akatora nhoʋo dzake, aka-
famba.
Musi uyo waiʋa wesaɓata. 10 Ȥino
ʋaJuda ʋakati kunowakaporeswa: Isa-
ɓata, hautenderwi kutakura nhoʋo
dzako. 11 Iye akapindura, *akati*: Uyo
wandiporesa ndiye wakati kwandiri:
Tora nhoʋo dzako, ufambe. 12 Ʋaka-
mubvunza, *ʋaciti*: Ndianiko munhu uyo
wakati kwauri: Tora *nhovo dzako*,
ufambe? 13 Ȥino wakaŋga aporeswa,
haana-kuziʋa kuti ndiani; nokuti Jesu
wakaŋga abva, ȥakwaiʋa naʋanhu ʋa-
zhinji panȥimbo iyo. 14 Shure kwa-
iȥoȥo Jesu akamuwana mutembere, akati
kwaari: Tarira, waporeswa; usatadza ȥe,
kuti urege kuɓatwa necinhu cakaipa
cinokunda cici. 15 Ȥino munhu uyo
akandoʋudza ʋaJuda, kuti ndiJesu waka-
muporesa. 16 Saka ʋaJuda ʋakatambu-
dza Jesu, nokuti wakaȥiita iȥoȥo nesa-
ɓata. 17 Asi iye wakapindura, akati:
Ɓaɓa ʋangu ʋacaɓata kuʂikira ȥino, neni
ndinoɓata ʋo. 18 Saka ȥino ʋaJuda
ʋakatʂaka ȥikuru kumuʋuraya, nokuti
wakaŋga asiŋgaputsi *murairo weʂaɓata*
ɓedzi, asi wakati ʋo Mŋari ndiƁaɓa
ʋake, aciȥienzanisa naMŋari.

19 Ȥino Jesu akapindura, akati kwa-
ʋari: Ȥirokwaȥo, ȥirokwaȥo, ndinoti
kwamuri: Mŋanakomana haagoni kuita
cinhu oga, kana asiŋgaʋoni Ɓaɓa
ʋaciciita; nokuti ȥose ȥaʋanoita iʋo,
Mŋanakomana unoȥiita saiȥoȥo ʋo.
20 Nokuti Ɓaɓa ʋanoɗa Mŋanakomana,
ʋanomuratidza ȥose ȥaʋanoita ʋamene;
ʋacamuratidza maɓasa makuru kuna-
wawa, kuti mushamiswe. 21 Nokuti
Ɓaɓa seȥaʋanomutsa ʋakafa, ʋaciʋarara-
misa, saiȥoȥo Mŋanakomana unorara-
misa ʋo ʋaanoɗa *kuraramisa.* 22 No-
kuti naɓaɓa haʋatoŋgi munhu, asi
ʋakapa Mŋanakomana kutoŋga kwose,
23 kuti ʋose ʋakudze Mŋanakomana
seȥaʋanokudza Ɓaɓa. Usiŋgakudzi
Mŋanakomana, haakudzi naɓaɓa, ʋaka-
mutuma. 24 Ȥirokwaȥo, ȥirokwaȥo,
ndinoti kwamuri: Unonzwa shoko
raŋgu, nokutenda wakandituma, unoʋu-
penyu bgusiŋgaperi; haaʋuyi muku-
toŋgwa, asi wabva murufu, waenda
muʋupenyu. 25 Ȥirokwaȥo, ȥirokwaȥo,
ndinoti kwamuri: Ŋguʋa inoʋuya, na-
ȥino yatoʋa'po, nayo ʋakafa ʋacanzwa
inzwi roMŋanakomana waMŋari; ʋa-
nonzwa ʋacararama. 26 Nokuti Ɓaɓa
seȥaʋanoʋupenyu maʋari, saiȥoȥo ʋo
ʋakapa Mŋanakomana, kuti aʋe noʋu-
penyu maari. 27 Ʋakamupa simba roku-
toŋga, ȥaari Mŋanakomana womunhu.
28 Musashamiswa naiȥoȥo; nokuti
ŋguʋa inoʋuya, nayo ʋose ʋari muma-
bgiro ʋacanzwa inzwi rake, 29 ʋaca-
ɓuɗa; aʋo ʋakaita ȥakanaka, kukumuka
kwoʋupenyu, aʋo ʋakaita ȥakaipa,
kukumuka kwokutoŋgwa.
30 Handigoni kuita cinhu ndoga;
ndinotoŋga seȥandinonzwa; kutoŋga
kwaŋgu kwakarurama, nokuti handi-
tşaki kuɗa kwaŋgu, asi kuɗa kwowaka-
ndituma. 31 Kana ndiciȥipupurira,
kupupura kwaŋgu hakuzi kwaȥokwaɗi.
32 Mumŋe uri'po unondipupurira; ndi-
noziʋa kuti kupupura kwake kwaano-
ndipupurira ndokwaȥokwaɗi. 33 Maka-
tuma kunaJohane, iye akapupurira ȥo-
kwaɗi. 34 Ini handigamuciri kupupura
kunobva kumunhu, asi ndinoreʋa iȥoȥo
kuti muponeswe. 35 Iye wakaŋga ari
mŋenje unopfuta nounoveneka; imi
makaŋga muciɗa kufara ŋguʋa ɗuku
muciedza cake. 36 Ini ndinecapupu
cikuru kunaJohane; nokuti maɓasa
andakapiwa naɓaɓa kuti ndiapedze, iwo
maɓasa andinoita, ndiwo anondipu-
purira kuti Ɓaɓa ʋakandituma. 37 Naiʋo
Ɓaɓa, ʋakandituma, ndiʋo ʋakandi-
pupurira ʋo. Hamuna-kutoŋgonzwa
inzwi raʋo, kana kuʋona mufananidzo
waʋo. 38 Shoko raʋo harigari mukati
menyu, nokuti hamutendi waʋaka-
tuma. 39 Munonȥera Magwaro, nokuti
munoti ʋupenyu bgusiŋgaperi munabgo
maari; ndiwo anondipupurira ini.
40 Asi hamuɗi kuʋuya kwandiri, kuti
muʋe noʋupenyu. 41 Handigamuciri
kukudzwa kunobva kuʋanhu; 42 asi
ndinokuziʋai, kuti hamunoruɗo rwa-
Mŋari mukati menyu. 43 Ndakaʋuya
nezita raɓaɓa ʋaŋgu, asi hamundiga-
muciri; kana mumŋe akaşika nezita rake
amene, mucamugamucira iye. 44 Mu-
ŋgatenda seiko imi, iyemi munogamu-
cira kukudzwa mumŋe kunomumŋe, asi
kukudzwa kunobva kunaMŋari, uri
oga, hamukutşaki? 45 Musati ndicaku-
pomerai mhoşa kunaɓaɓa; mumŋe
uri'ko unokupomerai mhoşa, *ndiye*
Mosesi, wamakaʋimba naye. 46 No-
kuti ɗai maitenda Mosesi, muŋgaɗai
mainditenda ini, nokuti iye wakanyora
ȥaŋgu. 47 Asi kana musiŋgatendi ma-
nyoro ake, muŋgatenda seiko mashoko
aŋgu?

### *Ʋaneȥuru ȥishanu ʋanopiwa ȥokudya naJesu.*

(Mat. 14. 13–21; Mar. 6. 30–44; Ruka 9. 10–17.)

6 1 Shure kwaiȥoȥo Jesu wakenda
mhiri kweguŋgwa reGarirea, *ndiro*
reTiberiasi. 2 Ʋanhu ʋazhinji-
zhinji ʋakamuteʋera, nokuti ʋakaʋona
ȥiratidzo ȥaaiita kuʋarwere. 3 Jesu aka-
kwira mugomo, akagara'mo naʋadzidzi
ʋake. 4 Paseka, mutambo waʋaJuda,
wakaŋga uri pedyo. 5 Ȥino Jesu wakati
acitarira, akaʋona ʋanhu ʋazhinji-
zhinji ʋaciʋuya kwaari, akati kuna-
Firipo: Tiŋgateŋgepiko ȥiŋgwa, kuti
ʋanhu aʋa ʋadye? 6 Wakareʋa iȥoȥo
kuti amuidze, nokuti iye wakaziʋa
amene ȥaakaŋga aciɗa kuita. 7 Firipo
akamupindura, *aciti*: Ȥiŋgwa ȥama-
denari anamazana maʋiri* haȥiŋga-
ʋariŋgani, kuti mumŋe nomumŋe atore
ȥishoma. 8 Ȥino mumŋe waʋadzidzi
ʋake, Andreasi, munuŋuna waSimoni
Petro, akati kwaari: 9 Pano panomu-
komana, uneȥiŋgwa ȥishanu ȥebari
nehoʋe mbiri; asi iȥi ȥiŋgakwanira sei

* Mari ineŋge pondo nomŋe necumi.

ʋanhu ʋázhinji ʋakaɗai? 10 Jesu akati:
Garisai ʋanhu pasi. Ȥino kwakaŋga
kunoʋuswa bguzhinji ipapo. Naiȥoȥo
ʋarume ʋakagara pasi, kuwanda kwaʋo
kuneŋge ȥuru ȥishanu. 11 Ȥino Jesu
akatora ȥiŋgwa; akaʋoŋga, akaȥipa
ʋakaŋga ʋagere pasi; nehoʋe ʋo saiȥoȥo
paʋaiɗa napo. 12 Ȥino ʋakati ʋaguta,
akati kuʋadzidzi ʋake: Ʋuŋganidzai
ȥimeɗu ȥakasara, kuti kurege kurashika
cinhu. 13 Ipapo ʋakaȥiʋuŋganidza,
ʋakazadza mateŋgu anegumi namaʋiri
neȥimeɗu ȥeȥiŋgwa ȥishanu ȥebari,
ȥakaŋga ȥasara kunaʋakadya. 14 Ȥino
ʋanhu ʋakati ʋaʋona ciratidzo caakaita,
ʋakati: Ȥirokwaȥo uyu muprofita,
unoʋuya panyika.
15 Ȥino Jesu, ȥaakaziʋa kuti ʋoɗokuʋuya
kumuɓata nesimba kuzomuita
mambo, akabva ȥe, akaenda mugomo
ari oga.

*Jesu unoȥamba pamsoro pemvura.*

(Mat. 14. 22–33; Mar. 6. 45–56.)

16 Ȥino aʋa maɗekwana, ʋadzidzi
ʋake ʋakaɓurukira kuguŋgwa; 17 ʋakapinda
mugwa, ʋakataŋga kuyambuka
guŋgwa kuenda Kapernaume. Ȥino
kwakaŋga kwaşiɓa, asi Jesu wakaŋga
asati aşika kwaʋari. 18 Guŋgwa rikataŋga
kumutswa nemhepo huru yaivuvuta.
19 Ȥino ʋakati ʋakwaşa
ȥikuru mastadia aneŋge makumi maʋiri
namashanu, kana makumi matatu,* ʋakaʋona
Jesu aciȥamba pamsoro peguŋgwa,
aciswedera pedyo negwa; ʋakatya.
20 Asi iye akati kwaʋari: Ndini,
musatya. 21 Ȥino ʋakafara kumugamucira
mugwa, igwa rikaşika pakarepo
kunyika kwaʋakaŋga ʋaciendá.

*Jesu ciŋgwa covupenyu.*

22 Aʋa maŋgwana ʋanhu ʋazhinji,
ʋakaŋga ʋamire mhiri kweguŋgwa,
ʋakaʋona kuti pakaŋga pasinerimŋe
igwa ɗuku ipapo, asi iro rimŋe makaŋga
mapinda ʋadzidzi ʋake, mariri, ʋuye kuti
Jesu haana-kupinda mugwa naʋadzidzi
ʋake, asi kuti ʋadzidzi ʋake
ʋakaŋga ʋaenda ʋoga. 23 (Asi mamŋe
magwa maɗuku akaŋga abva Tiberiasi,
akaşika pedyo paʋakadyira ȥiŋgwa, Ishe
amboʋoŋga). 24 Ȥino ʋanhu ʋazhinji
ʋakati ʋaʋona, kuti Jesu haa'po,
naʋadzidzi ʋake, ʋakapinda ʋamene
mumagwa maɗuku, ʋakaşika Kape-

* Mairi dzineŋge nhatu nehafu.

rnaume, ʋacitşaka Jesu. 25 Ȥino ʋakati
ʋamuwana mhiri kweguŋgwa, ʋakati
kwaari: Rabi, maʋuya pano riniko?
26 Jesu akaʋapindura, akati: Ȥirokwaȥo,
ȥirokwaȥo, ndinoti kwamuri:
Hamunditşaki nokuti makaʋona ȥiratidzo,
asi nokuti makadya ȥiŋgwa mukaguta.
27 Musaɓatira ȥokudya ȥinopera,
asi ȥokudya ȥinogara kuʋupenyu bgusiŋgaperi,
ȥamucapiwa noMŋanakomana
womunhu; nokuti Ɓaɓa, Mŋari, ʋakaisa
cisimbiso kwaari. 28 Ȥino ʋakati
kwaari: Ticaiteiko, kuti tiɓate maɓasa
aMŋari? 29 Jesu akapindura, akati
kwaʋari: Ɓasa raMŋari ndiro, kuti
mutende kunaiye waakatuma. 30 Ȥino
ʋakati kwaari: Munoita ciratidzo cipiko,
kuti tiʋone, tikutendei? Imi munoɓateiko?
31 Madziɓaɓa eɗu akadya
mana murenje, seȥaȥakanyorwa, *ȥicinzi*:
Wakaʋapa ciŋgwa cakabva kuɗeŋga,
kuti ʋadye. 32 Ȥino Jesu akati kwaʋari:
Ȥirokwaȥo, ȥirokwaȥo, ndinoti
kwamuri: Wakaŋga asi iye Mosesi,
wakakupai ciŋgwa cakabva kuɗeŋga,
asi ndiƁaɓa ʋaŋgu ʋanokupai ciŋgwa
caȥokwaɗi, cinobva kuɗeŋga. 33 Nokuti
ciŋgwa caMŋari ndico cinoɓuruka
kuɗeŋga, cinopa nyika ʋupenyu.
34 Ȥino ʋakati kwaari: Ishe, tipei ciŋgwa
ici misi yose. 35 Jesu akati
kwaʋari: Ndini ciŋgwa coʋupenyu;
unoʋuya kwandiri, haaŋgatoŋgoʋi nenzara,
nounotenda kwandiri haaŋgatoŋgoʋi
nenyota. 36 Asi ndakakuʋudzai,
kuti makandiʋona, *asi* hamutendi.
37 Ȥose Ɓaɓa ȥaʋanondipa ȥicaʋuya
kwandiri; nounoʋuya kwandiri, handiŋgatoŋgomurashiri
kunze. 38 Nokuti
handina-kuɓuruka kuɗeŋga, kuti ndiite
kuɗa kwaŋgu, asi kuɗa kwowakandituma.
39 Kuɗa kwowakandituma
ndiko, kuti paȥose ȥaakandipa, ndirege
kurashikirwa necimŋe, asi kuti ndicimutse
nezuʋa rokupedzisira. 40 Nokuti
kuɗa kwaƁaɓa ʋaŋgu ndiko, kuti
mumŋe nomumŋe, unotarira Mŋanakomana,
nokutenda kwaari, aʋe noʋupenyu
bgusiŋgaperi; neni ndicamumutsa
nezuʋa rokupedzisira.
41 Ȥino ʋaJuda ʋakaŋuŋuna pamsoro
pake, nokuti wakati: Ndini ciŋgwa cakaɓuruka
kuɗeŋga. 42 Ʋakati: Uyu
haazi Jesu, Mŋanakomana waJosefa,
watinoziʋa ɓaɓa namai ʋake here?
Ȥino uŋgagoti seiko: Ndakaɓuruka
kuɗeŋga? 43 Jesu akapindura, akati

kwaʋari: Musaŋuŋuna pakati penyu.
44 Hakunomunhu uŋgaʋuya kwandiri,
kana Ɓaɓa, ʋakandituma, ʋasiŋgamu-
kweʋi; neni ndicamumutsa nezuʋa
rokupedzisira. 45 Muʋaprofita maka-
nyorwa, *mucinzi*: Ʋacadzidziswa ʋose
naMŋari. Mumŋe nomumŋe waka-
ȥinzwa kunaƁaɓa, akadzidza, unoʋuya
kwandiri. 46 Ha*ndirevi* kuti kuno-
munhu wakaʋona Ɓaɓa; asi uyo unobva
kunaMŋari, ndiye wakaʋona Ɓaɓa.
47 Ȥirokwaȥo, ȥirokwaȥo, ndinoti kwa-
muri: Unotenda, unoʋupenyu bgusi-
ŋgaperi. 48 Ndini ciŋgwa coʋupenyu.
49 Madziɓaɓa enyu akadya mana mu-
renje, akafa. 50 Ici ndico ciŋgwa,
cinoɓuruka kuɗeŋga, kuti munhu aci-
dye, arege kufa. 51 Ndini ciŋgwa
cipenyu, cakaɓuruka kuɗeŋga; kana
munhu acidya ciŋgwa ici, ucararama
nokusiŋgaperi; ciŋgwa candicapa, inya-
ma yaŋgu, *bguve* ʋupenyu bgenyika.
52 Ȥino ʋaJuda ʋakakakaʋara pakati
paʋo, ʋaciti: Munhu uyu uŋgatipa
seiko nyama yake, tidye? 53 Jesu akati
kwaʋari: Ȥirokwaȥo, ȥirokwaȥo, ndi-
noti kwamuri: Kana musiŋgadyi nyama
yoMŋanakomana womunhu, nokunwa
ropa rake, hamunoʋupenyu mamuri.
54 Unodya nyama yaŋgu, nounonwa
ropa raŋgu, unoʋupenyu bgusiŋgaperi;
ini ndicamumutsa nezuʋa rokupedzi-
sira. 55 Nokuti nyama yaŋgu ndiȥo
ȥokudya ȥaȥokwaɗi, neropa raŋgu ȥo-
kunwa ȥaȥokwaɗi. 56 Unodya nyama
yaŋgu, nounonwa ropa raŋgu, unogara
mandiri, neni maari. 57 Ɓaɓa ʋapenyu,
seȥaʋakandituma, neni ndicirarama na-
Ɓaɓa; saiȥoȥo unondidya, ucararama
neni. 58 Ici ndico ciŋgwa cakaɓuruka
kuɗeŋga; haȥina-kuita samadziɓaɓa
akadya, akafa; unodya ciŋgwa ici
ucararama nokusiŋgaperi. 59 Wakareʋa
ȥinhu iȥi musinagoge, acidzidzisa pa-
Kapernaume.

*Ʋamŋe ʋadzidzi ʋaJesu ʋanomusiya, asi Petro unopupura kuti Jesu ndiye Kristu.*

60 Ȥino ʋazhinji ʋaʋadzidzi ʋake
ʋakati ʋaciȥinzwa, ʋakati: Iri shoko
igukutu; ndianiko uŋgarinzwa? 61 Asi
Jesu, ȥaakaŋga aciziʋa mumŋoyo make
kuti ʋadzidzi ʋake ʋanoŋuŋuna *neshoko*
irero, akati kwaʋari: Iri *shoko* rinokugu-
mbusai kanhi? 62 Mucagoɗiniko kana
muciʋona Mŋanakomana womunhu
acikwira kwaaiʋa pakutaŋga? 63 Mŋeya
ndiye unoraramisa, nyama hainama-
turo; mashoko andakataura kwamuri,
ndiwo mŋeya noʋupenyu. 64 Asi
ʋamŋe ʋenyu ʋari'ko ʋasiŋgatendi;
nokuti Jesu wakaŋga aciziʋa kubva
pakutaŋga, kuti ʋaisatenda ndiʋanani,
ʋuye kuti ndiani waizomupandukira.
65 Akati: Nemhaka iyi ndakati kwa-
muri, kuti hakunomunhu uŋgaʋuya
kwandiri, kana asina-kuȥipiwa naƁaɓa.
66 Ipapo ʋadzidzi ʋake ʋazhinji ʋa-
kadzokera shure, ʋakasazofamba naye.
67 Jesu akati kunaʋanegumi naʋaʋiri:
Nemi munoɗa kubva ʋo here? 68 Si-
moni Petro akamupindura, akati: Ishe,
ticagoenda kunaniko? Ndimi mu-
namashoko oʋupenyu bgusiŋgaperi.
69 Isu takatenda, tikaziʋa kuti ndimi
Mutşene waMŋari. 70 Jesu akapi-
ndura, akati: Handina-kukusanaŋgurai,
imi ʋanegumi naʋaʋiri here? Asi mu-
mŋe wenyu ndo*wa*Diaborosi. 71 Waka-
reʋa Judasi, *mŋanakomana* waSimoni
Iskarioti, nokuti ndiye waizomupandu-
kira, *waiʋa* mumŋe waʋanegumi na-
ʋaʋiri.

*Kusatenda kwaʋanuŋuna ʋaJesu.*

7 1 Shure kwaiȥoȥo Jesu waka-
famba muGarirea; nokuti wakaŋga
asiŋgaɗi kufamba muJudea, nokuti
ʋaJuda ʋakaŋga ʋaciɗa kumuʋuraya.
2 Ȥino mutambo waʋaJuda wamatumba
wakaŋga uri pedyo. 3 Naiȥoȥo ʋanu-
ŋuna ʋake ʋakati kwaari: Ibva pano,
uende Judea, kuti ʋadzidzi ʋako ʋaʋone
ʋo maɓasa ako aunoita. 4 Nokuti haku-
nomunhu unoita cinhu cinyararire, kana
iye amene aciɗa kuzikanwa; kana iwe
uciita iȥi, uȥiratidze kunyika. 5 Nokuti
naʋanuŋuna ʋake ʋakaŋga ʋasiŋga-
tendi kwaari. 6 Ipapo Jesu akati
kwaʋari: Ŋguʋa yaŋgu icigere kuşika;
asi ŋguʋa yenyu inogara yakagadzirwa.
7 Nyika haiŋgakuʋeŋgiyi imi; asi ino-
ndiʋeŋga ini, nokuti ndinoipupurira,
kuti maɓasa ayo akaipa. 8 Kwirai ku-
mutambo imi; ini handiti ndokwira
kumutambo, nokuti ŋguʋa yaŋgu ici-
gere kuşika kwaȥo. 9 Wakati areʋa
iȥoȥo kwaʋari, akagara Garirea.

*Jesu pamutambo wamatumba.*

10 Ȥino ʋanuŋuna ʋake ʋakati ʋa-
kwira kumutambo, iye akabva okwira
ʋo, asiŋgaenda pacena, asi paneŋge
sapakaʋanda. 11 Ȥino ʋaJuda ʋaka-

mutşaka pamutambo, ʋakati: Uripiko
iye? 12 Kuŋuŋuna kukuru kukaʋa'po
pakati paʋazhinji pamsoro pake, ʋamŋe
ʋaciti: Wakanaka; ʋamŋe ʋaciti: Kwete,
unotsausa ʋanhu ʋazhinji. 13 Ku-
nyaŋge ȥakaɗaro kwakaŋga kusino-
munhu waitaura pacena pamsoro pake,
nokuti ʋakatya ʋaJuda.
14 Ȥino kwakati paʋa pakati pomu-
tambo, Jesu akakwira kutembere, aka-
taŋga kudzidzisa. 15 Naiȥoȥo ʋaJuda
ʋakashamiswa, ʋaciti: Munhu uyu
unoziʋa seiko manyoro, ȥaasina-ku-
mbodzidza? 16 Jesu akapindura, akati:
Kudzidzisa kwaŋgu hakuzi kwaŋgu,
asi ndokwowakandituma. 17 Kana
munhu aciɗa kuita kuɗa kwake, ucaziʋa
kana kudzidzisa *uku* kucibva kuna-
Mŋari, kana ndiciȥitaurira ndimene.
18 Unoȥitaurira, unotşaka kukudzwa
kwake; asi unotşaka kukudzwa kwowa-
kamutuma, ndiye waȥokwaɗi, hapana-
kusarurama maari. 19 Mosesi haana-
kukupai murairo here? Asi hakuno-
mumŋe wenyu unoita murairo. Muno-
tşakireiko kundiʋuraya? 20 Ʋanhu
ʋazhinji ʋakapindura, *ʋaciti*: Uno-
mŋeya wakaipa iwe; ndianiko unotşaka
kukuʋuraya? 21 Jesu akapindura, akati
kwaʋari: Ndakaita ɓasa rimŋe, muka-
shamiswa mose. 22 Nemhaka iyi
Mosesi wakakupai dziŋgiso, (handiti
ndeyaMosesi, asi yamadziɓaɓa); ȥino
imi munodziŋgisa munhu nesaɓata.
23 Ȥino kana munhu aŋgadziŋgiswa
nesaɓata, kuti murairo waMosesi urege
kuputswa, ko imi monditsamŋira no-
kuti ndakaporesa munhu wose nesaɓata
here? 24 Musatoŋga neȥinoʋonekwa,
asi toŋgai nokutoŋga kwakarurama.
25 Ȥino ʋamŋe ʋeJerusarema ʋakati:
Ko haazi iye waʋaitşaka kuʋuraya here?
26 Tarirai, unotaura pacena, ʋasiŋga-
reʋi cinhu kwaari. Ko ʋakuru ʋanoziʋa
kwaȥo kanhi kuti ndiye Kristu? 27 Ȥino
uyu tinoziʋa kwaanobva, asi Kristu kana
acişika, hakunomunhu uŋgaziʋa kwa-
anobva. 28 Ȥino Jesu akaɗanidzira
mutembere, akadzidzisa, aciti: Muno-
ndiziʋa, munoziʋa napandakabva; ha-
ndina-kuʋuya ini ndimene, asi wakandi-
tuma ndiye waȥokwaɗi, wamusiŋgaziʋi
imi. 29 Ini ndinomuziʋa, nokuti ndi-
nobva kwaari; ndiye wakandituma.
30 Naiȥoȥo ʋakatşaka kumuɓata, asi
kwakaŋga kusinomunhu wakaisa ruʋoko
kwaari, nokuti ŋguʋa yake yakaŋga
isati yaşika. 31 Asi ʋamŋe ʋazhinji
ʋakatenda kwaari, ʋakati: Kana Kristu
acizoşika, uŋgaita ȥiratidzo ȥizhinji
kuneȥiȥi ȥakaitwa noyuyu here? 32 Ȥino
ʋaFarise ʋakanzwa ʋanhu ʋazhinji ʋa-
ciŋuŋuna iȥoȥo pamsoro pake; ʋaprista
ʋakuru naʋaFarise ʋakatuma ʋatariri
kundomuɓata. 33 Ipapo Jesu akati
kwaʋari: Ndiciri nemi ŋguʋa ɗuku,
ndigoenda kunowakandituma. 34 Mu-
canditşaka, asi hamuŋgandiwani; ʋuye
apo pandiri, imi hamuŋgaşiki'po.
35 Ȥino ʋaJuda ʋakataurirana, *ʋaciti*:
Uyu unoɗa kuendepiko, kwatisiŋga-
zomuwani? Ko unoɗa kuenda kuna-
ʋakapararira pakati paʋaGiriki, kuti
andodzidzisa ʋaGiriki here? 36 Rinoti
kuɗiniko shoko iri raareʋa, *rokuti*:
Mucanditşaka, asi hamuŋgandiwani,
ʋuye, apo pandiri, imi hamuŋgaşiki'po?
37 Ȥino nezuʋa rokupedzisira, zuʋa
guru romutambo, Jesu wakamira, aka-
ɗanidzira, akati: Aninani, kana ane-
nyota, ŋgaaʋuye kwandiri, anwe.
38 Unotenda kwandiri, seȥaȥakarebga
noRugwaro, nzizi dzemvura mhenyu
dzicayerera dzicibva mukati make.
39 Asi iȥi wakareʋa ȥoMŋeya, wa-
izopiwa aʋo ʋaitenda kwaari, nokuti
Mŋeya wakaŋga usati waʋa'po, nokuti
Jesu wakaŋga asati akudzwa. 40 Ȥino
*ʋamŋe* pakati paʋanhu ʋazhinji ʋakati
ʋacinzwa mashoko awa, ʋakati: Ȥiro-
kwaȥo uyu muprofita. 41 Ʋamŋe
ʋakati: Uyu ndiye Kristu. Asi ʋamŋe
ʋakati: Ko Kristu uŋgabva Garirea
here? 42 Rugwaro haruna-kureʋa
here, kuti Kristu ucabva kurudzi rwa-
Davidi, napamusha weBetrehema, paiʋa
naDavidi? 43 Naiȥoȥo kupesana kwa-
kamuka pamsoro pake pakati paʋa-
zhinji. 44 Ʋamŋe ʋakaŋga ʋaciɗa
kumuɓata; asi kwakaŋga kusina-wakaisa
maʋoko kwaari.
45 Ȥino ʋatariri ʋakaʋuya kuʋaprista
ʋakuru nokuʋaFarise, iʋo ʋakati kwa-
ʋari: Makaregereiko kuʋuya naye?
46 Ʋatariri ʋakapindura, *ʋakati*: Haku-
nomunhu wakatoŋgotaura nokutaura
kwomunhu uyo. 47 Naiȥoȥo ʋaFarise
ʋakaʋapindura, *ʋakati*: Nemi ʋo ma-
tsauswa kanhi? 48 Kuʋakuru nokuʋa-
Farise kunomumŋe wakatoŋgotenda
kwaari here? 49 Asi ʋanhu aʋa
ʋazhinji, ʋasiŋgaziʋi murairo, ʋaka-
tukwa. 50 Nikodimo, (uya wakambo-
ʋuya kwaari, waiʋa mumŋe waʋo),

akati kwaʋari: 51 Murairo weɗu
unotoŋga munhu, usati wambomunzwa,
nokuziʋa caanoita here? 52 Ʋakapi-
ndura, ʋakati kwaari: Ko newe ʋo uri
weGarirea here? Nȥera, uʋone kuti
hakunomuprofita, unobva Garirea.
53 [Ipapo mumŋe nomumŋe waka-
enda kumba kwake.

*Mukadzi wakaɓatwa acifeʋa*

8 1 Jesu akaenda kugomo reMiorivi.
2 Maŋgwanani akadzokera ȥe ku-
tembere, ʋanhu ʋose ʋakaʋuya kwa-
ari; akagara pasi akaʋadzidzisa. 3 Ʋa-
nyori naʋaFarise ʋakaʋuya kwaari no-
mukadzi wakaŋga aɓatwa acifeʋa
ʋakamuisa pakati *paʋo*. 4 Ʋakati
kwaari: Mudzidzisi, mukadzi uyu
wakaɓatwa acifeʋa, ipapo pamene.
5 Ȥino Mosesi wakatiraira pamurairo
kuti *ʋakadzi* ʋakaɗaro ʋatakwe nama-
bge; ȥino imi munoti kuɗiniko? 6 Ʋa-
kareʋa iȥoȥo, ʋacimuidza, kuti ʋawane
caʋaŋgamupomera mhoşa naco. Asi
Jesu wakakotama, akanyora pasi no-
munwe. 7 Ȥino iʋo ʋakati ʋaciramba
ʋacimubvunza, akakotoroka, akati kwa-
ʋari: Usineciʋi pakati penyu, ŋgaa-
taŋge kukande-bge kwaari. 8 Akako-
tama ȥe, akanyora pasi. 9 Ȥino iʋo
ʋakati ʋaciȥinzwa, hana dzaʋo dzika-
ʋaroʋa, ʋakaɓuɗa mumŋe-mumŋe, ku-
taŋga ʋakuru kuşikira kunowokupedzi-
sira; Jesu akasara ari oga, nomukadzi
wakaŋga amire pakati *paʋo*. 10 Jesu
akakotoroka; ȥino asiŋgaʋoni munhu,
asi mukadzi oga, akati kwaari: Mai,
ʋaya ʋakupomera mhoşa ʋaripiko?
Hakuna-wakutoŋga here? 11 Iye akati:
Hakuna, Ishe! Jesu akati kwaari: Neni
ʋo handikupi mhoşa. Enda hako, usa-
tadza ȥe.]

*Jesu ciedza cenyika.*

12 Ȥino Jesu wakataura ȥe naʋo,
akati: Ndini ciedza cenyika; unondi-
teʋera haaŋgatoŋgofambi murima, asi
ucaʋa neciedza coʋupenyu. 13 Na-
iȥoȥo ʋaFarise ʋakati kwaari: Unoȥi-
pupurira iwe; kupupura kwako hakuzi
kwaȥokwaɗi. 14 Jesu akapindura,
akati kwaʋari: Kunyaŋge ndiciȥipu-
purira, kupupura kwaŋgu ndokwaȥo-
kwaɗi; nokuti ndinoziʋa kwanda-
kabva, nokwandinoenda; asi imi hamu-
ziʋi kwandakabva, nokwandinoenda.
15 Imi munotoŋga nenyama; ini handi-
toŋgi munhu. 16 Asi kunyaŋge ndicito-
ŋga, kutoŋga kwaŋgu ndokwaȥokwaɗi;
nokuti handizi ndoga, asi ini naƁaɓa
ʋakandituma. 17 Ʋuye mumurairo
wenyu makanyorwa, kuti kupupura kwa-
ʋanhu ʋaʋiri ndokwaȥowaɗi. 18 Ndini
ndinoȥipupurira, naƁaɓa ʋakandituma,
ʋanondipupurira ʋo. 19 Ȥino ʋakati
kwaari: Ɓaɓa ʋako ʋaripiko? Jesu
akapindura, *akati*: Hamundiziʋi ini,
kunyaŋge naƁaɓa ʋaŋgu ʋo; ɗai maindi-
ziʋa ini, maiziʋa ʋo naƁaɓa ʋaŋgu.
20 Wakataura mashoko awa paciʋigiro
cemari acidzidzisa mutembere; kwa-
kaŋga kusinomunhu wakamuɓata, no-
kuti ŋguʋa yake yakaŋga isati yaşika.
21 Ȥino wakati ȥe kwaʋari: Ndino-
enda, mucanditşaka, mukafira muȥiʋi
ȥenyu; pandinoenda, imi hamuŋgaʋu-
yi'po. 22 Ȥino ʋaJuda ʋakati: Ucaȥiʋu-
raya kanhi, ȥaanoti: Pandinoenda, imi
hamuŋgaʋuyi'po? 23 Akati kwaʋari:
Imi muri ʋapasi, ini ndiri wokumsoro;
imi muri ʋenyika ino, ini handizi
wenyika ino. 24 Naiȥoȥo ndakati kwa-
muri: Mucafira muȥiʋi ȥenyu, nokuti
kana musiŋganditendi, kuti ndini *iye*,
mucafira muȥiʋi ȥenyu. 25 Ȥino ʋakati
kwaari: Iwe ndiwe aniko? Jesu akati
kwaʋari: Iȥo ȥandinoŋgoramba ndici-
kuʋudzai kubva pakutaŋga. 26 Ndine-
ȥizhinji ȥandinoɗa kureʋa nokutoŋga
pamsoro penyu; asi wakandituma ndo-
waȥokwaɗi; iȥo ȥandakanzwa kwaari,
ndiȥo ȥandinoʋudza nyika. 27 *Asi*
haʋana-kunzwisisa kuti unoʋaʋudza
ȥaƁaɓa. 28 Naiȥoȥo Jesu akati: Kana
masimudza Mŋanakomana womunhu,
ipapo mucaziʋa kuti ndini *iye*, ʋuye *kuti*
ini handiiti cinhu ndimene, asi ndino-
reʋa iȥoȥo ȥandakadzidziswa naƁaɓa.
29 Wakandituma uneni. Haana-ku-
ndisiya ndiri ndoga; nokuti ini ndi-
noita ŋguʋa dzose ȥinomufadza. 30 Wa-
kati areʋa iȥoȥo, ʋazhinji ʋakatenda
kwaari.
31 Ȥino Jesu wakati kuʋaJuda aʋo,
ʋakaŋga ʋamutenda: Kana imi muci-
gara mushoko raŋgu, muri ʋadzidzi
ʋaŋgu ȥirokwaȥo. 32 Mucaziʋa ȥo-
kwaɗi, neȥokwaɗi icakusunuŋgurai.
33 Ʋakamupindura, *ʋakati*: Tiri ʋoru-
dzi rwaAbrahama isu, hatina-kuto-
ŋgoʋa ʋaranda ʋomunhu; ȥino iwe
uŋgareʋa seiko kuti mucasunuŋgurwa?
34 Jesu akapindura, *akati*: Ȥirokwaȥo,
ȥirokwaȥo, ndinoti kwamuri: Mumŋe
nomumŋe unoita ȥiʋi, ndiye muranda

weȥiʋi. 35 Muranda haagari mumba
nokusiŋgaperi; mŋanakomana ndiye
unogara nokusiŋgaperi. 36 Naiȥoȥo
kana Mŋanakomana acikusunuŋgurai,
mucaʋa ʋakasunuŋguka kwaȥo. 37 Ndi-
noziʋa kuti muri rudzi rwaAbrahama;
asi munotʂaka kundiʋuraya, nokuti
shoko raŋgu hariendiki mukati menyu.
38 Ini ndinoreʋa iȥo ȥandakaʋona
kunaƁaɓa ʋaŋgu; imi munoita ʋo ȥama-
nzwa kunaɓaɓa ʋenyu. 39 Ʋakapi-
ndura, ʋakati kwaari: Ɓaɓa ʋeɗu ndi-
Abrahama. Jesu akati kwaʋari: Ɗai
maiʋa ʋana ʋaAbrahama, maiita maɓasa
aAbrahama. 40 Asi ȥino munotʂaka
kundiʋuraya, *ini* munhu wakakuʋudzai
ȥokwaɗi, yandakanzwa kunaMŋari.
Abrahama haana-kuita iȥoȥo. 41 Imi
munoita maɓasa aɓaɓa ʋenyu. Ʋakati
kwaari: Hatina-kuɓerekwa noʋupo-
mbge; tinaƁaɓa ʋamŋe, *iye* Mŋari.
42 Jesu akati kwaʋari: Ɗai Mŋari aiʋa
Ɓaɓa ʋenyu, maindiɗa ini; nokuti nda-
kaɓuɗa, ndikabva kunaMŋari. Nokuti
handina-kuȥiʋuyira ini ndimene, asi
ndiye wakandituma. 43 Hamunzwisisi
seiko kuʋaura kwaŋgu? Nokuti hamu-
goni kunzwa shoko raŋgu. 44 Imi muri
ʋaɓaɓa ʋenyu Diaborosi, munoɗa kuita
kuɗa kwakaipa kwaɓaɓa ʋenyu. Iye
wakaŋga ari muʋurayi kubva pakutaŋga;
haamiri muȥokwaɗi, nokuti maari ha-
muneȥokwaɗi. Kana acireʋa nhema,
unoreʋa ȥake, nokuti ndiye wenhema,
ʋuye ɓaɓa ʋadzo. 45 Asi ini, ȥandi-
noreʋa ȥokwaɗi, hamunditendi. 46 Ndi-
aniko kwamuri uŋganditendisa kuti
ndineȥiʋi? Kana ndicireʋa ȥokwaɗi,
munoregereiko kunditenda? 47 Uri
waMŋari, unońzwa mashoko aMŋari;
imi hamunzwi nemhaka iyi, nokuti
hamuzati muri ʋaMŋari. 48 ƲaJuda
ʋakapindura, ʋakati kwaari: Hatina-
kureʋa kwaȥo here, ticiti: Uri mu-
Samaria, unomŋeya wakaipa? 49 Jesu
akapindura, *akati*: Handinomŋeya wa-
kaipa, asi ndinokudza Ɓaɓa ʋaŋgu,
*ȥino* imi mondiȥidza. 50 Ini handitʂaki
kuti ndikudzwe; uri'ko mumŋe uno-
ȥitʂaka, acitoŋga. 51 Ȥirokwaȥo, ȥiro-
kwaȥo, ndinoti kwamuri: Kana munhu
akaceŋgeta shoko raŋgu, haaŋgatoŋgo-
ʋoni rufu. 52 ƲaJuda ʋakati kwaari:
Tinoziʋa ȥino kuti unomŋeya wakaipa;
Abrahama wakafa, naʋaprofita ʋo; ȥino
iwe unoti: Kana munhu akaceŋgeta
shoko raŋgu, haaŋgatoŋgoʋoni rufu.
53 Ko iwe uri mukuru kunaɓaɓa ʋeɗu
Abrahama, ʋakafa, kanhi? naʋaprofita
ʋakafa? Unoȥiita aniko? 54 Jesu
akapindura, *akati*: Kana ini ndiciȥi-
kudza, kuȥikudza kwaŋgu hakunama-
turo; unondikudza ndiʋo Ɓaɓa, aʋo
ʋamunoti ndiMŋari wenyu. 55 Ha-
muna-kuʋaziʋa ini, asi ini ndinoʋa-
ziʋa; kana ini ndikati handiʋaziʋi,
ndaʋa mureʋi wenhema semi; asi ndino-
ʋaziʋa ini, ndinoceŋgeta shoko raʋo.
56 Abrahama, ɓaɓa ʋenyu, ʋakafara,
*ʋaciti* ʋacaʋona zuʋa raŋgu; ʋakariʋona,
ʋakafara. 57 Ipapo ʋaJuda ʋakati
kwaari: Iwe ugere kuʂika makore ana-
makumi mashanu, wakaʋona Abrahama
sei? 58 Jesu akati kwaʋari: Ȥirokwaȥo,
ȥirokwaȥo, ndinoti kwamuri: Abrahama
asati aʋa'po, ini ndaiʋa'po. 59 Ipapo ʋa-
kanoŋga mabge kuti ʋamutake nawo; asi
Jesu wakaȥiʋanza, akaɓuɗa mutembere.

*Jesu unoporesa munhu wakaɓerekwa riri ɓofu.*

9 1 Wakati acipfuʋura, akaʋona
munhu wakaŋga ari ɓofu kubva
pakuɓerekwa *kwake*. 2 Ʋadzidzi
ʋake ʋakamubvunza, ʋaciti: Rabi, ndi-
aniko wakatadza, uyu kana ʋaɓereki
ʋake, ȥaakaɓerekwa riri ɓofu? 3 Jesu
akapindura, *akati*: Uyu haana-kutadza,
kunyaŋge naʋaɓereki ʋake; asi *iȥi*
*ȥakaitwa* kuti maɓasa aMŋari aʋoneswe
maari. 4 Tinofanira kuɓate-ɓasa rowa-
kandituma, aciri masikati; ʋusiku bgu-
noʋuya, bgusiŋgagoni munhu kuɓate-
ɓasa nabgo. 5 Ndiciri panyika, ndiri
ciedza cenyika. 6 Wakati areʋa iȥoȥo,
akapfira mate pasi, akakanya ɗope
namate, akazodza ɗope rawo pameso
*ake*, 7 akati kwaari: Enda undoshamba
mudziʋa reSiroami, (ndokuti, kana
ȥicishandurwa, Kutumŋa). Ipapo aka-
enda, akandoshamba, akadzoka aciʋona.
8 Ʋakaŋga ʋagere naye, naʋaimuʋona
kare, kuti ndiye waikumbira, ʋakati:
Ko uyu haazi iye waigara acikumbira
here? 9 Ʋamŋe ʋakati: Ndiye; ʋamŋe
ʋakati: Kwete, asi wakatodzana naye.
Iye akati: Ndini. 10 Ȥino ʋakati
kwaari: Meso ako akagoʂinudzwa seiko?
11 Akapindura, *akati*: Munhu unonzi
Jesu wakakanya ɗope, akazodza meso
aŋgu, akati kwandiri: Enda Siroami,
undoshamba; naiȥoȥo ndakaenda, ndi-
kashamba, ndikaʋona. 12 Ʋakati
kwaari: Iye uripiko? Akati: Handiziʋi.

13 Ʋakamuisa kuʋaFarise, iye waka-
ŋga ari ɓofu kare. 14 Ȥino raiʋa saɓata
zuʋa iro Jesu raakakanya ɗope naro,
akaşinudza meso ake. 15 Ȥino ʋa-
Farise ʋakamubvunza ȥe, kuti waka-
ʋoneswa sei. Akati kwaʋari: Wakaisa
ɗope pameso aŋgu, ndikandoshamba,
ndikaʋona. 16 Ȥino ʋamŋe ʋaʋa-
Farise ʋakati: Munhu uyu haazi
waMŋari, nokuti haaceŋgeti saɓata.
Asi ʋamŋe ʋakati: Ko munhu mutadzi
uŋgaita seiko ȥiratidzo ȥakaɗai? Ipapo
kupesana kwakamuka pakati paʋo.
17 Ȥino ʋakati ȥe kuɓofu: Iwe unoti
kuɗiniko pamsoro pake, ȥaakaşinudza
meso ako? Akati: Muprofita. 18 Na-
iȥoȥo ʋaJuda haʋana-kutenda pamsoro
pake, kuti wakaŋga ari ɓofu, akaȥoʋona,
kuşikira ʋaɗana ʋaɓereki ʋowakaʋo-
neswa, 19 ʋakaʋabvunza, ʋaciti: Uyu
ndiye mŋanakomana wenyu, wamunoti
wakaɓerekwa riri ɓofu here? Ȥino uno-
goʋona seiko? 20 Ʋaɓereki ʋake ʋaka-
pindura, ʋakati: Tinoziʋa kuti uyu
mŋanakomana weɗu, ʋuye kuti waka-
ɓerekwa riri ɓofu; 21 asi hatiziʋi
kuti ȥino woʋona sei; nowakaşinudza
meso ake, hatimuziʋi; mubvunzei
henyu; waaruka, ucaȥireʋera hake.
22 Ʋaɓereki ʋake ʋakareʋa iȥoȥo, no-
kuti ʋaitya ʋaJuda, nokuti ʋaJuda
ʋakaŋga ʋatotenderana, kuti kana ku-
ciŋge *kuno*munhu unotenda kuti ndiye
Kristu, aɓuɗiswe musinagoge. 23 Na-
iȥoȥo ʋaɓereki ʋake ʋakati: Waaruka
hake, mubvunzei henyu. 24 Ȥino ʋaka-
muɗana ȥe rwecipiri, iye munhu wa-
kaŋga ari ɓofu, ʋakati kwaari: Rumbi-
dza Mŋari; isu tinoziʋa kuti munhu uyu
mutadzi. 25 Ipapo iye akapindura,
*akati*: Kana ari mutadzi ini handiziʋi;
ndinoziʋa cinhu cimŋe, kuti ndaiʋa
ɓofu, ȥino ndoʋona. 26 Ipapo ʋakati
kwaari: Wakakuiteiko? Wakaşinudza
meso ako sei? 27 Akaʋapindura, *akati*:
Ndatokuʋudzai, mukasanzwa. Munoɗa
kunzwa ȥe nemhaka yeiko? Nemi mu-
noɗa kuʋa ʋadzidzi ʋake ʋo kanhi?
28 Ʋakamutuka, ʋaciti: Iwe ndiwe
mudzidzi wake, asi isu tiri ʋadzidzi
ʋaMosesi. 29 Tinoziʋa kuti Mŋari
wakataura naMosesi; asi uyu hatiziʋi
kwaakabva. 30 *Iye* munhu akapindura,
akati kwaʋari: Nyambera cinhu ici
cinoshamisa, kuti imi hamuziʋi kwa-
anobva, kunyaŋge akaşinudza meso
aŋgu. 31 Tinoziʋa kuti Mŋari haanzwi
ʋatadzi; asi kana munhu acishumira
Mŋari, aciita kuɗa kwake, unomunzwa
iye. 32 Kubvira pakutaŋga hakuna-
kumbonzwika, kuti mumŋe wakaşi-
nudza meso omunhu, wakaɓerekwa riri
ɓofu. 33 Ɗai uyu asati ari waMŋari,
haazaigona kuita cinhu. 34 Ʋaka-
pindura, ʋakati kwaari: Iwe wakaɓe-
rekerwa kwaȥo muȥiʋi, ȥino iwe woti-
dzidzisa su? Ʋakamudziŋgira kunze.
35 Jesu akanzwa kuti ʋamudziŋgira
kunze; akati amuwana, akati kwaari:
Iwe unotenda kuMŋanakomana wa-
Mŋari here? 36 Akapindura, akati: Iye
ndianiko Ishe, kuti nditende kwaari?
37 Jesu akati kwaari: Wamuʋona, ʋuye,
ndiye unotaura newe. 38 Ipapo akati:
Ndinotenda, Ishe. Akamunamata.
39 Jesu akati: Kutoŋga ndiko kwanda-
ʋuyira panyika ino, kuti ʋasiŋgaʋoni,
ʋaʋone; naʋanoʋona ʋaʋe mapofu.
40 Aʋo ʋaʋaFarise ʋaiʋa naye, ʋaka-
ȥinzwa, ʋakati kwaari: Ko nesu ʋo tiri
mapofu here? 41 Jesu akati kwaʋari:
Ɗai maiʋa mapofu, hamuzaiʋa neȥiʋi,
asi ȥino munoti: Tinoʋona; ȥiʋi ȥenyu
ȥinoramba ȥiri'po.

*Mufananidzo womufudzi wakanaka.*

10 1 Ȥirokwaȥo, ȥirokwaȥo, ndi-
noti kwamuri: Usiŋgapindi no-
mukoʋa muɗaŋga ramakwai, asi
unokwira nokumŋe, imbava negororo.
2 Asi unopinda nomukoʋa, *ndiye* mu-
fudzi wamakwai. 3 Murindi womu-
koʋa unomuzarurira iye, makwai ano-
nzwa inzwi rake, unoɗana makwai ake
namazita awo, nokuaperekedzera kunze.
4 Kana aɓuɗisa *makwai* ake ose, unoatu-
ŋgamirira; makwai anomuteʋera, no-
kuti anoziʋa inzwi rake. 5 Asi mŋeni
haaŋgatoŋgomuteʋeri, asi anomutiza;
nokuti haaziʋi inzwi raʋaeni. 6 Jesu
akareʋa mufananidzo uyu kwaʋari, asi
haʋana-kunzwisisa, kuti ȥaakaʋataurira
ndeȥei.
7 Ȥino Jesu akati kwaʋari ȥe: Ȥiro-
kwaȥo, ȥirokwaȥo, ndinoti kwamuri:
Ndini mukoʋa wamakwai. 8 Ʋose
ʋakanditaŋgira kuʋuya, imbava nama-
kororo, asi makwai haana-kuʋanzwa.
9 Ndini mukoʋa; kana munhu apinda
neni, ucaponeswa, ucapinda, ucaɓuɗa,
ucawana mafuro. 10 Mbava inoŋgoʋuya,
kuti iɓe nokuʋuraya nokuparadza. Ini
ndakaʋuya, kuti aʋe noʋupenyu, ʋuye
aʋe nobgakawanda. 11 Ndini mufudzi

wakanaka; mufudzi wakanaka unorashira
makwai ake ʋupenyu bgake. 12 Mu-
randa, usati ari mufudzi wamakwai,
makwai asati ari ake, unoti kana aciʋona
ɓere riciʋuya, unosiya makwai, ndoku-
tiza; ɓere rinoabvuta, nokuaparadza;
13 *unotiza*, ȥaari muranda; haanehanya
namakwai. 14 Ndini mufudzi waka-
naka, ndinoziʋa *makwai* aŋgu, *nama-
kwai* aŋgu anondiziʋa ini, 15 Ɓaɓa
seȥaʋanondiziʋa, neni ndiciziʋa Ɓaɓa;
ndinorashira makwai aŋgu ʋupenyu
bgaŋgu. 16 Namamŋe makwai ndi-
nawo, asati ari eɗaŋga rino. Naiwo
ndinofanira kuʋuya nawo ʋo, acanzwa
inzwi raŋgu; ricaʋa ɓoka rimŋe, nomu-
fudzi mumŋe. 17 Saka Ɓaɓa ʋanondiɗa,
nokuti ndinorasha ʋupenyu bgaŋgu,
ndigobgutora ȥe. 18 Hakunomunhu
uŋganditorera ibgo; asi ndinobgurasha
ndimene. Ndinesimba rokubgurasha,
ʋuye ndinesimba rokubgutora ȥe. Uyu
murairo ndakaupiwa naƁaɓa ʋaŋgu.
19 Ipapo kupesana kukamuka ȥe pakati
paʋaJuda pamsoro pamashoko iwayo.
20 Ʋazhinji ʋaʋo ʋakati: Unomŋeya
wakaipa, unopeŋga; munomuterereiko?
21 Ʋamŋe ʋakati: Mashoko awa haati
ari omunhu wakaɓatwa nomŋeya waka-
ipa; ko mŋeya wakaipa uŋgagona kuşi-
nudza meso amapofu here?

*Jesu unovudza vaJuda kuti ndiye Kristu.*

22 Yaiʋa ŋguʋa yomutambo woku-
ʋandudzwa *kwetembere* paJerusare-
ma; caiʋa cando. 23 Jesu akafamba
mutembere paɓiraʋira raSoromoni.
24 Ȥino ʋaJuda ʋakamukomba, ʋakati
kwaari: Ucatiʋetsa kuşikira riniko?
Kana uri Kristu iwe, tiʋudze pacena.
25 Jesu akaʋapindura, *akati*: Ndaka-
kuʋudzai, mukasatenda. Maɓasa andi-
noita nezita raƁaɓa, ndiwo anondipupu-
rireni. 26 Asi imi hamutendi, nokuti
hamuzi ʋamakwai aŋgu. 27 Makwai
aŋgu anonzwa inzwi raŋgu; neni ndi-
noaziʋa, ʋuye anonditeʋera. 28 Ndi-
noapa ʋupenyu bgusiŋgaperi; haaŋgafi
nokusiŋgaperi, ʋuye hakunomunhu
uŋgaabvuta muruʋoko rwaŋgu. 29 Ȥa-
ndakapiwa naƁaɓa ʋaŋgu ȥikuru kune-
ȥose; hakunomunhu uŋgaabvuta muru-
ʋoko rwaƁaɓa ʋaŋgu. 30 Ini naƁaɓa
tiri ʋamŋe. 31 Ȥino ʋaJuda ʋaka-
noŋga ȥe mabge, kuti ʋamutake.
32 Jesu akaʋapindura, *akati*: Ndaka-
kuratidzai maɓasa mazhinji akanaka
akabva kunaƁaɓa; munonditakira ɓasa
ripiko kunaiwayo? 33 ƲaJuda ʋaka-
mupindura, *ʋakati*: Hatikutakiri ɓasa
rakanaka; asi *nokuti* wamhura *Mŋari*;
ʋuye, nokuti iwe munhu, unoȥiita
Mŋari. 34 Jesu akaʋapindura, *akati*:
Haȥina-kunyorwa here mumurairo we-
nyu, *ȥicinzi*: Ndakati: Muri ʋamŋari?
35 Ȥino kana akaʋaidza ʋamŋari, iʋo
shoko raMŋari rakaşika kwaʋari, (Ru-
gwaro haruŋgaputswi); 36 imi moti
seiko kunaiye wakaitwa mutşene na-
Ɓaɓa, nokutumŋa panyika: Unomhura
*Mŋari*, ȥandakati: Ndiri Mŋanakomana
waMŋari? 37 Kana ndisiŋgaiti maɓasa
aƁaɓa ʋaŋgu, regai kunditenda ini;
38 asi kana ndiciaita, kunyaŋge musi-
ŋganditendi ini, tendai maɓasa, mugo-
ziʋa nokuziʋisisa, kuti Ɓaɓa ʋari
mandiri, neni ndiri munaƁaɓa. 39 Ȥino
ʋakatşaka ȥe kumuɓata, asi iye waka-
pukunyuka pamaʋoko aʋo.

*Jesu unondogara mhiri kwaJoridani.*

40 Ȥino wakaenda ȥe mhiri kwaJo-
ridani, paya paibapatidza Johane paku-
taŋga; akagara'po. 41 Ʋazhinji ʋaka-
ʋuya kwaari, ʋakati: Johane haana-ku-
ita ciratidzo, asi ȥose ȥakareʋa Jo-
hane pamsoro poyuyu ndeȥaȥokwaɗi.
42 Ʋazhinji ʋakatenda kwaari ipapo.

*Jesu unomutsa Razaro.*

11 1 Mumŋe munhu wakaŋga
acirwara, *wainzi* Razaro weƁe-
tania, musha waMaria nomu-
koma wake Marta. 2 Ndiye Maria uya,
wakazodza Ishe namafuta, akapisika
tsoka dzake nevudzi rake; hanȥadzi
yake Razaro, wakaŋga acirwara.
3 Ȥino hanȥadzi dzake dzakatuma
*shoko* kwaari, dziciti: Ishe, tarirai uyo
unodikanwa nemi unorwara. 4 Jesu
wakati aȥinzwa, akati: Kurwara uku
hakuzi kwokufa, asi kuti Mŋari aku-
dzwe, noMŋanakomana waMŋari aku-
dzwe ʋo naȥo. 5 Jesu wakaŋga aciɗa
Marta, nomunuŋuna wake, naRazaro.
6 Ȥino wakati anzwa kuti unorwara,
akambogara mazuʋa maʋiri paakaŋga
ari. 7 Shure kwaiȥoȥo akati kuʋa-
dzidzi ʋake: Hendei ȥe Judea. 8 Ʋa-
dzidzi ʋakati kwaari: Rabi, ʋaJuda
ʋakaŋga ʋacikutşakai ikoȥino, kuti
ʋakutakei namabge; ȥino moenda ȥe
ikoko here? 9 Jesu akapindura, akati:
Ŋguʋa hadzizi gumi nembiri pazuʋa
here? Kana munhu acifamba masikati,

haagumburwi, nokuti unoʋona ciedza
cenyika ino. 10 Asi kana munhu
acifamba ʋusiku, unogumburwa, nokuti
hakuneciedza maari. 11 Ndiɀoɀo
ɀaakareʋa, akazoti kwaʋari: Razaro,
hama yeɗu, waʋata; asi ndinoenda,
kuti ndimumutse pahope. 12 Ɀino
ʋadzidzi ʋakati kwaari: Ishe, kana
aciʋata, ucanaya. 13 Jesu wakaŋga
areʋa kufa kwake, asi iʋo ʋakaŋga
ʋaciti, unoreʋa kuʋata hope. 14 Ipapo
Jesu akaʋaʋudza pacena: Razaro wafa.
15 Ndinofara nokuɗa kwenyu, kuti
ndakaŋga ndisi'po, kuti mugotenda;
asi *ɀino* hendei kwaari. 16 Ipapo
Tomasi, wainzi Didimo, akati kuna-
ʋamŋe ʋadzidzi: Hendei nesu ʋo,
kuti tindofa naye.
17 Ɀino Jesu wakati aciȿika, akamu-
wana atoʋa mubgiro mazuʋa manna.
18 Betania rakaŋga riri pedyo neJeru-
sarema, mastadia aneŋge gumi na-
mashanu*; 19 ʋazhinji ʋaʋaJuda ʋa-
kaŋga ʋaʋuya kunaMarta naMaria, kuti
ʋaʋaɓate ruʋoko pamsoro pehanɀadzi
yaʋo. 20 Ɀino Marta wakati acinzwa
kuti Jesu woʋuya, akaenda kundomu-
ciŋgamidza; asi Maria wakagara mu-
mba. 21 Marta akati kunaJesu: Ishe,
ɗai maiʋa pano, hanɀadzi yaŋgu
iŋgaɗai isina-kufa. 22 Kunyaŋge ɀino
ndinoziʋa, kuti ɀose ɀamunokumbira
kunaMŋari, Mŋari ucakupai. 23 Jesu
akati kwaari: Hanɀadzi yako icamuka
ɀe. 24 Marta akati kwaari: Ndinoziʋa
kuti ucamuka ɀe pakumuka nezuʋa
rokupedzisira. 25 Jesu akati kwaari:
Ndini kumuka noʋupenyu; unotenda
kwandiri, kunyaŋge akafa, ucararama.
26 Mumŋe nomumŋe uri mupenyu,
unotenda kwandiri, haaŋgatoŋgofi.
Unotenda iɀoɀo here? 27 Akati
kwaari: Hoŋo, Ishe, ndakatenda kuti
ndimi Kristu, Mŋanakomana waMŋari,
uyo *wainzi* unoʋuya panyika. 28 Wa-
kati areʋa iɀoɀo, akandoɗana Maria,
munuŋuna wake, akati *kwaari* ʋari
ʋoga: Mudzidzisi waȿika, unokuɗana.
29 Iye wakati aciɀinzwa, akakurumidza
kusimuka, akaenda *kwaari*. 30 (Ɀino
Jesu wakaŋga asati aȿika pamusha, asi
wakaŋga aciri paya paakaciŋgamidzwa
naMarta.) 31 Ɀino ʋaJuda, ʋakaŋga
ʋari mumba naye ʋacimuɓata ruʋoko,
ʋakati ʋaciʋona Maria acikurumidza
kusimuka aciɓuɗa, ʋakamuteʋera, ʋa-
citi, unoenda kubgiro kundocema'ko.
32 Ɀino Maria wakati aciȿika kunaJesu,
acimuʋona, akawira pasi patsoka dzake,
akati kwaari; Ishe, ɗai maiʋa pano,
hanɀadzi yaŋgu iŋgaɗai isina-kufa.
33 Ɀino Jesu wakati acimuʋona aci-
cema, naʋaJuda ʋakaŋga ʋaʋuya naye,
ʋacicema ʋo, akafa neshuŋgu mumŋeya,
akatambudzika, 34 akati: Mamuise-
piko? Ʋakati kwaari: Ishe, ʋuyai,
muʋone. 35 Jesu akacema misodzi.
36 Ipapo ʋaJuda ʋakati: Tarirai, wai-
muɗa sei! 37 Asi ʋamŋe ʋaʋo ʋakati:
Uyu wakaȿinudza meso eɓofu, haazai-
gona kudziʋisa kuti uyu munhu arege
kufa here? 38 Ipapo Jesu akafa ɀe
neshuŋgu mukati make, akaȿika pa-
bgiro. Iro raiʋa ɓako, nebge rakaŋga
riri pamsoro paro. 39 Jesu akati:
Bvisai ibge! Marta, hanɀadzi yowa-
kafa, akati kwaari: Ishe, wotonhuwa
ɀino, nokuti waʋa namazuʋa manna
okufa kwake. 40 Jesu akati kwaari:
Handina-kukuʋudza here, kuti kana
ukatenda, ucaʋona kubginya kwa-
Mŋari? 41 Ipapo ʋakabvisa ibge.
Ɀino Jesu akatarira kuɗeŋga, akati:
Ɓaɓa, ndinokuʋoŋgai, nokuti mandi-
nzwa. 42 Asi ndakaŋga ndiciziʋa, kuti
munosindinzwa ŋguʋa dzose; asi nda-
kaɀireʋa nokuɗa kwaʋazhinji ʋakandi-
komba, kuti ʋatende kuti makandituma.
43 Wakati areʋa iɀoɀo, akaɗanidzira
nenzwi guru, *akati*: Razaro, ɓuɗa!
44 Wakaŋga afa akaɓuɗa, akapombga
makumbo namaʋoko nemiceka yo-
bgiro, neciso cake cakapombga nomu-
ceka. Jesu akati kwaʋari: Mumusu-
nuŋgurei, aende.
45 Naiɀoɀo ʋazhinji ʋaʋaJuda, ʋaka-
ŋga ʋaʋuya kunaMaria, ʋakati ʋaʋona
ɀaaita, ʋakatenda kwaari. 46 Asi
ʋamŋe ʋaʋo ʋakaenda kuʋaFarise,
ʋakandoʋaʋudza ɀakaŋga ɀaitwa naJesu.
47 Naiɀoɀo ʋaprista ʋakuru naʋa-
Farise ʋakaʋuŋganidza makurukota,
ʋakati: Toɗiniko? nokuti uyu unoita
ɀiratidzo ɀizhinji. 48 Kana tikamurega
aciɗaro, ʋanhu ʋose ʋacatenda kwaari;
naʋaRoma ʋacaʋuya ʋakatitorera nɀi-
mbo yeɗu norudzi rweɗu. 49 Ɀino
mumŋe waʋo, Kayafasi, wakaŋga ari
muprista mukuru gore iro, akati kwa-
ʋari: Hamuziʋi cinhu, imi, 50 ʋuye
hamuraŋgariri kuti ɀirinani kwamuri,
kuti munhu mumŋe afire ʋanhu, rudzi
rwose rurege kufa. 51 Haana-kureʋa

* Maira dzineŋge mbiri.

iȥoȥo pacake, asi, ȥaakaŋga ari muprista
mukuru gore iro, wakaprofita kuti Jesu
waifanira kufira rudzi; 52 rusati ruri
rudzi rwoga, asi kuti aʋuŋganidze
pamŋe cete ʋana ʋaMŋari ʋakapararira.
53 Ȥino kubva pazuʋa iro ʋakaraŋgana,
kuti ʋamuʋuraye.
54 Naiȥoȥo Jesu haana-kuzofamba
pacena pakati paʋaJuda, asi waka-
bva'po, akaenda kunyika iri pedyo
nerenje, kuguta rainzi Efraimi; aka-
gara'ko naʋadzidzi ʋake. 55 Ȥino
paseka yaʋaJuda yakaŋga yaʋa pedyo,
ʋanhu ʋazhinji ʋenyika *yo* ʋakakwira
Jerusarema, paseka isati yaşika, kuti
ʋaȥinatse. 56 Ȥino ʋakatşaka Jesu,
ʋakataurirana ʋamire mutembere, *ʋa-
citi*: Munoti kuɗiniko? *Munoti* ha-
aŋgaʋuyi kumutambo here? 57 Ȥino
ʋaprista ʋakuru naʋaFarise ʋakaŋga
ʋaraira, kuti, aninani kana aciziʋa
kwaari, aʋaziʋise, kuti ʋandomuɓata.

*Maria unozodza tsoka dzaJesu namafuta.*

(Mat. 26. 6–13; Mar. 14. 3–9.)

12 1 Ȥino mazuʋa matanhatu pa-
seka icigere kuşika, Jesu waka-
şika Betania, paiʋa naRazaro,
wakaɗeya kumutswa naJesu kuʋakafa.
2 Ʋakamuitira'po cirayiro; Marta
akaʋashandira; naRazaro wakaŋga ari
mumŋe waʋakaŋga ʋagere naye paku-
dya. 3 Ȥino Maria akatora paundi
yamafuta enardo, anomuteŋgo mukuru,
akazodza tsoka dzaJesu, akapisika tsoka
dzake nevudzi rake; imba ikazadzwa
nokunhuwira kwamafuta. 4 Ipapo
mumŋe waʋadzidzi ʋake, Judasi Is-
karioti, wakaŋga acazomupandukira,
akati: 5 Mafuta awa akaregereiko kute-
ŋgeswa namadenari mazana matatu,*
akapiwa ʋarombo? 6 Asi haana-kureʋa
iȥoȥo kuri kuti wakaraŋgarira ʋarombo,
asi nokuti waiʋa mbava; waigara
necikwama, acisiɓa ȥaiiswa'mo. 7 Asi
Jesu wakati: Muregei, aȥiceŋgetere
zuʋa rokuʋigwa kwaŋgu. 8 Nokuti
ʋarombo munaʋo ŋguʋa dzose; asi ini
hamuneni ŋguʋa dzose.
9 Ȥino ʋanhu ʋazhinji-zhinji ʋokuʋa-
Juda ʋakanzwa kuti uri'po; ʋakaʋuya,
*asi* haʋana-*kuʋuya* nokuɗa kwaJesu
ɓedzi, asi kuti ʋaʋone ʋo Razaro,
waakaŋga amutsa kuʋakafa. 10 Asi
ʋaprista ʋakuru ʋakaraŋgana kuti ʋaʋu-
raye naRazaro ʋo, 11 nokuti nokuɗa
kwake ʋaJuda ʋazhinji ʋakaŋga ʋacibva
*kwaʋari*, ʋacitenda kunaJesu.

*Jesu unogamucirwa paJerusarema.*

(Mat. 21. 1–11; Mar. 11. 1–10; Ruka 19. 29–38.)

12 Ȥino aʋa maŋgwana ʋanhu ʋazhi-
nji-zhinji, ʋakaŋga ʋaʋuya kumutambo,
ʋakati ʋanzwa kuti Jesu woʋuya Jeru-
sarema, 13 ʋakatora mashizha emi-
cindwe, ʋakaɓuɗa kundomuciŋgamidza,
ʋakaɗanidzira, *ʋaciti*: Hosana! Ŋgaaru-
mbidzwe unoʋuya muzita raShe,
Mambo waʋaIsraeri. 14 Jesu akati
awana mŋana wemboŋgoro, akagara
pamsoro payo, seȥaȥakanyorwa, *ȥici-
nzi*: 15 Usatya, mukunda weZioni;
tarira Mambo wako unoʋuya, agere
pamsoro pemhuru yemboŋgoro. 16 Ʋa-
dzidzi ʋake haʋana-kunzwisisa iȥoȥi
pakutaŋga; asi Jesu wakati akudzwa,
ʋakazoraŋgarira, kuti iȥoȥo ȥakaŋga
ȥanyorwa pamsoro pake, ʋuye kuti
ʋakaŋga ʋamuitira iȥoȥo. 17 Ȥino
ʋanhu ʋazhinji ʋaiʋa naye pakuɗana
kwake Razaro kuti abve mubgiro, no-
kumumutsa kuʋakafa, ʋakapupura.
18 Saka ʋazhinji ʋakamuciŋgamidza
ʋo, nokuti ʋakaŋga ʋanzwa, kuti
wakaita ciratidzo iceco. 19 Ipapo
ʋaFarise ʋakataurirana, *ʋaciti*: Muno-
ʋona henyu kuti hamugoni cinhu;
tarirai, nyika *yose* yamuteʋera.

*Jesu unovavudza ȥorufu rwake nokukudzwa kwake.*

20 Ȥino kwaiʋa naʋamŋe ʋaGiriki
pakati paʋakaŋga ʋakwira kumutambo
kundonamata'ko; 21 iʋo ʋakaʋuya
kunaFiripo weBetsaida reGarirea, ʋa-
kakumbira kwaari, ʋaciti: Ishe, tinoɗa
kuʋona Jesu. 22 Firipo akaenda,
akandoʋudza Andreasi; Andreasi aka-
enda naFiripo, ʋakandoʋudza Jesu.
23 Jesu akaʋapindura, akati: Ŋguʋa
yaşika, kuti Mŋanakomana womunhu
akudzwe. 24 Ȥirokwaȥo, ȥirokwaȥo,
ndinoti kwamuri: Kana tsaŋga yeȥiyo
ikasawira muvu, ikafa, icagara iri yoga;
asi kana ikafa, inoɓereka ȥiɓereko
ȥizhinji. 25 Unoɗa ʋupenyu bgake,
ucarashikirwa nabgo; nounoʋeŋga ʋu-
penyu bgake panyika ino, ucabguce-
ŋgeta kuʋupenyu bgusiŋgaperi. 26 Ka-
na munhu acindishumira, ŋgaandite-
ʋere; napandineŋge ndiri, nomuranda

* Mari ineŋge pondo gumi nembiri.

waŋgu ucaʋa'po ʋo. Kana munhu
acindishumira, Бaбa ʋacamukudza.
27 Ζino mŋeya waŋgu unomanikidzwa;
ndicatiyiko? Бaбa ndiponesei paŋguʋa
ino. Asi ndiζo ζandaʋuyira paŋguʋa
ino. 28 Бaбa, kudzai zita renyu.
Ipapo inzwi rakaʋuya, ricibva kuɗeŋga,
*riciti*: Ndatorikudza, ndicarikudza ζe.
29 Ζino ʋanhu ʋazhinji, ʋakaŋga
ʋamire'po, ʋaciζinzwa, ʋakati: Kwati-
nhira. Ʋamŋe ʋakati: Mutumŋa wata-
ura naye. 30 Jesu akapindura, akati: I-
nzwi iri harina-kuʋuya nokuɗa kwaŋgu,
asi nokuɗa kwenyu. 31 Ζino kutoŋgwa
kwenyika ino kwaʋa'po, ζino mucinda
wenyika ino ucadziŋgwa. 32 Neni,
kana ndasimudzwa panyika, ndica-
kweʋera ʋose kwandiri. 33 Wakareʋa
iζoζi, aciratidza kufa, kwaaizofa nako.
34 Ζino ʋanhu ʋazhinji ʋakamupi-
ndura, *vakati*: Isu takanzwa pamurairo
kuti Kristu ucagara nokusiŋgaperi;
ζino moreʋa seiko imi, kuti Mŋana-
komana womunhu unofanira kusimu-
dzwa? Uyu Mŋanakomana womunhu
ndianiko? 35 Ipapo Jesu akati kwa-
ʋari: Ciedza cici'po pakati penyu
ciŋguʋa ciɗuku. Fambai mucine-
ciedza, kuti murege kukundwa nerima;
unofamba murima haaziʋi kwaanoenda.
36 Mucineciedza, tendai kuciedza, mu-
goitwa ʋana ʋeciedza.
Jesu wakareʋa iζoζi, akabva, akaζi-
ʋanza kwaʋari. 37 Ζino kunyaŋge
akaŋga aita ζiratidzo ζizhinji ζakaɗaro
pamberi paʋo, haʋana-kutenda kwaari;
38 kuti shoko romuprofita Isaya riitike,
raakareʋa, *aciti*:

Ishe, ndianiko wakatenda caʋa-
kanzwa kwatiri?
Noruʋoko rwaShe rwakaratidzwa
kunaniko?

39 Saka ʋakaŋga ʋasiŋgagoni kutenda,
nokuti Isaya wakati ζe:

40 Wakapofumadza meso aʋo, aka-
womesa mŋoyo yaʋo;
Kuti ʋarege kuʋona nameso aʋo,
nokunzwisisa nemŋoyo yaʋo,
Ʋadzoke,
Ndiʋaporese.

41 Isaya wakareʋa iζoζi, nokuti waka-
ʋona kubginya kwake; akamureʋa iye.
42 Asi kunyaŋge ζakaɗaro ʋazhinji
ʋaʋaбati ʋakatenda kwaari; asi ʋa-
kaŋga ʋasiŋgamureʋururi nokuɗa kwa-
ʋaFarise, kuti ʋarege kuбuɗiswa musi-
nagoge; 43 nokuti ʋakaŋga ʋaciɗa
kukudzwa naʋanhu kupfuʋura kuku-
dzwa naMŋari.
44 Ζino Jesu akaɗana, akati: Unotenda
kwandiri, haatendi kwandiri, asi kuno-
wakandituma. 45 Unondiʋona, uno-
ʋona wakandituma. 46 Ini ndakaʋuya
munyika, *ndiri* ciedza, kuti aninani
unotenda kwandiri arege kugara mu-
rima. 47 Kana munhu acinzwa ma-
shoko aŋgu, akasaaceŋgeta, handi-
mutoŋgi ini, nokuti handina-kuʋuya
kuzotoŋga nyika, asi kuti ndiponese
nyika. 48 Unondiramba, asiŋgagamu-
ciri mashoko aŋgu, uno*mumŋe*, unomu-
toŋga; shoko randakareʋa ndiro
ricamutoŋga nezuʋa rokupedzisira.
49 Nokuti handina-kureʋa pacaŋgu,
asi Бaбa, ʋakandituma, ndiʋo ʋaka-
ndipa murairo, ζandicareʋa neζandi-
cataura. 50 Ndinoziʋa kuti murairo
waʋo ndibgo ʋupenyu bgusiŋgaperi;
naiζoζi ζandinotaura, ndinotaura seζa-
ndakaʋudzwa naБaбa.

*Jesu unoshambidza tsoka dzavadzidzi vake.*

13 1 Ζino mutambo wepaseka
usati waşika, Jesu wakaziʋa
kuti ŋguʋa yake yaşika, kuti
abve munyika ino, aende kunaБaбa,
ζaakaŋga aiɗa *vanhu* ʋake ʋaiʋa mu-
nyika, wakaʋaɗa kuşikira pakuguma.
2 Ζino ʋakati ʋorayira, Diaborosi atoisa
mumŋoyo maJudasi Iskarioti, mŋana-
komana waSimoni, kuti amupandukire;
3 *Jesu* aciziʋa kuti Бaбa ʋakamupa
ζinhu ζose mumaʋoko ake, ʋuye kuti
wakabva kunaMŋari, ʋuye kuti unoenda
kunaMŋari; 4 akasimuka pakurayira,
akabvisa ŋguʋo dzake, akatora muceka,
akaζisuŋga ciʋuno. 5 Ζino akaɗira
mvura mumudziyo, akataŋga kusha-
mbidza tsoka dzaʋadzidzi ʋake, aka-
dzipisika nomuceka, waakaŋga akaζi-
suŋga nawo. 6 Akaşika kunaSimoni
Petro, iye akati kwaari: Ishe, imi mo-
shambidza tsoka dzaŋgu kanhi? 7 Jesu
akapindura, akati kwaari: Candinoita
hauciziʋi ζino; asi ucaζinzwisisa pa-
shure. 8 Petro akati kwaari: Hamu-
ŋgatoŋgoshambidzi tsoka dzaŋgu noku-
siŋgaperi. Jesu akamupindura, *akati*:
Kana ndisiŋgakushambidzi, haunomu-
goʋe neni. 9 Simoni Petro akati
kwaari: Dzirege kuʋa tsoka dzaŋgu
dzoga, asi maʋoko aŋgu nomusoro
waŋgu ʋo. 10 Jesu akati kwaari:

Wakashambidzwa *muviri* wose, uno-
fanira kwoga kuti ashambidzwe tsoka
dzake, ȥino wanaka kwaȥo; imi maka-
naka, asi hamuzi mose. 11 Nokuti
wakaŋga aciziʋa uyo waizomupandu-
kira, saka akati: Hamuna-kunaka mose.
12 Ȥino wakati ashambidza tsoka
dzaʋo, akatora ŋguʋo dzake, akagara
ȥe, akati kwaʋari: Munoziʋa ȥandaka-
kuitirai here? 13 Munondiidza Mu-
dzidzisi, ʋuye Ishe; munoreʋa ȥaka-
naka, nokuti ndini iye. 14 Ȥino kana
ini, Ishe noMudzidzisi, ndakasha-
mbidza tsoka dzenyu, nemi ʋo munofa-
nira kushambidzana tsoka dzenyu.
15 Ndakakuratidzai makwara kuti
muite imi seȥandakakuitirai ini. 16 Ȥi-
rokwaȥo, ȥirokwaȥo, ndinoti kwamuri:
Muranda haazi mukuru kunashe wake,
ʋuye wakatumŋa mukuru kunowakamu-
tuma. 17 Kana muciȥiziʋa iȥi, maka-
ropafadzwa kana muciȥiita. 18 Ha-
ndireʋi imi mose; ini ndinoziʋa
aʋo ʋandakasanaŋgura; asi kuti Ru-
gwaro ruitike, *runoti*: Unodya ciŋgwa
caŋgu, wakandisimudzira citsitsinho
cake. 19 Kubva ȥino ndinokuʋudzai
ȥisati ȥaitika, kuti kana ȥiciitwa, mugo-
tenda kuti ndini. 20 Ȥirokwaȥo, ȥiro-
kwaȥo, ndinoti kwamuri: Unogamucira
wandinotuma, unogamucireni, nouno-
ndigamucira ini, unogamucira wakandi-
tuma.

*Jesu unovavudza kuti Judasi ucamupandukira.*

(Mat. 26. 20–25; Mar. 14. 17–21; Ruka 22. 21–22.)

21 Ȥino Jesu wakati areʋa kuɗaro,
akamanikidzwa mumŋeya, akapupura,
akati: Ȥirokwaȥo, ȥirokwaȥo, ndinoti
kwamuri, mumŋe wenyu ucandipandu-
kira. 22 Ʋadzidzi ʋakatarirana, ʋasi-
ŋgaziʋi kuti wareʋa ani. 23 Ȥino
mumŋe waʋadzidzi ʋake wakaŋga aka-
sendamira pacifuʋa caJesu, waiɗikanwa
naJesu. 24 Simoni Petro akamuninira,
akati kwaari: *Ti*ʋudzei kuti ndianiko
waanoreʋa. 25 Iye akaʋata pacifuʋa
caJesu, akati kwaari: Ishe, ndianiko?
26 Ipapo Jesu akapindura, *akati*:
Ndiye wandicapa cimeɗu, kana ndaci-
seʋa. Ȥino wakati aseʋa cimeɗu,
akacitora, akapa Judasi, *mŋanakomana*
waSimoni Iskarioti. 27 Iye wakati
*agamucira* cimeɗu, Satani akapinda
maari. Ipapo Jesu akati kwaari:
Ȥaunoita, ita ucikurumidza. 28 Asi
kwakaŋga kusinomŋe kunaʋakaŋga
ʋagere naye pakudya, wakaziʋa kuti
wakareʋerei iȥoȥi kwaari. 29 Ʋamŋe
ʋakaŋga ʋaciti, Judasi ȥaaigara aneci-
kwama, kuti Jesu wakati kwaari:
Teŋga ȥatinoɗa pamutambo; kana kuti
ape ʋarombo cinhu. 30 Iye akati
agamucira cimeɗu, akaɓuɗa pakarepo;
bgakaŋga bguri ʋusiku.
31 Ȥino wakati aɓuɗa, Jesu akati:
Ȥino Mŋanakomana womunhu waku-
dzwa, naMŋari wakudzwa maari;
32 kana Mŋari akudzwa maari, Mŋari
ucamukudza *iye* maari, ucamukudza
pakarepo. 33 Ʋana ʋaɗuku, ndiciri
nemi ciŋguʋa ciɗuku; mucanditşaka,
asi seȥandakareʋa kuʋaJuda, *ndiciti*:
Pandinoenda, imi hamuŋgaʋuyi'po,
saiȥoȥo ȥino ndinoreʋa kwamuri ʋo.
34 Ndinokupai murairo mutşa, wokuti
muɗane; seȥandakakuɗai imi, nemi
muɗane ʋo saiȥoȥo. 35 Ʋose ʋacaziʋa
naiȥoȥi kuti muri ʋadzidzi ʋaŋgu, kana
munoruɗo pakati penyu. 36 Simoni
Petro akati kwaari: Ishe, munoende-
piko? Jesu akapindura, *akati*: Kwandi-
noenda, hauŋganditeʋeri ȥino; asi uca-
nditeʋera pashure. 37 Petro akati
kwaari: Ishe, handiŋgakuteʋeriyi ȥino
neiko? Ndicakufirai ini. 38 Jesu
akapindura, *akati*: Ucandifira here?
Ȥirokwaȥo, ȥirokwaȥo, ndinoti kwauri:
Joŋgwe hariŋgariri, usati wandiramba
katatu.

*Jesu unonyaradza vadzidzi vake.*

14 1 Mŋoyo yenyu irege kuma-
nikidzwa; tendai kunaMŋari,
mutende ʋo kwandiri. 2 Mu-
mba maɓaɓa ʋaŋgu munenȥimbo
zhinji dzokugara; ɗai kusaiʋa kuɗaro,
ndiŋgaɗai ndaikuʋudzai; nokuti ndi-
noenda kundokugadzirirai pokugara.
3 Kana ndaenda kundokugadzirirai
pokugara, ndinozoʋuya ȥe, ndikuga-
mucirei kwandiri; kuti apo pandiri,
nemi mugoʋa'po ʋo. 4 Napandino-
enda'po, imi munoziʋa nzira. 5 Tomasi
akati kwaari: Ishe, hatiziʋi pamunoenda;
nzira tiŋgaiziʋa seiko? 6 Jesu akati
kwaari: Ndini nzira, neȥokwaɗi, noʋu-
penyu; hapanomunhu unoʋuya kuna-
Ɓaɓa, asi nokwandiri. 7 Ɗai makaŋga
mucindiziʋa, muŋgaɗai maiziʋa ʋo
Ɓaɓa ʋaŋgu; kubva ȥino munoʋaziʋa,
makaʋaʋona. 8 Firipo akati kwaari:
Ishe, tiratidzei Ɓaɓa ȥigotiriŋgana.

9 Jesu akati kwaari: Ndakaʋa nemi
ŋguʋa refu yakaɗai, ko hauzati wandi-
ziʋa here, Firipo? Wandiʋona ini,
waʋona Ɓaɓa; ȥino unoreʋa seiko,
*uciti*: Tiratidzei Ɓaɓa? 10 Hautendi
here kuti ndiri munaƁaɓa naƁaɓa ʋari
mandiri? Mashoko andinoreʋa kwa-
muri, handiareʋi pacaŋgu; asi Ɓaɓa,
ʋanogara mandiri, ndiʋo ʋanoita ma-
ɓasa aʋo. 11 Nditendei kuti ndiri mu-
naƁaɓa, naƁaɓa ʋari mandiri; kana kusi
kuɗaro, nditendei nokuɗa kwamaɓasa
amene. 12 Ȥirokwaȥo, ȥirokwaȥo,
ndinoti kwamuri: Unotenda kwandiri,
maɓasa andinoita, iye ucaaita ʋo,
ucaita makuru kunawawa; nokuti ndi-
noenda kunaƁaɓa. 13 Cinhu cipi
necipi camunokumbira muzita raŋgu,
ndicaciita, kuti Ɓaɓa ʋakudzwe mu-
Mŋanakomana. 14 Kana muciku-
mbira cinhu kwandiri muzita raŋgu,
ndicaciita. 15 Kana mucindiɗa, muca-
ceŋgeta mirairo yaŋgu. 16 Neni ndica-
kumbira Ɓaɓa, ʋacakupai mumŋe
Munyaradzi, kuti agare nemi nokusi-
ŋgaperi; 17 *ndiye* Mŋeya waȥokwaɗi;
nyika haigoni kumugamucira, nokuti
haimuʋoni, kana kumuziʋa; imi muno-
muziʋa, nokuti ugere nemi, ucaʋa
mukati menyu. 18 Handiŋgakusiyi
muri nherera; ndinoʋuya kwamuri.
19 Kucineŋguʋa ɗuku, nyika haicazo-
ndiʋoni; asi imi munondiʋona, nokuti
ini ndiri mupenyu, nemi ʋo mucaʋa
ʋapenyu. 20 Nezuʋa iro mucandiziʋa,
kuti ndiri munaƁaɓa, nemi mandiri,
neni mamuri. 21 Unemirairo yaŋgu,
akaiceŋgeta, ndiye unondiɗa; unondiɗa
ucaɗikanwa naƁaɓa ʋaŋgu; neni ndi-
camuɗa ʋo, ndicaȥiratidza kwaari.
22 Judasi (usati ari iye Iskarioti) akati
kwaari: Ishe, ndokuɗiniko kuti muca-
ȥiratidza kwatiri, musiŋgaȥiratidzi ku-
nyika? 23 Jesu akapindura, akati
kwaari: Kana munhu acindiɗa, ucace-
ŋgeta shoko raŋgu; naƁaɓa ʋaŋgu
ʋacamuɗa, ticaʋuya kwaari, tikaita
ʋugaro bgeɗu maari. 24 Usiŋgandiɗi,
haaceŋgeti mashoko aŋgu; shoko ramu-
nonzwa, harizi raŋgu, asi nderaƁaɓa
ʋakandituma.
25 Ȥinhu iȥoȥi ndakakuʋudzai ndici-
gere nemi. 26 Asi Munyaradzi, Mŋeya
Mutşene, ucatumŋa naƁaɓa muzita
raŋgu, iye ucakudzidzisai ȥose, nokuku-
yeʋudzirai ȥose, ȥandakareʋa kwamuri.
27 Ndinokusiyirai rugare; ndinokupai
rugare rwaŋgu; handikupiyi sokupa
kwenyika. Mŋoyo yenyu irege kuma-
nikidzwa, irege kutya. 28 Makanzwa
kuti ndakati kwamuri: Ndinoenda,
ndigodzokera ȥe kwamuri. Ɗai mai-
ndiɗa, muŋgaɗai maifara, nokuti ndi-
noenda kunaƁaɓa; nokuti Ɓaɓa ʋakuru
kwandiri. 29 Ȥino ndakuʋudzai ȥisati
ȥaitika, kuti musi waȥinoitika mugo-
tenda. 30 Handicazotauri ȥizhinji
nemi, nokuti mucinda wenyika uno-
ʋuya; asi haanecinhu kwandiri; 31 asi
*iȥi ȥinoitika* kuti nyika iziʋe kuti
ndinoɗa Ɓaɓa, ʋuye kuti seȥandaka-
rairwa naƁaɓa, ndiȥo ȥandinoita. Simu-
kai, ŋgatibve pano.

*Muzambiriŋga namataʋi.*

15 1 Ndini muzambiriŋga waȥo-
kwaɗi, Ɓaɓa ʋaŋgu murimi.
2 Ɗaʋi rimŋe nerimŋe riri
mandiri, risiŋgaɓereki ȥiɓereko, ʋano-
ribvisa; rimŋe nerimŋe, rinoɓereka
ȥiɓereko, ʋanorinatsa, kuti riwedzere
ȥiɓereko. 3 Imi matonatswa neshoko
randakareʋa kwamuri. 4 Garai ma-
ndiri, neni mamuri. Seɗaʋi risi-
ŋgagoni kuɓereka ȥiɓereko roga, kana
risiŋgagari mumuzambiriŋga; saiȥoȥo
nemi ʋo, kana musiŋgagari mandiri.
5 Ini ndiri muzambiriŋga, imi muri
mataʋi. Unogara mandiri, neni maari,
ndiye unoɓereka ȥiɓereko ȥakawanda;
nokuti kunze kwaŋgu hamugoni kuita
cinhu. 6 Kana munhu asiŋgagari
mandiri, unorashwa kunze seɗaʋi,
ndokuwoma; ʋanoaʋuŋganidza, ndo-
kuakandira mumŋoto, atşe. 7 Kana
mucigara mandiri, namashoko aŋgu
acigara mamuri, kumbirai ȥamunoɗa,
mucaȥiitirwa. 8 Ɓaɓa ʋaŋgu ʋano-
kudzwa naiȥoȥi, kuti muɓereke ȥiɓe-
reko ȥakawanda; ʋuye mucaʋa ʋa-
dzidzi ʋaŋgu. 9 Ɓaɓa seȥaʋakandiɗa,
neni ndakakuɗai; garai muruɗo rwa-
ŋgu. 10 Kana muciceŋgeta mirairo ya-
ŋgu, mucagara muruɗo rwaŋgu, seni
ndaiceŋgeta mirairo yaƁaɓa ʋaŋgu,
ndicigara muruɗo rwaʋo. 11 Ȥinhu
iȥoȥi ndakaȥitaura kwamuri, kuti mu-
faro waŋgu ugare mamuri, nomufaro
wenyu uzadzike. 12 Uyu ndiwo mu-
rairo waŋgu, kuti muɗane, seni ndaka-
kuɗai imi. 13 Hakunomunhu unoruɗo
rukuru kunourwu, kuti munhu arashire
hama dzake ʋupenyu bgake. 14 Im
muri hama dzaŋgu, kana muciita

ȥandinokurairai ini. 15 Handicaku-
idziyi ʋaranda; nokuti muranda haaziʋi
ȥinoitwa nashe wake; asi ndinoku-
idzai hama; nokuti ȥose ȥandakanzwa
kunaƁaɓa ʋaŋgu, ndakakuziʋisai iȥo.
16 Imi hamuna-kundisanaŋgura, asi
ini ndakakusanaŋgurai imi, ndikakuisai
kuti muende muɓereke ȥiɓereko, ʋuye
kuti ȥiɓereko ȥenyu ȥigare; kuti cinhu
cipi necipi camuneŋge mucikumbira
kunaƁaɓa muzita raŋgu, ʋakupei ico.
17 Ndiȥoȥi ȥandinokurairai, kuti mu-
ɗane. 18 Kana nyika icikuʋeŋgai,
muziʋe kuti yakandiʋeŋga ini, isati
yakuʋeŋgai imi. 19 Kana maiʋa
ʋenyika, nyika yaiɗa ʋayo; ȥino ȥamu-
sati muri ʋenyika, asi ini ndakakusa-
naŋgurai panyika, saka nyika inokuʋe-
ŋgai. 20 Raŋgarirai shoko randakareʋa
kwamuri, *ndiciti*: Muranda haazi mu-
kuru kunashe wake. Kana ʋakandi-
tambudza ini, ʋacakutambudzai nemi
ʋo; kana ʋakaceŋgeta shoko raŋgu,
ʋacaceŋgeta nerenyu ʋo. 21 Asi iȥi
ȥose ʋacakuitirai nokuɗa kwezita raŋgu,
nokuti haʋaziʋi wakandituma. 22 Ɗai
ndisina-kuʋuya, ndikataura naʋo, ʋa-
ŋgaɗai ʋasineȥiʋi; asi ȥino haʋane-
pembedzo yeȥiʋi ȥaʋo. 23 Unondi-
ʋeŋga, unoʋeŋga naƁaɓa ʋaŋgu ʋo.
24 Ɗai ndisina-kuita pakati paʋo ma-
ɓasa asina-kumboitwa nomumŋe mu-
nhu, ʋaŋgaɗai ʋasineȥiʋi; asi ȥino ʋaka-
ʋona, nokundiʋeŋga ini naƁaɓa ʋaŋgu.
25 Asi *ȥakaitwa*, kuti shoko rakanyorwa
pamurairo waʋo, riitike, *rinoti*: Ʋaka-
ndiʋeŋga ndisinemhoşa. 26 Kana
Munyaradzi aʋuya, wandicatuma kwa-
muri, acibva kunaƁaɓa, iye Mŋeya
waȥokwaɗi, unoɓuɗa kunaƁaɓa, ucandi-
pupurira. 27 Nemi ʋo pupurai, nokuti
maiʋa neni kubva pakutaŋga.

### *Jesu unoʋaʋudza ȥoMŋeya Mutşene nokuʋuya kwake.*

16 1 Ȥinhu iȥi ndakakuʋudzai,
kuti murege kugumburwa.
2 Ʋacakuɓuɗisai mumasina-
goge; asi ŋguʋa inoşika, mumŋe no-
mumŋe wakakuʋurayai, ucati unoɓatira
Mŋari ɓasa. 3 Ȥinhu iȥi ʋacaita,
nokuti haʋana-kuziʋa Ɓaɓa, kana ini.
4 Asi ndakakuʋudzai iȥi, kuti kana
ŋguʋa yaȥo yaşika, mugoȥiraŋgarira,
kuti ndakakuʋudzai. Handina-kuku-
ʋudzai iȥi kubva pakutaŋga, nokuti
ndaiʋa nemi. 5 Asi ȥino ndinoenda
kunowakandituma; hakunomumŋe we-
nyu unondibvunza, *aciti*: Munoende-
piko? 6 Asi ȥino mŋoyo yenyu yafa
neshuŋgu ȥandakakuʋudzai iȥi. 7 Asi
ini ndinokuʋudzai ȥokwaɗi, *kana ndi-
citi*: Ȥirinani kwamuri, kuti ndiende,
nokuti kana ndisiŋgaendi, Munyaradzi
haaŋgaʋuyi kwamuri; asi kana ndi-
kaenda, ndicamutumira kwamuri.
8 Iye kana aşika, ucaziʋisa nyika
pamsoro peȥiʋi, napamsoro pokuru-
rama, napamsoro pokutoŋgwa; 9 pa-
msoro peȥiʋi, nokuti haʋatendi kwa-
ndiri; 10 pamsoro pokururama, nokuti
ndinoenda kunaƁaɓa, hamuŋgazondi-
ʋoni; 11 pamsoro pokutoŋgwa, nokuti
mucinda wenyika ino watoŋgwa.
12 Ndineȥizhinji ȥandinoɗa kukuʋu-
dzai; asi hamugoni kuȥigamucira ȥino.
13 Asi kana aşika, iye Mŋeya waȥo-
kwaɗi, ucakutuŋgamirirai muȥokwaɗi
yose; nokuti haaŋgatauri ȥake, asi
ȥaakanzwa, ndiȥo ȥaacataura, ʋuye
ucakuparidzirai ȥinoʋuya. 14 Ucandi-
kudza, nokuti ucatora paneȥaŋgu,
akakuparidzai *iȥo*. 15 Ȥose Ɓaɓa ȥaʋa-
naȥo, ndeȥaŋgu; naiȥoȥo ndakati: Uca-
tora paneȥaŋgu, akakuparidzai *iȥo*.
16 Ciŋguʋa ciɗuku casara, hamucazo-
ndiʋoni; ʋuye ȥe ciŋguʋa ciɗuku, mu-
candiʋona. 17 Ȥino ʋamŋe ʋaʋadzidzi
ʋake ʋakataurirana, ʋaciti: Cinyiko ici
caanoreʋa kwatiri, kuti: Ciŋguʋa ciɗuku
casara, hamucazondiʋoni; ʋuye ȥe, ci-
ŋguʋa ciɗuku, mucandiʋona, ʋuye: No-
kuti ndinoenda kunaƁaɓa? 18 Naiȥoȥo
ʋakati: Cinyiko caanoti: Casara ciŋguʋa
ciɗuku? Hatiziʋi caanotaura. 19 Jesu
akaziʋa kuti ʋanoɗa kumubvunza, akati
kwaʋari: Munobvunzana here pamsoro
pecinhu ici candareʋa, *ndiciti*: Casara
ciŋguʋa ciɗuku, hamucazondiʋoni; ʋuye
ȥe, ciŋguʋa ciɗuku, mucandiʋona?
20 Ȥirokwaȥo, ȥirokwaȥo, ndinoti kwa-
muri: Mucarira nokucema imi, asi nyika
icafara; imi mucanzwa shuŋgu, asi
shuŋgu dzenyu dzicashanduka mufaro.
21 Mukadzi kana acipona, unonzwa
shuŋgu, nokuti ŋguʋa yake yaşika; asi
kana apona mŋana, haacafuŋgi kuta-
mbudzika, nokufara kwake nokuti mu-
nhu waponerwa panyika. 22 Nemi
ȥino muneshuŋgu; asi ndicakuʋonai
ȥe, nomŋoyo yenyu icafara; hakuno-
munhu uŋgakutorerai mufaro wenyu.
23 Nezuʋa iro hamuŋgazondibvunzi
cinhu. Ȥirokwaȥo, ȥirokwaȥo, ndinot

kwamuri: Ȥose ȥamuneŋge mucaku-
mbira kunaƁaɓa, ʋacakupai iȥo muzita
raŋgu. 24 Kuşikira ȥino hamuna-kuku-
mbira cinhu muzita raŋgu; kumbirai,
mucapiwa, mufaro wenyu uzadzike.
25 Iȥi ndakataura kwamuri nemi-
fananidzo, ŋguʋa inoʋuya yandisi-
ŋgazotauri kwamuri nemifananidzo;
asi ndicakuparidzirai pacena ȥaƁaɓa.
26 Nezuʋa iro mucakumbira muzi-
ta raŋgu; handikuʋudziyi, kuti ndica-
kunyeŋgeterera ini kunaƁaɓa; 27 no-
kuti Ɓaɓa ʋamene ʋanokuɗai, nokuti
makandiɗa ini, mukatenda, kuti
ini ndakabva kunaƁaɓa. 28 Nda-
kabva kunaƁaɓa, ndikaʋuya panyika;
ndinobva ȥe panyika, ndicienda kuna-
Ɓaɓa. 29 Ʋadzidzi ʋake ʋakati:
Tarirai, ȥino motaura pacena, hamu-
careʋi nemifananidzo. 30 Ȥino toziʋa,
kuti munoziʋa ȥose, hamutşaki kuti
munhu akubvunzei; tinotenda naiȥoȥi
kuti makabva kunaMŋari. 31 Jesu
akaʋapindura, *akati:* Motenda ȥino
here? 32 Tarirai, ŋguʋa inoʋuya,
yatoşika, yamucaparadzirwa, mumŋe
nomumŋe kuneȥake, mukandisiya ndiri
ndoga; asi handizi ndoga, nokuti Ɓaɓa
ʋaneni. 33 Ndakareʋa iȥoȥi kwamuri,
kuti muʋe norugare mandiri. Panyika
munotambudzika; asi tsuŋgai mŋoyo,
ini ndakakunda nyika.

*Munyeŋgetero mukuru waJesu.*

**17** 1 Jesu wakataura iȥoȥi, aka-
tarira kuɗeŋga, akati: Ɓaɓa,
ŋguʋa yaşika; kudzai Mŋana-
komana wenyu, kuti Mŋanakomana
akukudzei imi, 2 seȥamakamupa simba
pamsoro penyama yose, kuti ʋose
ʋamakamupa, aʋape ʋupenyu bgusi-
ŋgaperi. 3 Ʋupenyu bgusiŋgaperi
ndibgo, kuti ʋakuziʋei imi, Mŋari uri
woga waȥokwaɗi, naJesu Kristu, wama-
katuma. 4 Ndakakukudzai panyika,
ndapedza ɓasa ramakandipa kuti ndi-
riite. 5 Ȥino imi Ɓaɓa, mundikudzei
pamberi penyu nokukudzwa kwandaiʋa
nako kwamuri, nyika isati yaʋa'po.
6 Ndakaratidza ʋanhu, ʋamakandipa
panyika, zita renyu. Ʋakaŋga ʋari
ʋenyu, mukandipa iʋo, ʋakaceŋgeta
shoko renyu. 7 Ȥino ʋanoziʋa kuti
ȥose-ȥose, ȥamakandipa, ȥinobva kwa-
muri. 8 Nokuti ndakaʋapa mashoko
amakandipa, ʋakaagamucira, ʋakaziʋa
ȥirokwaȥo kuti ndakabva kwamuri,
ʋakatenda kuti ndakatumŋa nemi
9 Ndinoʋanyeŋgeterera iʋo; handinye-
ŋgetereri nyika, asi aʋo ʋamakandipa,
nokuti ndiʋo ʋenyu. 10 Ȥose ȥaŋgu
ndeȥenyu, neȥenyu ndeȥaŋgu; nda-
kudzwa maʋari. 11 Ini handiciri
munyika, asi iʋo ʋari munyika; ini
ndinoʋuya kwamuri. Ɓaɓa ʋatşene,
muʋaceŋgete muzita renyu, ramaka-
ndipa, kuti ʋaʋe ʋamŋe, sesu. 12 Ndi-
ciri naʋo, ini ndaiʋaceŋgeta muzita re-
nyu, ramakandipa; ndakaʋarinda, hapa-
nomumŋe waʋo wakarashika, asi mŋa-
nakomana wokurashwa, kuti Rugwaro
ruitike. 13 Asi ȥino ndoʋuya kwamuri;
ndinotaura iȥi panyika, kuti ʋaʋe no-
mufaro waŋgu, wakazadzika maʋari.
14 Ini ndakaʋapa shoko renyu, nyika
ikaʋaʋeŋga, nokuti haʋazi ʋenyika,
seni ndisi wenyika. 15 Handinye-
ŋgeteri kuti muʋabvise panyika, asi
kuti muʋaceŋgete panowakaipa. 16 Ha-
ʋazi ʋenyika, seni ndisi wenyika.
17 Muʋaite ʋatşene muȥokwaɗi; shoko
renyu iȥokwaɗi. 18 Seȥamakandituma
panyika imi, saiȥoȥo neni ndakaʋatuma
panyika. 19 Ndinoȥiita mutşene no-
kuɗa kwaʋo, kuti naiʋo ʋaitwe ʋatşene
muȥokwaɗi. 20 Handinyeŋgetereri aʋa
ɓedzi, asi naiʋo ʋanotenda ʋo kwandiri
neshoko raʋo, 21 kuti ʋose ʋaʋe
ʋamŋe; semi Ɓaɓa muri mandiri, ne-
ni mamuri; kuti naiʋo ʋaʋe matiri,
kuti nyika itende kuti makandituma.
22 Neni ndakaʋapa kubginya kwama-
kandipa; kuti ʋaʋe ʋamŋe, sesu tiri
ʋamŋe; 23 ini maʋari, nemi mandiri,
ʋakwaniswe kuʋa ʋamŋe; kuti nyika
iziʋe kuti makandituma, ʋuye kuti
makaʋaɗa, seȥamakandiɗa ini. 24 Ɓa-
ɓa, ndinoɗa kuti aʋo ʋamakandipa,
ʋaʋe ʋo neni apo pandiri, kuti ʋaʋone
kubginya kwaŋgu, kwamakandipa, no-
kuti makandiɗa nyika isati yaʋambga.
25 Ɓaɓa ʋakarurama, nyika haina-
kukuziʋai; asi ini ndakakuziʋai; naiʋaʋa
ʋakaziʋa kuti makandituma. 26 Ndaka-
ʋaziʋisa zita renyu, ʋuye ndicariziʋisa,
kuti ruɗo, rwamakandiɗa narwo, ruʋe
maʋari, neni *ndiʋe* maʋari.

*Kusuŋgwa kwaJesu.*

(Mat. **26.** 47–56; Mar. **14.** 43–50;
Ruka **22.** 47–53.)

**18** 1 Jesu wakati areʋa iȥoȥo,
akaɓuɗa naʋadzidzi ʋake, aka-
enda mhiri kworukoʋa runonzi

Kedroni, paiʋa nomunda, akapinda
mauri, iye naʋadzidzi ʋake. 2 Ȥino
Judasi, wakamupandukira, wakaŋga
aciziʋa ʋo nȥimbo iyo; nokuti Jesu
kazhinji waiʋuŋgana'po naʋadzidzi
ʋake. 3 Naiȥoȥo Judasi akatora ɓoka
raʋarwi, naʋatariri, ʋaibva kuʋaprista
ʋakuru naʋaFarise, akaenda'po ne-
mŋenje namazhenje, neȥokurwa naȥo.
4 Ȥino Jesu, ȥaakaŋga aciziʋa ȥose
ȥaifanira kumuwira, akaɓuɗa, akati
kwaʋari: Munotşaka aniko? 5 Ʋaka-
mupindura, *ʋakati*: Jesu weNazareta.
Jesu akati kwaʋari: Ndini. NaJudasi,
wakamupandukira, wakaŋga amire ʋo
naʋo. 6 Ȥino wakati areʋa kwaʋari,
aciti: Ndini, ʋakasuɗurukira shure,
ʋakawira pasi. 7 Ȥino akaʋabvunza ȥe,
aciti: Munotşaka aniko? Ʋakati: Jesu
weNazareta. 8 Jesu akapindura,
*akati*: Ndakuʋudzai, kuti ndini. Kana
mucinditşaka ini, regai aʋa ʋaende;
9 kuti shoko, raakareʋa, riitike, rokuti:
Handina-kurashikirwa nomumŋe kuna-
iʋaʋo ʋamakandipa. 10 Ȥino Simoni
Petro, wakaŋga anomunondo, akau-
vomora, akatema muranda womuprista
mukuru, akamugura nzeʋe yorudyi.
Zita romuranda uyo rainzi Markosi.
11 Ȥino Jesu akati kunaPetro: Isa
munondo wako mumuhara; mukombe
wandakapiwa naɓaɓa, handiŋgaunwi
here?

*Jesu unoiswa kunaAnasi.*

(Mat. **26**. 57–68; Mar. **14**. 53–65; Ruka **22**. 63–71.)

12 Ȥino ɓoka raʋarwi, nomukuru
wecuru cezana, naʋatariri ʋaʋaJuda
ʋakaɓata Jesu, ʋakamusuŋga, 13 ʋa-
kataŋga kumuisa kunaAnasi; nokuti
wakaŋga ari mukarabga waKayafasi,
waiʋa muprista mukuru gore iro.
14 Ȥino Kayafasi ndiye wakaŋga apa
ʋaJuda zano, kuti ȥirinani kuti munhu
mumŋe afire ʋanhu.

*Kuramba kwaPetro.*

(Mat. **26**. 69–75; Mar. **14**. 66–72; Ruka **22**. 54–62; Joh. **18**. 25–27.)

15 Ȥino Simoni Petro wakaŋga aci-
teʋera Jesu, nomumŋe mudzidzi ʋo.
Mudzidzi uyu waizikanwa nomuprista
mukuru, akapinda naJesu muruʋazhe
rwomuprista mukuru. 16 Asi Petro
wakaŋga amire panze pamukoʋa.
Ȥino uya mumŋe mudzidzi, waizi-
kanwa nomuprista mukuru, akaɓuɗa,
akataura nomurindi womukoʋa, aka-
pinza Petro. 17 Ȥino musikana, wairi-
nda mukoʋa, akati kunaPetro: Newe
ʋo uri mumŋe waʋadzidzi ʋomunhu
uyu here? Akati: Handizati. 18 Ȥino
ʋaranda naʋatariri ʋakaŋga ʋamire'po,
ʋamboʋesa mŋoto wamazimbe, nokuti
kwaitonhora; ʋakadziya *mŋoto*. Na-
Petro akamira ʋo naʋo acidziya *mŋoto*.
19 Ȥino muprista mukuru akabvunza
Jesu ȥaʋadzidzi ʋake, neȥokudzidzisa
kwake. 20 Jesu akamupindura, *akati*:
Ndaitaura pacena kunyika; ndaidzi-
dzisa ŋguʋa dzose mumasinagoge
nomutembere, panoʋuŋgana ʋaJuda
ʋose; handina-kureʋa cinhu pakaʋanda.
21 Munondibvunzireiko ini? Bvu-
nzai aʋa ʋainzwa ȥandaitaura kwaʋari;
tarirai, aʋa ʋanoziʋa ȥandaireʋa.
22 Wakati areʋa iȥoȥo, mumŋe waʋa-
tariri, wakaŋga amire'po, akaroʋa Jesu
noruʋoko, aciti: Unopindura muprista
mukuru ucidaro nhai? 23 Jesu aka-
mupindura, *akati*: Kana ndareʋa ȥa-
kaipa, pupura kuti ȥakaipa ndeȥipi;
kana *ndareva* ȥakanaka, wagondiro-
ʋereiko? 24 Ȥino Anasi akamutumira
akasuŋgwa kunaKayafasi, muprista
mukuru.
25 Ȥino Simoni Petro wakaŋga ami-
re'po, acidziya mŋoto. Ʋakati kwaari:
Newe ʋo uri mumŋe waʋadzidzi ʋake
here? Akaramba, akati: Handizati.
26 Mumŋe muranda womuprista mu-
kuru, hama yowakaŋga agurwa nzeʋe
naPetro, akati: Ini handina-kukuʋona
unaye mumunda here? 27 Petro aka-
ramba ȥe. Pakarepo joŋgwe rikarira.

*Jesu pamberi paPirato.*

(Mat. **27**. 1, 2, 11–31; Mar. **15**. 1–20; Ruka **23**. 1–25.)

28 Ȥino ʋakabva kunaKayafasi, ʋa-
kaenda naJesu kuimba yomuɓati; aiʋa
maŋgwanani. Asi iʋo haʋana-kupinda
mumba momuɓati, kuti ʋarege kuşiɓi-
swa, kuti ʋagodya paseka. 29 Ipapo
Pirato akaɓuɗira kwaʋari, akati: Mu-
noti, munhu uyu unemhoşa yeiko?
30 Ʋakapindura, ʋakati kwaari: Ɗai
munhu uyu asaiʋa mutadzi, tiŋgaɗai
tisina-kumuisa kwamuri. 31 Ȥino
Pirato akati kwaʋari: Cimutorai imi,
mumutoŋge nomurairo wenyu. Ʋa-
Juda ʋakati kwaari: Hatina-kutenderwa
isu kuti tiʋuraye munhu; 32 kuti
shoko raJesu raakareʋa riitike, aci-
ɗudzira kufa kwaaifanira kufa nako.

33 Ȥino Pirato akapinda ȥe mumba
momuɓati, akaɗana Jesu, akati kwa-
ari: Ndiwe mambo waʋaJuda here?
34 Jesu akapindura, *akati*: Unoȥireʋa
iȥi pacako here, kana waȥiʋudzwa
naʋamŋe pamsoro paŋgu? 35 Pirato
akapindura, *akati*: Ini ndiri muJuda
su? Rudzi rwako naʋaprista ʋakuru
ʋakakuisa kwandiri; waiteiko? 36 Jesu
akapindura, *akati*: Ʋushe bgaŋgu ha-
bguzi bgenyika ino; ɗai ʋushe bgaŋgu
bgaiʋa bgenyika ino, ʋaranda ʋaŋgu
ʋaŋgaɗai ʋairwa, kuti ndirege kuiswa
kuʋaJuda; asi ȥino ʋushe bgaŋgu
habguzi bgapano. 37 Ipapo Pirato
akati kwaari: Iwe uri mambo su?
Jesu akapindura, *akati*: Unoreʋa iwe
kuti ndiri mambo. Ndakaɓerekerwa
iȥo, ndakaʋuyira iȥoȥo panyika, kuti
ndipupure ȥokwaɗi. Mumŋe nomumŋe
weȥokwaɗi unonzwa inzwi raŋgu.
38 Pirato akati kwaari: Ȥokwaɗi ci-
nyiko?

Akati areʋa iȥoȥo, akaɓuɗira ȥe kuʋa-
Juda, akati kwaʋari: Ini handiwani
mhoṣa kwaari. 39 Asi imi munetsika
kuti ndikusunuŋgurirei mumŋe nepa-
seka; ȥino munoɗa kuti ndikusunu-
ŋgurirei mambo waʋaJuda here?
40 Ipapo ʋakaɗanidzira ʋose, ʋaciti:
Munhu uyu kwete, asi Barabasi! Ȥino
Barabasi wakaŋga ari gororo.

**19** 1 Ȥino Pirato wakatora Jesu,
akamuroʋesa. 2 Ʋarwi ʋaka-
ruka korona yeminzwa, ʋakaiisa
pamusoro wake, ʋakamupfekedza ŋguʋo
tṣuku, 3 ʋakaʋuya kwaari, ʋaciti:
Kwaziwai, Mambo waʋaJuda! Ʋaka-
muroʋa namaʋoko. 4 Ipapo Pirato
akaɓuɗa ȥe, akati kwaʋari: Tarirai,
ndamuɓuɗisira kwamuri, muziʋe kuti
handiwani mhoṣa kwaari. 5 Jesu aka-
ɓuɗa, akadzika korona yeminzwa,
aneŋguʋo tṣuku. *Pirato* akati kwaʋari:
Tarirai munhu! 6 Ȥino ʋaprista ʋa-
kuru naʋatariri ʋakati ʋacimuʋona,
ʋakaɗanidzira, ʋaciti: Roʋerai pamuci-
njikwa, roʋerai pamucinjikwa! Pirato
akati kwaʋari: Cimutorai imi, mumu-
roʋerei pamucinjikwa; nokuti ini
handiwani mhoṣa kwaari. 7 ƲaJuda
ʋakamupindura, *ʋakati*: Isu tinomu-
rairo, ȥino nomurairo *wedu* unofanira
kufa, nokuti wakaȥiita Mŋanakomana
waMŋari. 8 Ȥino Pirato wakati anzwa
shoko iri, akanyanya kutya. 9 Aka-
pinda ȥe mumba momuɓati, akati
kunaJesu: Uri wepiko? Asi Jesu
haana-kumupindura. 10 Ipapo Pirato
akati kwaari: Hautauri neni here?
Hauziʋi su kuti ndinesimba rokuku-
sunuŋgura, nesimba rokukuroʋera pa-
mucinjikwa? 11 Jesu akamupindura,
*akati*: Hauŋgatoŋgoʋi nesimba pamsoro
paŋgu, kana usina-kuripiwa *ricibva*
kumsoro; naiȥoȥo wakandiisa kwauri,
uneȥiʋi ȥinokunda *ȥako*. 12 Ȥino
Pirato akatṣaka kumusunuŋgura; asi
ʋaJuda ʋakaɗanidzira, ʋaciti: Kana
mukasunuŋgura munhu uyu, hamuzi
shamŋari yaKesari; mumŋe nomumŋe,
unoȥiita mambo, unoramba Kesari.
13 Ȥino Pirato wakati anzwa mashoko
iwayo, akaɓuɗisa Jesu, akagara pacigaro
cokutoŋga, panȥimbo yainzi Pakaro-
ŋgwa naMabge, asi neciHeberu Gabata.
14 Ȥino wakaŋga uri *musi wo*Kuga-
dzirira paseka; yaiʋa ŋguʋa ineŋge
yecitanhatu. Akati kuʋaJuda: Tarirai
Mambo wenyu! 15 Iʋo ʋakaɗani-
dzira, *ʋaciti*: Bvisai, bvisai, mumuro-
ʋere pamucinjikwa! Pirato akati
kwaʋari: Ndoroʋera Mambo wenyu
pamucinjikwa here? Ʋaprista ʋakuru
ʋakapindura, *ʋaciti*: Hatinamambo, asi
Kesari cete. 16 Ipapo akamuisa kwa-
ʋari, kuti aroʋerwe pamucinjikwa.

*Jesu unoroʋerwa pamucinjikwa.*

(Mat. 27. 32–56; Mar. 15. 21–41;
Ruka 23. 26–49.)

Ȥino ʋakaenda naJesu; 17 akaɓuɗa,
acitakura mucinjikwa wake, *akaenda*
kunȥimbo yainzi, ɗehenya, neciHeberu
icinzi Gorgota, 18 paʋakamuroʋera
pamucinjikwa, naʋamŋe ʋaʋiri naye,
mumŋe kunorumŋe rutiʋi, mumŋe ku-
norumŋe rutiʋi, Jesu pakati. 19 Pirato
akanyora ʋo rugwaro, akaruisa pamu-
cinjikwa; kwakaŋga kwakanyorwa, *ku-*
*cinzi*: JESU WENAZARETA, MA-
MBO WAƲAJUDA. 20 Ȥino ʋaJuda
ʋazhinji ʋakaraʋa rugwaro urwo; nokuti
nȥimbo iyo pakaŋga pakaroʋerwa Jesu
pamucinjikwa, yaiʋa pedyo neguta;
rwakaŋga rwakanyorwa neciHeberu,
neciRoma, neciGiriki. 21 Ipapo ʋa-
prista ʋakuru ʋaʋaJuda ʋakati kuna-
Pirato: Musanyora muciti: Mambo
waʋaJuda, asi kuti, Iye wakati: Ndiri
mambo waʋaJuda. 22 Pirato akapi-
ndura, *akati*: Ȥandanyora, ndanyora.
23 Ȥino ʋarwi ʋakati ʋaroʋera Jesu

pamucinjikwa, ʋakatora ŋguʋo dzake,
ʋakaita migoʋe minna, murwi mumŋe
nomumŋe mugoʋe *wake*; neŋguʋo
yapasi ʋo. Ȥino ŋguʋo *iyi* yakaŋga
isina-pakasonwa, asi yakaŋga yaka-
rukwa yose kubva kumsoro *kwayo*.
24 Ȥino ʋakataurirana, *vaciti*: Ŋgati-
rege kuibvarura, asi tikande mijenya
pamsoro payo, *tivone* kuti icaʋa yani;
kuti Rugwaro ruitike, runoti:

Ʋakagoʋana ŋguʋo dzaŋgu pakati paʋo,
Ʋakakanda mijenya pamsoro peco-kufuka caŋgu.

Ndiȥo ȥakaitwa naʋarwi. 25 Ȥino
pamucinjikwa waJesu pakaŋga pamire
mai ʋake, nomununŋuna wamai ʋake,
Maria, *mukadzi* waKropasi, naMaria
Magdarene. 26 Ȥino Jesu wakati aci-
ʋona mai ʋake, nomudzidzi waaiɗa,
amire'po, akati kunamai ʋake: Mai,
tarirai, mŋanakomana wenyu. 27 Ipa-
po akati kumudzidzi: Tarira mai ʋako.
Kubva paŋguʋa iyo mudzidzi akaʋa-
tora, akaʋaisa *kumba* kwake.
28 Shure kwaiȥoȥo, Jesu wakati aci-
ziʋa kuti ȥose ȥapera, kuti Rugwaro
ruitike, akati: Ndinenyota. 29 Paka-
ŋga pamire'po hari izere nevinega;
ȥino ʋakaisa cipanje cizere nevinega
*parutanda* rwehisopi, ʋakaruisa kumu-
romo wake. 30 Ȥino Jesu wakati
agamucira vinega, akati: Ȥapera! Aka-
kotamisa musoro wake, akapa *Mŋari*
mŋeya *wake*.
31 Ȥino ȥawaiʋa *musi wo*Kugadzirira
paseka, ʋaJuda ʋakakumbira kuna-
Pirato kuti makumbo aʋo avunwe,
ʋabviswe, kuti mitumbu irege kugara
pamucinjikwa nesaɓata, nokuti zuʋa
iro resaɓata raiʋa guru. 32 Naiȥoȥo
ʋarwi ʋakaʋuya, ʋakavuna makumbo
owokutaŋga, noomumŋe wakaŋga aro-
ʋerwa pamucinjikwa pamŋe cete naye;
33 asi ʋakati ʋacişika kunaJesu, ʋaci-
ʋona kuti watofa hake, haʋana-kuvuna
makumbo ake, 34 asi mumŋe murwi
wakaɓaya rutiʋi rwake nepfumo, paka-
repo ropa nemvura ȥikaɓuɗa. 35 Uyo
wakaʋona, *ndiye* wakapupura, ʋuye
kupupura kwake ndokwaȥokwaɗi; iye
unoziʋa kuti unoreʋa ȥirokwaȥo, kuti
nemi ʋo mutende. 36 Nokuti iȥoȥo
ȥakaitwa, kuti Rugwaro ruitike, *runoti*:
Fupa rake hariŋgavunwi. 37 Norumŋe
Rugwaro ȥe runoti: Ʋacatarira uyo
waʋakabvoʋora.

*Kuvigwa kwaJesu.*

(Mat. 27. 57–66; Mar. 15. 42–47; Ruka 23. 50–56.)

38 Shure kwaiȥoȥo Josefa weArimatia,
waiʋa mudzidzi waJesu, asi cinyararire
nokutya ʋaJuda, wakakumbira kuna-
Pirato kuti abvise mutumbu waJesu;
Pirato akamutendera. Ipapo akaʋuya,
akabvisa mutumbu wake 39 NaNi-
kodimo ʋo, iye wakamboʋuya kwaari
pakutaŋga ʋusiku, wakaʋuya anemura
nearosi ȥakaveŋganiswa, mapaundi ane-
ŋge zana. 40 Ipapo ʋakatora mutumbu
waJesu, ʋakauputira nemiceka pamŋe
cete neȥinonhuwira, seȥinoita ʋaJuda
pakuʋiga kwaʋo. 41 Panȥimbo iyo,
paakaroʋerwa pamucinjikwa, pakaŋga
panomunda; mumunda imomo maiʋa
nobgiro bgutşa, makaŋga musina-
kumboiswa munhu. 42 Ȥino ʋakaisa
Jesu ipapo, ȥawakaŋga uri *musi wo*Ku-
gadzirira kwaʋaJuda, (nokuti bgiro
bgakaŋga bguri pedyo).

*Kumuka kwaJesu.*

(Mat. 28. 1–6; Mar. 16. 1–8; Ruka 24. 1–12.)

20 1 Ȥino no*musi* wokutaŋga
weviki Maria Magdarene wa-
kaenda kubgiro maŋgwanani,
kucakaşiɓa; akaʋona ibge rabviswa
pabgiro. 2 Akamhanya, akaenda kuna-
Simoni Petro nokunomumŋe mudzidzi,
waiɗikanwa naJesu, akati kwaʋari:
Ʋabvisa Ishe mubgiro, hatiziʋi paʋa-
kamuisa. 3 Ȥino Petro akaɓuɗa noʋuya
mumŋe mudzidzi, ʋakaenda kubgiro.
4 Ʋakamhanya ʋose ʋari ʋaʋiri; uya
mumŋe mudzidzi akamhanyisa aka-
kunda Petro, akataŋga kuşika pabgiro,
5 akakotama aciɗoŋgorera, akaʋona mi-
ceka iri pasi, asi haana-kupinda.
6 Ȥino Simoni Petro akaşika ʋo,
akapinda mubgiro, akaʋona miceka
iri pasi; 7 nomuceka muɗuku, wa-
kaŋga uri mumusoro wake, usati uri
kunemimŋe miceka, asi wakapetwa
uri pamŋe woga. 8 Ȥino uya mumŋe
mudzidzi akapinda ʋo, iye wakataŋga
kuşika pabgiro, akaʋona, akatenda.
9 Nokuti ʋakaŋga ʋacigere kunzwisisa
Rugwaro, runoti unofanira kumuka
kuʋakafa. 10 Ȥino ʋadzidzi ʋaka-
dzokera ȥe kumusha kwaʋo.

*Jesu unoȥiratidza kunaMaria.*

11 Asi Maria wakaramba amire ku-
nze kwobgiro, acicema; ȥino acacema,

akakotama, akaɗoŋgorera mubgiro.
12 Akaʋona ʋatumŋa ʋaʋiri, ʋane-
*ŋguvo* cena, ʋagere, mumŋe kumusoro,
mumŋe kumakumbo, ipapo pakaŋga
paiswa mutumbu waJesu. 13 Iʋo
ʋakati kwaari: Mai, munocemeiko?
Akati kwaʋari: Nokuti ʋakabvisa Ishe
waŋgu, ȥino handiziʋi kwaʋakamuisa.
14 Ȥino wakati acireʋa iȥoȥo, akatende-
ʋukira shure, akaʋona Jesu amire; asi
haana-kuziʋa kuti ndiJesu. 15 Jesu
akati kwaari: Mai, munocemeiko?
Munotşaka aniko? Iye aciti ndiye
murimi womunda, akati kwaari: Ishe,
kana muri imi mamubvisa, ndiʋudzei
pamamuisa, ndindomutora. 16 Jesu
akati kwaari: Maria! Iye akatendeʋuka,
akati kwaari neciHeberu: Raboni; ndo-
kuti: Mudzidzisi. 17 Jesu akati
kwaari: Usandiɓata, nokuti ndicigere
kukwira kunaƁaɓa ʋaŋgu; asi enda
kuhama dzaŋgu, uti kwaʋari: Ndino-
kwira kunaƁaɓa ʋaŋgu naƁaɓa ʋenyu,
kunaMŋari waŋgu naMŋari wenyu.
18 Maria Magdarene akaenda, aka-
ʋudza ʋadzidzi, aciti: Ndaʋona Ishe,
ʋuye kuti wakaŋga aʋudzwa ȥinhu iȥi
naye.

*Jesu unoȥiratidza kuvadzidzi,*
*Tomasi asi'po.*
(Ruka 24. 36–49.)

19 Ȥino aʋa maɗeko pazuʋa iro roku-
taŋga reviki, mikoʋa yapfigwa paʋa-
kaŋga ʋari ʋadzidzi nokutya ʋaJuda,
Jesu akaʋuya, akamira pakati *pavo*,
akati kwaʋari: Rugare kwamuri!
20 Ȥino wakati areʋa iȥoȥo, akaʋara-
tidza ȥanza *ȥake* norutiʋi *rwake*.
Ʋadzidzi ʋakafara ʋaciʋona Ishe.
21 Jesu akati ȥe kwaʋari: Rugare kwa-
muri! Ɓaɓa seȥaʋakandituma, neni
ndinokutumai ʋo. 22 Ȥino wakati areʋa
iȥoȥo, akafemera *kwavari*, akati kwa-
ʋari: Gamucirai Mŋeya Mutşene.
23 Aʋo, ʋamunokaŋganwira ȥiʋi *ȥavo*,
ʋaȥikaŋganwirwa; aʋo, ʋamunoɓata
*ȥivi* ȥaʋo, ȥaɓatwa.

*Jesu unoȥiratidza kuvadzidzi,*
*Tomasi ava'po.*

24 Ȥino Tomasi, wainzi Didimo,
mumŋe waʋanegumi naʋaʋiri, wakaŋga
asi'po paʋari, pakuʋuya kwaJesu.
25 Ȥino ʋamŋe ʋadzidzi ʋakati kwa-
ari: Taʋona Ishe. Iye akati kwaʋari:
Kana ndikasaʋona maʋaŋga embambo
muȥanza ȥake, nokuisa munwe waŋgu
paiʋa nembambo, nokuisa ruʋoko rwa-
ŋgu murutiʋi rwake, handiŋgatoŋgo-
tendi.
26 Ȥino mazuʋa masere akati apfuʋura
ȥe, ʋadzidzi ʋakaŋga ʋari'mo mukati,
naTomasi anaʋo. Jesu akaʋuya, mi-
koʋa yapfigwa, akamira pakati *pavo*,
akati: Rugare kwamuri! 27 Ipapo
akati kunaTomasi: Ʋuya pano no-
munwe wako, uʋone ȥanza ȥaŋgu;
ʋuya noruʋoko rwako, u*ru*ise murutiʋi
rwaŋgu; usaʋa usiŋgatendi, asi uno-
tenda. 28 Tomasi akapindura, akati
kwaari: Ishe waŋgu, naMŋari waŋgu!
29 Jesu akati kwaari: Watenda, nokuti
wandiʋona? Ʋacaropafadzwa ʋano-
tenda, *kunyaŋge* ʋasina-kuʋona.
30 Ȥino Jesu wakaita ȥimŋe ȥiratidzo
ȥizhinji pamberi paʋadzidzi ʋake,
ȥisina-kunyorwa mubuku iyi; 31 asi
iȥi ȥakanyorwa, kuti mutende kuti
Jesu ndiye Kristu, Mŋanakomana wa-
Mŋari; ʋuye kuti, mucitenda, muʋe
noʋupenyu muzita rake.

*Jesu unoȥiratidza kuvadzidzi vake*
*paguŋgwa reTiberiasi.*

21 1 Shure kwaiȥoȥo Jesu waka-
ȥiratidza ȥe kuʋadzidzi ʋake
paguŋgwa reTiberiasi; akaȥi-
ratidza kuɗai: 2 ƲanaSimoni Petro,
naTomasi, wainzi Didimo, naNata-
naeri, weKana yeGarirea, *navanakomana*
ʋaZebedi, naʋamŋe ʋaʋiri ʋaʋadzidzi
ʋake, ʋakaŋga ʋari pamŋe cete. 3 Si-
moni Petro akati kwaʋari: Ndondoɓata
hoʋe. Ʋakati kwaari: Nesu tinoenda
ʋo newe. Ʋakaɓuɗa, ʋakapinda mu-
gwa; asi ʋusiku ubgo haʋana-kuɓata
cinhu. 4 Ȥino kwakati kwoedza, Jesu
akamira pamhenderekedzo, asi ʋadzidzi
ʋakaŋga ʋasiŋgaziʋi kuti ndiJesu.
5 Ȥino Jesu akati kwaʋari: Ʋana,
muneciseʋo here? Ʋakamupindura,
*vaciti*: Kwete. 6 Akati kwaʋari: Ka-
ndai rutaʋa kurutiʋi rworudyi rwegwa
mugowana. Ipapo ʋakakanda, ʋakasa-
gona ȥino kurukweʋa nokuwanda
kwehoʋe. 7 Ȥino mudzidzi uya,
waiɗikanwa naJesu, akati kunaPetro:
NdiShe. Ipapo Simoni Petro wakati
acinzwa kuti ndiShe, akasuŋga ŋgu-
ʋo yake, nokuti wakaŋga asina, akaȥi-
wisira muguŋgwa. 8 Asi ʋamŋe ʋadzi-
dzi ʋakaʋuya nekagwa, ʋacikweʋa ru-
taʋa runehoʋe, nokuti ʋakaŋga ʋasi
kure nenyika asi makubiti aneŋge

mazana maʋiri.* 9 Ȥino ʋakati ʋaşika
panyika, ʋakaʋona mŋoto wamazimbe
waʋeswa, nehoʋe yakaiswa pamsoro
pawo, neciŋgwa. 10 Jesu akati kwa-
ʋari: Ʋuyai nedzimŋe hoʋe dzamaka-
ɓata ȥino. 11 Simoni akakwira *mugwa*,
akakweʋera rutaʋa panyika, rwakaŋga
ruzere nehoʋe huru, zana namakumi
mashanu nenhatu; asi kunyaŋge dzaiʋa
zhinji dzikaɗai, rutaʋa haruna-kubva-
ruka. 12 Jesu akati kwaʋari: Ʋuyai,
muşuşure. Kwakaŋga kusinomumŋe
waʋadzidzi ʋake wakatsuŋga kumu-
bvunza, *kuti*: Ndimi aniko? Ʋaciziʋa
kuti ndiyeShe. 13 Ȥino Jesu akaenda,
akatora ciŋgwa, akaʋapa, nehoʋe ʋo
saiȥoȥo. 14 Urwu rwaiʋa rwecitatu,
Jesu rwaakaȥiratidza kuʋadzidzi ʋake
amuka kuʋakafa.

15 Ȥino ʋakati ʋaşuşura, Jesu akati
kunaSimoni Petro: Simoni, *mŋana-
komana* waJona, unoruɗo neni kupfu-
ʋura aʋa here? Akati kwaari: Hoŋo,
Ishe; munoziʋa kuti ndinokuɗai. Jesu
akati kwaari: Fudza makwaiana aŋgu.
16 Akati kwaari ȥe rwecipiri: Simoni,
*mŋanakomana* waJona, unoruɗo neni
here? Akati kwaari: Hoŋo, Ishe;
munoziʋa kuti ndinokuɗai. Jesu akati
kwaari: Ceŋgeta makwai aŋgu. 17 A-
kati kwaari rwecitatu: Simoni, *mŋana-
komana* waJona: Unondiɗa here?
Petro akarwadziwa mŋoyo, nokuti wakati
kwaari rwecitatu: Unondiɗa here?
Akati kwaari: Ishe, munoziʋa ȥose;
munoziʋa kuti ndinokuɗai. Jesu akati
kwaari: Fudza makwai aŋgu. 18 Ȥiro-
kwaȥo, ȥirokwaȥo, ndinoti kwauri:
Uciri jaya, waiȥisuŋga ciʋuno, ucifamba
kwawaiɗa; asi kana wakwegura, ucata-
mbanudza maʋoko ako, mumŋe uca-
kusuŋga ciʋuno, acikuisa kwausiŋgaɗi.
19 Wakareʋa iȥoȥo, acifananidza kufa
kwaaizokudza Mŋari nako. Ȥino wakati
areʋa iȥoȥo, akati kwaari: Nditeʋere.
20 Petro akatendeʋuka, akaʋona uya
mudzidzi, waiɗikanwa naJesu, acite-
ʋera; *ndiye* ʋo wakasendamira pacifuʋa
cake pacirayiro, aciti: Ishe, ndianiko
ucakupandukirai? 21 Ȥino Petro wa-
kati acimuʋona, akati kunaJesu: Ishe,
ko uyu ucaitweiko? 22 Jesu akati
kwaari: Kana ndikaɗa kuti agare
kuşikira ndiciʋuya, uneiko naȥo iwe?
Unditeʋere iwe. 23 Ȥino shoko iro
rakaparararira pakati pehama, kuti mudzi-
dzi uyu haaŋgazofi. Asi Jesu haana-
kureʋa kwaari, kuti haaŋgazofi, asi kuti:
Kana ndikaɗa kuti agare kuşikira
ndiciʋuya, uneiko naȥo iwe?

24 Ndiyoyu mudzidzi unopupura iȥoȥi,
wakaȥinyora ʋo; tinoziʋa kuti kupupura
kwake ndokwaȥokwaɗi.

25 Ȥimŋe ȥizhinji ȥiri'ko, ȥakaitwa ʋo
naJesu; kana ȥainyorwa cimŋe necimŋe,
ndinoti kunyaŋge nenyika yose haiŋga-
riŋgani buku dziŋganyorwa.

* Kubiti kubva pagokora kuşikira paminwe.

# MAƁASA AƲAAPOSTORA

*Kukwira kwaJesu kuɗeŋga.*

(Mat. 28. 19, 20; Mar. 16. 15–20;
Ruka 24. 50–53.)

1 1 Teofiro, ndakanyora rugwaro
rwokutaŋga rweȥose ȥakataŋga
kuitwa nokudzidziswa naJesu,
2 kuşikira zuʋa raakakwidzwa, ambo-
raira noMŋeya Mutşene ʋaapostora
ʋaakaŋga asanaŋgura; 3 ʋaakaȥira-
tidza ʋo kwaʋari neȥiratidzo ȥizhinji,
ari mupenyu, shure kwokutambudzika
kwake, aciʋonekwa naʋo mazuʋa ana-
makumi manna, acitaura ȥinhu ȥoʋushe
bgaMŋari; 4 akaʋaraira, aʋuŋgana
naʋo, kuti ʋarege kubva Jerusarema,
asi ʋagarire cipikirwa caɓaɓa, *aciti*,
ciya camakanzwa kwandiri; 5 nokuti
Johane, ȥirokwaȥo, wakabapatidza ne-
mvura; asi imi mucabapatidzwa no-
Mŋeya Musente, mazuʋa mazhinji
asati apera.

6 Ȥino iʋo, ʋakati ʋaʋuŋgana, ʋaka-
mubvunza, ʋaciti: Ishe, modzosera
ʋushe kunaʋaIsraeri neŋguʋa ino here?
7 Akati kwaʋari: Haȥina-kufanira kuti
muziʋe ŋguʋa kana misi yakatarwa
naɓaɓa ʋamene nesimba raʋo. 8 Asi
mucapiwa simba, kana Mŋeya Mutşene
waʋuya pamsoro penyu; ipapo mucaʋa
ȥapupu ȥaŋgu paJerusarema, napa-
Judea rose, napaSamaria, nokuşikira
kumugumo wenyika. 9 Ȥino wakati

areʋa iȥoȥi, akakwidzwa, ʋacitaririra;
gore rikamubvisa, ʋakasazomuʋona.
10 Ȥino ʋacitarisisa kuɗeŋga, iye aci-
kwira, tarira, ʋarume ʋaʋiri ʋamira
naʋo ʋakafuka ŋguʋo cena; 11 iʋo
ʋakati: Imi ʋarume ʋeGarirea, maka-
mirireiko makatarira kuɗeŋga? Uyu
Jesu, *wakabva* kwamuri, akakwidzwa
kuɗeŋga, ucaʋuya saiȥoȥo, seȥama-
muʋona acienda kuɗeŋga.

*Ʋadzidzi ʋanogarira Mŋeya.*

12 Ȥino ʋakadzokera Jerusarema, ʋaci-
bva *pagomo* rinonzi reMiorivi, riri
pedyo neJerusarema, nhambo yorwendo
rwesaɓata. 13 Ʋakati ʋapinda, ʋaka-
kwira muimba yaiʋa pamsoro, paʋa-
kaŋga ʋagere, *ʋaiti*: Petro, naJohane,
naJakobo, naAndrea, naFiripo, naTo-
masi, naBartoromeo, naMateo, naJako-
bo, *mŋanakomana* waArfeo, naSimoni
Zeroti, naJudasi, *mŋanakomana* wa-
Jakobo. 14 Aʋa ʋose ʋakatsuŋgirira
nomŋoyo mumŋe pakunyeŋgetera, ʋana-
ʋakadzi, naMaria, mai ʋaJesu, naʋa-
nuŋuna ʋake.

*Ʋanosanaŋgura Matia panȥimbo yaJudasi.*

15 Namaȥuʋa iwayo Petro wakasi-
muka pakati pehama, (ʋanhu ʋazhinji
ʋaiʋa'po pamŋe cete, ʋaneŋge zana
namakumi maʋiri), akati: 16 Ʋarume,
hama, rugwaro rwakafanira kuitika,
rwakaprofitwa noMŋeya Mutṣene no-
muromo waDavidi, pamsoro paJudasi,
wakaŋga ari muperekedzi waʋaya ʋa-
kaɓata Jesu. 17 Nokuti wakaŋga
aʋereŋgwa pamŋe cete nesu, akapiwa
mugoʋe wake paɓasa iri. 18 (Ȥino
munhu uyu wakateŋga munda nomu-
ɓairo weȥisakarurama, akawira pasi
neciso, akaparuka napakati, ʋura bgake
bgukaɓuɗa bgose. 19 Ȥikanzwika na-
ʋose ʋaigara Jerusarema; naiȥoȥo
munda uyu ukatumidzwa Akerdama
norurimi rwaʋo, ndokuti: Munda we-
ropa.) 20 Nokuti mubuku yaMapisa-
rema makanyorwa, *ȥicinzi*:
Musha wake ŋgauitwe ɗoŋgo,
Kurege kuʋa nomunhu unogara-
'mo;
ʋuye:
Mumŋe ŋgaapinde paʋutariri
bgake.
21 Ȥino pakati paʋarume ʋaiʋuŋgana
nesu ŋguʋa yose, Ishe Jesu yaakapinda
nokuɓuɗa nayo pakati peɗu, 22 kuta-
ŋga pakubapatidza kwaJohane, ku-
ṣikira pazuʋa *raakabva* kwatiri, aci-
kwidzwa, mumŋe waʋo unofanira kuʋa
capupu cokumuka kwake pamŋe cete
nesu. 23 Ȥino ʋakaisa'*po* ʋaʋiri, *ʋaiti*:
Josefa, wainzi Barsaba, wakatumidzwa
*ʋo* Justo, naMatia. 24 Ʋakanyeŋge-
tera, ʋaciti: Imi Ishe, munoziʋa mŋoyo
yaʋanhu ʋose, ratidzai kuti wamakasa-
naŋgura kunaiʋaʋa ʋaʋiri ndoupi;
25 kuti apiwe nȥimbo paɓasa iri
noʋuapostora ubgu, bgaakarashikirwa
nabgo *iye* Judasi, kuti iye aende
kunȥimbo yake. 26 Ȥino ʋakaʋaka-
ndira mijenya, mujenya ukaɓata Matia;
iye akaʋereŋgwa pamŋe cete naʋa-
apostora ʋanegumi nomumŋe.

*Mŋeya Mutṣene unoɗururwa.*

2 1 Ȥino zuʋa rePentekosta rakati
raṣika, ʋakaŋga ʋakaʋuŋgana ʋose
pamŋe cete panȥimbo imŋe.
2 Pakarepo kutinhira sokwemhepo ino-
vuvuta nesimba kwakabva kuɗeŋga,
kukazadza imba yose maʋakaŋga ʋagere.
3 Ʋakaʋona ʋo ndimi dziciparadzana,
dzineŋge dzomŋoto; ndokumhara pa-
musoro womumŋe nomumŋe waʋo.
4 Ʋose ʋakazadzwa noMŋeya Mutṣene,
ʋakataŋga kutaura nedzimŋe ndimi,
paʋakapiwa napo noMŋeya kureʋa.
5 Ȥino paJerusarema pakaŋga pagere
ʋaJuda, ʋarume ʋakarurama, ʋaibva
kumarudzi ose pasi peɗeŋga. 6 Ȥino
kutinhira uku kwakati kwanzwika,
ʋanhu ʋazhinji ʋakaʋuŋgana, ʋakaka-
ŋganiswa, nokuti mumŋe nomumŋe
wakaʋanzwa, ʋacitaura norurimi rwake.
7 Ʋakakatyamara ʋose, nokushamiswa,
ʋaciti: Tarirai, aʋa ʋose ʋanotaura
haʋazi ʋaGarirea here? 8 Ȥino tino-
goʋanzwa seiko mumŋe nomumŋe
norurimi rweɗu, rwatakaɓerekwa na-
rwo? 9 ƲaPartia, naʋaMedia, naʋa-
Erami, naʋanogara Mesopotamia, ne-
Judea, neKapadokia, nePonto, neAsia,
10 neFrigia, nePamfiria, neEgipita,
namatiʋi enyika dzeRibia, dziri pedyo
neKurine, naʋaeni ʋabva Roma, naʋa-
Juda, naʋaproserite, 11 naʋaKrete, na-
ʋaArabia, tinoʋanzwa ʋacitaura nendimi
dzeɗu maɓasa makuru aMŋari. 12 Ʋa-
kakatyamara ʋose, ʋakakaŋganiswa, ndo-
kutaurirana, ʋaciti: Iȥi ȥinoti kuɗiniko?
13 Asi ʋamŋe ʋakaseka, ʋaciti: Ʋaguta
waini itṣa.

*Kuparidza kwaPetro.*

14 Ȥino Petro amire naʋanegumi
nomumŋe, akaɗanidzira, akaparidza
kwaʋari, *aciti*: Ʋarume ʋeJudea, nemi
mose mugere Jerusarema, cinhu ici
ŋgacizikanwe nemi, muterere mashoko
aŋgu, 15 nokuti aʋa haʋana-kuɓatwa,
seȥamunofuŋga imi, ȥaiciri ŋguʋa yeci-
tanhatu yezuʋa, 16 asi ici ndico
cakarebga nomuprofita Joeri, *aciti*:
17 Mŋari unoti: Namazuʋa okupe-
dzisira,
Ndicaɗurura ȥoMŋeya waŋgu pa-
msoro penyama yose;
Ʋanakomana ʋenyu naʋanasikana
ʋenyu ʋacaprofita;
Majaya enyu acaʋona ȥiratidzo,
Naʋatana ʋenyu ʋacarota hope.
18 Napamsoro paʋaranda ʋaŋgu napa-
msoro paʋashandiri ʋaŋgu,
Ndicaɗurura ȥomŋeya waŋgu na-
mazuʋa iwayo; ʋacaprofita.
19 Ndicaita ȥinoshamisa kuɗeŋga ku-
msoro,
Neȥiratidzo panyika pasi;
Ropa, nomŋoto, nemhute yoʋutsi.
20 Zuʋa ricashandurwa rima,
Nomŋedzi *ucashandurwa* ropa.
Zuʋa guru raShe rinobginya risati
raʂika.
21 Ȥino kucaitika kuti aninani uno-
ɗana zita raShe ucaponeswa. 22 Ʋa-
rume ʋaIsraeri, ɗonzwai mashoko awa:
Jesu weNazareta, murume wakarati-
dzwa naMŋari kwamuri namaɓasa
esimba, neȥishamiso, neȥiratidzo ȥa-
kaitwa naMŋari pakati penyu naye,
seȥamunoziʋa imi mumene; 23 iye,
wakaiswa *kwamuri* nomutemo nokuziʋa
ȥiri mberi kwaMŋari, imi makamuroʋera
*pamucinjikwa*, mukamuʋuraya nama-
ʋoko aʋanhu ʋasiŋgatereri murairo;
24 iye wakamutswa naMŋari, *amu*su-
nuŋgura *pa*kurwadziwa kworuɗu; nokuti
ȥakaŋga ȥisiŋgabviri kuti aɓatwe narwo.
25 Nokuti Davidi wakataura pamsoro
pake, *aciti*:
Ndakaʋona Ishe pamberi paŋgu
misi yose,
Nokuti uri kurudyi rwaŋgu, kuti
ndirege kuzunuŋguswa.
26 Naiȥoȥo mŋoyo waŋgu wakafara,
nororimi rwaŋgu rwakafarisisa;
Ʋuye ȥe, nenyama yaŋgu icazorora
netariro.
27 Nokuti hamuŋgasiyi mŋeya waŋgu
muHadesi;
Hamuŋgaisi Mutʂene wenyu kuti
aʋone kuʋora.
28 Makandiziʋisa nzira dzoʋupenyu;
Mucandizadzisa nomufaro *ndici-
ʋona* ciso cenyu.
29 Ʋarume, hama, ndiŋgakuʋudzai pa-
cena ȥateteguru Davidi, kuti ʋakafa,
ʋakaʋigwa, bgiro bgaʋo bguri pakati
peɗu kuʂikira nhasi. 30 Ȥino ȥa-
akaŋga ari muprofita, aciziʋa ʋo kuti
Mŋari wakamupikira nemhiko kuti
ucagadza pacigaro cake coʋushe *mumŋe*
weȥiɓereko ȥeciʋuno cake, 31 ȥa-
aiʋona ȥiri mberi, wakareʋa pamsoro
pokumuka kwaKristu, kuti haana-
kusiyiwa paHadesi, nenyama yake haina-
kuʋora. 32 Uyu Jesu wakamutswa
naMŋari, isu tiri ȥapupu ȥake tose.
33 Ȥino wakati asimudzirwa kurudyi
rwaMŋari, apiwa naɓaɓa cipikirwa
coMŋeya Mutʂene, akaɗurura iȥi ȥamu-
noʋona neȥamunonzwa. 34 Nokuti
Davidi haana-kukwira kuɗeŋga, asi
unoti amene:
Ishe wakati kunaShe waŋgu:
Gara kurudyi rwaŋgu,
35 Kuʂikira ndiciita ʋaʋeŋgi ʋako
ʋaʋe citsiko cetsoka dzako. 36 Ȥino
imba yose yaʋaIsraeri ŋgaiziʋe kwaȥo,
kuti uyu Jesu wamakaroʋera pamuci-
njikwa, Mŋari wakamuita Ishe naKri-
stu.
37 Ȥino ʋakati ʋacinzwa *iȥoȥo*, ʋaka-
ɓayiwa pamŋoyo, ʋakati kunaPetro
nokunaʋamŋe ʋaapostora: Ʋarume,
hama, ticaiteiko? 38 Petro *akati* kwa-
ʋari: Tendeʋukai, mumŋe nomumŋe
wenyu abapatidzwe nezita raJesu, kuti
mukaŋganwirwe ȥiʋi, mupiwe cipiwa
coMŋeya Mutʂene. 39 Nokuti cipi-
kirwa ndecenyu, naʋana ʋenyu, naʋose
ʋari kure, ʋanozoɗanwa naShe, Mŋari
weɗu. 40 Akapupura kwaȥo namamŋe
mashoko mazhinji, akaʋaraira, aciti:
Muȥiponese parudzi urwu rwakako-
mbama. 41 Ȥino aʋo ʋakagamucira
shoko rake, ʋakabapatidzwa; nezuʋa
iro ʋanhu ʋaneŋge ȥuru ȥitatu ʋaka-
wedzerwa. 42 Ʋakatsuŋgirira paku-
dzidzisa kwaʋaapostora, napakuyanana
kwaʋo, napakumeɗura ciŋgwa, napami-
nyeŋgetero.
43 Ʋanhu ʋose ʋakaɓatwa nokutya;
ȥinoshamisa ȥizhinji neȥiratidzo ȥikaitwa
naʋaapostora. 44 Naʋaitenda ʋose,
ʋaiʋa pamŋe cete, ʋakati ȥinhu ȥose
ndeȥaʋose; 45 ʋakateŋgesa fuma yaʋo

nenhumbi, ʋakagoʋana naʋose, mumŋe
nomumŋe paakashaiwa napo. 46 Zuʋa
rimŋe nerimŋe ʋakaŋga ʋacitsuŋgirira
mutembere nomŋoyo mumŋe, ʋacime-
ɗura ciŋgwa mudzimba *dzavo*, ʋacidya
ȥokudya ȥaʋo nomufaro nomŋoyo waka-
naka, 47 ʋacirumbidza Mŋari, ʋaciɗi-
kanwa naʋanhu ʋose. Ishe akawedzera
kwaʋari zuʋa rimŋe nerimŋe aʋo
ʋaiponeswa.

*Munhu unokamhina unoporeswa naPetro naJohane.*

3 1 Ȥino Petro naJohane ʋaka-
kwira kutembere neŋguʋa yoku-
nyeŋgetera yepfumbamŋe. 2 Ȥino
mumŋe murume, waikamhina kubva
paɗumbu ramai ʋake, wakaŋga acita-
kurwa; ʋaimuisa zuʋa rimŋe nerimŋe
pamukoʋa wetembere, wainzi Waka-
naka, kuti akumbire ȥipo kunaʋaipinda
mutembere. 3 Iye wakati aciʋona
Petro naJohane ʋoɗa kupinda mute-
mbere, akakumbira kuti apiwe cipo.
4 Ȥino Petro akamutarisisa, naJohane
ʋo, akati: Titarire. 5 Akaʋatarira,
aciti ndicapiwa cinhu naʋo. 6 Asi
Petro akati: Sirveri nendarama handina;
asi candinaco ndinokupa: Nezita raJesu
weNazareta, cifamba. 7 Akamuɓata
ruʋoko rworudyi, akamusimudza; pa-
karepo tsoka dzake neȥiziso ȥetsoka
dzake ȥakasimba. 8 Akavazuka, aka-
mira, ndokufamba; ndokupinda naʋo
mutembere, akafamba acipembera,
acirumbiɗza Mŋari. 9 Ʋanhu ʋose
ʋakamuʋona acifamba, acirumbidza
Mŋari. 10 Ʋakamuziʋa, kuti ndiye
waigarira ȥipo pamukoʋa Wakanaka
wetembere; ʋakakatyamara ȥikuru no-
kushamiswa neȥaakaitirwa.

*Kuparidza kwaPetro.*

11 Ȥino wakati acakaɓata Petro na-
Johane, ʋanhu ʋose ʋakamhanyira
kwaʋari paɓiraʋira, rainzi raSoromoni,
ʋakashamiswa kwaȥo. 12 Ȥino Petro
wakati aciʋona iȥoȥo, akapindura ʋanhu,
*akati*: Ʋarume ʋaIsraeri, mashamiswa
neiko pamsoro poyuyu? Munotita-
risisa neiko, setineŋge tamufambisa
nesimba reɗu, kana nokunamata kweɗu
*Mŋari*? 13 Mŋari waAbrahama, nowa-
Isaka, nowaJakobo, Mŋari wamadzi-
ɓaɓa eɗu, ndiye wakakudza Muranda
wake Jesu, wamakaisa *kuvatoŋgi* muka-
muramba pamberi paPirato, iye atoŋga
kuti asunuŋgurwe. 14 Asi imi maka-
ramba *uyo* Mutşene, wakarurama,
mukakumbira kuti mupiwe muʋurayi;
15 mukaʋuraya Muʋambi woʋupenyu;
iye, wakamutswa naMŋari kuʋakafa;
iye, watiri ȥapupu ȥake isu. 16 Noku-
tenda kuzita rake, zita rake rakasimbisa
munhu uyu wamunoʋona, nowamuno-
ziʋa; ʋuye, kutenda kunobva kwaari,
ndiko kwakamuporesa ȥakanaka kuɗai
pamberi penyu mose. 17 Asi ȥino,
hama *dzaŋgu*, ndinoziʋa kuti makaȥiita
nokusaziʋa, saʋaɓati ʋenyu ʋo; 18 asi
saiȥoȥo Mŋari wakapedzisa ȥaakambo-
reʋa nomuromo waʋaprofita ʋose, kuti
Kristu wake ucazotambudzika. 19 Na-
iȥoȥo tendeʋukai, mudzoke, kuti ȥiʋi
ȥenyu ȥidzimŋe, kuti ŋguʋa dzoku-
simbiswa dzinobva kunaShe, dzişike;
20 atume Kristu, iye Jesu, wakaga-
dzwa kare nokuɗa kwenyu; 21 iye
unofanira kugamucirwa kuɗeŋga kuşi-
kira ŋguʋa yokugadzirwa kweȥinhu
ȥose, yakareɓga naMŋari nomuromo
waʋaprofita ʋake ʋatşene kubva paku-
taŋga. 22 Nokuti Mosesi wakati:
Ishe, Mŋari wenyu, ucakumutsirai
Muprofita pakati pehama dzenyu,
wakafanana neni; mucamuterera paȥose,
ȥaanotaura kwamuri. 23 Ȥino mumŋe
nomumŋe kana asiŋgatereri Muprofita
uyo, ucaparadzwa kwaȥo pakati pa-
ʋanhu. 24 Naʋaprofita ʋose kubva
kunaSamueri, naʋakamuteʋera, naiʋo
ʋose ʋakataura nokuparidza ȥamazuʋa
ano. 25 Imi muri ʋanakomana ʋaʋa-
profita, naʋesuŋgano, yakaitwa naMŋari
namadziɓaɓa enyu, aciti kunaAbra-
hama: Marudzi ose enyika acaropa-
fadzwa muʋana ʋako. 26 Mŋari wa-
kataŋga kukumutsirai imi Muranda
wake, akamutuma kukuropafadzai, aci-
dzora mumŋe nomumŋe wenyu paȥa-
kaipa ȥenyu.

*Petro naJohane vanosuŋgwa.*

4 1 Ʋakati ʋacataura naʋanhu, ʋa-
prista nomukuru wetembere naʋa-
Saduse ʋakaʋuya kwaʋari, 2 ʋafa
neshuŋgu, nokuti ʋakaŋga ʋacidzidzisa
ʋanhu, ʋaciparidza kumuka kwaʋakafa
munaJesu. 3 Ʋakaʋaɓata, ʋakaʋaisa
mutoroŋgo kuşikira maŋgwana; nokuti
akaŋga aʋa maɗekwana. 4 Asi ʋazhinji
kunaʋakanzwa shoko ʋakatenda; ʋaru-
me ʋakazoşika ȥuru ȥineŋge ȥishanu
pakuʋereŋgwa kwaʋo.

5 Ȥino fume maŋgwana ʋaɓati ʋaʋo,
naʋakuru, naʋanyori ʋakaʋuŋgana pa-
Jerusarema; 6 naAnasi, muprista
mukuru, naKayafasi, naJohane, na-
Areksandro, nehama dzose dzomu-
prista mukuru, 7 ʋakaʋaisa pakati
*paʋo*, ʋakaʋabvunzisisa, *ʋaciti*: Maka-
ȥiita iȥoȥi nesimba rei, kana nezita
ripiko? 8 Ȥino Petro, azere noMŋeya
Mutşene, akati kwaʋari: Imi ʋaɓati
ʋaʋanhu, 9 kana tikabvunzwa nhasi
pamsoro peɓasa rakanaka, rakaitirwa
munhu cirema, napaakaponeswa napo;
10 muziʋe imi mose, naʋanhu ʋose
ʋaIsraeri, kuti nezita raJesu Kristu
weNazareta, wamakaroʋera pamuci-
ŋjikwa, iye wakamutswa naMŋari ku-
ʋakafa, *nezita* iri munhu uyu umire
pano pamberi penyu apora. 11 Ndiye
ibge rakaȥidzwa nemi ʋaʋaki, rikaitwa
musoro wekona. 12 Nokuti hakuna-
kuponeswa kunomumŋe; nokuti haku-
nerimŋe zita pasi peɗeŋga, rakapiwa
pakati paʋanhu, ratiŋgasunuŋgurwa
naro.
13 Ȥino ʋakati ʋaciʋona kusatya kwa-
Petro naJohane, ʋacinzwisisa kuti ʋaiʋa
ʋanhu ʋasina-kudzidza, ʋasiŋgaziʋi *ci-
nhu*, ʋakashamiswa; ʋakaʋaziʋa kuti
ʋaiʋa naJesu. 14 Ʋakaʋona ʋo munhu,
wakaŋga aporeswa, amire naʋo, ʋaka-
shaiwa caʋaŋgapindura naco. 15 Ȥino
ʋakati ʋaʋaraira kuti ʋaɓuɗe paʋu-
ŋgano, ʋakaraŋgana pakati paʋo,
16 ʋaciti: Ʋanhu aʋa ticaʋaita seiko?
Nokuti ʋanhu ʋose ʋagere Jerusarema
ʋaʋona kwaȥo kuti ciratidzo caitwa
naʋo; hatigoni kuramba isu. 17 Asi
ŋgatiʋanyeʋere kuti ʋarege kuzotaura
nomunhu upi noupi nezita iri, kuti
ȥirege kuramba ȥiciparadzirwa pakati
paʋanhu. 18 Ʋakaʋaɗana, ʋakaʋaraira
kuti ʋarege cose kutaura kana kudzi-
dzisa nezita raJesu. 19 Asi Petro
naJohane ʋakapindura, ʋakati kwaʋari:
Toŋgai henyu imi, kana ȥiŋgaʋa ȥaka-
rurama pamberi paMŋari, kuti titerere
imi kupfuʋura Mŋari. 20 Nokuti
hatigoni isu kurega kutaura ȥatakaʋona,
neȥatakanzwa. 21 Ȥino ʋakati ʋawe-
dzera kuʋanyeʋera, ʋakaʋaregedza,
ʋasiŋgawani mhoşa yaʋaŋgaʋaroʋa nayo
nokuɗa kwaʋanhu; nokuti ʋose ʋairu-
mbidza Mŋari pamsoro peȥakaitwa;
22 nokuti munhu wakaŋga aitirwa
ciratidzo ici wakaŋga anamakore ma-
kumi manna anemiraʋudzo.

23 Ʋakati ʋaregedzwa, ʋakaenda kuno-
ʋokwaʋo, ʋakando*ʋa*ʋudza ȥose ȥaʋa-
kaŋga ʋaʋudzwa naʋaprista ʋakuru
naʋakuru. 24 Iʋo ʋakati ʋaȥinzwa,
ʋakaɗana kunaMŋari nomŋoyo mumŋe,
ʋaciti: Tenzi, ndimi makaita ɗeŋga
napasi, neguŋgwa, neȥose ȥiri mukati
maȥo; 25 makareʋa noMŋeya Mu-
tşene, nomuromo waɓaɓa ʋeɗu Daʋidi,
muranda wenyu, *muciti*:
Ʋahedeni ʋakaitireiko hasha,
Naʋanhu ʋakafuŋgireiko ȥisina-
maturo?
26 Madzimambo enyika akamuka,
Naʋaɓati ʋakaʋuŋgana pamŋe cete,
Kurwa naShe naKristu wake.
27 Nokuti ȥirokwaȥo Herode, naPontio
Pirato, naʋahedeni, naʋanhu ʋaIsraeri
ʋakaʋuŋganira muguta iri, kuzorwa
naJesu Muranda wenyu mutşene, wa-
makazodza; 28 kuti ʋaite ȥose ȥakaŋga
ȥatemŋa noruʋoko rwenyu, napaku-
fuŋga kwenyu, kuti ȥiitwe. 29 Ȥino,
Ishe, tarirai kunyeʋera kwaʋo, mu-
ɓatsire ʋaranda ʋenyu kuti ʋataure
shoko renyu ʋasiŋgatoŋgotyi, 30 mu-
tambanudze ruʋoko rwenyu kuzopo-
resa; neȥiratidzo neȥishamiso ȥiitwe
nezita raJesu, Muranda wenyu mutşe-
ne. 31 Ȥino ʋakati ʋanyeŋgetera,
nȥimbo yaʋakaŋga ʋakaʋuŋgana pairi
ikazunuŋguswa; ʋakazadzwa ʋose no-
Mŋeya Mutşene, ʋakataura shoko ra-
Mŋari ʋasiŋgatyi.

*Kunzwana kwaʋatendi.*

32 Ȥino ʋazhinji ʋose ʋaʋaitenda
ʋaiʋa nomŋoyo mumŋe nomŋeya
*mumŋe*; kwakaŋga kusinomumŋe waiti
cimŋe caaiʋa naco ndecake, asi ȥinhu
ȥose ʋakati ndeȥaʋose. 33 Ʋaapostora
ʋaipupurira kumuka kwaJesu nesimba
guru; nyasha huru ikaʋa'po pamsoro
paʋo ʋose. 34 Nokuti pakaŋga pasina-
waishaiwa pakati paʋo, nokuti ʋose
ʋaiʋa neminda kana dzimba, ʋakaȥi-
teŋgesa, ʋakaʋuya nomuteŋgo weȥaka-
teŋgeswa, 35 ʋakaȥiisa pamberi pa-
ʋaapostora; mumŋe nomumŋe akago-
ʋerwa paakashaiwa napo.
36 NaJosefa, wakatumidzwa naʋa-
apostora acinzi Barnabasi, (ndokuti
Mŋanakomana wokunyaradza, kana
ȥicishandurwa), muReʋi, munhu we-
Kupro parudzi rwake, 37 waiʋa
nomunda; akauteŋgesa, akaʋuya nemari,
akaiisa pamberi paʋaapostora.

*Ananiasi naSafira.*

5 1 Ȥino mumŋe murume, wainzi
Ananiasi, wakateŋgesa fuma yake,
anaSafira mukadzi wake, 2 aka-
ȥikamurira ȥimŋe pamuteŋgo, mukadzi
wake aciȥiziʋa ʋo, akaʋuya nomumŋe
mugoʋe, ndokuuisa pamberi paʋaapo-
stora. 3 Asi Petro akati: Ananiasi,
Satani wazadzireiko mŋoyo wako, kuti
ureʋe nhema kuMŋeya Mutşene,
nokuȥikamurira ȥimŋe pamuteŋgo wo-
munda? 4 Iwo uciri'po, wakaŋga usi
wako here? Wateŋgeswa, wakaŋga
usinesimba naȥo here? Waita seiko,
ȥawafuŋga cinhu ici mumŋoyo mako?
Hauna-kureʋa nhema kuʋanhu, asi
kunaMŋari. 5 Ananiasi, wakati aci-
nzwa mashoko iwayo, akawira pasi,
akaɓuɗisa mŋeya *wake*; kutya kukuru
kukawira ʋose ʋakaȥinzwa. 6 Majaya
akasimuka, akamuputira, ndokumuta-
kurira kunze, ndokumuʋiga.
7 Ŋguʋa dzineŋge senhatu dzakati
dzapfuʋura, mukadzi wake akapinda,
asiŋgaziʋi ȥaitwa. 8 Petro akapindura
kwaari, *akati*: Ndiʋudze kana maka-
teŋgesa munda ne*mari* yakaɗai? Iye
akati: Hoŋo, neyakaɗai. 9 Petro *akati*
kwaari: Maita seiko ȥamaraŋgana ku-
idza Mŋeya waShe? Tarira, tsoka
dzaʋakaʋiga murume wako, dziciri
pamukoʋa, ʋacakutakurira ʋo kunze.
10 Ipapo akawira pasi pakarepo patsoka
dzake, akaɓuɗisa mŋeya *wake*; majaya
akapinda, akamuwana afa, ndoku-
mutakurira kunze, ndokumuʋiga ku-
murume wake. 11 Kutya kukuru
kukawira kereke yose naʋose ʋakaȥi-
nzwa.
12 Ȥiratidzo neȥinoshamisa ȥizhinji
ȥikaitwa pakati paʋanhu namaʋoko
aʋaapostora; ʋose ʋaiʋa nomŋoyo mu-
mŋe paɓiraʋira raSoromoni. 13 Asi
pakati paʋamŋe kwakaŋga kusinomu-
nhu wakatsuŋga kuȥiisa kwaʋari; asi
ʋanhu ʋaiʋakudza. 14 Ʋatendi ʋazhi-
nji kwaȥo, ʋarume naʋakadzi, ʋairamba
ʋaciwedzerwa kunaShe. 15 Nokuɗaro
ʋakatakurira ʋarwere munzira dzomu-
musha, ʋakaʋaradzika pamibeda napa-
nhoʋo, kuti kana Petro aciswedera'po,
kunyaŋge nomumvuri wake ɓedzi udzi-
katire mumŋe waʋo. 16 Naʋazhinji
ʋamaguta akapoteredza Jerusarema
ʋakaʋuŋgana, ʋaciʋuya naʋarwere, na-
ʋaitambudzika nemŋeya yetşina, ʋaka-
poreswa.

*Ʋaapostora ʋanoɓuɗiswa mutoroŋgo.*

17 Ȥino muprista mukuru akasimuka,
naʋose ʋaiʋa naye (ʋaiʋa ʋedzidziso
yaʋaSaduse), ʋanegoɗo kwaȥo; 18 ʋa-
kaɓata ʋaapostora ʋakaʋaisa muto-
roŋgo *maipinzwa* ʋanhu ʋose. 19 Asi
mutumŋa waShe wakazarura mikoʋa
yetoroŋgo ʋusiku, akaʋaɓuɗisa, akati:
20 Endai, mumire mutembere mu-
citaura kuʋanhu mashoko ose oƲupenyu
ubgu. 21 Ʋakati ʋaciȥinzwa, ʋakapi-
nda mutembere maŋgwanani, ʋakadzi-
dzisa. Ȥino muprista mukuru naʋaiʋa
naye, ʋakaşika, ʋakakokera makuru-
kota neʋuŋgano yose yaʋakuru ʋaʋana
ʋaIsraeri; ʋakatumira *ʋanhu* kutoroŋgo
kuzoʋuya *naʋo*. 22 Asi ʋaranda ʋakati
ʋaciş ika'po, ʋakawana ʋasi'mo muto-
roŋgo; ʋakadzoka, ʋakaʋaʋudza *iȥoȥo*,
ʋaciti: 23 Toroŋgo takaiwana yaka-
zarirwa ȥakasimba kwaȥo, naʋarindi
ʋakarindira pamikoʋa; asi takati tici-
zarura, tikasawana munhu mukati.
24 Ȥino mukuru wetembere, naʋaprista
ʋakuru, ʋakati ʋacinzwa mashoko iwayo,
ʋakakaŋganiswa pamsoro paȥo, *ʋasiŋga-
ziʋi* kuti ȥinozoɗini. 25 Ipapo mumŋe
munhu akaşika, akaʋaʋudza, *aciti*:
Tarirai, ʋarume ʋamakaisa mutoroŋgo,
ʋaʋa mutembere, ʋamire ʋacidzidzisa
ʋanhu. 26 Ȥino mukuru naʋatariri
ʋakaenda, ʋakaʋuya naʋo, ʋasiŋgaiti
nesimba, nokuti ʋakaŋga ʋacitya ʋanhu,
kuti ʋaŋgatakwa namabge. 27 Ʋakati
ʋaşika naʋo, ʋakaʋaisa kumakuruko-
ta. Muprista mukuru akaʋabvunza,
28 aciti: Takakurairai ȥikuru kuti mu-
rege kudzidzisa nezita iri, ȥino tarirai,
mazadza Jerusarema nokudzidzisa kwe-
nyu, muciɗa kuti ropa romunhu uyu
riʋuye pamsoro peɗu. 29 Ȥino Petro
naʋaapostora ʋakapindura, ʋakati: Ti-
nofanira kuterera Mŋari kupfuʋura
ʋanhu. 30 Mŋari wamadziɓaɓa eɗu
wakamutsa Jesu, iye wamakaʋuraya
mucimuturika pamuti. 31 Mŋari wa-
kamusimudza iye noruʋoko rwake
rworudyi, *aʋe* Mutuŋgamiri noMusu-
nuŋguri, kuti ape ʋaIsraeri kutendeʋuka
nekaŋganwiro yeȥiʋi. 32 Isu tiri ȥapu-
pu ȥamashoko iwayo; noMŋeya Mutşene
ʋo, waʋakapiwa naMŋari iʋo ʋano-
muterera.
33 Ȥino iʋo ʋakati ʋaciȥinzwa, ʋakafa
neshuŋgu, ʋakaɗa kuʋaʋuraya. 34 Ipa-
po mumŋe muFarise, wainzi Gamarieri,
mudzidzisi womurairo, waikudzwa na-

ʋanhu ʋose, akasimuka pamakurukota,
akaraira kuti ʋanhu ʋaɓuɗiswe ciŋguʋa
ciɗuku; 35 akati kwaʋari: Ʋarume
ʋaIsraeri, cenjerai ȥamunoɗa kuitira
ʋanhu aʋa. 36 Nokuti kare kwaka-
mbomuka Tudasi, aciti, ndiri munhu
*mukuru*, ʋanhu ʋaneŋge mazana manna
ʋakamuteʋera; iye akaʋurawa, naʋose
ʋaimuterera ʋakaparadzirwa, nokupa-
radzwa. 37 Shure *kwomunhu* uyu
Judasi weGarirea akamuka, pamazuʋa
okuʋereŋgwa, akatsausa ʋanhu kuti
ʋamuteʋere; iye akaparara, naʋose
ʋakamuterera, ʋakaparadzirwa. 38 Ȥino
ndinoti kwamuri: Musaɓata ʋanhu aʋa,
muʋarege, nokuti kana kufuŋga uku
neɓasa iri ȥiri ȥaʋanhu, ȥicaparadzwa.
39 Asi kana ȥiri ȥaMŋari, hamuŋgagoni
kuȥiparadza; kuti ȥimŋe muŋgaɗai
mucirwa naMŋari ʋo. 40 Ʋakamu-
nzwa; ipapo ʋakati ʋaɗana ʋaapostora,
ʋakaʋaroʋa, ʋakaʋaraira kuti ʋarege
kutaura nezita raJesu; ʋakaʋaregedza.
41 Ipapo ʋakaɓuɗa pamakurukota,
ʋacifara, ȥaʋakanzi ʋakafanirwa iʋo
kuȥidzwa nokuɗa kwezita *rake*. 42 Ha-
ʋana-kurega kudzidzisa, nokuparidza
mazuʋa ose ȥaKristu Jesu, mutembere
kana kudzimba *dzaʋo*.

*Ʋanosanaŋgura ʋarume ʋanomŋe kuceŋgeta cirikadzi.*

6 1 Ȥino namazuʋa iwayo, ʋadzidzi
ʋaciwanda, ʋaJuda, ʋaitaura ci-
Giriki, ʋakanyunyutira ʋaHeberu,
nokuti cirikadzi dzaʋo dzaiɗarikwa
pakugoʋerwa kwomusi mumŋe no-
mumŋe. 2 Ȥino ʋanegumi naʋaʋiri
ʋakaɗana ʋadzidzi ʋazhinji, ʋakati:
Hakuzakafanira kuti isu tirege shoko
raMŋari, tishumire pamatafura. 3 Ȥino
hama *dzaŋgu*, sanaŋgurai pakati penyu
ʋarume ʋanomŋe, ʋanopupurirwa ȥa-
kanaka, ʋazere noMŋeya noʋucenjeri,
ʋatiŋgaisa paɓasa iri. 4 Asi isu tica-
tsuŋgirira pakunyeŋgetera napaɓasa re-
shoko. 5 Shoko iri rikafadza ʋazhinji
ʋose, ʋakasanaŋgura Stefano, murume
wakaŋga azere nokutenda noMŋeya Mu-
tşene, naFiripo, naProkoro, naNikanori,
naTimoni, naParmenasi, naNikorasi,
muproserite weAntiokia. 6 Ʋakaʋaisa
pamberi paʋaapostora; ʋakanyeŋgetera,
ʋakaisa maʋoko pamsoro paʋo.
7 Shoko raMŋari rikakura, ʋadzidzi
ʋakawanda ȥikuru paJerusarema; naʋa-
prista ʋazhinji ʋakagamucira kutenda.

*Stefano unoʋurawa.*

8 Ȥino Stefano, azere nenyasha nesi-
mba, akaita ȥinoshamisa neȥiratidzo
ȥikuru pakati paʋanhu. 9 Ipapo ʋamŋe
ʋaʋo, ʋaiʋa ʋesinagoge rainzi raʋasu-
nuŋguki, naʋaKureni, naʋaAreksandria,
naʋeKirikia, naʋeAsia, ʋakasimuka ʋa-
kaita nharo naStefano. 10 Asi ʋakaŋga
ʋasiŋgagoni kukunda kucenjera kwake,
noMŋeya waaitaura naye. 11 Ipapo
ʋakamutsa ʋarume, ʋaiti: Takamunzwa
acitaura mashoko anomhura Mosesi
naMŋari. 12 Ʋakakurudzira ʋanhu,
naʋakuru, naʋanyori; ʋakamuwira,
ʋakamuɓata, ʋakamuisa kumakurukota,
13 ʋakaisa'po ȥapupu ȥenhema, ȥaiti:
Munhu uyu haaregi kutaura mashoko
anomhura imba iyi tşene nomurairo.
14 Nokuti takamunzwa aciti: Uyu
Jesu weNazareta ucaparadza nȥimbo
iyi nokushandura tsika dzatakapiwa na-
Mosesi. 15 Ȥino ʋose ʋakaŋga ʋagere
pamakurukota, ʋakamutarisisa, ʋakaʋo-
na ciso cake *cakaita* seciso comutumŋa.

7 1 Muprista mukuru akati: Ȥinhu
iȥi ndiȥo nhai? 2 Iye akati:
Ʋarume, hama, namadziɓaɓa,
inzwai: Mŋari wokubginya wakaȥira-
tidza kunaɓaɓa ʋedu Abrahama, ʋaciri
Mesopotamia, ʋasati ʋagara Harani,
3 akati kwaʋari: Ibva munyika yako,
nokuhama dzako, uende kunyika ya-
ndinozokuratidza. 4 Ipapo akaɓuɗa
munyika yaʋaKardia, akagara Harani.
Ȥino ɓaɓa ʋake ʋakati ʋafa, *Mŋari*
akamutamisa ipapo kunyika ino yamu-
gere ȥino. 5 Asi haana-kumupa nhaka
imomo, kunyaŋge paaŋgatsika noru-
tsoka rwake, asi wakamupikira kuti
ucamupa iyo, iʋe yake neyaʋana ʋake
ʋaizomuteʋera, asati atoŋgoʋa no-
mŋana. 6 Mŋari akataura, aciti, ʋana
ʋake ʋacaʋa ʋatorwa kunyika yaʋamŋe;
ʋacaʋaita ʋaranda, nokuʋaʋonesa nha-
mo makore anamazana manna. 7 Rudzi
rwaʋacaʋa ʋaranda ʋarwo, ndicaru-
toŋgesa, ndiȥo ȥinoreʋa Mŋari; shure
kwaiȥoȥo ʋacaɓuɗa, ʋacandishumira
panȥimbo iyi. 8 Akamupa suŋgano
yedziŋgiso. Ȥino *Abrahama* akaɓereka
Isaka, akamudziŋgisa nezuʋa rorusere;
Isaka *akaɓereka* Jakobo; naJakobo
*akaɓereka* mateteguru anegumi nama-
ʋiri. 9 Mateteguru ȥaakaŋga acigoɗora
Josefa, ʋakamuteŋgesa, akaiswa Egi-
pita; Mŋari akaʋa naye. 10 Akamu-

rwira panhamo dzake dzose, akamu-
ɓatsira kuti aɗikanwe naFarao, mambo
weEgipita, aʋe nokucenjera pamberi
pake; iye akamuita mutariri weEgipita
noweimba yake yose. 11 Ȥino nzara
ikaşika paEgipita yose neKanani, ne-
nhamo huru; madziɓaɓa eɗu akashaiwa
ȥokudya. 12 Ȥino Jakobo, wakati
anzwa kuti Egipita kuneȥiyo, pakutaŋga
akatuma madziɓaɓa eɗu. 13 Pa*rwendo*
rwecipiri Josefa akazikanwa naʋakuru
ʋake; rudzi rwaJosefa rukaʋonekwa
naFarao. 14 Ȥino Josefa aka*ʋa*tuma
kundoɗana Jakobo, ɓaɓa ʋake, nehama
dzake dzose, ʋanhu ʋaiʋa namakumi
manomŋe naʋashanu. 15 Jakobo aka-
ɓurukira Egipita; akazofa, iye nama-
dziɓaɓa eɗu; 16 ʋakaiswa Shekemi,
ʋakaʋigwa pabgiro bgakaŋga bgate-
ŋgwa naAbrahama nomuteŋgo wesi-
rveri kuʋanakomana ʋaEmori paShe-
kemi. 17 Ȥino ŋguʋa yecipikirwa
cakaŋga capikirwa Abrahama naMŋari,
yakati iciswedera, ʋanhu ʋakawanda,
ʋakaita ʋazhinji muEgipita; 18 ku-
şikira mumŋe mambo akamuka mu-
Egipita, wakaŋga asina-kuziʋa Josefa.
19 Iye akaɓata rudzi rweɗu namano,
akatambudza madziɓaɓa eɗu, akaʋa-
raira kuti ʋarashe ʋacece ʋaʋo, kuti
ʋarege kuraramiswa. 20 Neŋguʋa iyo
Mosesi akaɓerekwa, wakaŋga akaişo-
naka kwaȥo; akarerwa mŋedzi mitatu
mumba maɓaɓa ʋake; 21 ȥino wakati
arashwa, mukunda waFarao akamu-
noŋga, akamurera kuti aʋe mŋanako-
mana wake. 22 Mosesi akadzidziswa
ʋucenjeri bgose bgaʋaEgipita; akaʋa
nesimba pamashoko napamaɓasa ake.
23 Ȥino wakati aşika makore anama-
kumi manna, mŋoyo wake ukaɗa
kushanyira hama dzake, ʋana ʋaIsra-
eri. 24 Akaʋona mumŋe aciitirwa
ȥisakarurama, ndokumurwira, akaʋu-
raya muEgipita, acitsiʋa wakaŋga aci-
tambudzwa. 25 Akati, ȥimŋe hama
dzake dzicanzwisisa kuti Mŋari wakaŋga
aciɗa kuʋaponesa noruʋoko rwake; asi
haʋana-kunzwisisa. 26 Fume ma-
ŋgwana akaʋaʋona ʋacikakaʋara, aka-
idza kuʋayananisa, aciti: Ʋarume, muri
hama, munoitirana ȥisakarurama neiko?
27 Ȥino iye wakaŋga aciitira wokwake
ȥisakarurama akamusundira kure, aciti:
Ndianiko wakakuita muɓati nomu-
toŋgi weɗu? 28 Unoɗa kundiʋuraya,
seȥawakaʋuraya muEgipita zuro ka-
nhi? 29 Mosesi akatiza *acinzwa* shoko
iri, akandoʋa mutorwa kunyika yeMi-
diani, kwaakandoɓereka ʋanakomana
ʋaʋiri. 30 Ȥino makore makumi ma-
nna akati apera, mutumŋa akaʋonekwa
naye murenje regomo reSinai, mumu-
raȥo womŋoto mugwenzi. 31 Mosesi
akati aciȥiʋona, akashamiswa neȥaaka-
ʋona; ȥino akati aciswedera kuzocere-
kedza, inzwi raShe rikanzwika, *riciti*:
32 Ndini Mŋari wamadziɓaɓa ako,
Mŋari waAbrahama, nowaIsaka, nowa-
Jakobo. Ipapo Mosesi akaɗeɗera, aka-
tya kucerekedza. 33 Ȥino Ishe akati
kwaari: Bvisa shaŋgu patsoka dzako, no-
kuti apo paunomira ivu dȥene. 34 Nda-
kaʋona haŋgu kwaȥo kutambudzika kwa-
ʋanhu ʋaŋgu ʋari muEgipita, ndakanzwa
kugomera kwaʋo, ndaɓuruka kuzoʋa-
rwira; ȥino ʋuya ndikutume Egipita.
35 Uyu Mosesi waʋakaramba, ʋaciti:
Ndiani wakakuita muɓati nomutoŋgi?
ndiye wakatumŋa naMŋari nomutumŋa
wakaʋonekwa naye mugwenzi, kuti aʋe
muɓati nomudzikinuri. 36 Iye aka-
ʋaɓuɗisa, akaita ȥinoshamisa neȥira-
tidzo munyika yeEgipita, napaGuŋgwa
Dȥuku, nomurenje, makore anamakumi
manna. 37 Ndiyeye Mosesi wakati
kuʋana ʋaIsraeri: Mŋari ucakumutsirai
Muprofita pakati pehama dzenyu,
wakafanana neni. 38 Ndiyeye wakaŋga
ari kuʋuŋgano murenje, anomutumŋa
wakataura naye mugomo reSinai, ana-
madziɓaɓa eɗu ʋo, wakagamucira ma-
shoko mapenyu kuzotipa. 39 Ndiye,
waʋakaŋga ʋasiŋgaɗi kumuterera iʋo
madziɓaɓa eɗu; ʋakamuramba, ʋa-
kadzokera Egipita nemŋoyo yaʋo.
40 Ʋakati kunaAroni: Tiitire ʋamŋari,
ʋaŋgatituŋgamirira; nokuti kana ari
Mosesi uyu, wakatiɓuɗisa munyika
yeEgipita, hatiziʋi ȥakaitika naye.
41 Ȥino ʋakaita mhuru namazuʋa
iwayo, ʋakaʋuya neciɓayiro kucifa-
nanidzo caʋo, ʋakafarira maɓasa ama-
ʋoko aʋo. 42 Ȥino Mŋari akaʋafura-
tira, akaʋarega kuti ʋashumire hondo
yokudeŋga, seȥaȥakanyorwa mubuku
yaʋaprofita, *ȥicinzi*:

Ko makandiʋigira ȥipfuwo ȥaka-
ɓayiwa neȥiɓayiro
Makore makumi manna murenje,
imi, imba yaʋaIsraeri here?
43 Makatakura tabernakeri yaMoroki,
Nenyeredzi yamŋari wenyu Re-
mfani,

Ȥifananidzo ȥamakaita kuti muȥinamate;
Ndicakutamisai mberi kweBabironi.
44 Madziɓaɓa eɗu aiʋa netabernakeri
yoʋucapupu murenje, *yakaŋga yaka-*
*ʋakwa* seȥaakaraira iye, wakataura
naMosesi, aciti aiite nomufananidzo
waakaʋona. 45 Yakati yagamucirwa
namadziɓaɓa eɗu, ʋakapinda nayo
naJoshua munyika yaʋahedeni, ʋaka-
dziŋgwa naMŋari pamberi pamadzi-
ɓaɓa eɗu, kuȿikira pamazuʋa aDavidi;
46 iye akanzwirwa nyasha pamberi
paMŋari, akakumbira kuʋakira Mŋari
waJakobo pokugara. 47 Soromoni aka-
muʋakira imba. 48 Asi Wokumsoro-
soro haagari *mudzimba* dzakaʋakwa
namaʋoko, seȥaȥakarebga nomuprofita,
*aciti*:
49 Ɗeŋga ndico cigaro caŋgu coʋushe,
Nenyika citsiko cetsoka dzaŋgu;
Mucandiʋakira imba yakaɗiniko?
Ndiȥo ȥinoreʋa Ishe;
Kana nȥimbo yandiŋgazorora pairi ndeipi?
50 Ko ruʋoko rwaŋgu haruna-kuita
iȥoȥi ȥose here?
51 Imi ʋemitsipa mikukutu, musina-
kudziŋgiswa pamŋoyo nenzeʋe, mu-
nogara mucidziʋisa Mŋeya Mutȿene;
samadziɓaɓa enyu, nemi ʋo. 52 Ndo-
upiko pakati paʋaprofita, usina-kuta-
mbudzwa namadziɓaɓa enyu? ʋaka-
ʋuraya aʋo ʋaiparidza kuʋuya kwo-
Wakarurama, iye wamakapandukira
nokumuʋuraya ȥino. 53 Iyemi, maka-
piwa murairo seȥawakarairwa naʋatu-
mŋa, mukasauceŋgeta.
54 Ȥino ʋakati ʋacinzwa iȥoȥo, ʋakafa
neshuŋgu kwaȥo, ʋakamugeɗa-geɗera
meno. 55 Asi iye azere noMŋeya
Mutȿene, akatarisisa kuɗeŋga, akaʋona
kubginya kwaMŋari, naJesu amire
kuruʋoko rworudyi rwaMŋari, 56 aka-
ti: Tarirai, ndinoʋona ɗeŋga rakaza-
rurwa, noMŋanakomana womunhu
amire kuruʋoko rworudyi rwaMŋari.
57 Ȥino ʋakaɗanidzira nenzwi guru,
ʋakadziʋira nzeʋe dzaʋo, ʋakamhanyira
kwaari ʋose pamŋe cete; 58 ʋakamu-
ɓuɗisira kunze kweguta, ndokumutaka
namabge; ȥapupu ȥikaisa ŋguʋo dzaȥo
patsoka dzejaya, rainzi Sauro. 59 ʋa-
kataka Stefano, aciɗana aciti: Ishe
Jesu, gamucirai mŋeya waŋgu. 60 Aka-
fugama, akaɗanidzira nenzwi guru,
*aciti*: Ishe, musaʋapa mhoȿa yeciʋi ici.
Akati areʋa iȥoȥo, akaʋata *rufu*.

*ʋadzidzi ʋanoparadzirwa*
*namaɗambudziko.*

8 1 Sauro wakaŋga acitenda kuʋu-
rawa kwake.
Ȥino neŋguʋa iyo kereke yapa-
Jerusarema yakatambudzwa ȥikuru,
ʋakaparadzirwa ʋose kunyika yeJudea
neSamaria, ʋakasara ʋaapostora ɓedzi.
2 ʋarume ʋakarurama ʋakaʋiga Ste-
fano, ʋakamucema ȥikuru. 3 Ȥino
Sauro akaparadza kereke, acipinda
mudzimba dzose, acikakata ʋarume
naʋakadzi, nokuʋaisa mutoroŋgo.

*Firipo unoparidza paSamaria.*

4 Ȥino aʋo ʋakaparadzirwa, ʋakapote-
nyika, ʋaciparidza shoko. 5 NaFiripo
wakaɓurukira kuguta reSamaria, aka-
ʋaparidzira Kristu. 6 ʋanhu ʋazhinji
ʋakaterera nomŋoyo mumŋe ȥairebga
naFiripo, ʋacinzwa nokuʋona ȥiratidzo
ȥaakaŋga aciita. 7 Nokuti mŋeya
yetȿina yakaɓuɗa kuʋazhinji ʋaiʋa
nayo, iciɗanidzira nenzwi guru; naʋa-
zhinji ʋakaŋga ʋakafa mitezo naʋaika-
mhina ʋakaporeswa. 8 Mufaro mu-
kuru ukaʋa'po paguta iro.

*Simoni Ŋaŋga.*

9 Ȥino kwakaŋga kunomumŋe mu-
rume, wainzi Simoni, waiʋa ŋaŋga
kare paguta iro, waishamisa ʋanhu
ʋeSamaria, aciȥiita munhu mukuru.
10 ʋose, ʋaɗuku naʋakuru, ʋakamu-
terera, ʋaciti: Uyu munhu isimba guru
raMŋari. 11 ʋakamuterera, nokuti
wakaŋga aʋashamisa noʋuŋaŋga bgake
ŋguʋa huru. 12 Ȥino ʋakati ʋatenda
Firipo, waiparidza mashoko oʋushe
bgaMŋari nezita raJesu Kristu, ʋakaba-
patidzwa ʋarume naʋakadzi. 13 Naiye
Simoni akatenda ʋo, ndokubapatidzwa
ʋo, akagara naFiripo; akashamiswa,
aciʋona ȥiratidzo namaɓasa esimba
makuru, akaŋga aciitwa.
14 Ȥino ʋaapostora ʋaiʋa paJeru-
sarema, ʋakati ʋanzwa kuti ʋaSamaria
ʋakaŋga ʋagamucira shoko raMŋari,
ʋakatuma Petro naJohane kwaʋari.
15 Iʋo ʋakaɓurukira'ko, ʋakaʋanye-
ŋgeterera kuti ʋapiwe Mŋeya Mutȿene;
16 nokuti wakaŋga asina-kuɓurukira
pamsoro pomumŋe waʋo; ʋakaŋga
ʋaŋgobapatidzwa muzita raShe Jesu
ɓedzi. 17 Ipapo ʋakaisa maʋoko aʋo

pamsoro paʋo, ʋakapiwa Mŋeya Mu-
tşene. 18 Ȥino Simoni wakati aciʋona
kuti Mŋeya Mutşene wapiwa nokuiswa
kwamaʋoko aʋaapostora, akaʋuya kwa-
ʋari nemari, 19 aciti: Ndipei neni ʋo
simba iri, kuti wandineŋge ndiciisa
maʋoko pamsoro pake, apiwe Mŋeya
Mutşene. 20 Ȥino Petro akati kwaari:
Sirveri yako ŋgaiparadzwe newe, nokuti
wakafuŋga kuteŋga cipo caMŋari ne-
mari. 21 Haunomugoʋe, kana cikamu,
pacinhu ici, nokuti mŋoyo wako hauna-
kururama pamberi paMŋari. 22 Na-
iȥoȥo tendeʋuka pakuipa kwako, uku-
mbire kunaShe, kuti ȥimŋe ukaŋga-
nwirwe muraŋgariro womŋoyo wako.
23 Nokuti ndinoʋona kuti wapinda
munduru inoʋaʋa, napakusuŋgwa kusa-
karurama. 24 Simoni akapindura, akati:
Mundikumbirire ȥikuru imi kunaShe,
kuti ndirege kuwirwa necimŋe caiȥoȥo
ȥamareʋa.
25 Ȥino ʋakati ʋapupura kwaȥo noku-
taura shoko raShe, ʋakadzokera ȥe
Jerusarema, ʋaciparidza Evaŋgeri mu-
misha mizhinji yaʋaSamaria.

*Firipo nomuranda waKandase.*

26 Ȥino mutumŋa waShe akataura
naFiripo, akati: Simuka, uende Zasi
kunzira inobva Jerusarema iciɓurukira
Gaza; iyo *nyika* irenje. 27 Akasimuka,
akaenda; ȥino kwakaŋga kunomurume
weEtiopia, muranda mukuru kwaȥo
waKandase, mambokadzi weEtiopia,
waiceŋgeta fuma yake yose, wakaŋga
aʋuya Jerusarema kuzonamata; 28 wa-
kaŋga acidzoka, agere muŋgoro yake
aciraʋa muprofita Isaya. 29 Mŋeya
akati kunaFiripo: Sweɗera, urambire
paŋgoro iyo. 30 Firipo akamhanyi-
ra'ko, akamunzwa aciraʋa muprofita
Isaya, akati: Unonzwisisa ȥaunoraʋa
here? 31 Iye akati: Ndiŋgagona seiko,
kana mumŋe asiŋgandiɗudziri? Aka-
kumbira ȥikuru kunaFiripo kuti akwire,
agare naye. 32 Ȥino paakaŋga aciraʋa
paRugwaro paiti:

Wakaiswa pakuɓayiwa segwai;
Segwaiana rinyerere pamberi po-
muʋeʋuri waro,
Saiȥoȥo haana-kushamisa muromo
wake;
33 Pakuȥidzwa kwake kutoŋgwa kwake
kwakabviswa;
Ndianiko ucarondedzera rudzi
rwake?

Nokuti ʋupenyu bgake bgunobvi-
swa panyika.
34 Muranda akapindura Firipo, akati:
Ndinokumbira kwauri, *undiʋudze* kuti
muprofita unoreʋa aniko aciɗaro?
*Unoȥireʋa* iye amene, kana mumŋe?
35 Ipapo Firipo akashamisa muromo
wake, akataŋga parugwaro urwu, aka-
muparidzira Jesu. 36 Ȥino ʋakati
ʋacifamba munzira, ʋakaşika pane-
mvura; muranda akati: Heyi mvura;
cinyiko ciŋgadziʋisa ndirege kubapa-
tidzwa? 37 [Firipo akati: Kana uci-
tenda nomŋoyo wako wose, ȥiŋgaitwa.
Akapindura, akati: Ndinotenda kuti
Jesu ndiye Mŋanakomana waMŋari.]
38 Akaraira kuti ŋgoro imire; ʋaka-
ɓurukira ʋose mumvura, iye Firipo
nomuranda; akamubapatidza. 39 Ȥino
ʋakati ʋaciɓuɗa mumvura, Mŋeya
waShe ukabvisa Firipo; muranda aka-
sazomuʋona ȥe; nokuti wakafamba
rwendo rwake, acifara. 40 Asi Firipo
wakawanika paAzoto, akapota nyika
aciparidza Evaŋgeri pamaguta ose,
kuşikira paKesaria.

*Kutendeʋuka kwaSauro.*

(Maɓasa 22. 1–16; 26. 9–18.)

9 1 Asi Sauro aciŋgoraŋgarira ku-
tyisa nokuʋuraya ʋadzidzi ʋaShe,
wakaenda kumuprista mukuru,
2 akakumbira kwaari magwaro *okuenda
nawo* Damasko kumasinagoge, kuti kana
awana ʋamŋe ʋaiʋa ʋeNzira iyo,
ʋarume kana ʋakadzi, aʋuye naʋo
Jerusarema ʋakasuŋgwa. 3 Ȥino wa-
kati ari parwendo, osweɗera pedyo
neDamasko, kamŋe-kamŋe ciedza ca-
kabva kuɗeŋga cikamupenyera pamatiʋi
ose, 4 akawira pasi, akanzwa inzwi
riciti kwaari: Sauro, Sauro, unondita-
mbudzireiko? 5 Iye akati: Ndimi
aniko, Ishe? *Akati:* Ndini Jesu wa-
unotambudza; [ȥinokuremera kupfura
ȥiɓayiso. 6 Iye aciɗeɗera nokutya,
akati: Ishe, munoɗa kuti ndiiteiko?
Ishe *akati* kwaari:] Simuka, uende
muguta, ucandoʋudzwa ȥaunofanira
kuita. 7 Ʋarume ʋaiʋa parwendo
naye, ʋakamira ʋanyerere, ʋacinzwa
inzwi, asi ʋasiŋgaʋoni munhu. 8 Ȥino
Sauro akasimuka pasi; asi aciȿinudza
meso ake, haana-kuʋona cinhu; ʋaka-
muɓata ruʋoko, ʋakaenda naye Da-
masko. 9 Akaita mazuʋa matatu,
asiŋgaʋoni, asiŋgadyi, asiŋganwi cinhu.

10 Ȥino paDamasko pakaŋga pano-
mumŋe mudzidzi, wainzi Ananiasi;
Ishe akati kwaari neȥaakaratidzwa:
Ananiasi! Iye akati: Ndiri pano Ishe!
11 Ishe *akati* kwaari: Simuka, uende
munzira yomuguta inonzi Yakarurama,
ubvunze mumba maJudasi, munhu
unonzi Sauro weTarso; nokuti tarira,
unonyeŋgetera; 12 naiye wakaʋona
murume, unonzi Ananiasi acipinda,
aciisa maʋoko ake pamsoro pake, kuti
aʋone ȥe. 13 Ȥino Ananiasi akapi-
ndura, akati: Ishe, ndakanzwa naʋanhu
ʋazhinji ȥomunhu uyu, kuti wakaitira
ʋatşene ʋenyu paJerusarema ȥakaipa
ȥizhinji; 14 napano unesimba *raaka-
piwa* naʋaprista ʋakuru, kuti asuŋge
ʋose ʋanonamata nezita renyu. 15 Asi
Ishe akati kwaari: Enda, nokuti iye
mudziyo wakasanaŋgurwa neni, kuti
aende nezita raŋgu kuʋahedeni, nama-
dzimambo, nokuʋana ʋaIsraeri; 16 no-
kuti ndicamuratidza ȥose, ȥaaca-
fanira kutamburira nokuda kwezita
raŋgu. 17 Ipapo Ananiasi akaenda
akapinda mumba, akaisa maʋoko ake
pamsoro pake, akati: Sauro, hama, Ishe
Jesu, wakaȥiratidza kwauri munzira
yawakaʋuya nayo, wakandituma, kuti
uʋone ȥe, uzadzwe noMŋeya Mutşene.
18 Pakarepo pameso ake pakabva
*ȥinhu* ȥineŋge mafunhurwa, akaʋona ȥe;
akasimuka, ndokubapatidzwa; 19 aka-
dya ȥokudya, ndokusimbiswa.
Akagara naʋadzidzi paDamasko ma-
mŋe mazuʋa. 20 Pakarepo akaparidza
Jesu mumasinagoge, kuti ndiye Mŋana-
komana waMŋari. 21 Ʋose ʋakaȥi-
nzwa ʋakashamiswa, ʋakati: Ko uyu
haazi iye waiparadza ʋaidana kuzita
iri paJerusarema here, akaʋuyira iȥoȥo
pano, kuti aende naʋo ʋakasuŋgwa
kuʋaprista ʋakuru? 22 Asi Sauro
wakaramba acisimbiswa, akakunda ʋa-
Juda ʋakaŋga ʋagere Damasko, acira-
tidza kuti *Jesu* ndiye Kristu.

*Sauro.unodziŋgwa paDamasko neJerusarema.*

23 Ȥino mazuʋa mazhinji akati apera,
ʋaJuda ʋakaraŋgana kuti ʋamuʋuraye.
24 Asi kuraŋgana kwaʋo kwakazi-
kanwa naSauro. Ʋakarinda ʋo masuʋo
masikati noʋusiku, kuti ʋamuʋuraye.
25 Ȥino ʋadzidzi ʋake ʋakamutora
ʋusiku, ʋakamuɓurasa naparuşiŋgo,
ʋamuisa mudeŋgu.
26 Ȥino wakati aşika Jerusarema,
akaidza kufambidzana naʋadzidzi; asi
iʋo ʋakamutya ʋose, ʋasiŋgatendi kuti
waʋa mudzidzi. 27 Ȥino Barnabasi
akamutora, akaenda *naye* kuʋaapostora,
ndokuʋarondedzera kuti wakaʋona
Ishe munzira, ʋuye kuti wakataura
naye, ʋuye kuti wakaparidza nezita
raJesu paDamasko asiŋgatyi. 28 Aka-
gara naʋo paJerusarema, acifambi-
dzana naʋo, 29 akaparidza nezita raShe
asiŋgatyi. Akataura nokuita nharo
naʋaJuda ʋaitaura ciGiriki; asi iʋo ʋa-
kaidza kumuʋuraya. 30 Ȥino hama
dzakati dziciȥiziʋa, dzikamuɓurusira
Kesaria, ndokumutumira Tarso.
31 Ȥino kereke yakaŋga inorugare
paJudea rose, neGarirea, neSama-
ria, ikasimbiswa; ikawedzerwa, icifamba
icitya Ishe, icinyaradzwa noMŋeya Mu-
tşene.

*Kuporeswa kwaEneasi.*

32 Ȥino Petro wakati acipote-nyika
kwose, akaɓurukira ʋo kuʋatşene ʋa-
kaŋga ʋagere Rida. 33 Akawana'po
mumŋe munhu, wainzi Eneasi, wakaŋga
aʋete panhoʋo makore masere, mitezo
yake yakafa. 34 Petro akati kwaari:
Eneasi, Jesu Kristu unokuporesa; si-
muka, uȥiwarire nhoʋo dzako! Akasi-
muka pakarepo. 35 Ȥino ʋose ʋakaŋga
ʋagere Rida neSaroni ʋakamuʋona,
ʋakatendeʋukira kunaShe.

*Kumutswa kwaTabita parufu.*

36 Ȥino paJopa pakaŋga panomu-
kadzi *waiʋa* mudzidzi, wainzi Tabita,
ndokuti Dorkasi, kana ȥicishandurwa.
Iye waishiŋgaira ȥikuru pamaɓasa
akanaka neȥipo. 37 Ȥino namazuʋa
iwayo iye akarwara, ndokufa. Ʋakati
ʋamushambidza, ʋakamuisa muimba
yokumsoro. 38 Ȥino Rida ȥawakaŋga
uri pedyo neJopa, ʋadzidzi ʋakati
ʋanzwa kuti Petro uri'po, ʋakatumira
kwaari ʋanhu ʋaʋiri, kuti ʋandoku-
mbira ȥikuru kwaari, *ʋaciti*: Usanonoka
hako kuʋuya kwatiri. 39 Ipapo Petro
akasimuka, akaenda naʋo. Wakati
aşika, ʋakamuisa kuimba yokumsoro;
cirikadzi dzose dzikamira naye dzici-
cema, ʋakamuratidza ȥokufuka ne-
ŋguʋo, dzaʋakaŋga ʋaitirwa naDorkasi,
aciri naʋo. 40 Ȥino Petro akaʋa-
ɓudisira panze ʋose, akafugama, aka-
nyeŋgetera, ndokutendeʋukira kumu-
tumbu, akati: Tabita, muka! Akaşi-

nura meso ake; ȥino wakati aciʋona
Petro, akagara. 41 Akamuɓata noru-
ʋoko rwake, akamusimudza; akaɗana
ʋatşene necirikadzi, akamuisa pamberi
paʋo ari mupenyu. 42 Ȥikazikanwa
naʋose paJopa; ʋazhinji ʋakatenda
kunaShe. 43 Ipapo akagara mazuʋa
mazhinji paJopa, kunomumŋe Simoni,
musuki wamatebge.

*Kornerio unobapatidzwa.*

10 1 Ȥino kwakaŋga kunomu-
mŋe murume paKesaria, wainzi
Kornerio, mukuru wezana we-
hondo yainzi yeItaria, 2 munhu,
wainamata nowaitya Mŋari, iye na-
ʋeimba yake yose, waipa ʋanhu ȥipo
ȥizhinji, nokunyeŋgetera kunaMŋari
misi yose. 3 Ȥino neŋguʋa ineŋge
yepfumbamŋe yezuʋa akaʋona kwaȥo,
neȥaakaratidzwa, mutumŋa waMŋari
acipinda kwaari, aciti kwaari: Kornerio!
4 Iye akamutarisisa, akatya, akati:
Cinyiko Ishe? Akati kwaari: Minye-
ŋgetero yako neȥipo ȥako ȥakwira pa-
mberi paMŋari, ȥaraŋgarirwa. 5 Ȥino
tuma ʋarume Jopa kundoɗana Simoni,
unotumidzwa Petro. 6 Unogara no-
mumŋe *unonzi* Simoni, musuki wama-
tebge, imba yake iri paguŋgwa. 7 Ȥino
mutumŋa, wakataura naye, wakati abva,
akaɗana ʋaranda ʋake ʋaʋiri nomurwi
wakarurama pakati paʋaisimushumira,
8 akaʋaʋudza ȥose, ndokuʋatumira
Jopa.
9 Ȥino fume maŋgwana ʋaciri pa-
rwendo, ʋaʋa pedyo neguta, Petro
akakwira pamsoro peimba kundonye-
ŋgetera neŋguʋa ineŋge yecitanhatu.
10 Akaziya kwaȥo, akaɗa kudya; ȥino
ʋakati ʋacagadzira, akaɓatwa mŋeya;
11 akaʋona ɗeŋga razarurwa, necimŋe
cinhu ciciɓuruka somuceka mukuru
unoɓurusirwa pasi *wakasuŋgwa* miromo
minna. 12 Maiʋa nemhuka dzose
dzinamakumbo manna neȥinokambaira
ȥenyika, neshiri dzeɗeŋga. 13 Inzwi
rikaʋuya kwaari, *riciti*: Simuka Petro,
ɓaya, udye. 14 Asi Petro akati:
Kwete, Ishe, nokuti handina-kuto-
ŋgodya cinhu cisakanaka, cinetşina.
15 Ipapo inzwi *rikavuya* ȥe kwaari
rwecipiri, *riciti*: Cakanatswa naMŋari,
usati, cinetşina iwe. 16 Iȥoȥo ȥikaitwa
katatu, cinhu cikakwidzwa pakarepo
kuɗeŋga.
17 Ȥino Petro wakati acakaŋganiswa
mumŋoyo make, kuti ciratidzo caakaŋga
aʋona caireʋei, tarira ʋarume ʋakaŋga
ʋatumŋa naKornerio, ʋamira pasuʋo
ʋacibvunza imba yaSimoni; 18 ʋaka-
ɗana, ʋakabvunza kana Simoni, unonzi
Petro, agere'po. 19 Ȥino Petro, aca-
fuŋga ciratidzo, Mŋeya akati kwaari:
Tarira, ʋarume ʋatatu ʋanokutşaka.
20 Ȥino simuka, uɓuruke, uende naʋo,
usiŋganyunyuti, nokuti ndini ndaʋa-
tuma. 21 Ipapo Petro akaɓurukira
kuʋarume aʋo, akati kwaʋari: Tarirai,
ndini wamunotşaka; shoko ramaʋuyira
ndereiko? 22 Ʋakati: Kornerio, mu-
kuru wezana, murume wakarurama,
unotya Mŋari, unorumbidzwa norudzi
rwose rwaʋaJuda, wakarairwa naMŋari
nomutumŋa mutşene, kuti akuɗanei
kuzoʋuya mumba make, kuti anzwe
mashoko kwamuri. 23 Ipapo aka-
ʋaɗana mumba, akati ʋagare'po.
Fume maŋgwana akasimuka, akaenda
naʋo; nedzimŋe hama dzapaJopa dzi-
kamuperekedza. 24 Fume ȥe maŋgwa-
na akapinda Kesaria. *Ȥino* Kornerio
wakaŋga akaʋamirira, akakokera hama
dzake neshamŋari dzake dzaiɗikanwa.
25 Ȥino Petro wakati acipinda, Korne-
rio akamuciŋgamidza, akawira pasi
petsoka dzake, akamunamata. 26 Asi
Petro wakamusimudza, akati: Simuka,
neni ndiri munhu ʋo. 27 Ȥino wakati
acataura naye, akapinda, akawana ʋa-
zhinji ʋakaʋuŋgana, 28 akati kwaʋari:
Imi munoziʋa kuti haȥina-kufanira
kuti muJuda afambidzane nomunhu
worumŋe rudzi, kana kuʋuya kwaari.
Asi Mŋari wakandiratidza, kuti ndirege
kuti munhu ɦaana-kunaka, kana kuti
unetşina; 29 naiȥoȥo ndaʋuya, ndi-
siŋgarambi, ȥandaɗanwa; ȥino ndino-
bvunza kuti mandiɗanireiko. 30 Ko-
rnerio akati: Aʋa mazuʋa manna
kuşikira ŋguʋa ino, ini ndakaŋga
ndicinyeŋgetera mumba maŋgu ne-
ŋguʋa yepfumbamŋe; ipapo ndikaʋona
murume amire pamberi paŋgu, ane-
ŋguʋo dzinopenya, 31 akati: Kornerio,
kunyeŋgetera kwako kwanzwika, neȥipo
ȥako ȥaraŋgarirwa naMŋari. 32 Na-
iȥoȥo citumira ʋanhu Jopa, uɗane
Simoni, unonzi Petro; unogara mumba
maSimoni musuki wamatebge, pagu-
ŋgwa. 33 Naiȥoȥo ndakakurumidza
kutuma kwamuri; ȥino maiʋa ȥakanaka,
ȥamaʋuya. Ȥino isu tose tiri pano
pamberi paMŋari, kuti tinzwe ȥose

ȥamarairwa naShe. 34 Ipapo Petro
akashamisa muromo wake, akati:
Ȥirokwaȥo, ndinoʋona kuti Mŋari
haazi mutsauri waʋanhu; 35 asi pa-
rudzi rupi norupi, munhu, unomutya,
aciita ȥakarurama, unogamucirwa naye.
36 *Ndiro* shoko, raakatuma kuʋana
ʋaIsraeri, aciparidza mashoko akanaka
orugare naJesu Kristu (ndiye Ishe
waʋose). 37 Imi munoziʋa shoko iro
rakaparidzwa paJudea rose, rakataŋga
paGarirea, shure kwokubapatidza kwa-
kaparidzwa naJohane; 38 raJesu we-
Nazareta, kuti Mŋari wakamuzodza
noMŋeya Mutşene nesimba; iye wai-
pote-nyika, aciita ȥakanaka, aciporesa
ʋose ʋakamanikidzwa naDiaborosi; no-
kuti Mŋari waiʋa naye. 39 Nesu
tiri ȥapupu ȥaȥose, ȥaakaita munyi-
ka yaʋaJuda nomuJerusarema; ndiye
waʋakaʋuraya, ʋacimuturika pamuti.
40 Ndiye wakamutswa naMŋari nezuʋa
retatu, akamupa *simba* kuti aʋonekwe
pacena; 41 *akasavonekwa* naʋanhu
ʋose, asi neȥapupu ȥakagara ȥatsaurwa
naMŋari, iyesu, taidya nokunwa naye,
amuka kuʋakafa. 42 Akatiraira kuti
tiparidzire ʋanhu, nokupupura kwa-
ȥo kuti ndiye wakagadzwa naMŋari,
*kuti ave* Mutoŋgi waʋapenyu naʋakafa.
43 Ʋaprofita ʋose ʋanomupupurira
kuti nezita rake mumŋe nomumŋe
unotenda kwaari ucapiwa kaŋganwiro
yeȥiʋi.
44 Petro wakati acataura mashoko
awa, Mŋeya Mutşene akaɓuruka pa-
msoro paʋose, ʋakanzwa shoko.
45 Ȥino ʋatendi ʋokudziŋgisa, ʋakaŋga
ʋaʋuya naPetro, ʋakashamiswa, nokuti
cipo coMŋeya Mutşene cakaŋga caɗu-
rurwa pamsoro paʋahedeni ʋo; 46 no-
kuti ʋakaʋanzwa ʋacitaura ne*dzimŋe*
ndimi, ʋacirumbidza Mŋari. Ipapo
Petro akapindura, akati: 47 Kuno-
munhu here uŋgadziʋisa mvura, kuti
aʋa, ʋakapiwa Mŋeya Mutşene sesu,
ʋarege kubapatidzwa? 48 Ȥino aka-
raira kuti ʋabapatidzwe muzita raJesu
Kristu. Ipapo ʋakakumbira kwaari,
kuti ambogara mamŋe mazuʋa.

*Petro unoȥiɗavirira paJerusarema.*

11 1 Ȥino ʋaapostora nehama,
ʋaiʋa paJudea, ʋakanzwa kuti
ʋahedeni ʋakagamucira ʋo
shoko raMŋari. 2 Ȥino Petro wakati
akwira Jerusarema, *vatendi* ʋokudzi-
ŋgisa ʋakaita nharo naye, 3 ʋaciti:
Wakapinda iwe kuʋarume ʋasina-
kudziŋgiswa, ukadya naʋo. 4 Ȥino
Petro akataŋga kuʋarondedzera *ȥose,*
ȥiciteʋedzana, aciti: 5 Ndakaŋga ndiri
muguta reJopa, ndicinyeŋgetera; ndi-
kaɓatwa mŋeya, ndikaʋona ciratidzo;
cimŋe cinhu cakaɓuruka, cineŋge mu-
ceka mukuru unoɓuruswa kuɗeŋga
*wakasuŋgwa* miromo minna, cikaşika
kwandiri; 6 ndakati ndacitarisisa,
nokucerekedza, ndikaʋona mhuka dze-
nyika dzinamakumbo manna neȥikara,
neȥinokambaira, neshiri dzeɗeŋga,
7 ndikanzwa ʋo inzwi riciti kwandiri:
Simuka Petro, ɓaya, udye. 8 Asi ini
ndikati: Kwete Ishe, nokuti mumu-
romo maŋgu hamuna-kumbopinda
cinhu cisakanaka, cinetşina. 9 Asi
inzwi rakapindura rwecipiri, ricibva
kuɗeŋga, *riciti*: Ico cakanatswa na-
Mŋari, iwe usati, hacina-kunaka.
10 Iȥoȥi ȥakaitwa katatu, ȥose ȥika-
kwidzwa ȥe kuɗeŋga. 11 Ipapo, tarira,
pakarepo ʋarume ʋatatu ʋamira pa-
mberi peimba, matakaŋga tiri, ʋakaŋga
ʋatumirwa kwandiri, ʋacibva Kesaria.
12 Ipapo Mŋeya wakandiʋudza, kuti
ndiende naʋo, ndisiŋganyunyuti. Ne-
hama idzi nhanhatu ʋo dzakandipere-
kedza, tikapinda mumba momurume
*uyu.* 13 Iye akatiʋudza ʋo kuti waka-
ʋona mutumŋa amire mumba make,
aciti: Tumira Jopa, uɗane Simoni,
unonzi Petro; 14 iye ucakuʋudza
mashoko aucaponeswa nawo, iwe ne-
mhuri yako yose. 15 Ȥino ndakati
ndicataŋga kutaura, Mŋeya Mutşene
akaɓuruka pamsoro paʋo, sapamso-
ro peɗu ʋo pakutaŋga. 16 Ini ndi-
karaŋgarira shoko raShe, rokuti: Jo-
hane wakabapatidza nemvura, asi imi
mucabapatidzwa muMŋeya Mutşene.
17 Ȥino kana Mŋari akaʋapa cipo ico
caakatipa isu, pakutenda kweɗu kuna-
She Jesu Kristu, ini ndaigoʋa ani, wai-
gona kudziʋisa Mŋari? 18 Ȥino ʋakati
ʋanzwa iȥoȥo, ʋakanyarara, ʋakakudza
Mŋari, ʋaciti: Ȥirokwaȥo, Mŋari wa-
kapa ʋahedeni ʋo kutendeʋuka kwo-
ʋupenyu.

*Barnabasi naSauro vanoparidza paAntiokia.*

19 Ȥino aʋo ʋakaparadzirwa nokuta-
mbudzika kwakamuka pamsoro pa-
Stefano, ʋakaenda kuşikira paFenikia,

neKupro, neAntiokia, ʋasiŋgatauri sho-
ko kumunhu, asi kunaʋaJuda ɓedzi
20 Ȥino pakati paʋo paiʋa naʋamŋe
ʋarume ʋeKupro neKurini; iʋo ʋakati
ʋaşika Antiokia, ʋakataura kuʋaGiriki
ʋo, ʋaciparidza Ishe Jesu. 21 Ruʋoko
rwaShe rukaʋa naʋo, ʋazhinji ʋa-
katenda, ʋakatendeʋukira kunaShe.
22 Mashoko aʋo akanzwika nekereke
paJerusarema, ʋakatuma Barnabasi kuti
aende Antiokia. 23 Iye wakati aşika,
akaʋona nyasha dzaMŋari, akafara;
akaraira ʋose kuti ʋanamatire Ishe
nomŋoyo wakasimba; 24 nokuti waiʋa
murume wakanaka, azere noMŋeya
Mutşene nokutenda; ʋazhinji-zhinji
ʋakawedzerwa kunaShe. 25 Iye aka-
enda Tarso acindotşaka Sauro. 26 Ȥino
wakati amuwana, akaʋuya naye Antio-
kia. Ipapo ʋakaʋuŋgana nekereke
gore rose, ʋakadzidzisa ʋanhu ʋazhinji-
zhinji; paAntiokia ʋadzidzi ʋakataŋga
kunzi Ʋakristu.
27 Namazuʋa iwayo ʋaprofita ʋaka-
ɓuruka ʋacibva Jerusarema, ʋaka-
enda Antiokia. 28 Mumŋe waʋo
wainzi Agabo, akasimuka, ndoku*ʋazi*-
*ʋisa* noMŋeya kuti nzara huru icaʋa'po
panyika yose; iyo ikaşika paŋguʋa ya-
Kraudio. 29 Ipapo ʋadzidzi ʋaka-
tenderana, kuti mumŋe nomumŋe
paaigona napo atume ȥiŋgaɓatsira
hama dzigere Judea. 30 Ʋakaita ku-
ɗaro, ʋakaȥitumira naBarnabasi na-
Sauro kuʋakuru.

*Petro unosuŋgwa naHerode, ndokuɓuɗiswa nomutumŋa waShe.*

12 1 Ȥino neŋguʋa ineŋge iyeyo
mambo Herode akatambanudza
maʋoko ake kuti atambudze
ʋamŋe ʋekereke; 2 akaʋuraya Jako-
bo, mukuru waJohane, nomunondo.
3 Ȥino wakati aciʋona kuti ȥafadza
ʋaJuda, ndokupfuʋura akaɓata Petro
ʋo. Aiʋa mazuʋa eȥiŋgwa ȥisinembi-
riso. 4 Ȥino wakati amuɓata, akamu-
suŋga mutoroŋgo, akamuisa kumapoka
manna, *rimŋe nerimŋe* rinaʋarwi ʋanna,
kuti ʋamurinde, aciti amuise pamberi
paʋanhu, kana paseka yapfuʋura.
5 Naiȥoȥo Petro akaceŋgetwa muto-
roŋgo; asi wakaŋga acinyeŋgetererwa
ȥikuru nekereke kunaMŋari. 6 Ȥino
Herode wakati oɗa kumuɓuɗisa, ʋusiku
ibgobgo Petro wakaŋga aʋete pakati
paʋarwi ʋaʋiri, akasuŋgwa namaketani
maʋiri; naʋarindi ʋakaŋga ʋacirinda
toroŋgo pamberi pomukoʋa. 7 Ipapo,
tarira, mutumŋa waShe akamira'po,
ciedza cikapenya mumba; akaroʋa
Petro parutiʋi, ndokumumutsa, aciti:
Muka, ukurumidze. Ipapo maketani
akawa pamaʋoko ake. 8 Mutumŋa
akati kwaari: Ȥisuŋge ciʋuno, usu-
ŋgire shaŋgu dzako. Akaita saiȥoȥo.
Akati kwaari: Fuka ŋguʋo yako, undi-
teʋere. 9 Akaɓuɗa, akamuteʋera, asi-
ŋgaziʋi kuti ȥirokwaȥo ȥinoitwa nomu-
tumŋa; asi wakati ndinoʋona ciratidzo.
10 Ȥino ʋakati ʋapfuʋura murindi
wokutaŋga nowecipiri, ʋakaşika pasuʋo
ramatare, paʋaipinda napo paguta;
rikaŋgoʋazarukira roga; ʋakaɓuɗa,
ʋakapfuʋura neimŋe nzira, mutumŋa
ndokubva kwaari pakarepo. 11 Petro
wakati apeŋgenuka, akati: Ȥino ndi-
noziʋa ȥirokwaȥo kuti Ishe wakatuma
mutumŋa wake, akandirwira paruʋoko
rwaHerode napaȥose ȥakaŋga ȥicifu-
ŋgwa naʋanhu ʋaʋaJuda. 12 Ȥino
wakati araŋgarira *iȥoȥo*, akaenda ku-
mba kwaMaria, mai ʋaJohane, wainzi
Marko; ʋazhinji ʋakaŋga ʋakaʋuŋga-
na'po, ʋacinyeŋgetera. 13 Ȥino wakati
agogodza pagonhi resuʋo, musikana
wainzi Rode akaʋuya kuzoterera.
14 Iye akati acinzwa inzwi raPetro,
akasazarura suʋo nomufaro, asi waka-
mhanyira mukati akaʋaʋudza kuti
Petro umire pasuʋo. 15 Iʋo ʋakati
kwaari: Unopeŋga. Asi iye wakasi-
mbisa aciti ndiȥoȥo. Iʋo ʋakati:
Mutumŋa wake. 16 Asi Petro waka-
ramba acigogodza; ʋakazozarura, ʋaka-
muʋona, ʋakashamiswa. 17 Ȥino iye
akaʋaninira noruʋoko kuti ʋanyarare,
akaʋarondedzera mutoʋo waakaɓu-
ɗiswa nawo naShe patoroŋgo. Akati:
Ʋudzai Jakobo nehama ȥinhu iȥoȥi;
ndokubva akaenda kumŋe. 18 Ȥino
kwakati kwaedza, ɓope guru rikaʋa'po
pakati paʋarwi, ʋaciti Petro wanzinwi.
19 Herode wakati amutşaka, akamu-
shaiwa, ndokubvunzisisa ʋarindi, aka-
raira kuti ʋandoʋurawa. Ȥino akaɓu-
ruka Judea, akaenda Kesaria, akando-
gara'*ko*.
20 Ȥino akatsamŋira ȥikuru ʋanhu
ʋeTire neSidoni; iʋo ndokuʋuya kwaari
ʋose pamŋe cete, ʋakaita ʋushamŋari
naBrasto, mutariri weimba yamambo,
ʋakakumbira rugare, nokuti nyika yaʋo
yaipiwa ȥokudya ne*nyika* yamambo.

21 Ipapo nezuʋa rakaŋga ratarwa,
Herode akafuka ŋguʋo dzoʋumambo,
akagara pacigaro cake coʋushe, aka-
taura kwaʋari. 22 Ipapo ʋanhu ʋaka-
ɗanidzira *ʋaciti*: Inzwi raMŋari, harizi
romunhu. 23 Pakarepo mutumŋa wa-
She ukamuroʋa, nokuti wakaŋga asina-
kukudza Mŋari; akadyiwa nehonye,
akafa.
24 Asi shoko raMŋari rakakura, ri-
kawanda.
25 Ȥino Barnabasi naSauro, ʋakati
ʋapedzisa ɓasa *raʋo*, ʋakadzokera
Jerusarema, ʋakaenda naJohane, wainzi
Marko.

*Barnabasi naSauro ʋanotumŋa kuʋahedeni.*

13 1 Ȥino pakereke yapaAntiokia
paiʋa naʋaprofita naʋadzidzisi,
ʋaiti: Barnabasi naSimeoni,
wainzi Nigeri, naRukio weKurini, na-
Manaeni wakaŋga arerwa pamŋe cete
naHerode muɓati, naSauro. 2 Ʋakati
ʋacishumira Ishe, nokuȥinyima ȥokudya,
Mŋeya Mutşene akati: Nditsaurirei
Barnabasi naSauro kuɓate-ɓasa randa-
kaʋaɗanira. 3 Ipapo ʋakaȥinyima ȥo-
kudya, ʋakanyeŋgetera, ʋakaisa maʋoko
pamsoro paʋo, ndokuʋaendisa.

*Ʋanodziʋiswa naErimasi paPafosi.*

4 Naiȥoȥo ʋakati ʋatumŋa noMŋeya
Mutşene, ʋakaɓurukira Serukia; ʋaka-
bva'po, ʋakaenda Kupro necikepe.
5 Ʋacişika paSarami, ʋakaparidza sho-
ko raMŋari mumasinagoge aʋaJuda.
Ʋakaŋga ʋanaJohane ʋo, waiʋa mu-
ɓatsiri waʋo. 6 Ʋakati ʋagura ciwi
cose kuşikira paPafosi, ʋakawana imŋe
ŋaŋga, waiʋa muprofita wenhema,
muJuda, zita rake rainzi Bari-Jesu.
7 Waigara pamuɓati wenyika, *wainzi*
Sergio Pauro, munhu wakacenjera.
Iye ndokuɗana Barnabasi naSauro,
acitşaka kunzwa shoko raMŋari. 8 Asi
ŋaŋga *iyo* Erimasi (nokuti ndiro zita
rake, kana ricishandurwa), akaʋadziʋisa,
acitşaka kutsausa muɓati pakutenda.
9 Asi Sauro (ndiye Pauro ʋo), azere
noMŋeya Mutşene, akamutarisisa,
akati: 10 Iwe, uzere nokunyeŋgera
kwose namano akaipa ose, mŋanako-
mana waDiaborosi, muʋeŋgi wokuru-
rama kwose, hauregi here kutsausa
nzira dzakarurama dzaShe? 11 Ȥino,
tarira, ruʋoko rwaShe ruri pamsoro
pako; ucaʋa ɓofu, ucaita ŋguʋa usi-
ŋgaʋoni zuʋa. Pakarepo mhute nerima
ȥikamuwira; akapota-pota, acitşaka
ʋaŋgamusesedza noruʋoko. 12 Ȥino
muɓati wakati aciʋona ȥaitika, akatenda,
akashamiswa nedzidziso yaShe.

*Pauro unoparidza paAntiokia paPisidia.*

13 Ȥino Pauro naʋaiʋa naye, ʋakabva
Pafosi, ndokuşika Perga muPamfiria;
Johane akabva kwaʋari, ndokudzokera
Jerusarema. 14 Asi iʋo ʋakabva Perga,
ʋakaşika Antiokia paPisidia; ʋaka-
pinda musinagoge nezuʋa resaɓata,
ndokugara pasi. 15 Ȥino murairo
naʋaprofita ȥakati ȥarabga, ʋaɓati ʋesi-
nagoge ʋakatuma *shoko* kwaʋari,
ʋaciti: Ʋarume, hama, kana mune-
shoko rokuʋaraidza ʋanhu, taurai
henyu. 16 Ipapo Pauro akasimuka,
akaʋaninira noruʋoko, akati:
Ʋarume ʋaIsraeri, nemi munotya
Mŋari, tererai: 17 Mŋari waʋanhu
aʋa ʋaIsraeri wakasanaŋgura madzi-
ɓaɓa edu, akakudza ʋanhu *aʋa*, ʋaciri
ʋatorwa munyika yeEgipita; akaʋa-
ɓuɗisa mairi noruʋoko runesimba,
18 akaʋa nomŋoyo murefu nemitoʋo
yaʋo murenje makore aneŋge makumi
manna, 19 akaparadza marudzi ma-
nomŋe munyika yeKanani, akaʋagoʋera
nyika yaʋo nemijenya, iʋe nhaka yaʋo
makore aneŋge mazana manna nama-
kumi mashanu. 20 Shure kwaiȥoȥo
aka*ʋa*pa ʋatoŋgi kuşikira kumuprofita
Samueri. 21 Pashure ʋakakumbira
mambo; Mŋari akaʋapa Sauro, mŋana-
komana waKisi, murume worudzi
rwaBenjamini, makore makumi manna.
22 Akamubvisa akamutsa Davidi, kuti
aʋe mambo waʋo, waakapupura, aciti:
Ndawana Davidi, mŋanakomana wa-
Jese murume womŋoyo waŋgu, ucaita
kuɗa kwaŋgu kwose 23 Parudzi rwa-
iyeyo, Mŋari akamutsira ʋaIsraeri
Muponesi Jesu, seȥaakaŋga *aʋa*pikira;
24 iye asati aşika, Johane akambo-
paridzira ʋanhu ʋaIsraeri rubapatidzo
rwokutendeʋuka. 25 Ȥino Johane
wakati opedzisa ɓasa rake, akati:
Munoti, ndini aniko? Handizi *iye*.
Asi tarirai, shure kwaŋgu m'umŋe uno-
ʋuya, wandisakafanira kuti ndisunu-
ŋgure shaŋgu dzetsoka dzake. 26 Ʋa-
rume, hama, ʋana ʋorudzi rwaAbra-
hama, naʋari pakati penyu ʋanotya

Mŋari, shoko roruponeso urwu rakati-
tumirwa isu. 27 Nokuti ʋaigara Jeru-
sarema naʋaɓati ʋaʋo, ȥaʋakaŋga
ʋasiŋgamuziʋi iye, kana manzwi aʋa-
profita, anorabga saɓata rimŋe nerimŋe,
ʋaka*az*adzisa paku*ʋnu*pa mhaka *kwaʋo*.
28 Kunyaŋge ʋasina-kuwana mhoşa
yorufu *kwaari*, ʋakakumbira kuna-
Pirato kuti aʋurawe. 29 Ȥino ʋakati
ʋapedza ȥose ȥakanyorwa pamsoro
pake, ʋakamuturura pamuti, ʋakamu-
ʋiga mubgiro. 30 Asi Mŋari waka-
mumutsa kuʋakafa; 31 akaʋonekwa
mazuʋa mazhinji naʋakaŋga ʋakwira
naye Jerusarema, ʋacibva Garirea, aʋo
ʋari ȥapupu ȥake ȥino kuʋanhu. 32 Isu
tinokuparidzirai cipikirwa cakaitirwa
madziɓaɓa *edu*. 33 Kuti Mŋari waka-
ciita kuʋana ʋeɗu, acimutsa Jesu;
seȥakanyorwa ʋo paPisarema recipiri,
*panoti*: Ndiwe Mŋanakomana waŋgu,
nhasi ndakakuɓereka. 34 Ʋuye *kura-
tidza* kuti wakamumutsa kuʋakafa,
kuti arege kuzodzokera ȥe kukuʋora,
wakareʋa kuɗai: Ndicakupai *miko-
mborero* mitşene inotendwa yaDavidi.
35 Nokuti unoreʋa panerimŋe *Pisa-
rema*, aciti: Hamuŋgaisi Mutşene wenyu
kuti aʋone kuʋora. 36 Nokuti Davidi
wakati aita kuɗa kwaMŋari parudzi
rwake, akaʋata *rufu*, akaʋigwa kunama-
dziɓaɓa ake, akaʋona kuʋora. 37 Asi
uyu, wakamutswa naMŋari haana-
kuʋora. 38 Naiȥoȥo ʋarume, hama,
muziʋe imi, kuti kaŋganwiro yeȥiʋi
noyuyu inokuparidzirwai imi. 39 No-
yuyu, mumŋe nomumŋe unotenda,
unoruramiswa paȥose, ȥamakaŋga musi-
ŋgagoni kururamiswa paȥiri nomurairo
waMosesi. 40 Naiȥoȥo cenjerai, kuti
murege kuwirwa neȥakarebga naʋa-
profita, *ȥinoti*:
41 Tarirai, imi ʋaȥidzi, mushamiswe,
muparare;
Nokuti ndinoɓate-ɓasa pamazuʋa
enyu,
Ɓasa ramucaramba kutoŋgotenda,
kana muciȥiʋudzwa nomunhu.
42 Ȥino ʋakati ʋaciɓuɗa *musinagoge*,
ʋakakumbira ȥikuru kuti ʋaparidzirwe
ȥe mashoko iwayo nesaɓata rinoteʋera.
43 Ȥino *ʋe*sinagoge ʋakati ʋapararira,
ʋaJuda ʋazhinji naʋaproserite ʋaina-
mata Mŋari, ʋakateʋera Pauro na-
Barnabasi; iʋo ʋakataurirana naʋo,
ʋakaʋaraira kuti ʋarambire panyasha
dzaMŋari.
44 Nesaɓata rakateʋera guta rineŋge
rose rakaʋuŋgana kuzonzwa shoko
raMŋari. 45 Ȥino ʋaJuda ʋakati
ʋaciʋona ʋanhu ʋazhinji, ʋakazara
negoɗo, ʋakaramba ȥakarebga naPauro,
ʋacimhura *Mŋari*. 46 Ipapo Pauro
naBarnabasi ʋakataura ʋasiŋgatyi,
ʋakati: Ȥakaŋga ȥakafanira kuti shoko
raMŋari ritaŋge kutaurirwa imi, asi
ȥamariramba, muciti, hamufanirwi
noʋupenyu bgusiŋgaperi, tarirai, ȥino
toenda kuʋahedeni. 47 Nokuti Ishe
wakatiraira saiȥoȥo, *aciti*:
Ndakakuisa kuti uʋe ciedza caʋa-
hedeni,
Kuti uʋe ruponeso kuşikira kumu-
gumo wenyika.
48 Ȥino ʋahedeni ʋakati ʋacinzwa
iȥoȥo, ʋakafara, ʋakakudza shoko raShe;
naʋose ʋakaŋga ʋatarirwa ʋupenyu
bgusiŋgaperi ʋakatenda. 49 Shoko
raShe rikaparidzirwa kunyika yose.
50 Asi ʋaJuda ʋakakurudzira ʋakadzi
ʋainamata *Mŋari*, ʋaikudzwa, naʋakuru
ʋeguta; ʋakamutsira Pauro naBarnabasi
ɗambudziko, ʋakaʋadziŋga munyika
yaʋo. 51 Asi iʋo ʋakazuza guruʋa
patsoka dzaʋo, ʋakaenda Ikonio.
52 Ʋadzidzi ʋakaramba ʋacizadzwa
nomuɗaro noMŋeya Mutşene.

*Pauro naBarnabasi paIkonio neDerbe
neRistra.*

**14** 1 Ȥino paIkonio ʋakapinda
kamŋe ʋose musinagoge raʋa-
Juda, ʋakataura nokuɗaro kuti
ʋazhinji-zhinji ʋaʋaJuda naʋaGiriki
ʋakatenda. 2 Asi ʋaJuda ʋasina-kute-
rera, ʋakamutsa mŋoyo yaʋahedeni,
kuti ʋaʋeŋge hama. 3 Naiȥoȥo ʋaka-
gara'po ŋguʋa refu, ʋacitaura munaShe
ʋasiŋgatyi; iye akapupurira shoko re-
nyasha dzake, akaʋapa *simba* kuti
ȥiratidzo neȥishamiso ȥiitwe namaʋoko
aʋo. 4 Asi ʋanhu ʋazhinji ʋeguta
ʋakapesana, ʋamŋe ʋakaʋa kuʋaJuda,
ʋamŋe kuʋaapostora. 5 Ȥino ʋahedeni,
naʋaJuda, naʋaɓati ʋaʋo ʋakati ʋaci-
ʋaʋarira kuʋaitira ȥakaipa nokuʋataka
namabge; 6 iʋo ʋakaȥiziʋa, ʋakatizira
Ristra neDerbe, *aiʋa* maguta eRikaonia,
nokunyika yakapoteredza; 7 ʋaka-
paridzira Evaŋgeri ikoko.
8 Ȥino paRistra paigara mumŋe mu-
rume wakaŋga asinesimba patsoka
dzake, cirema kubva paɗumbu ramai
ʋake, asina-kutoŋgofamba. 9 Iye waka-

nzwa Pauro acitaura; ȥino iye wakati
acimutarisisa, akaʋona kuti unoku-
tenda kuti uŋgaporeswa, 10 akati
nenzwi guru: Mira kwaȥo netsoka
dzako. Iye akavazuka, akafamba.
11 Ʋanhu ʋazhinji ʋakati ʋaʋona ȥa-
itwa naPauro, ʋakaɗanidzira nororimi
rwaʋaRikaonia, ʋaciti: Ʋamŋari ʋa-
ɓurukira kwatiri, ʋaita saʋanhu.
12 Barnabasi ʋakamutumidza Jupiteri,
naPauro Merkurio, nokuti ndiye waiʋa
mutauri mukuru. 13 Ipapo muprista
waJupiteri waiʋa *netembere* yake pa-
mberi peguta, akaʋuya pamasuʋo ne-
nzombe namaruʋa okushoŋga, aciɗa
kuʋaɓayira, anaʋanhu ʋazhinji naye.
14 Ȥino ʋaapostora, Barnabasi naPau-
ro, ʋakati ʋacinzwa iȥoȥo, ʋakabva-
rura ŋguʋo dzaʋo, ʋakamhanyira pa-
kati paʋanhu ʋazhinji, ʋakaɗanidzira,
15 ʋaciti: Ʋarume, munoitireiko iȥoȥi?
Nesu tiri ʋanhu semi ʋo; tinokupari-
dzirai mashoko akanaka, kuti mubve
panaiȥoȥo ȥisinamaturo, mutendeʋu-
kire kunaMŋari mupenyu wakaita
ɗeŋga napasi, neguŋgwa, neȥose ȥiri
mukati maȥo. 16 Iye, paŋguʋa dza-
kapfuʋura wakatendera ʋahedeni ʋose
kufamba nenzira dzaʋo. 17 Asi haana-
kurega kuȥipupurira, aciita ȥakanaka,
acikupai mvura yokuɗeŋga, neŋguʋa
dzeȥiyo ȥizhinji, acizadza mŋoyo yenyu
neȥokudya nomufaro. 18 Nokutaura
kwaʋo saiȥoȥo, ʋakatambura kwaȥo
kudziʋisa ʋanhu kuti ʋarege kuʋa-
ɓayira.
19 Ipapo ʋaJuda ʋakabva Antiokia
neIkonio, ʋakaşika, ʋakamutsa mŋoyo
yaʋanhu ʋazhinji, ʋakataka Pauro na-
mabge, ʋakamukweʋera kunze kweguta
ʋaciti wafa. 20 Asi ʋadzidzi ʋakati
ʋamukomba, iye akasimuka, akapinda
muguta. Fume maŋgwana akaenda
Derbe naBarnabasi. 21 Ʋakati ʋapa-
ridza Evaŋgeri paguta iro, ʋakaita
ʋadzidzi ʋazhinji, ndokudzokera Ristra,
neIkonio, neAntiokia, 22 ʋacisimbisa
mŋeya yaʋadzidzi, ʋaciʋaraira kuti
ʋatsuŋgirire pakutenda, *ʋaciti*, tino-
fanira kupinda ʋushe bgaMŋari nama-
ɗambudziko mazhinji. 23 Ʋakaʋa-
sanaŋgurira ʋakuru pakereke imŋe
neimŋe, ʋakanyeŋgetera, ʋaciȥinyima
ȥokudya, ʋakaʋaisa kunaShe, waʋai-
tenda. 24 Ʋakagura nePisidia, ndo-
kuşika Pamfiria. 25 Ʋakati ʋaparidza
shoko paPerga, ʋakaɓurukira Ataria.
26 Ʋakabva'po, ʋakaenda Antiokia
necikepe, apo paʋakaŋga ʋaiswa pa-
nyasha dzaMŋari *kuɓate*-ɓasa raʋa-
kaŋga ʋapedzisa *ȥino*. 27 Ʋakati ʋa-
şika, ʋakaʋuŋganidza kereke, ʋakaro-
ndedzera ȥose ȥakaŋga ȥaitwa naMŋari
naʋo, ʋuye kuti wakaŋga azarurira
ʋahedeni mukoʋa wokutenda. 28 Ʋa-
kagara ŋguʋa huru naʋadzidzi.

*Ʋuŋgano paJerusarema pamsoro pokudziŋgiswa nokuceŋgeta murairo waMosesi.*

15 1 Ȥino ʋamŋe ʋakaɓuruka
Judea, ʋakadzidzisa hama, *ʋaciti:*
Kana musiŋgadziŋgiswi netsika
yaMosesi, hamuŋgaponeswi. 2 Asi
Pauro naBarnabasi ʋakapesana kwaȥo
naʋo, nokuita nharo naʋo, ʋakazote-
nderana kuti Pauro naBarnabasi na-
ʋamŋe ʋaʋo ʋakwire Jerusarema kuʋa-
apostora naʋakuru pamsoro peshoko iri.
3 Naiȥoȥo ʋakaperekedzwa nekereke,
ʋakagura neFenike neSamaria, ʋaka-
taura ȥokutendeʋuka kwaʋahedeni;
ʋakafadza ȥikuru hama dzose. 4 Ȥino
ʋakati ʋaşika Jerusarema, ʋakagamu-
cirwa nekereke, naʋaapostora, naʋa-
kuru; ʋakarondedzera ȥose ȥakaitwa
naMŋari naʋo. 5 Asi *ʋamŋe* ʋedzi-
dziso yaʋaFarise, ʋaitenda, ʋakasimuka,
*ʋakati*, ʋanofanira kudziŋgiswa noku-
rairwa kuti ʋaceŋgete murairo wa-
Mosesi.
6 Ipapo ʋaapostora naʋakuru ʋaka-
ʋuŋgana kuti ʋaraŋgane pamsoro pe-
shoko iri. 7 Ȥino, nharo huru dzakati
dzaʋa'po, Petro akasimuka akati kwa-
ʋari:
Ʋarume, hama, munoziʋa kuti kubva
pamazuʋa akare Mŋari wakandisa-
naŋgura pakati penyu, kuti ʋahedeni
ʋanzwe shoko reEvaŋgeri nomuromo
waŋgu, ʋatende. 8 Ȥino Mŋari, muziʋi
womŋoyo, wakaʋapupurira, akaʋapa
Mŋeya Mutşene sesu; 9 haana-
kutsaura pakati peɗu naʋo, ȥaakanatsa
mŋoyo yaʋo nokutenda. 10 Naiȥoȥo
ȥino, munoidzireiko Mŋari, muciisa
pamitsipa yaʋadzidzi joko, rakaŋga
risiŋgagoni kutakurwa namadziɓaɓa eɗu
kunyaŋge nesu? 11 Asi tinotenda kuti
isu ticaponeswa nenyasha dzaShe Jesu
nomutoʋo mumŋe naʋo.
12 Ipapo ʋanhu ʋazhinji ʋose ʋaka-
ramba ʋanyerere, ʋakaterera ʋana-
Barnabasi naPauro ʋacirondedzera ȥira-

tidzo neɀishamiso, ɀakaitwa naMŋari
naʋo pakati paʋahedeni. 13 Ɀino
ʋakati ʋanyarara, Jakobo akapindura,
akati:
Ʋarume, hama, nditererei. 14 Si-
meoni wakarondedzera mutaŋgire wa-
Mŋari kumutsa ʋahedeni, kuti atore
kwaʋari ʋanhu ʋezita rake. 15 Na-
mashoko aʋaprofita anobvumira iɀoɀi;
seɀaɀakanyorwa, *ɀicinzi*:
16 Shure kwaiɀoɀi ndicadzoka,
Ndiʋake tabernakeri yaDavidi, ya-
kawa;
Ndicaʋaka ɀe matoŋgo ayo,
Ndiciimutsa;
17 Kuti ʋakasara kuʋanhu ʋatȿake
Ishe,
Naʋahedeni ʋose ʋakaɗanwa nezita
raŋgu,
18 Ndiɀo ɀinotaura Ishe, unoziʋisa
iɀoɀi ɀose kubva pakutaŋga
kwenyika.
19 Naiɀoɀi ini ndinoti, ŋgatirege ku-
gumbusa aʋo pakati paʋahedeni ʋa-
katendeʋukira kunaMŋari; 20 asi ti-
ʋanyorere kuti ʋarege ɀakashatiswa
neɀifananidzo, noʋupombge, neɀaka-
dzipxa, neropa. 21 Nokuti Mosesi
kubva pamarudzi ekare, waiʋa naʋa-
nomuparidza paguta rimŋe nerimŋe,
acirabga mumasinagoge saɓata rimŋe
nerimŋe.
22 Ipapo ʋaapostora, naʋakuru, ne-
kereke yose, ʋakati ɀakanaka kuti
ʋasanaŋgure ʋarume pakati paʋo, ʋaʋa-
tumire Antiokia pamŋe cete naPauro
naBarnabasi, *ʋaiti*: Judasi, wainzi
Barsabasi, naSirasi, ʋakuru pakati pe-
hama. 23 Ʋakanyora *ŋwadi*, ʋakai-
tuma naʋo, *ʋaiti*: Ʋaapostora naʋakuru
*pa*hama, kuhama dzokuʋahedeni pa-
Antiokia, napaSiria, napaKirikia:
Mufaro! 24 Ɀatakanzwa, kuti ʋamŋe
ʋakabva kwatiri, ʋatisina-kuraira, ʋaka-
kukaŋganisai namashoko, ʋacidziyanisa
mŋeya yenyu, 25 takati nomŋoyo
mumŋe ɀakanaka kuti tisanaŋgure
ʋarume, tiʋatumire kwamuri, pamŋe
cete naBarnabasi naPauro, ʋaɗikanwa
ʋeɗu; 26 ʋanhu ʋakaɀidza ʋupenyu
bgaʋo nokuɗa kwezita raShe weɗu,
Jesu Kristu. 27 Ɀino tatuma Judasi
naSirasi, iʋo ʋanozokuʋudzai ʋamene
iɀoɀi nomuromo. 28 Nokuti Mŋeya
Mutȿene nesu takati ɀakanaka, kuti
tirege kukutakudzai mutoro mukuru
kuneɀinhu iɀi ɀakafanira, 29 *ɀinoti*:
Regai ɀakaɓayirwa ɀifananidzo, neropa,
neɀakadzipxa, noʋupombge; kana mu-
kaɀidzora paɀiri, mucaita ɀakanaka.
Sarai ɀakanaka.
30 Ɀino ʋakati ʋaendiswa, ʋakaɓu-
rukira Antiokia; ʋakaʋuŋganidza ʋanhu
ʋazhinji, ʋakaʋapa ŋwadi. 31 Iʋo
ʋakati ʋairaʋa, ʋakaɗara ɀikuru pa-
msoro pokuʋaraidzwa. 32 Judasi na-
Sirasi, ʋaiʋa ʋaprofita ʋamene, ʋaka-
ʋaraidza hama namashoko mazhinji,
nokuʋasimbisa. 33 Ʋakati ʋagara'*ko*
ŋguʋa, ʋakaendiswa nehama nomu-
faro, ʋakaenda kunaʋakaŋga ʋaʋatuma.
34 [Asi Sirasi wakati ɀakanaka kusa-
ra'po.] 35 Pauro naBarnabasi ʋakagara
Antiokia, ʋacidzidzisa nokuparidza
shoko raShe, naʋamŋe ʋazhinji ʋo.

*Pauro naBarnabasi ʋanoparadzana.*
*Rwendo rwecipiri rwaPauro.*

36 Ɀino mamŋe mazuʋa akati apfu-
ʋura, Pauro akati kunaBarnabasi:
Ŋgatidzoke ɀe tindoshanyira hama
muguta rimŋe nerimŋe matakaparidza
shoko raShe, *tiʋone* kuti ʋakaɗini.
37 Ɀino Barnabasi wakaŋga aciɗa ku-
tora Johane ʋo, wainzi Marko; 38 asi
Pauro wakati haɀina-kunaka kumutora
iye, wakamboʋasiya paPamfiria, aka-
saenda naʋo kuɓasa. 39 Ipapo kutsa-
mŋirana kukaʋa'po, nokuɗaro ʋaka-
paradzana, Barnabasi akatora Marko,
akaenda Kupro necikepe; 40 asi
Pauro wakasanaŋgura Sirasi; akaenda,
akaiswa nehama panyasha dzaShe;
41 akagura neSiria neKirikia, acisi-
mbisa kereke.

**16** 1 Akaȿika ʋo paDerbe ne-
Ristra. Ɀino ipapo paiʋa
nomumŋe mudzidzi, wainzi Ti-
motio, mŋanakomana womukadzi
mutendi, waiʋa muJuda; asi ɓaɓa
ʋake ʋaiʋa muGiriki. 2 Iye waipu-
purirwa *ɀakanaka* nehama dzapaRistra
neIkonio. 3 Pauro akaɗa kuti aende
naye, akamutora, akamudziŋgisa no-
kuɗa kwaʋaJuda ʋaiʋa kunɀimbo idzo;
nokuti ʋose ʋakaŋga ʋaciziʋa kuti ɓaɓa
ʋake muGiriki. 4 Ʋakafamba nama-
guta, ʋakaʋapa ɀireʋo ɀakatemŋa naʋa-
apostora naʋakuru ʋapaJerusarema,
kuti ʋaɀiceŋgete. 5 Naiɀoɀo kereke
dzakasimbiswa pakutenda, dzikawanda
pakuʋereŋgwa *kwadzo* zuʋa rimŋe
nerimŋe.

6 Ʋakagura nenyika yeFrigia neyeGa-
ratia, ʋambodziʋiswa noMŋeya Mu-
tşene kuparidza shoko paAsia. 7 Ȥino
ʋakati ʋaşika pakatarisana neMisia,
ʋakaidza kuenda Bitinia, asi Mŋeya
waJesu haana-kuʋatendera. 8 Ʋakati
ʋapfuʋura Misia, ʋakaɓurukira Troa.
9 Ciratidzo cikaʋoneswa naPauro ʋusi-
ku; murume weMakedonia wakaŋga
amire, akakumbira ȥikuru kwaari, aci-
ti: Yambukira Makedonia, utiɓatsire.
10 Ȥino wakati aʋona ciratidzo, paka-
repo tikatşaka kuenda Makedonia,
ticiti, Mŋari watiɗana kuti tinduʋa-
paridzira Evaŋgeri.

*Pauro naSirasi paFiripi.*

11 Naiȥoȥo takaɓva Troa necikepe,
tikaruramira Samotrake: ɗume maŋgwa-
na tikaşika Neapori; 12 tikaɓva'po,
tikaenda Firipi, guta guru renyika
yeMakedonia, raiʋa koroni *yeRoma*;
tikagara mamŋe mazuʋa muguta iro.
13 Nezuʋa resaɓata tikaɓuɗa kunze
kwesuʋo kurwizi, pataiti ʋaneŋge ʋa-
nonyeŋgetera'po; tikagara pasi, tikapa-
ridzira ʋakadzi ʋakaŋga ʋaʋuŋgana'po.
14 Ȥino mumŋe mukadzi, wainzi Ridia,
muteŋgesi we*ŋguʋo* tşuku, womusha we-
Tiatira, wainamata Mŋari, akatinzwa;
Ishe akazarura mŋoyo wake, kuti aterere
ȥaitaurwa naPauro. 15 Wakati abapa-
tidzwa, iye naʋeimba yake, akakumbira
ȥikuru, aciti: Kana muciti ndakatenda
kunaShe, pindai mumba maŋgu mugare.
Akatitendisa.
16 Ȥino takati ticipinda panȥimbo
yokunyeŋgetera, tikasoŋgana nomumŋe
musikana waiʋa nomŋeya wokuʋuka,
waiwanira ʋatenzi ʋake mari zhinji
nokuʋuka kwake. 17 Iye akateʋera
Pauro nesu, akaɗanidzira, aciti: Ʋanhu
aʋa ʋaranda ʋaMŋari Wokumsoro-soro,
ʋanokuparidzirai nzira yokuponeswa
nayo. 18 Akaita iȥoȥo mazuʋa ma-
zhinji. Ȥino Pauro akafa neshuŋgu,
akatendeʋuka, akati kumŋeya: Ndino-
kuraira muzita raJesu Kristu kuti
uɓuɗe kwaari. Ukaɓuɗa neŋguʋa iyeyo.
19 Ȥino ʋatenzi ʋake ʋakati ʋaciʋona
kuti tariro yokufumiswa kwaʋo yaenda,
ʋakaɓata Pauro naSirasi, ʋakaʋaka-
katira kuɗare pamberi paʋaɓati,
20 ʋakaenda naʋo kuʋatoŋgi, ʋakati:
Ʋanhu aʋa ʋaJuda, ʋanopesanisa guta
reɗu, 21 ʋaciparidza tsika, dzatisina-
kutenderwa kugamucira, kana kuita,
isu ʋaRoma. 22 Ipapo ʋanhu ʋazhinji
ʋakaʋamukira ʋose, ʋatoŋgi ʋakaʋa-
bvarurira ŋguʋo dzaʋo, ʋakaraira kuti
ʋarobge neshamhu. 23 Ȥino ʋakati
ʋaʋaroʋa ȥikuru, ʋakaʋaisa mutoroŋgo,
ʋakaraira murindi wetoroŋgo kuti aʋa-
ceŋgete kwaȥo. 24 Iye akati arairwa
kuɗaro, akaʋaisa mutoroŋgo yomukati,
akasuŋga makumbo aʋo mumatanda.
25 Ȥino paneŋge pakati poʋusiku,
Pauro naSirasi ʋakaŋga ʋacinyeŋgetera
nokuimbira Mŋari nziyo; ʋakaŋga
ʋakasuŋgwa ʋakaʋaterera. 26 Paka-
repo kuɗeŋgenyeka kwenyika kukuru
kukaʋa'po, naiȥoȥo nheyo dzeimba
dzikazunuŋguswa; pakarepo mikoʋa
yose yeimba ikazarurwa, nemisuŋgo
yaʋose ikasunuŋguka. 27 Ipapo mu-
rindi wetoroŋgo akapepuka, ndokuʋona
mikoʋa yetoroŋgo yakazaruka, akavo-
mora munondo wake, akaɗa kuȥiʋu-
raya, aciti ʋasuŋgwa ʋatiza. 28 Ipapo
Pauro akaɗanidzira nenzwi guru, akati:
Usaȥikuʋadza, nokuti tiri muno tose.
29 Ȥino wakati akumbira mŋenje,
akamhanyira'mo, ndokuwira pasi pa-
mberi paPauro naSirasi, acibvunda;
30 akaʋaɓuɗisira kunze, akati: Ʋatenzi,
ndinofanira kuitei kuti ndiponeswe?
31 Ʋakati: Tenda kunaShe Jesu, ugo-
poneswa, iwe nemhuri yako. 32 Ʋaka-
paridza shoko raMŋari kwaari naʋose
ʋaiʋa mumba make. 33 Akaʋatora
neŋguʋa iyeyo yoʋusiku, akakupa
maʋaŋga aʋo, ndokubapatidzwa paka-
repo, iye naʋose ʋake. 34 Akaenda
naʋo mumba make, ndokuisa ȥokudya
pamberi paʋo, akafara ȥikuru, iye
nemhuri yake yose, acitenda kuna-
Mŋari.
35 Ȥino kwakati kwaedza, ʋatoŋgi
ʋakatuma mapurisa, ʋaciti: Sunu-
ŋgurai ʋanhu ʋaya. 36 Murindi weto-
roŋgo akaʋudza Pauro mashoko iwayo,
*aciti*: Ʋatoŋgi ʋatuma *shoko* kuti
musunuŋgurwe; naiȥoȥo ɓuɗai henyu
ȥino, muende norugare. 37 Asi Pauro
wakati kwaʋari: Ʋakatiroʋa pacena,
isu ʋanhu ʋaRoma tisina-kutoŋgwa,
ʋakatiisa mutoroŋgo; ȥino ʋoɗo-
kutiɓuɗisa cinyararire here? Haiwa,
kwete! Ŋgaʋaʋuye ʋamene ʋati-
ɓuɗise. 38 Mapurisa akaʋudza ʋato-
ŋgi mashoko iwayo; ʋakatya ʋacinzwa
kuti ʋaRoma; 39 ʋakaşika, ʋakaku-
mbira ȥikuru kwaʋari; ʋakaʋaɓuɗisa,
ndokukumbira kuti ʋabve muguta *raʋo*.

40 Ipapo ʋakaɓuɗa mutoroŋgo, ʋaka-
pinda *mumba* maRidia; ʋakaʋona hama,
ʋakaʋanyaradza, ndokuenda.

*Pauro naSirasi paTesaronika.*

17 1 Ȥino ʋakati ʋagura ne-
Amfipori neAporonia, ʋakaşika
paTesaronika paiʋa nesinagoge
raʋaJuda. 2 Ȥino Pauro, seȥaaisiita,
akapinda kwaʋari; akataurirana naʋo
ȥapaMagwaro masaɓata matatu, 3 aci-
ʋazarurira nokuʋaziʋisa, kuti Kristu
waifanira kutambudzika nokumuka
kuʋakafa, ʋuye kuti Jesu uyu, wandino-
kuparidzirai, ndiye Kristu. 4 Ʋamŋe
ʋaʋo ʋakatendiswa, ʋakateʋera Pauro
naSirasi, naʋazhinji ʋaʋaGiriki, ʋai-
namata Mŋari, naʋakadzi ʋaikudzwa
ʋazhinji. 5 Asi ʋaJuda ʋaiʋa negoɗo,
ʋakatora ʋamŋe ʋarume ʋakaipa, dzaiʋa
simbe, ʋakaʋuŋganidza ʋanhu ʋa-
zhinji, ʋakakaŋganisa guta; ʋakawira
imba yaJasoni, ʋaciɗa kuʋaɓuɗisira
kuʋanhu. 6 Ʋakati ʋaciʋashaiwa, ʋa-
kakakatira Jasoni nedzimŋe hama pa-
mberi paʋaɓati ʋeguta, ʋakaɗana,
*ʋaciti:* Aʋa ʋakakaŋganisa nyika yose,
ʋakaşika napano ʋo, 7 Jasoni aka-
ʋagamucira; aʋa ʋose ʋanoita ȥino-
pesana neȥireʋo ȥaKesari, ʋaciti,
mumŋe mambo uri'ko, *unonzi* Jesu.
8 Ʋakapesanisa ʋanhu naʋaɓati ʋeguta,
ʋacinzwa iȥoȥo. 9 Ȥino, ʋakati ʋatora
ruɓatso kunaJasoni naʋamŋe, ʋakaʋa-
rega.

*Pauro naSirasi paBerea.*

10 Pakarepo hama dzikatuma Pauro
naSirasi Berea ʋusiku. Iʋo ʋakati
ʋacişika'po, ʋakapinda musinagoge
raʋaJuda. 11 Aʋa ʋakaŋga ʋakanaka
kukunda ʋeTesaronika, ʋakagamucira
shoko nomŋoyo wose, ʋacinȥera Ma-
gwaro zuʋa rimŋe nerimŋe, kana ȥinhu
iȥoȥo ȥiri iȥo. 12 Naiȥoȥo ʋazhinji
ʋaʋo ʋakatenda, naʋakadzi ʋaikudzwa
ʋaʋaGiriki, naʋarume ʋazhinji. 13 Asi
ʋaJuda ʋeTesaronika, ʋakati ʋacinzwa
kuti shoko raMŋari roparidzwa naPauro
paBerea, ʋakaşika ʋo ipapo, ʋakamutsa
nokupesanisa ʋazhinji. 14 Ipapo hama
dzakatuma Pauro pakarepo kuşikira
kuguŋgwa, asi Sirasi naTimotio ʋaka-
sara'po. 15 Ȥino aʋo ʋakaperekedza
Pauro, ʋakamuşitsa Atene; ʋakati
ʋarairwa kuʋudza Sirasi naTimotio,
kuti ʋakurumidze kuʋuya kwaari,
ʋakabva.

*Pauro paAtene.*

16 Ȥino Pauro, acakaʋagarira paAtene,
akanzwa shuŋgu pamŋoyo, aciʋona kuti
guta rizere neȥifananidzo. 17 Naiȥoȥo
akataurirana musinagoge naʋaJuda,
naʋainamata *Mŋari*, napaɗare zuʋa
rimŋe nerimŋe, naʋaakasoŋgana naʋo.
18 Ȥino ʋamŋe ʋakacenjera ʋaʋa-
Epikuro naʋaStoiko, ʋakaita nharo
naye; ʋamŋe ʋakati: Ko uyu mutauri
weȥisinamaturo unoɗa kureʋeiko? Ʋa-
mŋe ȥe *ʋakati:* Uneŋge muparidzi
waʋamŋari ʋasiŋgazikanwi; nokuti wa-
kaʋaparidzira Jesu nokumuka kwa-
ʋakafa. 19 Ipapo ʋakamuɓata, ʋaka-
muisa paAreopago, ʋakati: Ŋgatinzwe
ʋo kuti kudzidzisa uku kutşa, kuno-
taurwa newe, ndokweiko? 20 Nokuti
unoreʋa ȥimŋe ȥinoshamisa panzeʋe
dzeɗu; naiȥoȥo tinoɗa kunzwa, kuti
ȥinhu iȥi ndeȥeiko? 21 (Ȥino ʋaAtene
ʋose, naʋatorwa ʋaigara'po, ʋaiŋgo-
farira cinhu cimŋe cete, kutaura kana
kunzwa cinhu citşa.) 22 Ȥino Pauro,
amire pakati peAreopago, akati:
Imi ʋarume ʋeAtene, paȥinhu ȥose
ndinoʋona kuti munonamata ȥikuru.
23 Nokuti ndakati ndicipfuʋura, ndici-
cerekedza ȥamunonamata, ndakawana
ʋo artari yakanyorwa: KUNAMŊARI
USIŊGAZIKANWI. Ȥino camuno-
namata musiŋgaciziʋi, ndico candino-
kuparidzirai. 24 Mŋari wakaşika nyika
neȥose ȥiri mairi, iye Tenzi weɗeŋga
napasi, haagari mutembere dzakaitwa
namaʋoko. 25 Haashumirwi nama-
ʋoko aʋanhu, saaciŋge acishaiwa cinhu,
ȥaari iye amene unopa ʋose ʋupenyu,
nokufema, neȥose; 26 wakaita marudzi
ose aʋanhu, acibva kunomumŋe cete,
kuti agare pose panyika; ambotara
ŋguʋa dzaʋakatemerwa, nemiganhu
yokugara kwaʋo; 27 kuti ʋatşake
Mŋari, ȥimŋe ʋamutşaŋgadzire, ʋamu-
wane, kunyaŋge asiri kure nomumŋe
nomumŋe weɗu. 28 Nokuti maari
tinoʋupenyu, tinofamba, tiri'po; seȥa-
ʋakareʋa ʋamŋe ʋanyori ʋenziyo
ʋokwenyu, *ʋaciti:* Nokuti tiri rudzi
rwake ʋo. 29 Ȥatiri rudzi rwaMŋari,
hatifaniri kuti ʋuMŋari bgakafanana
nendarama, kana sirveri, kana ibge,
ȥakaʋezwa noʋumhizha kana kuce-
njera kwomunhu. 30 Naiȥoȥo Mŋari
wakarega hake kuraŋgarira ŋguʋa dzo-
kusaziʋa; asi ȥino unoraira ʋanhu ʋose
kwose-kwose kuti ʋatendeʋuke. 31 No-

kuti wakatara zuʋa, raacatoŋga nyika
naro nokururama, nomurume waaka-
gadza; akasimbisa *shoko iro* kunaʋose,
pakumumutsa kuʋakafa.
32 Ȥino ʋakati ʋacinzwa ȥokumuka
kwaʋakaɗa, ʋamŋe ʋakaseka, asi ʋamŋe
ʋakati: Ticazokunzwa ȥe pamsoro pa-
iȥoȥi. 33 Naiȥoȥo Pauro akaɓuɗa pakati
paʋo. 34 Asi ʋamŋe ʋarume ʋakamu-
namatira, ʋakatenda; pakati paʋo
kwaiʋa naDionisio, muAreopago, no-
mukadzi wainzi Damari, naʋamŋe
pamŋe cete naʋo.

*Pauro paKorinte neEfeso. Akwira naPrisira.*

18 1 Shure kwaiȥoȥo, *Pauro* wa-
kabva Atene, akaşika Korinte;
2 akawana mumŋe muJuda,
wainzi Akwira, worudzi rwaʋePonto,
acaŋgobva Itaria, naPrisira mukadzi
wake; (nokuti Kraudio wakaŋga araira
kuti ʋaJuda ʋose ʋabve Roma); akaenda
kwaʋari; 3 ȥino ȥaakaŋga aneɓasa
rimŋe naʋo, akagara naʋo ʋaciɓata;
nokuti ɓasa raʋo raiʋa rokuita matente.
4 Saɓata rimŋe nerimŋe akataurirana
naʋo musinagoge, akaidza kugombe-
dzera ʋaJuda naʋaGiriki.
5 Ȥino Sirasi naTimotio ʋakati ʋaci-
zoɓuruka *vacibva* Makedonia, Pauro
akamanikidzwa neshoko, acipupurira
ʋaJuda kwaȥo kuti Jesu ndiye Kristu.
6 Ȥino ʋakati ʋaci*mu*dziʋisa, noku-
*mu*tuka, akazuza ŋguʋo *dzake*, akati
kwaʋari: Ropa renyu ŋgariʋe pamsoro
penyu; ndakacena, kubva ȥino ndica-
enda kuʋahedeni. 7 Akabva'po, aka-
pinda mumba momumŋe, wainzi Tito
Justo, wainamata Mŋari, imba yake
yaiʋa pedyo nesinagoge. 8 NaKrispo,
mukuru wesinagoge, akatenda kunaShe
naʋeimba yake yose; naʋazhinji ʋeKo-
rinte ʋakanzwa, ʋakatenda, ʋaka-
bapatidzwa. 9 Ȥino Ishe akati kuna-
Pauro ʋusiku neciratidzo: Usatya hako,
asi taura, usanyarara; 10 nokuti ini
ndinewe; hapanomunhu uŋgakumukira
akakuitira ȥakaipa, nokuti ndinaʋanhu
ʋazhinji muguta rino. 11 Akagara'po
gore rimŋe nemŋedzi mitanhatu, aci-
dzidzisa shoko raMŋari pakati paʋo.
12 Ȥino Gario wakati aʋa muɓati
weAkaya, ʋaJuda ʋakamukira Pauro
nomŋoyo mumŋe, ʋakaʋuya naye paci-
garo cokutoŋga, 13 ʋaciti: Uyu uno-
gombedzera ʋanhu kuti ʋanamate
Mŋari *nenzira* isiŋgatenderwi nomu-
rairo. 14 Ȥino Pauro wakati oɗa
kushamisa muromo wake, Gario akati
kuʋaJuda: ɗai yaiʋa mhoşa yeȥisa-
karurama, kana kutadza kwakaipa,
ndaifanira kuʋa nomŋoyo murefu kwa-
muri, imi ʋaJuda. 15 Asi kana dziri
nharo pamsoro pamashoko namazita
nomurairo wenyu, tambai henyu imi
*mhoşa iyo*; ini handiɗi kuʋa mutoŋgi
waiȥoȥo. 16 Akaʋadziŋga pacigaro
cokutoŋga. 17 Ȥino ʋose ʋakaɓata
Sosteni, mukuru wesinagoge, ʋaka-
muroʋa pamberi pecigaro cokutoŋga;
asi Gario haana-kuʋa nehanya necinhu
cimŋe caiȥoȥo.
18 Pauro wakati agara'po mazuʋa
mazhinji, akawonekana nehama, aka-
bva'po, akaenda Siria necikepe, ana-
Prisira naAkwira, aʋeʋura musoro *wake*
paKenkrea, nokuti wakaŋga apika.
19 Ʋakaşika Efeso, akaʋasiya'po; asi
iye amene wakapinda musinagoge,
akataurirana naʋaJuda. 20 Ȥino ʋakati
ʋacikumbira kuti agare *navo* ŋguʋa
refu, haana-kutenda; 21 asi waka-
wonekana naʋo, aciti: Ndicadzokera ȥe
kwamuri, kana Mŋari aciɗa, akabva
paEfeso necikepe. 22 Wakati aşika
Kesaria, akakwira kundokwazisa kereke,
akaɓurukira Antiokia.

*Rwendo rwecitatu rwaPauro. Aporo paEfeso.*

23 Wakati agara'po ŋguʋa, akabva,
akagura nenyika dzeGaratia neFrigia
acidziteʋedzanisa, acisimbisa ʋadzidzi
ʋose.
24 Ȥino mumŋe muJuda wainzi Apo-
ro, worudzi rwapaAreksandria, mu-
rume wakaŋga akadzidza ȥikuru, waka-
şika Efeso; wakaŋga anesimba pama-
gwaro. 25 Uyu wakaŋga adzidziswa
nzira yaShe, akashiŋgaira nomŋeya,
acitaura nokunatso-dzidzisa ȥaJesu,
aciziʋa rubapatidzo rwaJohane ɓedzi.
26 Iye akataŋga kutaura musinagoge
asiŋgatyi. Ȥino Prisira naAkwira ʋakati
ʋamunzwa, ʋakamutora, ʋakanatso-
muɗudzira nzira yaMŋari. 27 Ȥino
wakati aciɗa kuyambukira Akaya, hama
dzikamusimbisa, ʋakanyorera ʋadzidzi
kuti ʋamugamucire. Ȥino wakati aşika,
akaɓatsira ȥikuru iʋo ʋakatenda ne-
nyasha. 28 Nokuti wakakunda ʋaJuda
nesimba pacena, aciratidza naMagwaro,
kuti Jesu ndiye Kristu.

*Pauro paEfeso.*

19 1 Ɀino Aporo aciri paKorinte,
Pauro wakati agura namatiʋi
enyika okumsoro, akaȿika Efeso,
akawana ʋamŋe ʋadzidzi, 2 akati
kwaʋari: Makagamucira Mŋeya Mu-
tȿene pakutenda kwenyu here? Ʋakati
kwaari: Kwete, hatina-kutoŋgonzwa
kuti Mŋeya Mutȿene uri'po. 3 Akati:
Ko makababapatidzwa *norubapatidzo* rwu-
piko? Ʋakati: Norubapatidzo rwa-
Johane. 4 Ɀino Pauro akati: Johane
wakababapatidza norubapatidzo rwoku-
tendeʋuka, aciʋudza ʋanhu kuti ʋate-
nde kunaiye unozoʋuya shure kwake,
iye Jesu. 5 Ʋakati ʋaɀinzwa iɀoɀo,
ʋakababapatidzwa muzita raShe Jesu.
6 Ɀino Pauro wakati aisa maʋoko *ake*
pamsoro paʋo, Mŋeya Mutȿene akaʋuya
pamsoro paʋo, ʋakataura nendimi,
ʋakaprofita. 7 Iʋaʋo ʋose ʋaiʋa ʋa-
rume ʋaneŋge gumi naʋaʋiri.
8 Ɀino wakapinda musinagoge, aka-
taura asiŋgatyi mŋedzi mitatu, aci-
taurirana *naʋo*, aciʋagombedzera nama-
shoko oʋushe bgaMŋari. 9 Asi ʋamŋe
ʋakati ʋaciwomesa mŋoyo, ʋasiŋga-
tereri, ʋaciɀidza Nzira iyo pamberi
paʋazhinji, akabva kwaʋari, akatsaura
ʋadzidzi, akataurirana naʋo zuʋa rimŋe
nerimŋe mucikoro caTirano. 10 Iɀoɀo
ɀikaitwa makore maʋiri; nokuɗaro ʋose
ʋakaŋga ʋagere paAsia ʋakanzwa shoko
raShe, ʋaJuda naʋaGiriki. 11 NaMŋa-
ri wakaita masimba anoshamisa nama-
ʋoko aPauro, 12 nokuɗaro miceka ne-
ŋguʋo, ɀaibva pamuʋiri wake, ɀaiiswa
kuʋarwere, hosha dzikabva kwaʋari,
nemŋeya yakaipa ikaɓuɗa. 13 Ɀino
ʋamŋe ʋaJuda, ʋaʋuki, ʋaipota-pota,
ʋakaidza kuɗana zita raShe Jesu
pamsoro paʋaiʋa nemŋeya yakaipa,
ʋaciti: Ndinokupikirai naJesu uno-
paridzwa naPauro. 14 Ʋaiʋa ʋana-
komana ʋanomŋe ʋomumŋe muJuda,
wainzi Skeva, muprista mukuru, ʋaiita
iɀoɀo. 15 Mŋeya wakaipa ukapindura,
ukati kwaʋari: Jesu ndinomuziʋa, na-
Pauro ndinomuziʋa, asi imi ndimi
ʋananiko? 16 Ipapo munhu waiʋa
nomŋeya wakaipa akaʋamukira simba,
akaʋakurira ʋose ʋari ʋaʋiri, akaʋa-
kunda; nokuɗaro ʋakatiza mumba
imomo, ʋasineŋguʋo, ʋakuʋadzwa.
17 Iɀoɀo ɀikazikanwa naʋose, ʋaJuda
naʋaGiriki, ʋakaŋga ʋagere Efeso ʋa-
katya ʋose, zita raShe Jesu rikakudzwa.
18 Ɀino ʋazhinji ʋaʋakaŋga ʋatenda
ʋakaʋuya, ʋakaɀireʋurura, nokuro-
ndedzera maɓasa aʋo. 19 Naʋamŋe
ʋazhinji ʋaiita ʋuŋaŋga, ʋakaʋuŋga-
nidza buku dzaʋo, ʋakadzipisa pamberi
paʋose; ʋakaʋereŋga muteŋgo wadzo,
ʋakawana kuti waiʋa masirveri aneɀuru
ɀinamakumi mashanu.* 20 Naiɀoɀo
shoko raShe rikakura nesimba, rika-
kunda.
21 Iɀoɀo ɀakati ɀapedziswa, Pauro
akafuŋga mumŋoyo make kuenda Jeru-
sarema, kana ambogura napaMakedonia
neAkaya, aciti: Kana ndamboenda
ikoko, ndinofanira kundoʋona Roma
ʋo. 22 Ɀino akatumira Makedonia
ʋaʋiri ʋaʋaimushumira, ʋanaTimotio
naErasto, iye amene akagara Asia
ŋguʋa ɗuku.

*Ɓope rakamutswa naDemetrio.*

23 Ɀino neŋguʋa iyo ɓope guru
rikaʋa'po pamsoro peNzira *iyo*. 24 No-
kuti mumŋe, wainzi Demetrio, mu-
pfuri wesirveri, waiita ɀitembere ɀa-
Diana ɀesirveri, waifumisa ɀikuru
mhizha *dza'po*. 25 Akaʋaʋuŋganidza
iʋo pamŋe cete naʋamŋe ʋaɓati ʋeɀa-
kaɗaro, akati: Ʋarume, munoziʋa kuti
neɓasa iri tinowana fuma yeɗu. 26 Ɀi-
no munoʋona, nokunzwa, kuti Pauro
uyu wakatendisa nokutsausa ʋazhinji,
pasati pari paEfeso ɓedzi, asi paneŋge
paAsia yose, aciti, ɀakaitwa namaʋoko
haʋazi ʋamŋari. 27 Ɀino njodzi ndiyo
kuti habguzi ʋumhizha bgeɗu ɓedzi
bguŋgaɀidzwa, asi kuti tembere ya-
mŋarikadzi mukuru Diana icashoʋo-
rwa, naiye amene, unonamatwa pa-
Asia yose nenyika *yose*, abviswe paʋu-
kuru bgake. 28 Ɀino ʋakati ʋacinzwa
*iɀoɀo*, ʋakafa neshuŋgu kwaɀo, ʋaka-
ɗanidzira, ʋaciti: Diana waʋaEfeso
mukuru! 29 Guta rikakaŋganiswa kwa-
ɀo; ʋakamhanyira nomŋoyo mumŋe
panɀimbo paitambga, ʋaɓata Gayo
naAristarko, ʋarume ʋeMakedonia,
ʋaiperekedza Pauro. 30 Ɀino Pauro
akaɗa kupinda kuʋanhu, ʋadzidzi ʋaka-
samutendera. 31 Naʋamŋe ʋakuru
ʋeAsia, ʋaiʋa shamŋari dzake, ʋaka-
tuma *shoko* kwaari, ʋacikumbira ɀikuru
kwaari kuti arege kupinda panɀimbo
paitambga. 32 Ɀino ʋamŋe ʋaka-
ɗanidzira ɀimŋe, ʋamŋe ɀimŋe *ɀe*;
nokuti ʋuŋgano yakaŋga yanyoŋgani-

* Mari ineŋge pondo dzineɀuru ɀiʋiri.

swa, ʋazhinji ʋasiŋgaziʋi ȥaʋakaʋu-
ŋganira. 33 Ipapo ʋakaɓuɗisa Are-
ksandro mukati maʋanhu ʋazhinji,
ʋaJuda ʋacimusundira mberi; ȥino
Areksandro akaninira noruʋoko, aci-
ɗa kuȥiɗaʋirira pamberi paʋanhu.
34 Ipapo ʋakati ʋaciʋona kuti iye
muJuda, inzwi rimŋe rikamuka kuna-
ʋose, ʋakaɗanidzira ŋguʋa dzineŋge
mbiri, *vaciti*: Diana waʋaEfeso mu-
kuru! 35 Ȥino munyori weguta waka-
nyaradza ʋanhu, akati: Ʋarume ʋe-
Efeso, munhu ndoupiko usiŋgaziʋi,
kuti guta raʋaEfeso ndiwo muceŋgeti
wetembere yaDiana mukuru nowo-
*mufananidzo* wakaɓuruka kuɗeŋga?
36 Ȥaȥisiŋgagoni kurambga iȥoȥi, mai-
fanira kunyarara musiŋgaiti cinhu
nokusaraŋgarira kwaȥo. 37 Nokuti
maʋuya naʋarume aʋa, ʋasati ʋari
mbava dzetembere kana ʋamhuri ʋa-
mŋarikadzi weɗu. 38 Ȥino kana
Demetrio nedzimŋe mhizha naye ʋane-
mhoṣa nomunhu, misi yokutoŋga iri'po,
naʋatoŋgi ʋari'po; ŋgaʋakwirirane haʋo.
39 Asi kana mucitṣaka cimŋe cinhu
pamsoro pedzimŋe *mhoṣa*, ȥiŋgatemŋa
paʋuŋgano yakafanira. 40 Nokuti
njodzi ndiyo kuti tiŋgakwirirwa pa-
msoro peɓope ranhasi, ȥakusinemhoṣa;
kana ciri cinhu ici hatiŋgagoni kupi-
ndura pamsoro pemhere-mhere iyi.
41 Wakati ataura iȥoȥo, akaendisa
ʋuŋgano.

*Pauro unoenda ȥe kunyika yeMakedonia neGirisi. Unomutsa Yutiko paTroa.*

**20** 1 Ɓopoto rakati ranyarara,
Pauro akaɗana ʋadzidzi, aka-
ʋaraira, ndokuwonekana naʋo,
akabva aciɗa kuenda Makedonia.
2 Akagura namatiʋi enyika idzo, aka-
raira *vatendi* namashoko mazhinji, ndo-
kuṣika *panyika* yaʋaGiriki. 3 Akati
agara mŋedzi mitatu, raŋgano *yakaipa*
ikaitwa naʋaJuda pamsoro pake, oɗa
kuenda Siria necikepe, akati ndodzokera
napaMakedonia. 4 Akaperekedzwa na-
Sopatro weBerea, *mŋanakomana* wa-
Piro; naAristarko naSekundo ʋeTesa-
ronika; naGayo weDerbe, naTimotio;
ʋuye Tikiko naTrofimo ʋeAsia. 5 Iʋo
ʋakatuŋgamira, ʋakatimirira paTroa.
6 Isu tikabva Firipi necikepe ma-
zuʋa eȥiŋgwa ȥisinembiriso apfuʋura;
tikaṣika kwaʋari paTroa namazuʋa
mashanu; tikagara'po mazuʋa ma-
nomŋe.
7 Ȥino nomusi wokutaŋga weviki,
takaʋuŋgana kuti timeɗure ciŋgwa,
Pauro akataurirana naʋo, aciɗa kuenda
maŋgwana; akaramba aciparidza shoko
kuṣikira pakati poʋusiku. 8 Kwa-
kaŋga kunemŋenje mizhinji muimba
yokumsoro, matakaŋga taʋuŋgana.
9 Ȥino pawindi pakaŋga pagere rimŋe
jaya, rainzi Yutiko, rikaɓatwa nehope
kwaȥo; ȥino Pauro, wakati aciŋgo-
ramba aciparidza, iye akaɓatwa nehope,
akawira pasi, acibva paimba yecitatu
yokumsoro, akasimudzwa afa. 10 Ipa-
po Pauro akaɓuruka, akaȥiwisira pa-
msoro pake, akamufuŋgatira, akati:
Musaita ɓopoto, nokuti mŋeya wake
uciri maari. 11 Akakwira, akameɗura
ciŋgwa, akadya, akataura naʋo ŋguʋa
refu kuṣikira kuciedza, ndokuenda.
12 Ʋakaʋuya nomukomana ari mupe-
nyu, ʋakanyaradzwa kwaȥo.
13 Asi isu takatuŋgamirira kucikepe,
tikaenda Aso, ticiɗa kutora Pauro ipapo,
nokuti wakaŋga araira saiȥoȥo, iye
aciɗa kufamba namakumbo. 14 Takati
tasoŋgana naye paAso, tikamutora,
tikandoṣika Mitirene; 15 tikabva ipapo
necikepe, fume maŋgwana tikaṣika
pakatarisana neKiyo; fume maŋgwana
tikapfuʋura napaSamo; fume maŋgwa-
na ȥe tikaṣika Mireto. 16 Nokuti
Pauro wakaŋga ati: Ndicapfuʋura
Efeso necikepe, kuti arege kunonoka
paAsia; nokuti wakaŋga acikurumidza
kuti kana aiȥigona aʋe Jerusarema ne-
zuʋa rePentekosta.

*Pauro unoraira vakuru veEfeso.*

17 Ȥino iye ari paMireto, akatumira
Efeso kundoɗana ʋakuru ʋekereke.
18 Ʋakati ʋaṣika kwaari, akati kwaʋari:
Imi munoziʋa mugarire waŋgu pakati
penyu ŋguʋa dzose, kubva pazuʋa
rokutaŋga randakaṣika naro paAsia;
19 ndiciɓatira Ishe nokuȥininipisa
ȥikuru, nemisodzi, namaɗambudziko
akandiwira neraŋgano *dzakaipa* dzaʋa-
Juda; 20 kuti handina-kutya kuku-
paridzirai ȥiŋgakuɓatsirai nokuku-
dzidzisai pacena padzimba *dzose*;
21 ndicipupurira kwaȥo ʋaJuda naʋa-
Giriki, kuti ʋatendeʋukire kunaMŋari,
nokutenda kunaShe weɗu Jesu.
22 Ȥino tarirai, ndinoenda Jerusarema,
ndasuŋgwa mŋeya *waŋgu*, ndisiŋgaziʋi

ȥicandiwira ikoko; 23 asi kuti Mŋeya
Mutşene unondipupurira kwaȥo mu-
guta rimŋe nerimŋe, kuti kusuŋgwa
nenhamo ȥakandigarira. 24 Asi handi-
nehanya noʋupenyu bgaŋgu, handi-
bguɗi, kuti ndipedze rwendo rwaŋgu
neɓasa randakapiwa naShe Jesu, roku-
pupura kwaȥo Evaŋgeri yenyasha
dzaMŋari. 25 Ȥino tarirai, ndinoziʋa
kuti imi mose, ʋandakafamba pakati
penyu, ndiciparidza ʋushe *bgaMŋari*,
hamucazoʋoni ciso caŋgu. 26 Naiȥoȥo
ndinokupupurirai nhasi kuti ndakacena
paropa ra*ʋanhu* ʋose. 27 Nokuti ha-
ndina-kutya kukuparidzirai kuɗa kwose
kwaMŋari. 28 Ȥicenjerei imi, neɓoka
rose ramakaitirwa ʋatariri ʋaro no-
Mŋeya Mutşene, kuti mufudze kereke
yaMŋari, yaakateŋga neropa rake.
29 Ini ndinoziʋa kuti kana ndaenda,
mapere anoparadza acapinda pakati
penyu, asiŋgaregi ɓoka. 30 Ʋuye,
napakati ʋenyu pamene pacamuka
ʋarume, ʋacataura ȥinopesanisa, kuti
ʋatsause ʋadzidzi ʋaʋateʋere. 31 Na-
iȥoȥo rindai, muraŋgarire kuti makore
matatu handina-kurega ʋusiku nama-
sikati kuraira mumŋe nomumŋe nemi-
sodzi. 32 Ȥino ndinokuisai kunaShe,
neshoko renyasha dzake, iye unesimba
roku*ku*ʋakisai, noku*ku*pai nhaka pakati
paʋakaitwa ʋatşene ʋose. 33 Handina-
kucocora sirveri, kana ndarama, kana
ŋguʋo dzomunhu mumŋe. 34 Mu-
noziʋa imi mumene, kuti maʋoko awa
akaɓatira kushaiwa kwaŋgu nokwaʋanhu
ʋandaiʋa naʋo. 35 Paȥinhu ȥose nda-
kakuratidzai, kuti muciɓata muciɗai,
munofanira kuɓatsira ʋasinesimba, no-
kuraŋgarira mashoko aShe Jesu, seȥa-
akataura amene *aciti*: Kupa kunomu-
faro caiwo kupfuʋura kugamucira.
36 Wakati ataura iȥoȥo, akafugama,
akanyeŋgetera naʋo ʋose. 37 Ʋaka-
cema ȥikuru ʋose; ʋakawira pamutsipa
waPauro, ʋakawonekana naye noku-
muşeta, 38 ʋaneshuŋgu kwaȥo neshoko
raakataura rokuti haʋacazoʋoni ciso
cake. Ipapo ʋakamuperekedzera kuci-
kepe.

*Pauro unoşika Jerusarema,*
*kwaanoɓatwa mutembere.*

21 1 Ȥino takati taparadzana
naʋo, tikabva necikepe, tika-
rurama, tikaşika Kose; fume
maŋgwana tikaşika Rode; tikabva'po,
tikaşika Patara. 2 Takati tawana'po
cikepe, caiyambukira Finikia, tikapinda
mukati maco, tikaenda. 3 Takati ta-
ʋona Kupro, tikaisiya kuruɓoshwe,
ticienda Siria, tikaşika Tire; nokuti
cikepe caifanira kututunura mutoro
ipapo; 4 ȥino takati tawana'*po* ʋadzi-
dzi, tikagara'po mazuʋa manomŋe; iʋo
ʋakati nomŋeya kunaPauro kuti arege
kukwira Jerusarema. 5 Ȥino takati
tapedza'*po* mazuʋa, tikabva, tikaenda;
iʋo ʋose, naʋakadzi naʋana, ʋakati-
perekedza kuşikira taɓuɗa paguta;
ipapo tikafugama pamhenderekedzo,
tikanyeŋgetera. 6 Tikawonekana, isu
tikaenda kucikepe, iʋo ʋakadzokera
*kumusha* kwaʋo.
7 Isu takati tapedza rwendo ticibva
Tire, tikaşika Toremai, tikakwazisa
hama, ndokuswera zuʋa rimŋe naʋo.
8 Fume maŋgwana tikabva'po, tika-
şika Kesaria; ipapo tikapinda mumba
maFiripo, Mueʋaŋgeri, mumŋe waʋa-
nomŋe, tikagara naye. 9 Iye wakaŋga
anaʋakunda ʋanna, mhandara, ʋaipro-
fita. 10 Ȥino takati ticigara'po mazuʋa
mazhinji, mumŋe muprofita, wainzi
Akabo, akaɓuruka *acibva* Judea,
11 akaʋuya kwatiri, akatora banhire
raPauro, akaȥisuŋga makumbo nama-
ʋoko ake, akati: Mŋeya Mutşene
unoreʋa kuɗai: Saiȥoȥo ʋaJuda pa-
Jerusarema ʋacasuŋga murume, mŋene
webanhire iri, nokumuisa pamaʋoko
aʋahedeni. 12 Takati ticinzwa iȥoȥo,
isu naʋamŋe ʋaipapo tikakumbira ȥi-
kuru kwaari, kuti arege kukwira Jeru-
sarema. 13 Ipapo Pauro akapindura,
*akati*: Munoiteiko, mucicema noku-
putsa mŋoyo waŋgu? Nokuti ini
handina-kuȥigadzirira kusuŋgwa ɓedzi,
asi kunyaŋge kufira zita raShe Jesu
paJerusarema. 14 Ȥino wakati aci-
ramba kukundwa, tikanyarara, tikati:
Kuɗa kwaShe ŋgakuitwe.
15 Mazuʋa iwayo akati apera, ti-
karoŋgedza, tikakwira Jerusarema.
16 Na*ʋamŋe* ʋadzidzi ʋeKesaria ʋaka-
enda nesu, ʋakaʋuya ʋo nomumŋe,
*wainzi* Mnasoni, mudzidzi wakare,
weKupro, wataindogara naye.
17 Ȥino takati ticişika Jerusare
ma, hama dzikatigamucira nomufaro.
18 Fume maŋgwana Pauro akapinda
nesu kunaJakobo; naʋakuru ʋakaŋga
ʋari'po ʋose. 19 Akaʋakwazisa, ndo-
kuʋarondedzera, cimŋe necimŋe, ȥaka-

itwa naMŋari pakati paʋahedeni neɓasa
rake. 20 Iʋo ʋakati ʋaȥinzwa, ʋaka-
kudza Mŋari, ʋakati kwaari: Hama,
unoʋona kuti ʋari'po ʋaneȥuru ȥama-
zana ȥizhinji ȥaʋaJuda ʋakatenda; ʋose
ʋanoshiŋgairira murairo; 21 ȥino
ʋakaʋudzwa kuti iwe unodzidzisa ʋa-
Juda ʋose, ʋari pakati paʋahedeni, kuti
ʋarambe Mosesi, uciti, ʋarege kudzi-
ŋgisa ʋana ʋaʋo, kana kufamba netsika
*dzomurairo.* 22 Ȥino toɗiniko? Ʋa-
canzwa haʋo kuti waşika. 23 Naiȥoȥo
ita iȥi ȥatinotaura kwauri: Tinaʋarume
ʋanna ʋakaȥisuŋga nokupika; 24 uʋa-
tore, uȥinatse pamŋe cete naʋo, uʋari-
pire, ʋagoʋeʋura misoro *yaʋo*; ipapo
ʋose ʋacaziʋa, kuti haazi mashoko
eȥokwaɗi, aʋakaʋudzwa pamsoro pako;
asi kuti iwe ʋo unofamba ȥakanaka,
uciceŋgeta murairo umene. 25 Asi
kana ʋari ʋahedeni ʋakatenda, taka-
*ʋa*nyorera, ticiti ʋaȥidzore paneȥaka-
ɓayirwa ȥifananidzo, neropa, neȥaka-
dzipxa, noʋupombge. 26 Ipapo Pauro
akatora ʋarume *aʋo*, akaȥinatsa pamŋe
cete naʋo nezuʋa rakateʋera, akapinda
mutembere, kuti aziʋise kupera kwa-
mazuʋa okunatsa, kuşikira mumŋe no-
mumŋe aɓayirwa ciɓayiro.
27 Ȥino mazuʋa manomŋe akati
opera, ʋaJuda ʋeAsia ʋakamuʋona
mutembere, ʋakamutsa ʋanhu ʋazhi-
nji, ʋakamuɓata, 28 ʋakaɗanidzira,
ʋaciti: Ʋarume ʋaIsraeri, ɓatsirai!
Uyu ndiye munhu unodzidzisa ʋanhu
kwose-kwose ȥinopesana naʋanhu, no-
murairo, nenȥimbo ino; ʋuye ȥe,
wakaʋuya naʋaGiriki mutembere,
akaşiɓisa nȥimbo ino tşene. 29 Nokuti
ʋakaŋga ʋaʋona Trofimo muEfeso,
anaye muguta, ʋakati ȥimŋe Pauro
wapinda naye mutembere. 30 Ipapo
guta rose rakanyoŋganiswa, ʋanhu
ʋakamhanyira pamŋe cete; ʋakaɓata
Pauro, ʋakamukweʋera kunze kwete-
mbere, mikoʋa ikazarirwa pakarepo.
31 Ȥino ʋakati ʋacitşaka kumuʋuraya,
shoko rikakwira kumukuru wecuru
camazana, kuti Jerusarema rose ranyo-
ŋganiswa. 32 Iye akatora pakarepo
ʋarwi naʋakuru ʋezana, akaɓuruka
acimhanyira kwaʋari; iʋo ʋakati
ʋaciʋona mukuru wecuru camazana
naʋarwi, ʋakarega kuroʋa Pauro.
33 Ȥino mukuru wecuru camazana
akasweɗera, akamuɓata, ndokuraira
kuti asuŋgwe namaketani maʋiri; aka-
ɓvunza kuti ndiani, ʋuye kuti waiteiko.
34 Ȥino ʋamŋe pakati paʋazhinji ʋaka-
ɗanidzira cimŋe cinhu, ʋamŋe cimŋe
cinhu; ȥino iye asiŋgagoni kuziʋa
ȥokwaɗi nokuɗa kweɓopoto, akaraira
kuti ʋamuise kuimba yaʋarwi. 35 Wa-
kati acişika paȥikwiriso, akaita soku-
takurwa naʋarwi, nokuɗa kwesimba
raʋanhu ʋazhinji; 36 nokuti ʋanhu
ʋazhinji ʋakateʋera, ʋaciɗanidzira,
*ʋaciti*: Mubvisei!
37 Ȥino oɗa kupinzwa muimba yaʋa-
rwi, Pauro akati kumukuru wecuru
camazana: Ndiŋgataura cimŋe nemi
here? Iye akati: Unoziʋa ciGiriki
here? 38 Ko hauzi uya muEgipita,
wakaɗeya kukaŋganisa *ʋanhu* paŋguʋa
yapfuʋura, akaenda naʋaʋurayi ʋane-
ȥuru ȥinna kurenje here? 39 Ipapo
Pauro akati: Ini ndiri muJuda weTarso
muKirikia, munhu weguta rakaku-
rumbira. Ndinokumbira kuti mundi-
tendere nditaure naʋanhu. 40 Ȥino
wakati amutendera, Pauro akamira
paȥikwiriso, akaninira ʋanhu noruʋoko
*rwake*; ȥino ʋakati ʋanyarara kwaȥo,
akataura nororimi rweciHeberu, akati:

*Pauro unoȥiɗaʋirira pamberi paʋanhu.*

22 1 Ʋarume, hama, namadzi-
ɓaɓa, inzwai kuȥiɗaʋirira
kwaŋgu pamberi penyu ȥino.
2 Iʋo ʋakati ʋacinzwa, kuti wotaura
naʋo nororimi rweciHeberu, ʋaka-
nyanya kunyarara. Iye akati:
3 Ini ndiri muJuda, ndakaɓerekwa
paTarso muKirikia, asi ndakarerwa
muguta rino, pamakumbo aGamarieri,
ndikadzidziswa netsika kwadzo dzo-
murairo wamadziɓaɓa edu, ndicishi-
ŋgairira Mŋari, semi mose nhasi;
4 ndikatambudza *ʋe*Nzira iyi kuşikira
pakuʋuraya, ndicisuŋga ʋarume naʋa-
kadzi nokuʋaisa mutoroŋgo, 5 mu-
prista mukuru seȥaaŋgandipupurira ʋo
namakurukota ose; ndikapiwa ŋwadi
naʋo kuhama, ndikaenda Damasko
kuti ndiise Jerusarema aʋo ʋaigara'ko,
ʋakasuŋgwa, kuti ʋarobge. 6 Ȥino
ndakati ndicifamba, ndosweɗera Da-
masko, aneŋge masikati, pakarepo
ndikapenyerwa kwose neciedza cikuru,
caibva kuɗeŋga. 7 Ndikawira pasi,
ndikanzwa inzwi riciti kwandiri:
Sauro, Sauro, unonditambudzireiko?
8 Ndikapindura, *ndikati*: Ndimi aniko

Ishe? Akati kwandiri: Ndini Jesu
weNazareta, waunotambudza. 9 Ȥino
ʋaiʋa neni ʋakaʋona ciedza, asi haʋana-
kunzwa inzwi rowakataura neni.
10 Ndikati: Ndoɗiniko, Ishe? Ishe
akati kwandiri: Simuka, uende Dama-
sko; apo ucaʋudzwa ȥose ȥakatarwa
kuti uȥiite. 11 Ȥino ȥandakaŋga ndi-
siŋgagoni kuʋona nokupenya kweciedza
ico, ndikasesedzwa noruʋoko naʋaiʋa
neni, ndikaʂika Damasko. 12 Ȥino
mumŋe murume, wainzi Ananiasi,
munhu wainamata *Mŋari* seȥinoreʋa
murairo, waipupurirwa ȥakanaka naʋa-
Juda ʋose ʋakaŋga ʋagere'po, 13 aka-
ʋuya kwandiri, akamira, akati kwandiri:
Sauro, hama, ciʋona! Neŋguʋa iyo
ndikamuʋona. 14 Iye akati: Mŋari
wamadziɓaɓa edu wakakusanaŋgura,
kuti uziʋe kuɗa kwake, nokumuʋona
*iye* wakarurama, nokunzwa inzwi,
rinobva mumuromo make. 15 Nokuti
iwe ucaʋa capupu cake kuʋanhu ʋose
ceȥawakaʋona neȥawakanzwa. 16 Ȥino
ucanonokereiko? Simuka, ubapati-
dzwe, usukwe ȥiʋi ȥako, uɗane zita
rake. 17 Ȥino ndakati ndadzokera
Jerusarema, ndicinyeŋgetera mute-
mbere, *ndikaita* sokuɓatwa mŋeya,
18 ndikamuʋona, aciti kwandiri: Ku-
rumidza, ubve Jerusarema ȥino-ȥino,
nokuti haʋaŋgagamuciri kupupura
kwako pamsoro paŋgu. 19 Ipapo
ndikati: Ishe, ʋanoziʋa ʋamene kuti
ini ndaiisa mutoroŋgo, nokuroʋa mu-
masinagoge, aʋo ʋaitenda kwamuri;
20 ʋuye, musi wakaɗururwa ropa
raStefano, capupu cenyu, neni ʋo
ndakaŋga ndimire'po, ndicibvumira,
ndikaceŋgeta ŋguʋo dzaʋaimuʋuraya.
21 Ipapo akati kwandiri: Enda, ndi-
cakutuma kure kuʋahedeni.
22 Ʋakamuterera kuʂikira pashoko
iro; ipapo ʋakaɗanidzira, ʋaciti: Wa-
kaɗai ŋgaabviswe panyika; nokuti haa-
faniri kurarama. 23 Ʋakaɗanidzira,
ʋakakandira ŋguʋo dzaʋo pasi, ʋaci-
kushira ivu kuɗeŋga, 24 mukuru
wecuru camazana akaraira, kuti aiswe
kuimba yaʋarwi, aciti abvunzwe noku-
robga ȥikuru, kuti aziʋe mhoʂa yaʋa-
kaŋga ʋamupopoterera kuɗai. 25 Ȥino
ʋakati ʋamusuŋga namakashu, Pauro
akati kumukuru wezana, wakaŋga ami-
re'po: Makatenderwa kuroʋa munhu
uri muRoma, asina-kutoŋgwa here?
26 Ȥino mukuru wezana wakati aciȥi-
nzwa, akaenda kumukuru wecuru
camazana, akamuʋudza akati: Munoɗa
kuiteiko? Nokuti munhu uyu mu-
Roma. 27 Mukuru wecuru camazana
akaʋuya akati kwaari: Ndiʋudze, uri
muRoma here? Akati: Hoŋo. 28 Mu-
kuru wecuru camazana akati: Ini
ndakateŋga simba iri *rokuʋa muRoma*
nomuteŋgo mukuru. Pauro akati: Ini
ndakaɓerekwa *ndiri muRoma.* 29 Ȥino
ʋakaŋga ʋomubvunzisisa, ʋakabva
kwaari pakarepo, nomukuru wecuru
camazana wakatya ʋo aciziʋa kuti iye
muRoma, ʋuye nokuti wakaŋga amu-
suŋga.

*Pauro pamberi pamakurukota.*

30 Ȥino fume maŋgwana, aciɗa kuziʋa
kwaȥo kuti ʋaJuda ʋakamupomera
mhoʂa yei, akamusunuŋgura, akaraira
kuti ʋaprista ʋakuru namakurukota
ose ʋaʋuŋgane, akaɓurusa Pauro, ndo-
kumuisa pamberi paʋo.

23 1 Ȥino Pauro wakati aci-
tarisisa kumakurukota, akati:
Ʋarume, hama, ini ndakafamba
pamberi paMŋari nehana yakarurama
kuʂikira zuʋa ranhasi. 2 Ipapo Ana-
niasi, muprista mukuru, akaraira ʋaka-
ŋga ʋamire naye, kuti ʋamuroʋe
muromo. 3 Ipapo Pauro akati kwaari:
Mŋari ucakuroʋa iwe, ruʂiŋgo rwaka-
ceneswa; ugere'*po* kuti unditoŋge
nomurairo, ȥino woraira kuti ndirobge,
uciɗarika murairo here? 4 Ʋakaŋga
ʋamire'po ʋakati: Ko unotuka mu-
prista mukuru waMŋari here? 5 Pauro
akati: Hama *dzaŋgu,* ndakaŋga ndisi-
ŋgaziʋi kuti ndiye muprista mukuru;
nokuti kwakanyorwa, *kuciŋzi*: Usa-
taura ȥakaipa pamsoro pomuɓati wa-
ʋanhu ʋako. 6 Ȥino Pauro wakati
aciʋona kuti ʋamŋe ndiʋaSaduse naʋa-
mŋe ʋaFarise, akaɗanidzira muma-
kurukota, *akati*: Ʋarume, hama, ini
ndiri muFarise, mŋanakomana waʋa-
Farise, ndinotoŋgwa pamsoro petariro
nokumuka kwaʋakafa. 7 Wakati aɗaro,
kupesana kukaʋa'po pakati paʋaFarise
naʋaSaduse; ʋuŋgano ikaparadzana.
8 Nokuti ʋaSaduse ʋaiti hapana-ku-
muka kwaʋakafa, kana mutumŋa, kana
mŋeya; asi ʋaFarise ʋaitenda iȥoȥo
ȥose. 9 Ȥino ɓope guru rikaʋa'po;
ʋamŋe ʋanyori ʋokuʋaFarise ʋakasi-
muka, ʋakaita nharo, ʋaciti: Hatiʋoni

cinhu cakaipa kumunhu uyu; ȥimŋe
mŋeya wakataura naye, kana mutumŋa.
10 Ȥino kupesana kukuru kuciɗa ku-
muka, mukuru wecuru camazana akatya
kuti Pauro uŋgabvamburwa naʋo, akara-
ira ʋarwi kuti ʋaɓuruke, ʋamubvute
pakati paʋo, ʋamuise muimba yaʋarwi.
11 Ʋusiku bgakateʋera, Ishe akamira
naye, akati: Tsuŋga mŋoyo, seȥawa-
kandipupurira kwaȥo paJerusarema,
unofanira kupupura paRoma ʋo.

*Ʋamŋe ʋaJuda ʋanoȥisuŋga kuʋuraya Pauro; unoiswa Kesaria.*

12 Ȥino kwakati kwaedza, ʋaJuda
ʋakaita raŋgano, ʋakaȥisuŋga noku-
pika, ʋaciti, haʋaŋgadyi kana kunwa
kuşikira ʋaʋuraya Pauro. 13 Ʋaka-
ŋga ʋaita raŋgano iyo, ʋakapfuʋura
makumi manna. 14 Aʋa ʋakaenda
kuʋaprista ʋakuru naʋakuru, ʋakati:
Taȥisuŋga nokupika kukuru, kuti hati-
ŋgadyi cinhu, kuşikira taʋuraya Pauro.
15 Naiȥoȥo ȥino imi, namakurukota,
muziʋise mukuru wecuru camazana,
kuti amuɓurusire kwamuri, muciita
somunoɗa kunatso-bvunzisisa mhoşa
yake; isu taȥigadzira kuti timuʋuraye,
asati aswedera. 16 Ȥino mŋanakomana
wehanȥadzi yaPauro akanzwa ȥoku-
ʋandira kwaʋo, akaenda, akapinda
mumba maʋarwi, akaʋudza Pauro.
17 Ipapo Pauro akaɗana mumŋe waʋa-
kuru ʋezana, akati: Isa jaya iri kumu-
kuru wecuru camazana; nokuti une-
shoko raanoɗa kumuʋudza. 18 Na-
iȥoȥo akamutora, akaenda naye kumu-
kuru wecuru camazana, akati: Pauro
musuŋgwa, wakandiɗana, akakumbira,
kuti ndiʋuye nejaya iri kwamuri;
uneshoko raanoɗa kukuʋudzai. 19 Mu-
kuru wecuru camazana akaɓata ruʋoko
rwake, akaenda naye ʋari ʋoga, akamu-
bvunza ʋari ʋoga, akati: Uneshoko
reiko, raunoɗa kundiʋudza? 20 Iye
akati: ƲaJuda ʋakatenderana kuku-
mbira kwamuri, kuti muɓuruse Pauro
kumakurukota maŋgwana, muciita
somunoɗa kunatso-bvunzisisa mhoşa
yake. 21 Naiȥoȥo musaʋatenda; no-
kuti pakati paʋo kunaʋarume ʋano-
pfuʋura makumi manna ʋanomuʋandira
ʋakaȥisuŋga nokupika, kuti haʋaŋgadyi,
kana kunwa, kuşikira ʋamuʋuraya;
ȥino ʋakaȥigadzira, ʋakatarira tendero
inobva kwamuri. 22 Naiȥoȥo mukuru
wecuru camazana akaendisa jaya, aka-
muraira, *aciti*: Usaʋudza munhu, kuti
wandiziʋisa iȥoȥo. 23 Ȥino akaɗana
ʋakuru ʋezana ʋaʋiri, akati: Gadzirai
ʋarwi ʋanamazana maʋiri, naʋanotaşa
mabiza ʋanamakumi manomŋe, na-
ʋanamapfumo ʋanamazana maʋiri,
ʋaende Kesaria neŋguʋa yecitatu
yoʋusiku; 24 muʋatşakire ȥipfuwo,
kuti ʋataşise Pauro, ʋagonatso-muisa
kumuɓati Feriksi. 25 Akanyora ŋwadi
yakaŋga iciti:
26 Kraudio Risia, kunaFeriksi, mu-
ɓati wakakurumbira kwaȥo, kwaziwai!
27 Uyu munhu wakaɓatwa naʋaJuda,
akaŋga oɗo-kuʋurawa naʋo, ini ndi-
kaşika naʋarwi, ndikamurwira, ȥanda-
kanzwa kuti muRoma. 28 Ȥino nda-
kati ndiciɗa kuziʋa mhoşa yaʋakamu-
kwirira nayo, ndikamuɓurusira kuma-
kurukota aʋo; 29 ndikawana kuti
wakwirirwa pamsoro pamashoko omu-
rairo waʋo, asi asinemhoşa yecinhu
ciŋgafanira rufu kana kusuŋgwa.
30 Ȥino ndakati ndaʋudzwa, kuti ʋoɗa
kuʋandira munhu uyu, ndikamutu-
mira kwamuri pakarepo, ndikaraira
ʋanomukwirira kuti ʋataure pamberi
penyu mhoşa yake.
31 Ȥino ʋarwi ʋakatora Pauro seȥa-
ʋakarairwa, ʋakamuisa Antipatri ʋu-
siku. 32 Fume maŋgwana ʋakarega
ʋataşi ʋamabiza, kuti ʋaende naye,
iʋo ʋakadzokera kuimba yaʋarwi.
33 Ʋaya ʋakati ʋaşika Kesaria, ʋakapa
muɓati ŋwadi, ʋakaisa ʋo Pauro
pamberi pake. 34 Wakati araʋa, aka-
bvunza kuti ndowenyika ipi; ȥino
wakati anzwa kuti ndoweKirikia,
35 akati: Ndicakunzwa kwaȥo, kana
ʋanokukwirira ʋaşika ʋo; akaraira kuti
aceŋgetwe mumba maHerode.

*Pauro unoȥiɗavirira pamberi paFeriksi.*

**24** 1 Ȥino mazuʋa mashanu
akati apfuʋura, Ananiasi, mu-
prista mukuru, akaɓuruka na-
ʋamŋe ʋakuru, nomumŋe mureʋeri,
wainzi Terturo; ʋakamhaŋarira Pauro
kumuɓati. 2 Iye akati aɗanwa, Tertu-
ro akataŋga kumupomera mhoşa aciti:
Ȥatinoʋona rugare rukuru nemi, noru-
dzi urwu ȥarunoruramisirwa mhoşa
nokuɓata kwenyu kwakanaka; 3 ti-
noȥigamucira nemitoʋo yose napa-
nȥimbo dzose nokuʋoŋga kukuru, *imi*,
Feriksi wakakurumbira ȥikuru. 4 Asi,
ȥandisiŋgaɗi kukunonosai, ndinoku-

mbira ȥikuru kwamuri, kuti mutinzwei
neŋgoni dzenyu ȥishomanene. 5 No-
kuti takaʋona kuti murume uyu waka-
shata kwaȥo, unomutsa ɓope paʋaJuda
ʋose panyika *dzose*, ari mutuŋgamiriri
weɓoka raʋaNazareni. 6 Iye wakaidza
ʋo kushatisa tembere, tikamuɓata,
[ticiɗa kumutoŋga nomurairo weɗu.
7 Asi Risia, mukuru wecuru camazana,
ndokuʋuya, akamubvisa mumaʋoko eɗu
nesimba guru, 8 akaraira ʋanomupo-
mera kuti ʋaʋuye pamberi penyu.]
Kana mukamubvunzisisa mumene,
mucagona kuziʋa iȥoȥo ȥose ȥatakamu-
kwirira naȥo. 9 NaʋaJuda ʋaka-
bvumira ʋo pakumhaŋara, ʋakasimbisa
kuti ȥinhu iȥoȥo ndiȥo.
10 Ȥino muɓati wakati amuninira,
kuti ataure, Pauro akapindura, *akati*:
Ȥandinoziʋa kuti maʋa mutoŋgi
waʋanhu aʋa makore mazhinji, ndino-
ȥiɗaʋirira nomufaro, 11 nokuti mu-
nzwe kuti mazuʋa acigere kupfuʋura
gumi namaʋiri, kubvira paŋguʋa ya-
ndakakwira Jerusarema kundonamata.
12 Haʋana-kundiwana ndiciita nharo
mutembere nomunhu, kana kumutsa
ɓope mumasinagoge kana muguta;
13 haʋaŋgagoni ʋo kusimbisa kwamuri
iȥo ȥaʋanondipomera naȥo ȥino. 14 Asi
ndinotenda haŋgu kwamuri, kuti ndi-
noshumira Mŋari wamadziɓaɓa eɗu
neNzira, yaʋanoti idzidziso *yakatsauka*,
ndicitenda ȥose ȥomurairo neȥaka-
nyorwa paʋaprofita; 15 ndinetariro
kunaMŋari, iyo yaʋanotenda ʋo ʋa-
mene, kuti kucaʋa'po kumuka kwaʋa-
kafa kwaʋakarurama naʋasakarurama.
16 Pacinhu ici ndinoidza ȥikuru kuti
misi yose ndiʋe nehana isinemhoşa
kunaMŋari nokuʋanhu. 17 Ȥino ma-
kore mazhinji akati apfuʋura, ndaka-
ʋuya neȥipo neȥiɓayiro kuʋanhu ʋaŋgu.
18 Ndiȥoȥo ȥaʋakandiwana ndiciita
mutembere, ndanatswa, ndisinaʋanhu
ʋazhinji, kana ɓopoto; 19 asi ʋamŋe
ʋaJuda ʋeAsia ʋaiʋa'po,—iʋo ʋaifanira
kuʋa *pano* pamberi penyu, kundipomera
mhoşa, kana ʋaiʋa necinhu neni.
20 Kunyaŋge naʋaʋa ŋgaʋareʋe ʋa-
mene cisakarurama caʋakawana, musi
wandakamira pamberi pamakurukota,
21 asi shoko iri ɓedzi, randakaɗanidzira,
ndimire pakati paʋo, *ndiciti*: Ndino-
toŋgwa nhasi pamsoro pokumuka
kwaʋakafa.
22 Asi Feriksi, waakaziʋisisa ȥakanaka
Nzira iyo, akaʋaʋetsa, aciti: Kana
Risia, mukuru wecuru camazana aɓuru-
kira *pano*, ndicanatso-bvunzisisa mhaka
yenyu. 23 Akaraira mukuru wezana
kuti Pauro aceŋgetwe, arerusirwe, ʋuye
kuti ʋarege kudziʋisa mumŋe wokwake
kumushumira.
24 Ȥino mamŋe mazuʋa akati apfu-
ʋura, Feriksi akaşika, nomukadzi wake
Drusira, waiʋa muJuda, akaɗana Pauro,
akamunzwa pamsoro pokutenda kuna-
Kristu Jesu. 25 Ȥino wakati acitaura
ȥokururama, nokuȥidzora, nokutoŋga
kunoʋuya, Feriksi akatya ȥikuru, aka-
pindura, *akati*: Enda hako ȥino; kana
ndikazoʋa neŋguʋa yakanaka, ndica-
kuɗana. 26 Wakati ʋo ȥimŋe ucazo-
piwa mari naPauro; naiȥoȥo wakamu-
ɗana kazhinji, acitaura naye. 27 Asi
makore maʋiri akati apera, Porkio
Festo akapinda panȥimbo yaFeriksi,
ȥino Feriksi aciɗa kufadza ʋaJuda,
akasiya Pauro akasuŋgwa.

*Pauro pamberi paFesto; unoȥiisa kunaKesari.*

25 1 Ȥino Festo wakati aşika
panyika iyo, mazuʋa matatu
apfuʋura, akakwira Jerusarema,
acibva Kesaria, 2 ʋaprista ʋakuru na-
ʋakuru ʋaʋaJuda ʋakamhaŋarira Pauro
kwaari, ʋakamunyeŋgetera, 3 ʋakaku-
mbira kuti aʋafadze pamsoro pake, amu-
ɗanire Jerusarema, kuti ʋamuʋandire
ʋamuʋuraye panzira. 4 Asi Festo waka-
pindura, aciti Pauro wakaceŋgetwa
Kesaria, ʋuye kuti iye amene wakaŋga
okurumidza kuenda'*ko*. 5 Akati: Aʋo
ʋanesimba pakati penyu, ŋgaʋaɓuruke
neni; kana kunecinhu cisakafanira
kumunhu uyu, ŋgaʋamupomere mhoşa.
6 Akagara pakati paʋo mazuʋa asi-
ŋgapfuʋuri masere kana gumi, ndoku-
ɓurukira Kesaria; fume maŋgwana
akagara pacigaro cokutoŋga, akaraira
kuti ʋaʋuye naPauro. 7 Wakati aşika,
ʋaJuda ʋakabva Jerusarema, ʋaka-
mukomba, ʋakamupomera mhoşa zhinji
dzakaipa, dzaʋakaŋga ʋasiŋgagoni ku-
simbisa. 8 Ȥino Pauro akaȥiɗaʋirira,
*akati*: Handina-kutadzira murairo waʋa-
Juda, kana tembere, kana Kesari
9 Ȥino Festo aciɗa kufadza ʋaJuda,
akapindura Pauro akati: Unoɗa here
kukwira Jerusarema, undotoŋgwa'ko
pamberi paŋgu pamsoro peȥinhu iȥi?
10 Ipapo Pauro akati: Ndinomira

pamberi pecigaro cokutoŋga caKesari,
pandinofanira kutoŋgwa; handina-
kuitira ʋaJuda ȥisakarurama, seȥa-
munoziʋa nemi ʋo ȥakanaka. 11 Ȥino
kana ndineŋge ndisakarurama, ndaita
cinhu cinofanira rufu, handirambi
kufa; asi kana pasinecinhu *ceȥokwaɗi*
paȥinhu ȥaʋanondipomera, hakunomu-
nhu uŋgandiisa kwaʋari. Ndino-
ȥiisa kunaKesari. 12 Ipapo Festo
akataurirana namakurukota, akapindura,
*akati*: Waȥiisa kunaKesari; kunaKesari
ucaenda.

*Pauro pamberi paAgripa.*

13 Ȥino mamŋe mazuʋa akati apfu-
ʋura, mambo Agripa naBerinike ʋaka-
şika Kesaria kuzokwazisa Festo. 14 Ʋa-
kati ʋagara mazuʋa mazhinji, Festo
akaisa mhoşa yaPauro kunamambo,
aciti: Kunomumŋe murume wakasiyiwa
*pano* naFeriksi, akasuŋgwa; 15 ndiciri
paJerusarema, ʋaprista ʋakuru naʋakuru
ʋaʋaJuda ʋakamumhaŋarira, ʋaciku-
mbira kuti atoŋgerwe rufu. 16 Ndi-
kaʋapindura, ndikati haizi tsika yaʋa-
Roma kuisa *kumutoŋgi* munhu wapome-
rwa, asati aʋa naʋapomeri pamberi pake,
akatenderwa kuȥiɗaʋirira pamsoro pe-
mhoşa yaanopomerwa nayo. 17 Ȥino
ʋakati ʋaʋuŋgana pano, handina-kuno-
noka, asi fume maŋgwana ndakagara
pacigaro cokutoŋga, ndikaraira kuti
ʋaʋuye nomurume uyo. 18 Ȥino ʋa-
pomeri ʋakasimuka, asi haʋana-kumu-
pomera mhoşa yeȥinhu ȥakaipa ȥanda-
kaŋga ndiciti *ʋacamupomera naȥo*;
19 asi ʋakaŋga ʋanamamŋe mashoko
okupira kwaʋo, noomumŋe Jesu waka-
ŋga afa, wainzi naPauro mupenyu.
20 Ȥino ini, ȥandakaŋga ndisiŋgaziʋi
mubvunzire weȥinhu ȥakaɗai, ndika-
bvunza kana aciɗa kuenda Jerusarema
kundotoŋgwa ikoko pamsoro peȥinhu
iȥoȥo. 21 Asi Pauro wakati akumbira
kuti aceŋgetwe kuzotoŋgwa namambo
mukuru, ndikaraira kuti aceŋgetwe
kuşikira ndicimutumira kunaKesari.
22 Ipapo Agripa *akati* kunaFesto: Neni
ndinoɗa kunzwa munhu uyu ndimene.
Iye akati: Maŋgwana mucamunzwa.
23 Fume maŋgwana Agripa wakati
aşika naBerinike, ʋashoŋga kwaȥo,
ʋapinda mumba maitambirwa mhaka,
naʋakuru ʋecuru camazana, naʋakuru
ʋeguta, ʋakaʋuya naPauro ʋarairwa
naFesto. 24 Ȥino Festo akati: Mambo
Agripa, *nemi* ʋarume ʋose ʋaneni,
munoʋona munhu uyu, wandakanye-
ŋgeterwa naʋaJuda ʋose paJerusarema
napano, ʋakaɗanidzira, *ʋaciti*: Haafa-
niri kuʋa mupenyu. 25 Asi ini nda-
kawana kuti haana-kuita cinhu caka-
fanira rufu, ʋuye ȥaakakumbira kuiswa
kunamambo mukuru, ndakati, ndica-
mutuma. 26 Asi handineshoko kwaro
reȥokwaɗi randiŋganyorera ishe pa-
msoro pake; saka ndaʋuya naye pamberi
penyu, ȥikuru pamberi penyu, imi
mambo Agripa, kuti kana abvunziswa
*nemi*, ndigoʋa neȥandiŋganyora. 27 No-
kuti kwandiri ȥakaita seȥisina-kufanira
kutuma musuŋgwa, mhoşa dzaakakwi-
rirwa nadzo dzisiŋgaziʋiswi ʋo.

## 26

1 Ȥino Agripa akati kuna-
Pauro: Unotenderwa kuȥiɗaʋi-
rira. Ipapo Pauro akatambanu-
dza ruʋoko rwake, akaȥiɗaʋirira, *aciti*:
2 Mambo Agripa, ndinoȥikorokotedza,
ȥandiŋgaȥiɗaʋirira nhasi pamberi penyu
pamsoro peȥose ȥandinokwirirwa naȥo
naʋaJuda; 3 ȥikuru nokuti munoziʋa
tsika dzose namashoko *ose* pakati paʋa-
Juda; naiȥoȥo ndinokumbira kwamuri,
kuti mundinzwe nomŋoyo murefu.
4 ƲaJuda ʋose ʋanoziʋa mufambire
waŋgu, kubva paʋuɗuku bgaŋgu, waiʋa
pakati porudzi rwaŋgu napaJerusarema
kubva pakutaŋga; 5 ʋakandiziʋa kare,
kana ʋaciɗa kupupura, kuti ndaiʋa
muFarise, nedzidziso yokupira kweɗu
yakaişo-rurama. 6 Naȥino ndinomira
*pano*, kuti nditoŋgwe nokuɗa kwoku-
tarira cipikirwa cakapikirwa madziɓaɓa
eɗu naMŋari. 7 Marudzi eɗu anegumi
namaʋiri anoshumira *Mŋari* ʋusiku
namasikati, aciti acaşika pa*cipikirwa* ico.
Pamsoro pokutarira uku, *imi* mambo,
ndinokwirirwa naʋaJuda. 8 Muno-
fuŋgireiko imi kuti haȥiŋgatendwi kuti
Mŋari uŋgamutsa ʋakafa? 9 Ȥino
neni ndaiti ndinofanira kuita ȥinhu
ȥizhinji ȥinopesana nezita raJesu we-
Nazareta. 10 Ndakaȥiita ʋo paJeru-
sarema, ndikapfigira ʋatşene ʋazhinji
mutoroŋgo, ndapiwa simba naʋaprista
ʋakuru; ʋuye kana ʋaiʋurawa, neni
ndaibvumira ʋo. 11 Nomumasinagoge
ose ndaiʋatambudza, ndiciʋaroʋerera
kuti ʋamhure *Mŋari*; ndikanyanya
kuʋapeŋgera, ndikaʋatambudza kuşi-
kira kumaguta ari kure *nenyika ino*.
12 Ndakati ndicaita iȥoȥo, ndikaenda
Damasko nesimba ʋuye nomurairo

waʋaprista ʋakuru, 13 ȥino, mambo,
masikati makuru, ndiri munzira, ndi-
kaʋona ciedza caibva kuɗeŋga, caikunda
kupenya kweȥuʋa, cicindipenyera kuma-
tiʋi ose naʋandaifamba naʋo. 14 Ȥino
takati tawira pasi tose, ndikanzwa inzwi
riciti kwandiri norurimi rweciHebe-
ru: Sauro! Sauro! unonditambudzire-
iko? Ȥinokuremera kupfura ȥiɓayiso.
15 Ndikati: Ndimi aniko, Ishe? Ishe
akati: Ndini Jesu, waunotambudza.
16 Asi simuka, umire namakumbo ako;
nokuti ndaȥiratidza kwauri neȥiȥi, kuti
ndikuite munyai necapupu ceȥawaka-
ʋona, neȥandicaȥiratidza naȥo kwa-
uri; 17 ndicakurwira kuʋanhu noku-
ʋahedeni, ʋandinokutumira kwaʋari;
18 kuti uşinudze meso aʋo, ʋabve
murima, ʋaende kuciedza, nokubva
pasimba raSatani, ʋaende kunaMŋari,
kuti ʋagamucire kaŋganwiro yeȥiʋi
ȥaʋo, nenhaka pakati paʋakaitwa ʋa-
tşene, nokutenda kwandiri. 19 Naiȥo-
ȥo, mambo Agripa handina-kuramba
kuterera ciratidzo cokuɗeŋga; 20 asi
ndakataŋga kuparidza kunaʋeDamasko,
nokunaʋeJerusarema, nenyika yose ye-
Judea, nokuʋahedeni, kuti ʋatendeʋuke,
ʋariŋgire kunaMŋari, ʋaite maɓasa
akafanira kutendeʋuka. 21 Pamsoro
paiȥoȥi ʋaJuda ʋakandiɓata mutembere,
ʋakaidza kundiʋuraya. 22 Asi nda-
kaɓatsirwa naMŋari, ndikamira kuşikira
zuʋa ranhasi, ndicipupurira ʋaɗuku
naʋakuru, ndisiŋgareʋi ȥimŋe ȥinhu asi
ȥakataurwa naʋaprofita naMosesi, kuti
ȥicaitika; 23 ȥokuti Kristu wakafa-
nira kutambudzika, nokutaŋga kumuka
kuʋakafa, aparidzire ʋanhu naʋahedeni
ciedza.
24 Ȥino wakati aciȥiɗaʋirira saiȥoȥo,
Festo akati nenzwi guru: Pauro, uno-
peŋga; kudzidza *kwako* kukuru kuno-
kupenza. 25 Asi Pauro akati: Handi-
peŋgi, Festo wakakurumbira; asi ndi-
notaura mashoko amaȥokwaɗi noʋu-
cenjeri. 26 Nokuti mambo wandino-
taura naye ndisiŋgatyi, ʋanoziʋa iȥoȥi,
nokuti ndinoziʋa kuti haʋanecinhu
caiȥoȥo cakaʋanzika kwaari, nokuti
cinhu ici hacina-kuitwa pakaʋanda.
27 Mambo Agripa, munotenda ʋapro-
fita here? Ndinoziʋa kuti munotenda.
28 Agripa *akati* kunaPauro: Uneŋge
unoɗa kundiita mukristu neŋguʋa ɗuku.
29 Pauro *akati*: Ndinonyeŋgetera kuna-
Mŋari kana *neŋguʋa* ɗuku, kana nehuru,
kuti musaʋa imi moga, asi ʋose ʋano-
ndinzwa nhasi, ʋaitwe seni, asi *ʋasine-*
*ȥisuŋgo* iȥi.
30 Ipapo mambo akasimuka, nomu-
ɓati, naBerinike, naʋakaŋga ʋagere
naʋo; 31 ʋakaɓuɗa ʋakataurirana, ʋa-
kati: Munhu uyu haaiti cinhu caka-
fanira rufu kana kusuŋgwa. 32 Ipapo
Agripa akati kunaFesto: Munhu uyu
ɗai asina-kuȥiisa kunaKesari uŋgaɗai
asunuŋgurwa.

*Pauro unoenda Roma.*

27
1 Ȥino kwakati kwatemŋa kuti
tiende Itaria necikepe, ʋakaisa
Pauro naʋamŋe ʋasuŋgwa ku-
mukuru wezana, wainzi Jurio, wehondo
yaAugusto. 2 Ȥino takati tapinda
mucikepe ceAdramiteni, cakaŋga coenda
napamisha yemhenderekedzo dzeAsia,
tikabva tinaAristarko muMakedonia,
waibva Tesaronika. 3 Fume maŋgwana
tikaşika Sidoni, Jurio akaitira Pauro
ȥakanaka, akamutendera kuti aende
kushamŋari dzake, aceŋgetwe *naʋo*.
4 Tikabva ipapo, tikapfuʋura nenyasi
kweKupro, nokuti mhepo yakatidziʋisa.
5 Ȥino tikayambuka guŋgwa reKirikia
nePamfiria, tikaşika Mira, *musha* we-
Rikia. 6 Mukuru wezana akawana'po
cikepe ceAreksandria, caienda Itaria,
ndokutipinza'mo. 7 Ȥino takanatso-
famba mazuʋa mazhinji, tikaşika paka-
tarisana neKinido ticitambudzika, mhe-
po ȥayakaŋga isiŋgatitenderi kufamba,
tikapfuʋura nenyasi kweKrita, pakata-
risana neSarmoni. 8 Tikapfuʋura napo
ticitambudzika, ndokuşika pamŋe painzi
Zororo Rakanaka, pedyo neguta reRasea.
9 Ȥino ŋguʋa huru yakati yapfuʋura,
nokufamba neguŋgwa kwaʋa nenjodzi,
nokuti ŋguʋa yokuȥinyima ȥokudya
yakaŋga yatopfuʋura, Pauro akaʋaraira,
10 akati kwaʋari: Ʋarume, ndinoʋona
kuti rwendo *rwedu* rucaʋa nokuta-
mbudzika nokurashikirwa kukuru, ȥi-
sani ȥiri ȥomutoro necikepe ɓedzi,
asi nokwoʋupenyu bgeɗu ʋo. 11 Asi
mukuru wezana wakaterera mufambisi
wecikepe, nomŋene waco, kupfuʋura
ȥakarebga naPauro, 12 nokuti zororo
ȥarakaŋga risina-kunaka kuti ʋagare'po
cando, ʋamŋe ʋazhinji ʋakati ȥirinani
kuti ʋabve'po, kuti ȥimŋe ʋaŋgaşika
Fenika ʋagare'*po* cando; *ndiro* zororo
reKrita, rakaŋga rakatarira mabvazuʋa
kumsoro nezasi. 13 Ȥino mhepo ye-

zasi yakati icirira ȥishoma, ʋakati
tawana ȥatakaŋga ticiʋiŋga, ʋakabva'po,
ʋakafamba pedyo neKrita. 14 Ȥino
gare-gare mhepo inesimba, yainzi Yura-
kuro, ikaɓuruka icibva kwairi, ikatiwira.
15 Ȥino cikepe cakati ciciɓatwa, tisi-
ŋgagoni *kufamba* takatarira mhepo,
tikacirega, tikaramba ticiŋgotorwa.
16 Ȥino tikafamba nyasi kwecimŋe ciwi
ciɗuku, cainzi Krauda, tikaŋga tokoniwa
kusuŋga igwa. 17 Ʋakati ʋarisimudza,
ʋakatora ȥiɓatsiro, ʋakasuŋga cikepe
nenyasi; ȥino ȥaʋakatya kuti ʋaca-
kandirwa pa*jeca* reSirtisi, ʋakaɗeredza
maseiri, ndokuŋgotorwa 18 Fume
maŋgwana, ȥatakatambura kwaȥo ne-
ɗutu remhepo, ʋakakandira nhumbi
kunze; 19 ne*zuva* retatu, ʋakakandira
ȥinhu ȥecikepe kunze namaʋoko aʋo.
20 Ȥino ȥatakaŋga tisina-kuɓuɗirwa
nezuʋa kana nyeredzi mazuʋa mazhinji,
neɗutu guru remhepo riciranibira riri-
'po, takatorerwa kutarira kwose kwokuti
ticaponeswa. 21 Ȥino ʋakati ʋagara
ŋguʋa refu ʋasiŋgadyi, Pauro akamira
pakati paʋo, akati: Ʋarume, maifanira
kunditerera, mukasabva Krita, mukasa-
wirwa nokutambudzika nokurashikirwa
uku. 22 Asi ȥino ndinokurairai kuti
mutsuŋge mŋoyo; nokuti hakuna-
uŋgarashikirwa noʋupenyu bgake pakati
penyu, asi cikepe ɓedzi. 23 Nokuti
ʋusiku bguno mutumŋa waMŋari,
wandiri wake, nowandinoshumira ʋo,
wakamira neni, 24 akati: Pauro, usa-
tya; unofanira kumira pamberi pa-
Kesari; tarira, Mŋari wakakupa ʋose
ʋanofamba newe mucikepe. 25 Na-
iȥoȥo, ʋarume, tsuŋgai mŋoyo, nokuti
ndinotenda Mŋari, kuti ȥicaitika se-
ȥandakaʋudzwa. 26 Asi tinofanira ku-
kandirwa panecimŋe ciwi.
27 Ȥino ʋusiku bgegumi noʋunna
bgakati bgaşika, ticaŋgotorwa-torwa
mu*guŋgwa re*Adria, pakati poʋusiku
ʋafambisi ʋecikepe ʋakati ʋosweɗera
kuneimŋe nyika. 28 Ʋakayera kudzika
*kwemvura*, ʋakawana pakaita mafadomi*
makumi maʋiri; ʋakapfuʋura ȥishoma,
ndokuyera ȥe, ʋakawana pakaita ma-
fadomi* anegumi namashanu. 29 Ȥino
ʋakatya kuti ȥimŋe ticawira pamabge,
ʋakakanda ȥimiso ȥinna neshure *kweci-
kepe*, ʋakacema ʋaciti kuedze. 30 Ȥino
ʋafambisi ʋakati ʋaciɗa kutiza mucikepe,
ʋakaɓurusira igwa muguŋgwa, ʋaciita
saʋaneŋge ʋokanda ȥimiso kumuromo
waco. 31 Pauro akati kumukuru we-
zana naʋarwi: Hamuŋgararami kana
aʋa ʋasiŋgagari mucikepe. 32 Ipapo
ʋarwi ʋakagura maɓote egwa, ʋaka-
rirega, rikawa. 33 Ȥino kwakati kwo-
edza, Pauro akakumbira ȥikuru kwaʋari
ʋose kuti ʋadye, aciti: Nhasi raʋa zuʋa
regumi nerecinna, ramakagara muci-
ȥinyima kudya, musiŋgadyi cinhu.
34 Saka ndinokumbira ȥikuru kuti
mudye, nokuti ndiȥo ȥicakuponesai;
nokuti hakunoruvudzi rumŋe rucapa-
radzwa pamusoro womumŋe wenyu.
35 Wakati areʋa iȥoȥo, akatora ciŋgwa,
akaʋoŋga Mŋari pamberi paʋo ʋose,
akacimeɗura, ndokutaŋga kudya iye.
36 Ipapo ʋakatsuŋga mŋoyo ʋose,
ʋakadya ʋo ʋamene. 37 Isu tose taiʋa
mucikepe, taiʋa mazana maʋiri nama-
kumi manomŋe naʋatanhatu 38 Ȥino
ʋakati ʋaguta, ʋakarerusa cikepe, ʋaci-
kandira ȥiyo muguŋgwa. 39 Kwakati
kwoedza, ʋakasaziʋa nyika; asi ʋaka-
ʋona ȥororo raiʋa nejeca, ʋakaraŋgana
kana ȥaibvira kuitika, kuti ʋaise cikepe
pariri. 40 Ipapo ʋakagura ȥimiso, ʋa-
kaȥisiya muguŋgwa, ʋakasunuŋgura
ȥisuŋgo *ȥaisuŋga* ȥokudzoresa naȥo,
ʋakasimudzira seiri rapamberi kumhe-
po, ʋakaruramira kumhenderekedzo.
41 Ȥino ʋakati ʋaciṣika paiɗira maku-
ŋgwa maʋiri, ʋakagumirisa cikepe pasi;
muromo waco ukaɓatwa kwaȥo usi-
ŋgazunuŋguki, asi rutiʋi rwaco rweshure
rukavunika nesimba *remvura.* 42 Ȥino
ʋarwi ʋakati ȥirinani kuti ʋasuŋgwa
ʋaʋurawe, kuti ʋamŋe ʋarege kutiza
ʋacishambira. 43 Asi mukuru wezana
wakaɗa kuponesa Pauro, akaʋadziʋisa
ȥaʋakaŋga ʋaciɗa kuita; akaraira kuti
ʋanogona kushambira, ʋataŋge kuȥi-
wisira *mumvura*, ʋaɓuɗe kunyika;
44 *ʋamŋe*, ʋasara, ʋaɓuɗe ʋamŋe pa-
matanda, ʋamŋe paneȥimŋe ȥinhu ȥe-
cikepe. Naiȥoȥo ȥakaitika kuti ʋose
*ʋakaşika* kunyika ʋari ʋapenyu.

*Pauro paMerita.*

28 1 Ȥino takati taponeswa, tika-
ziʋa kuti ciwi cinonzi Merita.
2 Ʋaniu ʋenyika iyo ʋaka-
tiitira ʋunyoro kwaȥo; nokuti ʋaka-
ɓatidza mŋoto, ʋakatigamucira tose,
nokuɗa kwemvura yakaŋga icinaya,
ʋuye nokuɗa kwecando. 3 Ȥino Pauro
wakati aʋuŋganidza şiŋga roʋutsotso,

* Fadomi rimŋe dȥineŋge tsoka nhanhatu.

akabguisa pamŋoto, kukaɓuɗa nyoka
nokudziya, ikanamatira paruʋoko rwake.
4 Ʋanhu ʋenyika iyo ʋakati ʋaciʋona
cikara cakaremberera paruʋoko rwake,
ʋakataurirana, *ʋaciti*: Ȥirokwaȥo munhu
uyu muʋurayi, nokuti kunyaŋge aɗo-
poneswa hake paguŋgwa, Kururama
hakumutenderi kuti aʋe mupenyu.
5 Asi iye wakazuzira cikara mumŋoto,
akasanzwa kurwadzwa. 6 Iʋo ʋakati
ucaȥimba, kana kuwira pasi pakarepo,
akafa; ȥino ʋakati ʋatarira ŋguʋa refu,
ʋakaʋona kuti haana-kuşikirwa nenjo-
dzi, ʋakashanduka ʋoti: Iye mŋari.
7 Ȥino pedyo ipapo paiʋa neminda
yomukuru weciwi, wainzi Pubrio; iye
wakatigamucira, akatigarisa ȥakanaka
mazuʋa matatu. 8 Ȥino ɓaɓa ʋa-
Pubrio ʋakaŋga ʋaʋete pasi, ʋakaɓatwa
nefiviri nokuɓuɗisa ropa; Pauro akapi-
nda kwaʋari, akanyeŋgetera, ndokuisa
maʋoko ake pamsoro pake, akamupo-
resa. 9 Iȥo ȥakati ȥaitwa, naʋamŋe
ʋo ʋeciwi, ʋairwara, ʋakaʋuya, ʋaka-
poreswa. 10 Ʋakatikudza nokukudza
kukuru; ticizoenda, ʋakaisa *pacikepe*
ȥinhu ȥatakaŋga ticishaiwa.

*Pauro woenda Roma, kwaanogara makore maʋiri.*

11 Mŋedzi mitatu yakati yapfuʋura,
tikaenda necikepe ceAreksandria, ca-
kaŋga cagara cando paciwi, caiʋa
neciratidzo cokuti Dioskuri. 12 Ȥino
tikaenda napaSirakuse, tikagara'po ma-
zuʋa matatu. 13 Tikabva'po, tikapota,
ndokuşika Regio; zuʋa rimŋe rikati
rapfuʋura, mhepo yaibva zasi ikamuka,
tikaşika Puteori nezuʋa repiri; 14 ti-
kawana'po hama, dzakakumbira ȥikuru
kuti tigare nadzo mazuʋa manomŋe;
naiȥoȥo tikaşika Roma. 15 Ȥino hama
dzakati dzatinzwa, dzikabva'po, dzika-
ʋuya kuzoticiŋgamidza, dzikaşika Apio
Foro napaTaberne Nhatu; Pauro akati
adziʋona idzo, akaʋoŋga Mŋari, aka-
tsuŋga mŋoyo.
16 Ȥino takati tapinda Roma, Pauro
akatenderwa kugara ari oga, anomurwi
waimurinda.
17 Mazuʋa matatu akati apfuʋura,
akakokera aʋo, ʋakaŋga ʋari ʋakuru
ʋaʋaJuda. Ʋakati ʋaʋuŋgana, akati
kwaʋari: Ʋarume, hama, ini kunyaŋge
ndisina-kuita cinhu cakatadzira ʋanhu,
kana tsika dzamadziɓaɓa edu, ndakabva
Jerusarema ndakasuŋgwa, ndaiswa pa-
maʋoko aʋaRoma; 18 iʋo, ʋakati ʋandi-
bvunzisisa, ʋakaɗa kundisunuŋgura,
nokuti pakaŋga pasinemhoşa yorufu
kwandiri. 19 Asi ʋaJuda ʋakaramba,
ndikaroʋererwa kuȥiisa kunaKesari;
kusi kuti ndaiʋa necinhu cokupomera
rudzi rwaŋgu. 20 Ȥino ndakakuɗanai
pamsoro pemhoşa iyi, kuti ndikuʋonei,
nditaurirane nemi, nokuti ndakasuŋgwa
neketani iri nokuɗa kwetariro yaʋa-
Israeri. 21 Ʋakati kwaari: Hatina-
kugamucira ŋwadi pamsoro pako, dzai-
bva Judea, ʋuye hakunomumŋe wehama
wakaşika akatiʋudza *ȥako*, kana kutaura
ȥakaipa pamsoro pako. 22 Asi tinoɗa
kunzwa kwauri ȥaunofuŋga; nokuti
kana iri dzidziso iyi, tinoziʋa kuti
inorambga kwose-kwose.
23 Ȥino ʋakati ʋamutarira zuʋa, ʋa-
kaʋuya kwaari ʋari ʋazhinji, kwaakaŋga
agere. akaʋaɗudzira, aciʋapupurira
kwaȥo ʋushe bgaMŋari, akaʋagombe-
dzera pamsoro paJesu, nomurairo wa-
Mosesi naʋaprofita, kubva maŋgwanani
kuşikira maɗekwana. 24 Ʋamŋe ʋa-
katenda ȥakataurwa, asi ʋamŋe haʋana-
kutenda. 25 Ȥino ȥaʋakaŋga ʋasiŋga-
nzwani, ʋakaenda, Pauro ataura shoko
rimŋe cete kwaʋari *rokuti*: Mŋeya
Mutşene wakataura ȥakanaka nomupro-
fita Isaya kunamadziɓaɓa enyu, 26 aciti:
Enda kuʋanhu aʋa uti:
Nokunzwa mucanzwa, musiŋgato-
ŋgonzwisisi;
Nokuʋona, mucaʋona, musiŋga-
ʋonesesi.
27 Nokuti mŋoyo yaʋanhu aʋa yaʋa
mikukutu,
Nzeʋe dzaʋo hadzinzwi ȥakanaka,
Ʋakatsinzina meso aʋo;
Kuti ʋarege kutoŋgoʋona nameso
aʋo,
Nokunzwa nenzeʋe dzaʋo,
Nokunzwisisa nemŋoyo yaʋo,
Ʋatendeʋuke,
Ndiʋaporese.
28 Ȥino ziʋai imi, kuti ruponeso urwu
rwakatumirwa ʋahedeni; iʋo ʋacanzwa
ʋo. 29 [Wakati ataura iȥoȥo, ʋaJuda
ʋakaenda, ʋaciita nyaya huru pakati
paʋo.]
30 Iye akapedza makore maʋiri agere
*muimba* yake yairipirwa mari, akaga-
mucira ʋose ʋaipinda kwaari, 31 aci-
paridza ʋushe bgaMŋari, acidzidzisa
ȥaShe Jesu Kristu, asiŋgatoŋgotyi,
asiŋgadziʋiswi nomunhu.

# ŊWADI YAPAURO KUƲAROMA

*Kwaziso.*

1 1 Pauro, muranda waKristu Jesu,
wakaɗanwa kuti aʋe muapostora,
wakatsaurirwa Evaŋgeri yaMŋari,
2 yaakapikira kare naʋaprofita ʋake
muMagwaro matşene, 3 ȥoMŋanako-
mana wake, wakabva kurudzi rwaDavidi
panyama, 4 wakaratidzwa nesimba pa-
Mŋeya woʋutşene, *kuti ndiye* Mŋana-
komana waMŋari, nokumuka *kwake*
kuʋakafa; *ndiye* Jesu Kristu, Ishe we-
ɗu, 5 watakagamucira naye nyasha
noʋuapostora, kuti pakati paʋahedeni
ʋose, paʋe nokuterera kwokutenda
nokuɗa kwezita rake; 6 nemi ʋo muri
pakati paʋo, makaɗanwa *kuti muʋe*
ʋaJesu Kristu; 7 kunaʋose ʋari mu-
Roma, ʋaɗikanwa ʋaMŋari, ʋakaɗa-
nwa kuti *ʋaʋe* ʋatşene: Nyasha *ŋga-
dziʋe* nemi norugare, ȥinobva kuna-
Mŋari, Ɓaɓa ʋeɗu, nokunaShe Jesu
Kristu.

*Rudo rwaPauro kuʋaRoma.*

8 Pakutaŋga, ndinoʋoŋga Mŋari wa-
ŋgu munaJesu Kristu, pamsoro penyu
mose, nokuti kutenda kwenyu kuno-
paridzirwa panyika yose. 9 Nokuti
Mŋari capupu caŋgu, iye wandino-
shumira mumŋeya waŋgu muEvaŋgeri
yoMŋanakomana wake, kuti handiregi
kukuraŋgarirai, 10 ndicikumbira ŋguʋa
dzose pakunyeŋgetera kwaŋgu, kuti
ȥimŋe ndifambiswe haŋgu ȥakanaka
ndiʋuye kwamuri nokuɗa kwaMŋari.
11 Nokuti ndinoɗa ȥikuru kukuʋonai,
kuti ndikupei cimŋe cipo comŋeya,
kuti musimbiswe. 12 Ndokuti ini
ndinyaradzwe pamŋe cete nemi pa-
kati penyu, mumŋe nomumŋe noku-
tenda kwomumŋe, kwenyu nokwaŋgu.
13 Handiɗi kuti musaziʋa, hama
*dzaŋgu*, kuti kazhinji ndaiɗa kuʋuya
kwamuri, (ndikadziʋiswa kuşikira ȥino),
kuti ndiʋe neȥiɓereko kwamuri ʋo,
sapakati paʋamŋe ʋahedeni. 14 Ndi-
neŋgaʋa kuʋaGiriki nokuʋatorwa, ku-
ʋakacenjera naʋasina-kucenjera. 15 Na-
iȥoȥo, kana ndirini, ndakaȥigadzira
kukuparidzirai ʋo Evaŋgeri, imi muri
paRoma. 16 Nokuti handinyari pa-
msoro peEvaŋgeri; nokuti isimba ra-
Mŋari rokuponesa mumŋe nomumŋe
unotenda, kutaŋga muJuda, ʋuye mu-
Giriki ʋo. 17 Nokuti mairi kururama
kwaMŋari kunoratidzwa kunobva pa-
kutenda *kucienda* kukutenda; seȥaȥa-
kanyorwa, ȥicinzi: Wakarurama ucara-
rama nokutenda.

*Kurashika kwaʋahedeni.*

18 Nokuti kutsamŋa kwaMŋari kuno-
ratidzwa, kucibva kuɗeŋga, pamsoro
pokusaɗa Mŋari kwose nokusarurama
kwaʋanhu, ʋanodziʋisa ȥokwaɗi noku-
sarurama; 19 nokuti iȥo ȥiŋgazikanwa
ȥaMŋari ȥinoʋonekwa mukati maʋo,
nokuti Mŋari waka*ȥi*ratidza iȥo kwaʋari.
20 Nokuti kubvira pakusikwa kwenyika,
iȥo ȥake ȥisiŋgaʋonekwi, iro simba
rake risiŋgaperi noʋuMŋari bgake,
ȥinoʋonekwa kwaȥo, ȥicizikanwa pa-
ȥinhu ȥakaitwa; kuti ʋarege kuʋa
nepembedzo; 21 nokuti ʋaiziʋa Mŋari,
asi haʋana-kumukudza saMŋari, kana
kumuʋoŋga; asi ʋakafuŋga ȥisinama-
turo, nemŋoyo yaʋo isineziʋo, ikaşiɓi-
swa. 22 Ʋaciti, takacenjera, ʋakaʋa
mapenzi; 23 ʋakashandura kubginya
kwaMŋari usiŋgafi, ʋakakuita mufana-
nidzo wakafanana nomunhu unofa, neshi-
ri, nemhuka dzinamakumbo manna,
neȥinokambaira.
24 Saka Mŋari, mukuciʋa kwemŋoyo
yaʋo, akaʋaisa kutşina, kuti ʋanyadzise
miʋiri yaʋo pakati paʋo. 25 Aʋo ʋa-
katsinhanha ȥokwaɗi yaMŋari nenhema,
ʋakanamata nokushumira cisikwa ku-
pfura Musiki, iye unokudzwa nokusi-
ŋgaperi. Ameni.
26 Saka Mŋari wakaʋaisa pakuciʋa
kunonyadzisa; nokuti ʋanhukadzi ʋaʋo
ʋakashandura ɓasa raʋakasikirwa, riʋe
ɓasa raʋasina-kusikirwa; 27 saiȥoȥo
ʋanhurume ʋo ʋakasiya ɓasa rakasikirwa
munhukadzi, ʋakakundwa nokuciʋa pa-
kati paʋo, ʋanhurume ʋaciita ȥinonya-
dza naʋanhurume, ʋakapiwa mukati
maʋo muɓairo wakafanira wokurashika
kwaʋo.

28 Seȥaʋakaŋga ʋasiŋgaɗi kugara ʋa-
ciziʋa Mŋari, Mŋari akaʋaisa kumura-
ŋgariro wakarashika, kuti ʋaite ȥisakafa-
nira; 29 ʋakazadzwa nokusarurama
kwose, nokuipa, noruciʋa, nokuʋeŋga;
ʋakazara negoɗo, nokuʋuraya, noruka-
ʋe, nokunyeŋgera, necinya; *ʋanhu* ʋano-
ita zeʋe-zeʋe, 30 naʋaceri, naʋanoʋe-
ŋga Mŋari, naʋanoɗaɗa, naʋanoȥikudza,
naʋanoȥirumbidza, naʋaʋambi ʋeȥa-
kaipa, naʋasiŋgatereri ʋaɓereki, 31 na-
mapenzi, naʋanoputsa suŋgano, naʋa-
sinoruɗo kwarwo, ʋasineŋgoni. 32 Aʋo,
kunyaŋge ʋaciziʋa haʋo cireʋo caMŋari,
kuti ʋanoita ȥakaɗai ʋakafanirwa norufu,
haʋaiti iȥo ɓedzi, asi ʋanotenderana
naʋanoȥiita.

*Ʋanhu ʋose ʋakatadza, ʋanofanira kutoŋgwa.*

2 1 Saka haunepembedzo iwe mu-
nhu, upi noupi, unotoŋga *ʋamŋe*;
nokuti pacinhu ico caunotoŋga
mumŋe naco, unoȥipa mhoşa iwe,
nokuti iwe, unotoŋga, unoita ȥinhu
iȥoȥo. 2 Tinoziʋa kuti kutoŋga kwa-
Mŋari ndokwaȥokwaɗi kunaʋanoita
ȥinhu ȥakaɗai. 3 Iwe munhu, uno-
toŋga *ʋamŋe* ʋanoita ȥinhu ȥakaɗai,
iwe uciȥiita *ʋo*, ko unoti uŋgatiza
kutoŋga kwaMŋari here? 4 Unoȥidza
kanhi fuma yoʋunyoro bgake, nomŋoyo
wake munyoro, nomŋoyo wake murefu,
usiŋgaziʋi here kuti ʋunyoro bgaMŋari
bgunokuisa pakutendeʋuka? 5 Asi
noʋukukutu bgako, nomŋoyo usiŋgaɗi
kutendeʋuka, unoȥiʋuŋganidzira ku-
tsamŋa nezuʋa rokutsamŋa, nokura-
tidzwa kwokutoŋga kwakarurama kwa-
Mŋari; 6 iye ucapa mumŋe nomumŋe
paakaita napo: 7 Ʋanotşaka kubginya,
nokukudzwa, nokusafa, ʋacitsuŋgirira
pakuita ȥakanaka, *ucaʋapa* ʋupenyu
bgusiŋgaperi. 8 Asi kunaʋanenharo,
ʋasiŋgatereri ȥokwaɗi, ʋanoterera ȥisa-
karurama, *kucaʋa'po* kutsamŋa nehasha,
9 nokutambudzika nenhamo kumŋeya
mumŋe nomumŋe womunhu unoita
ȥakaipa, pakutaŋga womuJuda, nowo-
muGiriki; 10 asi kubginya, nokuku-
dzwa, norugare kunomumŋe nomumŋe
unoita ȥakanaka, kumuJuda pakuta-
ŋga, nomuGiriki ʋo. 11 Nokuti Mŋa-
ri haatendi ȥinoʋonekwa ȥomunhu.
12 Nokuti ʋose ʋakatadza ʋasinomu-
rairo, ʋacaparadzwa ʋo ʋasinomurairo;
ʋose ʋakatadza ʋanomurairo, ʋacato-
ŋgwa nomurairo; 13 nokuti ʋanzwi
ʋomurairo haʋazi iʋo ʋakarurama
pamberi paMŋari, asi ʋaiti ʋomurairo
ndiʋo ʋanoruramiswa; 14 (nokuti kana
ʋahedeni ʋasinomurairo ʋaciita pacaʋo
ȥinhu ȥomurairo, ʋaʋa murairo waʋo
ʋamene; 15 nokuti ʋanoratidza ɓasa
romurairo wakanyorwa mumŋoyo yaʋo,
hana yaʋo icipupura pamŋe cete naȥo,
neȥaʋanofuŋga pakati paʋo ȥiciʋapa
mhoşa kana kuʋapembedza;) 16 ne-
zuʋa iro, Mŋari raanozotoŋga naro
ȥakaʋanzika ȥaʋanhu, naJesu Kristu,
seȥinoreʋa Evaŋgeri yaŋgu.

*ƲaJuda havanepembedzo.*

17 Ȥino kana iwe unonzi muJuda,
unoʋimba nomurairo, unoȥirumbidza
munaMŋari, 18 unoziʋa kuɗa *kwake*,
nokutsaura kuti ȥakanaka ndeȥipi, uci-
dzidziswa nomurairo, 19 unoȥiti iwe
uri mutuŋgamiriri wamapofu, *ne*ciedza
caʋari murima, 20 nomurairi wama-
penzi, nomudzidzisi waʋacece, ȥauno-
mufananidzo wokuziʋa noweȥokwaɗi
pamurairo; 21 ȥino iwe unodzidzisa
mumŋe, unoregereiko kuȥidzidzisa?
Iwe unoparidza kuti munhu arege
kuɓa, unoɓireiko iwe? 22 Iwe unoti
munhu arege kuita ʋupombge, uno-
itireiko ʋupombge iwe? Iwe unosema
ȥifananidzo, unoɓireiko iwe tembere
*dzaʋo?* 23 Iwe unoȥirumbidza no-
murairo, unoshoʋora Mŋari nokuɗarika
murairo neiko? 24 Nokuti, seȥaȥa-
kanyorwa, zita raMŋari rinomhurwa
pakati paʋahedeni nokuɗa kwenyu.
25 Nokuti kudziŋgiswa kunoɓatsira,
kana iwe uri muiti womurairo; asi kana
uri muɗariki womurairo, kudziŋgiswa
kwako kwaʋa kusadziŋgiswa. 26 Ȥino,
kana iye usina-kudziŋgiswa aciceŋgeta
ȥireʋo ȥomurairo, ko kusadziŋgiswa
kwake hakuŋganzi kudziŋgiswa here?
27 Nousina-kudziŋgiswa kubva paku-
ȥarwa kwake, kana aciceŋgeta murairo,
haaŋgakutoŋgi here iwe unoɗarika
murairo, iwe *unomurairo* wakanyorwa,
ʋuye ʋo kudziŋgiswa? 28 Nokuti uyo
haazi muJuda, uri *muJuda* pakuʋo-
nekwa *cete*; nokudziŋgiswa hakuzi iko
kunoʋonekwa, kuri panyama; 29 asi
muJuda ndiye uri *muJuda* necomukati;
nokudziŋgiswa ndiko kwomŋoyo, mu-
mŋeya, kusati kuri kweȥakanyorwa;
iye haarumbidzwi naʋanhu, asi na-
Mŋari.

*Kukomborerwa kwavaJuda.*

3 1 Ko muJuda unopfuʋura ʋamŋe
neiko? Kana kudziŋgiswa kuno-
ɓatsireiko? 2 Ȥizhinji, nemitoʋo
yose: Pakutaŋga, kuti ndiʋo ʋakapiwa
mashoko aMŋari. 3 Nokuti ȥinoɗiniko
kana ʋamŋe ʋasinokutenda? Ko kusa-
tenda kwaʋo kucakonesa kutendeka
kwaMŋari here? 4 Haişa! Mŋari ŋga-
aʋe waȥokwaɗi, asi ʋanhu ʋose ʋaʋe
ʋenhema; seȥaȥakanyorwa, ȥicinzi:
Kuti mururamiswe pamashoko
enyu,
Mukunde pakutoŋga kwenyu.
5 Asi kana kusarurama kweɗu kucira-
tidza kururama kwaMŋari, ticatiyiko?
*Kuti* Mŋari haana-kururama here,
ȥaanoita nehasha? (Ndinotaura noku-
taura kwomunhu.) 6 Haişa! Mŋari
uŋgagozotoŋga nyika seiko? 7 Ȥino
kana ȥokwaɗi yaMŋari yawanzwa ne-
nhema dzaŋgu, iye akakudzwa naȥo,
ko neni ʋo ndicatoŋgerwei somutadzi?
8 Ticaregereiko *kutaura* (seȥatinopo-
merwa, ʋuye seȥinoreʋa ʋamŋe ʋaciti
tinoɗaro), *ticiti*: Ŋgatiite ȥakaipa, kuti
ȥakanaka ȥiɓuɗe'po? Kutoŋgwa kwaʋo
kwakarurama.

*Ʋanhu vose vaneȥivi, asi vanoruramiswa munaJesu Kristu.*

9 Ȥino toɗiniko? Tinoʋapfuʋura
here? Kwete napaɗuku; nokuti tambo-
pa ʋose mhoşa, ʋaJuda naʋaGiriki,
ticiti ʋose ʋakasuŋgwa neȥiʋi; 10 se-
ȥaȥakanyorwa, ȥicinzi:
Hakuna-wakarurama, kunyaŋge
nomumŋe;
11 Hakuna-unonzwisisa,
Hakuna-unotşaka Mŋari;
12 Ʋakatsauka ʋose, ʋakaʋa ʋanhu
ʋasinamaturo,
Hakuna-unoita ȥakanaka, kunyaŋge
nomumŋe cete;
13 Huro dzaʋo bgiro bgakashama;
Ʋakanyeŋgera nendimi dzaʋo;
Ʋuturu bgenyoka bguri mumiromo
yaʋo;
14 Muromo waʋo uzere nokutuka
nokuʋaʋa;
15 Tsoka dzaʋo dzinokurumidza ku-
teʋura ropa;
16 Kuparadza nenhamo ȥiri munzira
dzaʋo;
17 Nenzira yorugare haʋana-kuiziʋa.
18 Kutya Mŋari haku'po pamberi
paʋo.

19 Ȥino tinoziʋa kuti ȥose ȥinorebga
nomurairo, unoȥitaura kunaʋose ʋari
pasi pomurairo; kuti miromo yose
idziʋirwe, nenyika yose iʋe nemhoşa
pamberi paMŋari. 20 Nokuti haku-
nenyama iŋgaruramiswa pamberi pake
namaɓasa omurairo; nokuti ȥiʋi ȥino-
ziʋiswa nomurairo. 21 Asi ȥino kuru-
rama kwaMŋari kwakaratidzwa kunze
kwomurairo, kucipupurirwa nomurairo
naʋaprofita; 22 ndiko kururama kwa-
Mŋari *kunovuya* nokutenda kunaJesu
Kristu kunaʋose ʋanotenda; nokuti
haʋasiyani, 23 nokuti ʋose ʋakatadza,
ʋakasaşika pakubginya kwaMŋari.
24 Ʋanoŋgoruramiswa nenyasha dzake
nokudzikinura kuri munaKristu Jesu;
25 iye wakagadzwa naMŋari, kuti aʋe
muyananiso nokutenda muropa rake,
kuti kururama kwake kuratidzwe, no-
kuti ȥiʋi ȥakaitwa kare ȥakaregerwa,
Mŋari aciʋaitira mŋoyo murefu;
26 kuti kururama kwake kuratidzwe
neŋguʋa ino, kuti arurame iye amene,
ʋuye aruramise uyo unotenda kuna-
Jesu. 27 Ȥino kuȥikudza kuripiko?
Kwabviswa. Nomurairo upiko? Wa-
maɓasa here? Kwete, asi nomurairo
wokutenda. 28 Naiȥoȥo tinoti, munhu
unoruramiswa nokutenda kunze kwa-
maɓasa omurairo. 29 Ko Mŋari ndiye
waʋaJuda ʋoga here? Haazi waʋahe-
deni ʋo here? Hoŋo, waʋahedeni ʋo;
30 Mŋari ȥaari mumŋe cete, ucarura-
misa ʋakadziŋgiswa pamsoro pokute-
nda, naʋasina-kudziŋgiswa nokutenda.
31 Ȥino tinokonesa murairo nokutenda
here? Haişa! Asi tinosimbisa murairo.

*Abrahama wakaruramiswa nokutenda.*

4 1 Ȥino ticati Abrahama, teteguru
ʋeɗu panyama, wakawaneiko?
2 Nokuti ɗai Abrahama akarura-
miswa namaɓasa *ake*, uŋgaɗai ane*cinhu*
caaŋgaȥirumbidza naco; asi haana pa-
mberi paMŋari. 3 Nokuti Rugwaro
runoti kuɗiniko? *Runoti*: Abrahama
wakatenda Mŋari, kukanzi kwaari ndiko
kururama. 4 Ȥino kunounoɓate-ɓasa,
muɓairo haunzi ndowenyasha, asi ndo-
weŋgaʋa. 5 Kunousiŋgaɓati, asi uno-
tenda kunaiye unoruramisa *munhu*
usiŋgaɗi Mŋari, kutenda kwake kunonzi
kwaari ndiko kururama. 6 Seȥinoreʋa
ʋo Davidi, kuti wakaropafadzwa munhu
unonzi naMŋari wakarurama, kunze
kwamaɓasa, 7 *aciti*:

ʋakaropafadzwa ʋakakaŋganwirwa
ȥisakarurama ȥaʋo,
Naʋakafukidzirwa ȥiʋi ȥaʋo;
8 Wakaropafadzwa munhu usiŋganzi
naShe uneȥiʋi.
9 Ȥino kuropafadzwa uku ndokwaʋa-
kadziŋgiswa, kana kwaʋasina-kudzi-
ŋgiswa here? Nokuti inoti, kuna-
Abrahama kutenda *kwake* kwakanzi
ndiko kururama. 10 Ȥino ȥakanzarwo
seiko? Atodziŋgiswa, kana asina-
kudziŋgiswa here? Haȥina-*kunzarwo*
adziŋgiswa, asi asina-kudziŋgiswa;
11 wakapiwa ciratidzo cokudziŋgiswa,
kuti ciʋe cisimbiso cokururama kwo-
kutenda, kwaakaŋga ana'ko asati adzi-
ŋgiswa; kuti aʋe ɓaɓa ʋaʋose ʋano-
tenda, kunyaŋge ʋasina-kudziŋgiswa,
kuti ʋagonzi ʋakarurama; 12 *aʋe* ɓaɓa
ʋokudziŋgiswa kunaiʋo ʋasina-kudzi-
ŋgiswa ɓedzi, asi ʋanofamba ʋo muma-
kwara okutenda kwaɓaɓa ʋeɗu Abra-
hama, kwaʋaiʋa nako ʋasati ʋadziŋgi-
swa. 13 Nokuti cipikirwa cokuti ucaʋa
mugari wenhaka yenyika hacina-kupiwa
Abrahama kana rudzi rwake nomu-
rairo, asi nokururama kwokutenda.
14 Nokuti ɗai ʋomurairo *ʋari* ʋagari
ʋenhaka, kutenda hakunamaturo, neci-
pikirwa cinokoneswa; 15 nokuti mu-
rairo unoʋuyisa kutsamŋa; asi pasino-
murairo hapana-kuɗarika ʋo. 16 Saka
ndeȥokutenda, kuti, *ȥiʋe* ȥenyasha;
kuti cipikirwa ciʋe nesimba kurudzi
rwose; rusati ruri rwomurairo ɓedzi,
asi norwokutenda kwaAbrahama ʋo,
iye ɓaɓa ʋeɗu tose, 17 (seȥaȥakanyorwa,
*ȥicinzi*: Ndakakuita ɓaɓa ʋamarudzi
mazhinji) pamberi paiye waakatenda,
iye Mŋari unopa ʋakafa ʋupenyu,
nokuɗana ȥisi'po seȥineŋge ȥiri'po.
18 Wakatenda netariro pasinetariro,
kuti aʋe ɓaɓa ʋamarudzi mazhinji,
seȥakaŋga ȥarebga, *ȥicinzi*: Rudzi
rwako rucaɗaro. 19 Haana-kushaiwa
simba pakutenda, acifuŋga muʋiri wake
wakaŋga watofa hawo (ȥaaiʋa namakore
aneŋge zana), nokufa kweciȥaro caSara;
20 akatarira cipikirwa caMŋari, haana-
kunyunyuta nokusatenda, asi waka-
simbiswa pakutenda, akakudza Mŋari,
21 aciziʋa kwaȥo, kuti ico caakapikira,
wakaŋga anesimba rokuciita ʋo. 22 Sa-
ka ȥakanzi kwaari ndiko kururama.
23 Ȥino haȥina-kunyorwa nokuɗa kwake
ɓedzi, kuti ȥakanzarwo kwaari; 24 asi
nokuɗa kweɗu ʋo; nesu ticanzarwo,
iyesu, tinotenda kunowakamutsa Jesu,
Ishe weɗu, kuʋakafa, 25 iye wakaiswa
*kurufu* nokuɗa kwokuɗarika kweɗu,
akamutswa nokuɗa kwokururamiswa
kweɗu.

*Mikomborero inobva pakururamiswa.*

5 1 Naiȥoȥo ȥatinoruramiswa no-
kutenda ŋgatiʋe norugare kuna-
Mŋari naShe weɗu, Jesu Kristu;
2 watakawana naye mapindire noku-
tenda munyasha idzi, dzatinomira ma-
dziri; ŋgatifare netariro *yokuwona* ku-
bginya kwaMŋari. 3 Ȥisati ȥiri iȥo
ɓedzi, asi ŋgatifare ʋo mumaɗambudzi-
ko, ticiziʋa kuti kutambudzika kuno-
ʋuyisa kutsuŋgirira; 4 kutsuŋgirira
*kunoʋuyisa* kuidzwa; kuidzwa *kunoʋuyisa*
tariro; 5 tariro hainyadzisi; nokuti
ruɗo rwaMŋari rwakaɗirwa mumŋoyo
yeɗu noMŋeya Mutşene watakapiwa.
6 Nokuti ticiri pakushaiwa simba,
Kristu paŋguʋa yakafanira wakafira
ʋasiŋgaɗi Mŋari. 7 Nokuti ȥinorema
kuti munhu afire wakarurama; nokuti
ȥimŋe mumŋe uŋgatsuŋga kufira wa-
kanaka. 8 Asi Mŋari unoratidza ruɗo
rwake kwatiri pakuti Kristu wakatifira,
ticiri ʋatadzi. 9 Ȥino, ȥatakaruramiswa
muropa rake, ticaponeswa ȥikuru sei
naye pakutsamŋa. 10 Nokuti ȥata-
kayananiswa naMŋari nokufa kwo-
Mŋanakomana wake, ticiri ʋaʋeŋgi *ʋake*,
ȥikuru ticaponeswa kana tayananiswa
noʋupenyu bgake; 11 ȥisati ȥiri iȥo
ɓedzi, asi tinofara ȥikuru ʋo muna-
Mŋari naShe weɗu Jesu Kristu, wata-
kapiwa ȥino naye iko kuyananiswa.

*Adama naKristu ʋanofananidzwa.*

12 Saka, ȥiʋi seȥaȥakapinda munyika
nomunhu mumŋe, norufu *rukapinda*
neȥiʋi; saiȥoȥo rufu rwakaşika kuʋanhu
ʋose, nokuti ʋose ʋakatadza; 13 nokuti
murairo usati waʋa'po, ȥiʋi ȥakaŋga
ȥiri panyika; asi ȥiʋi haȥiʋereŋgerwi
*munhu*, kana kusinomurairo. 14 Asi
rufu rwakaɓata ʋushe kubva kunaAda-
ma kuşikira kunaMosesi, kunyaŋge na-
pakati ʋo paʋasina-kutadza nokuɗarika
kwaAdama, waiʋa mufananidzo wowa-
kaŋga acizoʋuya. 15 Asi cipo coku-
ŋgopiwa hacifanani nokuɗarika. No-
kuti kana ʋazhinji ʋakafa nokuɗarika
kwomumŋe, ȥikuru nyasha dzaMŋari
necipo *cakaʋuya* nenyasha dzomunhu
mumŋe, Jesu Kristu, ȥakawandira
ʋazhinji. 16 ʋuye cipo hacifanani

neȥ*iʋi* ȥomunhu mumŋe wakatadza;
nokuti kutoŋga *kwakavuya* nomunhu
mumŋe kuti *ʋa*piwe mhoşa; asi cipo
cokuŋgopiwa cakaʋuya nokuɗarika ku-
zhinji, kuti *ʋa*ruramisirwe. 17 Nokuti
kana nokuɗarika kwomumŋe rufu rwa-
kaɓata ʋushe nomunhu uyu mumŋe;
ȥikuru aʋo, ʋakapiwa kuwanda kwe-
nyasha nokwecipo cokururama, ʋaca-
ɓata ʋushe paʋupenyu nomumŋe, iye
Jesu Kristu. 18 Naiȥoȥo, *kutoŋga*
seȥ*akwakavuya* kuʋanhu ʋose noku-
ɗarika kumŋe, kuti *ʋa*piwe mhoşa;
saiȥoȥo nokururamisa kumŋe *cipo coku-*
*ŋgopiwa cakavuya* kuʋanhu ʋose, kuru-
ramisirwa kwoʋupenyu *ku*kaʋa'po.
19 Nokuti ʋazhinji sezaʋakaitwa ʋata-
dzi nokusaterera kwomumŋe, saiȥoȥo
ʋazhinji ʋacaitwa ʋakarurama noku-
terera kwomumŋe. 20 Murairo waka-
pinda ʋo kuti kuɗarika kuwande; ȥino
ȥiʋi paȥakawanda, nyasha dzakawanda
nokupfuʋurisa; 21 kuti ȥiʋi seȥaȥaka-
ɓata ʋushe parufu, saiȥoȥo nyasha
dziɓate ʋushe nokururama, *ȥiise* kuʋu-
penyu bgusiŋgaperi naJesu Kristu Ishe
weɗu.

*Kufa kuȥivi ndibgo vupenyu kunaMŋari.*

6 1 Ȥino ticatiyiko? Torambira
muȥiʋi kuti nyasha dziwande here?
2 Haişa! Isu takafa kuȥiʋi, ticagara
seiko mukati maȥo? 3 Ko hamuziʋi
here kuti isu takabapatidzwa muna-
Kristu Jesu, takabapatidzwa murufu
rwake? 4 Naiȥoȥo pakubapatidzwa
takaʋigwa pamŋe cete naye murufu;
kuti saiye Kristu akamutswa kuʋakafa
nokubginya kwaƁaɓa, saiȥoȥo nesu ʋo
tifambe noʋupenyu bgutşa. 5 Nokuti
kana takaʋa ʋamŋe naye pakufanana
naye parufu rwake, ticaɗaro ʋo paku-
muka kwake; 6 ticiziʋa iȥi, kuti munhu
weɗu wekare wakaroʋerwa pamucinji-
kwa pamŋe cete naye, kuti muʋiri
weȥiʋi ushaiswe simba, tirege kuzoʋa
ʋaranda ʋeȥiʋi; 7 nokuti wakafa, waru-
ramiswa paȥiʋi. 8 Ȥino kana takafa
pamŋe cete naKristu, tinotenda kuti
ticararama ʋo pamŋe cete naye; 9 tici-
ziʋa kuti Kristu, amutswa kuʋakafa,
haacazofi; rufu harucaʋi nesimba pa-
msoro pake. 10 Nokuti pakufa kwake,
wakafa kamŋe kwaȥo kuȥiʋi; ȥino paku-
rarama kwake, unorarama kunaMŋari.
11 Saiȥoȥo nemi ʋo muȥiʋi makafa
kuȥiʋi, asi kuti muri ʋapenyu kuna-
Mŋari, munaKristu Jesu.
12 Naiȥoȥo ȥiʋi ŋgaȥirege kuɓata
ʋushe mumuʋiri wenyu unofa, kuti
muterere kuciʋa kwawo; 13 ʋuye
musapa ȥiʋi mitezo yenyu, kuti dziʋe
nhumbi *dzokuita* ȥisakarurama; asi
muȥipei imi kunaMŋari, saʋanhu ʋa-
kararama kuʋakafa, nemitezo yenyu
kuti dziʋe nhumbi dzokururama kuna-
Mŋari. 14 Nokuti ȥiʋi haȥiŋgaʋi ne-
simba pamsoro penyu; nokuti hamuzi
pasi pomurairo asi pasi penyasha.
15 Ȥino *ticati*yiko? Titadze, nokuti
hatizi pasi pomurairo here, asi pasi
penyasha? Haişa! 16 Hamuziʋi here,
kuti uyo wamunoȥipa kwaari kuti muʋe
ʋaranda ʋake kumuterera, kuti muri
ʋaranda ʋaiye wamunoterera; kana
ʋeȥiʋi ȥinoisa kurufu, kana ʋokuterera
kunoisa kukururama? 17 Asi Mŋari
ŋgaaʋoŋgwe, nokuti imi maiʋa ʋaranda
ʋeȥiʋi, mukazoterera nomŋoyo rudzi
*urwu* rwedzidziso yamakaiswa kwairi.
18 Makasunuŋgurwa paȥiʋi, mukaʋa
ʋaranda ʋokururama. 19 Ndinotaura
nokutaura kwaʋanhu, nokuɗa kwoku-
shaiwa simba kwenyama yenyu; nokuti
seȥamakapa mitezo yenyu kuti *iʋe*
ʋaranda ʋetşina, naʋeȥisakarurama ȥi-
noisa kuneȥisakarurama, saiȥoȥo ipai
mitezo yenyu ȥino *iʋe* ʋaranda ʋoku-
rurama *kunoisa* kuʋutşene. 20 Nokuti
paŋguʋa iyo muciri ʋaranda ʋeȥiʋi,
makaŋga makasunuŋguka pakururama.
21 Ȥino maiʋa neȥiɓereko ȥeiko paŋgu-
ʋa iyo paȥinhu iȥo ȥamunonyadziswa
naȥo ȥino? Nokuti kuguma kwaȥo
ndirwo rufu. 22 Asi ȥino makasunu-
ŋgurwa paȥiʋi, maʋa ʋaranda ʋaMŋari,
muneȥiɓereko ȥenyu ȥinoisa kuʋutşene,
ʋuye kuguma *kwaȥo* ndibgo ʋupenyu
bgusiŋgaperi. 23 Nokuti muɓairo
weȥiʋi ndirwo rufu; asi cipo coku-
ŋgopiwa caMŋari ndibgo ʋupenyu
bgusiŋgaperi munaKristu Jesu, Ishe
weɗu.

*Kufa kumurairo ndibgo vupenyu kunaMŋari.*

7 1 Hamuziʋi here, hama *dzaŋgu*,
(nokuti ndinotaura naʋanhu ʋano-
ziʋa murairo), kuti murairo uno-
ɓata munhu ŋguʋa yose yoʋupenyu
bgake? 2 Nokuti mukadzi, unomu-
rume, wakasuŋgwa nomurairo kumu-
rume wake, *iye* aciri mupenyu; asi

kana murume afa, wasunuŋgurwa pa-
murairo womurume. 3 Naiȥoȥo ȥino
kana akawanikwa nomumŋe murume,
murume *wake* aciri mupenyu, ucanzi
cifeʋe asi kana murume *wake* afa,
wasunuŋguka pamurairo, ȥino haazi
cifeʋe kunyaŋge akawanikwa nomu-
mŋe murume. 4 Saka, hama dzaŋgu
nemi ʋo makaitwa ʋakafa kumurairo
nomuʋiri waKristu; kuti muʋe womu-
mŋe, iye wakamutswa paʋakafa, ku-
ti tiɓerekere Mŋari ȥiɓereko. 5 No-
kuti paŋguʋa iyo ticiri munyama,
kuciʋa kweȥiʋi, kwakamutswa nomu-
rairo, kwakaɓata mumitezo yedu kuti
kuɓereke ȥiɓereko *ȥinoisa* kurufu.
6 Asi ȥino takasunuŋgurwa pamurairo,
takafa kunaiȥoȥo ȥatakaŋga takasuŋgwa
naȥo; naiȥoȥo tinoɓatira *Mŋari* no-
mŋeya mutʂa, tisiŋgaɓatiri neȥaka-
nyorwa ȥakare.
7 Ȥino ticatiyiko? Murairo ȥiʋi here?
Haiʂa! Asi handizaiziʋa ȥiʋi kana
murairo usaiʋa'po; nokuti handizaiziʋa
kuciʋa, kana murairo usina-kuti: Usa-
ciʋa; 8 ȥino ȥiʋi ȥakawana nzira
nomurairo, ȥikaita mandiri mitoʋo
yose yokuciʋa; nokuti kunze kwomu-
rairo ȥiʋi ȥakafa. 9 Ini ndaiʋa mupe-
nyu kare kunze kwomurairo, asi mu-
temo ucizoʂika, ȥiʋi ȥakamuka, ini
ndikafa; 10 nomutemo iwo *waifanira*
kuisa kuʋupenyu, ndakauwana uci*isa*
kurufu; 11 nokuti ȥiʋi ȥakawana
nzira nomutemo, ȥikandinyeŋgera, ȥika-
ndiʋuraya nawo. 12 Naiȥoȥo murairo
mutʂene, nomutemo mutʂene, waka-
rurama, wakanaka. 13 Ko ȥino ȥaka-
naka ȥakazoʋa rufu kwandiri here?
Haiʂa! Asi ndiȥo ȥiʋi, kuti ȥiratidzwe
kuti ȥiʋi, ȥakandiitira rufu neȥakanaka;
kuti nomutemo ȥiʋi ȥiʋe ȥakaipa
kwaȥo-kwaȥo. 14 Nokuti tinoziʋa kuti
murairo ndowomŋeya; asi ini ndiri
wenyama, ndakateŋgeswa pasi peȥiʋi.
15 Nokuti ȥandinoita handiȥiziʋi;
nokuti ȥandinoita haȥizi ȥandinoɗa;
asi ȥandinoʋeŋga, ndiȥo ȥandinoita.
16 Ȥino kana ndiciita ȥandisiŋgaɗi,
ndinobvumira kuti murairo wakanaka.
17 Ȥino handicini ndinoȥiita, asi ȥiʋi
ȥinogara mandiri. 18 Nokuti ndinozi-
ʋa kuti mukati maŋgu, imo munyama
yaŋgu, hamugari cinhu cakanaka; no-
kuti kuɗa kuri'po kwandiri, asi kuita
ȥakanaka haku'po. 19 Nokuti ȥaka-
naka, ȥandinoɗa, handiȥiiti; asi ȥaka-
ipa, ȥandisiŋgaɗi, ndiȥo ȥandinoita.
20 Ȥino kana ndiciita ȥandisiŋgaɗi,
handicini ndinoȥiita, asi ȥiʋi ȥinogara
mandiri. 21 Naiȥoȥo ndinowana mu-
rairo uyu kuti kana ndiciɗa kuita ȥaka-
naka, ȥakaipa ȥiri'po kwandiri. 22 No-
kuti ndinofarira murairo waMŋari
nomunhu womukati; 23 asi ndinoʋo-
na mumŋe murairo pamitezo yaŋgu,
unorwa nomurairo womuraŋgariro wa-
ŋgu, unonditapira kumurairo weȥiʋi
uri pamitezo yaŋgu. 24 Ndiri munhu
uri pakutambudzika! Ndianiko uca-
ndisunuŋgura pamuʋiri worufu urwu?
25 Mŋari ŋgaaʋoŋgwe, naJesu Kristu,
Ishe wedu. Naiȥoȥo nomuraŋgariro
ndinoɓatira Mŋari, asi nenyama mu-
rairo weȥiʋi.

*Ʋupenyu bgutʂa munaJesu Kristu.*

8 1 Naiȥoȥo hakucina-kupiwa mho-
ʂa kunaʋari munaKristu Jesu.
2 Nokuti murairo woMŋeya wo-
ʋupenyu munaKristu Jesu wakandi-
sunuŋgura pamurairo weȥiʋi noworufu.
3 Nokuti, ȥakaŋga ȥisiŋgakwaniswi
nomurairo, pakushaiwa kwawo simba
nokuɗa kwenyama, Mŋari pakutuma
kwake Mŋanakomana wake nomufa-
nanidzo wenyama yeȥiʋi, nokuɗa
kweȥiʋi, wakapa mhoʂa ȥiʋi ȥiri
munyama; 4 kuti ȥakarebga nomu-
rairo ȥiitike matiri, isu tisiŋgafambi
nenyama, asi nomŋeya. 5 Nokuti ʋari
ʋenyama ʋanofuŋga ȥenyama: asi ʋari
ʋomŋeya, *ʋanofuŋga* ȥomŋeya. 6 No-
kuti kufuŋga kwenyama ndirwo rufu;
asi kufuŋga kwomŋeya ndibgo ʋupenyu
norugare; 7 nokuti kufuŋga kwe-
nyama kunoʋeŋgana naMŋari; nokuti
hakuȥiisi pasi pomurairo waMŋari;
hakugoni ʋo; 8 ȥino ʋari munyama
haʋagoni kufadza Mŋari. 9 Asi imi
hamuzi munyama, asi mumŋeya, kana
Mŋeya waMŋari acigara ȥirokwaȥo
mukati menyu. Asi kana munhu
asinoMŋeya waKristu, haazi wake.
10 Kana Kristu ari mukati menyu,
muʋiri wakafa nokuɗa kweȥiʋi, asi
mŋeya mupenyu nokuɗa kwokuru-
rama. 11 Ȥino kana Mŋeya waiyeyo
wakamutsa Jesu kuʋakafa acigara mu-
kati menyu, iye wakamutsa Kristu Jesu
kuʋakafa, ucaponesa miʋiri yenyu inofa
noMŋeya wake, unogara mukati menyu.
12 Naiȥoȥo, hama *dzaŋgu*, hatine-
ŋgaʋa nenyama, kuti tirarame netsika

dzenyama. 13 Nokuti kana muci-
famba netsika dzenyama, mucafa; asi
kana muciʋuraya maɓasa omuʋiri
noMŋeya, mucararama; 14 nokuti
ʋose ʋanotuŋgamiririrwa noMŋeya wa-
Mŋari, ndiʋo ʋana ʋaMŋari. 15 No-
kuti hamuna-kupiwa mŋeya woʋuranda
kuti mutye ȥe, asi makapiwa mŋeya
wokuitwa ʋana, watinoɗana nawo,
*ticiti*: Aba, Ɓaɓa. 16 Mŋeya amene
unopupurirana nomŋeya weɗu, kuti
tiri ʋana ʋaMŋari; 17 ȥino kana *tiri*
ʋana, *tiri* ʋadyi ʋenhaka; ʋadyi ʋenhaka
yaMŋari, ʋadyi ʋenhaka pamŋe cete
naKristu; kana ticitambudzika pamŋe
cete *naye*, tigokudzwa ʋo pamŋe cete
*naye*.
18 Nokuti ndinoti maɗambudziko
eŋguʋa ino haana-kufanira kuenza-
niswa nokubginya kucazoratidzwa kwa-
tiri. 19 Nokuti ȥisikwa ȥinotarisisa
ȥikuru ȥicimirira kuratidzwa kwaʋa-
nakomana ʋaMŋari. 20 Nokuti ȥisikwa
ȥakaiswa pasi peȥisiŋgagari, ȥisiŋgaɗi
haȥo, asi nokuɗa kwaiye wakaȥiisa pasi
paȥo, 21 ȥicitarira kuti ȥisikwa ȥimene
ȥisunuŋgurwe ʋo paʋuranda bgokuʋora,
*ȥiiswe* pakusunuŋgurwa kwokubginya
kwaʋana ʋaMŋari. 22 Nokuti tinoziʋa
kuti ȥisikwa ȥose ȥinogomera noku-
rwadziwa pamŋe cete kuşikira ȥino.
23 Ȥisati ȥiri iȥo ɓedzi, asi nesu ʋo,
*kunyaŋge* tineȥiɓereko ȥokutaŋga ȥo-
Mŋeya, nesu timene tinogomera mukati
meɗu, ticimirira kuitwa *kweɗu* ʋana,
ndiko kudzikinurwa kwomuʋiri weɗu.
24 Nokuti takaponeswa netariro; asi
tariro inoʋonekwa, haiȥi tariro; nokuti
ndiani unotarira caanoʋona? 25 Asi
kana ticitarira catisiŋgaʋoni, tinoci-
mirira nokutsuŋgirira.
26 Saiȥoȥo Mŋeya unoɓatirana ʋo
nokusaʋa-nesimba kweɗu; nokuti
hatiziʋi kunyeŋgetera ȥakafanira; asi
Mŋeya amene unotinyeŋgeterera no-
kugomera kusiŋgataurwi; 27 uyo uno-
nȥera mŋoyo, ndiye unoziʋa kufuŋga
kwoMŋeya, nokuti unonyeŋgeterera
ʋatşene seȥinoɗa Mŋari. 28 Tinoziʋa
kuti ȥinhu ȥose ȥinoɓatirana kuti ȥiitire
ȥakanaka aʋo ʋanoɗa Mŋari, aʋo
ʋakaɗanwa seȥaakafuŋga. 29 Nokuti
ʋaakaziʋa kare, ndiʋo ʋaakatemera ʋo
kare, kuti ʋafanane nomufananidzo
woMŋanakomana wake, kuti aʋe ɗaŋgwe
pakati pehama zhinji; 30 aʋo ʋaaka-
temera kare, ndiʋo ʋaakaɗana ʋo;
ʋaakaɗana, ndiʋo ʋaakaruramisa ʋo;
ʋaakaruramisa, ndiʋo ʋaakakudza ʋo.
31 Ȥino ticatiyiko paȥinhu iȥi? Kana
Mŋari acitirwira, ndianiko ucatirwisa?
32 Iye usina-kuramba kunyaŋge no-
Mŋanakomana wake, asi wakamupa
ʋose nokuɗa kweɗu tose, uŋgarega sei-
ko kutipa ʋo ȥose pamŋe cete naye?
33 Ndianiko ucakwirira ʋasanaŋgurwa
ʋaMŋari? Mŋari ndiye unoruramisa;
34 ndianiko ucaʋapa mhoşa? Kristu
Jesu ndiye wakafa, ȥikuru ndiye waka-
mutswa kuʋakafa, uri kurudyi rwa-
Mŋari, unotinyeŋgeterera ʋo. 35 Ndi-
aniko ucatiparadzanisa noruɗo rwa-
Kristu? Kutambudzika, kana nhamo,
kana kuʋeŋgwa, kana nzara, kana
kushaiwa ȥokufuka, kana njodzi, kana
munondo here? 36 Seȥaȥakanyorwa,
*ȥicinzi*:

Nokuɗa kwenyu tinoʋurawa zuʋa
rose;
Takanzi tiri makwai anoɓayiwa.

37 Kwete, paȥinhu iȥi ȥose tiri ʋakundi
nokupfuʋurisa naiye wakatiɗa. 38 No-
kuti ndinoziʋa kwaȥo kuti kunyaŋge
rufu, kana ʋupenyu, kana ʋatumŋa,
kana ʋakuru, kana ȥaȥino, kana ȥino-
ʋuya, kana masimba, 39 kana kwaka-
kwirira, kana kwakadzika, kana cinhu
cimŋe cakasikwa, haȥiŋgagoni kuti-
paradzanisa noruɗo rwaMŋari, ruri
munaKristu Jesu, Ishe weɗu.

*Kusatenda kwaʋaJuda nokurashwa kwaʋo.*

9 1 Ndinotaura ȥirokwaȥo muna-
Kristu, handireʋi nhema, hana
yaŋgu icindipupurira muMŋeya
Mutşene, 2 kuti ndineshuŋgu kwaȥo
nokucema kusiŋgaperi mumŋoyo ma-
ŋgu. 3 Nokuti ndaiɗa kuti ini ndimene
ndiʋe munhu wakatukwa, wakapara-
dzaniswa naKristu nokuɗa kwehama
dzaŋgu, iʋo ʋorudzi rwaŋgu panyama;
4 ndiʋo ʋaIsraeri; kuʋa ʋana, noku-
bginya, nesuŋgano, nokupiwa murairo,
nokunamata Mŋari, neȥipikirwa, nde-
ȥaʋo; 5 madziɓaɓa ndaaʋo, naKristu
wakabva kwaʋari panyama, uri pa-
msoro paʋose, Mŋari unokudzwa
nokusiŋgaperi. Ameni. 6 Asi handiti
shoko raMŋari rakakona. Nokuti
ʋakabva kuʋaIsraeri haʋaȥi ʋaIsraeri
ʋose; 7 naʋari ʋorudzi rwaAbrahama
haʋaȥi ʋana *ʋake* ʋose; asi *ȥinonzi*:
KunaIsaka ndiko kucatumidzwa rudzi

rwako. 8 Ndokuti haʋazi ʋana ʋe-
nyama ʋari ʋana ʋaMŋari; asi ʋana
ʋokupikirwa, ndiʋo ʋanonzi rudzi.
9 Nokuti shoko rakapikirwa ndirori:
Neŋguʋa yakaita seino ndicaʋuya, Sara
ucaʋa nomŋanakomana. 10 Haɀizi
iɀoɀo ɓedzi; asi Rebeka ʋo, wakati aʋa
nemimba kunomumŋe, *iye* Isaka, ɓaɓa
ʋeɗu—11 nokuti *ʋana* ʋasati ʋaɓere-
kwa, ʋasati ʋaita ɀakanaka kana ɀakaipa,
kuti kufuŋga kwaMŋari pakusana-
ŋgura *kwake* kusimbiswe, kusiŋgabvi
pamaɓasa, asi kunaiye unoɗana,
12 ɀakanzi kwaari: Mukuru ucaʋa
muranda womuɗuku. 13 Seɀaɀaka-
nyorwa, *ɀicinzi:* Jakobo ndakamuɗa, asi
Esau ndakamuʋeŋga.
14 Ɀino ticatiyiko? Kusarurama
kuri'po kunaMŋari here? Haiȿa!
15 Nokuti unoti kunaMosesi: Ndica-
nzwira ŋgoni wandinonzwira ŋgoni,
ndicanzwira tsitsi wandinonzwira tsitsi.
16 Naiɀoɀo haɀi*bvi* kunounoɗa, kana
kunounomhanya, asi kunaMŋari, mu-
nzwiri weŋgoni. 17 Nokuti Rugwaro
runoti kunaFarao: Ndiɀo ɀandaka-
kumutsira, kuti ndiratidze simba raŋgu
kwauri, ʋuye kuti zita raŋgu riparidzwe
panyika yose. 18 Naiɀoɀo unonzwira
ŋgoni waanoɗa; ʋuye unowomesera
*mŋoyo* waanoɗa.
19 Ɀino iwe uŋgati kwandiri: Iye
ucapireiko mhoȿa? Nokuti ndianiko
unoramba kuɗa kwake? 20 Ko ɀino
iwe munhu, ndiwe aniko, unopindura
Mŋari? Ko cakaʋumbga ciŋgati kuno-
wakaciʋumba: Wandiitireiko kuɗai?
21 Ko muʋumbi wehari haanesimba
pamsoro pevu here, kuti neɓundu
rimŋe aite mudziyo mumŋe waka-
kudzwa, nomumŋe usina-kukudzwa?
22 Ɀino ticatiyiko kana Mŋari, kana
akaŋga aciɗa kuratidza kutsamŋa kwake,
nokuziʋisa simba rake, akaita nomŋoyo
murefu ɀikuru pamsoro pemidziyo
yokutsamŋirwa, yakagadzirirwa kupa-
radzwa, 23 kuti aziʋise kufuma kwo-
kubginya kwake pamsoro pemidziyo
yeŋgoni, yaakaŋga agadzirira kubgi-
nya, 24 iyesu ʋakaɗanwa ʋo naye,
tisiŋgabvi kuʋaJuda ɓedzi, asi kuʋa-
hedeni ʋo? 25 Seɀaanoreʋa ʋo *pabuku*
yaHosea, *aciti*:

Aʋo ʋakaŋga ʋasi ʋanhu ʋaŋgu,
ndicaʋaidza ʋanhu ʋaŋgu;
Naiye wakaŋga asi muɗikanwa,
ndicamuidza muɗikanwa.
26 Ɀicaitika kuti paya pakaŋga parebga
kwaʋari: Hamuzi ʋanhu ʋaŋgu,
Ipapo ʋacaidzwa ʋanakomana ʋa-
Mŋari mupenyu.

27 NaIsaya unoɗana pamsoro paʋa-
Israeri, *aciti*: Kana kuwanda kwaʋana
ʋaIsraeri kwakaita sejeca reguŋgwa,
ʋakasara ndiʋo ʋacaponeswa; 28 no-
kuti Ishe ucaita panyika shoko *rake*,
nokuripedzisa nokukurumidza. 29 Se-
ɀaakamboreʋa Isaya ʋo, *aciti*:

Ɗai Ishe wehondo asina-kutisiyira
rudzi,
Tiŋgaɗai takaʋa seSodoma, taka-
itwa seGomora.

30 Ɀino ticatiyiko? *Ticati*, ʋahedeni
ʋasina-kutȿaka kururama, ndiʋo ʋaka-
wana kururama, iko kururama kwo-
kutenda; 31 asi ʋaIsraeri ʋakati ʋa-
citȿaka murairo wokururama, haʋana-
kuȿika pamurairo iwoyo. 32 Neiko?
Nokuti *haʋana-kuutȿaka* nokutenda, asi
ɀineŋge namaɓasa aʋo. Ʋakagumburwa
nebge rinogumbusa. 33 Seɀaɀakanyo-
rwa, *ɀicinzi*:

Tarira, ndinoisa paZioni ibge roku-
gumbusa, neɗombo rokupiŋga-
nidza;
Unotenda kwaari, haaŋganyadziswi.

10
1 Hama *dzaŋgu*, kuɗa kwo-
mŋoyo waŋgu nokukumbira
kwaŋgu kunaMŋari pamsoro pa-
ʋo ndiko, kuti ʋaponeswe. 2 Nokuti
ndinoʋapupurira kuti ʋanoshiŋgairira
Mŋari, asi *haʋaiti* nokuziʋa. 3 Nokuti,
ɀaʋakaŋga ʋasiŋgaziʋi kururama kwa-
Mŋari, ʋakatȿaka kumisa *kururama*
kwaʋo ʋamene, ʋakasaɀiisa pasi poku-
rurama kwaMŋari. 4 Nokuti Kristu
ndimugumo womurairo, kuti mumŋe
nomumŋe unotenda aruramiswe.
5 Nokuti Mosesi unonyora, aciti, mu-
nhu, unoita kururama, kunorebga
nomurairo, ucararama naɀo. 6 Asi
kururama kunobva pakutenda, kuno-
reʋa kuɗai: Usati mumŋoyo mako:
Ndianiko ucakwira kuɗeŋga? (ndiko
kuɓurusa Kristu;) 7 kana, ndianiko
ucaɓurukira kwakadzika-dzika? (ndi-
ko kuɓuɗisa Kristu kuʋakafa.) 8 Asi
kunoreʋeiko? Shoko riri pedyo newe,
mumuromo mako, nomumŋoyo mako;
ndiro shoko rokutenda ratinoparidza;
9 kuti, kana ucipupura nomuromo
wako *kuti* Jesu ndiye Ishe, nokutenda
mumŋoyo mako, kuti Mŋari wakamu-

mutsa kuʋakafa, ucaponeswa; 10 no-
kuti munhu unotenda nomŋoyo, ndo-
kururamiswa; unopupura nomuromo,
ndokuponeswa. 11 Nokuti Rugwaro
runoti: Aninani unotenda kwaari,
haaŋganyadziswi. 12 Nokuti muJuda
nomuGiriki haʋasiyani; nokuti mumŋe
ndiye Ishe waʋose, wakafuma kunaʋose
ʋanoɗana kwaari; 13 nokuti aninani
unoɗana kuzita raShe, ucaponeswa.
14 Ȥino ʋacagoɗana seiko kunaiye,
waʋasina-kutenda kwaari? Ʋacatenda
seiko kunaiye, waʋasina-kunzwa? Ʋa-
canzwa seiko *kana* kusinomuparidzi?
15 Ʋacaparidza seiko, kana ʋasiŋga-
tumŋi? Seȥaȥakanyorwa, *ȥicinzi*: Dza-
kanaka sei tsoka dzaʋanoʋuya nama-
shoko omufaro eȥinhu ȥakanaka?
16 Asi ʋose haʋana-kuterera mashoko
omufaro. Nokuti Isaya unoti: Ishe,
ndianiko wakatenda ȥatakaparidza?
17 Naiȥoȥo kutenda *kunoʋuya* noku-
nzwa, nokunzwa *kunoʋuya* neshoko
raKristu. 18 Asi ndinoti: Haʋana-
kunzwa here? Hoŋo, ȥirokwaȥo,

Inzwi raʋo rakaɓuɗa kunyika yose,
Namashoko aʋo kumigumo yenyika.

19 Asi ndinoti: ƲaIsraeri haʋana-
kuziʋa here? Pakutaŋga Mosesi unoti:

Ndicamutsa goɗo renyu no*rudzi*
rusati ruri rudzi,
Ndicamutsa kutsamŋa kwenyu no-
rudzi rusiŋganzwisisi.

20 NaIsaya, asiŋgatyi, unoti:

Ndakawanikwa naʋasina-kundi-
tşaka,
Ndakaʋonekwa naʋasina-kundi-
bvunza.

21 Asi kuʋaIsraeri unoti: Ndakata-
mbanudzira maʋoko aŋgu zuʋa rose
kuʋanhu ʋasiŋgatereri, naʋanokakaʋara.

*ƲaIsraeri ʋacadzokera ȥe kunaMŋari.*

11 1 Ȥino ndinoti: Ko Mŋari
wakarasha ʋanhu ʋake here?
Haişa! Nokuti neni ʋo ndiri
muIsraeri, worudzi rwaAbrahama, we-
imba yaɓenjamini. 2 Mŋari haana-
kurasha ʋanhu ʋake ʋaakaziʋa paku-
taŋga. Ko hamuziʋi kuti Rugwaro
runoti kuɗini pamashoko aEria here?
Kuti unokumbira kunaMŋari pamsoro
paʋaIsraeri, *aciti*: 3 Ishe, ʋakaʋuraya
ʋaprofita ʋenyu, ʋakaputsa artari dze-
nyu; ini ndakasiyiwa ndoga, ȥino ʋa-
notşaka kundiʋuraya. 4 Asi Mŋari
unomupindureiko? *Unoti*: Ndaka-
ȥisiyira ʋarume ʋaneȥuru ȥinomŋe,
ʋasina-kufugamira Baari. 5 Ȥino, sa-
iȥoȥo neŋguʋa ino ʋo ʋari'ko ʋakaşara,
ʋakasanaŋgurwa nenyasha. 6 Ȥino
kana *kusanaŋgura* kuri kwenyasha,
hakuzati kuciri kwamaɓasa; kana ȥisa-
kaɗaro, nyasha hadziciri nyasha.
7 Ȥino ticatiyiko? ƲaIsraeri haʋana-
kuwana ȥaʋakaŋga ʋacitşaka, asi ʋaka-
sanaŋgurwa ndiʋo ʋakaȥiwana; ʋamŋe
ʋakawomeswa, 8 seȥaȥakanyorwa, *ȥi-
cinzi*: Mŋari wakaʋapa mŋeya wehope;
meso, kuti ʋarege kuʋona, nenzeʋe,
kuti ʋarege kunzwa, kuşikira zuʋa
ranhasi. 9 NaDavidi ʋo unoti:

Tafura yaʋo ŋgaiitwe musuŋgo,
neriʋa,
Necigumbuso, necinotsiʋa kwa-
ʋari:
10 Meso aʋo ŋgaaşiɓirwe, ʋarege
kuʋona;
Mukotamise misana yaʋo misi yose.

11 Ȥino ndinoti: Ʋakagumbuswa kuti
ʋawe here? Haişa! Asi nokuwa kwaʋo
ruponeso *rwakaşika* kuʋahedeni, kuti
ʋamutsirwe goɗo. 12 Ȥino kana kuwa
kwaʋo kwakafumisa nyika, nokutapu-
dzwa kwaʋo kwakafumisa ʋahedeni,
ȥikuru sei kuzara kwaʋo?
13 Ndinotaura kwamuri, *imi* ʋahedeni.
Ȥandiri muapostora waʋahedeni, ndi-
nokudza ɓasa raŋgu. 14 Ȥimŋe ndi-
ŋgamutsa goɗo kunaʋenyama yaŋgu,
ndiponese ʋamŋe ʋaʋo. 15 Nokuti
kana kurashwa kwaʋo kuri kuyananiswa
kwenyika, kugamucirwa *kwaʋo kuca-
goʋeiko*, asi ʋupenyu pakufa? 16 Ȥino
kana ciɓereko cokutaŋga ciri citşene,
ɓundu *rose* rakaɗaro ʋo; kana mudzi
uri mutşene, mataʋi akaɗaro ʋo.
17 Ȥino, kana mamŋe mataʋi aka-
vuniwa, iwe, muorivi wokuɗondo
ukaɓatanidzwa pakati pawo, ukaʋa
nomugoʋe pamŋe cete nawo pamudzi
napamafuta omuorivi; 18 usaȥikudza
pamsoro pamataʋi; kana uciȥikudza,
hauzi iwe unotakura mudzi, asi mudzi
ndiwo unoku*takura* iwe. 19 Ȥino
iwe ucati, mataʋi akavuniwa, kuti
ini ndiɓatanidzwe. 20 Ndiȥoȥo; ʋa-
kavuniwa nokusatenda kwaʋo, iwe
unomira nokutenda kwako. Usaȥi-
kudza, asi utye; 21 nokuti kana Mŋari
asina-kurega mataʋi okutaŋga, haaŋga-
kuregi newe ʋo. 22 Ȥino tarira ʋu-
nyoro nokukasharara kwaMŋari;
kukasharara kunaʋakawa, asi kwauri

ʋunyoro bgaMŋari, kana ucigara paʋu-
nyoro bgake; kana ȥisakaɗaro, newe
ucatemŋa ʋo. 23 Naiʋo ʋo, kana
ʋasiŋgagari pakusatenda kwaʋo, ʋaca-
ɓatanidzwa; nokuti Mŋari unogona
kuʋaɓatanidza ȥe. 24 Nokuti kana
iwe wakatemŋa kumuorivi, uri woku-
ɗondo pakusikwa *kwawo*, ukaɓatanidzwa
pamuorivi wakanaka, ȥicipesana noku-
sikwa kwaȥo—ȥikuru sei aʋa ʋari ʋomuti
iwoyo umene, ʋaŋgaɓatanidzwa pamu-
orivi waʋo!
25 Nokuti hama *dzaŋgu*, handiɗi
kuti musaziʋa cakaʋanzika ici, kuti
murege kuʋa namanyawi; kuti kuwo-
meswa *kwomŋoyo* kwakaʋuya pamsoro
paʋamŋe ʋaʋaIsraeri kuşikira kuzara
kwaʋahedeni kwapinda; 26 naiȥoȥo
*rudzi* rwose rwaʋaIsraeri rucaponeswa;
seȥaȥakanyorwa *ȥicinzi*:
PaZioni pacaɓuɗa Musunuŋguri;
Ucabvisa kusaɗa-Mŋari kuna-
Jakobo;
27 Iyi ndiyo suŋgano yaŋgu naʋo,
Musi wandicabvisa ȥiʋi ȥaʋo.
28 Kana iri Evaŋgeri, iʋo ʋaʋeŋgi
*ʋaMŋari* nokuɗa kwenyu; asi kana ku-
ri kusanaŋgurwa, ʋaɗikanwa nokuɗa
kwamadziɓaɓa. 29 Nokuti ȥipo ȥa-
Mŋari nokuɗana *kwake* haȥishandurwi.
30 Nokuti semi kare makaŋga musi-
ŋgatereri Mŋari, asi ȥino makanzwirwa
ŋgoni nokusaterera kwaʋo, 31 saiȥoȥo
naiʋo ȥino haʋana-kuterera, kuti
neŋgoni dzakaitirwa imi naiʋo ʋa-
nzwirwe ʋo ŋgoni. 32 Nokuti Mŋari
wakaʋapfigira ʋose pakusaterera *kwaʋo*,
kuti aʋanzwire ŋgoni ʋose.
33 Haiwa kufuma kwokucenjera no-
kuziʋa kwaMŋari kwakadzika sei!
Kutoŋga kwake hakuŋganȥerwi, nenzi-
ra dzake hadziŋgarondwi! 34 Nokuti
ndianiko wakaziʋa muraŋgariro waShe?
Ndianiko wakaŋga ari murairi wake?
35 Ndianiko wakataŋga kumupa, kuti
aripirwe ȥe? 36 Nokuti ȥose ȥinobva
kwaari, ȥiri'po naye, ȥiri'po nokuɗa
kwake. Ŋgaaʋe nokubginya nokusi-
ŋgaperi. Ameni.

*Kuȥipa kunaMŋari.*

12 1 Naiȥoȥo ndinokumbira ȥi-
kuru kwamuri, hama *dzaŋgu*,
netsitsi dzaMŋari, kuti muise
miʋiri yenyu, ciʋe ciɓayiro cipenyu,
citşene, cinofadza Mŋari, ndiko kuna-
mata kwenyu kwomŋoyo. 2 Musa-
enzaniswa nenyika ino; asi mushandu-
rwe muraŋgariro wenyu uciʋandudzwa,
kuti muidze muziʋe kuɗa kwaMŋari
kwakanaka, kunofadza, kwakakwana.

*Ȥipo ȥaMŋari, noRuɗo kunaʋamŋe.*

3 Nokuti nenyasha dzandakapiwa,
ndinoʋudza mumŋe nomumŋe uri
pakati penyu, kuti arege kuȥifuŋga
mukuru kupfuʋura paanofanira kufuŋga
napo; asi afuŋge nokufuŋga kwakace-
njera, mumŋe nomumŋe neciyero co-
kutenda, seȥaakagoʋerwa naMŋari.
4 Nokuti seȥatinemitezo mizhinji pa-
muʋiri mumŋe, asi mitezo yose haine-
ɓasa rimŋe cete; 5 saiȥoȥo isu, tiri
ʋazhinji, tiri muʋiri mumŋe cete
munaKristu, mumŋe nomumŋe ari
mutezo waʋamŋe. 6 Tineȥipo ȥaka-
siyana, patakapiwa nyasha napo; kana
kuri kuprofita, *ŋgatiprofite* ȥakaenzana
nokutenda *kwedu*; 7 kana kuri ku-
shumira, *ŋgaȥivonekwe* pakushumira
*kwedu*; kana kuri kudzidzisa, paku-
dzidzisa *kwedu*; 8 kana kuri kuraira,
pakuraira *kwedu*; unopa, *ŋgaape* no-
mŋoyo wose; uri mukuru, *ŋgaaɓate*
nokushiŋgaira; unoitira ŋgoni, ŋgaaite
nomufaro. 9 Ruɗo ŋgarurege kuʋa
nokunyeŋgera. Ʋeŋgai ȥakaipa; nama-
tirai ȥakanaka. 10 Kana ruri ruɗo
pakati paʋatendi, ɗanai noruɗo rukuru;
pakukudzana tuŋgamiriranai. 11 Regai
kuʋa noʋusimbe pakushiŋgaira; pisai
pamŋeya; ɓatirai Ishe; 12 farai pata-
riro; tsuŋgirirai pakutambudzika;
rambai mucinyeŋgetera; 13 goʋanai
naʋatşene pakushaiwa kwaʋo; itirai
ʋaeni ruɗo. 14 Ropafadzai ʋanoku-
tambudzai; ropafadzai, musatuka.
15 Farai naʋanofara; cemai naʋano-
cema. 16 Iʋai nomŋoyo mumŋe pakati
penyu. Musatşaka ȥinorumbidzwa, asi
mufambidzane naʋanoȥininipisa. Mu-
sati pamŋoyo yenyu makacenjera.
17 Musatsiʋa munhu cakaipa *kana*
*akuitirai* cakaipa. Tşakai ȥakarura-
ma pamberi paʋanhu ʋose. 18 Kana
ȥicibvira, pamunogona napo, iʋai noru-
gare naʋanhu ʋose. 19 Musatsiʋa,
ʋaɗikanwa, asi mudziʋurire kutsamŋa;
nokuti kwakanyorwa, kucinzi: Kutsiʋa
ndokwaŋgu, ini ndicaripira—ndiȥo ȥi-
noreʋa Ishe. 20 Asi kana muʋeŋgi
wako aziya, umupe kudya; kana aɗa
nenyota, umupe kunwa; nokuti kana
uciita iȥoȥo, ucatutira mazimbe omŋoto

pamusoro wake. 21 Usakundwa neɀa-
kaipa, asi ukunde ɀakaipa neɀakanaka.

*Mutendi naƲaɓati venyika.*

13 1 Munhu mumŋe nomumŋe
ŋgaaɀiise pasi pamasimba ma-
kuru; nokuti hakunesimba *ri-
sina-kubva* kunaMŋari; iwo ari'po
akaiswa'po naMŋari. 2 Saka unoramba
simba, unodziʋisa ɀakaiswa'po naMŋari;
ɀino iʋo ʋanodziʋisa, ʋanoɀitorera
mhoȿa. 3 Nokuti ʋaɓati haʋatyisi
*unoɓate*-ɓasa rakanaka, asi rakaipa.
Unoɗa kusatya simba here? Ita ɀaka-
naka, ugorumbidzwa naro; 4 nokuti
ndiye mushumiri waMŋari kwauri,
kuti *akuitire* ɀakanaka. Asi kana uciita
ɀakaipa, citya; nokuti iye haaɓati
munondo pasina; nokuti ndiye mushu-
miri waMŋari, mutsiʋi wokutsamŋa
kunounoita ɀakaipa. 5 Naiɀoɀo muno-
fanira kuɀiisa pasi *pavo*, musiŋgaɗaro
nokuɗa kwokutsamŋa ɓedzi, asi nokuɗa
kwehana ʋo. 6 Nokuti nemhaka iyo
munoripa ʋo mutero; nokuti ndiʋo
ʋaranda ʋaMŋari, ʋanoramba ʋaci-
ŋgoɓatira cinhu ico. 7 Ripirai ʋose
ɀaʋanofanira kuripirwa: Mutero kuna-
ʋanofanira kutererwa; muripo kuna-
ʋanofanira kuripirwa; kutya kuna-
ʋanofanira kutyiwa; kukudza kuna-
ʋanofanira kukudzwa.

*Ruɗo runozadzisa murairo.*

8 Musaʋa necikwerete nomunhu, asi
cokuɗana; nokuti unoɗa mumŋe, wa-
zadzisa murairo. 9 Nokuti iɀo *ɀokuti*:
Usaita ʋupombge, usaʋuraya, usaɓa,
usaciʋa; kana murairo upi noupi,
ɀakaʋuŋganidzwa pashoko rokuti: Uɗe
wokwako seɀaunoɀiɗa iwe. 10 Ruɗo
haruitiri wokwako ɀakaipa; naiɀoɀo
ruɗo runozadzisa murairo.

*Tinofanira kurinda.*

11 *Ɀikuru ndinoreva* iɀoɀi, ɀatinoziʋa
ŋguʋa, kuti ɀino yatoʋa ŋguʋa yoku-
muka kwenyu pahope; nokuti ɀino
kuponeswa kweɗu kwaʋa pedyo kupfu-
ʋura zuʋa rataka*taŋga* kutenda naro.
12 Ʋusiku bgapfuʋura, kwoedza; na-
iɀoɀo ŋgatirashe maɓasa erima, ŋgati-
shoŋge nhumbi dzokurwa dzeciedza.
13 Ŋgatifambe nenzira yakafanira sapa-
masikati; tisiŋgafambi nokutamba kwa-
kaipa, nokuɓatwa, kana noʋupombge,
noʋutere, kana negakaʋa, negoɗo.
14 Asi pfekai Ishe Jesu Kristu, musa-
tȿaka kufadza nyama pakuciʋa kwayo.

*Mŋoyo murefu kunavasinesimba pakutenda.*

14 1 Ɀino gamucirai usinesimba
pakutenda *kwake* musiŋgaiti
gakaʋa *naye* pamsoro poku-
fuŋga *kwake*. 2 Mumŋe munhu uno-
kutenda kuti uŋgadya ɀose; asi usine-
simba unodya miriʋo. 3 Unodya
ŋgaarege kuɀidza usiŋgadyi; usiŋgadyi
ŋgaarege kupa mhoȿa unodya; nokuti
Mŋari wakamugamucira. 4 Iwe ndiwe
aniko unopa muranda womumŋe munhu
mhoȿa? Iye unomira kana unowa
pamberi paShe wake. Ucamiswa hake,
nokuti Ishe unesimba rokumumisa.
5 Mumŋe munhu unoti zuʋa rimŋe
rinopfuʋura rimŋe; mumŋe unoti
mazuʋa ose *akafanana*. Mumŋe no-
mumŋe ŋgaaziʋe kwaɀo mumŋoyo
make. 6 Uyo unoceŋgeta zuʋa, uno-
riceŋgeta nokuɗa kwaShe; uyo unodya,
unodya nokuɗa kwaShe, nokuti uno-
ʋoŋga Mŋari; uyo usiŋgadyi, haadyi
nokuɗa kwaShe, *naiye* unoʋoŋga Mŋari.
7 Nokuti hakunomumŋe weɗu uno-
ɀiraramira iye oga, hakuna-unoɀifira
iye oga. 8 Nokuti kana ticirarama
tinoraramira Ishe; kana ticifa, tinofira
Ishe; ɀino kana ticirarama, kana ticifa,
tiri ʋaShe. 9 Nokuti Kristu wakafira
iɀoɀi, akararama ɀe kuti aʋe Ishe
waʋose—ʋakafa naʋapenyu. 10 Ɀino
iwe, unopireiko hama yako mhoȿa?
Kana newe ʋo, unoɀidzireiko hama
yako? Nokuti isu tose ticamira pacigaro
cokutoŋga caMŋari. 11 Nokuti kwa-
kanyorwa, *kucinzi*:

Noʋupenyu bgaŋgu—ndiɀo ɀino-
reʋa Ishe—ibvi rimŋe nerimŋe
ricandifugamira,
Rurimi rumŋe norumŋe ruca-
kudza Mŋari.

12 Naiɀoɀo mumŋe nomumŋe weɗu
ucaɀiɗaʋirira kunaMŋari.
13 Naiɀoɀo ŋgatirege kuramba tici-
toŋgana; asi ɀirinani kuti mutoŋge,
kuti munhu arege kuisa cigumbuso
kana cinopiŋganidza pamberi pehama
yake. 14 Ndinoziʋa, nokuziʋisisa
kwaɀo munaShe Jesu, kuti hakune-
cinhu cinetȿina cimeme; asi uyo unoti,
cinetȿina, kwaari cinetȿina. 15 Nokuti
kana hama yako iciȿiɓiswa mŋoyo
nokuɗa kweɀokudya, iwe haucafambi

norudo. Usaparadza neȥokudya ȥako
uyo wakafirwa naKristu. 16 Naiȥoȥo
kunaka kwenyu ŋgakurege kuȥidzwa.
17 Nokuti ʋushe bgaMŋari haȥizi
ȥokudya kana ȥokunwa, asi kururama,
norugare, nomufaro muMŋeya Mu-
tşene. 18 Nokuti unoɓatira Kristu
paȥinhu iȥi, unofadza Mŋari, ʋuye
unotendwa naʋanhu. 19 Naiȥoȥo ŋga-
titşake iȥo *ȥinoʋuyisa* rugare neȥati-
ŋgasimbisana naȥo. 20 Regai kupa-
radza ɓasa raMŋari nokuda kwe-
ȥokudya. Ȥinhu ȥose ȥakanaka *haȥo*:
asi ȥakaipira munhu unodya acigu-
mbusa *ʋamŋe*. 21 Ȥakanaka kusadya
nyama, kana kusanwa waini, kana
*kusaita cimŋe cinhu* ciŋgagumbusa
hama yako. 22 Kana uri iwe, kutenda
kwaunako uʋe nako umene pamberi
paMŋari. Wakaropafadzwa munhu
uyo usiŋgaȥipi mhoşa paȥinhu ȥaanoȥi-
tendera. 23 Asi uyo unonyunyuta
waʋa nemhoşa kana acidya, nokuti
*haadyi* nokutenda; ȥose ȥisiŋgabvi
pakutenda, ȥiʋi.

*Gamucirai ʋamŋe seȥamakagamucirwa naKristu.*

15 1 Ȥino isu, tinesimba, ti-
nofanira kutakura ʋutera
bgaʋasinesimba, tisiŋgaȥifadzi.
2 Mumŋe nomumŋe wedu ŋgaafadze
wokwake paneȥakanaka ȥinosimbisa.
3 Nokuti Kristu ʋo haana-kuȥifadza;
asi seȥaȥakanyorwa, *ȥicinzi*: Kuȥidza
kwaʋakakuȥidza nako kwakawira pa-
msoro paŋgu. 4 Nokuti ȥose ȥaka-
nyorwa kare, ȥakanyorwa kuti isu
tidzidze kuti tiʋe netariro inobva
pakutsuŋgirira napakunyaradza kwa-
Magwaro. 5 Ȥino Mŋari woku-
tsuŋgirira nowokunyaradza ŋgaakupei
mŋoyo mumŋe pakati penyu, seȥinoda
Kristu Jesu; 6 kuti mukudze Mŋari,
Ɓaɓa ʋaShe wedu Jesu Kristu, no-
mŋoyo mumŋe ʋuye nomuromo
mumŋe. 7 Saka gamuciranai, Kristu
seȥaakatigamucira, kuti Mŋari akudzwe.
8 Nokuti ndinoti: Kristu wakaitwa
mushumiri wokudziŋgiswa *kuratidza*
ȥokwadi yaMŋari, kuti asimbise ȥaka-
pikirwa madziɓaɓa. 9 Ʋuye, kuti
ʋahedeni ʋakudze Mŋari nokuda kwe-
ŋgoni dzake; seȥaȥakanyorwa, *ȥicinzi*:

Naiȥoȥo ndicakurumbidzai pakati
paʋahedeni,
Nokukuimbirai zita renyu.

10 Ʋuye ȥe unoti:

Farai imi ʋahedeni, naʋanhu ʋake.

11 Ʋuye ȥe:

Rumbidzai Ishe, imi ʋahedeni
ʋose;
Marudzi ose ŋgaamukudze.

12 Ʋuye ȥe, Isaya unoti:

Mudzi waJese ucaʋa'po,
Naiye unomuka, kuti aɓate ʋa-
hedeni;
Ʋahedeni ʋacamutarira iye.

13 Ȥino Mŋari wetariro ŋgaakuzadzei
nomufaro wose norugare pakutenda
*kwenyu*, kuti muʋe netariro yakawa-
ndisa, nesimba roMŋeya Mutşene.

*Ʋuapostora bgaPauro.*

14 Ȥino, hama dzaŋgu, ini ndimene
ndineȥiʋa kwaȥo pamsoro penyu, kuti
imi mumene muzere nokunaka, maka-
zadzwa nokuziʋa kwose, munogona ʋo
kurairana. 15 Asi ndinokunyorerai
ȥimŋe ndicinyanya kutsuŋga, *ndiciita*
sendinokuyeʋudzai nenyasha dzanda-
kapiwa naMŋari, 16 kuti ndiʋe mu-
randa waKristu Jesu kuʋahedeni,
ndiciita ɓasa roʋuprista paEvaŋgeri
yaMŋari, kuti ciɓayiro caʋahedeni
cifadze *Mŋari*, cakaitwa citşene no-
Mŋeya Mutşene. 17 Naiȥoȥo ndi-
ŋgaȥirumbidza munaKristu Jesu paȥi-
nhu ȥaMŋari. 18 Nokuti ndiŋgatya
kutaura ȥimŋe ȥinhu, asi iȥo Kristu
ȥaakaita neni, kuti ʋahedeni ʋatere-
reswe neshoko namaɓasa, 19 nesimba
reȥiratidzo neȥinoshamisa, nesimba
roMŋeya Mutşene; nokudaro kubva
Jerusarema nenyika yakapoteredza,
kuşikira Iririko, ndakaparidza kwaȥo
Evaŋgeri yaKristu; 20 ndicishiŋgai-
rira cinhu ici kuti ndiparidze Evaŋgeri,
apo pasina-kumborebgа zita raKristu,
kuti ndirege kuʋaka pamsoro penheyo
dzomumŋe munhu; 21 asi, seȥaȥa-
kanyorwa, *ȥicinzi*:

Aʋo, ʋasina-kuʋudzwa ȥake, ʋaca-
ʋona;
Naiʋo ʋasina-kunzwa ʋacanzwisisa.

22 Naiȥoȥo ndakadziʋiswa ʋo kazhinji
kuʋuya kwamuri; 23 ȥino ȥandisina-
pokuɓata panyika idzi, ʋuye ȥaaʋa
makore mazhinji ndicida ȥikuru kuʋuya
kwamuri, 24 kana ndicienda Spania,
*ndicaʋuya* kwamuri; (nokuti ndino-
tarira kukuʋonai parwendo rwaŋgu,
ndiperekedzwe nemi ikoko, kana nda-
mboguta ȥishoma kuʋonana nemi).

25 Asi ȥino ndomboenda Jerusarema
kundoshumira ʋatşene. 26 Nokuti
ʋeMakedonia naʋeAkaya ʋakati ȥaka-
naka kuti ʋagoʋa̧ne naʋarombo paʋa-
tşene ʋari paJerusarema. 27 Nokuti
ʋakati ȥakanaka; ʋaneŋgaʋa naʋo.
Nokuti kana ʋahedeni ʋakaitwa ʋago-
ʋani naʋo paȥinhu ȥoMŋeya, ʋane-
ŋgaʋa ʋo rokuʋashumira paȥinhu ȥe-
nyama. 28 Naiȥoȥo kana ndapedza
cinhu ici, ndikaʋaʋigira ciɓereko ici,
ndicaenda Spania nokwenyu. 29 Ndi-
noziʋa kuti kana ndiciʋuya kwenyu,
ndicaʋuya nokuropafadza kwakazara
kwaKristu.

30 Ȥino ndinokumbira ȥikuru, hama
*dzaŋgu*, naShe weɗu, Jesu Kristu, ʋuye
noruɗo rwoMŋeya, kuti murwe pamŋe
cete neni pakunyeŋgetera kwenyu
kunaMŋari pamsoro paŋgu; 31 kuti
ndisunuŋgurwe kunaʋasiŋgatereri mu-
Judea, ʋuye kuti kushumira kwaŋgu
kunaʋeJerusarema kufadze ʋatşene;
32 kuti ndiʋuye kwamuri nomufaro
nokuɗa kwaMŋari, ndiwane zoro-
ro pamŋe cete nemi. 33 Ȥino
Mŋari worugare ŋgaaʋe nemi mose.
Ameni.

*Wonekano.*

16 1 Ndinoreʋerera kwamuri Fi-
bi, hanȥadzi yeɗu, mushandi-
ri wekereke iri paKenkrea.
2 Kuti mumugamucire munaShe, se-
ȥinofanira ʋatşene, nokumuɓatsira
paȥinhu ȥose ȥaaŋgashaiwa; nokuti iye
amene wakaɓatsira ʋazhinji, neni ʋo
ndimene.

3 *Ndi*kwazisirei Priska naAkwira, ʋa-
noɓata neni munaKristu Jesu, 4 ʋakaisa
mitsipa yaʋo kurwira ʋupenyu bgaŋgu;
ʋandisiŋgaʋoŋgi ini ndoga, asi nekereke
dzose dzaʋahedeni. 5 *Ndi*kwazisirei
ʋo kereke iri paimba yaʋo. *Ndi*kwazi-
sirei Epeneto, muɗikanwa waŋgu,
ndiye ciɓereko cokutaŋga munaKristu
paAsia. 6 *Ndi*kwazisirei Maria, waka-
kuɓatsirai ȥikuru. 7 *Ndi*kwazisirei
Androniko naJunia, worudzi rwaŋgu,
ʋakasuŋgwa pamŋe cete neni, ʋaka-
kurumbira pakati paʋaapostora, ʋaka-
nditaŋgira ʋo kuʋa munaKristu.
8 *Ndi*kwazisirei Ampriato, muɗikanwa
waŋgu munaShe. 9 *Ndi*kwazisirei
Urbano, unoɓata nesu munaKristu,
naStako, muɗikanwa waŋgu. 10 *Ndi*-
kwazisirei Apere, wakatendwa muna-
Kristu. *Ndi*kwazisirei ʋokwaAristo-
buro. 11 *Ndi*kwazisirei Herodio
worudzi rwaŋgu. *Ndi*kwazisirei ʋo-
kwaNarkiso, ʋari munaShe. 12 *Ndi*-
kwazisirei Trifaina naTrifosa, ʋanoɓata
munaShe. *Ndi*kwazisirei Persisi, mu-
ɗikanwa, wakaɓata ȥikuru munaShe.
13 *Ndi*kwazisirei Rufosi, musanaŋgurwa
munaShe, namai ʋake, naʋaŋgu.
14 *Ndi*kwazisirei Asinkrito, naFregoni,
naHermesi, naPatrobasi, naHermasi,
nehama dziri kwaʋari. 15 *Ndi*kwa-
zisirei Firorogosi, naJuria, naNerea,
nehanȥadzi yake, naOrimpasi, naʋa-
tşene ʋose ʋari kwaʋari. 16 Kwazisanai
nokuşeta kutşene. Kereke dzose dza-
Kristu dzinokukwazisai.

17 Ȥino ndinokumbira ȥikuru kwa-
muri, hama *dzaŋgu*, kuti mucerekedze
aʋo ʋanopesanisa, naʋanogumbusa,
ʋaciita ȥinopesana nedzidziso yamaka-
dzidza imi; muʋanȥeŋge. 18 Nokuti
ʋakaɗaro haʋaɓatiri Ishe weɗu Kristu,
asi ɗumbu raʋo; ʋanonyeŋgera mŋoyo
yaʋasina-ȥakaipa namashoko aʋo aka-
naka, anoɓata kumeso. 19 Nokuti
kuterera kwenyu kwakaşika kuʋanhu
ʋose. Naiȥoȥo ndinofara pamsoro
penyu; asi ndinoɗa kuti muʋe ʋaka-
cenjera kuneȥakanaka, asi ʋasinenjere
kuneȥakaipa. 20 Ȥino Mŋari worugare
ucakurumidza kupxanya Satani pasi
petsoka dzenyu.

Nyasha dzaShe weɗu Jesu ŋga-
dziʋe nemi.

21 Timotio, unoɓata neni, unoku-
kwazisai; naRukio, naJasoni, naSosi-
patrosi, ʋorudzi rwaŋgu. 22 Ini Te-
rtiosi, unonyora ŋwadi iyi, ndinoku-
kwazisai munaShe. 23 Gaiosi, waka-
ndigamucira ini nekereke yose, unoku-
kwazisai. Erastosi, muceŋgeti wemari
yeguta, unokukwazisai, naKwartosi ʋo,
hama.

25 Ȥino iye, unogona kukusimbisai,
seȥinoreʋa Evaŋgeri yaŋgu, nokupari-
dzwa kwaJesu Kristu, nokuzarurwa
kweȥakaʋanzika, ȥisina-kurebga ŋgu-
ʋa dzisiŋgaperi, 26 asi ȥino ȥinorati-
dzwa nokuziʋiswa kumarudzi ose, na-
Magwaro aʋaprofita, seȥakarairwa na-
Mŋari usiŋgaperi, kuti ʋaterere
nokutenda; 27 iye Mŋari wakacenjera
oga, ŋgaaʋe nokubginya naJesu Kristu
nokusiŋgaperi. Ameni.

# ŊWADI YOKUTAŊGA YAPAURO KUƲAKORINTE

*Kwaziso nokuʋoŋga.*

**1** 1 Pauro, wakaɗanwa nokuɗa kwa-
Mŋari, *kuti ave* muapostora wa-
Kristu Jesu, naSostene, hama *ye-*
*ɗu,* 2 kukereke yaMŋari iri paKorinte,
kunaʋakaitwa ʋatȿene munaKristu Jesu,
ʋakaɗanwa *kuti vave* ʋatȿene pamŋe
cete naʋose ʋanoɗana pose-pose zita
raJesu Kristu, Ishe weɗu, waʋo noweɗu:
3 Nyasha ŋgadziʋe nemi, norugare
runobva kunaMŋari, Ɓaɓa ʋeɗu, naShe
Jesu Kristu.
4 Ndinogara ndiciʋoŋga Mŋari ŋguʋa
dzose nokuɗa kwenyu, pamsoro pe-
nyasha dzaMŋari dzamakapiwa muna-
Kristu Jesu; 5 kuti makafumiswa paɀose
maari, pakutaura kwose, napakuziʋa
kwose; 6 nokuɗaro ʋucapupu bga-
Kristu bgakasimbiswa mamuri; 7 kuti
hamushaiwi cipo cimŋe; mucimirira
kuratidzwa kwaShe weɗu, Jesu Kristu;
8 ucakusimbisai kuȿikira pakuguma,
muʋe ʋasiŋgapomerwi pazuʋa raShe
Jesu Kristu. 9 Mŋari ndiye waka-
tendeka, wamakaɗanwa naye kuyanana
noMŋanakomana wake, Jesu Kristu,
Ishe weɗu.

*Kupesana pakereke paKorinte.*

10 Ɀino ndinokumbira ɀikuru kwa-
muri, hama *dzaŋgu,* nezita raShe weɗu,
Jesu Kristu, kuti imi mose mutaure
cinhu cimŋe, kuti pakati penyu kurege
kuʋa nokupesana; asi kuti musoŋgani-
swe ɀakanaka pamuraŋgariro mumŋe
nokufuŋga kumŋe. 11 Nokuti ndaka-
ʋudzwa pamsoro penyu, hama dzaŋgu,
naʋari ʋokwaKroe, kuti kunegakaʋa
pakati penyu. 12 Ɀandinoreʋa ndiɀo,
kuti mumŋe nomumŋe wenyu unoti:
Ini ndiri waPauro, ini waAporo, ini
waKefasi, ini waKristu. 13 Ko Kristu
wakaparadzaniswa here? Ko Pauro
wakaroʋerwa pamucinjikwa nokuɗa
kwenyu here? Ko makabapatidzwa
muzita raPauro here? 14 Ndinoʋoŋga
Mŋari, kuti handina-kubapatidza mu-
mŋe wenyu, asi Krispo naGayo;
15 kuti kurege kuʋa nomunhu uŋgati,
makabapatidzwa muzita raŋgu. 16 Nda-
kabapatidza ʋo ʋeimba yaStefana; asi
ʋamŋe, handiziʋi kana ndakabapatidza
mumŋe. 17 Nokuti Kristu haana-
kundituma kubapatidza, asi kuti ndi-
paridze Evaŋgeri; ndisiŋgaiti nenjere
dzamashoko, kuti mucinjikwa waKristu
urege kukoneswa.

*Ʋucenjeri bgaMŋari noʋucenjeri bgenyika.*

18 Nokuti shoko romucinjikwa ʋupe-
nzi kunaʋanoparadzwa; asi kwatiri, isu
tinoponeswa, isimba raMŋari. 19 No-
kuti kwakanyorwa *kucinzi:*
Ndicaparadza ʋucenjeri bgaʋaka-
cenjera,
Ndicakonesa kuziʋa kwaʋanoziʋa.
20 Wakacenjera uripiko? Munyori
uripiko? Muiti wenharo wenyika ino
uripiko? Mŋari haana-kuita ʋucenjeri
bgenyika bguʋe ʋupenzi here? 21 No-
kuti noʋucenjeri bgaMŋari, nyika no-
ʋucenjeri *bgayo,* ɀaisina-kuziʋa Mŋari,
Mŋari wakafadzwa naɀo kuti ʋanotenda
aʋaponese noʋupenzi bgokuparidza.
22 Nokuti ʋaJuda ʋanokumbira ɀira-
tidzo, naʋaGiriki ʋanotȿaka ʋucenjeri;
23 asi isu tinoparidza Kristu, waka-
roʋerwa pamucinjikwa, cigumbuso ku-
ʋaJuda, noʋupenzi kuʋahedeni; 24 asi
kunaʋakaɗanwa, ʋaJuda naʋaGiriki,
Kristu isimba raMŋari, noʋucenjeri
bgaMŋari. 25 Nokuti ʋupenzi bga-
Mŋari bgunopfuʋura ʋanhu noʋuce-
njeri; noʋutera bgaMŋari bgunopfu-
ʋura ʋanhu nesimba.
26 Nokuti tarirai kuɗanwa kwenyu,
hama *dzaŋgu,* kuti haʋazi ʋazhinji
ʋakacenjera panyama *vakaɗanwa;* ha-
ʋazi ʋazhinji ʋanesimba, haʋazi ʋazhinji
ʋanokudzwa; 27 asi Mŋari wakatsaura
ɀinhu ɀoʋupenzi ɀenyika, kuti anya-
dzise ʋakacenjera; Mŋari wakatsaura
ɀinhu ɀisinesimba ɀenyika, kuti anya-
dzise iɀo ɀinesimba; 28 Mŋari waka-
tsaura ɀinhu ɀinoɀidzwa ɀenyika,
neɀinoshoʋorwa, neɀinhu ɀisi'po, kuti
ashaise ɀiri'po simba *raɀo,* 29 kuti
kurege kuʋa nenyama iŋgaɀikudza
pamberi paMŋari. 30 Asi naye muri
munaKristu Jesu, iye wakatiitirwa isu

ʋucenjeri bgunobva kunaMŋari, noku-
rurama, noʋutşene, norudzikinuro.
31 Kuti unoȥirumbidza, ngaaȥirumbi-
dze munaShe, seȥaȥakanyorwa.

*Pauro haana-kuparidza noʋucenjeri bgenyika.*

2 1 Ȥino ini, hama *dzaŋgu*, paku-
ʋuya kwaŋgu kwamuri, handina-
kuʋuya ndicikuparidzirai ʋucapupu
bgaMŋari nokunaka kwamashoko, kana
kwoʋucenjeri. 2 Nokuti ndakati, ha-
ndiŋgaziʋi cinhu pakati penyu, asi
Jesu Kristu, iye wakaroʋerwa pamu-
ciŋjikwa. 3 Ndakaŋga ndiri pakati
penyu noʋutera, nokutya, nokuɗeɗera
kukuru, 4 neshoko raŋgu nokuparidza
kwaŋgu haȥizaiʋa namashoko okugo-
mbedzera oʋucenjeri; asi nokuratidza
kwoMŋeya nokwesimba; 5 kuti kutenda
kwenyu kurege kuʋa muʋucenjeri bga-
ʋanhu, asi musimba raMŋari.
6 Ȥino tinotaura ʋucenjeri pakati
paʋakakura; asi ʋucenjeri bgusati bguri
bgenyika ino, kana bgaʋaɓati ʋenyika
ino ʋanoshaiswa simba. 7 Asi tino-
taura ʋucenjeri bgaMŋari bgakaʋanzika,
bgakafukidzwa, bgakatemerwa kubginya
kweɗu naMŋari, nyika isati yaʋa'po;
8 bgusina-kuzikanwa nomumŋe waʋa-
ɓati ʋenyika ino; nokuti ɗai ʋaibguziʋa,
ʋaŋgaɗai ʋaisaroʋera Ishe wokubginya
pamuciŋjikwa. 9 Asi seȥaȥakanyorwa,
*ȥicinzi*:

Iȥo ȥisina-kuʋonekwa neziso, kana kunzwika nenzeʋe,
Neȥisina-kupinda mumŋoyo womunhu,
Ndiȥo Mŋari ȥaakagadzirira ʋanomuɗa.

10 Nokuti Mŋari wakaȥiratidza iȥo
kwatiri isu noMŋeya; nokuti Mŋeya
unonȥera ȥose, neȥakadzika ȥaMŋari.
11 Nokuti munhu ndoupiko unoziʋa
ȥomunhu, asi mŋeya womunhu uri
maari? Saiȥoȥo hakunomunhu unoziʋa
ȥaMŋari, asi Mŋeya waMŋari. 12 Ȥino
isu hatina-kugamucira mŋeya wenyika,
asi Mŋeya unobva kunaMŋari; kuti
tiziʋe iȥo ȥatakaŋgopiwa heɗu na-
Mŋari. 13 Ndiȥo ȥatinotaura ʋo,
tisiŋgatauri namashoko atinodzidziswa
noʋucenjeri bgomunhu, asi anodzidzi-
swa noMŋeya; ticiɗudzira ȥinhu ȥo-
Mŋeya kuʋanhu ʋoMŋeya. 14 Ȥino
munhu seȥaakaɓerekwa haagamuciri
ȥinhu ȥoMŋeya waMŋari; nokuti ʋu-
penzi kwaari; haaȥinzwisisi, nokuti
ȥinonzwisiswa noMŋeya. 15 Asi uri
woMŋeya unonzwisisa ȥose, asi iye
amene haanzwisiswi nomunhu. 16 No-
kuti ndianiko wakaziʋa muraŋgariro
waShe, kuti amudzidzise? Asi isu
tinomuraŋgariro waKristu.

*Mŋeya nenyama.*

3 1 Ini, hama *dzaŋgu*, ndakaŋga
ndisiŋgagoni kutaura nemi soku-
naʋoMŋeya, asi sokunaʋenyama,
sokunaʋacece munaKristu. 2 Ndaka-
kupai mukaka munwe, handina-*kukupai*
ȥokudya; nokuti makaŋga musiŋgagoni
*kudya*, naȥino hamugoni. 3 Nokuti
muciri ʋenyama; nokuti ȥapacinegoɗo
pakati penyu, negakaʋa, ko hamuzi
ʋenyama, mucifamba nomutoʋo waʋa-
nhu here? 4 Nokuti kana mumŋe
aciti: Ini ndiri waPauro; mumŋe: Ini
ndiri waAporo; ko hamuzi ʋanhu here?
5 Ȥino Aporo cinyiko? Pauro cinyiko?
Ʋashumiri ʋamakatenda naʋo, mumŋe
nomumŋe seȥaakapiwa naShe. 6 Ini
ndakasima, Aporo wakaɗiridza; asi
Mŋari wakameresa. 7 Naiȥoȥo unosima
haazi cinhu, kana unoɗiridza; asi Mŋari
unomeresa. 8 Ȥino unosima nounoɗi-
ridza ndaʋamŋe; asi mumŋe nomumŋe
ucapiwa muɓairo wake, seȥaakaɓata.
9 Nokuti tiri ʋaɓati pamŋe cete na-
Mŋari; muri munda waMŋari, muri
imba yaMŋari.

*Tembere yaMŋari.*

10 Nenyasha dzaMŋari dzandakapiwa,
ndakaroŋga nheyo somuʋaki waka-
cenjera; mumŋe unoʋaka pamsoro
padzo. Ȥino mumŋe nomumŋe ŋgaa-
cenjere kuti unoʋaka sei pamsoro padzo.
11 Nokuti hakunomumŋe uŋgaroŋga
dzimŋe nheyo, asi idzo dzakaroŋgwa
kare, ndiye Jesu Kristu. 12 Ȥino
kana munhu aciʋaka pamsoro penheyo
idzi, ndarama, *kana* sirveri, *kana* mabge
anokosha, *kana* matanda, *kana* ʋuswa,
*kana* mashaŋga; 13 ɓasa romumŋe
nomumŋe ricaʋonekwa; nokuti zuʋa
*iro* ricaȥiɓuɗisa pacena, nokuti rica-
ratidzwa nomŋoto; mŋoto ucaidza ɓasa
romumŋe nomumŋe kuti rakaɗini.
14 Kana ɓasa romunhu raakaʋaka
pamsoro padzo, ricigara, ucapiwa mu-
ɓairo. 15 Kana ɓasa romunhu rikapi-
swa, ucarashikirwa, asi iye amene
ucaponeswa, asi sowakaɓuɗa pamŋoto.

16 Ko hamuziʋi kuti muri tembere
yaMŋari, ʋuye kuti Mŋeya waMŋari
unogara mukati menyu here? 17 Kana
munhu acitadzira tembere yaMŋari,
Mŋari ucamutadzira ʋo; nokuti tembere
yaMŋari itşene, ndimi iyo.
18 Kurege kuʋa nomunhu unoȥinye-
ŋgera. Kana munhu aciti ndakacenjera
pakati penyu panyika ino, ŋgaaʋe ɓenzi,
kuti aʋe wakacenjera. 19 Nokuti ʋu-
cenjeri bgenyika ino ʋupenzi kuna-
Mŋari. Nokuti kwakanyorwa *kucinzi*:
Unoɓata ʋakacenjera pamano aʋo.
20 Ʋuye ȥe: Ishe unoziʋa ndaŋgariro
dzaʋakacenjera, kuti hadzinamaturo.
21 Naiȥoȥo ŋgakurege kuʋa nomunhu
unoʋimba naʋanhu. Nokuti ȥinhu ȥose
ndeȥenyu; 22 kana Pauro, kana Aporo,
kana Kefasi, kana nyika, kana ʋupenyu,
kana rufu, kana ȥaȥino, kana ȥinoʋuya;
ȥose ndeȥenyu; 23 imi muri ʋaKristu;
naKristu ndowaMŋari.

*Ʋaranda ʋaKristu ʋacatoŋgwa naKristu.*

**4** 1 Munhu *upi noupi* ŋgaatiraŋga-
rire saiȥoȥo kuti tiri ʋaranda
ʋaKristu, ʋaceŋgeti ʋeȥakaʋanzika
ȥaMŋari. 2 Ȥino, paȥinhu iȥi, paʋa-
tariri panotşakwa, kuti munhu awanikwe
akatendeka. 3 Ȥino cinhu ciɗuku-ɗuku
kwandiri, kuti nditoŋgwe nemi, kana
nokutoŋga kwomunhu; handiȥitoŋgi
ini ndimene. 4 Nokuti handiziʋi
mhoşa yandinayo; asi handiruramiswi
naiȥoȥo; asi unonditoŋga ndiye'She.
5 Saka regai kutoŋga cinhu ŋguʋa
isati yaşika, kuşikira Ishe aʋuya, iye
ucaɓuɗisa pacena ȥinhu ȥakaʋanzika
ȥerima, nokuratidza mifuŋgo yomŋoyo;
ipapo munhu mumŋe nomumŋe ucaru-
mbidzwa naMŋari.

*Kusaȥikudza kwaʋaapostora.*

6 Ȥino, hama *dzaŋgu*, ȥinhu iȥi
*ndakanyora* ndiciȥifananidzira ini na-
Aporo, nokuɗa kwenyu; kuti mudzidze
kwatiri kusapfuʋura iȥo ȥakanyorwa,
kuti mumŋe arege kuȥikudza. *acitsaura*
mumŋe kunomumŋe. 7 Nokuti ndi-
aniko wakakutsaura iwe? Cinyiko cau-
naco causina-kupiwa? Ȥino kana waka-
piwa, unoȥikudzireiko sousina-kupiwa?
8 Matoguta, matofuma, maɓata ʋushe
kunze kweɗu; ɗai maiɓata ʋushe henyu,
kuti isu tiɓate ʋo pamŋe cete nemi.
9 Nokuti ndinoti Mŋari wakatigadza
isu ʋaapostora pakupedzisira, sa*ʋanhu*
ʋakatoŋgerwa rufu; nokuti takaitwa
cinhu cinoshamisa nyika, naʋatumŋa,
naʋanhu. 10 Isu tiri mapenzi nokuɗa
kwaKristu, asi imi makacenjera muna-
Kristu; isu tinoshaiwa simba, asi imi
munesimba; imi munokudzwa, asi isu
tinoȥidzwa. 11 Kuşikira ŋguʋa ino isu
tinenzara, tinenyota, hatina-catiŋgafuka,
tinorobga netsiʋa, hatinenȥimbo kwayo
yokugara; 12 tinotambudzika, ticiɓata
namaʋoko eɗu; kana ticitukwa, tinoro-
pafadza, kana ticitambudzwa, tinotsuŋga
mŋoyo; 13 kana ticipomerwa, tino-
ʋaraidza; takaitwa setşina yenyika,
marara aʋose kuşikira ȥino.
14 Handikunyoreriyi ȥinhu iȥi, kuti
ndikunyadzisei, asi kuti ndikurairei
saʋana ʋangu ʋanoɗikanwa. 15 Nokuti
kunyaŋge maiʋa naʋadzidzisi ʋaneȥuru
ȥinegumi munaKristu, ha*muna*-madzi-
ɓaɓa mazhinji; nokuti munaJesu Kristu
ini ndakakuɓerekai neEvaŋgeri. 16 Na-
iȥoȥo ndinokumbira ȥikuru kwamuri,
kuti muʋe ʋateʋeri ʋaŋgu. 17 Ne-
mhaka iyi ndakatuma Timotio kwamuri,
mŋana waŋgu unoɗikanwa, wakatendeka
munaShe; iye ucakuyeʋudzai mitoʋo
yaŋgu iri munaKristu Jesu, seȥandino-
dzidzisa kwose pakereke dzose. 18 Ȥino
ʋamŋe ʋanoȥikudza, *ʋaciti* ndineŋge
handiʋuyi kwamuri. 19 Ndicakuru-
midza kuʋuya kwamuri, kana Ishe
aciɗa; handiŋgaziʋi shoko raiʋaʋo ʋano-
ȥikudza, asi simba *raʋo*. 20 Nokuti
ʋushe bgaMŋari habguzi pamashoko,
asi pasimba. 21 Munotşakeiko? Ndi-
ʋuye kwamuri neshamhu, kana noruɗo
nomŋeya woʋunyoro here?

*Pauro unoraira ʋaKorinte pamsoro poʋupombge.*

**5** 1 Ʋanhu ʋose ʋanoti ʋupombge
bguri'po pakati penyu, ʋupombge
bgakaɗaro bgusiŋgazikanwi kunya-
ŋge pakati paʋahedeni, bgokuti mumŋe
unogara nomukadzi waɓaɓa ʋake.
2 Munoȥikudza, haȥizaiʋa nani here
kana makacema, kuti uyo wakaɓate-
ɓasa iri abviswe pakati penyu?
3 Nokuti ini, ȥirokwaȥo, kunyaŋge
ndisi'po nomuʋiri, asi ndiri'po haŋgu
nomŋeya, ndatotoŋgesa uyo wakaita
cinhu ici, sendineŋge ndiri'po, 4 nemi,
makaʋuŋgana pamŋe cete nomŋeya
waŋgu nezita raShe Jesu Kristu, nesi-
mba raShe weɗu Jesu, 5 kuti *munhu*

wakaɗai aiswe kunaSatani, nyama ipara-
dzwe, kuti mŋeya uponeswe pazuʋa
raShe. 6 Kuȥirumbidza kwenyu ha-
kuna-kunaka. Ko hamuziʋi kuti mbi-
riso shoma inoʋirisa ɓundu rose here?
7 Bvisai mbiriso yekare, kuti muʋe
ɓundu idȥa, seȥamusina-kuʋiriswa.
Nokuti paseka yeɗu, yakatiɓayirwa,
ndiKristu; 8 saka ŋgatiite mutambo,
tisiŋgaiti nembiriso yekare, kana ne-
mbiriso yokushata nokuipa; asi neciŋgwa
cisina-kuʋiriswa cokururama neȥokwaɗi.
9 Ndakakunyorerai neŋwadi *yaŋgu*,
kuti murege kufambidzana nemhombge;
10 ha*nditi* nemhombge dzose dzenyika
ino, kana ʋanoruciʋa, kana makororo,
kana ʋanonamata ȥifananidzo, nokuti
kana ȥakaɗaro maifanira kubva pa-
nyika. 11 Asi ȥino ndinokunyorerai,
kuti murege kufambidzana nomunhu
unoidzwa hama, kana ari mhombge,
kana unoruciʋa, kana unonamata ȥifa-
nanidzo, kana mutuki, kana unosinwa
ɗoro, kana gororo; musadya nowakaɗai.
12 Nokuti ini ndicatoŋgereiko ʋari
kunze? Ko imi hamutoŋgi ʋari pakati
*penyu* here? 13 Asi aʋo ʋari kunze.
Mŋari unoʋatoŋga. Bvisai pakati penyu
munhu uyo wakaipa.

*Pauro unovaraira pamsoro pokupesana.*

6 1 Ko kana mumŋe wenyu ane-
mhoşa nomumŋe, uŋgatsuŋga
kumukwirira kunaʋasakarurama,
*akasamukwirira* kunaʋatşene here?
2 Hamuziʋi here kuti ʋatşene ʋacatoŋga
nyika? Ȥino kana nyika icitoŋgwa nemi,
ko imi hamufaniri kutoŋga mhoşa ɗu-
ku-ɗuku here? 3 Hamuziʋi here kuti
ticatoŋga ʋatumŋa? Ȥikuru sei iȥo
ȥoʋupenyu bguno! 4 Ȥino kana mu-
nemhoşa dzoʋupenyu bguno dzino-
fanira kutoŋgwa, munogadza seiko aʋo
ʋanoȥidzwa pakereke, kuti iʋo ʋatoŋge?
5 Ndinoɗaro kuti munyadziswe. Ko
hakuna-wakacenjera pakati penyu uŋga-
gona kutoŋga pakati pehama nehama
yake here? 6 Asi hama inokwirira
hama, *aciȥiita* pamberi paʋasiŋgatendi
here? 7 Ȥino matoʋa nemhoşa kwaȥo
pakati penyu, ȥamunokwirirana. Mu-
noregereiko kutenda kuitirwa ȥisaka-
rurama? Munoregereiko kutenda ku-
ɓirwa? 8 Asi imi munoita ȥisakaru-
rama, munonyeŋgera, *muciȥiitira* hama.
9 Ko hamuziʋi kuti ʋasakarurama
haʋaŋgagari nhaka yoʋushe bgaMŋari
here? Musarashika; nokuti mhombge,
kana ʋanonamata ȥifananidzo, kana
ʋanofeʋa, kana ʋakapata, kana ʋanoita
ȥakaipa naʋarume, 10 kana mbava,
kana ʋanoruciʋa, kana ʋanosinwa ɗoro,
kana ʋatuki, kana makororo, haʋa-
ŋgagari nhaka yoʋushe bgaMŋari.
11 Ʋamŋe ʋenyu ʋakaŋga ʋakaɗaro;
asi makashambidzwa, asi makaitwa ʋa-
tşene, asi makaruramiswa nezita raShe
Jesu Kristu, noMŋeya waMŋari weɗu.

*Miviri yedu mitezo yaJesu Kristu.*

12 Ndakatenderwa ȥinhu ȥose; asi
ȥinhu ȥose haȥindiɓatsiri. Ndakatende-
rwa ȥinhu ȥose, asi handiɗi kukundwa
necinhu cimŋe. 13 Ȥokudya ndeȥe-
ɗumbu, neɗumbu ndereȥokudya; asi
Mŋari ucaparadza iro naiȥo, ȥose. Asi
muʋiri hauzi woʋupombge, asi ndowa-
She; naShe ndowomuʋiri; 14 Mŋari
wakamutsa Ishe, ʋuye ucatimutsa isu
nesimba rake. 15 Hamuziʋi kuti mi-
ʋiri yenyu mitezo yaKristu here?
Ȥino ndobvisa mitezo yaKristu, ndiiite
mitezo yemhombge here? Haişa!
16 Hamuziʋi kuti wakasoŋganiswa ne-
mhombge waʋa muʋiri mumŋe naye
here? Nokuti *iye* unoti: Aʋa ʋaʋiri
ʋacaʋa nyama imŋe. 17 Asi waka-
soŋganiswa naShe, waʋa mŋeya mumŋe
*naye*. 18 Tizai ʋupombge. Ȥiʋi ȥose,
ȥinoitwa nomunhu, ȥiri kunze kwomu-
ʋiri; asi unoita ʋupombge, unotadzira
muʋiri wake. 19 Hamuziʋi here kuti
muʋiri wenyu itembere yoMŋeya
Mutşene, uri mukati menyu, wama-
kapiwa naMŋari? Hamuzi ʋenyu;
20 nokuti makateŋgwa nomuteŋgo;
naiȥoȥo kudzai Mŋari mumuʋiri wenyu.

*Waniso.*

7 1 Ȥino kana ȥiri ȥamakandinyore-
ra, *ndinoti*: Ȥakanaka kuti munhu
arege kuɓata mukadzi. 2 Asi no-
kuɗa kwoʋupombge, *murume* mumŋe
nomumŋe ŋgaaʋe nomukadzi wake,
*nomukadzi* mumŋe nomumŋe ŋgaaʋe
nomurume wake. 3 Murume ŋgaape
mukadzi ȥakafanira; nomukadzi ŋgaa-
ɗaro ʋo kumurume. 4 Mukadzi haa-
nesimba pamsoro pomuʋiri wake, asi
murume; saiȥoȥo ʋo murume haane-
simba pamsoro pomuʋiri wake, asi
mukadzi. 5 Musanyimana, asi muciita
ŋguʋa ɗuku, mambotenderana, kuti
muʋe neŋguʋa yokunyeŋgetera, ndo-

kusoŋgana ȥe, kuti Satani arege ku-
kuidzai pakusagona kwenyu kuȥidzora.
6 Asi ndinotaura iȥi, ndicikutenderai,
ndisiŋgarairi. 7 Nokuti ndinoɗa kuti
ʋanhu ʋose ʋaʋe seni. Asi munhu
mumŋe nomumŋe unecipiwa cake,
cinobva kunaMŋari, mumŋe corudzi
urwu, mumŋe corumŋe rudzi.
8 Asi ndinoti kunaʋasina-kuwana,
nokucirikadzi: Ȥakanaka kuti ʋagare
seni. 9 Asi kana ʋasiŋgagoni kuȥi-
dzora, ŋgaʋawane; nokuti ȥirinani kuti
ʋawane pakutşa. 10 Ȥino ʋakawana
ndinoʋaraira, asi handizini, ndiShe,
kuti mukadzi arege kubva kumurume
*wake*, 11 (kana acibva, ŋgaagare asiŋga-
wanikwi, kana ayanane nomurume
wake); nomurume ŋgaarege kurasha
mukadzi *wake*. 12 Ȥino kunaʋamŋe
ndinoti ini, haazi Ishe: Kana hama
inomukadzi usiŋgatendi, kana iye aciɗa
hake kugara naye, ŋgaarege kumurasha.
13 Nomukadzi unomurume usiŋgate-
ndi, kana iye aciɗa hake kugara naye,
ŋgaarege kurasha murume wake,
14 nokuti murume usiŋgatendi unoitwa
mutşene nomukadzi wake, nomukadzi
usiŋgatendi unoitwa mutşene nomu-
rume; kana ȥisina-kuɗaro, ʋana ʋenyu
ʋaiʋa netşina; asi ȥino ʋatşene. 15 Ȥino
kana usiŋgatendi acienda, ŋgaaende ha-
ke. Hama, kana iri murume kana mu-
kadzi, haisuŋgwi neȥakaɗaro; asi Mŋari
wakakuɗanai kuti muʋe norugare.
16 Nokuti iwe mukadzi unoziʋa seiko
kuti ucaponesa murume wako? Kana
iwe murume, unoziʋa seiko kuti uca-
ponesa mukadzi wako? 17 Asi, mumŋe
nomumŋe seȥaakagoʋerwa naShe, mu-
mŋe nomumŋe seȥaakaɗanwa naMŋari,
ŋgaafambe saiȥoȥo. Ndiȥo ȥandinoraira
pakereke dzose. 18 Kana mumŋe
aciŋge akaɗanwa akadziŋgiswa, ŋgaarege
kuitwa usakadziŋgiswa; kana mumŋe
aciŋge akaɗanwa asakadziŋgiswa, ŋgaa-
rege kudziŋgiswa. 19 Kudziŋgiswa
hacizi cinhu, nokusadziŋgiswa hacizi
cinhu, asi kuceŋgeta mirairo yaMŋari.
20 Mumŋe nomumŋe ŋgaagare paku-
ɗanwa kwaakaɗanwa nako. 21 Waka-
ɗanwa uri muranda here? Usaȥidya
mŋoyo; asi kana uŋgasunuŋgurwa,
ȥirinani kuti uɗaro hako. 22 Nokuti
wakaɗanwa munaShe, ari muranda,
waʋa musunuŋgurwa waShe; saiȥoȥo
ʋo, wakaɗanwa akasunuŋguka, waʋa
muranda waKristu. 23 Makateŋgwa
nomuteŋgo; regai kuʋa ʋaranda ʋaʋa-
nhu. 24 Hama dzaŋgu, mumŋe no-
mumŋe ŋgaagare pamberi paMŋari
ipapo paakaɗanwa napo.
25 Ȥino, pamsoro pemhandara, handi-
nomurairo waShe; asi ndinotaura so-
munhu wakapiwa ŋgoni naShe kuti aʋe
wakatendeka. 26 Naiȥoȥo ndinoti no-
kuɗa kwenhamo ino, ȥakanaka kuti
munhu agare akaɗaro. 27 Wakaɓata-
nidzwa nomukadzi here? Usatşaka
kusunuŋgurwa. Wakasunuŋgurwa pa-
mukadzi here? Usatşaka mukadzi.
28 Ȥino kana wawana, hauna-kutadza;
nemhandara kana yawanikwa, haina-
kutadza. Asi ʋakaɗaro ʋacaʋa neɗa-
mbudziko panyama; asi ini ndinoɗa
kukutaʋirai. 29 Ȥino ndinoȥitaura iȥi,
hama *dzaŋgu*, nokuti ŋguʋa ifupi; kuti
kubva ȥino ʋanaʋakadzi ʋaʋe saʋasina;
30 naʋanocema ʋaʋe saʋasiŋgacemi;
naʋanofara saʋasiŋgafari; naʋanoteŋga
saʋasinecinhu; 31 naʋanoɓata neȥenyika,
saʋasiŋgaɓatisisi naȥo; nokuti mugariro
wenyika ino unopfuʋura. 32 Ȥino ndi-
noɗa kuti murege kuʋa nokufuŋganya.
Usina-kuwana, unofuŋga ȥaShe, kuti
uŋgafadza Ishe wake sei. 33 Asi waka-
wana, unofuŋga ȥenyika, kuti uŋgafadza
mukadzi wake sei. 34 Nomukadzi ne-
mhandara ʋakasiyana; usina-kuwanikwa
unofuŋga ȥaShe, kuti aʋe mutşene
pamuʋiri napamŋeya; asi wakawanikwa
unofuŋga ȥenyika, kuti uŋgafadza
murume wake sei. 35 Iȥi ndinotaura
kuti muɓatsirwe imi; ndisiŋgaɗi kuku-
suŋgai nomusuŋgo, asi nokuɗa kweȥa-
kafanira, ʋuye kuti munamatire Ishe,
musiŋgakaŋganiswi. 36 Asi kana mu-
mŋe acifuŋga kuti haaitiri *mukunda*
wake, yaʋa mhandara, ȥakafanira, iye
ȥaatokura kwaȥo hake, kana ȥirinani
kuti ȥiitwe, ŋgaaite nokuɗa kwake,
haatadzi; ŋgaʋawaniswe haʋo. 37 Asi
uyo unomira akasimba pamŋoyo pake,
asiŋgamanikidzwi necinhu, asi anesimba
pamsoro pokuɗa kwake, akatema mu-
mŋoyo make cinhu ici, kuti ucaceŋgeta
mhandara yake, iye unoita ȥakanaka.
38 Naiȥoȥo, unomuwanisa unoita ȥaka-
naka; nousiŋgamuwanisi, unoita ȥino-
pfuʋura nokunaka. 39 Mukadzi waka-
suŋgwa *nomurairo* murume wake aciri
mupenyu; ȥino kana murume wake
afa, wasunuŋguka, kuti awanikwe no-
waanoɗa; asi *ŋgaȥiitwe* munaShe.
40 Asi uŋganyanya kufara kana acigara

akaɗaro, pakufuŋga kwaŋgu ini; ȥino
ndinoti neni ʋo ndinoMŋeya waMŋari.

*Kudya ȥakaɓayirwa ȥifananidzo.*

8 1 Ȥino, pamsoro peȥakaɓayirwa
ȥifananidzo, tinoziʋa kuti tose
tinako kuziʋa. Kuziʋa kunoʋuyisa
kuȥikudza, asi ruɗo runosimbisa.
2 Kana munhu aciti, ndinoziʋa cinhu,
ugere kutoŋgoziʋa seȥaakafanira kuziʋa.
3 Asi kana munhu aciɗa Mŋari, iye
unozikanwa naye. 4 Ȥino kana kuri
kudya ȥinhu ȥakaɓayirwa ȥifananidzo,
tinoziʋa kuti cifananidzo hacizi cinhu
panyika, ʋuye kuti hakunaMŋari, asi
iye mumŋe cete. 5 Nokuti kunyaŋge
ʋari'po ʋanonzi ʋamŋari, kana kuɗeŋga
kana panyika; seȥaʋari'po ʋamŋari
ʋazhinji, namadzishe mazhinji; 6 asi
isu tinoŋgoʋa naMŋari mumŋe *ɓedzi*,
ndiʋo Ɓaɓa; ȥinhu ȥose ȥinobva kwaari,
nesu tiri'po nokuɗa kwake; ʋuye Ishe
mumŋe, Jesu Kristu; ȥinhu ȥose ȥiri'po
naye, nesu tiri'po naye. 7 Asi ʋose
haʋano-kuziʋa *ikoko*; nokuti ʋamŋe,
ʋakaroʋera cifananidzo kuʂikira ȥino,
ʋanodya ʋaciti ȥakaɓayirwa ȥifananidzo;
hana yaʋo ȥaisinesimba, inoshatiswa.
8 Ȥino ȥokudya haȥiŋgatiʂitsi kuna-
Mŋari; nokuti kana tisiŋgadyi, hatiipi-
swi, kana ticidya, hatinatswi. 9 Asi
ceŋjerai, kuti simba renyu iri rirege
kuʋa cigumbuso kunaʋasinesimba.
10 Nokuti kana mumŋe acikuʋona iwe,
unako kuziʋa, ugere pakudya mute-
mbere yecifananidzo, ko hana yaiyeye
usinesimba haiŋgatsuŋgiswi, kuti adye
iȥo ȥakaɓayirwa ȥifananidzo here?
11 Nokuti nokuziʋa kwako uyo usine-
simba unoparadzwa, *iri* hama yakafirwa
*ʋo* naKristu. 12 Ȥino kana mucitadzira
hama saiȥoȥo, mucirwadzisa hana yaʋo
isinesimba, munotadzira Kristu. 13 Sa-
ka kana ȥokudya ȥicigumbusa hama
yaŋgu, handiŋgatoŋgodyi nyama noku-
siŋgaperi, kuti ndirege kugumbusa hama
yaŋgu.

*Simba roʋuapostora.*

9 1 Handizi wakasunuŋguka here?
Handizi muapostora here? Handina-
kuʋona Jesu, Ishe weɗu here? Imi
hamuzi ɓasa raŋgu munaShe here?
2 Kana ndisati ndiri muapostora kuna-
ʋamŋe, kunyaŋge ȥakaɗaro ȥirokwaȥo
ndiri *muapostora* kwamuri haŋgu;
nokuti imi muri cisimbiso coʋuapostora
bgaŋgu munaShe. 3 Kuȥiɗaʋirira
kwaŋgu kunaiʋo ʋanonditoŋga ndikoku:
4 Hatinesimba rokudya nokunwa here?
5 Hatinesimba rokufamba nomukadzi
iri hama, saʋamŋe ʋaapostora naʋanu-
ŋuna ʋaShe, naKefasi here? 6 Ko
ini ndoga naBarnabasi hatinesimba
rokurega kuɓate-ɓasa here? 7 Ndi-
aniko uŋgandorwa aciȥiripira muɓairo?
Ndianiko unorima munda wemiza-
mbiriŋga, akasadya ȥiɓereko ȥawo?
Ndianiko unofudza ɓoka, akasadya
mukaka weɓoka? 8 Iȥi ndinoȥitaura
nokutaura kwaʋanhu here? Ko murairo
haureʋi saiȥoȥo ʋo here? 9 Nokuti
pamurairo waMosesi pakanyorwa, pa-
citi: Usasuŋga muromo wenzombe
inopura ȥiyo. Ko Mŋari unehanya
nenzombe here? 10 Kana unoreʋa
*saiȥoȥo* nokuɗa kweɗu kwoga here?
Ȥirokwaȥo, ȥakanyorwa nokuɗa kweɗu,
nokuti unorima unofanira kurima ne-
tariro; nounopura, acitarira kuti uca-
goʋerwa ʋo. 11 Kana isu takaku-
dȥarirai ȥinhu ȥomŋeya, ciŋgaʋa cinhu
cikuru here kana ticiceka ȥinhu ȥenyu
ȥenyama? 12 Kana ʋamŋe ʋacipiwa
simba pamsoro penyu, ko isu hati*piwi*
*iro* ȥikuru here? Asi hatina-kuȥiɓatira
nesimba iro; asi tinotambudzika paȥose,
kuti tirege kudziʋisa Evaŋgeri yaKristu.
13 Hamuziʋi here kuti ʋanoshumira
paȥinhu ȥitʂene, ʋanodya ȥetembere?
Ʋuye kuti ʋanoɓate-ɓasa paartari,
ʋanogoʋana neartari here? 14 Saiȥoȥo
ʋo Ishe wakaraira kuti ʋanoparidza
Evaŋgeri, ʋararame neEvaŋgeri. 15 Asi
ini handina-kuȥiɓatira necimŋe ceȥinhu
iȥo. Handinyori iȥi kuti ndiitirwe
saiȥoȥo ini; nokuti ȥirinani kuti ndife,
pakuti mumŋe akonese ico candino-
ȥirumbidza naco. 16 Nokuti kana
ndiciparidza Evaŋgeri, handina-candi-
ŋgaȥirumbidza naco, nokuti ndinoro-
ʋererwa; ndinenhamo, kana ndisiŋga-
paridzi Evaŋgeri. 17 Nokuti kana
ndiciȥiita ndiciɗa ini, ndinomuɓairo;
asi kana *ndiciȥiita* ndisiŋgaɗi, ndaka-
piwa *haŋgu* ʋutariri. 18 Ȥino muɓairo
waŋgu ndoweiko? *Ndiwo*, kuti kana
ndiciparidza Evaŋgeri, ndiʋigire *ʋanhu*
Evaŋgeri ʋasiŋgaripi, kuti ndirege
kuȥiɓatira pandaigona napo nesimba
randinaro reEvaŋgeri. 19 Nokuti ku-
nyaŋge ndakasunuŋguka kunaʋose,
ndakaȥiita muranda waʋose, kuti ndi-
wane ʋazhinji kwaȥo. 20 KuʋaJuda

ndakaʋa somuJuda, kuti ndiwane ʋa-
Juda; kunaʋari pasi pomurairo, ndakaʋa
so*munhu* uri pasi pomurairo, kunyaŋge
ndisati ndiri pasi pomurairo haŋgu,
kuti ndiwane ʋari pasi pomurairo;
21 kunaʋasinomurairo, *ndakava* so-
*munhu* usinomurairo, *kunyaŋge* ndisati
ndiri *munhu* usinomurairo waMŋari,
asi pasi pomurairo waKristu, kuti
ndiwane ʋasinomurairo. 22 Kunaʋa-
sinesimba ndakaʋa usinesimba, kuti
ndiwane ʋasinesimba; ndakaʋa ȥose
kuʋanhu ʋose, kuti ndiponese ʋamŋe
nemitoʋo yose. 23 Ȥinhu ȥose ndino-
ȥiita nokuɗa kweEʋaŋgeri, kuti ndi-
goʋerwe iyo pamŋe cete *navamŋe*.
24 Hamuziʋi here kuti aʋo ʋanoita
nhaŋgemutaŋge, ʋanomhanya ʋose, asi
mumŋe cete unopiwa muɓairo? Mha-
nyai saiȥoȥo, kuti mu*u*wane. 25 Mumŋe
nomumŋe, unoshiŋgaira pakutamba,
unoȥidzora paȥose. Ȥino iʋo *vanoȥiita*
kuti ʋawane korona inoʋora, asi isu
kuti *tiwane* isiŋgaʋori. 26 Ȥino ini
handimhanyi somunhu usiŋgaziʋi;
handirwi somunhu unoroʋa mhepo;
27 asi ndinorwadzisa muʋiri waŋgu,
ndiciuita muranda; kuti ȥimŋe ini,
ndamboparidzira ʋamŋe, ndirege kuʋa
wakarashwa ndimene.

*Tirege kuidza Mŋari savaIsraeri.*

10 1 Nokuti handiɗi, hama *dza-*
*ŋgu*, kuti murege kuziʋa kuti
madziɓaɓa edu ose akaŋga ari
pasi pegore, ʋuye kuti ʋose ʋakaya-
mbuka guŋgwa; 2 ʋose ʋakabapatidzwa
munaMosesi mugore nomuguŋgwa;
3 ʋose ʋakadya ȥokudya ȥimŋe ȥo-
mŋeya; 4 ʋose ʋakanwa ȥokunwa ȥimŋe
ȥomŋeya; nokuti ʋakanwa paɗombo
romŋeya rakaʋateʋera; ɗombo iro ra-
kaŋga riri Kristu. 5 Asi Mŋari ha-
ana-kufadzwa naʋazhinji ʋaʋo; nokuti
ʋakaparadzwa murenje. 6 Ȥino, ȥinhu
iȥi ȥakaŋga ȥiri ȥiratidzo kwatiri, kuti
isu tirege kuciʋa ȥakaipa, seȥaʋakaciʋa
iʋo. 7 Imi regai kunamata ȥifananidzo,
saʋamŋe ʋaʋo; seȥaȥakanyorwa, *ȥicinzi*:
Ʋanhu ʋakagara pasi pakudya nokunwa,
ʋakamuka kuti ʋatambe. 8 Ȥino ŋga-
tirege kuita ʋupombge, saʋamŋe ʋaʋo
ʋakaita ʋupombge, ʋakafa nezuʋa rimŋe
ʋaneȥuru ȥinamakumi maʋiri neȥitatu.
9 Ŋgatirege kuidza Ishe, saʋamŋe ʋaʋo
ʋaka*mu*idza, ʋakaparadzwa nenyoka.
10 Murege kuŋuŋuna saʋamŋe ʋaʋo
ʋakaŋuŋuna, ʋakaparadzwa nomupa-
radzi. 11 Ȥino, iȥi ȥakaʋawira, kuti
ʋaʋe ȥiratidzo; ȥakanyorwa kuti tinye-
ʋerwe isu, takaşikirwa nokuguma kwe-
nyika. 12 Naiȥoȥo, unoti ndinomira,
ŋgaacenjere kuti arege kuwa. 13 Ha-
kunomuidzo wakakuɓatai imi, asi
waʋanhu ʋose; asi Mŋari, wakatendeka,
haaŋgatenderi kuti muidzwe kupfuʋura
pamunogona napo; asi pamŋe cete
nomuidzo, iye ucakupai ʋo nzira yoku-
ɓuɗa nayo, muʋe nesimba rokutsuŋga.

*Nȥeŋgai ȥifananidzo.*

14 Naiȥoȥo, ʋaɗikanwa ʋaŋgu, tizai
kunamata ȥifananidzo. 15 Ndinotaura
sokunaʋakacenjera; fuŋgai ȥandino-
taura. 16 Mukombe wokuʋoŋga wa-
tinoʋoŋga, hakuzi kusoŋgana neropa
raKristu here? Ciŋgwa catinomeɗura,
hakuzi kusoŋgana nomuʋiri waKristu
here? 17 Ȥaciri ciŋgwa cimŋe cete,
isu ʋazhinji tiri muʋiri mumŋe; nokuti
tinogoʋana tose paciŋgwa cimŋe.
18 Tarirai ʋaIsraeri panyama; aʋo
ʋanodya ȥiɓayiro haʋagoʋani neartari
here? 19 Ȥino ndotiyiko? Kuti cino-
ɓayirwa ȥifananidzo cinhu here, kana
cifananidzo cinhu here? 20 *Kwete*, asi
ndinoti iȥo ȥinoɓayirwa naʋahedeni,
haʋaȥiɓayiri Mŋari, asi mŋeya yakaipa;
ȥino handiɗi kuti muyanane nemŋeya
yakaipa. 21 Hamuŋganwiri pamu-
kombe waShe, napamukombe wemŋeya
yakaipa; hamuŋgadyiri patafura yaShe
napatafura yemŋeya yakaipa. 22 Ko
tinoɗa kumutsa goɗo raShe here?
Tinomukunda nesimba here?

*Mukristu ŋgaarege kugumbusa vamŋe.*

23 Ndakatenderwa ȥinhu ȥose; asi
ȥose haȥindiɓatsiri. Ndakatenderwa
ȥinhu ȥose; asi ȥose haȥisimbisi.
24 Munhu ŋgaarege kuȥitşakira ȥake,
asi ȥomumŋe. 25 Idyai ȥose ȥinote-
ŋgwa panoteŋgeswa nyama, musiŋga-
bvunzi cinhu nokuɗa kwehana; 26 no-
kuti nyika ndeyaShe nokuzara kwayo.
27 Kana mumŋe waʋasiŋgatendi aka-
kukokerai kuzodya, kana mukaɗa ku-
enda, idyai ȥose ȥinoiswa pamberi penyu,
musiŋgabvunzi cinhu nokuɗa kwehana.
28 Asi kana mumŋe akati kwamuri:
Ici cakaɓayirwa *ȥifananidzo*, regai kudya
nokuɗa kwaiye wakakuratidzai, ʋuye
nokuɗa kwehana; 29 handireʋi hana
yako, asi yomumŋe; nokuti kusunu-

ŋguka kwaŋgu kunotoŋgerweiko nehana
yomumŋe? 30 Kana ini ndicidya
ndiciʋoŋga, ndiŋgagotukirweiko nokuɗa
kwecinhu candinoʋoŋga pamsoro paco?
31 Naiȥoȥo, kana mucidya, kana mucinwa,
kana muciita cinhu cipi necipi,
itai ȥose kuti Mŋari akudzwe. 32 Regai
kugumbusa kana ʋaJuda, kana ʋaGiriki,
kana kereke yaMŋari. 33 Seni ʋo
ndinofadza ʋanhu ʋose paȥinhu ȥose,
ndisiŋgatşaki ȥiŋgandiɓatsira ini, asi
*ȥiŋgaɓatsira* ʋazhinji, kuti ʋaponeswe.

**11** 1 Iʋai ʋateʋeri ʋaŋgu, seni
ndiri *muteʋeri* waKristu.

*ʋakadzi pavuŋgano dzekereke.*

2 Ȥino, ndinokurumbidzai, nokuti
munondiraŋgarira paȥinhu ȥose, muciceŋgeta
tsika, seȥandakakupai idzo.
3 Asi ndinoɗa kuti muziʋe kuti musoro
womumŋe nomumŋe ndiye Kristu; ʋuye
musoro womukadzi ndiye murume;
ʋuye musoro waKristu ndiye Mŋari.
4 Murume mumŋe nomumŋe, unonyeŋgetera
kana kuprofita musoro wake
wakafukidzwa, unoninipisa musoro
wake. 5 Asi mukadzi mumŋe nomumŋe,
unonyeŋgetera kana kuprofita
musoro wake usina-kufukidzwa, unoninipisa
musoro wake; nokuti ndiȥo
ȥimŋe nokuʋeʋurwa. 6 Nokuti kana
mukadzi asiŋgafukidzwi, ŋgaacekerwe
vudzi rake ʋo; asi kana ȥisiŋgafaniri
kuti mukadzi acekerwe vudzi, kana
aʋeʋurwe, ŋgaafukidzwe. 7 Nokuti
murume haafaniri kufukidza musoro,
ȥaari mufananidzo nokubginya kwa-Mŋari;
asi mukadzi ndiye kubginya
kwomurume. 8 Nokuti murume haabvi
kumukadzi; asi mukadzi unobva kumurume;
9 ʋuye murume haana-kusikirwa
mukadzi, asi mukadzi wakasikirwa
murume; 10 nokuɗa kwaiȥoȥo mukadzi
unofanira kuʋa *neciratidzo ce*simba
pamusoro wake, nokuɗa kwaʋatumŋa.
11 Kunyaŋge ȥakaɗaro munaShe mukadzi
haazi kunze kwomurume, nomurume
kunze kwomukadzi. 12 Nokuti
mukadzi seȥaanobva kumurume,
nokuɗaro ʋo murume *unoɓerekwa* nomukadzi;
asi ȥose ȥinobva kunaMŋari.
13 Toŋgai imi mumene: Ȥakafanira
kuti mukadzi anyeŋgetere kunaMŋari
asina-kufukidzwa here? 14 Ko hamudzidziswi
naiwo musikirwe *wavanhu*
kuti kana murume anevudzi refu,
unonyadziswa naȥo here? 15 Asi kana
mukadzi anevudzi refu, ndiko kubginya
kwake; nokuti wakapiwa vudzi rake,
ciʋe cifukidzo. 16 Ȥino kana mumŋe
aneŋge aciɗa kuita gakaʋa, hatinetsika
yakaɗaro isu, kunyaŋge kereke
dzaMŋari.

*Tsika dzakafanira patafura yaShe.*

17 Ȥino kana ndicikuʋudzai iȥi, handikurumbidziyi,
nokuti hamuʋuŋganiri
ȥinopfuʋura nokunaka, asi ȥakaipa.
18 Nokuti shoko rokutaŋga, kana muciʋuŋgana
mukereke, ndinonzwa kuti
kupesana kuri'po pakati penyu; pamŋe
ndinotenda kuti ndiȥo. 19 Nokuti
dzidziso *dzakatsauka* dzinofanira kuʋa
pakati penyu, kuti aʋo ʋakatendeka
ʋaʋonekwe pakati penyu. 20 Ȥino
kana muciʋuŋgana pamŋe cete, hakuzi
kuti mudye cirayiro caShe; 21 nokuti
kana modya, mumŋe nomumŋe unotaŋgira
ʋamŋe kudya cirayiro cake;
mumŋe unenzara, mumŋe unoɓatwa.
22 Ko hamunedzimba kwamuŋgadyira
nokunwira here? Munoȥidza kereke
yaMŋari, mucinyadzisa aʋo ʋasinecinhu
here? Ndicaiteiko kwamuri? Ndiŋgakurumbidzai
here? Handiŋgakurumbidziyi.
23 Nokuti ini ndakagamucira
kunaShe ico candakakupai ʋo, kuti
Ishe Jesu noʋusiku bgaakapandukirwa,
wakatora ciŋgwa; 24 akati aʋoŋga,
akacimeɗura, akati: Ici ndiwo muʋiri
waŋgu unomeɗurirwa imi; itai iȥi
mucindiraŋgarira. 25 Saiȥoȥo ʋo, ʋakati
ʋapedza kurayira, *akatora* mukombe,
akati: Mukombe uyu ndiyo
suŋgano itşa muropa raŋgu; itai iȥi,
ŋguʋa dzose kana mucinwa, mucindiraŋgarira.
26 Nokuti ŋguʋa dzose, kana
mucidya ciŋgwa ici, kana kunwa mukombe
uyu, munoparidza rufu rwaShe,
kuşikira aciʋuya. 27 Naiȥoȥo mumŋe
nomumŋe unodya ciŋgwa ici, kana
kunwa mukombe waShe, nomutoʋo
usina-kufanira, ucaʋa nemhoşa yomuʋiri
neropa raShe. 28 Ȥino munhu
ŋgaaȥiidze, kuti adye ciŋgwa ici aciɗaro,
nokunwa mukombe uyu. 29 Nokuti
unodya nokunwa, asiŋganatsi kunzwisisa
muʋiri *waShe*, unoȥidyira nokuȥinwira
kurobga. 30 Nemhaka iyi
ʋazhinji ʋari'po pakati penyu ʋasinesimba,
ʋanorwara; ʋazhinji ʋaʋete.
31 Nokuti ɗai taiȥiidza isu timene,
hatizairobga. 32 Ȥino kana ticitoŋgwa,

tinoraŋgwa naShe, kuti tirege kuto-
ŋgerwa kurashwa pamŋe cete nenyika.
33 Naiȥoȥo, hama dzaŋgu, kana muci-
ʋuŋganira pakudya, miriranai. 34 Kana
munhu anenzara, ŋgaadye kumusha
*kwake*; kuti murege kuʋuŋganira ku-
toŋgwa. Ȥimŋe ȥakasara ndicaȥigadzira
kana ndiciȿika.

*Kusiyana kweȥipo ȥoMŋeya.*

12 1 Ȥino, kana ȥiri ȥipo ȥo-
Mŋeya, hama *dzaŋgu*, handiɗi
kuti muʋe ʋasiŋgaziʋi. 2 Mu-
noziʋa kuti paŋguʋa yamaiʋa ʋahedeni,
makaŋga mucikweʋerwa kuȥifananidzo,
ȥisiŋgagoni kutaura, seȥamaituŋgamiri-
rwa. 3 Saka ndinokuziʋisai kuti haku-
nomunhu unotaura noMŋeya waMŋari,
uŋgati: Jesu ŋgaatukwe! Ʋuye, haku-
nomunhu uŋgati: Jesu ndiye Ishe, asi
noMŋeya Mutȿene.
4 Ȥino marudzi mazhinji eȥipo ari'po,
asi Mŋeya ndomumŋe. 5 Marudzi
mazhinji okushumira ari'po, ʋuye Ishe
mumŋe. 6 Marudzi mazhinji amaɓasa
ari'po, asi Mŋari mumŋe, iye unoɓata
ȥose munaʋose. 7 Asi mumŋe no-
mumŋe unopiwa kuratidzwa kwo-
Mŋeya, kuti ʋose ʋaɓatsirwe. 8 No-
kuti mumŋe unopiwa noMŋeya shoko
roʋucenjeri, mumŋe shoko rokuziʋa
noMŋeya iwoyu; 9 mumŋe, kutenda
muMŋeya iwoyu; mumŋe, ȥipo ȥoku-
poresa muMŋeya iwoyu; 10 mumŋe,
kuita maɓasa esimba; mumŋe, kupro-
fita; mumŋe, kuziʋisisa mŋeya; mumŋe,
marudzi endimi; mumŋe, kuɗudzira
ndimi; 11 asi iȥi ȥose ȥinoitwa no-
Mŋeya iwoyu mumŋe cete, unogoʋera
mumŋe nomumŋe seȥaanoɗa.

*Mitezo mizhinji asi muʋiri mumŋe.*

12 Nokuti somuʋiri uri mumŋe,
unemitezo mizhinji, nemitezo yose yo-
muʋiri, kunyaŋge iri mizhinji, muʋiri
ndomumŋe cete; wakaɗaro ʋo Kristu.
13 Nokuti muMŋeya mumŋe isu tose
takabapatidzirwa mumuʋiri mumŋe;
kana tiri ʋaJuda, kana ʋaGiriki, kana
ʋaranda, kana ʋakasunuŋguka; isu tose
takanwiswa paMŋeya mumŋe. 14 No-
kuti muʋiri hauzi mutezo mumŋe, asi
mizhinji. 15 Kana rutsoka rukati:
Ȥandisati ndiri ruʋoko, handizi womu-
ʋiri; ko haruzi rwomuʋiri, ȥarwaɗaro
here? 16 Nenzeʋe kana ikati: Ȥandi-
sati ndiri ziso, handizi womuʋiri; ko
haizi yomuʋiri here? 17 Kana muʋiri
wose raiʋa ziso, kunzwa kwaiʋepiko?
Kana wose kwaiʋa kunzwa, kunhu-
widza kwaiʋepiko? 18 Asi ȥino Mŋari
wakaisa mutezo mumŋe nomumŋe
pamuʋiri seȥaakaɗa. 19 Kana yose
waiʋa mutezo mumŋe, muʋiri waiʋe-
piko? 20 Asi ȥino kunemitezo mizhinji,
asi muʋiri mumŋe. 21 Ziso hariŋgati
kuruʋoko: Handikuɗi; kana musoro
ʋo kutsoka: Handikuɗiyi imi. 22 Kwe-
te, ȥikuru mitezo iyo yomuʋiri ineŋge
isinesimba, ndiyo inoɗikanwa; 23 ne-
*mitezo* iyo yomuʋiri yatinoti haikudzwi,
ndiyo yatinokudza kwaȥo; ne*mitezo* iyo
yeɗu isina-kunaka, ndiyo yoʋa nokunaka
kunopfuʋurisa; 24 asi *mitezo* yeɗu
yakanaka, haishaiwi *kukudzwa*. Asi
Mŋari wakaɓatanidza muʋiri wose,
akakudza nokupfuʋurisa *mitezo* ino-
shaiwa *kunaka*; 25 kuti pamuʋiri
parege kuʋa nokupesana; asi kuti mitezo
iceŋgetane ȥakaenzana. 26 Kana mu-
tezo mumŋe ucitambudzika, mitezo
yose inotambudzika pamŋe cete nawo;
kana mutezo mumŋe ucikudzwa, mitezo
yose inoɗara pamŋe cete nawo. 27 Ȥino,
imi muri muʋiri waKristu, nomumŋe
nomumŋe mitezo yawo. 28 Mŋari
wakaisa ʋamŋe pakereke, pakutaŋga
ʋaapostora, rwecipiri ʋaprofita, rweci-
tatu ʋadzidzisi, teʋere *ʋaiti ʋa*maɓasa
esimba, teʋere ȥipo ȥokuporesa, naʋa-
ɓatsiri, naʋaɓati, namarudzi mazhinji
endimi. 29 Ʋose ʋaapostora here?
Ʋose ʋaprofita here? Ʋose ʋadzidzisi
here? Ʋose *ʋaiti ʋa*maɓasa esimba
here? 30 Ʋose ʋaneȥipo ȥokuporesa
here? Ʋose ʋanotaura nendimi here?
Ʋose ʋanoɗudzira here? 31 Asi shi-
ŋgairirai ȥipo ȥikuru.
Ndinokuratidzai ʋo nzira yakaiȿo-
naka inopfuʋura dzose.

*Kunaka kworuɗo.*

13 1 Kunyaŋge ndikataura ne-
ndimi dzaʋanhu nedzaʋatumŋa,
ndisinoruɗo, ndaʋa sendarira
dzinorira, neɗare rinoŋgoti: Ŋgwere-
ŋgwere! 2 Kunyaŋge ndine*cipo* coku-
profita, ndicinzwisisa ȥakaʋanzika ȥose,
nokuziʋa kwose; kunyaŋge ndinoku-
tenda kwose, kuti ndibvise makomo,
ndisinoruɗo, handizi cinhu. 3 Kunya-
ŋge ndagoʋera *ʋarombo* ȥose ȥandinaȥo,
kunyaŋge ndikaisa muʋiri waŋgu kuti
ndipiswe, ndisinoruɗo, handiɓatsirwi

cinhu. 4 Ruɗo runomŋoyo murefu,
runomŋoyo munyoro; ruɗo harunego-
ɗo; ruɗo harunamanyawi, haruȥikudzi;
5 haruiti ȥisiŋgafaniri, haruȥitşakiri
ȥarwo; harutsamŋi, haruneȥishura;
6 harufariri ȥisakarurama, asi runo-
farira ȥokwaɗi; 7 runofukidza ȥose,
runotenda ȥose, runetariro paȥose,
runotsuŋgirira paȥose. 8 Ruɗo haru-
toŋgoperi; ȥino kana kuri kuprofita,
kucabviswa; kana dziri ndimi, dzica-
guma; kana kuri kuziʋa, kucabviswa.
9 Nokuti tinoziʋa ȥisakakwana, tino-
profita ȥisakakwana; 10 asi kana ȥaka-
kwana ȥaşika, iȥo ȥisakakwana ȥicabvi-
swa. 11 Ini ndiciri mŋana, ndaitaura
somŋana, ndaifuŋga somŋana, ndaira-
ŋgarira somŋana; ȥino ȥandaʋa muru-
me, ndabvisa ȥinhu ȥomŋana. 12 No-
kuti ȥino tinoʋona paciʋoni-ʋoni, tisi-
ŋgaʋoni kwaȥo; asi neŋguʋa iyo ticaʋo-
na neȥiso ȥakatarisana; ȥino ndinoziʋa
ȥisakakwana, asi neŋguʋa iyo ndicaziʋa
seȥandakazikanwa neni ʋo. 13 Ȥino
kutenda, netariro, noruɗo, ȥitatu iȥi,
ndiȥo ȥinogara; asi cikuru pakati paȥo
ndirwo ruɗo.

*Cipo cokuprofita cakanaka kupfuʋura cipo cendimi.*

14 1 Teʋerai ruɗo; shiŋgairirai
*ȥipo* ȥoMŋeya, asi ȥikuru kuti
muprofite. 2 Nokuti unotaura
no*rumŋe* rurimi haatauri kuʋanhu, asi
kunaMŋari; nokuti hakuna-unomunzwa;
asi noMŋeya unotaura ȥakaʋanzika.
3 Asi unoprofita, unotaura kuʋanhu,
kuti ʋasimbiswe nokurairwa, nokunyara-
dzwa. 4 Unotaura norurimi, unoȥi-
simbisa iye; asi unoprofita, unosimbisa
kereke. 5 Ȥino ndinoɗa kuti imi mose
mutaure nendimi, asi ȥikuru kuti
muprofite; unoprofita mukuru kuno-
unotaura nendimi, asi kana aciɗudzira,
kuti kereke isimbiswe. 6 Asi ȥino,
hama *dzaŋgu*, kana ndiciʋuya kwamuri,
ndicitaura nendimi, ndiŋgakuɓatsirai
ŋeiko, kana ndisiŋgatauri nokuzaru-
rirwa, kana nokuziʋa, kana nokuprofita,
kana nokudzidzisa? 7 Kunyaŋge ȥinhu
ȥisinoʋupenyu, ȥinorira—kana iri nyere,
kana ruɗimbga—kana ȥisiŋgasiyani pa-
kurira kwaȥo, ȥiŋgazikanwa seiko cino-
ridzwa nenyere kana noruɗimbga?
8 Nokuti kana hwamanda isiŋgariri
kwaȥo, ndianiko uŋgaȥigadzira kundo-
rwa? 9 Ȥakaɗaro ʋo nemi, kana
musiŋgatauri norurimi mashoko ano-
natso-zikanwa, ȥinotaurwa ȥicazikanwa
seiko? Nokuti mucaŋgotaura henyu
mumhepo. 10 Manzwi anamarudzi
mazhinji sei panyika, hakunecinhu
cisinenzwi raco. 11 Ȥino kana ndisi-
ŋgaziʋi kuti inzwi rinoreʋei, ini ndicaʋa
somunhu worumŋe rurimi kunouno-
taura, nounotaura ucaʋa kwandiri
somunhu worumŋe rurimi. 12 Saiȥoȥo
ʋo imi, ȥamunoshiŋgairira ȥinhu ȥo-
Mŋeya, tşakai ȥikuru kuti musimbise
kereke. 13 Saka unotaura no*rumŋe*
rurimi, ŋgaanyeŋgetere kuti aɗudzire
ʋo. 14 Nokuti kaŋa ndicinyeŋgetera
no*rumŋe* rurimi, mŋeya waŋgu unonye-
ŋgetera, asi kufuŋga kwaŋgu kunoshaiwa
ȥiɓereko. 15 Ȥino cinyiko? Ndica-
nyeŋgetera nomŋeya waŋgu, ʋuye ndi-
canyeŋgetera nokufuŋga kwaŋgu ʋo;
ndicaimba nomŋeya waŋgu, ʋuye ndi-
caimba nokufuŋga kwaŋgu ʋo. 16 Kana
ȥisakaɗaro, kana iwe uciʋoŋga nomŋeya,
ko uyo ugere pacigaro caʋasina-kudzi-
dza, ucati Ameni seiko pakuʋoŋga
kwako, ȥaasiŋgaziʋi caunotaura iwe?
17 Nokuti iwe unoʋoŋga hako ȥaka-
naka, asi mumŋe haasimbiswi. 18 Ndi-
noʋoŋga Mŋari, kuti ini ndinotaura
nendimi zhinji kukunda imi mose;
19 asi pakereke ndinoɗa ȥikuru kutaura
mashoko mashanu nokufuŋga kwaŋgu,
kuti ndidzidzise ʋamŋe ʋo, pa*kutaura*
no*rumŋe* rurimi mashoko aneȥuru
ȥinegumi.
20 Hama *dzaŋgu*, musaʋa ʋana paku-
ziʋa, asi muʋe ʋacece paȥakaipa, asi
pakuziʋa muʋe ʋakuru. 21 Pamu-
rairo pakanyorwa, *paciti*: Ndicataura
kuʋanhu aʋa, *ndicireʋa* naʋanhu ʋedzi-
mŋe ndimi nemimŋe miromo; kunyaŋge
ȥakaɗaro, haʋaŋganditereri—ndiȥo ȥino-
reʋa Ishe. 22 Saka ndimi hadzizi
ciratidzo kunaʋanotenda, asi kuna-
ʋasiŋgatendi; nokuprofita *hakuzi* ku-
naʋasiŋgatendi, asi kunaʋanotenda.
23 Naiȥoȥo, kana kereke yose yaʋu-
ŋgana, ʋose ʋakataura nendimi, ʋasina-
kudzidza kana ʋasina-kutenda ʋaka-
pinda, haʋati munopeŋga here? 24 Asi
kana ʋose ʋakaprofita, mumŋe usiŋga-
tendi kana usina-kudzidza akapinda,
ucatendiswa naʋose, ucatoŋgwa naʋose;
25 ȥakaʋanzika ȥomŋoyo wake ȥino-
ratidzwa; naiȥoȥo ucawira pasi neciso
cake, acinamata Ishe, nokupupura kuti
Mŋari uri pakati penyu ȥirokwaȥo.

*Ȥose ŋgaȥiitwe nomutoʋo wakanaka mukereke.*

26 Ȥino ticatiyiko, hama *dzaŋgu*?
Kana muciʋuŋgana, mumŋe nomumŋe
unepisarema, unecokudzidzisa, uneca-
kamuzarurirwa, unorumŋe rurimi, une-
cokuɗudzira. Ŋgaȥiitwe ȥose, kuti
musimbiswe. 27 Kana mumŋe acitaura
nororimi, *ŋgaȥiitwe* naʋaʋiri, kana
ʋarege kupfuʋura ʋatatu, ʋaciraʋana;
nomumŋe ŋgaaɗudzire. 28 Asi kana
pasina-unoɗudzira, ŋgaanyarare muke-
reke; ŋgaaȥitaurire iye, nokunaMŋari.
29 Ʋaprofita ŋgaʋataure ʋaʋiri, kana
ʋatatu, naʋamŋe ŋgaʋaidze. 30 Ȥino
kana cimŋe cinhu cikazarurirwa mumŋe
ugere'po, wokutaŋga ŋgaanyarare.
31 Nokuti muŋgaprofita mose, *muciita*
mumŋe-mumŋe, kuti ʋose ʋadzidze,
ʋose ʋanyaradzwe. 32 Mŋeya ya-
ʋaprofita inoȥiisa pasi paʋaprofita;
33 nokuti Mŋari haazi *Mŋari* we-
nyoŋganiso, asi worugare, sapakereke
dzose dzaʋatʂene.
34 Ʋakadzi ŋgaʋanyarare pakereke;
nokuti haʋatenderwi kutaura; asi ŋga-
ʋaȥiise pasi, seȥinoreʋa ʋo murairo.
35 Kana ʋaciɗa kudzidza cinhu, ŋga-
ʋabvunze ʋarume ʋaʋo kumusha;
nokuti haȥifaniri kuti mukadzi ataure
mukereke. 36 Ko shoko raMŋari
rakabva kwamuri here? Kana rakaʂika
kwamuri moga here?
37 Kana munhu aciti, ndiri muprofita,
kana ndiri womŋeya, ŋgaatende kuti
iȥo ȥandinokunyorerai, murairo waShe.
38 Asi kana munhu asiŋgaziʋi, ngaaʋe
usiŋgaziʋi hake.
39 Saka, hama dzaŋgu, shiŋgairirai
kuprofita, musiŋgadziʋisi *mumŋe* ku-
taura nendimi. 40 Asi ȥinhu ȥose
ŋgaȥiitwe nomutoʋo wakafanira ȥine-
mirairo *yaȥo*.

*Kumuka kwaʋakafa.*

15 1 Ȥino, hama *dzaŋgu*, ndino-
kuziʋisai Evaŋgeri yandakaku-
paridzirai, iyo yamakagamucira
ʋo, neyamunomira ʋo mairi; 2 iyo
yamunoponeswa ʋo nayo, kana mucii-
ɓatisa nomutoʋo wandakaiparidza
kwamuri, kana musina-kutenda pasina.
3 Nokuti pakutaŋga ndakakupai iȥo
ȥandakagamucira ʋo, kuti Kristu wa-
kafira ȥiʋi ȥeɗu, seȥakanyorwa pa-
Magwaro; 4 ʋuye kuti wakaʋigwa, aka-
mutswa nezuʋa retatu, seȥakanyorwa
paMagwaro; 5 akaȥiratidza kunaKefasi,
ipapo kunaʋanegumi naʋaʋiri; 6 ipapo
akaȥiratidza kuhama dzinopfuʋura
mazana mashanu kamŋe—ʋazhinji ʋaʋo
ʋapenyu kuʂikira ȥino, asi ʋamŋe
ʋaʋata. 7 Ipapo akaȥiratidza kuna-
Jakobo; ipapo kunaʋaapostora ʋose;
8 pakupedzisira akaȥiratidza kwandiri
ʋo, sokunowakaȥarwa ŋguʋa isati yaʂi-
ka. 9 Nokuti ini ndiri muɗuku kuʋa-
apostora *ʋose*, handifaniri kuti ndinzi
muapostora, nokuti ndakatambudza
kereke yaMŋari. 10 Asi nenyasha
dzaMŋari ndiri *munhu* wakaɗai *ȥino*;
nenyasha dzake kwandiri hadzina-kuʋa
pasina; asi ndakaɓata ȥikuru kupfuʋura
ʋose; handizini, asi inyasha dzaMŋari
dzaiʋa neni. 11 Naiȥoȥo, kana ndirini,
kana ʋari iʋo, tinoparidza kuɗai, nemi
makatenda kuɗai.
12 Ȥino kana Kristu aciparidzwa, kuti
wakamutswa kuʋakafa, ʋamŋe pakati
penyu ʋanoreʋa seiko, kuti hakuna-ku-
muka kwaʋakafa? 13 Ȥino, ɗai pasina-
kumuka kwaʋakafa, naKristu uŋgaɗai
asina-kumutswa ʋo; 14 ʋuye, ɗai
Kristu asina-kumutswa, kuparidza
kweɗu kuŋgaɗai kuciʋa pasina, noku-
tenda kwenyu kuŋgaɗai kuciʋa pasina
ʋo. 15 Nesu taiwanikwa tiri ȥapupu
ȥaMŋari ȥenhema; nokuti takapupura
kuti Mŋari wakamutsa Kristu, iye
waasina-kumumutsa, kana *ȥiri iȥo kuti*
ʋakafa haʋamutswi. 16 Nokuti kana
ʋakafa ʋasiŋgamutswi, naKristu haana-
kumutswa ʋo; 17 kana Kristu asina-
kumutswa, kutenda kwenyu hakuna-
maturo; muciri muȥiʋi ȥenyu. 18 Ȥino
naiʋo ʋakafa munaKristu ʋakarashika
ʋo. 19 Kana tinetariro kunaKristu
paʋupenyu ubgu ɓedzi, tinonzwisa
ʋurombo kukunda ʋanhu ʋose.
20 Asi ȥino Kristu wakamutswa kuʋa-
kafa, akaʋa ciɓereko cokutaŋga caʋaʋata.
21 Nokuti rufu *ȥarwakaʋuya* nomunhu,
kumuka kwaʋakafa *kwakaʋuya* nomunhu
ʋo. 22 Nokuti ʋose seȥaʋanofa muna-
Adama, saiȥoȥo ʋo ʋose ʋacararamiswa
munaKristu. 23 Asi mumŋe nomumŋe
padzoro rake: Kristu—ciɓereko coku-
taŋga; teʋere, ʋo ʋari ʋaKristu
pakuʋuya kwake. 24 Ipapo kuguma
*kunoʂika*, paŋguʋa yaacazopa Mŋari,
Ɓaɓa, ʋushe, paŋguʋa yaacaparadza
kuɓata kwose, noʋushe bgose, nesimba.
25 Nokuti unofanira kuɓata ʋushe,
kuʂikira aisa ʋaʋeŋgi ʋake ʋose pasi

petsoka dzake. 26 Muʋeŋgi woku-
pedzisira, ucaparadzwa, ndirworufu.
27 Nokuti wakaisa ȥinhu ȥose pasi
petsoka dzake. Ȥino kana aciti: Ȥose
ȥakaiswa pasi pake, ȥinoʋonekwa pacena
kuti iye, wakaisa ȥose pasi pake,
haaiswi'po. 28 Ȥino kana ȥose ȥaiswa
pasi pake, ipapo noMŋanakomana ʋo
amene ucaiswa pasi paiye wakaisa ȥose
pasi pake, kuti Mŋari aʋe ȥose kunaʋose.
29 Kana ȥisina-kudaro, ko aʋo ʋano-
bapatidzirwa ʋakafa, ʋacagoita seiko?
Kana ʋakafa ʋasiŋgatoŋgomutswi,
ʋakagobapatidzirweiko iʋo *ʋakafa*?
30 Nesu tiri panjodzi ŋguʋa dzose
neiko? 31 Ndinopika, hama *dzaŋgu*,
nokuȥirumbidza kwandinako pamsoro
penyu munaKristu Jesu, Ishe weɗu,
kuti ndinofa zuʋa rimŋe nerimŋe.
32 Kana ndakarwa neȥikara paEfeso
somunhu ȥaindiɓatsireiko? Kana ʋa-
kafa ʋasiŋgamutswi, ŋgatidye, ŋgatinwe,
nokuti maŋgwana tinofa. 33 Musa-
nyeŋgerwa; ʋushamŋari bgakaipa bgu-
noʋodza tsika dzakanaka. 34 Peŋge-
nukai ȥakarurama, murege kutadza,
nokuti ʋamŋe haʋaziʋi Mŋari; ndino-
taura *iȥi* kuti munyadziswe.
35 Asi mumŋe uŋgati: Ʋakafa ʋano-
gomutswa seiko? Ʋacaʋuya nomuʋiri
wakaita sei? 36 Iwe ɓenzi, ico cauno-
dȥara hacimeri, kana cisiŋgafi. 37 Cau-
nodȥara, haudȥari muʋiri ucaʋa'po, asi
tsaŋga ɓedzi, kana yamapfunde, kana
yeȥimŋe; 38 asi Mŋari unoipa muʋiri
paanoɗa napo, nembeu imŋe neimŋe
muʋiri wayo. 39 Nyama yose haizi
nyama imŋe; asi imŋe ndeyaʋanhu,
imŋe inyama yemhuka, imŋe inyama
yeshiri, imŋe ndeyehoʋe. 40 Kune-
miʋiri yokuɗeŋga, nemiʋiri yenyika;
asi kubginya kweyokuɗeŋga ndokumŋe,
nokwenyika ndokumŋe. 41 Kubginya
kwezuʋa ndokumŋe, nokubginya kwo-
mŋedzi ndokumŋe, nokubginya kwe-
nyeredzi ndokumŋe; nokuti nyeredzi
imŋe haifanani neimŋe nyeredzi paku-
bginya. 42 Ndiȥo ȥakaita ʋo kumuka
kwaʋakafa. *Muʋiri* unodȥarwa paku-
ʋora; unomutswa pakusaʋora; 43 uno-
dȥarwa pakuȥidzwa, unomutswa paku-
bginya; unodȥarwa paʋutera, unomu-
tswa pasimba. 44 Unodȥarwa uri
muʋiri wokuɓerekwa, unomutswa uri
muʋiri womŋeya. Muʋiri wokuɓere-
kwa uri'po, no*muʋiri* womŋeya uri'po.
45 Ȥakanyorwa ʋo saiȥoȥo, *ȥicinzi*:
Munhu wokutaŋga, Adama, wakaitwa
munhu mupenyu; Adama wokupedzisira
*wakaitwa* mŋeya, unopa ʋupenyu.
46 Asi ȥomŋeya haȥizi ȥokutaŋga, asi
ȥokuɓerekwa; teʋere ȥomŋeya. 47 Mu-
nhu wokutaŋga ndowenyika, wevu;
munhu wecipiri wakabva kuɗeŋga.
48 Saiye wevu, ndiȥo ȥakaita ʋo aʋo
ʋevu; saiye wokuɗeŋga, ndiȥo ȥakaita
ʋo iʋo ʋokuɗeŋga. 49 Ʋuye, seȥa-
takaŋga tinomufananidzo wo*munhu* we-
vu, ticaʋa ʋo nomufananidzo waiye
wokuɗeŋga.
50 Ȥino, hama *dzaŋgu*, ndinoreʋa
ndiciti, nyama neropa haȥiŋgagari nhaka
yoʋushe bgaMŋari; nokuʋora haku-
ŋgagari nhaka yokusaʋora. 51 Tarirai,
ndinokuʋudzai cakaʋanzika: Hatiŋga-
ʋati tose, asi ticashandurwa tose;
52 pakarepo, nokubgairo kweziso, ne-
hwamanda yokupedzisira; nokuti hwa-
manda icarira, ipapo ʋakafa ʋacamu-
tswa nokusaʋora; nesu ticashandurwa;
53 nokuti ici cinoʋora cinofanira kufuka
kusaʋora; necici cinofa cinofanira ku-
fuka kusafa. 54 Ȥino kana ici cinoʋora
cafuka kusaʋora, necici cinofa cafuka
kusafa, ipapo shoko rakanyorwa rica-
itika, *rinoti*: Rufu rwakamedzwa noku-
kunda. 55 Iwe rufu, kukunda kwako
kuripiko? Iwe rufu, rumborera rwako
ruripiko? 56 Rumborera rworufu
ndiȥo ȥiʋi; nesimba reȥiʋi ndiwo
murairo. 57 Ȥino Mŋari ŋgaaʋoŋgwe,
uyo unotipa kukunda naShe weɗu,
Jesu Kristu. 58 Saka, hama dzaŋgu
dzinoɗikanwa, mirai makasimba, mu-
rege kuzunuŋguswa, muɓatire Ishe
ȥikuru ŋguʋa dzose, muciziʋa kuti
kuɓata kwenyu hakuŋgaʋi pasina
munaShe.

*Ȥipo ȥakaʋuŋganidzirwa ʋatendi ʋapa-
Jerusarema, namamŋe mashoko okupe-
dzisira.*

16 1 Ȥino, kana ȥiri ȥipo ȥaka-
ʋuŋganidzirwa ʋatşene, seȥa-
ndakaraira kereke dzeGaratia,
itai nemi ʋo saiȥoȥo. 2 Nomusi
wokutaŋga weviki, mumŋe nomumŋe
wenyu ŋgaakamure *ȥimŋe kumba* kwake,
aʋuŋganidze, paakawana napo, kuti
ȥipo ȥirege kuʋuŋganidzwa, kana ndi-
cişika. 3 Kana ndaşika, ndicatuma aʋo
ʋamunotenda neŋwadi, ʋagondoisa ȥipo
ȥenyu Jerusarema 4 Kana ȥakaɗanira
kuti ini ndiende ʋo, ʋaŋgaenda neni.

5 Ȥino ndicaʋuya kwamuri, kana nda-
gura neMakedonia; nokuti ndinogura
neMakedonia. 6 Ȥimŋe ndicagara ne-
mi, kunyaŋge ndipedze cando, kuti
mugondiperekedza pose pandinoenda.
7 Nokuti handiɗi kukuʋonai ȥino ndiri
parwendo; nokuti ndinoti ndicazogara
nemi ciŋguʋa, kana Ishe acinditendera.
8 Asi ndicagara paEfeso kuşikira pa-
Pentekosta. 9 Nokuti ndazarurirwa
mukoʋa mukuru uneɓasa guru; naʋa-
dziʋisi ʋazhinji *ʋari'po*.
10 Ȥino kana Timotio acişika, cenjerai
kuti agare nemi asiŋgatyi; nokuti
unoɓate-ɓasa raShe, sendandinoita neni
ʋo. 11 Naiȥoȥo ŋgakurege kuʋa no-
munhu unomuȥidza. Asi mumupere-
kedzei norugare, kuti aʋuye kwandiri;
nokuti ndakamutarira pamŋe cete ne-
hama. 12 Ȥino kana ari Aporo, hama
*yeɗu*, ndakakumbira kwaari ȥikuru, kuti
aʋuye kwamuri pamŋe cete nedzimŋe
hama; asi wakaŋga asiŋgatoŋgoɗi ku-
ʋuya ȥino, ucaʋuya hake kana awana
ŋguʋa yakanaka.
13 Rindai, mirai nesimba pakutenda,
itai saʋarume, musimbiswe. 14 Ȥose
ȥamunoita ŋgaȥiitwe noruɗo.
15 Ndinokumbira ȥikuru kwamuri,
hama *dzaŋgu*,—munoziʋa mhuri ya-
Stefana, kuti ndico ciɓereko cokutaŋga
paAkaya, ʋakaȥiisa kuti ʋashumire
ʋatşene—16 Kuti nemi ʋo muȥiise pasi
paʋakaɗaro, na*pasi* paʋose ʋano*ti*ɓatsira
naʋanoɓata. 17 Ndinofara nokuʋuya
kwaStefana, naFortunato, naAkaiako;
nokuti iʋo ʋaka*ndi*itira ȥamakaŋga
musiŋgagoni kuita imi. 18 Nokuti
ʋakazorodza mŋeya waŋgu nowenyu;
naiȥoȥo kudzai ʋakaɗaro. 19 Kereke
dzapaAsia dzinokukwazisai. Akwira
naPrisira ʋanokukwazisai ȥikuru muna-
She, pamŋe cete nekereke iri mumba
maʋo. 20 Hama dzose dzinokukwazi-
sai. Kwazisanai nokuşeta kutşene.
21 Ndiko kukwazisa kwaŋgu, ini
Pauro, noruʋoko rwaŋgu. 22 Kana
munhu asiŋgaɗi Ishe, ŋgaaʋe waka-
tukwa. Ishe unoʋuya! 23 Nyasha
dzaShe Jesu ŋgadziʋe nemi. 24 Ruɗo
rwaŋgu ŋgaruʋe nemi mose muna-
Kristu Jesu.

# ŊWADI YECIPIRI YAPAURO KUƲAKORINTE

*Kwaziso.*

1 1 Pauro, muapostora waKristu
Jesu, nokuɗa kwaMŋari, naTimo-
tio, hama yeɗu kukereke yaMŋari
iri paKorinte, pamŋe cete naʋatşene
ʋose ʋari paAkaya yose: 2 Nyasha
ŋgadziʋe nemi, norugare runobva kuna-
Mŋari, Ɓaɓa ʋeɗu, naShe Jesu Kristu.

*Kuʋoŋga kwaPauro.*

3 Mŋari ŋgaaʋoŋgwe, *iʋo* Ɓaɓa ʋaShe
weɗu Jesu Kristu, Ɓaɓa ʋeŋgoni,
Mŋari wokunyaradza kwose; 4 iye
unotinyaradza pakutambudzika kweɗu
kwose, kuti isu tiʋe nesimba roku-
nyaradza ʋari mukutambudzika kupi
nokupi, nokunyaradzwa kwatinonya-
radzwa nako naMŋari. 5 Nokuti ma-
ɗambudziko aKristu seȥaakaʋa mazhinji
kwatiri, saiȥoȥo ʋo kunyaradzwa kweɗu
kwakaʋa kuzhinji naKristu. 6 Ȥino
kana ticitambudzika heɗu isu, *ȥinoitwa*
nokuɗa kwokunyaradzwa nokuponeswa
kwenyu; kana ticinyaradzwa isu, *ȥi-*
*noitwa* nokuɗa kwokunyaradzwa kwe-
nyu, kunokusimbisai kutsuŋgirira pama-
ɗambudziko iwayo atinotambudzika ʋo
nawo. 7 Tariro yeɗu pamsoro penyu
yakasimba, nokuti tinoziʋa kuti seȥa-
munosoŋgana *nesu* pamaɗambudziko,
saiȥoȥo ʋo pakunyaradzwa. 8 Nokuti
hatiɗi, hama *dzaŋgu*, kuti murege
kuziʋa kutambudzika kwakatiwira pa-
Asia, kuti takaremerwa kwaȥo-kwaȥo
kukunda simba reɗu, nokuɗaro taka-
rasha mŋoyo ticiti hatiŋgararami;
9 asi pamŋoyo peɗu isu takaŋga tato-
ȥitoŋgera rufu, kuti tirege kuʋimba
nesimba reɗu, asi naMŋari unomutsa
ʋakafa; 10 iye wakatisunuŋgura parufu

rukuru rwakaɗai, ʋuye ucatisunuŋgura
ȥe; iye watinotenda kuti ucaramba
acitisunuŋgura; 11 nemi ʋo muci-
ɓatsirana pakutikumbirira kwenyu, kuti
ʋanhu ʋazhinji ʋaʋoŋge pamsoro peɗu
nokuɗa kwecipo ceɗu cenyasha cata-
kapiwa *nokunyeŋgetera* kwaʋazhinji.

*Kusaȥikudza kwaPauro.*

12 Nokuti kuȥirumbidza kweɗu ndi-
koku: Kupupura kwehana yeɗu, kuti
takafamba panyika, ȥikuru kwamuri,
noʋutşene neȥokwaɗi yaMŋari, tisi-
ŋgafambi noʋucenjeri bgenyama, asi
nenyasha dzaMŋari. 13 Nokuti hati-
kunyoreriyi ȥimŋe ȥinhu, asi iȥo ȥa-
munoraʋa neȥamunotenda; ndinoti ɗai
muciȥitenda kuşikira pakuguma; 14 se-
ȥamakatitenda ʋo paneȥimŋe, kuti isu
tiri kurumbidzwa kwenyu, semi ʋo
mucaʋa *kurumbidzwa* kweɗu nezuʋa
raShe Jesu.

*Pauro wakaregerei kuenda Korinte.*

15 Ndiciziʋa iȥoȥi, ndakaŋga ndiciɗa
kutaŋga kuʋuya kwamuri, kuti muko-
mborerwe rwecipiri; 16 ndipfuʋure
nokwenyu ndicienda Makedonia, noku-
ʋuya nokwenyu ȥe, ndicibva Make-
donia, ndiperekedzwe nemi ndicienda
Judea. 17 Ȥino ȥandakaŋga ndiciɗa
kuita iȥoȥo, ndakaita nokushanduka
mŋoyo here? Kana, ȥandinoɗa kuita
ndinoȥiɗa nenyama here, kuti ini
pamŋe nditi: Hoŋo, hoŋo, pamŋe:
Kwete, kwete? 18 NaMŋari waka-
tendeka, shoko reɗu kwamuri harizi
hoŋo nakwete. 19 Nokuti Mŋana-
komana waMŋari, Jesu Kristu, uyo
wakaparidzwa pakati penyu nesu—
neni naSirvano naTimotio—wakaŋga
asiri hoŋo nakwete, asi wakaŋga ari
hoŋo maari. 20 Nokuti ȥipikirwa
ȥaMŋari, kunyaŋge ȥiri ȥizhinji sei,
maari ndihoŋo; naiȥoȥo naiye ʋo
ndiAmeni, kuti Mŋari akudzwe nesu.
21 Ȥino, uyo unotisimbisa munaKristu
pamŋe cete nemi, nokutizodza, ndi-
Mŋari; 22 uyo wakatiisira ʋo cisi-
mbiso, akatipa ruɓatso rwoMŋeya
mumŋoyo meɗu.
23 Asi ndinoɗana Mŋari, aʋe capupu
pamŋoyo waŋgu, kuti handina-kuzo-
ʋuya Korinte, nokuti ndakakunzwirai
tsitsi. 24 Hatiiti simba nokutenda
kwenyu, asi tinokuɓatsirai kuti mufare;
nokuti mumire nokutenda.

2 1 Asi ndakati mumŋoyo maŋgu,
kuti handiɗi kuʋuya ȥe kwamuri
nokucema. 2 Nokuti kana ndiciku-
cemedzai, ndianiko ucandifadza, kana
asiri iye wakacemedzwa neni? 3 Ȥino
ndakanyora cinhu ici kuti kana ndaşika,
ndirege kucemedzwa naiʋo ʋaifanira
kundifadza; ndicikutendai mose, kuti
kufara kwaŋgu ndokwenyu mose.
4 Nokuti ndakakunyorerai nemisodzi
mizhinji pakutambudzika kukuru ne-
nhamo yomŋoyo; ndisiŋgati muceme-
dzwe, asi kuti muziʋe ruɗo rukuru
rwandinokuɗai narwo.
5 Ȥino kana mumŋe akacemedza
hake, haana-kundicemedza ini, asi
*ndiŋgati* ȥimŋe-ndirege kunyanyisa—
imi mose. 6 Kuroʋa uku kwaʋanhu
ʋazhinji kunoriŋgana munhu wakaɗai.
7 Naiȥoȥo ȥirinani kuti mumukaŋga-
nwire nokumunyaradza, kuti arege
kuʋodzwa mŋoyo kwaȥo neshuŋgu
huru. 8 Naiȥoȥo ndinokumbira ȥikuru
kwamuri kuti musimbise ruɗo rwenyu
kwaari. 9 Nokuti ndakanyora ʋo iȥi,
kuti ndikuidzei, ndiziʋe kana muno-
terera paȥinhu ȥose. 10 Ȥino iye
wamunokaŋganwira, neni *ndinomuka-
ŋganwira* ʋo; nokuti iȥo ȥandakaŋga-
nwira ini, kana ndineŋge ndakaka-
ŋganwira cinhu, ndakaȥiita nokuɗa
kwenyu pamberi paKristu; 11 kuti
tirege kunyeŋgerwa naSatani; nokuti
mano ake tinoaziʋa.

*Ȥiɓereko ȥokuparidza kwaPauro.*

12 Ȥino, ndakati ndicişika paTroasi
*kuparidza* Evaŋgeri yaKristu, ndi-
cizarurirwa mukoʋa munaKristu,
13 ndakaŋga ndisinezororo pamŋeya
waŋgu, nokuti handina-kuwana'po Ti-
to, hama yaŋgu; asi ndakawonekana
naʋo, ndikaenda Makedonia. 14 Asi
Mŋari ŋgaaʋoŋgwe, unotikundisa ŋguʋa
dzose munaKristu, unoratidza nesu
kwose-kwose bgema bgokuziʋa kwake.
15 Nokuti isu tiri bgema bgakanaka
bgaKristu kunaMŋari, pakati paiʋo
ʋanoponeswa naʋanoparara. 16 Kuna-
ʋamŋe tiri bgema bgorufu *bgunoisa*
kurufu; kunaʋamŋe bgema bgoʋu-
penyu *bgunoisa* kuʋupenyu. Ȥino ndi-
aniko uŋgakwanisa ȥinhu ȥakaɗai?
17 Nokuti hatifanani naʋamŋe ʋazhinji
ʋanokaŋganisa shoko raMŋari; asi
tinotaura munaKristu neȥokwaɗi, seȥi-
nobva kunaMŋari, pamberi paMŋari.

3 1 Tinotaŋga ȥe kuȥirumbidza
kwamuri here? Tinotȿaka here
saʋamŋe ŋwadi dzinoenda kwa-
muri, kana dzinobva kwamuri, dziŋga-
tirumbidza? 2 Imi muri ŋwadi yeɗu
yakanyorwa mumŋoyo meɗu, inozi-
kanwa nokurabga naʋanhu ʋose;
3 makaʋonekwa kuti muri ŋwadi ya-
Kristu, yakagadzirwa nesu, isina-
kunyorwa neinki, asi noMŋeya wa-
Mŋari mupenyu; *isina-kunyorwa* pa-
mahwendefa amabge, asi pamahwendefa
enyama omŋoyo. 4 Kutenda kwa-
kaɗai tinako naKristu, kunaMŋari;
5 hatiti takakwana isu timene, kuti
titeme cinhu timene; asi kukwana
kweɗu kunobva kunaMŋari; 6 iye
wakatikwanisa kuti tiʋe ʋashumiri
ʋesuŋgano itȿa, isati iri yeȥakanyorwa
asi yoMŋeya; nokuti ȥakanyorwa ȥino-
ʋuraya, asi Mŋeya unopa ʋupenyu.
7 Ȥino kana kushumira, *kwakavuyisa*
rufu, kwakaŋga kwakatemŋa namaretere
pamabge, kwakaʋuya nokubginya, kwa-
kaŋga kwakaɗaro kuti ʋana ʋaIsraeri
ʋakakoniwa kutarisisa ciso caMosesi
nokuɗa kwokubginya kweciso cake—
kwakaŋga kucipfuʋura hako—8 ko
kushumira kwoMŋeya hakuŋgaʋi noku-
bginya kukuru here? 9 Nokuti kana
kushumira, *kwakavuyisa* kutoŋgeswa,
kwakaŋga kunokubginya, ȥikuru sei
kushumira, *kunovuyisa* kururama, kuca-
kunda pakubginya. 10 Nokuti naico
cakabginyiswa, hacina-kubginyiswa,
kana pacinhu ici ticicifananidza no-
kubginya kunokunda. 11 Nokuti kana
ico cinopfuʋura caiʋa nokubginya, ȥi-
kuru sei ico cinogara ndico ciri paku-
bginya.
12 Naiȥoȥo, ȥatinetariro yakaɗai, ti-
notaura tisiŋgatyi napaɗuku, 13 tisi-
ŋgaiti saMosesi, waiisa cifukidziro
paciso cake, kuti ʋana ʋaIsraeri ʋarege
kutarisisa kuguma kweȥinopfuʋura.
14 Asi ndaŋgariro dzaʋo dzakakomara;
nokuti kuȿikira zuʋa ranhasi, kana
suŋgano yakare icirabga, cifukidziro
ico ciri'po, *va*siŋgaratidzwi kuti muna-
Kristu ȥinopfuʋura. 15 Asi kuȿikira
nhasi, kana Mosesi acirabga, cifukidziro
ciri'po pamŋoyo yaʋo. 16 Ȥino kana
*munhu* acitendeʋukira kunaShe, cifu-
kidziro cinobviswa. 17 Ishe ndiMŋeya;
ȥino panoMŋeya waShe, panesunu-
ŋguko. 18 Ȥino isu tose tinoti tici-
tarira neciso cisina-kufukidzirwa ku-
bginya kwaShe sapaciʋoni-ʋoni, tino-
shandurwa *ticifanana* nomufananidzo
iwoyo, ticibva pakubginya *kumŋe* tici-
enda kuno*kumŋe* kubginya, seȥicibva
kunaShe, Mŋeya.

*Pauro unoparidza Jesu Kristu nomŋoyo wose.*

4 1 Saka, ȥatinako kushumira uku,
patakanzwirwa ŋgoni napo, hati-
neti; 2 asi takaramba ȥinhu
ȥakaʋanzika ȥinonyadza, tisiŋgafambi
nokunyeŋgera, tisiŋgashatisi shoko ra-
Mŋari; asi pakuratidza *kweɗu* ȥokwaɗi,
tinoȥitendisa kuhana dzaʋanhu ʋose
pamberi paMŋari. 3 Ȥino kana Eva-
ŋgeri yeɗu yakafukidzwa, yakafukidzwa
kunaʋanorashika; 4 kunaʋasiŋgatendi
ʋakapofumadzirwa ndaŋgariro na-
mŋari wenyika ino, kuti ʋarege kuve-
nekerwa neciedza ceEvaŋgeri yoku-
bginya kwaKristu, uri mufananidzo
waMŋari. 5 Nokuti hatiȥiparidzi isu,
asi Kristu Jesu kuti ndiye Ishe; nesu
kuti tiri ʋaranda ʋenyu nokuɗa kwa-
Jesu. 6 Nokuti Mŋari, wakareʋa kuti
ciedza ciɓuɗe parima, ndiye wakave-
nekera mumŋoyo yeɗu, kuti atipe
ciedza cokuziʋa kubginya kwaMŋari
*kunovonekwa* paciso caJesu Kristu.
7 Asi fuma iyi tinayo mumidziyo yevu,
kuti ʋukuru bgesimba bguʋe bgaMŋari,
bgurege kuʋa bgeɗu. 8 Tinotambu-
dzika pamatiʋi ose, asi hatimanikidzwi;
tinokaŋganiswa, asi hatina-kurasha
mŋoyo; 9 tinotambudzwa, asi hatina-
kusiyiwa; takawisirwa pasi, asi hatina-
kuparadzwa; 10 tinoramba ticitakura
ŋguʋa dzose mumuʋiri weɗu kufa
kwaJesu, kuti noʋupenyu ʋo bgaJesu
bguratidzwe mumuʋiri weɗu. 11 No-
kuti isu ʋapenyu tinogara ticiŋgoiswa
pakufa nokuɗa kwaJesu, kuti noʋupenyu
ʋo bgaJesu bguratidzwe munyama yeɗu
inofa. 12 Saiȥoȥo kufa kunoɓata ma-
tiri, asi ʋupenyu mamuri. 13 Ȥino
ȥatinomŋeya iwoyu wokutenda, seȥaȥa-
kanyorwa, *ȥicinzi*: Ndakatenda, saka
ndakataura; nesu ʋo tinotenda, saka
tinotaura ʋo; 14 ticiziʋa kuti iye
wakamutsa Ishe Jesu, ucatimutsa ʋo
isu pamŋe cete naJesu; agotiisa *pamberi
pake* pamŋe cete nemi. 15 Nokuti
ȥinhu ȥose *ȥinoitwa* nokuɗa kwenyu,
kuti nyasha ȥadzakawanzwa naʋazhi-
nji, dziwanze kuʋoŋga, kuti Mŋari
akudzwe.

*Kutambudzika kwapano panyika ndokweŋguʋa ɗuku.*

16 Saka hatineti, asi kunyaŋge munhu
weɗu wokunze ucipera hawo, munhu
womukati unoʋandudzwa zuʋa rimŋe
nerimŋe. 17 Nokuti kutambudzika
kweɗu, kwakareruka, kuri'po ciŋguʋa
ciɗuku, kunotiitira kubginya kukuru
kwakaiȿo-naka kusiŋgaperi; 18 tisi-
ŋgatariri ɀinoʋonekwa, asi ɀisiŋga-
ʋonekwi; nokuti ɀinoʋonekwa ɀino-
pfuʋura, asi ɀisiŋgaʋonekwi ndeɀokusi-
ŋgaperi.

5 1 Nokuti tinoziʋa kuti kana imba
yeɗu yenyika, tabernakeri *yeɗu*,
iciputswa, tinecakaʋakwa cinobva
kunaMŋari, imba isina-kuʋakwa nama-
ʋoko, isiŋgaperi, iri kuɗeŋga. 2 Nokuti
tinogomera ʋo mairi, ticishuʋa kuti
tifukidzwe neimba yeɗu inobva ku-
ɗeŋga; 3 kuti kana takafukidzwa he-
ɗu, hatiŋgawanikwi tisina-catakafuka.
4 Nokuti nesu, tiri mutabernakeri iyi
tinogomera, ticiremerwa; tisiŋgaɗi kuti
tikutunurwe, asi kuti tifukidzwe, kuti
cinofa cimedzwe noʋupenyu. 5 Ɀino,
uyo wakatigadzirira cinhu ici ndi-
Mŋari, wakatipa ʋo ruɓatso rwoMŋeya.
6 Naiɀoɀo tinotsuŋga mŋoyo ŋguʋa
dzose, ticiziʋa kuti kana ticigara mu-
muʋiri hatigari kunaShe; 7 nokuti
tinofamba nokutenda, hatifambi noku-
ʋona; 8 tinotsuŋga mŋoyo ʋo, ticiti
ɀirinani tirege kugara pamuʋiri, kuti
tigare kunaShe. 9 Saka tinoshiŋgaira
kuti timufadze iye, kunyaŋge tici-
gara'mo, kunyaŋge tisiŋgagari'mo.
10 Nokuti isu tose tinofanira kurati-
dzwa pamberi pecigaro cokutoŋga
caKristu; kuti mumŋe nomumŋe apiwe
*ɀaakaita* nomuʋiri, seɀaakaita, kana
ɀakanaka kana ɀakaipa.

*Yananiso iri munaJesu Kristu.*

11 Naiɀoɀo ɀatinoziʋa kutya kwaShe,
tinogombedzera ʋanhu; asi tinorati-
dzwa heɗu kunaMŋari; ʋuye ɀino
ndinoti ɗai ticiratidzwa ʋo pahana
dzenyu. 12 Hatiɀirumbidzi ɀe kwa-
muri, asi tinokupai nzira yokurumbi-
dza nokuɗa kweɗu, kuti mugone
kupindura aʋo ʋanoʋimba neɀino-
ʋonekwa, ʋasiŋgaʋimbi neɀomŋoyo.
13 Nokuti kana ticipeŋga, *takaɗaro*
nokuɗa kwaMŋari; kana tiri ʋanhu
kwaʋo, *takaɗaro* nokuɗa kwenyu.
14 Nokuti ruɗo rwaKristu runotima-
nikidza; ɀatinoziʋa cinhu ici kuti
mumŋe wakafira ʋose, ɀino ʋose
ʋakafa; 15 ɀino iye wakafira ʋose,
kuti aʋo ʋanorarama ʋarege kuzoɀi-
raramira iʋo, asi uyo wakafa noku-
mutswa nokuɗa kwaʋo. 16 Naiɀoɀo,
kubvira ɀino hatitoŋgoziʋi munhu
panyama; ʋuye kunyaŋge takaziʋa
Kristu panyama, kubvira ɀino hatica-
muziʋi saiɀoɀo. 17 Saka kana munhu
ari munaKristu, waʋa cisikwa citȿa;
ɀinhu ɀakare ɀapfuʋura; tarirai, ɀose
ɀaʋa ɀitȿa. 18 Asi ɀinhu ɀose ɀakabva
kunaMŋari, wakatiyananisa naye na-
Kristu, akatipa kushumira kwokuya-
nanisa; 19 ndiko kuti Mŋari wakaŋga
aciyananisa nyika naye munaKristu,
akasaʋaʋereŋgera kuɗarika kwaʋo, aka-
tipa isu shoko rokuyananisa.
20 Naiɀoɀo tiri nhume nokuɗa kwa-
Kristu, Mŋari saaneŋge acikumbira
ɀikuru nesu; tinokumbira nokuɗa
kwaKristu, *ticiti*: Yananiswai naMŋari.
21 Uyo, wakaŋga asiŋgaziʋi ɀiʋi, waka-
muita kuti aʋe ɀiʋi nokuɗa kweɗu;
kuti isu tiʋe kururama kwaMŋari
maari.

*Kusaɀifuŋga kwaPauro pakuparidza kwake.*

6 1 Ɀino ɀatinoɓatsirana *naye*,
tinokumbira ɀikuru kuti murege
kugamucira nyasha dzaMŋari
pasina. 2 (Nokuti iye unoti:

> Ndakakunzwa iwe neŋguʋa yakafanira,
> Ndakakuɓatsira pazuʋa rokuponeswa;

tarirai, ɀino iŋguʋa yakafanira; tarirai,
ɀino ndiro zuʋa rokuponeswa.) 3 Hati-
gumbusi *ʋamŋe* necinhu, kuti kushu-
mira kweɗu kurege kuɀidzwa; 4 asi
paɀinhu ɀose tinoɀiratidza saʋashumiri
ʋaMŋari, pakutsuŋgirira kukuru, pa-
nhamo, pakushaiwa, pamaɗambudziko,
5 pakurobga, pakusuŋgwa, pakunyo-
ŋganiswa, pamaɓasa, pakusaʋata, paku-
ɀinyima ɀokudya; 6 pakuçena *kwo-
mŋoyo*, pakuziʋa, pamŋoyo murefu,
paʋunyoro, paMŋeya Mutȿene, paruɗo
rusiŋganyeŋgeri; 7 pashoko raɀo-
kwaɗi, pasimba raMŋari, nenhumbi
dzokurwa dzokururama, kurudyi noku-
ruɓoshwe, 8 nokukudzwa, nokusa-
kudzwa, neguhu rakaipa, neguhu raka-
naka; saʋanyeŋgeri, asi tiri ʋeɀokwaɗi

hedu; 9 saʋasiŋgazikanwi, asi ticizi-
kanwa hedu ȥikuru; saʋanofa, asi,
tarirai, tiri ʋapenyu hedu; saʋanoro-
bga, asi tisiŋgaʋurawi hedu; 10 saʋa-
nocema, asi ticigara ticifara hedu;
saʋarombo, asi ticifumisa ʋazhinji hedu;
saʋasinecinhu, asi tinaȥo ȥose hedu.

*Ʋatşene ŋgaʋaparadzane neȥakaipa ȥose.*

11 Imi, ʋaKorinte, muromo wedu
wakashama kwamuri, mŋoyo wedu wa-
kuriswa. 12 Hamumanikidzwi kwa-
tiri, asi munomanikidzwa mumŋoyo
menyu. 13 Ȥino, mundidzosere sa-
iȥoȥo (ndinotaura sokunaʋana *ʋangu*),
imi ʋo mukuriswe *mŋoyo*.
14 Musasuŋgwa ȥisina-kufanira pa-
joko pamŋe cete naʋasiŋgatendi; no-
kuti kururama kuŋgaʋa noʋukama
bgeiko nokusarurama? Ciedza ciŋga-
yanana seiko nerima? 15 Kristu
uŋganzwana seiko naBeriari? Unote-
nda uŋgaʋa nomugoʋe weiko nousi-
ŋgatendi? 16 Tembere yaMŋari
iŋgatenderana seiko neȥifananidzo?
Nokuti isu tiri tembere yaMŋari
mupenyu; Mŋari seȥaakareʋa, *aciti*:
Ndicagara mukati maʋo, nokufamba
mukati maʋo; ndicaʋa Mŋari waʋo,
iʋo ʋacaʋa ʋanhu ʋaŋgu. 17 Saka
Ɓudai pakati paʋo, muȥiraʋure,
ndiȥo ȥinotaura Ishe,
Musaɓata cinhu cinetşina;
Ini ndicakugamucirai,
18 Ndicaʋa Ɓaɓa ʋenyu,
Nemi mucaʋa ʋanakomana naʋa-
nasikana ʋaŋgu,
ndiȥo ȥinotaura Ishe unesimba rose.

7 1 Ȥino, ʋadikanwa, ȥatineȥipi-
kirwa iȥi, ŋgatiȥinatse pamatşina
ose enyama noomŋeya, tikwanise
ʋutşene pakutya Mŋari.

*Mufaro waPauro pamsoro paʋo kuti ʋakaterera mashoko eŋwadi yake.*

2 Mutizarurirei mŋoyo yenyu; hatina-
kuitira munhu ȥisakarurama, hatina
kutadzira munhu, hatina-kunyeŋgera
munhu. 3 Handireʋi iȥi, kuti ndi-
kupei mhoşa; nokuti ndamboreʋa kuti
imi muri mumŋoyo medu, kuti tife
nokurarama pamŋe cete nemi. 4 Ku-
satya kwaŋgu kukuru pakutaura kwa-
muri, nokuȥirumbidza kwaŋgu kukuru
pamsoro penyu; ndizere nokunyara-
dzwa, ndinofara kwaȥo pakutambudzika
kwedu kwose.
5 Nokuti takati taşika Makedonia,
nyama yedu haina-kuzorora, asi taka-
tambudzika pamatiʋi ose; kunze *kwaiʋa*
nokukakaʋara, mukati *maiʋa* nokutya.
6 Asi Mŋari, unonyaradza ʋakaʋo-
ra mŋoyo, wakatinyaradza nokuşika
kwaTito; 7 handiti nokuşika kwake
ɓedzi, asi ʋo nokunyaradzwa, kwaaka-
nyaradzwa nako pamsoro penyu, aci-
tiʋudza ȥecishuʋo cenyu, nokucema
kwenyu, nokushiŋgaira kwenyu pa-
msoro paŋgu; saka ndakanyanya kufara.
8 Nokuti kunyaŋge ndakakucemedzai
neŋwadi *yaŋgu*, handiȥidyi mŋoyo;
kunyaŋge ndakaŋga ndiciȥidya mŋoyo
haŋgu, ndinoʋona kuti ŋwadi iyo yaka-
kucemedzai, asi yakaŋga iri ŋguʋa
duku hayo. 9 Ȥino, handifari kuti
makacemedzwa, asi nokuti makace-
medzwa mukatendeʋuka; nokuti maka-
cemedzwa seȥinoda Mŋari, kuti murege
kurashikirwa necinhu nokuda kwedu.
10 Nokuti kucema seȥinoda Mŋari
kunoʋuyisa kutendeʋuka, kunoisa
kukuponeswa kusiŋgaȥidyi mŋoyo; asi
kucema kwenyika kunoʋuyisa rufu.
11 Nokuti tarirai kuti cinhu ico cokuti
makacemedzwa seȥinoda Mŋari, caka-
ʋuyisa mukati menyu kushiŋgaira ku-
kuru sei, nokuȥidaʋirira, nokutsamŋa,
nokutya, necishuʋo, nokurwadza
mŋoyo, nokutsiʋa. Paȥinhu ȥose maka-
ȥiratidza kuti makacena pacinhu ici
12 Ȥino, kana ndakakunyorerai, ha-
ndina-kuȥiita nokuda kwaiye wakaita
ȥisakarurama, kana nokuda kwaiye
wakaitirwa ȥisakarurama, asi kuti ku-
shiŋgaira kwenyu nokuda kwedu kuʋo-
nekwe nemi mumene pamberi paMŋari.
13 Nemhaka iyi isu tinonyaradzwa;
ȥino pakunyaradzwa kwedu takafara
ȥikuru kwaȥo pamsoro pomufaro wa-
Tito, nokuti mŋeya wake wakasi-
mbiswa nemi mose. 14 Nokuti kana
ndakaȥirumbidza necinhu kwaari
pamsoro penyu, handina-kunyadziswa;
asi seȥatakataura kwamuri ȥose ne-
ȥokwadi, saiȥoȥo ʋo kuȥirumbidza
kwedu pamberi paTito kwakaʋonekwa
kuti ndokwaȥokwadi. 15 Nehanya dzake
dzawedzerwa kwamuri, aciraŋgarira
kuterera kwenyu mose, pamakamuga-
mucira napo nokutya nokudedera.
16 Ndinofara kuti paȥinhu ȥose ndi-
ŋgakutendai.

*Ȥipo ȥakaʋuŋganidzirwa ʋarombo ʋapaJerusarema.*

8 1 Ȥino tinokuziʋisai, hama *dza-
ŋgu*, nyasha dzaMŋari dzakapiwa
pakereke dzeMakedonia; 2 kuti
pakati pokuidzwa kukuru kwokuta-
mbudzika, mufaro waʋo mukuru,
pamŋe cete noʋurombo bgaʋo bgukuru,
ȥakawanza ȥikuru kusanyima kwaʋo.
3 Nokuti ndinopupura, kuti ʋakapa
nokuɗa kwaʋo paʋakagona napo, ku-
nyaŋge kupfuʋura paʋakagona napo;
4 ʋakakumbira nokunyeŋgetera kukuru
kwatiri kuti tiʋatendere *kuita ɓasa* iri
renyasha nokusoŋgana pakushumira
ʋatşene; 5 haʋana-kuita seȥatakafuŋga
*ɓedzi*, asi iʋo ʋakataŋga kuȥipa kunaShe,
nokwatiri, nokuɗa kwaMŋari. 6 Na-
iȥoȥo takakumbira ȥikuru kunaTito,
kuti seȥaakaŋga ataŋga, apedzise *ɓasa*
iri renyasha pakati penyu ʋo. 7 Ȥino
seȥamakapfuʋurira paȥinhu ȥose, paku-
tenda, napakutaura, napakuziʋa, napa-
kushiŋgaira kwose, naparuɗo rwenyu
kwatiri, *tarirai* kuti mupfuʋure *paɓasa*
iri renyasha ʋo. 8 Handireʋi ndici-
raira, asi kuti ndiidze ndiziʋe nokushi-
ŋgaira kwaʋamŋe kana ruɗo rwenyu
ndorwaȥokwaɗi ʋo. 9 Nokuti muno-
ziʋa nyasha dzaShe weɗu, Jesu Kristu,
kuti kunyaŋge akaŋga akafuma, wakaʋa
murombo nokuɗa kwenyu, kuti imi
noʋurombo bgake muʋe ʋafumi.
10 Pacinhu ici ndinokuʋudzai kufuŋga
*kwaŋgu*; nokuti ȥicakuɓatsirai, nokuti
ndimi makataŋgira *ʋamŋe* makei, musi-
ŋgaiti ɓedzi, asi muciɗa ʋo. 11 Asi
ȥino pedzisai kuita ʋo; seȥamakaŋga
munomŋoyo unoɗa, saiȥoȥo pedzisai
ʋo pamunogona napo. 12 Nokuti
kana mŋoyo *wokupa* uri'po, *cipo* cino-
fadza paanapo, kusati kuri paanoshaiwa
napo. 13 Nokuti *handireʋi kuɗaro*
ndiciti ʋamŋe ʋarerukirwe, imi mure-
merwe; asi kuti muenzane; 14 kuti
paŋguʋa ino kuwanda kwenyu kuɓa-
tsire kushaiwa kwaʋo, kuti kuwanda
kwaʋo kuɓatsire kushaiwa kwenyu
ʋo; kuti kuʋe nokuenzana; 15 seȥaȥa-
kanyorwa, ȥicinzi: *Wakaʋuŋganidza*
ȥizhinji, haana-kusarirwa necinhu;
naiye *wakaʋuŋganidza* ȥishoma, haana-
kushaiwa.
16 Ȥino Mŋari ŋgaaʋoŋgwe, wakaisa
mumŋoyo maTito kushiŋgaira kwa-
kaɗaro kwamuri. 17 Nokuti wakanzwa
bake kuraira kweɗu, asi ȥaakaŋga
acishiŋgaira ȥikuru, wakaenda kwa-
muri, nokuɗa kwake hake. 18 Ȥino
takatuma pamŋe cete naye hama iya,
inorumbidzwa paEvaŋgeri pakereke
dzose; 19 ȥisati ȥiri iȥoȥo ɓedzi, asi
iye wakasanaŋgurwa ʋo nekereke kuti
atiperekedze *paɓasa iri* renyasha, ri-
noitwa nesu, kuti iye Mŋari akudzwe,
ʋuye kuɗa kwomŋoyo weɗu kuratidzwe;
20 ticiȥicenjerera, kuti kurege kuʋa no-
munhu uŋgatipa mhoşa pamsoro peȥa-
kawanda iȥi, ȥatinoɓata naȥo. 21 No-
kuti hatitşaki ȥinhu ȥakanaka pamberi
paShe ɓedzi, asi pamberi paʋanhu ʋo.
22 Takatuma ʋo naʋo hama yeɗu,
yatakaidza kazhinji tikaʋona kuti uno-
shiŋgaira paȥinhu ȥizhinji; asi ȥino
unonyanya kushiŋgaira nokuɗa kwo-
kutenda kukuru kwaanako kwamuri.
23 Kana ari Tito, ndiye shamŋari
yaŋgu, nomuɓatsiri waŋgu kwamuri;
kana dziri hama dzeɗu, ndiʋo ʋaapo-
stora ʋekereke, ʋuye kukudzwa kwa-
Kristu. 24 Naiȥoȥo muʋaratidze pa-
mberi pekereke ciratidzo coruɗo rwe-
nyu, necokurumbidza kweɗu pamsoro
penyu.

9 1 Nokuti kana kuri kushumira
ʋatşene, handifaniri kuti ndiku-
nyorerei; 2 nokuti ndinoziʋa kuɗa
kwomŋoyo yenyu, kwandinorumbidza
pamsoro penyu kunaʋaMakedonia, kuti
ʋaAkaya ʋakaŋga ʋaȥigadzira kubvira
makei; nokushiŋgaira kwenyu kwaka-
mutsa ʋazhinji. 3 Ȥino, ndakatuma
hama idzi, kuti kuȥirumbidza kweɗu
pamsoro penyu kurege kuitwa pasina
pacinhu ici; kuti, seȥandakareʋa, mu-
gare makaȥigadzira; 4 kuti ȥimŋe kana
ʋamŋe ʋeMakedonia ʋaciʋuya neni,
ʋakakuwanai musina-kuȥigadzira, isu
(hatireʋi imi) tirege kunyadziswa paku-
tenda uku. 5 Naiȥoȥo ndakati ȥaka-
fanira kuti ndiraire hama idzi, kuti
ʋataŋge kuenda kwamuri, ʋataŋge
kumbogadzira cipo cokuʋoŋga cama-
kapikira kare, kuti ici cigare cakaga-
dzirwa ciri cipo cokuʋoŋga, cirege
kuʋa cinhu cakatorwa nesimba.
6 Ȥino *raŋgarirai* cinhu ici: Unodȥara
ȥishoma, ucaceka ʋo ȥishoma; unodȥara
ȥizhinji, ucaceka ʋo ȥizhinji. 7 Mumŋe
nomumŋe *ŋgaaite* seȥaakafuŋga pa-
mŋoyo; arege kuita nokucema, kana
nokuroʋererwa; nokuti Mŋari unoɗa
munhu unopa nomufaro. 8 Mŋari

unogona kukuwanzirai nyasha dzose
kuti ŋguʋa dzose muʋe nokuriŋgana
kwose paȥose, kuti muwanze maɓasa ose
akanaka; 9 seȥaȥakanyorwa, *ȥicinzi*:
Iye wakaparadzira, iye wakapa
ʋarombo;
Kururama kwake kunogara noku-
siŋgaperi.
10 Ȥino iye, unopa mudȥari mbeu
neciŋgwa, kuti ȥiʋe ȥokudya, ucakupai
ʋo mbeu dzokudȥara acidziwanza,
nokuwedzera ȥiɓereko ȥokururama
kwenyu; 11 mucifumiswa paȥose mu-
goziʋa kupa ȥakawanda, ȥinoti, *kana*
*ȥiciitwa* nesu, Mŋari unoʋigirwa naȥo
kuʋoŋga. 12 Nokuti kushumira kwo-
kuɓatsira uku hakuzadzisi kushaiwa
kwaʋatşene ɓedzi, asi kunowanzisa ʋo
kuʋoŋga kunaMŋari; 13 nokuɗa kwe-
ȥinoʋonekwa pakushumira uku ʋano-
rumbidza Mŋari, pamsoro pokupupura
kwenyu kwakaterera Evaŋgeri yaKristu,
napamsoro pokupa *kwenyu* ȥakawanda
kwaʋari nokunaʋose. 14 Naiʋo ʋamene
ʋanokushuʋai, ʋacikukumbirirai, no-
kuɗa kwenyasha huru-huru dzaMŋari
pamsoro penyu. 15 Mŋari ŋgaaʋoŋgwe
pamsoro pecipo cake, cisiŋgagoni kuro-
ndedzerwa.

*Pauro unosimbisa ʋuapostora bgake.*

10 1 Ȥino ini Pauro ndinoku-
mbira ȥikuru kwamuri noʋu-
nyoro netsitsi dzaKristu—ini
muɗuku kana ndiri pakati penyu, asi
ndinotsuŋga kwamuri kana ndisi'po—
2 Ndinokumbira kwamuri, kuti kana
ndaʋa'po, ndirege kuzotsuŋga, noku-
tenda kwandinoti *ȥino* ndicatsuŋga nako
kunaʋamŋe ʋanoti tinofamba *nenzira*
yenyama. 3 Nokuti, kunyaŋge tici-
famba *nenzira* yenyama, hatirwi ne-
*mitoʋo* yenyama; 4 nokuti nhumbi
dzeɗu dzokurwa nadzo hadzizi dze-
nyama, asi dzinesimba pamberi pa-
Mŋari rokuputsa nhare; 5 isu tinoti
ticiputsa njere, neȥakakwirira ȥose
ȥinomutswa kuzorwa nokuziʋa Mŋari,
tinotapa mifuŋgo yose kuti iterere
Kristu; 6 takaȥigadzira kuraŋga kusa-
terera kwose, kana kuterera kwenyu
kwazadziswa. 7 Imi munotarira ȥinhu
ȥiri pamberi penyu. Kana munhu
aciʋimba naȥo aciti ndiri waKristu,
ŋgaaraŋgarire ȥe *cinhu* ici mumŋoyo
make, kuti seȥaari waKristu iye,
saiȥoȥo nesu ʋo. 8 Nokuti kunyaŋge
ndainyanya kuȥirumbidza pamsoro pe-
simba reɗu ratakapiwa naShe kuku-
simbisai, risati riri rokukuputsai, handi-
ŋganyadziswi; 9 kuti ndirege kuita se-
ndinokutyisai neŋwadi dzaŋgu. 10 No-
kuti ʋanoti, ŋwadi dzake dzinamashoko
makuru, dzinesimba, asi muʋiri wake
kana ari'po, unoʋutera, nokutaura kwake
kunoȥidzwa. 11 Munhu wakaɗaro
ŋgaaraŋgarire *cinhu* ici, kuti seȥatinoreʋa
paŋwadi kana tisi'po, ndiȥo ȥatakaita
ʋo pakuita kweɗu kana tiri'po. 12 No-
kuti tinotya kuȥienzanisa nokuȥifana-
nidza naʋamŋe ʋanoȥikudza; asi iʋo
haʋanenjere, ȥaʋanoȥienzanisa naiʋo
ʋamene, nokuȥifananidza naiʋo ʋamene.
13 Ȥino isu hatiŋgaȥirumbidzi ticipfu-
ʋura ciyero, asi neciyero *cinoşika* paci-
tanda catakagoʋerwa naMŋari, kuti
ciʋe ciyero, cişikire ʋo kwamuri.
14 Nokuti hatinyanyi kuȥitambanudza,
seȥatisiŋgaşikiri kwamuri; nokuti tisu
takataŋga kuşikira kwamuri neEvaŋgeri
yaKristu; 15 hatiȥirumbidzi ticipfuʋura
ciyero pamsoro peɓasa raʋamŋe; asi
tinetariro kuti, kana kutenda kwenyu
kucikura, isu ticakuriswa pakati penyu
*kuşikira* pacitanda ceɗu nokupfuʋurisa;
16 tigoparidza Evaŋgeri panyika dziri
mberi kwenyu, tirege kuȥirumbidza
pacitanda comumŋe pamsoro peȥatoitwa
haȥo. 17 Asi unoȥirumbidza, ŋgaaȥiru-
mbidze munaShe. 18 Nokuti wakate-
ndeka haazi iye unoȥirumbidza, asi
ndiye unorumbidzwa naShe.

*Ʋaapostora ʋenhema.*

11 1 Ɗai mucindiitira mŋoyo
murefu paɗuku paʋupenzi
bgaŋgu; asi munondiitira henyu
mŋoyo murefu. 2 Nokuti ndinegoɗo
pamsoro penyu negoɗo raMŋari; nokuti
ndakakuwanisai nomurume mumŋe,
kuti ndikuisei kunaKristu semhandara
yakacena. 3 Asi ndinotya kuti, senyoka
yakanyeŋgera Eva namano ayo, ȥimŋe
saiȥoȥo ndaŋgariro dzenyu dziŋgaşi-
ɓiswa, *dzitsauke* pakururama nokucena
kwomŋoyo kuri kunaKristu. 4 Nokuti
kana mumŋe aciʋuya unoparidza mu-
mŋe Jesu, watisina-kumboparidza isu,
*kana* ȥimŋe mucigamucira mumŋe
mŋeya, wamusina-kumbogamucira, kana
imŋe evaŋgeri, yamusina-kumbotenda,
ȥino mo*mu*itira mŋoyo murefu kwaȥo.
5 Nokuti ndinoti handizi muɗuku napa-
ɗuku-ɗuku kuʋaapostora ʋanopfuʋura

ʋamŋe ʋose. 6 Ȥino kunyaŋge ndisi-
ŋganatsi pakutaura, handina-kuɗaro
pakuziʋa; asi paȥinhu ȥose takaratidza
*iȥoȥo* kwamuri pamberi paʋose. 7 Nda-
katadza here ȥandakaȥininipisa kuti imi
mukudzwe, ȥandakakuparidzirai Eva-
ŋgeri yaMŋari ndisiŋgapiwi muɓairo?
8 Dzimŋe kereke ndakadzitorera, ndi-
cireʋa muɓairo, kuti ndikushumirei
imi. 9 Ʋuye, paŋguʋa yandakaŋga
ndiri kwamuri, ndicishaiwa, handina-
kuremedza munhu; nokuti ȥandaka-
shaiwa ndakapiwa nehama dzaibva
Makedonia; paȥinhu ȥose ndakacenjera
kuti ndirege kukuremedzai, ʋuye *ndica-
ramba* ndicicenjera. 10 Ȥokwaɗi ya-
Kristu iri mandiri, *ndinoti* kuȥirumbidza
uku hakuŋgandidziʋisirwi kunyika dze-
Akaya. 11 Nemhaka yeiko? Nokuti
handikuɗiyi here? Mŋari unoziʋa.
12 Asi cinhu ici candinoita, ndinociita,
kuti ndishaise nzira iʋo ʋanotȿaka
nzira; kuti ʋawanikwe ʋakaita sesu
paȥinhu iȥoȥo ȥaʋanoȥirumbidza naȥo.
13 Nokuti ʋakaɗaro ʋaapostora ʋe-
nhema, ʋanoɓata nokunyeŋgera, ʋano-
ȥishandura *ʋaciȥiita* ʋaapostora ʋa-
Kristu. 14 Na*iȥoȥi* haȥishamisi; nokuti
kunyaŋge naSatani ʋo unoȥishandura,
*aciȥiita* somutumŋa weciedza. 15 Na-
iȥoȥo hacizi cinhu cikuru, kana ʋashu-
miri ʋake ʋaciȥishandura ʋo, *ʋaciȥiita*
saʋashumiri ʋokururama; kuguma kwa-
ʋo kucaʋa seȥaʋakaɓata.

*Kutambudzika kwaPauro pamsoro peEvaŋgeri.*

16 Ndinopamhidza, *ndiciti:* Ŋgakurege
kuʋa nomunhu unoti ndiri ɓenzi; asi
kana *muciɗaro* henyu, ndigamucirei
seɓenzi, kuti ndiȥirumbidze haŋgu
ȥishoma ʋo. 17 Ȥandinotaura, handi-
ȥitauri seȥinobva kunaShe, asi sapa-
ʋupenzi *bgaŋgu*, pakuȥitenda uku kwa-
tinoȥirumbidza nako. 18 Ʋazhinji
ȥaʋanoȥirumbidza panyama, neni ʋo
ndicaȥirumbidza. 19 Nokuti munoitira
mapenzi mŋoyo murefu nomufaro, imi
muri ʋakacenjera; 20 nokuti munoita
nomŋoyo murefu kana munhu acikuitai
ʋaranda, kana acikuparadzai, kana
acikutapai, kana aciȥikudza, kana
acikuroʋai kumeso. 21 Ndinoreʋa
ndiciȥishoʋora, ndiciti takaŋga tisine-
simba *kuɗaro*. Ȥino kana kunomunhu
unotsuŋga, (ndinotaura seɓenzi), neni
ndinotsuŋga ʋo. 22 Iʋo ʋaHeberu
here? Neni ʋo. Iʋo ʋaIsraeri here?
Neni ʋo. Iʋo ʋana ʋaAbrahama here?
Neni ʋo. 23 Iʋo ʋashumiri ʋaKristu
here? (Ndinotaura somunhu uno-
peŋga), ȥikuru ini; pamaɓasa ndino-
ʋapfuʋura, *pakusuŋgwa* patoroŋgo ndi-
noʋapfuʋura, pakurobga ȥikuru-kuru,
parufu kazhinji. 24 Ndakarobga naʋa-
Juda kashanu, *shamhu* dzinamakumi
matatu nepfumbamŋe. 25 Katatu nda-
karobga netȿimbo, kamŋe ndakatakwa
namabge, katatu ndakaputsikirwa neci-
kepe, ʋusiku bgumŋe namasikati nda-
kaŋga ndiri muguŋgwa; 26 panzendo
kazhinji, panjodzi dzenzizi, panjodzi
dzamakororo, panjodzi dzoʋorudzi
rwaŋgu, panjodzi dzaʋahedeni, panjodzi
muguta, panjodzi murenje, panjodzi
muguŋgwa, panjodzi pakati pehama
dzenhema; 27 pakuɓata napakutambu-
ra, pakuʋata kazhinji takarindira,
panzara nenyota, pakuȥinyima ȥokudya
kazhinji, pacando napakushaiwa ȥoku-
fuka. 28 Kunze kwaiȥoȥi, ndinore-
medzwa zuʋa rimŋe nerimŋe noku-
raŋgarira kereke dzose. 29 Ndianiko
usinesimba, neni ndikasaʋa nesimba?
Ndianiko unogumburwa, neni ndika-
satȿa? 30 Kana ndikafanira kuȥiru-
mbidza, ndicaȥirumbidza neȥinhu
ȥoʋutera bgaŋgu. 31 Mŋari, Ɓaɓa
ʋaShe Jesu, unokudzwa nokusiŋgaperi,
unoziʋa kuti handireʋi nhema. 32 Pa-
Damasko muɓati pasi pamambo Areta
wakarinda guta raʋeDamasko, acitȿaka
kundiɓata; 33 ndikaɓuruswa ndiri mu-
ɗeŋgu napawindi paruȿiŋgo, ndikatiza
pamaʋoko ake.

*Munzwa mumuviri waPauro.*

12 1 Ndinofanira haŋgu kuȥi-
rumbidza, kunyaŋge ȥisina-
kunaka, asi ndicaȿika paȥiratidzo
neȥakazarurwa ȥaShe. 2 Ndinoziʋa
munhu uri munaKristu, aʋa makore
anegumi namanna apfuʋura, (kana
*ȥakaitwa* mumuʋiri, kana kunze kwo-
muʋiri, handiziʋi; Mŋari unoziʋa),
munhu wakaɗai wakakwidzwa kuɗeŋga
recitatu. 3 Ʋuye ndinoziʋa munhu
wakaɗai (kana *ȥakaitwa* mumuʋiri kana
kunze kwomuʋiri, handiziʋi; Mŋari
unoziʋa), 4 kuti wakakwidzwa mupa-
radiso, akanzwa mashoko asiŋgagoni
kutaurwa, asina-kutenderwa munhu
kuti aareʋe. 5 Pamsoro pomunhu
wakaɗai ndicaȥirumbidza; asi pamsoro

paŋgu handiȥirumbidzi; asi pamsoro
poʋutera *bgaŋgu* ɓedzi. 6 Nokuti kana
ndiciɗa kuȥirumbidza, handiŋgaʋi
ɓenzi; nokuti ndicareʋa ȥamaȥokwaɗi;
asi ndinorega haŋgu, kuti kurege kuʋa
nomunhu, uŋgati ndiri mukuru kune-
ȥaakaʋona kana ȥaakanzwa kwandiri;
7 ȥino, kuti ini ndirege kunyanya
kuȥikudza nokuɗa kwoʋukuru kwaȥo
bgeȥaka*ndi*zarurirwa, ndakapiwa mu-
nzwa munyama *yaŋgu*, nhume yaSatani,
andiroʋe, kuti ndirege kunyanya kuȥi-
kudza. 8 Pamsoro pecinhu ici ndaka-
kumbira Ishe ȥikuru katatu, kuti cibve
kwandiri. 9 Iye akati kwandiri: Nyasha
dzaŋgu dzinokuriŋgana; nokuti simba
raŋgu rinozadziswa paʋutera *bgako*.
Naiȥoȥo ȥirinani kuti ndiȥirumbidze
nomufaro mukuru noʋutera bgaŋgu,
kuti simba raKristu rigare pamsoro
paŋgu. 10 Naiȥoȥo ndinofara noʋu-
tera, nokuȥidzwa, nokushaiwa, noku-
tambudzika, nenhamo nokuɗa kwa-
Kristu; nokuti kana ndinoʋutera, ipapo
ndinesimba.

*Kusaȥiraŋgarira kwaPauro.*

11 Ndaʋa ɓenzi; imi mandiroʋerera.
Nokuti ini ndaifanira kurumbidzwa
nemi; nokuti handizi muɗuku napaɗuku
kuʋaapostora ʋanopfuʋura ʋose, ku-
nyaŋge ndisi cinhu. 12 Ȥirokwaȥo,
ȥiratidzo ȥomuapostora ȥakaitwa pakati
penyu nokutsuŋgirira kukuru, neȥira-
tidzo, neȥishamiso, namaɓasa esimba.
13 Nokuti makapfuʋurwa neiko nedzi-
mŋe kereke, asi pakuti ini handina-
kukuremedzai? Ndikaŋganwirei henyu
kusarurama uku.
14 Tarirai, ino ndiyo ŋguʋa yecitatu
yandakaȥigadzira kuʋuya kwamuri;
handiŋgakuremedziyi; nokuti handi-
tşaki ȥenyu, asi *ndinokutşakai* imi;
nokuti ʋana haʋafaniri kuceŋgetera
ʋaɓereki, asi ʋaɓereki *vanofanira ku-
ceŋgetera* ʋana. 15 Nokuti ndiŋgafara
ȥikuru kupedza *ȥose* ȥaŋgu, nokupedzwa
ini nokuɗa kwemŋeya yenyu. Kana
ini ndicikuɗai ȥikuru, ini ndoɗikanwa
ȥishoma here? 16 Ȥino, ŋgaȥiʋe *saiȥoȥo*
haȥo, ini handina-kukuremedzai; asi
ȥandakaŋga ndinenjere, ndakakuɓatai
namano. 17 Ndakakutorerai cinhu here
nomumŋe waiʋo ʋandakatuma kwa-
muri? 18 Ndakaraira Tito, ndikatu-
ma hama iya naye; ko Tito wakaku-
torerai cinhu here? Hatina-kufamba
nomŋeya mumŋe here? Ʋuye nama-
kwara mamŋe here?

*Pauro unovanyevera.*

19 Ŋguʋa yose makaŋga muciti tino-
ȥiɗaʋirira kwamuri here? Tinotaura
pamberi paMŋari munaKristu; asi
*tinotaura* iȥi ȥose, ʋaɗikanwa, kuti
musimbiswe. 20 Nokuti ndinotya kuti
ȥimŋe kana ndicişika, ndiŋgakuwanai
musina-kuita seȥandinoɗa, neni ndi-
ŋgawanikwa nemi ndakaita seȥamusi-
ŋgaɗi; ȥimŋe kuŋgaʋa'po gakaʋa, ne-
goɗo, nokutsamŋa, nokupesana, noku-
cera, namakuhwa, namanyawi, nenyo-
ŋganiso; 21 kuti kana ndicişika ȥe,
Mŋari waŋgu arege kundininipisa
pamberi penyu, ndiceme pamsoro
paʋazhinji ʋaʋo ʋatotadza, ʋakasate-
ndeʋuka patşina *yavo*, noʋupombge,
noʋutere bgaʋakaita.

13 1 Iyi iŋguʋa yecitatu, yandi-
noʋuya kwamuri. Mumiromo
yeȥapupu ȥiʋiri kana ȥitatu
mashoko ose acasimbiswa. 2 Aʋo,
ʋatotadza, naʋamŋe ʋose, ndambo-
ʋaʋudza, ȥino ndoʋaʋudza *ȥe*, seȥa-
ndakaita parwendo rwecipiri,—noku-
ɗaro ȥino *ndinonyora* ndisi'po—kuti
kana ndicişika ȥe, handiŋgaʋaitiri mŋoyo
murefu; 3 ȥamunotşaka ciratidzo ca-
Kristu, unotaura mandiri, iye usiŋga-
shaiwi simba kwamuri, asi unesimba
mamuri. 4 Nokuti wakaroʋerwa pa-
mucinjikwa nokushaiwa simba, asi
unorarama nesimba raMŋari. Nokuti
nesu ʋo tinoshaiwa simba maari, asi
ticararama kwamuri pamŋe cete naye
nesimba raMŋari. 5 Ȥiidzei imi mu-
mene, *muvone* kana muri pakutenda;
muȥinȥerei imi mumene. Hamuziʋi
here imi mumene kuti Jesu Kristu uri
mukati menyu? Kana ȥimŋe maʋa
ʋakarashwa henyu. 6 Asi ndinoti mu-
caziʋa henyu kuti isu hatina-kuʋa
ʋakarashwa. 7 Ȥino tinonyeŋgetera
Mŋari kuti murege kuita cinhu cimŋe
cakaipa; handiɗaro kuti isu tiwanikwe
kuti takatendeka, asi kuti imi muite
ȥakarurama, kunyaŋge isu takaita saʋa-
karashwa. 8 Nokuti hatigoni kuita
cinhu cinopesana neȥokwaɗi, asi cino-
ɓatsira ȥokwaɗi. 9 Nokuti tinofara
kana isu ticishaiwa simba, imi muciʋa
nesimba; ndiȥo ȥatinokumbira ʋo, kuti
mukwaniswe. 10 Saka ndinonyora iȥi

ndisi'po, kuti kana ndaʋa'po, ndirege
kuita nehasha, seȥandakapiwa naShe
simba rokusimbisa, risati riri rokuputsa.

*Mashoko okupedzisira.*

11 Pakupedzisira, hama *dzaŋgu*, farai,
mukwaniswe, munyaradzwe, iʋai no-
mŋoyo mumŋe, garai norugare; Mŋari
woruɗo norugare ucaʋa nemi. 12 Kwa-
zisanai nokuşeta kutşene.
13 Ʋatşene ʋose ʋanokukwazisai.
14 Nyasha dzaShe Jesu Kristu, no-
ruɗo rwaMŋari, nokuyanana kwoMŋeya
Mutşene, ŋgaȥiʋe nemi mose.

# ŊWADI YAPAURO KUƲAGARATIA

*Kwaziso.*

1 1 Pauro, muapostora, (usina-
*kubva* kuʋanhu, kana *kutumŋa*
nomunhu, asi naJesu Kristu, na-
Mŋari Ɓaɓa, wakamumutsa kuʋakafa),
2 nehama dzose dziri kwandiri, kuke-
reke dzeGaratia: 3 Nyasha norugare
ŋgaȥiʋe nemi, ȥinobva kunaMŋari,
Ɓaɓa ʋeɗu, naShe Jesu Kristu,
4 wakaȥipa nokuɗa kweȥiʋi ȥeɗu,
kuti atisunuŋgure kunyika yakaipa
yaȥino, nokuɗa kwaMŋari, Ɓaɓa ʋeɗu;
5 ŋgaaʋe nokubginya nokusiŋgaperi-
peri. Ameni.

*Pauro unosimbisa vuapostora bgake.*

6 Ndinoshamiswa kuti munokurumi-
dza mukaɗai kushandukira uyo waka-
kuɗanai munyasha dzaKristu, kuti
*mutsaukire* kuneimŋe evaŋgeri; 7 isati
iri imŋe hayo; asi kuti ʋamŋe ʋari'po
ʋanokukaŋganisai, ʋaciɗa kushandura
Evaŋgeri yaKristu. 8 Asi kunyaŋge
isu, kana mutumŋa unobva kuɗeŋga,
akakuparidzirai imŋe evaŋgeri, inope-
sana neyatinokuparidzirai isu, ŋgaaʋe
wakatukwa. 9 Seȥatakamboreʋa, ȥino
ndinoreʋa ȥe saiȥoȥo: Kana kunomunhu
unokuparidzirai imŋe evaŋgeri, ino-
pesana neiyo yamakagamucira, ŋgaaʋe
wakatukwa. 10 Nokuti ȥino ndinoita
ʋushamŋari naʋanhu here, kana na-
Mŋari? Kana ndinotşaka kufadza
ʋanhu here? Kana ndaifadza ʋanhu
naȥino, handizaiʋa muranda waKristu.
11 Nokuti ndinokuziʋisai, hama *dza-
ŋgu*, kuti Evaŋgeri yakaparidzwa neni,
haina-kuita seyaʋanhu. 12 Nokuti
handina-kuipiwa kana kuidzidziswa
nomunhu, asi ndakairatidzwa naJesu
Kristu. 13 Nokuti makanzwa ȥomu-
fambire waŋgu kare pakunamata kwaʋa-
Juda, kuti ndaitambudza kereke ya-
Mŋari ȥikuru kwaȥo, ndikaiparadza;
14 pakunamata kwaʋaJuda ndaipfuʋura
ʋazhinji ʋezero raŋgu parudzi rwaŋgu,
ndicinyanya kushiŋgairira tsika dzama-
dziɓaɓa aŋgu. 15 Ȥino Mŋari, iye
wakandisanaŋgura kubva paɗumbu
ramai ʋaŋgu, akandiɗana nenyasha
dzake, wakati afadzwa naȥo, 16 kuti
aratidze Mŋanakomana wake mandiri,
ndimuparidze pakati paʋahedeni, pa-
karepo handina-kuraŋgana nenyama
neropa; 17 handina-kukwira Jerusarema
kunaaʋo ʋakanditaŋgira kuʋa ʋaapo-
stora, asi ndakaenda Arabia, ndikadzo-
kera Damasko ȥe.
18 Ipapo, makore matatu akati apfu-
ʋura, ndikakwira Jerusarema kundoʋona
Kefasi, ndikagara naye mazuʋa anegumi
namashanu. 19 Asi handina-kuʋona
mumŋe waʋaapostora, asi Jakobo ɓedzi,
munuŋuna waShe. 20 Iȥi ȥandino-
kunyorerai, tarirai, pamberi paMŋari
handireʋi nhema. 21 Ipapo ndakaşika
kunyika dzeSiria neKirikia. 22 Asi
ndakaŋga ndisiŋgazikanwi paciso ne-
kereke dzeJudea dziri munaKristu;
23 asi ʋakaŋga ʋanzwa ɓedzi, kuti
uya, waititambudza kare, ȥino woparidza
kutenda kwaaiparadza kare; 24 ʋaka-
rumbidza Mŋari mandiri.

2 1 Ȥino, makore anegumi namanna
akati apfuʋura, ndikakwira ȥe Jeru-
sarema naBarnabasi, ndikaenda ʋo
naTitosi. 2 Ndakakwira nokuɗa kwo-
kuratidzwa; ndikarondedzera pamberi
paʋo Evaŋgeri yandinoparidza pakati
paʋahedeni, asi kunaʋakaŋga ʋaciku-
dzwa ʋari ʋoga, kuti ȥimŋe ndirege

kumhanyira pasina, kana kuti ȥimŋe
ndatomhanyira *pasina.* 3 Asi naTito,
waiʋa neni, ari muGiriki, haana-
kuroʋererwa kuti adziŋgiswe; 4 nokuɗa
kwehama dzenhema, ʋakaŋga ʋapinzwa
nokunyaŋga, ʋakaŋga ʋapinda paka-
ʋanda kuti ʋashore kusunuŋguka kweɗu
kwatinako munaKristu Jesu, kuti ʋati-
suŋge; 5 hatina-kuʋatseɗukira iʋaʋa,
ticiʋaterera ŋguʋa imŋe; kuti ȥokwaɗi
yeEvaŋgeri irambé icigara nemi. 6 Ȥi-
no kana ʋari iʋo ʋanonzi ʋakuru—ha-
ndinemhaka kuti ʋaiʋa ʋakaɗini kare;
Mŋari haatendi ȥinoʋonekwa ȥomu-
nhu—kana ʋari iʋo ʋanonzi ʋakuru, ha-
ʋana-kundiwedzera cinhu; 7 asi iʋo
ʋakati ʋaʋona kuti ini ndakapiwa
Evaŋgeri kunaʋasina-kudziŋgiswa, sa-
Petro kunaʋakadziŋgiswa; 8 (nokuti
iye wakapa Petro simba rokuʋa muapo-
stora kunaʋakadziŋgiswa, ndiye wakapa
ʋo ini simba rokuʋa muapostora
kuʋahedeni); 9 ʋakati ʋaʋona nyasha
dzandakaŋga ndapiwa, Jakobo, na-
Kefasi, naJohane—aʋo ʋainzi mbiru—
ʋakatiɓata isu tose naBarnabasi nama-
ʋoko orudyi okuyanana, kuti isu tiende
kuʋahedeni, iʋo kunaʋakadziŋgiswa;
10 *ʋakaɗa* cete kuti tiraŋgarire ʋaro-
mbo; ndiȥo ȥandakashiŋgairira ʋo kuti
ndiȥiite.
11 Ȥino Kefasi wakati aşika Antiokia
ndakamudziʋisa pacena, nokuti wakaŋga
anemhoşa. 12 Nokuti ʋamŋe, ʋakaŋga
ʋabva kunaJakobo, ʋasati ʋaşika, iye
waidya naʋahedeni; asi ʋakati ʋaşika,
akadzoka, akaȥiraʋura, acitya ʋakadzi-
ŋgiswa. 13 Naʋamŋe ʋaJuda ʋakaita
mano-mano ʋo pamŋe cete naye;
ȥikaitwa kuti naiye Barnabasi ʋo
akatsauswa namano-mano aʋo. 14 Asi
ndakati ndiciʋona kuti haʋafambi ȥaka-
rurama neȥokwaɗi yeEvaŋgeri, ndakati
kunaKefasi pamberi paʋose: Kana iwe,
uri muJuda, ucifamba saʋahedeni,
usiŋgaiti saʋaJuda, unoroʋerera seiko
ʋahedeni, kuti ʋafambe saʋaJuda?
15 Isu ʋaJuda pakuȥarwa *kweɗu,* tisati
tiri ʋatadzi ʋanobva kuʋahedeni,
16 ȥatinoziʋa kuti munhu haaruramiswi
namaɓasa omurairo, asi nokutenda
kunaKristu Jesu, nesu ʋo takatenda
kunaKristu Jesu, kuti tiruramiswe
nokutenda kunaKristu, tirege *kurura-
miswa* namaɓasa omurairo; nokuti
hakunenyama icaruramiswa namaɓasa
omurairo. 17 Ȥino kana isu pakutşaka
kweɗu kururamiswa munaKristu, tika-
wanikwa tiri ʋatadzi ʋo timene, ko
Kristu waʋa mushumiri weȥiʋi here?
Haişa! 18 Nokuti kana ndikaʋaka ȥe
iȥo ȥandamboputsa, ndinoȥiita muɗa-
riki. 19 Nokuti nomurairo ini ndakafa
kumurairo, kuti ndirarame kunaMŋari.
20 Ndakaroʋerwa pamucinjikwa pamŋe
cete naKristu; handiciri ini ndinora-
rama, asi Kristu unorarama mandiri;
*kurarama* uku, kwandinorarama nako
munyama ȥino, ndinorarama nokute-
nda kuri muMŋanakomana waMŋari,
wakandiɗa, akaȥipa nokuɗa kwaŋgu.
21 Handikonesi nyasha dzaMŋari; no-
kuti kana kururamiswa kucibva kumu-
rairo, Kristu wakafa pasina.

*Murairo hauponesi, asi unoisa kuna-
Kristu.*

3 1 Imi ʋaGaratia ʋokusafuŋga,
ndianiko wakakurunzirai, iyemi,
makaratidzwa Jesu Kristu pacena
pamberi pameso enyu akaroʋerwa
pamucinjikwa? 2 Iceci ɓedzi ndinoɗa
kunzwa kwamuri: Makapiwa Mŋeya
namaɓasa omurairo here, kana noku-
nzwa kwokutenda? 3 Muri ʋokusa-
fuŋga ʋakaɗaro seiko? Makataŋga
muMŋeya, ko ȥino mopedzisa munyama
here? 4 Makatambudzika ȥikuru mu-
kaɗai pasina here? Kana ȥaiʋa pasina
haȥo! 5 Naiȥoȥo uyo unokupai Mŋeya,
nokuita maɓasa esimba pakati penyu,
*unoȥiita iȥo* namaɓasa omurairo here,
kana nokunzwa kwokutenda? 6 Abra-
hama seȥaakatenda kunaMŋari, kukanzi
kwaari ndiko kururama. 7 Naiȥoȥo
ziʋai kuti ʋokutenda ndiʋo ʋana ʋa-
Abrahama. 8 NoRugwaro, ȥarwaka-
ziʋa ȥiri mberi, kuti Mŋari ucaruramisa
ʋahedeni nokutenda, rwakaparidza
Evaŋgeri kare kunaAbrahama, *ruciti:*
Mauri marudzi ose acaropafadzwa.
9 Naiȥoȥo ʋokutenda ʋanoropafadzwa
pamŋe cete naAbrahama, wakatenda.
10 Nokuti ʋose ʋari ʋamaɓasa omurairo,
ʋari pakutukwa; nokuti kwakanyorwa,
*kucinzi:* Ʋakatukwa ʋose ʋasiŋgarambiri
paȥinhu ȥose ȥakanyorwa mubuku yo-
murairo, kuti ʋaȥiite. 11 Ȥino, ȥino-
ʋonekwa kuti hakunomunhu unorura-
miswa nomurairo pamberi paMŋari,
nokuti: Wakarurama ucararama noku-
tenda. 12 Ȥino murairo haubvi paku-
tenda; asi uyo wakaita ȥinhu iȥoȥi
ucararama naȥo. 13 Kristu wakati-

dzikinura pakutuka kwomurairo, iye
akaitwa cakatukwa nokuɗa kweɗu,
nokuti kwakanyorwa, *kucinzi*: Ʋaka-
tukwa ʋose ʋanoturikwa pamuti!
14 Kuti kuropafadzwa kwaAbrahama
kuşike kuʋahedeni munaJesu Kristu;
kuti tipiwe nokutenda cipikirwa co-
Mŋeya.
15 Hama *dzaŋgu*, ndinoreʋa *nokureʋa*
kwaʋanhu, *ndiciti*: Kunyaŋge iri su-
ŋgano yaʋanhu hayo, kana yasimbiswa,
hakunomunhu unoikonesa kana kuwe-
dzera kwairi. 16 Ȥino, iȥo ȥipikirwa
ȥakarebga kunaAbrahama nokumŋana
wake. Haareʋi, *aciti*: Kuʋana ʋako,
saʋaneŋge ʋari ʋazhinji; asi saaneŋge
ari mumŋe, *unoti*: Kumŋana wako;
uyu ndiye Kristu. 17 Ȥino ndinoreʋa
cinhu ici, *ndiciti*: Suŋgano yakasimbiswa
kare naMŋari haitorerwi simba rayo
nomurairo wakazoteʋera makore ma-
zana manna namakumi matatu apfu-
ʋura, kuti cipikirwa cikoneswe. 18 No-
kuti kana nhaka icibva kumurairo,
haicabvi kucipikirwa; asi Mŋari wakaipa
Abrahama nokupikira. 19 Naiȥoȥo
murairo cinyiko? Wakazowedzerwa
nokuɗa kweȥiʋi, kuşikira mŋana waka-
pikirwa iȥoȥo acizoʋuya; *iwo* wakarairwa
naʋatumŋa noruʋoko rwomureʋereri.
20 Ȥino mureʋereri haazi womumŋe
cete; asi Mŋari ndomumŋe. 21 Naiȥoȥo
asimurairo unorwisa ȥipikirwa ȥa-
Mŋari here? Haişa! Nokuti ɗai ʋakaŋga
ʋapiwa murairo waigona kuraramisa,
ȥirokwaȥo kururamiswa kwaibva kumu-
rairo. 22 Asi Rugwaro rwakapfigira
ȥose pasi peȥiʋi, kuti cipikirwa cinobva
pakutenda munaJesu Kristu cipiwe
ʋanotenda.
23 Asi kutenda kusati kwaşika, taice-
ŋgetwa pasi pomurairo, takapfigirwa
nokuɗa kwokutenda kwaizoratidzwa.
24 Saiȥoȥo murairo wakaŋga uri mu-
perekedzi weɗu, kutiisa kunaKristu
kuti tiruramiswe nokutenda. 25 Ȥino
kutenda ȥakwakaşika, haticiri pasi pomu-
perekedzi. 26 Nokuti imi mose muri
ʋana ʋaMŋari nokutenda munaKristu
Jesu; 27 nokuti ʋose pakati penyu,
ʋakabapatidzwa munaKristu, makafuka
Kristu. 28 Hakucina-muJuda kana
muGiriki, hakucina-wakasuŋgwa kana
wakasunuŋguka, hakucina-munhurume
kana munhukadzi; nokuti imi mose
muri ʋamŋe munaKristu Jesu. 29 Ȥino
kana muri ʋaKristu, muri ʋana ʋa-
Abrahama, ʋadyi ʋenhaka seȥamaka-
pikirwa.

*Evaŋgeri inotisunuŋgura pamurairo,*
*tiʋe ʋana ʋaMŋari.*

4 1 Ȥino ndinoti, mudyi wenhaka,
kana aciri mŋana, haatoŋgosiyani
nomuranda, kunyaŋge ari ishe
waȥose; 2 asi uri pasi paʋatariri naʋa-
ceŋgeti kuşikira paŋguʋa yakatarwa
naɓaɓa. 3 Saiȥoȥo nesu ʋo, ticiri ʋana,
takaŋga takasuŋgwa pasi peȥokuʋamba
ȥenyika; 4 ȥino ŋguʋa yakati yazara
kwaȥo, Mŋari akatuma Mŋanakomana
wake, wakaɓerekwa nomukadzi, waka-
ɓerekwa pasi pomurairo, 5 kuti adzi-
kinure ʋari pasi pomurairo, kuti tipiwe
ʋumŋana bgeɗu. 6 Ȥino ȥamuri ʋana-
komana, Mŋari wakatuma Mŋeya wo-
Mŋanakomana wake mumŋoyo meɗu,
unoɗana, *aciti*: Aba, Ɓaɓa! 7 Saka iwe
hauciri muranda, asi mŋanakomana;
kana *wava* mŋanakomana, *wava* mudyi
wenhaka naMŋari.
8 Asi neŋguʋa iyo, ȥamakaŋga musi-
ŋgaziʋi Mŋari, maiʋa ʋaranda ʋaʋa-
mŋari ʋasati ʋari ʋeȥokwaɗi; 9 asi
ȥino, ȥamunoziʋa Mŋari, ȥikuru ȥamu-
nozikanwa naMŋari, modzokera ȥe
seiko kuneȥokuʋamba ȥisinesimba, ȥo-
ʋurombo, muciɗa ȥe kutaŋga kuʋa
ʋaranda ʋaȥo? 10 Munoceŋgeta misi
nemŋedzi, neŋguʋa namakore. 11 Ndi-
notya pamsoro penyu, kuti ȥimŋe
ndakaɓate-ɓasa kwamuri pasina.
12 Ndinokumbira kwamuri, hama
*dzaŋgu*, kuti muʋe seni, nokuti ini
ndakaita semi. Hamuna-kundiitira
cinhu cimŋe cisakarurama; 13 ȥino
munoziʋa kuti ndakakuparidzirai Eva-
ŋgeri pakutaŋga nokuɗa kwokurwara
panyama; 14 necinhu ico panyama
yaŋgu, cakaŋga ciri muidzo kwamuri,
hamuna-kuciȥidza, kana kucisema; asi
makandigamucira somutumŋa wa-
Mŋari, saiye Kristu Jesu. 15 Ȥino
kufara kwenyu kuripiko? Nokuti ndi-
nokupupurirai, kuti kana maigona,
maitumbura meso enyu mukandipa
iwo. 16 Ȥino ndaʋa muʋeŋgi wenyu,
ȥandakakuʋudzai ȥokwaɗi here? 17 Ʋa-
nokushiŋgairirai nomutoʋo usakanaka;
asi ʋanoɗa kukupfigirai kunze, kuti imi
muʋashiŋgairire. 18 Ȥino ȥakanaka
kuti pacinhu cakanaka kushiŋgairirwe
ŋguʋa dzose, ȥirege kuitwa kana ndiri
kwamuri ɓedzi. 19 Ʋana ʋaŋgu ʋaɗu-

ku, ʋandinotamburira ȥe kuɓereka,
kuşikira Kristu aʋumbga mukati menyu.
20 Ndaiɗa kuti ndiʋe nemi ȥino,
ndishandure inzwi raŋgu; nokuti ndi-
nokaŋganiswa nokuɗa kwenyu.

*Suŋgano mbiri.*

21 Ndiʋudzei, imi munoɗa kuʋa pasi
pomurairo, hamutereri murairo here?
22 Nokuti kwakanyorwa kuti Abrahama
wakaŋga anaʋanakomana ʋaʋiri, mumŋe
womurandakadzi, mumŋe womukadzi
wakasunuŋguka. 23 Ȥino womura-
ndakadzi wakaɓerekwa nenzira yenyama;
asi womukadzi wakasunuŋguka *waka-
ɓerekwa* seȥaakapikirwa. 24 Ȥinhu iȥi
ȥinofananidzira; nokuti *ʋakadzi* aʋa
ʋaʋiri isuŋgano mbiri; imŋe inobva
pagomo reSina, inoɓereka ʋana ʋoʋu-
randa—ndiye Agari; 25 ȥino Agari
ndiro gomo reSina muArabia, raka-
enzana neJerusarema raȥino; nokuti
uri paʋuranda iye naʋana ʋake. 26 Ȥino
Jerusarema riri kumsoro rakasunuŋguka,
ndiʋo mai ʋeɗu; 27 nokuti kwaka-
nyorwa, *kucinzi*:
Fara, iwe usiŋgaɓereki, usiŋgaȥari,
Pururudza, uɗanidzire, iwe usiŋga-
tamburi nokuɓereka,
Nokuti ʋana ʋomusiyiwa ʋazhinji
kunowaiye unomurume.
28 Ȥino imi, hama *dzaŋgu*, muri ʋaŋa
ʋokupikirwa saIsaka. 29 Asi sapaŋguʋa
iyo, uyo wakaɓerekwa nenzira yenyama
wakatambudza *wakaɓerekwa* nenzira
yoMŋeya, ȥakaɗaro ʋo naȥino. 30 Asi
Rugwaro runotiyiko? Dziŋga mura-
ndakadzi nomŋanakomana wake; nokuti
mŋanakomana womurandakadzi haaŋga-
dyi nhaka pamŋe cete nomŋanakomana
wowakasunuŋguka. 31 Saka, hama
*dzaŋgu*, hatizi ʋana ʋomurandakadzi,
asi ʋowakasunuŋguka.

*Ceŋgetai kusunuŋguka kwenyu muna-Kristu.*

5 1 Kristu wakatisunuŋgura kuti
tiʋe ʋakasunuŋguka; naiȥoȥo mirai
nesimba, murege kusuŋgwa ȥe
nejoko roʋuranda.
2 Tarirai, ini Pauro, ndinoti kwamuri,
kuti kana mucidziŋgiswa, Kristu haaŋga-
kuɓatsiriyi cinhu. 3 Ndinopupurira
mumŋe nomumŋe unodziŋgiswa, kuti
iye uneŋgaʋa rokuti aite murairo wose.
4 Makaparadzaniswa naKristu, iyemi
munoda kururamiswa nomurairo; ma-
ɓuɗiswa panyasha. 5 Nokuti isu no-
Mŋeya tinomirira nokutenda tariro
yokururamiswa. 6 Nokuti munaKristu
Jesu kudziŋgiswa kana kusadziŋgiswa
haȥiɓatsiri cinhu; asi kutenda kunoɓata
norudo. 7 Makaŋga mucimhanya ȥa-
kanaka; ndianiko wakakudziʋisai kuti
murege kuterera ȥokwaɗi? 8 Hamuna-
kugombedzerwa naiye wakakuɗanai.
9 Mbiriso shoma inoʋirisa ɓundu rose.
10 Ndinotenda pamsoro penyu muna-
She, kuti hamuŋgatoŋgoraŋgariri cimŋe
cinhu; asi uyo, unokupesanisai ucafa-
nira hake kutoŋgwa, kunyaŋge ari
aninani. 11 Asi ini, hama *dzaŋgu*,
kana ndiciparidza kuti *ʋanhu* ʋadzi-
ŋgiswe, ndinoramba ndicitambudzwa
neiko? Naiȥoȥo kugumbusa kwomu-
cinjikwa kwabviswa. 12 Ɗai aʋo ʋano-
kupesanisai ʋaciȥigura ʋo.
13 Nokuti imi, hama *dzaŋgu*, maka-
ɗanirwa kusunuŋguka; asi kusunuŋguka
kwenyu ŋgakurege kuʋa nzira yenyama,
asi ɓatiranai norudo. 14 Nokuti mu-
rairo wose unozadziswa neshoko rimŋe
cete, rokuti: Uɗe wokwako seȥaunoȥiɗa
iwe; 15 asi kana mucirumana noku-
dyana, cenjerai kuti murege kupedzana.

*Maɓasa enyama neciɓereko coMŋeya.*

16 Ȥino ndinoti: Fambai noMŋeya,
ipapo hamuŋgaiti kuciʋa kwenyama.
17 Nokuti nyama inociʋa icirwa no-
Mŋeya; noMŋeya ucirwa nenyama;
nokuti iȥi ȥinorwisana; kuti murege
kuita ȥamunoɗa. 18 Asi kana muci-
tuŋgamirirwa noMŋeya, hamuzi pasi
pomurairo. 19 Ȥino maɓasa enyama
anoʋonekwa, anoti: Ʋupombge, netşina,
noʋutere, 20 nokunamata ȥifananidzo,
noʋuroyi, nokuʋeŋgana, negakaʋa, ne-
goɗo, nokutsamŋa, nokupesana, noku-
paradzana, nedzidziso *dzakatsauka*,
21 nokugoɗorana, nokuɓatwa, nokuta-
mba kwakaipa, neȥinhu ȥakaɗai; iȥo
ȥandinokuʋudzai *ȥino*, seȥandakambo-
kuʋudzai kare, kuti ʋanoita ȥakaɗai
haʋaŋgadyi nhaka yoʋushe bgaMŋari.
22 Ȥino ciɓereko coMŋeya ndirwo
ruɗo, nomufaro, norugare, nomŋoyo
murefu, nomŋoyo munyoro, nokuna-
ka, nokutendeka, 23 noʋunyoro, no-
kuȥidzora: hakunomurairo unodziʋisa
ȥinhu ȥakaɗai. 24 Asi aʋo ʋari ʋa-
Kristu Jesu ʋakaroʋera pamucinjikwa
nyama, pamŋe cete nokuɗa kwayo,
nokuciʋa kwayo.

25 Kana ticirarama noMŋeya, ŋgati-
fambe ʋo noMŋeya, 26 tirege kuȥi-
kudza, ticimutsana mŋoyo, ticigoɗorana.

*Kunyevera kwokupedzisira nokuwonekana.*

6 1 Hama *dzaŋgu*, kunyaŋge munhu
akaɓatwa panokumŋe kuɗarika, imi
ʋoMŋeya mudzose wakaɗai no-
mŋoyo woʋunyoro; uciȥicenjerera iwe,
kuti urege kuidzwa ʋo. 2 Takuriranai
mitoro *yenyu*, mugozadzisa murairo
waKristu saiȥoȥo. 3 Nokuti kana
munhu aciti, ndiri cinhu, asati ari
cinhu, unoȥinyeŋgera iye. 4 Ȥino
munhu mumŋe nomumŋe ŋgaaidze
ɓasa rake amene, ipapo uŋgaȥirumbidza
pamsoro pake iye amene oga, asiŋgaȥiiti
pamsoro pomumŋe. 5 Nokuti munhu
mumŋe nomumŋe ucafanira kutakura
mutoro wake.
6 Ȥino unodzidziswa Shoko, ŋgaago-
ʋane nounodzidzisa paȥinhu ȥose ȥaka-
naka. 7 Musanyeŋgerwa; Mŋari haase-
kwi; nokuti iȥo ȥinodȥara munhu, ndiȥo
ȥaanoceka ȥe. 8 Nokuti unodȥarira
nyama yake, ucaceka kuʋora, kunobva
panyama; asi unodȥarira Mŋeya, uca-
ceka ʋupenyu bgusiŋgaperi, bgunobva
kuMŋeya. 9 Ȥino ŋgatirege kuneta
pakuita ȥakanaka; nokuti tinozoceka
neŋguʋa yakafanira, kana tisiŋgaʋori
mŋoyo. 10 Ȥino ȥatineŋguʋa, ŋgatiitire
ʋose ȥakanaka, ȥikuru kunaʋeimba
yokutenda.
11 Tarirai, kukura kwamaretere andi-
nokunyorerai nawo noruʋoko rwaŋgu.
12 Ʋose ʋanoɗa kunzi ʋakanaka pane-
ȥinoʋonekwa panyama, ndiʋo ʋanoku-
roʋererai kuti mudziŋgiswe; *ʋanoɗaro*
ɓedzi kuti ʋarege kutambudzwa nokuɗa
kwomucinjikwa waKristu. 13 Nokuti
kunyaŋge ʋakadziŋgiswa, haʋaceŋgeti
murairo ʋamene; asi ʋanoɗa kuti imi
mudziŋgiswe, kuti ʋaȥirumbidze pa-
nyama yenyu. 14 Asi kana ndirini,
ŋgandirege kutoŋgoȥirumbidza napa-
ɗuku, asi ɓedzi mumucinjikwa waShe
weɗu, Jesu Kristu; naye nyika yaka-
roʋerwa pamucinjikwa kwandiri, neni
*ndakaroverwa* kunyika. 15 Nokuti ku-
dziŋgiswa kana kusadziŋgiswa hacizi
cinhu, asi cisikwa citşa. 16 Ʋose
ʋanofamba nomurairo uyu, rugare
ŋgaruʋe pamsoro paʋo, nenyasha,
napamsoro paʋaIsraeri ʋaMŋari.
17 Kubvira ȥino ŋgakurege kuʋa
nomunhu unonditambudza; nokuti ndi-
namaʋaŋga aJesu pamuʋiri waŋgu.
18 Nyasha dzaShe weɗu Jesu Kristu,
ŋgadziʋe nomŋeya wenyu, hama *dzaŋgu*.
Ameni.

# ŊWADI YAPAURO

# KUƲAEFESO

*Kwaziso.*

1 1 Pauro, muapostora waKristu
Jesu, nokuɗa kwaMŋari, kuʋatşene
ʋari [paEfeso], nokunaʋanotenda
munaKristu Jesu: 2 Nyasha ŋgadziʋe
nemi, norugare runobva kunaMŋari,
Ɓaɓa ʋeɗu, naShe Jesu Kristu.

*Mikomborero iri munaJesu Kristu, Musoro weKereke.*

3 Ŋgaaʋoŋgwe Mŋari naɓaɓa ʋaShe
weɗu Jesu Kristu, wakatiropafadza
nokuropafadza kwose kwoMŋeya, ku-
ɗeŋga munaKristu, 4 seȥaakatisana-
ŋgura maari nyika isati yaʋambga, kuti
tiʋe ʋatşene ʋasinemhoşa pamberi pake
muruɗo; 5 akatitemera kare, kuti
naJesu Kristu tiitwe ʋanakomana
*ʋake*, seȥaakafadzwa pakuɗa kwake,
6 kuti kunaka kukuru kwenyasha dza-
ke dzaakaŋgotipa hake muMuɗikanwa
*wake*, kurumbidzwe; 7 uyo watinedzi-
kinuro maari neropa rake, *iko* kukaŋga-
nwirwa kwokuɗarika kweɗu, noku-
wanda kwenyasha dzake; 8 dzaaka-
wanza kwatiri nokucenjera kwose noku-
ziʋa; 9 akatiziʋisa ȥakaʋanzika ȥokuɗa
kwake, seȥaakafadzwa pakufuŋga *kwake*
maari; 10 kuti afambise kuzara kwe-
ŋguʋa, aʋuŋganidze munaKristu ȥose
ȥiri kuɗeŋga, neȥiri pasi; 11 munaiye,
watakaitwa ʋo nhaka maari, yatakate-

merwa kare nokuraira kwaiye, unoita
ȥose nokufuŋga kwokuɗa kwake;
12 kuti tirumbidze kubginya kwake,
isu takatarira kare kunaKristu; 13 mu-
naiye, nemi ʋo, makanzwa shoko reȥo-
kwaɗi maari, *iyo* Evaŋgeri yokupo-
neswa kwenyu; munaiye, wamakatenda
kwaari, mukaisirwa cisimbiso noMŋeya
Mutşene wamakapikirwa; 14 uri ru-
ɓatso rwenhaka yeɗu, *kuratidza* kudzi-
kinurwa *kwaʋanhu ʋaMŋari* caiʋo, kuti
kubginya kwake kurumbidzwe.
15 Saka neni ʋo, ndakati ndanzwa
kutenda munaShe Jesu kuri pakati
penyu, noruɗo kuʋatşene ʋose, 16 ha-
ndiregi kuʋoŋga pamsoro penyu, ndici-
kuraŋgarirai paminyeŋgetero yaŋgu;
17 kuti Mŋari waShe weɗu Jesu
Kristu, Ɓaɓa ʋokubginya kukuru, aku-
pei mŋeya wokucenjera nowokuzaru-
rirwa pakumuziʋa; 18 mavenekerwa
meso omŋoyo wenyu, kuti muziʋe kuti
kuɗana kwake kunetariro yei, nefuma
yokubginya kwenhaka yake pakati paʋa-
tşene, 19 noʋukuru bgakapfuʋurisa
bgesimba rake kwatiri isu tinotenda,
nokuɓata kwesimba rake guru, 20 raa-
kaɓata munaKristu, acimumutsa kuʋa-
kafa, nokumugarisa kurudyi rwake
kuɗeŋga, 21 kumsoro-soro kwaʋaɓati
ʋose, noʋukuru, nesimba, noʋushe,
namazita ose anorebga, pasati pari
panyika ino ɓedzi, asi paneinozoʋuya
ʋo; 22 akaisa ȥose pasi petsoka dzake,
akapa kereke iye, kuti aʋe musoro
waȥose, 23 ndiwo muʋiri wake, kuzara
kwaiye unozadzisa ȥose munaʋose.

*Makaponeswa nenyasha.*

2 1 *Wakakuraramisai* imi, makaŋga
makafa nokuɗarika kwenyu neȥiʋi
ȥenyu, 2 iȥo ȥamaifamba mukati
maȥo kare, netsika dzenyika ino, nenzira
dzomucinda wesimba reɗeŋga, dzo-
mŋeya unoɓata ȥino muʋana ʋokusate-
rera; 3 ʋataifamba tose pakati paʋo
kare, mukuciʋa kwenyama yeɗu, ticiita
kuɗa kwenyama nokwokufuŋga *kweɗu*,
napakuȥarwa kweɗu isu naʋamŋe ʋose
taiʋa ʋana ʋokutsamŋirwa. 4 Ȥino
Mŋari unenyasha zhinji-zhinji, nokuɗa
kworuɗo rwake rukuru, rwaakatiɗa
narwo, 5 kunyaŋge takaŋga takafa
mukuɗarika kweɗu, wakatiraramisa pa-
mŋe cete naKristu (makaponeswa ne-
nyasha); 6 akatimutsa pamŋe cete
naye, akatigarisa kuɗeŋga pamŋe cete
naye munaKristu Jesu; 7 kuti ne-
ŋguʋa dzinoʋuya aratidze fuma huru-
huru yenyasha dzake paʋunyoro *bgake*
kwatiri munaKristu Jesu; 8 nokuti
makaponeswa nenyasha, nokutenda; iȥo
ȥisiŋgabvi kwamuri, *asi* cipo caMŋari;
9 haȥibvi pamaɓasa, kuti kurege kuʋa
nomunhu unoȥikudza. 10 Nokuti tiri
ɓasa rake, takasikwa kuti munaKristu
Jesu *tiite* maɓasa akanaka, akagadzirwa
kare naMŋari kuti tifambe maari.

*ʋaJuda naʋahedeni ʋakayananiswa munaKristu Jesu.*

11 Naiȥoȥo raŋgarirai, kuti imi ʋahe-
deni munyama, mainzi ʋasina-kudziŋgi-
swa naiʋo ʋanonzi ʋokudziŋgiswa, kuri
munyama, kunoitwa namaʋoko; 12 kuti
neŋguʋa iyo makaŋga musinaKristu,
muri ʋatorwa paʋushe bgaʋaIsraeri,
muri ʋaeni pasuŋgano dzecipikirwa,
musinetariro, musinaMŋari panyika.
13 Asi ȥino munaKristu Jesu imi,
makaŋga muri kure kare, makasweɗe-
dzwa muropa raKristu. 14 Nokuti
ndiye rugare rweɗu, iye wakaita ȥinhu
ȥiʋiri kuti ciʋe cinhu cimŋe, akaputsa
ruşiŋgo rwapakati rwaiparadzanisa;
15 ȥaakaparadza munyama yake kuʋe-
ŋgana, iwo murairo weȥakarairwa paȥi-
reʋo; kuti asike aʋa ʋaʋiri ʋaʋe mu-
nhu mutşa maari, aite rugare *saiȥoȥo*;
16 kuti mumucinjikwa ayananise ȥe
ʋose ʋaʋiri, ʋaʋe muʋiri mumŋe kuna-
Mŋari, ȥaakaʋuraya kuʋeŋgana naiwo
*mucinjikwa*; 17 akaşika, akaparidza
rugare kwamuri, imi maiʋa kure, noru-
gare kunaiʋo ʋaiʋa pedyo; 18 nokuti
isu tose tinopinda naiye noMŋeya
mumŋe kunaƁaɓa. 19 Naiȥoȥo, hamu-
zati muciri ʋaeni naʋatorwa, asi ʋobgo
pamŋe cete naʋatşene, naʋeimba ya-
Mŋari. 20 Makaʋakwa pamsoro pe-
nheyo dzaʋaapostora naʋaprofita, Kristu
Jesu amene ari ibge rapakona. 21 Maari
imba yose yakasoŋganiswa kwaȥo, ino-
kura, iʋe tembere tşene munaShe.
22 Maari nemi ʋo makaʋakwa pamŋe
cete, kuti muʋe ʋugaro bgaMŋari
muMŋeya.

*ʋahedeni ʋakaɗanwa ʋo kuti ʋagare nhaka.*

3 1 Nemhaka iyi, ini Pauro, *ndiri*
musuŋgwa waKristu Jesu nokuɗa
kwenyu, imi ʋahedeni, – 2 kana
makanzwa henyu kugoʋerwa kwenyasha

dzaMŋari dzandakapiwa pamsoro pe-
nyu; 3 kuti ȥakaŋga ȥakaʋanzika ȥaka-
ndiziʋiswa pakuzarurirwa, seȥandaka-
mbokunyorerai namashoko mashoma;
4 kana muciaraʋa iwo, muŋgaʋona
kuziʋa kwaŋgu paneȥakaʋanzika ȥa-
Kristu; 5 ȥakaŋga ȥisina-kuziʋiswa
ʋanakomana ʋaʋanhu panedzimŋe ŋgu-
ʋa, seȥaȥakazarurirwa ʋaapostora ʋa-
tşene, naʋaprofita ȥino muMŋeya;
6 *ȥokuti:* Ʋahedeni ʋadyi ʋenhaka
pamŋe cete nesu, nemitezo yomuʋiri
pamŋe cete nesu, ʋakagoʋerwa ʋo
pamŋe cete nesu cipikirwa munaKristu
Jesu neEvaŋgeri; 7 yandakaitwa mu-
shumiri wayo necipo cenyasha dza-
Mŋari, candakapiwa nokuɓata kwesimba
rake. 8 Ini, muɗuku kwaȥo kuʋatşene
ʋose, ndakapiwa nyasha idzi, kuti ndi-
paridzire ʋahedeni fuma isiŋganȥerwi
yaKristu, 9 nokuratidza ʋose kuti
kugoʋerwa kwakaɗiniko kweȥakaʋanzi-
ka, ȥakaŋga ȥakafukidzwa munaMŋari,
wakasika ȥose, kubva paŋguʋa yoku-
taŋga; 10 kuti ȥino ʋaɓati naʋane-
simba kuɗeŋga ʋaziʋiswe nekereke
kucenjera kukuru kwaMŋari; 11 seci-
reʋo cokutaŋga-taŋga caakatema muna-
Kristu Jesu, Ishe weɗu; 12 maari
tinokutsuŋga *kweɗu* nokupinda *kweɗu*
tisiŋgatyi, nokutenda kwake. 13 Saka
ndinokumbira kuti murege kupera
mŋoyo nokutambudzika kwaŋgu pa-
msoro penyu; ndiko kukudzwa kwenyu.

*Pauro unonyeŋgeterera ƲaEfeso.*

14 Nemhaka iyi ndinofugama namabvi
aŋgu kunaƁaɓa, 15 aʋo, rudzi rwose
kuɗeŋga napanyika runotumidzwa nezita
raʋo, 16 kuti ʋakupei pafuma yoku-
bginya kwaʋo kukuru, simba kuti musi-
mbiswe noMŋeya waʋo mumunhu
womukati; 17 kuti Kristu agare pa-
mŋoyo yenyu nokutenda; kuti imi,
munemidzi yenyu nenheyo dzenyu
muruɗo; 18 muʋe nesimba rokunzwi-
sisa pamŋe cete naʋatşene ʋose, kuti
kufara, nokureɓa, nokukwirira, noku-
dzika kwakaɗiniko, 19 nokuziʋa ruɗo
rwaKristu, runopfuʋura kuziʋa, kuti
muzadziswe nokuzara kwose kwa-
Mŋari.
20 Ȥino, iye unesimba rokuita ȥikuru
kwaȥo ȥinopfuʋura ȥose ȥatinokumbira
kana ȥatinofuŋga, nesimba rinoɓata
mukati meɗu, 21 ŋgaaʋe nokubginya
mukereke munaKristu Jesu, kuşikira
kumarudzi ose nokusiŋgaperi-peri, A-
meni.

*MuMŋeya tiri ʋamŋe.*

4 1 Naiȥoȥo ini musuŋgwa muna-
She, ndinokumbira ȥikuru kuti
mufambe ȥakafanira kuɗanwa kwa-
makaɗanwa nako, 2 nokuȥininipisa
kwose noʋunyoro, nomŋoyo murefu,
mucitirana mŋoyo murefu muruɗo;
3 mucishiŋgaira kuceŋgeta ʋumŋe bgo-
Mŋeya mucisuŋgo corugare. 4 Kuno-
muʋiri mumŋe, noMŋeya mumŋe,
seȥamakaɗanwa ʋo mutariro imŋe yoku-
ɗanwa kwenyu; 5 Ishe mumŋe, noku-
tenda kumŋe, norubapatidzo rumŋe,
6 naMŋari mumŋe, naƁaɓa ʋaʋose, uri
pamsoro paʋose, *unoɓata* naʋose, uri
mukati maʋose. 7 Asi mumŋe nomu-
mŋe weɗu wakapiwa nyasha neciyero
cecipo caKristu. 8 Naiȥoȥo unoti:

Wakakwira kumsoro akatapa ʋata-
pxa,
Akapa ʋanhu ȥipo.

9 (Ȥino kuti: Wakakwira, cinyiko, asi
kuti, wakaɓuruka ʋo kumatiʋi ari pasi
penyika? 10 Wakaɓuruka ndiye waka-
kwira ʋo kumsoro-soro kweɗeŋga rose,
kuti azadzise ȥose). 11 Ȥino wakapa
ʋamŋe kuti ʋaʋe ʋaapostora, ʋamŋe
ʋaprofita, ʋamŋe ʋaevaŋgeri, ʋamŋe
ʋafudzi naʋadzidzisi; 12 kuti ʋatşene
ʋakwanisirwe ɓasa raʋo rokushumira,
nerokuʋaka muʋiri waKristu; 13 ku-
dzimana isu tose tişike paʋumŋe
bgokutenda nokuziʋa Mŋanakomana
waMŋari, napamunhu wakura, napaci-
yero coʋukuru bgokuzara kwaKristu;
14 kuti tirege kuramba ticiŋgoʋa ʋace-
ce, ticizunuŋguswa nokudziŋgwa ne-
mhepo ipi neipi yokudzidzisa nokunye-
ŋgera kwaʋanhu, namano, kuti ʋatsause
nokunyeŋgera; 15 asi tireʋe ȥokwaɗi
muruɗo, tigokura maari paȥose, iye
Kristu, Musoro; 16 muʋiri wose
wakasoŋganiswa ȥakanaka maari noku-
ɓatanidzwa nenheŋgo dzose dzinosi-
mbisa, mutezo mumŋe nomumŋe
uciɓata neciyero cawo, kuti muʋiri
ukuriswe pakuʋakwa kwawo muruɗo.

*Mufambire mutşa womukristu.*

17 Naiȥoȥo ndinoreʋa nokupupura
cinhu ici munaShe, *ndiciti,* musaramba
mucifamba saʋahedeni, ʋanofamba ʋo
noʋupenzi bgokuraŋgarira kwaʋo,
18 ʋakaşiɓirwa pakunzwisisa kwaʋo,

ʋari ʋatorwa paʋupenyu bgaMŋari
nokuɗa kwokusaziʋa kuri mukati maʋo,
nokuɗa kwoʋukukutu bgomŋoyo yaʋo;
19 ʋakaȥipa ʋasinehanya kuʋutere, kuti
ʋaɓate maɓasa ose etşina nokuciʋa.
20 Asi imi hamuna-kudzidza Kristu
saiȥoȥo, 21 kana ari iye hake wama-
kanzwa, nokudzidziswa maari, seiri
ȥokwaɗi munaJesu: 22 kuti pamufa-
mbire wenyu wokutaŋga mubvise mu-
nhu wekare, unoʋodzwa nokuciʋa kwo-
kunyeŋgera; 23 muʋandudzwe mu-
mŋeya wokuraŋgarira kwenyu, 24 mu-
fuke munhu mutşa, wakasikwa akafa-
nana naMŋari pakururama, noʋutşene
bgeȥokwaɗi.
25 Naiȥoȥo bvisai nhema, mutaure
ȥokwaɗi, mumŋe nomumŋe kunowo-
kwake; nokuti tiri mitezo, mumŋe
womumŋe. 26 Tsamŋai, musiŋgata-
dzi; zuʋa ŋgarirege kuʋira mucakatsa-
mŋa; 27 musapa Diaborosi nȥimbo.
28 Wakaɓa, ŋgaarege kuɓa ȥe; asi
ȥirinani kuti atambudzike, aɓate nama-
ʋoko ake *ɓasa* rakanaka, kuti aʋe
necaaŋgapa unoshaiwa. 29 Mumuromo
menyu murege kuɓuɗa shoko rakaʋora,
asi rakanaka, riŋgasimbisa pakafanira,
riʋigire nyasha aʋo ʋanonzwa. 30 Regai
kucemedza Mŋeya Mutşene waMŋari,
wamakaisirwa cisimbiso maari kuşikira
pazuʋa rokudzikinurwa. 31 Shuŋgu
dzose, nokutsamŋa, nehasha, nokupo-
pota, nokutuka, neȥakaipa ȥose, ŋgaȥi-
bviswe kwamuri; 32 muitirane mŋoyo
munyoro, munzwirane tsitsi, mukaŋga-
nwirane, seȥamakakaŋganwirwa na-
Mŋari munaKristu.

5 1 Naiȥoȥo iʋai ʋateʋeri ʋaMŋari
saʋana ʋanoɗikanwa; 2 fambai
muruɗo, Kristu seȥaakakuɗai ʋo,
akaȥipa nokuɗa kweɗu, kuti aʋe cipo
neciɓayiro kunaMŋari, ȥiite bgema
bgunonhuwira. 3 Asi ʋupombge, ne-
tşina yose, kana kuciʋa, ŋgaȥirege
kurebga pakati penyu, seȥinofanira
ʋatşene; 4 neȥakaipa, nokutaura ȥoʋu-
penzi, nokunemera, iȥo ȥisina-kufanira;
asi ȥirinani kuʋoŋga. 5 Nokuti muno-
ziʋa kwaȥo, kuti hakunemhombge, kana
munhu unetşina, kana unociʋa, ndiye
unonamata ȥifananidzo, uŋgadya nhaka
muʋushe bgaKristu naMŋari. 6 Ŋga-
kurege kuʋa nomunhu unokunyeŋgerai
namashoko asinamaturo; nokuti ne-
mhaka yeȥinhu iȥi kutsamŋa kwaMŋari
kunoʋuya pamsoro paʋanakomana ʋo-
kusaterera. 7 Naiȥoȥo regai kusha-
mŋaridzana naʋo; 8 nokuti kare maiʋa
rima, asi ȥino muri ciedza munaShe;
fambai saʋana ʋeciedza. 9 (Nokuti
ciɓereko ceciedza ciri mukunaka kwose,
nokururama, neȥokwaɗi), 10 muci-
idza muziʋe ȥinofadza Ishe. 11 Regai
kuyanana namaɓasa erima asineȥiɓere-
ko, asi ȥirinani kuti muaraire; 12 nokuti
iȥo, ȥinoitwa naʋo pakaʋanda, ȥino-
nyadza kana ȥicirebga. 13 Asi ȥinhu
ȥose, kana ȥarairwa, ȥinoratidzwa neci-
edza; nokuti ȥose, ȥinoratidzwa, caʋa
ciedza. 14 Saka iye unoti: Muka iwe
uʋete, muka kuʋakafa, Kristu ucaku-
venekera.
15 Naiȥoȥo cenjerai kwaȥo pakufamba
kwenyu, kuti murege kufamba saʋasina-
kucenjera asi saʋakacenjera; 16 mu-
ŋgwarire ŋguʋa *yenyu*, nokuti mazuʋa
akaipa. 17 Saka musaʋa mapenzi, asi
muziʋe kuɗa kwaShe. 18 Regai kuɓa-
twa newaini, *nokuti* ndipo panoku-
saȥidzora, asi muzadzwe noMŋeya;
19 mutaurirane pakati penyu namapi-
sarema, nenziyo, neȥiimbo ȥoMŋeya,
muimbire, muridzire Ishe mumŋoyo
yenyu; 20 muciʋoŋga Mŋari, Ɓaɓa,
ŋguʋa dzose pamsoro peȥinhu ȥose,
muzita raShe weɗu, Jesu Kristu;
21 muciȥiisa mumŋe pasi pomumŋe,
mucitya Kristu.

*Ʋakristu mumba maʋo.*

22 Imi ʋakadzi, *muȥiise pasi* paʋarume
ʋenyu caiʋo, seȥ*amunoita* kunaShe.
23 Nokuti murume musoro womuka-
dzi, saKristu ʋo musoro wekereke; iye
amene ndiye muponesi womuʋiri.
24 Asi kereke seȥairi pasi paKristu,
ʋakadzi ŋgaʋaɗaro paȥinhu ȥose kuʋa-
rume ʋaʋo. 25 Imi ʋarume, iɗai
ʋakadzi ʋenyu, Kristu seȥaakaɗa ʋo
kereke, akaȥipa nokuɗa kwayo; 26 kuti
aiite tşene aciinatsa nokushambidza
kwemvura pashoko, 27 kuti aȥiisire
pamberi pake kereke, inobginya, isine-
gwapa, kana kuwonyana, kana cinhu
cakaɗai; asi iʋe tşene, isinemhoşa.
28 Saiȥoȥo ʋo ʋarume ʋanofanira kuɗa
ʋakadzi ʋaʋo semiʋiri yaʋo. Unoɗa
mukadzi wake, unoȥiɗa; 29 nokuti
hakunomunhu wakatoŋgoʋeŋga nyama
yake; asi unoipa ȥokudya nokuiceŋgeta,
Kristu seȥa*anoitira* kereke; 30 nokuti
isu tiri mitezo yomuʋiri wake. 31 Na-

iȥoȥo munhu ucasiya ɓaɓa ʋake namai
ʋake, anamatire mukadzi wake; iʋaʋo
ʋaʋiri ʋacaʋa nyama imŋe. 32 Caka-
ʋanzika ici, cikuru; asi ndinotaura
ȥaKristu neȥekereke. 33 Asi imi ʋo,
mumŋe nomumŋe ŋgaaɗe mukadzi
wake seȥa*anoȥiɗa* iye; nomukadzi
ŋgaatye murume wake.

6 1 Imi ʋana, tererai ʋaɓereki ʋenyu
munaShe; nokuti ndiȥo ȥakarurama.
2 Kudza ɓaɓa ʋako namai—ndiwo
murairo wokutaŋga unecipikirwa—
3 kuti uitirwe ȥakanaka, ugare ŋguʋa
refu panyika. 4 Nemi madziɓaɓa,
regai kutsamŋisa ʋana ʋenyu; asi
ʋarerei pakuraŋga nokuraira kwaShe.
5 Imi ʋaranda, tererai aʋo ʋari ʋatenzi
ʋenyu panyama, nokutya nokuɗeɗera,
nemŋoyo yakarurama, *muciȥiita* soku-
naKristu; 6 musiŋgaɓati kana muci-
ʋonekwa *ɓedzi*, saʋafadzi ʋaʋanhu, asi
saʋaranda ʋaKristu, ʋanoita kuɗa kwa-
Mŋari nomŋoyo wose; 7 muciɓata
nomŋoyo wakanaka, *muciȥ*iita sokuna-
She, musiŋgaitiri ʋanhu; 8 muciziʋa
kuti cinhu cipi necipi cakanaka, cino-
itwa nomunhu mumŋe nomumŋe, uca-
cipiwa ȥe naShe, kana akasuŋgwa kana
akasunuŋguka. 9 Nemi madzishe, mu-
ʋaitire saiȥoȥo, murege kuʋatyisa; no-
kuti munoziʋa kuti Ishe waʋo nowenyu
uri kuɗeŋga; haatendi ȥinoʋonekwa
ȥomunhu.

*Nhumbi dzomukristu dzokurwa nadzo.*

10 Pakupedzisira iʋai nesimba muna-
She, nomusimba rake guru. 11 Sho-
ŋgai nhumbi dzose dzokurwa nadzo
dzaMŋari, mugone kumira mucirwa
namano aDiaborosi. 12 Nokuti hatirwi
nenyama neropa, asi naʋaɓati, naʋane-
simba, namadzishe enyika erima rino,
nemŋeya yakaipa yeɗeŋga. 13 Saka
torai nhumbi dzose dzokurwa nadzo
dzaMŋari, kuti mugone kudziʋisa pa-
zuʋa rakaipa, nokuramba mumire ma-
pedza ȥose. 14 Naiȥoȥo mirai maka-
suŋga ȥiʋuno ȥenyu neȥokwaɗi, maka-
pfeka cidzitiro cecifuʋa cokururama,
15 makasuŋga patsoka dzenyu kuga-
dzirwa kweEvaŋgeri yorugare; 16 pa-
msoro paiȥoȥi makatora nhoʋo huru
yokutenda, yamuŋgagona kudzima na-
yo miseʋe yose yomŋoto yowakaipa.
17 Torai ŋgowani yoruponeso, no-
munondo woMŋeya, iro Shoko ra-
Mŋari; 18 munyeŋgetere ŋguʋa dzose
nokunyeŋgetera kwose nokukumbira
muMŋeya, mucirinda paȥinhu iȥi noku-
tsuŋga kwose nokukumbirira ʋatşene
ʋose, 19 neni ʋo, kuti ndipiwe shoko
kana ndicishamisa muromo waŋgu,
kuti ndiɗudzire ndisiŋgatyi ȥakaʋanzika
ȥeEvaŋgeri, 20 yandiri nhume yayo
yakasuŋgwa namatare; kuti ndiȥitaure
ndisiŋgatyi, seȥandinofanira kutaura.

*Mashoko okupedzisira.*

21 Ȥino kuti muziʋe ʋo ȥaŋgu, kuti
ndakaɗiniko, Tikiko, hama inoɗikanwa,
nomushumiri wakatendeka munaShe,
ucakuziʋisai ȥose; 22 ndakamutuma
kwamuri neshoko iri, kuti muziʋe ȥinhu
ȥeɗu, anyaradze mŋoyo yenyu.
23 Rugare ŋgaruʋe nehama, noruɗo
pamŋe cete nokutenda, ȥinobva kuna-
Mŋari, Ɓaɓa, naShe Jesu Kristu.
24 Nyasha ŋgadziʋe naʋose ʋanoɗa Ishe
weɗu, Jesu Kristu, *noruɗo* rusiŋgaʋori

# ŊWADI YAPAURO KUƲAFIRIPI

*Kwaziso.*

1 1 Pauro naTimotio, ʋaranda ʋa-
Kristu Jesu, kuʋatşene ʋose muna-
Kristu Jesu, ʋari paFiripi, naʋatari-
ri naʋaranda ʋekereke: 2 Nyasha ŋga-
dziʋe nemi, norugare runobva kuna-
Mŋari, Ɓaɓa ʋeɗu, naShe Jesu Kristu.

*Ruɗo rwaPauro kuʋaFiripi.*

3 Ndinoʋoŋga Mŋari waŋgu ŋguʋa
imŋe neimŋe kana ndicikufuŋgai,—
4 ndicikumbira nomufaro ŋguʋa dzose
pakukumbira kwaŋgu kwose, pamsoro
penyu mose – 5 nokuɗa kwokusoŋgana
kwenyu paEvaŋgeri kubva pazuʋa roku-

taŋga kuȿikira ɀino; 6 ndiciziʋa cinhu ici, kuti iye wakataŋga ɓasa rakanaka mukati menyu, ucaripedzisa kuȿikira pazuʋa raKristu Jesu; 7 seɀaɀakanaka kwandiri kuti ndifuŋge saiɀoɀo pamsoro penyu mose, ɀandinokuraŋgarirai mumŋoyo maŋgu, nokuti pakusuŋgwa kwaŋgu napakutaʋirira nokusimbisa Evaŋgeri, imi makagoʋerwa nyasha pamŋe cete neni. 8 Nokuti Mŋari capupu caŋgu kuti ndinokushuʋai mose ɀikuru netsitsi dzaKristu Jesu. 9 Ndiɀo zandinonyeŋgetera, kuti ruɗo rwenyu rurambe ruciŋgowanda pakuziʋa nokunzwisisa kwose; 10 kuti muidze muziʋe kuti ɀinhu ɀakanaka ndeɀipi, kuti muʋe ʋakarurama, ʋasinemhoȿa, kuȿikira pazuʋa raKristu; 11 muzere neciɓereko cokururama, cinoʋuya naJesu Kristu, kuti Mŋari aʋe nokubginya nokurumbidzwa.

12 Ɀino ndinoɗa kuti muziʋe, hama *dzaŋgu*, kuti iɀo ɀakandiwira ɀakatofambisa Evaŋgeri; 13 nokuɗaro kuti kusuŋgwa kwaŋgu kwakazikanwa mumba yashe yose, nokunaʋamŋe ʋose kuti kuri munaKristu. 14 Nehama zhinji munaShe, dzakasimbiswa nokusuŋgwa kwaŋgu, ʋonyanya kutsuŋga kuparidza shoko raMŋari ʋasiŋgatyi. 15 ʋamŋe haʋo ʋanoparidza Kristu negoɗo negakaʋa, ʋamŋe nomŋoyo wakanaka; 16 ʋamŋe haʋo ʋanoita noruɗo, ʋaciziʋa kuti ndakagadzwa kuti nditaʋirire Evaŋgeri. 17 Asi ʋamŋe ʋanoparidza Kristu nenharo, ʋasiŋgaiti nomŋoyo wakacena, ʋaciti ʋawedzere nhamo pakusuŋgwa kwaŋgu. 18 Ɀinei haɀo? *Haɀina haɀo*, asi kuti Kristu unoparidzwa hake nenzira dzose, kana namanomano, kana neɀokwaɗi; ndinofara naɀo, ʋuye ndicasifara haŋgu naɀo. 19 Nokuti ndinoziʋa kuti nokuɗa kwokukumbira kwenyu nokusimbiswa kwoMŋeya waJesu Kristu, iɀoɀi ɀicaʋa kuponeswa kwaŋgu, 20 ɀandinotarira ɀikuru netariro, kuti handiŋganyadziswi pacinhu cimŋe; asi kuti ɀino, sapaŋguʋa dzose, nokusatya *kwaŋgu* kwose Kristu ucakudzwa mumuʋiri waŋgu, kana noʋupenyu, kana nokufa. 21 Nokuti kwandiri kurarama ndiKristu, kufa kufuma. 22 Ɀino kana ndicirarama panyama, iɀo *ɀicandipa* ɀiɓereko ɀokuɓata *kwaŋgu*; handiziʋi candicasanaŋgura; 23 ɀino ndinomanikidzwa neɀinhu ɀiʋiri: ndinoɗa kubva, kuti ndiʋe naKristu, nokuti ndiɀo ɀinopfuʋura nokunaka; 24 asi nokuɗa kwenyu ɀakanaka kuti ndigare panyama. 25 Ɀino ndicitenda cinhu ici, ndinoziʋa kuti ndicagara, ndicaramba ndigere nemi mose, kuti mupfuʋurire mberi, mufare pakutenda; 26 kuti muɀirumbidze ɀikuru munaKristu Jesu pamsoro paŋgu nokuɗa kwokudzokera kwaŋgu kwamuri. 27 Asi fambai ɓedzi ɀakafanira Evaŋgeri yaKristu; kuti kunyaŋge ndikaʋuya ndikakuʋonai,kunyaŋge ndisi'po, ndinzwe pamsoro penyu kuti mumire nesimba nomŋeya mumŋe, nomŋoyo mumŋe, mucirwira kutenda kweEvaŋgeri; 28 musiŋgatyiswi pacinhu cimŋe naʋanorwa nemi. Ndiɀo ɀicaʋa ciratidzo cokuparadzwa kwaʋari, asi kwamuri cokuponeswa; cinhu ici cinobva kunaMŋari. 29 Nokuti nokuɗa kwaKristu imi makatenderwa kuti murege kutenda kwaari ɓedzi, asi kuti mutambudzike ʋo nokuɗa kwake; 30 imi mucirwa ʋo nokurwa uku kwamakaʋona kwandiri, kwamunonzwa kuti ndinorwa naɀino.

*Kristu mutuŋgamiriri wedu pakuɀininipisa.*

2 1 Ɀino kana kuʋaraidzwa kuri'po kunaKristu, kana kunyaradza kworuɗo, kana kuyanana kwoMŋeya, kana mŋoyo munyoro nokunzwira tsitsi, 2 zadzisai mufaro waŋgu, muʋe nokufuŋga kumŋe, muciʋa noruɗo rumŋe, nomŋeya mumŋe, nendaŋgariro imŋe, 3 musiŋgaiti cinhu nenharo, kana nokuɀikudza, asi mumŋe nomumŋe ŋgaati nomŋoyo unoɀininipisa, ʋamŋe ʋanomupfuʋura iye pakunaka; 4 mumŋe nomumŋe ŋgaarege kutarira ɀake, asi ŋgaatarire ɀaʋamŋe ʋo. 5 Iʋai nomŋoyo uyo, wakaŋga uri munaKristu Jesu ʋo; 6 iye, kunyaŋge akaŋga akafanana naMŋari, haana-kuti kuenzana naMŋari ndicinhu *cinofanira* kuɓatisiswa; 7 asi wakaɀidurura iye, akaɀiita muranda, akafanana naʋanhu; 8 akati awanikwa nomufananidzo womunhu, akaɀininipisa, akaterera kuȿikira parufu, irwo rufu rwomucinjikwa. 9 Saka Mŋari wakamukudza ɀikuru, akamupa zita rinopfuʋura mazita ose; 10 kuti muzita raJesu mabvi ose afugame, aʋari kuɗeŋga naʋari panyika, naʋari pasi penyika, 11 kuti ndimi dzose dzibvumire dziti, Jesu Kristu

ndiyeShe, kuti Mŋari, ɓaɓa, arumbi-
dzwe.
12 Naiȥoȥo, ʋaɗikanwa ʋaŋgu, seȥa-
makaterera ŋguʋa dzose, ndisati ndiri'po
ɓedzi, asi ȥikuru ȥino kana ndisi'po,
pedzisai kuponeswa kwenyu nokutya
nokuɗeɗera; 13 nokuti ndiye Mŋari
unoita mukati menyu kuɗa nokuita
nokuɗa kwake kwakanaka. 14 Itai
ȥose musiŋganyunyuti, musinenharo;
15 kuti muʋe ʋanhu ʋasina-caʋaŋga-
pomerwa, naʋasina-kusarurama, ʋana
ʋaMŋari ʋasinemhoşa pakati porudzi
rwakakombama, rwakatsauka, rwamu-
noʋonekwa pakati parwo seȥiedza pa-
nyika; 16 makaɓatisisa shoko roʋu-
penyu, kuti ndiʋe necandiŋgaȥirumbi-
dza naco nezuʋa raKristu, *ndiziʋe* kuti
handina-kumhanya pasina, kana kuɓata
pasina. 17 Kunyaŋge ndikaɗururwa
pamsoro peciɓayiro nokushumira kwo-
kutenda kwenyu, ndinofara nokufarisisa
nemi mose. 18 Nokuɗa kwaiȥoȥo
nemi ʋo mufare nokufarisisa neni.

*Pauro unotuma Timotio naEpafrodito.*

19 MunaShe Jesu ndinoti ndicakuru-
midza kutuma Timotio kwamuri, kuti
neni ndifare kana ndanzwa ȥenyu.
20 Nokuti handino*mumŋe* munhu uno-
mŋoyo wakaita sowake, ucaʋa nehanya
kwaȥo neȥenyu. 21 Nokuti ʋose ʋano-
ȥitşakira ȥaʋo, ȥisati ȥiri ȥaKristu Jesu.
22 Asi munoziʋa kutendeka kwake, kuti
wakaɓata pamŋe cete neni paEvaŋgeri,
somŋana *unoɓatira* ɓaɓa *ʋake.* 23 Ȥino
ndiye wandinoti ndicatuma kwamuri
pakarepo, kana ndaʋona kuti ȥaŋgu
ȥakaɗini; 24 asi ndinotenda munaShe
kuti neni ʋo ndimene ndicakurumidza
kuʋuya. 25 Asi ndakati ndinofanira
kutuma kwamuri Epafrodito, hama
*yaŋgu,* nomuɓatsiri waŋgu pamaɓasa
napakurwa, nhume yenyu nomushumiri
*waŋgu* pakushaiwa kwaŋgu; 26 ȥaa-
kaŋga acikushuʋai ȥikuru imi mose,
akatambudzika kwaȥo, nokuti imi maka-
ŋga manzwa kuti unorwara. 27 Nokuti
wakaŋga acirwara kwaȥo, ari pakufa; asi
Mŋari wakamunzwira tsitsi; asati ari
iye ɓedzi, asi neni ʋo, kuti ini ndirege
kuwedzerwa nhamo pamsoro penhamo.
28 Naiȥoȥo ndakashiŋgaira kumutuma
kwamuri, kuti mumuʋone, mufare ȥe,
neni ndirege kuʋa nenhamo. 29 Naiȥoȥo
mumugamucirei munaShe nomufaro
wose, ʋuye mukudze ʋakaɗai; 30 no-
kuti nokuɗa kweɓasa raKristu wakaŋga
oɗo-kufa, akasaraŋgarira ʋupenyu bga-
ke, aciɗa kukwanisa pamakaŋga musi-
ŋgagoni kundishumira imi.

*Kushiŋgaira kwaPauro kuziva Kristu.*

3 1 Pakupedzisira, hama dzaŋgu,
farai munaShe. Ini handinetswi
nokukunyorerai ȥe ȥinhu ȥiya, asi
ȥinokusimbisai imi. 2 Ityai imbga,
ityai ʋaɓati ʋakaipa, ityai ʋokuceka;
3 nokuti isu tiri ʋokudziŋgiswa, tino-
namata noMŋeya waMŋari, tinoȥiru-
mbidza munaKristu Jesu, tisiŋgaʋimbi
nenyama, 4 kunyaŋge ini haŋgu ndi-
ŋgaʋimba nenyama; kana kunomumŋe
munhu unoti ndinoʋimba nenyama,
ȥikuru ini. 5 Ndakadziŋgiswa nomusi
worusere, ndiri worudzi rwaʋaIsraeri
ʋeimba yaBenjamini, muHeberu waʋa-
Heberu; pamurairo ndiri muFarise;
6 pakushiŋgaira *kwaŋgu,* ndaitambudza
kereke; pakururama *kunorebga* nomu-
rairo ndakaŋga ndisina-candiŋgapome-
rwa. 7 Asi iȥoȥo, ȥaiʋa fuma kwandiri,
ndakati ndiko kurashikirwa hako nokuɗa
kwaKristu. 8 Hoŋo, ȥirokwaȥo, ndino-
toti ȥinhu ȥose kurashikirwa hako
nokuɗa kwokunaka kwokuziʋa Kristu
Jesu, Ishe waŋgu, wandakarashikirwa
neȥinhu ȥose nokuɗa kwake, ndikaȥiidza
marara, kuti ndiwane Kristu; 9 ndi-
wanikwe maari, ndisina-kururama kwa-
ŋgu kuri kwomurairo, asi kuri kwoku-
tenda kunaKristu, ndiko kururama ku-
nobva kunaMŋari nenzira yokutenda;
10 kuti ndimuziʋe iye, nesimba roku-
muka kwake, nokusoŋgana *naye* pama-
ɗambudziko ake, ndifanane naye pakufa
kwake; 11 kuti ȥimŋe ndişike paku-
muka kwaʋakafa. 12 Handiti ndato*ci-*
*wana*, kana ndatokwaniswa, asi ndino-
shiŋgairira'*ko,* kuti ȥimŋe ndici*ɓ*ate,
ico Kristu Jesu caakambondiɓatira.
13 Hama *dzaŋgu,* ini handiti ndatoci-
ɓata, asi *ndinoita* cinhu cimŋe: ndino-
kaŋganwa ȥiri shure, ndicinanaʋira
kuneȥiri mberi, 14 ndinoshiŋgairira
kunharidzano, *kuti ndipiwe* muɓairo
wokuɗana kwaMŋari kunobva kuɗeŋga,
munaKristu Jesu. 15 Naiȥoȥo isu tose,
takakura, ŋgatiʋe nomŋoyo wakaɗaro;
kana imi munomumŋe mŋoyo, Mŋari
ucakuratidzai naiȥoȥo ʋo. 16 Asi,
ŋgatirambe ticifamba ɓedzi *nomurairo*
iwoyu wataşika nawo pataşika.
17 Hama *dzaŋgu,* iʋai ʋateʋeri ʋaŋgu

mose; natsai kutarira aʋo ʋanofamba
saiȥoȥo seȥatakakutuŋgamirirai su.
18 Nokuti ʋazhinji, ʋandakakuʋudzai
ȥizhinji, naȥino ndinokuʋudzai ʋo noku-
cema, ʋanofamba ʋari ʋaʋeŋgi ʋomu-
cinjikwa waKristu; 19 kuguma kwaʋo
ndiko kuparadzwa, mŋari waʋo iɗumbu
raʋo, ʋanoȥirumbidza pamsoro peȥino-
nyadzisa ȥaʋo, ʋanofuŋga ȥenyika.
20 Nokuti nyika yeɗu iri kuɗeŋga, uko
kwatakatarira *kuvuya* kwoMuponesi
Ishe Jesu Kristu; 21 uyo ucaʋandudza
muʋiri wokuninipiswa kweɗu, kuti
ufanane nomuʋiri wokubginya kwake,
nesimba iro raanogona ʋo naro kuȥiisira
ȥose pasi pake.

*Pauro unoʋaraira nokuʋasimbisa.*

4 1 Naiȥoȥo, hama dzaŋgu, ʋaɗi-
kanwa ʋandinoshuʋa kwaȥo, mu-
faro waŋgu, nekorona yaŋgu, mirai
nesimba saiȥoȥo munaShe, ʋaɗikanwa.
2 Ndinokumbira ȥikuru Yuodia, ndi-
nokumbira ȥikuru Sintike, kuti ʋaʋe
nomŋoyo mumŋe munaShe. 3 Hoŋo,
newe ʋo, shamŋari yaŋgu yaȥokwaɗi
paɓasa, ndinokumbira kwauri kuti
uɓatsire ʋanhukadzi aʋa, nokuti ʋaka-
ɓatirana neni paEvaŋgeri, pamŋe cete
naKremensi, naʋamŋe ʋakaɓata pamŋe
cete neni, mazita aʋo ari mubuku
yoʋupenyu.
4 Farai munaShe ŋguʋa dzose; ndica-
pamhidza ȥe: Farai. 5 Ʋunyoro bgenyu
ŋgabguzikanwe naʋanhu ʋose. Ishe uri
pedyo. 6 Musafuŋganya pamsoro peci-
nhu cimŋe; asi paȥinhu ȥose, mikumbiro
yenyu ŋgaiziʋiswe Mŋari nokunyeŋge-
tera nokukumbira, pamŋe cete nokuʋo-
ŋga. 7 Ȥino rugare rwaMŋari runo-
pfuʋura kunzwisisa kwose, rucarinda
mŋoyo yenyu nemifuŋgo yenyu muna-
Kristu Jesu.
8 Pakupedzisira, hama *dzaŋgu*, ȥose
ȥaȥokwaɗi, ȥose ȥinokudzwa, ȥose ȥa-
karurama, ȥose ȥakacena, ȥose ȥino-
ɗikanwa, ȥose ȥinorumbidzwa, kana
kunaka kupi nokupi, kana ciŋgaru-
mbidzwa cipi necipi, fuŋgisisai iȥoȥo.
9 Ȥinhu iȥo ȥamakadzidza, neȥamaka-
piwa, neȥamakanzwa, neȥamakaʋona
kwandiri, itai iȥoȥo; Mŋari worugare
ŋgaaʋe nemi

*Pauro unoʋoŋga pamsoro pecipo caʋakamutumira.*

10 Ndakafara ȥikuru munaShe, nokuti
ȥino makapepuka ȥe mukandiraŋgarira;
makaŋga maraŋgarira henyu, asi maka-
shaiwa ŋguʋa. 11 Handireʋi *iȥoȥi*
nokuti ndinoshaiwa; nokuti ini ndaka-
dzidza kutenda neȥose ȥandinaȥo.
12 Ndinoziʋa ʋurombo, ndinoziʋa ʋo
kuʋa neȥakawanda; pacinhu cipi necipi
napaȥinhu ȥose ndakadzidziswa kuti
ndiziʋe kuguta nokunzwa nzara, kuʋa
neȥizhinji nokushaiwa. 13 Ndiŋgaita
ȥose naiye unondipa simba. 14 Kunya-
ŋge ȥakaɗaro, makaita ȥakanaka ȥama-
kasoŋgana neni pakutambudzika kwa-
ŋgu. 15 Munoziʋa ʋo, imi ʋaFiripi,
kuti pakutaŋga kweEvaŋgeri, ndicibva
Makedonia, pakaŋga pasinekereke imŋe
yakasoŋgana neni pashoko rokupa noku-
gamucira, asi imi moga; 16 nokuti
napaTesaronika makanditumira kamŋe,
norwecipiri ȥe, pakushaiwa kwaŋgu.
17 Handi*reʋi* kuɗaro kuti nditşake cipo,
asi ndinotşaka ciɓereko camunozofu-
miswa naco. 18 Ȥino ndaʋa neȥose,
ndafumiswa; ndaguta, ndagamucira ku-
naEpafrodito iȥo, ȥinobva kwamuri,
*ȥakaita so*bgema bgunonhuwira, neci-
ɓayiro cakafanira, cinofadza Mŋari.
19 Ȥino Mŋari waŋgu ucazadzisa ku-
shaiwa kwenyu kwose pafuma yake,
mukubginya, munaKristu Jesu. 20 Ȥino
Mŋari, Ɓaɓa ʋeɗu, ŋgaaʋe nokubginya
nokusiŋgaperi-peri. Ameni.
21 *Ndi*kwazisirei mutşene mumŋe no-
mumŋe munaKristu Jesu. Hama dzi-
neni dzinokukwazisai. 22 Ʋatşene ʋose
ʋanokukwazisai, ȥikuru aʋo ʋeimba
yaKesari.
23 Nyasha dzaShe Jesu Kristu ŋga-
dziʋe nomŋeya wenyu.

# ŊWADI YAPAURO KUƲAKOROSE

*Kwaziso.*

1 1 Pauro, muapostora waKristu
Jesu nokuɗa kwaMŋari, naTimo-
tio, hama yeɗu, 2 kuʋatşene ne-
hama dzakatendeka munaKristu ʋari
paKorose: Nyasha ŋgadziʋe nemi,
norugare ȥinobva kunaMŋari, Ɓaɓa
ʋeɗu.

*Kuʋoŋga kwaPauro pamsoro paʋo.*

3 Tinoʋoŋga Mŋari, Ɓaɓa ʋaShe
weɗu Jesu Kristu, ŋguʋa dzose kana
ticikunyeŋgetererai, 4 ȥatakanzwa ȥo-
kutenda kwenyu munaKristu Jesu,
noruɗo rwamunarwo kuʋatşene ʋose,
5 pamsoro petariro yamakaceŋgeterwa
kuɗeŋga, yamakanzwa kare pashoko
reȥokwaɗi reEvaŋgeri; 6 iyo yakaşika
kwamuri, seȥ*ayakaşika* panyika yose ʋo;
iciɓereka ȥiɓereko, icikura, seȥ*ainoita*
kwamuri ʋo, kubvira pazuʋa ramaka-
nzwa nokuziʋa kwaȥo nyasha dza-
Mŋari muȥokwaɗi; 7 seȥamakadzidza
kunaEpafrasi, muranda pamŋe cete
nesu, unoɗikanwa, mushumiri waka-
tendeka waKristu nokuɗa kwenyu,
8 iye wakatiʋudza ʋo ȥoruɗo rwenyu
muMŋeya.

*Pauro unoʋanyeŋgeterera.*

9 Saka nesu ʋo, kubvira pazuʋa rata-
kanzwa, hatiregi kukunyeŋgetererai,
nokukumbira kuti muzadziswe noku-
ziʋa kwaȥo kuɗa kwake, pakucenje-
ra nokunzwisisa kwose kwomŋeya;
10 kuti mufambe seȥinofanira Ishe,
muci*mu*fadza paȥose, muciɓereka ȥiɓe-
reko pamaɓasa ose akanaka, mucikura
pakuziʋa Mŋari kwaȥo; 11 mucisi-
mbiswa nesimba rose, nesimba roku-
bginya kwake, *muʋe* nomŋoyo murefu,
nomufaro; 12 muʋoŋge Ɓaɓa, ʋakati-
kwanisa kuti tipiwe nhaka yaʋatşene
muciedza; 13 ʋakatisunuŋgura pasi-
mba rerima, ʋakatiisa muʋushe bgo-
Mŋanakomana woruɗo rwaʋo; 14 wa-
tinedzikinuro maari, *ndiko* kukaŋga-
nwirwa kweȥiʋi ȥeɗu. 15 Ndiye mu-
fananidzo waMŋari usiŋgaʋonekwi,
ɗaŋgwe reȥisikwa ȥose; 16 nokuti
maari ȥinhu ȥose ȥakasikwa, ȥiri kuɗe-
ŋga napanyika, ȥinoʋonekwa neȥisi-
ŋgaʋonekwi, kana ȥiri ȥigaro ȥoʋushe,
kana ʋushe, kana ʋaɓati, kana masimba;
ȥinhu ȥose ȥakasikwa naye, *ȥiri'po* noku-
ɗa kwake. 17 Ndiye unotaŋgira ȥose,
ȥose ȥakaɓatana maari. 18 Ndiye mu-
soro womuʋiri, *ndiyo* kereke; ndiye
wokutaŋga, ɗaŋgwe *raʋakamuka* kuʋa-
kafa; kuti iye aʋe mukuru paȥinhu ȥose.
19 Nokuti *Ɓaɓa* ʋakafara naȥo, kuti ku-
zara kwose kugare maari, 20 kuti naye
ayananise ȥinhu ȥose kwaari, amboita
rugare neropa romucinjikwa wake; na-
iye, kunyaŋge ȥiri panyika, kunyaŋge
ȥiri kuɗeŋga. 21 Nemi ʋo, kare ma-
iʋa ʋaeni naʋaʋeŋgi pakufuŋga kwenyu
pamaɓasa enyu akaipa, 22 asi ȥino
waka*ku*yananisai pamuʋiri wenyama
yake, nokufa kwake, kuti akuisei pa-
mberi pake muri ʋatşene, musinemhoşa,
musiŋgapomerwi, 23 kana muciŋgo-
rambira pakutenda, makateyiwa, mu-
mire makasimba, musiŋgabviswi pata-
riro yeEvaŋgeri yamakanzwa, yakapa-
ridzirwa ȥisikwa ȥose pasi pokuɗeŋga;
iyo *Evaŋgeri* yandakaitwa mushumiri
wayo, ini Pauro.

*Kutambudzika kwaPauro pamsoro paʋo.*

24 Ȥino ndinofara pakutambudzika
kwaŋgu nokuɗa kwenyu, ndicizadzisa
panyama yaŋgu ȥakasara pamaɗa-
mbudziko aKristu, nokuɗa kwomuʋiri
wake, iyo kereke; 25 iyo yandakaitwa
mushumiri wayo seȥandakagoʋerwa
naMŋari pamsoro penyu, kuti ndiza-
dzise shoko raMŋari; 26 *ndico* caka-
ʋanzika, cakaŋga cakafukidzwa kubvira
pakutaŋga kweŋguʋa nendudzi, asi
ȥino cakaratidzwa ʋatşene ʋake;
27 kunaiʋo Mŋari waakaɗa kuʋaziʋisa
ʋufumi bgokubginya kwecakaʋanzika
icoci pakati paʋahedeni, cokuti, Kristu
mukati menyu, tariro yokubginya;
28 iye watinoparidza isu, ticiraira mu-
nhu mumŋe nomumŋe, ticidzidzisa
munhu mumŋe nomumŋe noʋucenjeri
bgose, kuti tiise munhu mumŋe no-

mumŋe akakwana munaKristu; 29 ndi-
ɀo ɀandinoɓatira ʋo, ndicirwa, *ɀiciitwa*
nokuɓata kwake kunoɓata mukati maŋgu
nesimba.

**2** 1 Nokuti ndinoɗa kuti muziʋe
kurwa kukuru kwandinako pa-
msoro penyu, naʋari paRaodikia,
naʋose ʋasina-kumboʋona ciso caŋgu
panyama; 2 kuti mŋoyo yaʋo isi-
mbiswe, ʋasuŋganidzwe muruɗo, *ʋaʋe*
nefuma yose yokunzwisisa kwakakwana,
kuti ʋaziʋe kwaɀo cakaʋanzika caMŋa-
ri, iye Kristu; 3 maari fuma yose
yoʋucenjeri nokuziʋa yakaceŋgetwa.
4 Ndinoreʋa iɀi, kuti kurege kuʋa
nomunhu unokurashai namashoko
anonyeŋgera. 5 Nokuti kunyaŋge
ndisi'po panyama, ndiri'po nemi pa-
mŋeya, ndinofara ndiciʋona kunzwana
kwenyu, nokusimba kwokutenda kwe-
nyu munaKristu.

*Unoʋanyeʋera kuti ʋarege kutsauswa.*

6 Naiɀoɀo seɀamakagamucira Kristu
Jesu, Ishe, fambai maari, 7 mune-
midzi *yenyu* nokuʋakwa *kwenyu* maari,
makasimbiswa pakutenda, seɀamaka-
dzidziswa, mucinyanya kuʋoŋga.
8 Cenjerai, kuti murege kutapxa
nomunhu noʋucenjeri, nokunyeŋgera
kusinamaturo, aciteʋera tsika dzaʋanhu
neɀokuʋamba ɀenyika, asiŋgateʋeri
Kristu. 9 Nokuti kuzara kwoʋu-
Mŋari kunogara maari pamuʋiri.
10 Maari nemi ʋo makazadzwa, iye
musoro waʋaɓati ʋose namasimba;
11 iye wamakadziŋgiswa ʋo maari
nokudziŋgiswa kusiŋgaitwi namaʋoko,
muʋiri wenyama ucibviswa, nokudzi-
ŋgiswa kuri kwaKristu; 12 makaʋigwa
pamŋe cete naye pakubapatidzwa, pama-
kamutswa ʋo pamŋe cete naye noku-
tenda kwenyu simba raMŋari waka-
mumutsa kuʋakafa. 13 Nemi, imi
makaŋga makafa pakuɗarika kwenyu
napakusadziŋgiswa kwenyama yenyu,
wakakupai ʋupenyu pamŋe cete naye,
akatikaŋganwira kuɗarika kweɗu kwose,
14 akadzima rugwaro rwakaŋga rucirwa
nesu paɀireʋo *ɀarwo*, rucipesana nesu;
akarubvisa irwo pakati *peɗu*, akaruro-
ʋera pamucinjikwa; 15 akaparadza ʋa-
ɓati namasimba, akaʋaɓuɗisa pacena,
akaʋakunda mauri.
16 Naiɀoɀo munhu ŋgaarege kuʋa'po
unokutoŋgai paɀokudya, kana ɀoku-
nwa, kana nokuɗa kwomusi womuta-
mbo, kana pakugara kwomŋedzi, kana
pasaɓata; 17 iɀi mumvuri weɀicaʋuya;
asi muʋiri ndowaKristu. 18 Munhu
ŋgaarege kuʋa'po unokutorerai muɓairo
wenyu namaʋune, nokuɀininipisa no-
kunamata ʋatumŋa, aciʋimba neɀa-
akaʋona, aciɀikudza pasina nokufuŋga
kwenyama, 19 asiŋgaɓatisisi Musoro,
uyo, maari muʋiri wose unosimbi-
swa nokusuŋganidzwa neɀisuŋgo na-
marunda, ndokukura nokukurisa kwa-
Mŋari.
20 *Ɀino* kana makafa pamŋe cete
naKristu kuneɀokuʋamba ɀenyika, mu-
noɀiisireiko pasi pemirairo, somu-
gere munyika, 21 *mirairo inoti:* Usa-
ɓata, usaraʋira, usagunɀa, 22 (iɀi
ɀose ɀinofanira kuparadzwa kana ɀo-
ɓatwa naɀo); muciteʋera mirairo
nedzidziso dzaʋanhu? 23 Ɀinhu ɀaka-
ɗai ɀakaita seɀinoʋucenjeri, pakuna-
mata *Mŋari* nokuɗa *kwaʋo*, noku-
ɀininipisa, nokutambudza muʋiri; *asi*
haɀinesimba rokukunda kuciʋa kwe-
nyama.

*Iʋai ʋatȿene, muciɗana.*

**3** 1 Naiɀoɀo, kana makamutswa
pamŋe cete naKristu, tȿakai ɀiri
kumsoro, uko kunaKristu, ugere
kurudyi rwaMŋari. 2 Fuŋgai ɀiri ku-
msoro, musafuŋga ɀiri pasi. 3 Nokuti
makafa, ʋupenyu bgenyu bgakaʋigwa
pamŋe cete naKristu munaMŋari.
4 Kana Kristu, iye ʋupenyu bgeɗu,
aciʋonekwa, nemi ʋo mucaʋonekwa
pamŋe cete naye pakubginya.
5 Naiɀoɀo ʋurayai mitezo yenyu iri
panyika, *inoti*: Ʋupombge, netȿina,
nokushumba, nokuɗa ɀakaipa, noku-
ciʋa, ndiko kunamata ɀifananidzo.
6 Nokuɗa kwaiɀoɀi kutsamŋa kwa-
Mŋari kunoʋuya pamsoro paʋana ʋoku-
saterera; 7 nemi ʋo maifamba maɀiri
kare, maigara muɀinhu iɀi. 8 Asi ɀino,
imi ʋo, bvisai iɀi ɀose, *ɀinoti*: Hasha,
nokutsamŋa, nokuʋeŋga, nokutuka,
nokutaura ɀinonyadzisa nomuromo
wenyu. 9 Regai kureʋerana nhema,
ɀamakabvisa munhu wekare namaɓasa
ake, 10 mukafuka munhu mutȿa, uno-
ʋandudzwa pakuziʋa, afanane nowa-
kamusika; 11 apo hapana-muGiriki
nomuJuda, kudziŋgiswa nokusadzi-
ŋgiswa, mutorwa nomuSitia, musuŋgwa

nowakasunuŋguka; asi Kristu ndiye
ȥose, ʋuye uri munaʋose.
12 Naiȥoȥo, saʋasanaŋgurwa ʋaMŋari,
ʋatşene naʋanoɗikanwa, fukai mŋoyo
unetsitsi, nomŋoyo munyoro, nokusa-
ȥikudza, noʋunyoro, nomŋoyo murefu;
13 muitirane mŋoyo murefu, mucika-
ŋganwirana, kana munhu anemhoşa
nomumŋe; Ishe seȥaakakukaŋganwirai,
muite saiȥoȥo nemi ʋo. 14 Ȥino
pamsoro peȥinhu iȥi ȥose *fukai* ruɗo,
ndico cisuŋgo cinokwanisa. 15 Noru-
gare rwaKristu ŋgaruteme ȥireʋo mu-
mŋoyo yenyu, ndirwo rwamakaɗani-
rwa ʋo mumuʋiri mumŋe; iʋai noku-
ʋoŋga. 16 Shoko raKristu ŋgarigare
mukati menyu riwande; nokucenjera
kwose mudzidzisane, nokurairana nama-
pisarema, nenziyo, neȥiimbo ȥomŋeya,
muimbire Mŋari nenyasha mumŋoyo
menyu; 17 ʋuye ȥose ȥamunoita, ka-
na ȥiri ȥeshoko kana ɓasa, itai ȥose
nezita raShe Jesu, muciʋoŋga Mŋari
Ɓaɓa naye.

*Ʋakristu mumba maʋo.*

18 Ʋakadzi, muȥiise pasi paʋaru-
me ʋenyu, seȥaȥakafanira munaShe.
19 Ʋarume, iɗai ʋakadzi ʋenyu, regai
kuʋa nehasha naʋo. 20 Ʋana, tererai
ʋaɓereki ʋenyu paȥinhu ȥose, nokuti
ndiȥo ȥakanaka munaShe. 21 Madzi-
ɓaɓa, regai kunetsa ʋana ʋenyu, kuti
ʋarege kuʋora mŋoyo. 22 Ʋaranda,
tererai paȥinhu ȥose ʋatenzi ʋenyu
panyama; regai kuɓata pamberi pameso
aʋo, saʋafadzi ʋaʋanhu, asi nomŋoyo
wakarurama mucitya Ishe. 23 Ȥose
ȥamunoita, muȥiitei nomŋoyo *wo-
se*, sokunaShe, musiŋgaitiri ʋanhu;
24 muciziʋa kuti mucapiwa naShe
muɓairo wenhaka; *nokuti* munoɓatira
Ishe Kristu. 25 Nokuti unoita ȥisa-
karurama, ucapiwa ȥisakarurama ȥa-
akaita; haȥizi ȥinoʋonekwa ȥomunhu
ȥinotendwa.

4 1 Madzishe, itirai ʋaranda ʋenyu
ȥakarurama, ȥakariŋgana; muziʋe
kuti nemi ʋo munaShe kuɗeŋga.

*Nyeŋgeterai, mucenjere pamufambire wenyu namashoko enyu.*

2 Tsuŋgirirai pakunyeŋgetera, mu-
rinde pakuri nokuʋoŋga; 3 muti-
nyeŋgeterere nesu ʋo kamŋe, kuti
Mŋari atizarurire mukoʋa weshoko,
titaure cakaʋanzika caKristu, canda-
kasuŋgirwa ico; 4 kuti ndiciratidze,
seȥandinofanira kutaura. 5 Fambai
nokucenjera kunaʋari kunze, muci-
ŋgwarira ŋguʋa *yenyu.* 6 Kutaura
kwenyu ŋgakuʋe nenyasha ŋguʋa
dzose, kwakaruŋgwa nomunyu, kuti
muziʋe kupindura mumŋe nomumŋe
seȥamunofanira kuita.

*Unotuma Tikiko naOnesimo.*

7 Mucaziʋiswa ȥaŋgu ȥose naTikiko,
hama inoɗikanwa, mushumiri waka-
tendeka, nomuranda pamŋe cete neni
munaShe. 8 Ndakamutuma iye kwa-
muri nemhaka iyi, kuti muziʋe ȥeɗu,
anyaradze mŋoyo yenyu; 9 pamŋe
cete naOnesimo, hama yakatendeka,
inoɗikanwa, mumŋe wokwenyu. Iʋo
ʋacakuziʋisai ȥose ȥapano.

*Kuwonekana.*

10 Aristarko, musuŋgwa pamŋe cete
neni, unokukwazisai, naMarko, hama
yaBarnabasi, (makarairwa pamsoro pake;
kana acişika, mumugamucirei); 11 na-
Jesu, unonzi Justo, ʋari ʋokudziŋgiswa;
ndiʋaʋa ɓedzi ʋanoɓata neni paʋu-
she bgaMŋari, iʋo ʋakandinyaradza.
12 Epafrasi, mumŋe wokwenyu, mu-
randa waKristu Jesu, unokukwazisai,
acirwa ŋguʋa dzose pakunyeŋgetera
nokuɗa kwenyu, kuti mumire maka-
kwana, muciziʋa kwaȥo kuɗa kwose
kwaMŋari. 13 Nokuti ndinomupupuri-
ra, kuti unotambudzika ȥikuru nokuɗa
kwenyu, naʋeRaodikia, naʋeHirapori.
14 Ruka, ŋaŋga inoɗikanwa, naDemasi,
ʋanokukwazisai. 15 *Ndi*kwazisirei ha-
ma dziri Raodikia, naNimfa, nekereke
iri mumba maʋo. 16 Kana ŋwadi iyi
yarabga pakati penyu, ŋgairabge ʋo
mukereke yaʋaRaodikia; imi ʋo mu-
raʋe ŋwadi inobva Raodikia. 17 Ʋu-
dzai Arkipo, *muti*: Tarira ɓasa ra-
wakapiwa naShe, kuti uripedzise
kwaȥo. 18 Ndiko kukwazisa kwaŋgu,
ini Pauro, noruʋoko rwaŋgu. Raŋga-
rirai kusuŋgwa kwaŋgu. Nyasha ŋga-
dziʋe nemi.

# ŊWADI YAPAURO YOKUTAŊGA KUʋATESARONIKA

*Kwaziso.*

1 1 Pauro, naSirvano, naTimotio,
kukereke yaʋaTesaronika, iri
munaMŋari, Ɓaɓa, naShe Jesu
Kristu: Nyasha ŋgadziʋe nemi noru-
gare.

*Kuvoŋga kwaPauro.*

2 Tinoʋoŋga Mŋari ŋguʋa dzose
nokuɗa kwenyu mose, ticikuraŋgarirai
pakunyeŋgetera kweɗu; 3 ticiramba
ticiraŋgarira ɓasa renyu rinobva paku-
tenda, nokutamburira *vamŋe* kunobva
paruɗo, nokutsuŋgirira kunobva pa-
tariro munaShe weɗu, Jesu Kristu,
pamberi paMŋari, Ɓaɓa ʋeɗu; 4 tino-
ziʋa, hama dzinoɗikanwa naMŋari,
kusanaŋgurwa kwenyu. 5 Nokuti
Evaŋgeri yeɗu haina-kuʋuya kwamuri
neshoko ɓedzi, asi nesimba ʋo, nomu-
Mŋeya Mutşene, nokuziʋa kwaȥo;
seȥamunoziʋa kuti takaŋga takaɗini
pakati penyu nokuɗa kwenyu. 6 Nemi
makaʋa ʋateʋeri ʋeɗu naʋaShe, ȥama-
kagamucira Shoko mumaɗambudziko
mazhinji, nomufaro woMŋeya Mutşene;
7 naiȥoȥo makatuŋgamirira ʋose ʋano-
tenda muMakedonia neAkaya. 8 No-
kuti shoko raShe, rakabva kwamuri,
rakanzwika, kusati kuri kuMakedonia
neAkaya ɓedzi, asi kutenda kwenyu
kunaMŋari kwakaşika kwose; naiȥoȥo
hatifaniri kutaura cinhu. 9 Nokuti iʋo
ʋamene ʋanoparidza kupinda kweɗu
kwamuri, kuti kwakaŋga kwakaɗini;
ʋuye, kuti makatendeʋukira kuna-
Mŋari, mucibva paȥifananidzo, kuti
muɓatire Mŋari mupenyu waȥokwaɗi,
10 nokumirira Mŋanakomana wake
pakubva kwake kuɗeŋga, iye waaka-
mutsa kuʋakafa, ndiye Jesu unotisu-
nuŋgura pakutsamŋa kunoʋuya.

*Pauro unovayevudzira kuti wakaɓata sei pakati pavo.*

2 1 Nokuti nemi, hama *dzaŋgu*,
munoziʋa kuti kupinda kweɗu
kwamuri hakuna-kuʋa pasina.
2 Asi takati tatambudzika nokuitirwa
ȥakaipa paFiripi, seȥamunoziʋa, taka-
tsuŋga munaMŋari weɗu, tikakupari-
dzirai Evaŋgeri yaMŋari pakati pokudzi-
ʋiswa kukuru. 3 Nokuti kuraira kweɗu
hakuna-kubva pakurashika, kana paku-
fuŋga kwakaipa, kana pakunyeŋgera;
4 asi seȥatakatendiwa naMŋari, kuti
tipiwe Evaŋgeri, ndiȥo ȥatinotaura;
tisiŋgaiti kuti tifadze ʋanhu, asi Mŋari
unoidza mŋoyo yeɗu. 5 Nokuti,
seȥamunoziʋa, hatina-kutoŋgoreʋa na-
mashoko okuɓata kumeso, kana na-
mano-mano okukarira fuma, Mŋari
capupu; 6 tisiŋgatşaki kukudzwa na-
ʋanhu kana nemi, kana naʋamŋe,
kunyaŋge taigona kukuremedzai, ȥatiri
ʋaapostora ʋaKristu. 7 Asi takaŋga
tiri ʋanyoro pakati penyu, somureri
kana aciʋaraidza ʋana ʋake; 8 saiȥoȥo
takakushuʋai kwaȥo, tikati ȥakanaka
kuti tirege kugoʋana nemi Evaŋgeri
yaMŋari ɓedzi, asi kunyaŋge nemŋeya
yeɗu ʋo, nokuti makaŋga maɗikanwa
nesu kwaȥo. 9 Nokuti, hama *dzaŋgu*,
munoraŋgarira kutambudzika nokurwa
kweɗu; taiɓata ʋusiku namasikati, kuti
tirege kuremedza mumŋe wenyu,
tikakuparidzirai Evaŋgeri yaMŋari.
10 Imi muri ȥapupu, naMŋari ʋo,
kuti taifamba noʋutşene nokururama,
tisina-catiŋgapomerwa kwamuri, imi
ʋanotenda. 11 Seȥamunoziʋa kuti
*takaita* nemi, mumŋe nomumŋe wenyu,
saɓaɓa *vanoita* naʋana ʋaʋo, 12 tici-
kurairai, ticikusimbisai, ticikupupuri-
rai, kuti mufambe ȥakafanira Mŋari,
iye unokuɗanirai kuʋushe bgake noku-
bginya *kwake*.
13 Saka isu ʋo tinoramba ticiʋoŋga
Mŋari, kuti paŋguʋa yamakagamucira
shoko, iro shoko raMŋari, ramakanzwa
kwatiri, hamuna-kurigamucira seshoko
raʋanhu, asi seshoko raMŋari, (riri
iro ȥirokwaȥo) rinoɓata ʋo mukati
menyu, imi munotenda. 14 Nokuti
imi, hama *dzaŋgu*, makaʋa ʋateʋeri
ʋekereke dzaMŋari dziri muJudea
munaKristu Jesu; nokuti nemi ʋo
makatambudzwa saiȥoȥo noʋokwenyu,
seȥa*vakatambudzwa* iʋo naʋaJuda.
15 Ndiʋo ʋakaʋuraya Ishe Jesu naʋa-
profita, ʋakatidziŋga isu, ʋasiŋgafadzi

Mŋari, ʋacirwa naʋanhu ʋose; 16 ʋa-
notidziʋisa kuti tirege kuparidzira
ʋahedeni, kuti ʋaponeswe; kuti ʋarambe
ʋacizadzisa ɀiʋi ɀaʋo; asi kutsamŋa
kwakaɓurukira pamsoro paʋo kuȿikira
pakuguma.

*Pauro unoɗa ɀikuru kuvona vaTesaronika ɀe.*

17 Ɀino isu, hama *dzaŋgu*, ɀataka-
paradzaniswa nemi ciŋguʋa ciɗuku
pamuʋiri, pasati pari pamŋoyo, taka-
shiŋgairira ɀikuru nokushuʋa kukuru
kuti tiʋonane nemi paciso; 18 naiɀoɀo
taiɗa kuʋuya kwamuri, ini Pauro,
kamŋe ʋuye ɀe rwecipiri, asi Satani
wakatidziʋisa. 19 Nokuti tariro yeɗu
ndeipiko, kana mufaro, kana korona
yokuɀirumbidza nayo? Hamuzimi here,
pamberi paShe weɗu Jesu pakuʋuya
kwake? 20 Nokuti imi muri kubginya
kweɗu nomufaro weɗu.

3 1 Saka ɀatakaŋga tisiŋgagoni
kutsuŋga, takati ɀakanaka kuti ti-
siyiwe tiri toga paAtene; 2 tika-
tuma Timotio, hama yeɗu, mushumiri
waMŋari paEvaŋgeri yaKristu, kuti
akusimbisei, nokukutsuŋgisai mŋoyo
pakutenda kwenyu; 3 kuti kurege ku-
ʋa nomunhu unozunuŋguswa nenhamo
idzi, nokuti munoziʋa mumene kuti
takagadzirirwa iɀoɀo. 4 Nokuti ticiri
kwamuri takambokuʋudzai kuti tica-
tambudzwa; seɀaɀakaitika, nemi mu-
noziʋa. 5 Saka ini ʋo, ɀandakaŋga
ndisicagoni kutsuŋga, ndaka*mu*tuma
kuti ndiziʋe kutenda kwenyu, *ndiciti*
ɀimŋe muidzi wakakuidzai, iɀo ɀataka-
ɓata ɀikaʋa pasina. 6 Asi ɀino Timotio
wakati aȿika kwatiri acaŋgobva kwa-
muri, akatiʋudza mashoko akanaka
okutenda kwenyu noruɗo rwenyu, ʋuye
kuti munoŋgositifuŋga nomuraŋgariro
wakanaka, muciɗa ɀikuru kutiʋona isu,
sesu ʋo ticiɗa kukuʋonai imi; 7 saka,
hama *dzangu*, takanyaradzwa pamsoro
penyu pakutambudzika kweɗu kwose
nenhamo nokutenda kwenyu; 8 no-
kuti ɀino isu tinorarama, kana imi
mumire makasimba munaShe. 9 No-
kuti tiŋgaʋoŋga Mŋari neiko pamsoro
penyu, nomufaro wose watinofara nawo
pamberi paMŋari weɗu nokuɗa kwenyu,
10 ticiŋgokumbira ɀikuru ʋusiku nama-
sikati kuti tiʋone ciso cenyu, kuti
tizadzise ɀakatairira pakutenda kwenyu?
11 Ɀino iye Mŋari, Ɓaɓa ʋeɗu,
naShe weɗu Jesu, ŋgaaruramisire
nzira yeɗu kwamuri; 12 ishe akuku-
risei, akuwanzisirei ruɗo pakati penyu
nokunaʋose, seɀatinoita isu kwamuri,
13 asimbise mŋoyo yenyu kuti iʋe
isina-caiŋgapomerwa paʋutȿene pa-
mberi paMŋari, Ɓaɓa ʋeɗu, pakuʋuya
kwaShe weɗu Jesu pamŋe cete naʋa-
tȿene ʋake ʋose.

*Unovaraira kuti vave vatȿene, vaɗane, vashiŋgaire paɓasa.*

4 1 Naiɀoɀo pakupedzisira, hama
*dzaŋgu*, tinokumbira kwamuri, no-
kukurairai munaShe Jesu, kuti,
seɀamakadzidza kwatiri mutoʋo wamu-
nofanira kufamba nokufadza Mŋari
nawo, seɀamunofamba ʋo, kuti muwa-
nze nokuwanzisisa *panaiɀoɀo*. 2 No-
kuti munoziʋa mirairo yatakakupai
naShe Jesu. 3 Nokuti kuɗa kwaMŋari
ndibgo ʋutȿene bgenyu, murege ʋupo-
mbge; 4 kuti mumŋe nomumŋe
wenyu aziʋe kuɀiwanira mudziyo wake
noʋutȿene nokukudzwa, 5 asiŋgaiti
nokukara kwokuciʋa, saʋahedeni, ʋasi-
ŋgaziʋi Mŋari; 6 munhu ŋgaarege
kuitira hama yake ɀakaipa kana kumu-
nyeŋgera pacinhu ici, nokuti Ishe
ndiye mutsiʋi weɀinhu iɀoɀo ɀose,
seɀatakakuʋudzai ʋo nokukupupurirai
kwaɀo. 7 Nokuti Mŋari haana-kuti-
ɗanira tȿina, asi muʋutȿene. 8 Naiɀoɀo
unoramba *iɀoɀo*, haarambi munhu, asi
Mŋari, unokupai Mŋeya wake, iwo
Mutȿene.
9 Ɀino, kana ruri ruɗo pakati pehama,
hamufaniri kuti munyorerwe, nokuti
imi mumene makadzidziswa naMŋari
kuti muɗane; 10 nokuti ndiɀo ɀamu-
noitira hama dzose dzeMakedonia yose,
asi tinokurairai, hama *dzaŋgu*, kuti
muwanze nokuwanzisisa *panaiɀoɀi*;
11 shiŋgairirai *kuva* norugare, mumŋe
nomumŋe aɓate ɀake, muciɓate-ɓasa
namaʋoko enyu, seɀatakakurairai;
12 kuti mufambe nomutoʋo waka-
fanira kunaʋari kunze, musiŋgashaiwi
cinhu.

*Kumuka kwavakafa nokudzoka kwaKristu.*

13 Ɀino, hama *dzaŋgu*, hatiɗi kuti
mushaiwe kuziʋa pamsoro paʋaʋete,
kuti murege kucema saʋamŋe ʋasine-
tariro. 14 Nokuti kana ticitenda kuti

Jesu wakafa, akamuka ȥe, saiȥoȥo ʋo
aʋo ʋakaʋata munaJesu, Mŋari uca-
ʋaʋuyisa pamŋe cete naye. 15 Nokuti
tinokuʋudzai neshoko raShe, kuti isu
ʋapenyu, ʋakasara kuȿikira pakuʋuya
kwaShe, hatiŋgatoŋgotaŋgiri ʋakaʋata.
16 Nokuti Ishe amene ucaɓuruka ku-
deŋga nokuɗanidzira, nenzwi romu-
tumŋa mukuru, nehwamanda yaMŋari;
ʋakafa munaKristu ʋacataŋga kumuka;
17 ȥino isu ʋapenyu, ʋakasara, tica-
torwa pamŋe cete naʋo mumakore, kuti
ticiŋgamidze Ishe muɗeŋga; naiȥoȥo
ticaʋa naShe ŋguʋa dzose. 18 Naiȥoȥo
nyaradzanai namashoko awa.

5 1 Asi kana dziri ŋguʋa nemisi,
hama *dzaŋgu*, hamufaniri henyu
kuti munyorerwe cinhu; 2 nokuti
imi mumene munoziʋa kwaȥo, kuti
zuʋa raShe rinoȿika sembava ʋusiku.
3 Kana ʋaciti, Rugare, nokugarika
—ipapo kuparadzwa kucakurumidza
kuʋawira, sokurwadzwa kwomukadzi
unemimba; haʋaŋgatoŋgopukunyuki.
4 Asi imi, hama *dzaŋgu*, hamuzi
murima, kuti zuʋa iro rikuɓatei se-
mbava. 5 Nokuti imi mose muri ʋana
ʋeciedza, naʋana ʋamasikati; hatizi
ʋoʋusiku, kana ʋerima. 6 Naiȥoȥo
ŋgatirege kuʋata saʋamŋe, asi tirinde,
tiȿinuke. 7 Nokuti ʋanoʋata, ʋanoʋata
ʋusiku; ʋanoɓatwa neɗoro, ʋanoɓatwa
ʋusiku. 8 Asi isu, ȥatiri ʋamasikati,
ŋgatiȿinuke, takapfeka cidzitiro ceci-
fuʋa cokutenda noruɗo; neŋgowani iʋe
tariro yoruponeso. 9 Nokuti Mŋari
haana-kutiisira kutsamŋa, asi kuti ti-
wane ruponeso naShe weɗu Jesu
Kristu; 10 wakatifira isu, kuti, kana
ticirinda, kana ticiʋata, tirarame pamŋe
cete naye. 11 Saka nyaradzanai,
musimbisane, seȥamunoita ʋo.

*Kunyevera kwokupedzisira nokuwonekana.*

12 Ȥino tinokumbira kwamuri, hama
*dzaŋgu*, kuti muziʋe aʋo ʋanoɓata
pakati penyu, ʋanokutuŋgamirirai mu-
naShe, ʋanokurairai; 13 muʋakudze
ȥikuru noruɗo, nokuɗa kweɓasa raʋo.
Iʋai norugare pakati penyu. 14 Tino-
kumbira ȥikuru kwamuri, hama *dzaŋgu*,
kuti muraire ʋasiŋgatereri murairo,
musimbise ʋanopera mŋoyo, mutsigire
ʋasinesimba, muʋe nomŋoyo murefu
kunaʋose. 15 Cenjerai kuti mumŋe
arege kutsiʋa mumŋe ȥakaipa neȥa-
kaipa; asi ŋguʋa dzose muteʋere ȥi-
nhu ȥakanaka, mumŋe kunomumŋe,
nokunaʋose. 16 Farai ŋguʋa dzose.
17 Rambai mucinyeŋgetera. 18 Ʋo-
ŋgai paȥinhu ȥose; nokuti ndiko kuɗa
kwaMŋari kwamuri munaKristu Jesu.
19 Musadzima Mŋeya; 20 musaȥidza
ȥinoprofitwa; 21 idzai ȥinhu ȥose;
muɓatisise ȥakanaka; 22 regai maru-
dzi ose eȥakaipa.
23 Mŋari worugare amene ŋgaakuitei
ʋatȿene kwaȥo; Mŋeya wenyu, no-
mŋoyo, nomuʋiri, ȥiceŋgetwe kwaȥo,
ȥisina-ȥaȥiŋgapomerwa pakuʋuya kwa-
She weɗu Jesu Kristu. 24 Wakate-
ndeka ndiye unokuɗanai, ucaȥiita ʋo.
25 Hama *dzaŋgu*, tinyeŋgetererei.
26 Kwazisai hama dzose nokuȿeta
kutȿene. 27 Ndinokupikirai naShe,
kuti ŋwadi iyi iraʋirwe hama dzose.
28 Nyasha dzaShe weɗu Jesu ŋgadziʋe
nemi.

---

# ŊWADI YAPAURO YECIPIRI KUƲATESARONIKA

*Kwaziso.*

1 1 Pauro, naSirvano, naTimotio,
kukereke yaʋaTesaronika muna-
Mŋari, Ɓaɓa ʋeɗu, naShe Jesu
Kristu: 2 Nyasha ŋgadziʋe nemi,
norugare runobva kunaMŋari, Ɓaɓa,
naShe Jesu Kristu

*Pauro unovoŋga nokuti vanomira nesimba.*

3 Tinofanira kuʋoŋga Mŋari ŋguʋa
dzose pamsoro penyu, hama *dzaŋgu*,
seȥaȥakafanira, nokuti kutenda kwenyu
kunokura kwaȥo, noruɗo rwenyu mose,
mumŋe nomumŋe kunaʋamŋe, runo-

wanda; 4 nokuɗaro isu timene tinoȥi-
rumbidza mamuri pakereke dzaMŋari
pamsoro pokutsuŋgirira kwenyu, noku-
tenda *kwenyu* mukutambudzika kwenyu
kwose nenhamo dzose dzamunadzo.
5 Ndiȥo ȥinoratidza kutoŋga kwaka-
rurama kwaMŋari; kuti mugonzi maka-
fanirwa noʋushe bgaMŋari, bgamuno-
tambudzikira ʋo; 6 ȥaȥakarurama
kunaMŋari, kuti atsiʋe nokutambu-
dzika iʋaʋo ʋanokutambudzai; 7 nemi
munotambudzwa, kuti mupiwe kuzo-
rora pamŋe cete nesu pakuʋonekwa
kwaShe Jesu, kana acibva kuɗeŋga
naʋatumŋa ʋesimba rake, 8 mumŋo-
to unopfuta, acitsiʋa aʋo ʋasiŋgaziʋi
Mŋari, naʋasiŋgatereri Evaŋgeri yaShe
weɗu, Jesu; 9 iʋo ʋacarobga noku-
paradzwa kusiŋgaperi, kuti ʋabve pa-
mberi paShe, napakubginya kwesimba
rake, 10 kana aciʋuya kuzorumbidzwa
muʋatṣene ʋake, nokukanukirwa muna-
ʋose ʋanotenda nezuʋa irero; (nokuti
kupupura kweɗu kwamuri kwakate-
ndwa). 11 Naiȥoȥo tinokunyeŋgete-
rerai ʋo ŋguʋa dzose, kuti Mŋari weɗu
ati, makafanirwa nokuɗanwa kwenyu,
akwanise nesimba rake kuɗa kwenyu
kwose kuita ȥakanaka namaɓasa ose
okutenda; 12 kuti zita raShe weɗu
Jesu rirumbidzwe mamuri, nemi maari,
seȥadzakaita nyasha dzaMŋari weɗu
nedzaShe Jesu Kristu.

*Kuvuya kwaKristu naAntikristu.*

**2** 1 Ȥino tinokumbira kwamuri,
hama *dzaŋgu*, pamsoro pokuʋuya
kwaShe weɗu Jesu Kristu, no-
kuʋuŋgana kweɗu kwaari; 2 kuti
murege kukurumidza kuzunuŋguswa
pakufuŋga kwenyu, kana kuvunduswa,
kana nomŋeya, kana neshoko, kana
neŋwadi, inonzi inobva kwatiri, muciti
zuʋa raKristu ratoṣika; 3 ŋgakurege
kuʋa nomunhu unokunyeŋgerai nomu-
toʋo upi noupi; nokuti *hariṣiki*, kana
kutsauka kusati kwataŋga kuʋuya,
nomunhu weȥiʋi, mŋanakomana woku-
rashika, asati amboʋonekwa, 4 iye,
unorwa aciȥikudza pamsoro peȥose
ȥinonzi Mŋari, kana ȥinonamatwa;
nokuɗaro kuti unogara mutembere
yaMŋari, aciȥiita Mŋari. 5 Hamura-
ŋgariri here kuti, ndiciri kwamuri,
ndakakuʋudzai iȥoȥi? 6 Ȥino muno-
ziʋa cinodziʋisa, kuti aratidzwe ne-
ŋguʋa yake. 7 Nokuti cakaʋanzika
cokusarurama cotoɓate-ɓasa *raco*; asi
*ȥicaitwa* ɓedzi kuṣikira iye unodziʋisa
ȥino acibviswa. 8 Ipapo iye usaka-
rurama ucaʋonekwa, iye ucaʋurawa
naShe Jesu nomŋeya womuromo wake,
aciparadza nokuʋonekwa kwokuʋuya
kwake; 9 kuʋuya kwake iye kwakaita
seɓasa raSatani nesimba rose, neȥira-
tidzo, neȥinoshamisa ȥenhema, 10 no-
kunyeŋgera kwose kwokusarurama
kunaʋanorashika; nokuti haʋana-kuga-
mucira ruɗo rweȥokwaɗi, kuti ʋapo-
neswe. 11 Saka Mŋari unoʋatumira
simba rokukaŋganisa, kuti ʋatende
nhema, 12 kuti ʋose ʋasina-kutenda
ȥokwaɗi, asi ʋakafarira ȥisakarurama,
ʋatoŋgwe.

*Pauro unovoŋga ȥe nokunyeŋgeterera vaTesaronika.*

13 Asi isu tinofanira kuʋoŋga Mŋari
ŋguʋa dzose pamsoro penyu, hama
*dzaŋgu*, ʋaɗikanwa ʋaShe, nokuti
Mŋari wakakusanaŋgurai kubva pa-
kutaŋga, kuti muponeswe muʋutṣene
bgoMŋeya nokutenda ȥokwaɗi. 14 Iȥo
ȥaakakuɗanirai neEvaŋgeri yeɗu, kuti
muwane kubginya kwaShe weɗu Jesu
Kristu. 15 Naiȥoȥo, hama *dzaŋgu*,
mirai makasimba, muceŋgete mirairo
yamakadzidziswa, kana neshoko kana
neŋwadi yeɗu.
16 Ȥino, Ishe weɗu Jesu Kristu
amene, naMŋari, Ɓaɓa ʋeɗu, ʋakatiɗa,
ʋakatipa nenyasha dzaʋo kuʋaraidzwa
kusiŋgaperi netariro yakanaka, 17 ŋga-
ʋaʋaraidze mŋoyo yenyu, ʋakusimbisei
pamaɓasa ose namashoko ose akanaka.

*Unovaraira nokuwonekana navo.*

**3** 1 Pakupedzisira, hama *dzaŋgu*,
mutinyeŋgeterere, kuti shoko raShe
ripfuʋure, rikudzwe, seȥa*ȥinoitwa*
kwenyu ʋo; 2 ʋuye, kuti tisunuŋgurwe
kuʋanhu ʋasakarurama, ʋakaipa; no-
kuti haʋazi ʋose ʋanotenda. 3 Asi
Ishe ndiye wakatendeka, ucakusimbisai,
nokukuceŋgetai kunowakaipa. 4 Ti-
nokutendai munaShe, kuti munoita,
ʋuye mucaramba muciita, iȥo ȥatino-
kurairai. 5 Ishe ŋgaaruramise mŋoyo
yenyu muruɗo rwaMŋari, nomuku-
tsuŋgirira kwaKristu.
6 Ȥino, hama *dzaŋgu*, tinokurairai
nezita raShe weɗu Jesu Kristu, kuti
mubve pahama imŋe neimŋe isiŋga-
fambi netsika dzakafanira, isiŋgatereri
mirairo yamakapiwa nesu; 7 nokuti

imi munoziʋa mumene, kuti munofanira
kutiteʋera isu, nokuti hatina-kufamba
netsika dzisakafanira pakati penyu;
8 hatina-kutoŋgodya ȥokudya ȥomunhu
tisiŋgaripi, asi takaɓate-ɓasa ʋusiku
namasikati, ticitambudzika nokushi-
ŋgaira, kuti tirege kuremedza mumŋe
wenyu; 9 hakuzi kuti hatinesimba, asi
kuti tikutuŋgamirirei, mutiteʋere.
10 Nokuti, neŋguʋa yataiʋa kwamuri,
takakurairai iȥoȥo, kuti kana munhu
aciramba kuɓate-ɓasa, ŋgaarege kudya
ʋo. 11 Nokuti tinonzwa kuti ʋamŋe
pakati penyu haʋafambi netsika dzaka-
fanira, ʋasina-caʋanoɓata, ʋasiŋgaregi
ȥaʋamŋe. 12 Ʋanhu ʋakaɗaro tino-
ʋaraira nokukumbira kwaʋari munaShe
Jesu Kristu, kuti ʋaɓate nokunyarara,
ʋadye ȥokudya ȥaʋo ȥimene. 13 Asi
imi, hama *dzaŋgu*, musaneta pakuita
ȥakanaka. 14 Kana panomunhu usi-
ŋgatereri shoko reɗu reŋwadi iyi,
mutarisise munhu uyo, kuti murege
kufambidzana naye, anyadzwe. 15 Re-
gai henyu kumuidza muʋeŋgi, asi
mumuraire sehama.
16 Ȥino, Ishe worugare amene ŋgaa-
kupei rugare misi yose nemitoʋo yose.
Ishe ŋgaaʋe nemi mose.
17 *Ndiko* kukwazisa kwaŋgu, ini
Pauro, noruʋoko rwaŋgu, ndico ci-
ratidzo paŋwadi dzose; ndinonyora
kuɗai. 18 Nyasha dzaShe weɗu Jesu
Kristu ŋgadziʋe nemi mose.

---

# ŊWADI YAPAURO YOKUTAŊGA KUNATIMOTIO

*Kwaziso.*

1 1 Pauro, muapostora waKristu
Jesu nokuraira kwaMŋari, Mupo-
nesi weɗu, naKristu Jesu, tariro
yeɗu; 2 kunaTimotio, mŋana waŋgu
caiye pakutenda: Nyasha, neŋgoni,
norugare, ȥinobva kunaMŋari Ɓaɓa,
naKristu Jesu, Ishe weɗu, *ŋgaȥive
newe.*

*Timotio ŋgaaraire ʋadzidzisi ʋenhema.*

3 Seȥandakakumbira ȥikuru kwauri,
ini ndicienda Makedonia, *ndinoti*, usare
paEfeso, kuti uraire ʋamŋe ʋarege
kudzidzisa dzimŋe dzidziso; 4 kana
kuraŋgarira ŋgano namazita amadzite-
teguru asiŋgaperi, ȥinoŋgomutsa nharo,
ȥisiŋga*tendisi* ȥakarairwa naMŋari, ȥiri
mukutenda. 5 Asi cinoʋaʋarirwa
nomurairo ndirwo ruɗo runobva pa-
mŋoyo wakacena, napahana yakanaka,
napakutenda kusiŋganyeŋgeri; 6 ʋa-
mŋe ʋakarashika paȥinhu iȥoȥi, ʋaka-
tsaukira kukutaura kusinamaturo;
7 ʋacitʂaka kuti ʋaʋe ʋadzidzisi ʋomu-
rairo, ʋasiŋgaziʋi ȥaʋanoreʋa kana
ȥaʋanosimbisa. 8 Asi tinoziʋa kuti
murairo wakanaka, kana munhu aciita
nawo seȥinoreʋa murairo, 9 aciziʋa
kuti murairo hauna-kuitirwa wakaru-
rama, asi ʋasinehanya nomurairo,
naʋasiŋgatereri, naʋasiŋgaɗi *Mŋari*,
naʋatadzi, naʋasi ʋatʂene, naʋasine-
hanya naMŋari, naʋanoroʋa madziɓaɓa,
naʋanoroʋa madzimai, naʋanoʋuraya
ʋanhu; 10 nemhombge, naʋanopo-
mbora naʋarume, naʋanoɓa ʋanhu,
naʋanoreʋa nhema, naʋanopika nhe-
ma, ʋuye kana cimŋe ciri'ko cinopesana
nedzidziso yakarurama; 11 seȥinoreʋa
Evaŋgeri yokubginya kwaMŋari womu-
faro, yandakapiwa ini.

*Pauro unovoŋga kuti Mŋari wakamuisa paɓasa rake.*

12 Ndinomuʋoŋga iye Kristu Jesu,
Ishe weɗu, wakandipa simba, nokuti
wakati ndakatendeka, akandiisa paɓasa
rake; 13 kunyaŋge ini ndaiʋa mu-
mhuri *waMŋari* kare, nomutambudzi
ndiciitira *ʋanhu* ȥakaipa; asi ndakaitirwa
ŋgoni, nokuti ndakaŋga ndiciȥiita noku-
saziʋa pakusatenda; 14 asi nyasha
dzaShe weɗu dzakawanda ȥikuru noku-
tenda, noruɗo ruri munaKristu Jesu.
15 Ishoko raȥokwaɗi, rinofanira kute-
ndwa kwaȥo, kuti Kristu Jesu wakaʋuya
panyika kuzoponesa ʋatadzi; aʋo, ini
ndiri mukuru waʋo; 16 asi naiȥoȥo
ndakaitirwa ŋgoni, kuti Jesu Kristu

aratidze mŋoyo wake wose murefu
mandiri, ini mukuru *wavatadzi*, kuti
ndiʋe ciratidzo kunaʋanozotenda kwa-
ari, ȥinoʋaisa kuʋupenyu bgusiŋga-
peri. 17 Ȥino iye Ishe usiŋgaperi,
usiŋgafi, usiŋgaʋonekwi, Mŋari woga,
ŋgaaʋe nokukudzwa nokubginya noku-
siŋgaperi-peri. Ameni.

*Pauro unopa Timotio ɓasa rake.*

18 Ɓasa iri, rakarairwa, ndinokupa iro,
iwe Timotio, mŋana *waŋgu*, kuti
seȥaȥakaprofitwa kare pamsoro pako,
urwe pfumo rakanaka maȥiri; 19 waka-
ɓata kutenda nehana yakarurama; iyo
yakarashwa naʋamŋe, ʋakarashikirwa
nokutenda; 20 ʋamŋe ʋaʋo ndiHi-
menio naAreksandro, ʋandakaisa kuna-
Satani, ʋadzidziswe kuti ʋarege ku-
mhura *Mŋari*.

*Vanhu vose ŋgavanyeŋgetererwe.*

2 1 Naiȥoȥo pakutaŋga kweȥose
ndinoraira kuti ʋanhu ʋose ʋaku-
mbiririrwe, ʋanyeŋgetererwe, ʋare-
ʋererwe, ʋaʋoŋgerwe; 2 madzimambo,
naʋose ʋari ʋakuru, kuti tigare norugare
nokunyarara pakunamata *Mŋari* kwose,
nomugarire unokudzwa. 3 Ndiȥo ȥaka-
naka, ȥinofadza pamberi paMŋari,
Muponesi weɗu; 4 uyo unoɗa kuti
ʋanhu ʋose ʋaponeswe, ʋaşike pakuziʋa
ȥokwaɗi. 5 Nokuti kunoŋgoʋa na-
Mŋari mumŋe cete, noMureʋeri mumŋe
cete ʋo, pakati paMŋari naʋanhu,
ndiye munhu Kristu Jesu, 6 wakaȥipa
iye, kuti aʋe rudzikinuro rwaʋose, *cive*
capupu paŋguʋa dzaȥo, 7 ico canda-
kaitirwa mupariidzi nomuapostora
(ndinoreʋa ȥirokwaȥo, handireʋi nhe-
ma), nomudzidzisi waʋahedeni paku-
tenda neȥokwaɗi.

*Ȥinofanira kuita vakadzi.*

8 Naiȥoȥo ndinoɗa kuti ʋarume ʋa-
nyeŋgetere panȥimbo dzose, ʋaci-
simudza maʋoko matşene, ʋasina-
kutsamŋa nenharo. 9 Saiȥoȥo ʋo,
kuti ʋakadzi ʋashoŋge ŋguʋo dzaka-
fanira, ʋanokunyara nokuȥidzora; ʋa-
saʋa nevudzi rakarukwa, nendarama,
kana maparera, kana ŋguʋo dzinodya
mari zhinji; 10 asi *ŋgavashoŋge* maɓasa
akanaka, seȥinofanira ʋakadzi ʋanoti
tinonamata Mŋari. 11 Mukadzi ŋgaa-
dzidze nokunyarara nokuȥiisa pasi
kwose. 12 Asi handitenderi mukadzi
kuti adzidzise, kana kuti aʋe nesimba
pamsoro pomurume, asi ŋgaanyarare.
13 Nokuti Adama wakataŋga kuʋu-
mbgwa, teʋere Eva; 14 naAdama haana-
kunyeŋgerwa, asi mukadzi wakanye-
ŋgerwa akapinda pakuɗarika; 15 asi
ucaponeswa nokuɓereka ʋana, kana
ʋacirambira mukutenda noruɗo, noʋu-
tşene pamŋe cete nokuȥidzora.

*Maɓasa avatuŋgamiriri veKereke.*

3 1 Ishoko raȥokwaɗi, rokuti, kana
munhu acitşaka ɓasa romutariri,
unoɗa ɓasa rakanaka. 2 Naiȥoȥo
mutariri unofanira kuʋa munhu usina-
caaŋgapomerwa, murume womukadzi
mumŋe cete, wakaŋgwara, wakace-
njera, unomugarire wakafanira, unoitira
ʋaeni ruɗo, unoziʋa kudzidzisa,
3 usiŋgaɗi waini, usiŋgarwi; asi mu-
nyoro, usinegakaʋa, usiŋgakariri mari;
4 unoɓata imba yake ȥakanaka, una-
ʋana ʋanoȥiisa pasi nomugarire wose
unokudzwa; 5 (kana munhu asiŋga-
ziʋi kuɓata imba yake, uŋgaceŋgeta
seiko kereke yaMŋari?) 6 Asaʋa *mu-
tendi* mutşa, kuti arege kuzoȥikudza,
atoŋgwe saDiaborosi. 7 Ʋuye ȥe,
unofanira kupupurirwa ȥakanaka naʋari
kunze, kuti arege kuȥidzwa, nokuɓatwa
mumusuŋgo waDiaborosi. 8 Saiȥoȥo
ʋo ʋashumiri ŋgaʋaʋe ʋanokudzwa,
ʋasinamanzwi maʋiri, ʋasiŋgaɗi waini
zhinji, ʋasiŋgakariri fuma yakaipa;
9 ʋanoceŋgeta ȥakaʋanzika ȥokutenda
muhana yakanaka. 10 Naiʋo ŋgaʋa-
taŋge kuidzwa ʋo, ipapo ʋashumire,
kana ʋasina-caʋaŋgapomerwa. 11 Sa-
iȥoȥo naʋakadzi ŋgaʋaʋe ʋanokudzwa,
ʋasiŋgaceri *vamŋe*, ʋakaşinuka, ʋaka-
tendeka paȥose. 12 Ʋashumiri ŋgaʋaʋe
ʋarume ʋanomukadzi mumŋe cete,
ʋanoɓata ʋana ʋaʋo nedzimba dzaʋo
ȥakanaka; 13 nokuti aʋo ʋakashumira
ȥakanaka, ʋanoȥiwanira zita rinokudzwa,
nokutsuŋga kukuru pakutenda *kwavo*
munaKristu Jesu.
14 Ȥinhu iȥi ȥose ndinokunyorera,
ndiciti ndicakurumidza kuʋuya kwauri;
15 ȥino kana ndikanonoka, *ndinoɗa*
kuti uziʋe kuti ʋanhu ʋanofanira
kufamba sei mumba maMŋari, iyo
kereke yaMŋari mupenyu, mbiru neci-
tsigiro ceȥokwaɗi. 16 Hakuna-uŋga-
ramba kuti cakaʋanzika cokunamata
cikuru kwaȥo, *cokuti*: Iye wakaratidzwa
panyama, wakarurarniswa pamŋeya,

wakaʋonekwa naʋatumŋa, wakapari-
dzwa pakati paʋahedeni, wakatendwa
panyika, wakakwidzwa mukubginya.

*Kutsauka paŋguʋa yokupedzisira.*

4 1 Ɀino Mŋeya unoreʋa pacena,
kuti paŋguʋa dzinoʋuya ʋamŋe
ʋacatsauka pakutenda, ʋaciterera
mŋeya inonyeŋgera nedzidziso dze-
mŋeya yakaipa, 2 ʋacinyeŋgerwa naʋa-
noreʋa nhema, ʋakapiswa pahana dzaʋo
neɗare rinopisa, 3 ʋacidziʋisa ʋanhu
kuwanana, nokuraira kuti *ɀimŋe* ɀoku-
dya ɀiregwe, ɀakasikwa naMŋari, kuti
ɀigamucirwe nokuʋoŋga naʋanotenda,
ʋanoziʋa ɀokwaɗi. 4 Nokuti ɀose
ɀakasikwa naMŋari ɀakanaka, haku-
necinhu ciŋgafanira kurashwa, kana
cicigamucirwa nokuʋoŋga; 5 nokuti
cinoitwa citȿene neshoko raMŋari
nokunyeŋgetera.

*Timotio aʋe wakatendeka paɓasa raMŋari.*

6 Kana uciyeʋudzira hama ɀinhu iɀi,
ucaʋa mushumiri wakanaka waKristu
Jesu, wakarerwa namashoko okutenda
needzidziso yakanaka, yawakateʋera
nomŋoyo wose. 7 Asi urambe ŋgano
dzisinehanya naMŋari nedzecembere.
Uɀiroʋedze kunamata Mŋari. 8 No-
kuti kuroʋedza muʋiri kunoɓatsira
ɀishoma haɀo, asi kunamata Mŋari
kunoɓatsira paɀinhu ɀose, ɀakuneci-
pikirwa coʋupenyu bgaɀino nobguno-
ʋuya. 9 Ishoko raɀokwaɗi, rinofanira
kutendwa kwaɀo. 10 Nokuti ndiɀo
ɀatinotambudzikira nokurwira, nokuti
tariro yeɗu iri kunaMŋari mupenyu,
Muponesi waʋanhu ʋose, ɀikuru waʋa-
notenda. 11 Raira nokudzidzisa ɀinhu
iɀi. 12 Munhu ŋgaarege kuʋa'po uno-
ɀidza ʋuɗuku bgako, asi uitire ʋano-
tenda makwara, pashoko napamufa-
mbire, naparuɗo, napakutenda, napa-
kucena *kwomŋoyo*. 13 Shiŋgaira
pakuraʋa, napakuraira, napakudzidzisa,
kuȿikira ndiciʋuya. 14 Usarega kuce-
ŋgeta cipiwa ciri mauri, cawakapiwa
nokuprofita, nokuiswa maʋoko aʋakuru.
15 Shiŋgairira ɀinhu iɀi, uɀiite no-
mŋoyo wose, kuti kupfuʋurira mberi
kwako kuʋonekwe naʋanhu ʋose.
16 Uɀiceŋgete iwe nedzidziso yako.
Urambire paɀinhu iɀi, nokuti kana
uciita iɀoɀi, ucaɀiponesa iwe naʋa-
nokunzwa.

*Ʋatana necirikadzi.*

5 1 Usatuka mukuru, asi umuraire
saɓaɓa, naʋaɗuku saʋanuŋuna,
2 naʋakadzi ʋakuru samadzimai,
naʋaɗuku sehanɀadzi nokucena *kwo-
mŋoyo* kwose. 3 Kudza cirikadzi,
dziri cirikadzi caidzo. 4 Asi kana
cirikadzi inaʋana kana ʋazukuru, ŋga-
ʋataŋge iʋo kudzidza kunamata Mŋari
paimba yaʋo, ʋadzosere ɀakafanira
kuʋaɓereki ʋaʋo, nokuti ndiɀo ɀinofadza
Mŋari. 5 Ɀino kana iri cirikadzi
caiyo, yakasiyiwa iri yoga, ndiyo ino-
ʋimba naMŋari, inogara icikumbira
nokunyeŋgetera ʋusiku namasikati.
6 Asi iyo inokarira ɀinofadza, yakafa
iciri mhenyu. 7 Raira ʋo ɀinhu iɀi,
kuti ʋarege kuʋa necaʋaŋgapomerwa.
8 Asi kana munhu asiŋgaceŋgeti ʋo-
kwake, ɀikuru ʋeimba yake, warasha
kutenda, wakaipa kukunda usiŋgatendi.
9 Cirikadzi ŋgairege kunyorwa *zita*,
asi kana yaȿika makore makumi mata-
nhatu, *yaiʋa* mukadzi womurume
mumŋe cete, 10 inorumbidzwa pa-
msoro pamaɓasa akanaka, kana yakarera
ʋana, kana yaifarira ʋaeni, kana yai-
shambidza tsoka dzaʋatȿene, kana yai-
ɓatsira ʋari munjodzi, kana yaishi-
ŋgairira maɓasa ose akanaka. 11 Asi
urambe cirikadzi kana ʋaciri ʋakadzi
ʋaɗuku, nokuti kana dzopesana na-
Kristu, dzotȿaka kuwanikwa; 12 dzaʋa
nemhoȿa, nokuti dzaramba kutenda
kwokutaŋga; 13 ʋuye ɀe, dzinodzidza
kuʋa noʋusimbe dzicipota nedzimba;
hadzizi simbe ɓedzi, asi ʋaiti ʋo ʋama-
kuhwa, dzisiŋgaregi ɀaʋamŋe, dzici-
taura ɀisakafanira. 14 Naiɀoɀo ndinoɗa
kuti *cirikadzi* ɗuku dziwanikwe, dzi-
ɓereke ʋana, dziceŋgete dzimba *dzadzo*,
kuti dzirege kutoŋgopa muʋeŋgi nzira
yokupomera nayo. 15 Nokuti ʋamŋe
ʋatotsauka ʋaciteʋera Satani. 16 Kana
mukadzi mutendi anecirikadzi, ŋgaa-
dziɓatsire, kereke irege kuremedzwa,
kuti igoɓatsira cirikadzi caidzo.

*Ʋakuru ʋanoɓata naʋanodzidzisa.*

17 Ʋakuru ʋanoɓata *kereke* ɀakanaka
ŋgaʋanzi ʋanofanirwa nokukudzwa ka-
ʋiri, ɀikuru aʋo ʋanoɓata pashoko
napakudzidzisa. 18 Nokuti Rugwaro
runoti: Usasuŋga muromo wenzombe
inopura; ʋuye ɀe: Muɓati wakafanirwa
nomuɓairo wake. 19 Usaŋgotenda
mhaka inopomerwa mukuru, asi *kana*

*icibva* pa*miromo ye*ȥapupu ȥiʋiri kana
ȥitatu. 20 Ʋanotadza uʋaraŋge pa-
mberi paʋose, kuti ʋamŋe ʋagotya.
21 Ndinokuraira kwaȥo pamberi pa-
Mŋari, naKristu Jesu, naʋatumŋa
ʋakasanaŋgurwa, kuti uceŋgete ȥinhu
iȥi usiŋgatoŋgi usati wambonzwa kwaȥo,
kana kuita cinhu ucitsaura *vanhu.*
22 Usakurumidza kuisa maʋoko pa-
msoro pomunhu, kana kusoŋgana paȥiʋi
ȥaʋamŋe; uȥiceŋgete kuti uʋe wakacena.
23 Usaramba uciŋgonwa mvura ɓedzi,
asi unwe waini shoma nokuɗa kwomu-
ɗumbu *mako* noʋutera bgako bguzhinji.
24 Ȥiʋi ȥaʋamŋe ʋanhu ȥinoʋonekwa
pacena, ȥinotuŋgamirira kutoŋgwa
kwaʋo, ʋamŋe ȥe ʋanoteʋerwa naȥo.
25 Saiȥoȥo ʋo kunamaɓasa akanaka
anoʋonekwa pacena, naasina-kuɗaro
haaŋgaʋanzwi.

*Ʋaranda navatenzi.*

6 1 Ʋose ʋari ʋaranda pasi pejoko,
ŋgaʋati ʋatenzi ʋaʋo ʋanofanirwa
nokukudzwa kwose, kuti zita ra-
Mŋari nedzidziso ȥirege kumhurwa.
2 Aʋo ʋanaʋatenzi ʋanotenda, ŋga-
ʋarege kuʋaȥidza ȥadziri hama, asi
ȥikuru ŋgaʋaʋaɓatire, ȥaʋari ʋatendi
naʋanoɗikanwa ʋanoɓatsirwa nokuɓa-
ta *kwavo* kwakanaka. Dzidzisa ȥinhu
iȥi, uȥiraire.

*Kuraira kwokupedzisira.*

3 Kana kunomunhu unodzidzisa imŋe
dzidziso, asiŋgabvumiri mashoko aka-
rurama, mashoko aShe weɗu, Jesu
Kristu, nedzidziso inonzwana noku-
namata Mŋari, 4 unoŋgoȥikudza, asi-
ŋgaziʋi cinhu, asi unoŋgokarira mi-
bvunzo nenharo dzinomutsa goɗo,
negakaʋa, nokutuka, nokufuŋgidzira
kwakaipa, 5 nokukakaʋadzana kusi-
ŋgaperi kwaʋanhu ʋanomuraŋgariro
wakaʋodzwa, ʋakatorerwa ȥokwaɗi,
ʋaciti kunamata Mŋari ndiȥo ȥinofu-
misa. 6 Ȥino kunamata Mŋari pamŋe
cete nokutenda *neȥatinaȥo* ndiȥo ȥino-
fumisa kwaȥo; 7 nokuti hatina-kuʋuya
necinhu panyika, hatigoni ʋo kuɓuɗa
tinecinhu; 8 asi kana tineȥokudya
neȥokufuka, ticatenda naȥo. 9 Asi
ʋanotşaka kufuma, ʋanowira muku-
idzwa nomumusuŋgo, nomukuciʋa kwo-
ʋupenzi kuzhinji kunokuʋadza, ȥino-
nyudza ʋanhu mukuparadzwa noku-
rashwa. 10 Nokuti kuɗa mari ndiwo
mudzi weȥakaipa ȥose; ʋamŋe ʋakati
ʋaciiɗa ȥikuru ʋakatsauswa pakutenda,
ʋakaȥiɓaya neshuŋgu zhinji.
11 Asi iwe, munhu waMŋari, tiza
ȥinhu iȥi; uteʋere kururama noku-
namata Mŋari, nokutenda, noruɗo,
nokutsuŋgirira, noʋunyoro. 12 Urwe
kurwa kwakanaka kwokutenda, uɓatisise
ʋupenyu bgusiŋgaperi, bgawakaɗanirwa
kwabguri, ukapupura kupupura kwa-
kanaka pamberi peȥapupu ȥizhinji.
13 Ndinokuraira pamberi paMŋari,
unopa ȥinhu ȥose ʋupenyu *bgaȥo,*
napamberi paKristu Jesu, wakapupura
kupupura kwakanaka pamberi paPontio
Pirato; 14 kuti uceŋgete murairo,
usinoruʋara, usina-cauŋgapomerwa,
kuşikira pakuʋonekwa kwaShe weɗu,
Jesu Kristu; 15 kwaacazoratidza pa-
ŋguʋa dzake, iye oga wakaropafadzwa
noWamasimba-ose, Mambo wamadzi-
mambo, Ishe wamadzishe; 16 iye oga
usiŋgafi, ugere paciedza cisiŋgasweɗe-
rwi, usina-kumboʋonekwa nomunhu,
ʋuye usiŋgagoni kuʋonekwa; kukudzwa
nesimba risiŋgaperi ŋgaȥiʋe kwaari.
Ameni.
17 Raira ʋafumi panyika yaȥino, kuti
ʋarege kuȥikudza, kana kuʋimba nefuma
isiŋgagari, asi naMŋari, unotipa ȥose
aciwanza, kuti tifare naȥo; 18 kuti
ʋaite ȥakanaka, ʋaʋe ʋafumi pamaɓasa
akanaka, ʋafarire kupa ʋamŋe, noku-
goʋana; 19 ʋaȥiroŋgedzere nheyo dza-
kanaka dzeŋguʋa inoʋuya, kuti ʋaɓa-
tisise ʋupenyu caibgo.
20 Iwe, Timotio, ceŋgeta ico cawa-
kapiwa, ufuratire kutaura kusineha-
nya naMŋari nokuramba kunobva pa-
ziʋo inonzi *zivo,* dziri nhema hadzo;
21 iyo yakapupurwa naʋamŋe, ʋakazo-
rashika pakutenda. Nyasha ngadziʋe
nemi.

# ŊWADI YECIPIRI YAPAURO KUNATIMOTIO

*Kwasizo.*

1 1 Pauro, muapostora waKristu
Jesu, nokuɗa kwaMŋari, nokuɗa
kwecipikirwa coʋupenyu bguri
munaKristu Jesu, 2 kunaTimotio,
mŋana waŋgu unoɗikanwa: Nyasha,
neŋgoni, norugare, ȥinobva kuna-
Mŋari Ɓaɓa, naKristu Jesu, Ishe weɗu,
*ŋgaȥive newe.*

*Timotio unorairwa kuti asimbe paɓasa rake.*

3 Ndinoʋoŋga Mŋari, wandinoshu-
mira samadziteteguru aŋgu, nehana
yakacena, kana ndiciramba ndiciku-
raŋgarira pakukumbira kwaŋgu ʋusiku
namasikati, 4 ndicishuʋa ȥikuru kuku-
ʋona, ndiciraŋgarira misodzi yako, kuti
ndizadzwe nomufaro; 5 ndiciyeʋu-
dzwa kutenda kusiŋganyeŋgeri kuri
mauri, kwaimbogara munambuya ʋako,
ʋaRoisi, nomunamai ʋako, ʋaJuniki,
kwandinoziʋa kwaȥo kuti *kunogara* ʋo
mauri. 6 Nemhaka iyi ndinokuye-
ʋudzira kuti ukucidzire cipiwa caMŋari
ciri mauri nokuiswa kwamaʋoko aŋgu.
7 Nokuti Mŋari haana-kutipa mŋeya
wokutya, asi wesimba, noworuɗo, no-
wokuȥidzora. 8 Naiȥoȥo usanyadziswa
nokupupurira Ishe weɗu, kana ini,
musuŋgwa wake, asi utambudzike
pamŋe cete *neni* nokuɗa kweEvaŋgeri
nesimba raMŋari, 9 wakatiponesa,
akatiɗana nokuɗana kutşene, ȥisiŋgabvi
pamaɓasa eɗu, asi nokufuŋga kwake,
nenyasha dzaakatiitira munaKristu Jesu
ŋguʋa dzisati dzaʋa'po, 10 asi kwa-
karatidzwa ȥino nokuʋonekwa kwo-
Muponesi weɗu, Kristu Jesu, iye
wakaparadza rufu, akaɓuɗisa pacena
ʋupenyu nokusaʋora nenzira yeEva-
ŋgeri, 11 yandakaitwa muparidzi, no-
muapostora, nomudzidzisi wayo.
12 Nemhaka iyi ndinotambudzika ʋo
neȥinhu iȥi, asi handinyadziswi, nokuti
ndinoziʋa wandakatenda, ndinoziʋa
kwaȥo kuti unogona kuceŋgeta canda-
kamupa kuşikira zuʋa irero. 13 Ɓati-
sisa ȥawakaratidzwa ȥamashoko aka-
rurama, iȥo ȥawakanzwa kwandiri
mukutenda noruɗo ruri munaKristu
Jesu. 14 Ico cakanaka, cawakapiwa,
uciceŋgete noMŋeya Mutşene unogara
matiri
15 Unoȥiziʋa hako kuti ʋose ʋari
paAsia ʋakandifuratira; pakati paʋo
panaFigero naHermogene. 16 Ishe
ŋgaaitire imba yaOnesiforo ŋgoni,
nokuti kazhinji wakandisimbisa, asi-
ŋganyadziswi neketani yaŋgu. 17 Asi
wakati aşika Roma, akanditşaka ȥi-
kuru, akandiwana. 18 (Ishe ŋgaamu-
itire *cinhu ici* kuti awane ŋgoni ku-
naShe nezuʋa irero); newe unoziʋa
kwaȥo ʋukuru bgokushumira kwake pa-
Efeso.

2 1 Naiȥoȥo iwe, mŋana waŋgu,
iʋa nesimba munyasha dziri muna-
Kristu Jesu. 2 Iȥo ȥawakanzwa
kwandiri pamberi peȥapupu ȥizhinji,
uȥipe ʋanhu ʋakatendeka, ʋanogona ʋo
kudzidzisa ʋamŋe. 3 Utambudzike
pamŋe cete neni, somurwi wakanaka
waKristu Jesu. 4 Hakunomunhu uno-
rwa papfumo unoȥipiŋganidza nama-
ɓasa oʋupenyu *bguno*, kuti agone
kufadza uyo wakakokera kuhondo.
5 Nomunhu ʋo kana aciʋiʋana naʋa-
mŋe, haashoŋgedzwi korona, kana
asina-kuʋiʋana seȥakarairwa. 6 Mu-
rimi unoɓate-ɓasa ndiye unofanira
kutaŋga kudya ȥiɓereko. 7 Fuŋga
ȥandinoreʋa, nokuti Ishe ucakupa
kunzwisisa paȥinhu ȥose. 8 Raŋgarira
Jesu Kristu wakamuka kuʋakafa, woru-
dzi rwaDavidi, seȥ*andinoparidza* pa-
Evaŋgeri yaŋgu; 9 yandinotambudzi-
kira kuşikira pakusuŋgwa somunya-
ŋgadzi; asi shoko raMŋari harina-
kusuŋgwa. 10 Saka ndinotsuŋgirira
paȥinhu ȥose nokuɗa kwaʋakasana-
ŋgurwa, kuti naiʋo ʋawane kuponeswa
kuri munaKristu Jesu, pamŋe cete
nokubginya kusiŋgaperi. 11 Ishoko
raȥokwaɗi; nokuti kana tikafa pamŋe
cete naye, ticararama ʋo pamŋe cete
naye. 12 Kana tikatsuŋgirira, ticaɓata
ʋushe pamŋe cete naye; kana tikamu-
ramba, iye ucatiramba ʋo. 13 Kana

isu tisakatendeka, iye unoramba aka-
tendeka, nokuti haaŋgaɀirambi iye.

*Tinofanira kuita sei kunaʋakarashika padzidzo.*

14 U*ʋa*yeʋudzire ɀinhu iɀi, u*ʋa*raire
pamberi paMŋari, kuti ʋarege kuita
nharo ɀisinamaturo, ɀinoŋgoparadza ʋa-
nonzwa. 15 Shiŋgaira kuti uɀiratidze
pamberi paMŋari uri munhu waka-
tendeka, muɓati usiŋgafaniri hake ku-
nyadziswa, unonatsa kururamisa shoko
raɀokwaɗi. 16 Nɀeŋga kutaura kusi-
nehanya naMŋari; nokuti ʋacaramba
ʋaciŋgonyanya pakusanamata Mŋari,
17 neshoko raʋo ricanyeŋga seronda;
pakati paʋo kunaHimenayo naFireto;
18 iʋo ʋakarashika paɀokwaɗi, ʋaciti,
kumuka kwaʋakafa kwatopfuʋura, ʋaci-
kaŋganisa kutenda kwaʋamŋe. 19 Ku-
nyaŋge ɀakaɗaro, nheyo dzakasimba
dzaMŋari dzinomira, dzinecisimbiso
ici: Ishe unoziʋa ʋanhu ʋake; ʋuye:
Mumŋe nomumŋe unoreʋa zita raShe
ŋgaabve pakusarurama. 20 Ɀino mu-
imba huru hamunamidziyo yendarama
neyesirveri ɓedzi, asi mimŋe yamatanda
ʋo, neyevu; mimŋe inokudzwa, mimŋe
isiŋgakudzwi. 21 Naiɀoɀo kana munhu
aciɀinatsa kwaɀo paɀinhu iɀi, ucaʋa
mudziyo unokudzwa, wakaitwa mu-
tȿene, wakakwanira ɓasa raTenzi, waka-
gadzirirwa maɓasa ose akanaka. 22 Asi
tiza kuciʋa kwoʋujaya, uʋiŋge kuru-
rama, nokutenda, noruɗo, norugare,
pamŋe cete naʋanoɗana kunaShe no-
mŋoyo wakacena. 23 Asi urambe mi-
bvunzo yoʋupenzi nokusaziʋa, uciziʋa
kuti ɀinoɓereka kukakaʋara. 24 Ɀino
muranda waShe haafaniri kukakaʋara,
asi aʋe munyoro kuʋanhu ʋose, unoziʋa
kudzidzisa, unotsuŋgirira pakuitirwa
ɀakaipa, 25 unodzidzisa noʋunyoro
aʋo ʋano*mu*dziʋisa, kuti ɀimŋe Mŋari
aʋape kutendeʋuka ʋagoziʋa ɀokwaɗi,
26 ʋapeŋgenuke ɀe, ʋabve pamusuŋgo
waDiaborosi, waʋakaŋga ʋakaɓatwa
naye kuti ʋaite kuɗa kwake.

*Kurashika kwamazuʋa okupedzisira.*

3 1 Ɀino uziʋe cinhu ici, kuti
namazuʋa okupedzisira ŋguʋa dzo-
kutambudzika dzicaȿika. 2 Nokuti
ʋanhu ʋacaʋa ʋanoɀiɗa, ʋanoɗa mari,
ʋanoɀirumbidza, ʋanoɀikudza, ʋano-
tuka, ʋasiŋgatereri ʋaɓereki, ʋasi-
ŋgaʋoŋgi, ʋasati ʋari ʋatȿene, 3 ʋasi-
noruɗo cairwo, ʋasiŋgaɗi kuyanana,
ʋanocera *ʋamŋe*, ʋasiŋgaɀidzori, ʋane-
hasha, ʋasiŋgaɗi ɀinhu ɀakanaka,
4 ʋanonyeŋgera, ʋasiŋgaraŋgariri, ʋa-
noita manyawi, ʋanoɗa ɀinofadza
*ɀenyika* kupfuʋura Mŋari; 5 ʋanomu-
fananidzo *ɓedzi* wokunamata Mŋari,
asi ʋakarasha simba rako; ufuratire
ʋanhu iʋaʋa ʋo. 6 Nokuti pakati paʋo
ʋari'po ʋanopinda mudzimba ʋaci-
ʋereʋedza, ʋacitapa ɀikadzi ɀakare-
medzwa neɀiʋi, ɀinokwebga nokuciʋa
kuzhinji, 7 ɀinoŋgogara ɀicidzidza, asi
haɀitoŋgogoni kuȿika pakuziʋa ɀokwaɗi.
8 Jane naJambre seɀaʋakadziʋisa Mo-
sesi, saiɀoɀo iʋo ʋanodziʋisa ɀokwaɗi,
ʋari ʋanhu ʋanendaŋgariro dzaka-
ʋodzwa, ʋakarashika pakutenda. 9 Asi
haʋacapfuʋuriri mberi, nokuti ʋupenzi
bgaʋo bgucaʋonekwa naʋose, seɀa-
kazoita bgaʋo. 10 Asi iwe wakateʋera
kudzidzisa kwaŋgu, nomufambire, noku-
fuŋga, nokutenda, nomŋoyo murefu,
noruɗo, nokutsuŋgirira, 11 nama-
ɗambudziko, nenhamo, iɀo ɀakandiwira
paAntiokia, napaIkonio, napaRistra;
maɗambudziko *makuru* sei andakanzwa;
paɀinhu iɀoɀo ɀose Ishe wakandisu-
nuŋgura. 12 Ɀino, naʋose ʋanoɗa
kunamata *Mŋari* munaKristu Jesu
ʋacatambudzwa. 13 Asi ʋanhu ʋakaipa
naʋanyeŋgeri ʋacanyanyisa pakuipa,
ʋacitsausa *ʋamŋe* nokutsauswa *iʋo*.
14 Asi iwe, rambira paneɀawakadzidza
neɀawakatendiswa, uziʋe kuti waka*ɀi*-
dzidza kunani, 15 kuti kubvira paʋu-
cece *bgako* wakaziʋa Manyoro Matȿene
anogona kukupa ʋucenjeri bgunoisa
kukuponeswa nokutenda kuri muna-
Kristu Jesu. 16 Rugwaro rwose rwa-
kafuridzirwa naMŋari, runoɓatsira
pakudzidzisa, nokuraira, nokururamisa,
nokuraŋga kuri mukururama, 17 kuti
munhu waMŋari akwane, agadzirirwa
kwaɀo maɓasa ose akanaka.

*Timotio ŋgaatsuŋgirire pakuparidza.*

4 1 Ndinokupupurira kwaɀo pa-
mberi paMŋari, naKristu Jesu,
iye ucatoŋga ʋapenyu naʋakafa
pakuʋonekwa kwake noʋushe bgake;
2 paridza shoko; ramba uciɗaro ne-
ŋguʋa yakafanira, kunyaŋge isakafanira;
raira, tuka, raŋga nomŋoyo murefu
ɀikuru nokudzidzisa. 3 Nokuti ŋguʋa
icaȿika yaʋacaramba kutendera dzidziso
yakarurama, asi, ʋaciɗa kufadzwa pa-

nzeʋe dzaʋo, ʋacaȥiʋuŋganidzira ʋadzi-
dzisi pakuciʋa kwaʋo, 4 ʋacifuratidza
nzeʋe dzaʋo paȥokwaɗi, ʋacitsaukira
kuŋgano. 5 Asi iwe şinura paȥinhu
ȥose, tambudzika, ɓata ɓasa ŕomu-
evaŋgeri, upedzise ɓasa rako kwaȥo.
6 Nokuti ini ndotoɗururwa, ŋguʋa
yokuenda kwaŋgu yaşika. 7 Ndarwa
kurwa kwakanaka, ndapedza rwendo
*rwaŋgu*, ndakaceŋgeta kutenda; 8 ku-
bva ȥino ndakaceŋgeterwa korona yoku-
rurama, yandicapiwa naShe, Mutoŋgi
wakarurama, nezuʋa irero; ndisini
ndoga, asi naʋose ʋakaɗa kuʋone-
kwa kwake.

*Mashoko okupedzisira.*

9 Shiŋgaira kuti ukurumidze kuʋuya
kwandiri. 10 Nokuti Demasi waka-
ndisiya, akaɗa nyika yaȥino, akaenda
Tesaronika; Kreske wakaenda Garatia,
naTito wakaenda Darmatia. 11 Ruka
oga uneni. Tora Marko uʋuye naye,
nokuti unondiɓatsira kwaȥo paɓasa.
12 Asi Tikiko ndakamutuma Efeso.
13 Ŋguʋo yandakasiya paTroa kuna-
Karpo, uʋuye nayo pakuʋuya kwako,
nebuku, ȥikuru magwaro amatebge.
14 Areksandro, mupfuri wendarira,
wakandiitira ȥakaipa ȥizhinji; Ishe
ucamutsiʋa paakaita napo; 15 newe
ʋo umucenjere, nokuti wakadziʋisa
ȥikuru mashoko eɗu. 16 Pakuȥiɗa-
ʋirira kwaŋgu kwokutaŋga kwakaŋga
kusinomunhu wakandiɓatsira, asi ʋose
ʋakandisiya. Ŋgaʋarege kuraʋirwa
iȥoȥi. 17 Asi Ishe wakamira neni,
akandisimbisa, kuti ndipedzise kwaȥo
kuparidza kwaŋgu, ʋahedeni ʋose
ʋanzwe; ndikarwirwa pamuromo we-
shumba. 18 Ishe ucandirwira pama-
ɓasa ose akaipa, ucandiponesa *ndipinde*
ʋushe bgake bgokuɗeŋga; kubginya
ŋgakuʋe kwaari nokusiŋgaperi-peri.
Ameni.
19 *Ndi*kwazisirei Priska naAkwira, ne-
imba yaOnesiforo. 20 Erasto wakasara
paKorinte, asi Trofimo ndakamusiya
paMireto acirwara. 21 Shiŋgaira ku-
ʋuya, cando cisati caşika. Yuburo,
naPude, naRina, naKraudia nehama
dzose ʋanokukwazisa. 22 Ishe ŋgaaʋe
nomŋeya wako. Nyasha ŋgadziʋe
nemi.

# ŊWADI YAPAURO KUNATITO

*Kwaziso.*

1 1 Pauro, muranda waMŋari, no-
muapostora waJesu Kristu, nokuɗa
kwokutenda kwaʋakasanaŋgurwa
ʋaMŋari, nokwokuziʋisa ȥokwaɗi iri
pakunamata Mŋari, 2 patariro yoʋu-
penyu bgusiŋgaperi, bgaakapikira iye
Mŋari, usiŋgatoŋgoreʋi nhema, ŋguʋa
dzisiŋgaperi dzisati dzaʋa'po, 3 asi
paŋguʋa dzaȥo wakaziʋisa shoko rake
nokuparidza kwandakapiwa nomurairo
waMŋari, Muponesi weɗu; 4 kuna-
Tito, mŋana waŋgu caiye pakutenda
kweɗu tose: Nyasha norugare, ȥinobva
kunaMŋari Ɓaɓa, naKristu Jesu, Mu-
ponesi weɗu, *ŋgaȥive newe.*

*Ɓasa raTito paKrete.*

5 Ndakakusiya paKrete nemhaka iyi,
kuti upedzise kugadzira iȥo ȥakaŋga
ȥasara, nokugadza ʋakuru mumaguta
ose, seȥandakakuraira; 6 kana *kuno-*
*munhu* usina-caaŋgapomerwa, murume
womukadzi mumŋe cete, unaʋana
ʋanotenda, ʋasiŋgapiwi mhoşa yokuti
haʋaȥidzori, kana kuti haʋatereri.
7 Nokuti mutariri unofanira kuʋa
munhu usina-caaŋgapomerwa, somu-
ceŋgeti weimba yaMŋari; asiŋgaiti
kuɗa kwake, asiŋgakurumidzi ku-
tsamŋa, asiŋgaɗi waini, asiŋgarwi,
asiŋgakariri fuma yakaipa; 8 asi uno-
itira ʋaeni ruɗo, unoɗa ȥakanaka,
wakacenjera, wakarurama, mutşene,
unoȥidzora; 9 unoɓatisisa shoko raȥo-
kwaɗi, seȥarinodzidziswa, kuti agone
kuraira nedziɗziso yakarurama, noku-
kunda ʋanokakaʋara.

*Ʋadzidzisi ʋenhema.*

10 Nokuti ʋazhinji ʋari'po ʋasiŋga-
tereri, ʋanotaura ȥisinamaturo, ʋano-

nyeŋgera, ȥikuru aʋo ʋokudziŋgiswa,
11 ʋanofanira kudziʋirirwa miromo
yaʋo; ʋanoparadza mhuri kwaȥo, ȥaʋa-
nodzidzisa ȥisakafanira nokuɗa kwefuma
yakaipa. 12 Mumŋe waʋo, muprofita
wokwaʋo, wakati: ƲaKrete ʋanogara
ʋacireʋa nhema, ȥikara ȥakaipa, naʋa-
nokara ʋanoʋusimbe. 13 Kupupura
uku ndokwaȥokwaɗi. Nemhaka iyi
uʋaraŋge ȥikuru, kuti ʋarurame paku-
tenda, 14 ʋarege kuterera ŋgano
dzaʋaJuda, nemirairo yaʋanhu ʋano-
furatira ȥokwaɗi. 15 Kunaʋakacena
ȥose ȥakacena; asi kunaʋakaşiɓiswa,
ʋasiŋgatendi, hakunecinhu cakacena,
asi kufuŋga kwaʋo nehana yaʋo ȥaka-
şiɓiswa. 16 Ʋanoti, tinoziʋa Mŋari,
asi ʋanomuramba namaɓasa *aʋo*, ȥaʋari
ʋanhu ʋanonyaŋgadza, ʋasiŋgatereri,
ʋasakafanira pamaɓasa ose akanaka.

*Mufambire waʋakristu.*

2 1 Ȥino iwe, taura ȥakafanira
dzidziso yakarurama. 2 Ʋarume
ʋakuru ŋgaʋaʋe ʋakaşinuka, ʋano-
kudzwa, ʋakaŋgwara, ʋakarurama paku-
tenda, naparuɗo, napakutsuŋgirira;
3 saiȥoȥo ʋo ʋakadzi ʋakuru ŋgaʋaʋe
nomufambire wakafanira ʋatşene, ʋasi-
ŋgaceri, kana kuɗa waini zhinji, *asi
ʋaʋe* ʋadzidzisi ʋeȥakanaka; 4 kuti
ʋadzidzise *ʋakadzi* ʋaɗuku, kuti ʋaɗe
ʋarume ʋaʋo, nokuɗa ʋana ʋaʋo,
5 ʋaʋe ʋakaŋgwara, ʋakacena, ʋano-
ceŋgeta imba, ʋanyoro, ʋanoȥiisa pasi
paʋarume ʋaʋo, kuti shoko raMŋari
rirege kumhurwa. 6 Saiȥoȥo ʋo ʋa-
rume ʋaɗuku uʋaraire kuti ʋaʋe ʋaka-
ŋgwara; 7 paȥinhu ȥose iwe umene
uʋaratidze makwara amaɓasa akanaka;
uʋe nokusakaŋganisa pakudzidzisa,
nomugarire unokudzwa, 8 nokutaura
kwakarurama, kusiŋgagoni kushoʋorwa,
kuti unopesana *nesu* anyadziswe, asi-
necinhu cakaipa caaŋgareʋa pamsoro
peɗu. 9 Ʋaranda ŋgaʋaȥiise pasi paʋa-
tenzi ʋaʋo, ʋaʋafadze paȥinhu ȥose,
ʋasiŋgakakaʋari; 10 ʋasiŋgaɓi, asi
ʋaratidze kutendeka kwakanaka kwose,
kuti ʋashoŋgedze dzidziso yaMŋari,
Muponesi weɗu, paȥinhu ȥose. 11 No-
kuti nyasha dzaMŋari dzakaʋonekwa,
dzinoʋigira ʋanhu ʋose kuponeswa,
12 dzicitidzidzisa isu kuti tirambe
kusanamata Mŋari nokuciʋa ȥenyika,
tirarame nokuŋgwara, nokururama,
nokunamata Mŋari paŋguʋa ino,
13 takatarira tariro inofadza, noku-
ʋonekwa kwokubginya kwaMŋari mu-
kuru, noMuponesi weɗu, Kristu Jesu,
14 wakaȥipa nokuɗa kweɗu, kuti ati-
dzikinure paȥisakarurama ȥose, kuti
aȥinatsire ʋanhu *ʋaʋe* ʋake caiʋo,
ʋanhu ʋanoshiŋgairira maɓasa akanaka.
15 Taura ȥinhu iȥi, uraire, uraŋge
nesimba rose; ŋgakurege kuʋa nomunhu
unokuȥidza.

3 1 Uʋayeʋudzire kuti ʋaȥiise pasi
paʋaɓati naʋanesimba, kuti ʋa-
terere, kuti ʋaʋe *ʋanhu* ʋakaȥi-
gadzira *kuɓata* maɓasa ose akanaka,
2 ʋarege kureʋera mumŋe ȥakaipa,
ʋarege kuʋa negakaʋa, ʋaʋe ʋanyoro,
ʋaitire ʋanhu ʋose ʋunyoro bgose.
3 Nokuti nesu ʋo kare taiʋa ʋoku-
safuŋga, tisiŋgatereri, takarashika, tiri
ʋaranda ʋokuciʋa kuzhinji naʋeȥose
ȥinofadza, tigere mukati mokushata
negoɗo, ticiʋeŋgwa, ticiʋeŋgana. 4 Asi
ʋunyoro bgaMŋari, Muponesi weɗu,
noruɗo rwake kuʋanhu, ȥakati ȥaʋo-
nekwa, 5 wakatiponesa, *asiŋgaȥiti*
nokuɗa kwamaɓasa akarurama, atakaŋga
taita isu, asi nokuɗa kwenyasha dzake,
nenzira yokushambidzwa kwokuɓere-
kwa kutşa, nokuʋandudzwa noMŋeya
Mutşene, 6 waakaɗurura aciwanza
pamsoro peɗu, naJesu Kristu Muponesi
weɗu, 7 kuti isu, taruramiswa ne-
nyasha dzake, tiitwe ʋadyi ʋenhaka
nokuɗa kwetariro yoʋupenyu bgusi-
ŋgaperi. 8 Ishoko raȥokwaɗi, ʋuye
ndinoɗa kuti usimbise kwaȥo ȥinhu iȥi,
ȥokuti aʋo ʋakatenda Mŋari ʋacenjere
kuti ʋarambe ʋaciita maɓasa akanaka.
Ndiȥo ȥakanaka, ȥinoɓatsira ʋanhu;
9 asi unȥeŋge mibvunzo yoʋupenzi,
namazita amadziteteguru, negakaʋa,
nokukakaʋara pamsoro pomurairo, no-
kuti haȥinamaturo, haȥineɓasa. 10 Mu-
nhu unodzidzisa ȥakatsauka, kana ara-
irwa kamŋe norwecipiri, umurambe,
11 ȥaunoziʋa kuti wakaɗaro wakatsauka,
unotadza, waȥipa mhoşa amene.

*Mashoko okupedzisira nookuwonekana.*

12 Kana ndicituma Artema kwauri,
kana Tikiko, ushiŋgaire kuʋuya kwa-
ndiri Nikopori; nokuti ndakati ndica-
gara cando ikoko. 13 Zenasi, muɗu-
dziri womurairo, naAporo, uʋaise
ȥakanaka *parwendo*, ʋarege kushaiwa
cinhu. 14 *Ʋanhu* ʋeɗu ŋgaʋadzidze
ʋo kuramba ʋaciita maɓasa akanaka,

kuti ʋaɓatsire panoshaikwa ȥinofanira
kuʋa'po, kuti ʋarege kuʋa ʋanhu
ʋasineȥiɓereko
15 Ʋose ʋari kwandiri ʋanokukwazisa.
*Ndi*kwazisire aʋo ʋanotiɗa pakutenda.
Nyasha ŋgadziʋe nemi mose.

---

# ŊWADI YAPAURO KUNAFIREMONI

*Kwaziso.*

1 Pauro, musuŋgwa waKristu Jesu,
naTimotio, hama yeɗu, kunaFiremoni,
muɗikanwa weɗu nounoɓata nesu,
2 nokunaApfia, hanȥadzi yeɗu, nokuna-
Arkipo, murwi pamŋe cete nesu,
nokukereke iri mumba mako: 3 Nya-
sha ŋgadziʋe nemi, norugare ȥinobva
kunaMŋari, Ɓaɓa ʋeɗu, naShe Jesu
Kristu.

*Kuʋoŋga kwaPauro pamsoro poruɗo rwaFiremoni.*

4 Ndinoʋoŋga Mŋari waŋgu ŋguʋa
dzose, kana ndicikuraŋgarira paku-
nyeŋgetera kwaŋgu, 5 ȥandinonzwa
ȥoruɗo rwako nokutenda kwaunako
kunaShe Jesu nokuʋatşene ʋose;
6 kuti kugoʋana kwokutenda kwako
kuʋe nesimba, kuti ȥakanaka ȥose
ȥiri mukati meɗu kunaKristu ȥizi-
kanwe; 7 nokuti ndakaŋga ndinomu-
faro mukuru nokunyaradzwa nokuɗa
kworuɗo rwako, nokuti mŋoyo yaʋa-
tşene yakazorodzwa newe, hama *yaŋgu*.

*Pauro unoreʋerera Onesimo.*

8 Naiȥoȥo, kunyaŋge ndisiŋgatoŋgo-
tyi munaKristu kukuraira *kuita* ȥaka-
fanira, 9 kunyaŋge ȥakaɗaro, nokuɗa
kworuɗo ndinoita ȥokukumbira ȥikuru,
ȥandakaɗai haŋgu, ini Pauro, mutana,
ʋuye ȥino musuŋgwa waKristu Jesu.
10 Ndinokumbira ȥikuru kwauri pa-
msoro pomŋana waŋgu, wandakaɓe-
reka pakusuŋgwa kwaŋgu, Onesimo,
11 wakaŋga asiŋgakuɓatsiri kare, asi
ȥino unokuɓatsira ȥikuru, iwe neni;
12 ndinomudzosera kwauri, iye amene,
mŋoyo waŋgu caiwo; 13 ndaiɗa kuti
agare neni, kuti panȥimbo yako andi-
shumire pakusuŋgwa *kwaŋgu nokuɗa*
kweEvaŋgeri; 14 asi ndakaŋga ndi-
siŋgaɗi kuita cinhu, iwe usati watenda,
kuti ȥakanaka *ȥauŋgaita* ȥirege kuitwa
nokuroʋererwa, asi nokuɗa kwako.
15 Nokuti ȥimŋe wakaparadzaniswa
*newe* ciŋguʋa nemhaka iyi, kuti ugozoʋa
naye nokusiŋgaperi; 16 arege kuzoʋa
muranda, asi *munhu* unopfuʋura mu-
randa, aʋe hama inoɗikanwa, munyama
nomunaShe, ȥikuru kwandiri, asi ȥikuru
kwaȥo kwauri. 17 Ȥino kana uciti
ndiri mugoʋani newe, umugamucire
se*ȥauŋgandigamucira* ini. 18 Asi kana
akakuitira cinhu cisakarurama, kunya-
ŋge aneŋgaʋa newe, undiraʋireni iȥoȥo.
19 Ini Pauro, ndinoȥinyora noruʋo-
ko rwaŋgu, ndicaripa; ndisiŋgareʋi ha-
ŋgu kuti pamsoro peȥose uneŋgaʋa
kwandiri, ndiyewe umene. 20 Hoŋo,
hama, ŋgandiʋe nomufaro kwauri
munaShe; uzorodze mŋoyo waŋgu
munaKristu. 21 Ndinokunyorera, no-
kuti ndinotenda kuterera kwako, ndi-
ciziʋa kuti ucaita ʋo kupfuʋura pandi-
noreʋa napo. 22 Asi ndigadzirire ʋo
pokugara, nokuti ndinotarira kuti mu-
candipiwa ini nokuɗa kwokunyeŋgetera
kwenyu.
23 Epafrasi, musuŋgwa pamŋe cete
neni munaKristu, unokukwazisa,
24 NaMarko, naAristarko, naDemasi,
naRuka, ʋanoɓate-ɓasa pamŋe cete neni.
25 Nyasha dzaShe Jesu Kristu ŋga-
dziʋe nomŋeya wenyu.

---

# ŊWADI
# KUƲAHEBERU

*Kristu mukuru kuʋatumŋa.*

1 1 Mŋari wakataura kare kuna-
madziɓaɓa muʋaprofita nemigoʋe
mizhinji, ʋuye nemitoʋo mizhinji,
2 *ɀino* pakupedzisira kwamazuʋa ano
wakataura kwatiri muMŋanakomana
wake, waakaita mudyi wenhaka ye-
ɀinhu ɀose, waakaita ʋo naye nyika;
3 iye cadzera cokubginya kwake, no-
mufananidzo wake caiye, unoceŋgeta
ɀinhu ɀose nenzwi resimba rake, wa-
kati apedzisa kunatswa kweɀiʋi, akaga-
ra kurudyi rwoƲumambo kuɗeŋga,
4 akapfuʋura ʋatumŋa nokunaka sa-
iɀoɀo, sezita raakagara nhaka yaro,
rakanyanya kunaka kupfuʋura raʋo.
5 Nokuti wakambotaura kunani waʋa-
tumŋa, *aciti*:

Ndiwe Mŋanakomana waŋgu,
Nhasi ndakakuɓereka?

Ʋuye ɀe:

Ndicaʋa Ɓaɓa ʋake,
Iye ucaʋa Mŋanakomana waŋgu?

6 Ʋuye, kana acizoʋuyisa ɀe ɗaŋgwe
rake panyika, unoti: Ʋatumŋa ʋose
ʋaMŋari ŋgaʋamunamate. 7 Napa-
msoro paʋatumŋa unoti:

Iye unoita ʋatumŋa ʋake kuti ʋaʋe
mhepo,
Naʋaranda ʋake, kuti ʋaʋe muraɀo
womŋoto;

8 Asi pamsoro poMŋanakomana, *unoti*:
Cigaro cenyu coʋushe, imi Mŋari,
ciri'po nokusiŋgaperi-peri,
Netȿimbo yokururama ndiyo tȿimbo
yoʋushe bgako.
9 Makaɗa kururama, mukaʋeŋga ku-
sarurama;
Saka Mŋari, iye Mŋari wenyu,
wakakuzodzai
Namafuta okufara kupfuʋura sha-
mŋari dzenyu.
10 Ʋuye,
Imi, Ishe, makateya nheyo dze-
nyika pakutaŋga,
Neɗeŋga ndiro ɓasa ramaʋoko
enyu;
11 Iro ricapera, asi imi mucaramba
muri'po;
Ricasakara rose seŋguʋo;
12 Mucaripeta secinofukwa,
Seŋguʋo, rikashandurwa;
Asi imi hamushanduki, namakore
enyu haaŋgagumi.

13 Asi wakambotaura kunani waʋa-
tumŋa, *aciti*:

Gara kurudyi rwaŋgu,
Kuȿikira ndiciita ʋaʋeŋgi ʋako ʋaʋe
citsiko cetsoka dzako?

14 Ko haʋazi ʋose mŋeya inoshumira,
yakatumŋa kuzoɓata nokuɗa kwaʋa-
nodya nhaka yokuponeswa here?

*Njodzi yokusaterera.*

2 1 Saka tinofanira kuterera ɀikuru
iɀo ɀatakanzwa, kuti tirege kuku-
kurwa. 2 Nokuti kana shoko,
rakaŋga rataurwa naʋatumŋa, rakaŋga
rakasimba, ʋuye kana kuɗarika noku-
saterera kwose kwakapiwa muɓairo
wakarurama, 3 ko isu ticatiza sei,
kana tisinehanya nokuponeswa kukuru
kwakaɗai? uku kwakaparidzwa paku-
taŋga naShe, kukasimbiswa kwatiri
naiʋo ʋakanzwa; 4 naiye Mŋari ʋo
acipupurirana naʋo neɀiratidzo ne-
ɀinoshamisa, namaɓasa esimba mazhi-
nji, neɀipo ɀoMŋeya Mutȿene, nokuɗa
kwake.

*Kristu wakaitwa munhu kuti asunuŋgure vanhu paɀivi ɀavo.*

5 Nokuti nyika, inozoʋuya, yatino-
reʋa, haana-kuiisa pasi paʋatumŋa.
6 Asi mumŋe wakapupura kwaɀo pa-
neimŋe nɀimbo, aciti:

Ko munhu cinyiko, ɀamunomu-
fuŋga?
Kana mŋanakomana womunhu, ɀa-
munomushanyira?
7 Makamuita muɗuku ɀishoma ku-
ʋatumŋa,
Makamushoŋgedza korona yoku-
bginya nokukudzwa,
8 Mukaisa ɀinhu ɀose pasi petsoka
dzake.

Nokuti pakuisa kwake ɀinhu ɀose pasi
pake, haana-kusiya cinhu cimŋe, cisina-
kuiswa pasi pake. Asi ɀino tigere
kuʋona kuti ɀinhu ɀose ɀakaiswa pasi

pake. 9 Asi tinomuʋona, iye Jesu,
wakaitwa muɗuku ȥishoma kuʋatumŋa,
akashoŋgedzwa korona yokubginya no-
kukudzwa nokuɗa kwokutambudżika
kworufu, kuti nenyasha dzaMŋari
anzwe rufu nokuɗa kwaʋose. 10 No-
kuti ȥakaŋga ȥakafanira kuti iye, waka-
itirwa ȥinhu ȥose, ʋuye wakaita ȥinhu
ȥose, pakuisa kwake ʋanakomana ʋa-
zhinji pakubginya, akwanise Mutu-
ŋgamiriri wokuponeswa kwaʋo *nenzi-
ra* yokutambudzika. 11 Nokuti uyo,
uno*ʋa*ita ʋatşene, naiʋo ʋanoitwa ʋa-
tşene, ʋose ʋakabva kunomumŋe; ne-
mhaka iyi haanenyadzi kuʋaidza hama,
12 Ȥaanoti:
Ndicaparidzira hama dzaŋgu zita
renyu,
Ndicakuimbirai pakati pekereke.
13 Ʋuye ȥe: Ndicatenda kwaari.
Ʋuye ȥe: Tarira, ndini naʋana ʋanda-
kapiwa naMŋari. 14 Naiȥoȥo, ʋana
ȥaʋakagoʋerwa ropa nenyama, naiye ʋo
wakagoʋana naʋo panaiȥoȥi; kuti no-
kufa *kwake* iye aparadze uyo unesi-
mba rorufu, iye Diaborosi; 15 ago-
sunuŋgura aʋo ʋaiʋa ʋaranda pa-
ʋupenyu bgaʋo bgose nokuɗa kwokutya
rufu. 16 Nokuti ȥirokwaȥo, haaɓatsiri
ʋatumŋa, asi unoɓatsira ʋana ʋa-
Abrahama. 17 Naiȥoȥo wakafanira
kuti aenzaniswe nehama dzake paȥinhu
ȥose, kuti aʋe muprista mukuru une-
ŋgoni, wakatendeka paȥinhu ȥaMŋari,
kuti adzikinure ȥiʋi ȥaʋanhu. 18 No-
kuti ȥaakatambudzika iye amene paku-
idzwa kwake, unogona kuɓatsira ʋano-
idzwa.

*Kristu mukuru kunaMosesi.*

3 1 Naiȥoȥo, hama tşene, ʋago-
ʋerani *neni* pakuɗanwa kunobva
kuɗeŋga, fuŋgai ȥakanaka Mu-
apostora noMuprista mukuru woku-
pupura kweɗu, iye Jesu, 2 waka-
ŋga akatendeka kunaiye wakamugadza,
saMosesi ʋo muimba yake yose.
3 Nokuti uyu wakanzi wakafanira
kukudzwa kupfuʋura Mosesi, muʋaki
weimba seȥaanokudzwa kupfuʋura
imba; 4 nokuti imba imŋe neimŋe
inoʋakwa nomunhu, asi iye, wakaʋaka
ȥose, ndiye Mŋari. 5 Ȥino Mosesi
wakaŋga akatendeka muimba yake
yose somuranda, kuti aʋe capupu
ceȥinhu ȥaifanira kuzotaurwa, 6 asi
Kristu soMŋanakomana, *wakaiswa* pa-
msoro peimba yake; iye, tiri imba
yake isu, kana tikaɓatisisa kuşika pa-
kuguma kusatya kweɗu netariro yati-
noȥirumbidza pamsoro payo. 7 Na-
iȥoȥo, seȥinotaura Mŋeya Mutşene,
*aciti*:
Nhasi, kana mucinzwa inzwi rake,
8 Musawomesa mŋoyo yenyu, sa-
pa*ŋguva* yokutsamŋisa,
Napazuʋa rokuidzwa murenje;
9 Pa*nda*kaidzwa namadziɓaɓa enyu,
ʋaci*ndi*netsa,
Ʋakaʋona maɓasa aŋgu makore
anamakumi manna.
10 Naiȥoȥo ndakanzwa shuŋgu pa-
msoro porudzi urwu,
Ndikati: Ʋanogara ʋacitsauka pa-
mŋoyo yaʋo;
Asi haʋana-kuziʋa nzira dzaŋgu;
11 Naiȥoȥo ndakapika pakutsamŋa
kwaŋgu, *ndikati*:
Haʋaŋgapindi pazororo raŋgu.

*Ʋanotenda voga ndivo vanopinda
pazororo.*

12 Hama *dzaŋgu*, cenjerai kuti mukati
momumŋe wenyu murege kuʋa no-
mŋoyo wakashata usiŋgatendi, mu-
tsauke *mucibva* kunaMŋari mupenyu,
13 asi simbisanai zuʋa rimŋe nerimŋe,
kana kucanzi Nhasi; kuti kurege kuʋa
nomumŋe wenyu unowomeswa noku-
nyeŋgera kweȥiʋi. 14 Nokuti taʋa
ʋagoʋerani pamŋe cete naKristu, kana
ticiɓatisisa kuʋamba kwokutenda kweɗu
kuşikira pakuguma; 15 ȥicinzi:
Nhasi, kana mucinzwa inzwi rake,
Musawomesa mŋoyo yenyu, sapa-
*ŋguva* yokutsamŋisa.
16 Nokuti ndiʋanani ʋakanzwa, ʋaka-
mutsamŋisa? Haʋazi iʋo ʋose ʋakabva
Egipita naMosesi here? 17 Wakanzwa
shuŋgu makore anamakumi manna
pamsoro paʋanani? Haʋazi iʋo ʋaka-
tadza, mitumbu yaʋo ikawira murenje
here? 18 Wakapika pamsoro paʋanani
kuti haʋaŋgapindi pazororo rake?
Haʋazi iʋo ʋasina-kuterera here?
19 Ȥino tinoʋona kuti ʋakaŋga ʋasi-
ŋgagoni kupinda nokusatenda *kwavo*.

4 1 Naiȥoȥo, cipikirwa cokupinda
muzororo rake ȥacici'po, tinofanira
kutya kuti ȥimŋe kurege kuʋa
nomumŋe wenyu ucawanikwa asiŋga-
şiki *ikoko*. 2 Nokuti nesu ʋo taka-
paridzirwa Evaŋgeri, saiʋo; asi shoko

raʋakanzwa, harina-kuʋaɓatsira, nokuti
harina-kuveŋganiswa nokutenda kwaiʋo
ʋakanzwa. 3 Nokuti isu ʋakatenda,
tinopinda pazororo irero, seȥaakareʋa,
*aciti*:
Naiȥoȥo ndakapika pakutsamŋa kwa-
ŋgu, *ndikati*:
Haʋaŋgapindi muzororo raŋgu;
kunyaŋge maɓasa ake akaŋga akwaniswa
kubva pakuʋambga kwenyika. 4 No-
kuti paneimŋe nȥimbo wakataura pa-
msoro pezuʋa recinomŋe, aciti: Mŋari
wakazorora nezuʋa recinomŋe pama-
ɓasa ake ose; 5 napano ȥe:
Haʋaŋgapindi muzororo raŋgu.
6 Naiȥoȥo, *shoko* ȥarici'po kuti ʋamŋe
ʋacapinda pariri, ʋuye kuti aʋo ʋaka-
paridzirwa Evaŋgeri kare haʋana-
kupinda nokusaterera *kwavo*, 7 uno-
tara ȥe rimŋe zuʋa, *rinonzi* Nhasi—
ndiȥo ȥaanotaura naDavidi, ŋguʋa
huru yakaɗai yapfuʋura, (seȥakwaka-
mbotaurwa kare, *ȥicinzi*:)
Nhasi, kana mucinzwa inzwi rake,
Musawomesa mŋoyo yenyu.
8 Nokuti ɗai Joshua akaŋga aʋapa
zororo, haazaizoreʋa rimŋe zuʋa pa-
shure. 9 Ȥino zororo resaɓata raʋanhu
ʋaMŋari rici'po. 10 Nokuti uyo
wakapinda muzororo rake, wakazorora
iye amene pamaɓasa ake, saMŋari
panaake. 11 Naiȥoȥo ŋgatishiŋgaire
kuti tipinde muzororo irero, kuti
munhu arege kuʋa'po unozowa aciteʋera
nzira iyo yokusaterera. 12 Nokuti
shoko raMŋari iɓenyu, rinesimba,
rinopinza kukunda munondo unoceka
kumatiʋi maʋiri, rinoɓaya kuşikira pa-
noparadzana mŋoyo nomŋeya, nama-
fundo nomŋoŋgo; rinotoŋga mifuŋgo
nendaŋgariro dzomŋoyo. 13 Hakune-
cisikwa cisiŋgaʋonekwi naye, asi ȥinhu
ȥose ȥakafukurwa nokuzarurwa pameso
aiye watinofanira kuȥiɗaʋirira kwaari.

*Kristu mukuru kuvaprista vakuru vakare.*

14 Naiȥoȥo, ȥatinomuprista mukuru
kwaȥo, wakapinda napakati poku-
ɗeŋga, iye Jesu, Mŋanakomana wa-
Mŋari, ŋgatiɓatisise kupupura kweɗu.
15 Nokuti hatinomuprista mukuru usi-
ŋgagoni kutinzwira tsitsi paʋutera
bgeɗu, asi wakaidzwa paȥinhu ȥose
sesu, asineȥiʋi. 16 Naiȥoȥo, ŋga-
tisweɗerei tisiŋgatyi kucigaro coʋushe
cenyasha, kuti tinzwirwe ŋgoni, ti-
wane nyasha, tiɓatsirwe neŋguʋa yaka-
fanira.

5 1 Nokuti muprista mukuru mu-
mŋe nomumŋe, wakatorwa kuʋa-
nhu, unogadzwa nokuɗa kwaʋanhu
paȥinhu ȥaMŋari, kuti aɓayire ȥipo
neȥiɓayiro pamsoro peȥiʋi; 2 iye
unogona kunzwira tsitsi aʋo ʋasiŋgaziʋi
naʋakatsauka, nokuti naiye ʋo amene
wakakomberedzwa noʋutera. 3 Ne-
mhaka iyo iye amene unofanira kuȥi-
ɓayira pamsoro peȥiʋi ȥake, seȥa*ano-*
*ɓayira* ȥaʋanhu. 4 Hakunomunhu uŋga-
ȥitorera *ɓasa* iri rinokudzwa, asi kana
aciɗanwa naMŋari saiye Aroni. 5 Sa-
iȥoȥo ʋo Kristu haana-kuȥikudza iye,
aciitwa muprista mukuru, asi *waka-*
*kudzwa* naiye, wakati kwaari:
Ndiwe Mŋanakomana waŋgu,
Nhasi ndakakuɓereka;
6 Seȥaanoreʋa ʋo paneimŋe nȥimbo,
*aciti*:
Ndiwe Muprista nokusiŋgaperi
Unorudzi naMerkisedeki.
7 Iye, pamazuʋa enyama yake, waka-
ʋuya kunaiye wakaŋga acigona kumu-
rwira parufu, neminyeŋgetero nemi-
kumbiro, acicema nokucema kukuru
nemisodzi, akanzwika nokuɗa kwo-
kutya kwake Mŋari; 8 kunyaŋge aiʋa
Mŋanakomana, wakadzidza kuterera
neȥaakatambudzika; 9 akati akwa-
niswa, akazoʋa muʋambi wokuponeswa
kusiŋgaperi kunaʋose ʋanomuterera;
10 akanzi naMŋari Muprista mukuru
unorudzi naMerkisedeki.

*Ʋatendi vanofanira kupfuvurira mberi pakutenda.*

11 Tinamashoko mazhinji atiŋgataura
pamsoro pake, anorema kuɗudzira,
ȥamaʋa ʋanhu ʋasicagoni kunzwisisa
kwaȥo. 12 Nokuti, kunyaŋge maifanira
kuʋa ʋadzidzisi *ȥino*, kana *ticitarira*
ŋguʋa, mofanira ȥe kuti muʋe no-
mumŋe unokudzidzisai dzidzo dzo-
kutaŋga dzokuʋamba kweȥireʋo ȥa-
Mŋari; maʋa ʋanhu ʋanofanira *kupiwa*
ȥe mukaka, *vasiŋgapiwi* ȥokudya ȥiku-
kutu. 13 Nokuti mumŋe nomumŋe
unodya mukaka haanzwisisi shoko
rokururama, nokuti mucece hake.
14 Asi ȥokudya ȥikukutu ndeȥaʋakuru,
ʋanokuziʋa kwakadzidziswa, nenzira
yokuroʋedzwa, kuziʋisisa ȥakanaka
neȥakaipa.

6 1 Naiɀoɀo ŋgatisiye shoko roku-
taŋga kwaKristu, tipfuʋurire
mberi pakukwaniswa, tisiŋgaisi ɀe
nheyo dzokutendeʋuka pamaɓasa akafa,
nedzokutenda kunaMŋari, 2 nedze-
dzidizso yokubapatidza, nedzokuisa
maʋoko, nedzokumuka kwaʋakafa, ne-
dzokutoŋgwa kusiŋgaperi. 3 Ndiɀo
ɀaticaita, kana Mŋari acitendera.
4 Nokuti kana ʋari iʋo, ʋakambove-
nekerwa, ʋakaraʋira cipo cokuɗeŋga,
ʋakagoʋerwa Mŋeya Mutȿene, 5 ʋa-
karaʋira shoko rakanaka raMŋari, na-
masimba enyika inoʋuya, 6 kana
ʋakazotsauka, haɀibviri kuʋaʋandudza
ɀe kuti ʋatendeʋuke, nokuti ʋanoɀiro-
ʋerera ɀe Mŋanakomana waMŋari
pamucinjikwa, ʋacimunyadzisa pacena.
7 Nokuti nyika iyo, inoti *kana* yanwa
mvura inosinaya pamsoro payo kazhi-
nji, ikaɓereka miriʋo yakafanira ʋo
aʋo ʋainorimirwa, ndiyo inoropafadzwa
naMŋari; 8 asi kana ikaɓereka mi-
nzwa norukato, inorashwa, yobva yotu-
kwa; kuguma kwayo ndiko kupiswa.
9 Asi ʋaɗikanwa, kunyaŋge ticitaura
kuɗai, tinoziʋa kwaɀo pamsoro penyu
ɀinhu ɀinopfuʋura nokunaka, ɀinoisa
kukuponeswa. 10 Nokuti Mŋari haa-
zati ari usakarurama, uŋgakaŋganwa
ɓasa renyu noruɗo rwamakaratidza no-
kuɗa kwezita rake, ɀamakashumira ʋa-
tȿene, muciʋashumira *naɀino*. 11 Ɀino
tinoɗa kuti mumŋe nomumŋe wenyu
ashiŋgaire saiɀoɀo, kuti muʋe netariro
yakakwana kuȿikira pakuguma. 12 Kuti
murege kuʋa noʋusimbe, asi muʋe ʋa-
teʋeri ʋaiʋo ʋanodya nhaka yeɀipiki-
rwa nenzira yokutenda nokutsuŋgirira.
13 Nokuti Mŋari pakupikira Abra-
hama, wakapika naiye amene, nokuti
wakaŋga asinomukuru kwaari waaŋga-
pika naye, 14 akati: Ɀirokwaɀo noku-
ropafadza ndicakuropafadza, nokuwanza
ndicakuwanza. 15 Nokuɗaro, wakati
atsuŋgirira, akawana cipikirwa. 16 No-
kuti ʋanhu ʋanopika nomukuru kwaʋari;
nemhiko inosimbisa ndiyo inogumisa
gakaʋa rose pakati paʋo. 17 Saiɀoɀo
Mŋari wakati aciɗa ɀikuru kuratidza
ʋadyi ʋenhaka yecipikirwa, kuti cireʋo
cake hacishandurwi, wakapinda pakati
nokupika; 18 kuti neɀinhu ɀiʋiri
ɀisiŋgashandurwi, (*nokuti* paɀiri Mŋari
haagoni kureʋa nhema), tiʋe nesimbiso
yakaɓata, iyesu, takatizira kutariro
yakaiswa pamberi peɗu, kuti tiiɓate;
19 yatinayo seciɓatiso coMŋeya, *tariro*
isiŋgazunuŋguswi, yakasimba, inopinda
kuneɀiri mukati mecidzitiro *cetembere*;
20 pakapinda mutuŋgamiriri nokuɗa
kweɗu, iye Jesu wakaitwa muprista
mukuru nokusiŋgaperi, unorudzi na-
Merkisedeki.

*Kristu Muprista mukuru unorudzi naMerkisedeki.*

7 1 Nokuti Merkisedeki uyo, ma-
mbo weSaremi, muprista waMŋari
Wokumsoro-soro, wakasoŋgana
naAbrahama pakudzoka kwake ando-
ʋuraya madzimambo, akamuropafadza;
2 Abrahama akamupa ʋo cegumi ce-
ɀose; iye pakutaŋga ari mambo woku-
rurama, kana ɀicishandurwa, ʋuye ɀe,
mambo weSaremi, ndokuti, mambo
worugare; 3 asinaɓaɓa, asinamai, asi-
namadzisekuru, asina-kutaŋga kwama-
zuʋa, kana kuguma kwoʋupenyu, asi
wakafananidzwa noMŋanakomana wa-
Mŋari, unogara ari muprista noku-
siŋgaperi.
4 Ɀino fuŋgai kukura kwomunhu uyu,
wakapiwa nateteguru Abrahama ce-
gumi ceɀaakapamba. 5 Ɀino aʋo, ʋari
ʋanakomana ʋaRevi, ʋanopiwa ɓasa
roʋuprista, ʋakarairwa nomurairo kuti
ʋatore cegumi kuʋanhu, iko kuha-
ma dzaʋo, kunyaŋge ʋakabva muci-
ʋuno caAbrahama; 6 asi uyu, usina-
kuraʋirwa rudzi rwake kwaʋari, waka-
piwa ɀegumi naAbrahama, akamuropa-
fadza iye wakaŋga aneɀipikirwa.
7 Ɀino hatiŋgarambi kuti muɗuku
ndiye unoropafadzwa nounopfuʋura
nokunaka. 8 ʋuye pano, ʋanhu,
ʋanofa, ʋanopiwa ɀegumi; asi apo
uyo *unopiwa*, unopupurirwa ɀicinzi
mupenyu. 9 Ɀino tiŋgati, naRevi,
unopiwa ɀegumi, iye ʋo wakapa ɀe-
gumi munaAbrahama; 10 nokuti wa-
kaŋga aciri muciʋuno caɓaɓa ʋake,
pakusoŋgana kwaMerkisedeki naye.
11 Naiɀoɀo, kana kukwaniswa kwai-
ʋa'po nenzira yoʋuprista bgaRevi (no-
kuti ʋanhu ʋakapiwa murairo nokuɗa
kwabgo), ko mumŋe muprista waifanira
kuzomuka seiko unorudzi naMerkise-
deki, asiŋganzi unorudzi naAroni?
12 Nokuti kana ʋuprista bgucisha-
ndurwa, nomurairo unofanira kuti
ushandurwe ʋo. 13 Nokuti uyo uno-
rebga ɀinhu iɀi pamsoro pake, wakaŋga
ari worumŋe rudzi, rwakaŋga rusino-

munhu wakamboɓate-ɓasa paartari.
14 Nokuti ȥinoʋonekwa pacena, kuti
Ishe weɗu wakabva kunaJuda; pamsoro
porudzi urwu Mosesi haana-kureʋa
ȥaʋaprista. 15 Iȥi ȥinoratidzwa ʋo
kwaȥo, kana kucimuka mumŋe muprista
wakafanana naMerkisedeki, 16 usina-
kuitwa *muprista* nomurairo wokuraira
kwenyama, asi nesimba roʋupenyu
bgusiŋgapedzwi. 17 Nokuti iye uno-
pupurirwa, *ȥicinzi*:

Iwe uri muprista nokusiŋgaperi,
Unorudzi naMerkisedeki.

18 Nokuti murau wokutaŋga unoko-
neswa nokuɗa kwoʋutera bgawo, ʋuye
nokuti haunamaturo, 19 (nokuti mu-
rairo hauna-kukwanisa cinhu), ȥino
tariro, inopfuʋura nokunaka, ika-
iswa'po, yatinosweɗera nayo kunaMŋari.
20 ʋuye ȥe, ȥaasina-kuitwa *muprista*
kusinemhiko; 21 (nokuti iʋo ʋakaitwa
ʋaprista kusinemhiko, asi iye nokupika
kwaiye, wakati kwaari:

Ishe wakapika, haaŋgaȥidyi mŋoyo
ȥe, *aciti*:
Iwe uri muprista nokusiŋgaperi);

22 Saiȥoȥo Jesu wakaitwa ruɓatso rwe-
suŋgano inopfuʋura nokunaka. 23 Iʋo
ʋaiʋa ʋaprista ʋazhinji, nokuti ʋaka-
dziʋiswa norufu kugara nokusiŋgaperi;
24 asi iye, ȥaanogara nokusiŋgaperi,
unoʋuprista bgusiŋgapfuʋudzwi *kuno-
mumŋe*. 25 Naiȥoȥo unesimba roku-
ponesa kwaȥo-kwaȥo aʋo ʋanosweɗera
kunaMŋari naye, ȥaanorarama noku-
siŋgaperi kuti aʋareʋerere.
26 Nokuti muprista mukuru wakaɗai
ndiye wataifanira kuʋa naye, mutṣene,
usinecakaipa, usina-kuṣiɓiswa, waka-
paradzaniswa naʋatadzi, wakakwidzwa
kumsoro kweɗeŋga; 27 usiŋgafaniri,
saʋaya ʋaprista ʋakuru, kuɓayira zuʋa
rimŋe nerimŋe, pakutaŋga pamsoro
peȥiʋi ȥaʋo, pashure pamsoro peȥiʋi
ȥaʋanhu; nokuti wakaita iȥoȥi kamŋe
cete, ȥikapera, pakuȥiita kwake ciɓayiro.
28 Nokuti murairo unogadza ʋanhu
ʋanoʋutera, kuti ʋaʋe ʋaprista ʋakuru;
asi shoko rokupika, rakateʋera murairo,
*rinogadza* Mŋanakomana, wakakwa-
niswa nokusiŋgaperi.

*Suŋgano yekare yapfuʋura, Kristu ndiye mureʋereri wesuŋgano itṣa.*

8 1 Ȥino, shoko guru panaiȥoȥo
ȥatataura, ndiro kuti: Tinomu-
prista mukuru wakaɗai wakagara
kurudyi rwecigaro coʋushe coʋumambo
kuɗeŋga; 2 *iye* mushumiri weȥinhu
ȥitṣene, nowetabernakeri caiyo, yaka-
miswa naShe, isina-kumiswa nomunhu.
3 Nokuti muprista mukuru mumŋe no-
mumŋe wakagadzwa, kuti aɓayire *Mŋari*
ȥipo neȥiɓayiro; naiȥoȥo naiye waifanira
kuti aʋe necaaŋgaɓayira ʋo; 4 nokuti
ɗai aiʋa panyika, uŋgaɗai asina-kuʋa
muprista, nokuti *ʋaprista* ʋari'po, ʋano-
ɓayira *Mŋari* ȥipo seȥinorebga nomu-
rairo; 5 iʋo ʋanoshumira mufananidzo
nomumvuri weȥokuɗeŋga, seȥaakarai-
rwa iye Mosesi oɗa kuita tabernakeri;
nokuti wakati: Tarira, uite ȥose nomu-
fananidzo, wawakaratidzwa mugomo.
6 Asi ȥino wakapiwa ɓasa rakanyanya
kunaka, seȥaari Mureʋereri wesuŋgano
inopfuʋura nokunaka, yakasimbiswa
neȥipikirwa ȥinopfuʋura nokunaka.
7 Nokuti ɗai iya yokutaŋga yakaŋga
isina-caiŋgapomerwa, yecipiri iŋgaɗai
isina-kutṣakirwa nȥimbo. 8 Nokuti
unoʋapa mhoṣa, aciti:

Tarirai, mazuʋa anoʋuya, ndiȥo
ȥinotaura Ishe,
Andicaita nawo suŋgano itṣa ne-
imba yaIsraeri, ʋuye neimba
yaJuda;
9 Isina-kuita sesuŋgano yandakaita
namadziɓaɓa aʋo,
Pazuʋa randakaɓata ruʋoko rwaʋo,
kuti ndiʋaɓuɗise munyika ye-
Egipita;
Nokuti haʋana-kurambira musu-
ŋgano yaŋgu,
Neni ndikasaʋa nehanya naʋo,
ndiȥo ȥinotaura Ishe.
10 Nokuti ndiyo suŋgano yandicaita
neimba yaIsraeri
Kana mazuʋa iwayo apfuʋura,
ndiȥo ȥinotaura Ishe;
Ndicaisa mirairo yaŋgu pakufuŋga
kwaʋo,
Napamŋoyo yaʋo ndicainyora,
Ndicaʋa Mŋari waʋo,
Iʋo ʋacaʋa ʋanhu ʋaŋgu;
11 Mumŋe nomumŋe haaŋgazodzi-
dzisi wokwake,
Kana mumŋe nomumŋe hama
yake, aciti: Ziʋa Ishe;
Nokuti ʋose ʋacandiziʋa,
Kubva kumuɗuku kuṣikira kumu-
kuru pakati paʋo.
12 Nokuti ndicaʋa neŋgoni nokusa-
rurama kwaʋo,
Neȥiʋi ȥaʋo handicazoȥiraŋgariri.

13 Ɀaanoti: *Suŋgano* itȿa, wakasakadza
yokutaŋga; ɀino cinhu cosakara, coʋa
cakare, coɗa kuroʋa.

*Ɀiɓayiro ɀakare ɀinofananidzwa neciɓayiro caKristu.*

9 1 Ɀino, neyiyi *suŋgano* yokutaŋga
yakaŋga inemirairo yokushumira
Mŋari nayo, neimba tȿene yenyika.
2 Nokuti tabernakeri, yaiʋa yokutaŋga,
yakagadzirwa, makaŋga munecigadziko
cemŋenje, netafura, neɀiŋgwa ɀokura-
tidza; ndipo panonzi Patȿene. 3 Ɀino
mberi kwecidzitiro cecipiri pakaŋga
panetabernakeri yainzi Patȿene-tȿene;
4 pakaŋga panendiro yendarama yeɀi-
nonhuwira, neareka yesuŋgano, yakaŋga
yakanamŋa nhiʋi dzose nendarama,
imomo makaŋga munehari yendarama,
yakaŋga inemana, netȿimbo yaAroni
yakaɗeya kutuŋgira, namahwendefa
esuŋgano; 5 pamsoro payo pakaŋga
panamakerubi okubginya, akadzika-
tidza cifunhiro ceŋgoni; hatigoni kuro-
ndedzera iɀoɀo ticiita cimŋe-cimŋe
ɀino. 6 Ɀinhu iɀi ɀakati ɀagadzirwa
saiɀoɀo, ʋaprista ʋaipinda mutaberna-
keri yokutaŋga ŋguʋa dzose, ʋaciɓata
maɓasa okushumira Mŋari; 7 asi
muneyecipiri muprista mukuru *wai-
pinda* ari oga, kamŋe cete negore, asi-
ŋgapindi asineropa, raaiɀiɓayirira iye
neɀiʋi ɀaʋanhu; 8 Mŋeya Mutȿene
aciratidza cinhu ici, kuti nzira inoenda
kuNɀimbo Tȿene yakaŋga isati yata-
ridzwa, tabernakeri yokutaŋga icimire;
9 wakaŋga uri mufananidzo weŋguʋa
ino—ʋanoɓayira nayo ɀipo neɀiɓayiro,
ɀisiŋgagoni kukwanisa pahana yake iye
unoshumira; 10 nokuti yaiŋgoʋa mi-
rairo yenyama, yeɀokudya, neɀokunwa,
nokushamba kuzhinji, yaʋakatemerwa
kuȿikira paŋguʋa yokuʋandudzwa.
11 Asi Kristu wakati aȿika ari mu-
prista mukuru weɀinhu ɀakanaka ɀino-
zoʋuya, akapinda napatabernakeri yaka-
pfuʋura pakukura napakukwana, isina-
kuitwa namaʋoko, ndiko kuti, isati iri
yokusikwa kuno, 12 haana-*kupinda*
neropa rembudzi kana remhuru, asi
neropa rake cairo, kamŋe cete, ɀikapera,
panɀimbo tȿene, akatiwanira rudziki-
nuro rusiŋgaperi. 13 Nokuti kana ropa
rembudzi nerenzombe namaɗota etsiru,
kana ɀicisaswa pamsoro paʋakaȿiɓiswa,
ɀiciʋaita ʋatȿene, kuti ʋanatswe pa-
nyama, 14 ɀikuru sei ropa raKristu,
iye wakaɀiita noMŋeya usiŋgaperi ciɓa-
yiro kunaMŋari, cisina-caciŋgapome-
rwa, ricanatsa hana dzeɗu pamaɓasa
akafa, kuti tishumire Mŋari mupenyu.
15 Nemhaka iyo, iye ndiMureʋereri
wesuŋgano itȿa, kuti, rufu ɀarwakaȿika
kuzodzikinura aʋo ʋakaɗarika pasu-
ŋgano yokutaŋga, ʋakaɗanwa ʋaŋgopiwa
cipikirwa cenhaka isiŋgaperi. 16 No-
kuti apo panetestamente, panofanira
kuʋa'po ʋo rufu rwaiye wakaiita.
17 Nokuti testamente inesimba kana
ʋanhu ʋafa; nokuti haitoŋgoʋi nesimba
kana wakaiita aciri mupenyu. 18 Na-
iɀoɀo ne*suŋgano* yokutaŋga haina-kuʋa-
mbga pasineropa. 19 Nokuti ɀireʋo
ɀose ɀakati ɀataurwa kuʋanhu ʋose na-
Mosesi seɀakareʋa murairo, iye akatora
ropa remhuru nerembudzi, pamŋe cete
nemvura namakushe matȿuku, nehiso-
pi, akasasa buku imene naʋanhu ʋose,
20 aciti: Iri iropa resuŋgano, yamakara-
irwa naMŋari. 21 Ʋuye ɀe, wakasasa
saiɀoɀo neropa tabernakeri nemidziyo
yose yokushumira nayo. 22 Ɀirokwaɀo,
tiŋgati pamurairo ɀinhu ɀineŋge ɀose
ɀinonatswa neropa; ʋuye kana kusine-
ropa rinoteʋurwa, hakunekaŋganwiro.
23 Naiɀoɀo mifananidzo yeɀiri ku-
ɗeŋga yaifanira kuti inatswe ne*ɀiɓayiro*
*iɀi*; asi ɀinhu ɀokuɗeŋga ɀimene kuti
*ɀinatswe* neɀiɓayiro ɀinopfuʋura iɀi
nokunaka. 24 Nokuti Kristu haana-
kupinda panɀimbo tȿene yakaitwa nama-
ʋoko, inofananidza iyo iri caiyo, asi
*wakapinda* kuɗeŋga kumene, kuti ɀino
aɀiise pamberi paMŋari nokuɗa kweɗu;
25 ʋuye *haana-kupinda* kuti aɀiite
ciɓayiro kazhinji, somuprista mukuru
unopinda panɀimbo tȿene gore rimŋe
nerimŋe, akaɓata ropa reɀimŋe ɀinhu;
26 nokuti ɗai ɀakaŋga ɀakaɗaro, uŋgaɗai
aitambura kazhinji kubva pakuʋambga
kwenyika; asi ɀino wakaʋonekwa kamŋe
cete pakupedzisira kweŋguʋa, kuti
aparadze ɀiʋi, nokuɀiita ciɓayiro kwake.
27 Ʋuye ʋanhu ɀaʋakatemerwa kuti
ʋafe kamŋe cete, kutoŋgeswa kugote-
ʋera, 28 saiɀoɀo Kristu ʋo, ɀaakaitwa
ciɓayiro kamŋe cete, kuti atakure ɀiʋi
ɀaʋanhu ʋazhinji, ucazoʋonekwa rwe-
cipiri, asi*ŋgatakuri* ɀiʋi, naiʋo ʋanomu-
tarira kuti aʋaponese.

10 1 Nokuti murairo ɀaunomu-
mvuri weɀinhu ɀakanaka ɀino-
ʋuya usati uri mufananidzo

caiwo weȥinhu *iȥoȥo*, hauŋgatoŋgogoni
kukwanisa aʋo ʋanosweɗera gore rimŋe
nerimŋe naiȥoȥo ȥiɓayiro ȥaʋanoramba
ʋaciɓayira *Mŋari*. 2 ɗai ȥakaŋga ȥaka-
ɗaro, ȥiŋgaɗai ȥisina-kupera kuɓayirwa
here? Nokuti ʋanonamata, kana ʋa-
kaŋga ʋanatswa kamŋe cete, ʋaŋgaɗai
ʋasina-kuzoyeʋudzwa ȥiʋi ȥaʋo. 3 Asi
ne*ȥiɓayiro* iȥoȥi ʋanoyeʋudzirwa ȥiʋi
gore rimŋe nerimŋe. 4 Nokuti ropa
renzombe nerembudzi haritoŋgogoni
kubvisa ȥiʋi. 5 Saka pakuşika kwake
panyika, unoti:
Ciɓayiro necipo makaȥiramba,
Asi makandigadzirira muʋiri;
6 hamuna-kuɗa ȥiɓayiro ȥinopiswa,
ne*ȥiɓayiro* ȥeȥiʋi;
7 Ȥino ndikati: Tarirai, ndaʋuya,
(Pabuku yakapetwa pakanyorwa
ȥaŋgu)
Kuti ndiite kuɗa kwenyu, imi
Mŋari.
8 Ȥaanoti pakutaŋga: Ȥiɓayiro neȥipo,
neȥiɓayiro ȥinopiswa, ne*ȥiɓayiro* ȥeȥiʋi
hamuna-kuȥiɗa, hamuna-kufadzwa naȥo
(ȥiri iȥo ȥinoɓayirwa *Mŋari* seȥinoreʋa
murairo), 9 ndokuzoti: Tarirai, nda-
ʋuya kuzoita kuɗa kwenyu. Unobvisa
cokutaŋga, kuti aise cecipiri. 10 No-
kuɗa ikoku takaitwa ʋatşene neciɓayiro
comuʋiri waJesu Kristu, *cakaɓayirwa*
kamŋe cete. 11 Muprista mumŋe
nomumŋe unomira zuʋa rimŋe neri-
mŋe acishumira, nokuɓayira kazhinji
ȥiɓayiro iȥoȥo ȥimŋe-ȥimŋe, ȥisiŋgagoni
kubvisa ȥiʋi; 12 asi iye wakati aɓayira
ciɓayiro cimŋe cete pamsoro peȥiʋi,
akagara nokusiŋgaperi kurudyi rwa-
Mŋari; 13 kubva ȥino acimirira kuşi-
kira ʋaʋeŋgi ʋake ʋaitwa citsiko cetsoka
dzake. 14 Nokuti neciɓayiro cimŋe
cete wakakwanisa nokusiŋgaperi aʋo
ʋanoitwa ʋatşene. 15 NoMŋeya Mu-
tşene unotipupurira ʋo; nokuti waka-
taŋga, aciti:
16 Iyi ndiyo suŋgano yandicaita
naʋo
Shure kwamazuʋa iwayo, ndiȥo
ȥinotaura Ishe;
Ndicaisa mirairo yaŋgu pamŋoyo
yaʋo,
Nokuinyor· pakufuŋga kwaʋo;
*Ndokuzoti*:
17 Ȥiʋi ȥaʋo nokuɗarika kwaʋo ha-
ndicatoŋgoȥiraŋgariri.
18 Ȥino, kana ȥinhu iȥi ȥakaŋganwirwa,
ȥiʋi haȥicaɓayirwi.

*Ŋgatisweɗere nomŋoyo waȥokwaɗi.*

19 Naiȥoȥo, hama *dzaŋgu*, ȥatiŋga-
tsuŋga kupinda panȥimbo tşene neropa
raJesu, 20 nenzira itşa mhenyu, ya-
akatiʋambira iye *nokupinda* kwake pa-
cidzitiro *cetembere*, ndiyo nyama yake;
21 ʋuye ȥatinomuprista mukuru paimba
yaMŋari, 22 ŋgatisweɗere nomŋoyo
waȥokwaɗi, nokutenda kwakasimba,
mŋoyo yeɗu yasaswa *kuti inatswe* pahana
yakaipa, nemiʋiri yeɗu yakashambidzwa
nemvura yakanaka. 23 Ŋgaticeŋgete
kwaȥo kupupura kwetariro yeɗu, kuti
irege kuzunuŋguka; nokuti iye, waka-
pikira, wakatendeka; 24 ŋgatiraŋga-
rirane, timutsane mŋoyo *kuti tive*
noruɗo namaɓasa akanaka, 25 tisarega
kuʋuŋgana kweɗu, seȥinoita ʋamŋe,
asi tirairane; ȥikuru ȥamunoʋona kuti
zuʋa rosweɗera.

*Kutadza nobgoni.*

26 Nokuti kana ticitadza nobgoni,
kana tambogamucira ziʋo yeȥokwa-
ɗi, hakucineciɓayiro pamsoro peȥiʋi,
27 asi kuŋgomirira ticitya kutoŋgeswa
nokutsamŋa kunopfuta somŋoto, kuca-
pedza ʋaʋeŋgi. 28 Munhu, wakaramba
murairo waMosesi, unofa asiŋganzwirwi
tsitsi, kana paneȥapupu ȥiʋiri kana
ȥitatu; 29 hamufuŋgi here kuti munhu,
wakatsika Mŋanakomana waMŋari pasi
petsoka *dzake*, akati ropa resuŋgano
raakaitwa mutşene naro harinamaturo
ȥaro, akaȥidza Mŋeya wenyasha, kuti
iye haaŋganzi wakafanirwa nokurobga
kunopfuʋura uku kwaȥo here? 30 No-
kuti tinomuziʋa iye wakati: Kutsiʋa
ndokwaŋgu, ini ndicaripira. Ʋuye ȥe:
Ishe ucatoŋga mhoşa dzaʋanhu ʋake.
31 Ȥinotyisa kuwira pamaʋoko aMŋari
mupenyu.

*Fuŋgai kutsuŋga kwenyu kwakare.*

32 Asi raŋgarirai mazuʋa okutaŋga,
amakati mavenekerwa, mukatsuŋga
pakurwa kukuru kweɗambudziko;
33 pamŋe nokuti makaitwa *cinhu* cino-
tarirwa nokuȥidzwa nokutambudzwa;
pamŋe nokuti makagoʋana naiʋo ʋaka-
itirwa iȥoȥo. 34 Nokuti makanzwira
tsitsi aʋo ʋakasuŋgwa, mukatenda ʋo
nomufaro kuti nhumbi dzenyu dzi-
pambge, muciziʋa kuti imi mumene
munefuma yakapfuʋura nokunaka, ino-
gara. 35 Naiȥoȥo regai kurasha kusa-
tya kwenyu kunomuɓayiro mukuru.

36 Nokuti munofanira kuʋa nokutsuŋgirira, kuti, kana maita kuɗa kwaMŋari, mugopiwa cipikirwa.
37 Nokuti kaŋguʋa kaɗuku-ɗuku kaci'ko,
Iye unoʋuya, ucaʋuya, asiŋganonoki.
38 Asi wakarurama waŋgu ucaponeswa nokutenda;
Ȥino kana akadzokera shure, mŋoyo waŋgu hauŋgafari naye.
39 Ȥino isu hatizi iʋo ʋokudzokera shure, kuti tiparadzwe; asi *tiri* ʋokutenda kuti tiponeswe mŋeya.

*Kutenda cinyi. Ʋanhu vakakunda nokutenda.*

11 1 Ȥino kutenda ndirwo rusimbiso rwe*ȥinhu* ȥ*ati*notarira, neciratidzo ce*ȥinhu* ȥ*ati*siŋgaʋoni.
2 Nokuti naiko ʋanhu ʋakare ʋakapupurirwa ȥakanaka.
3 Nokutenda tinonzwisisa kuti nyika dzakanatso-roŋgedzwa nenzwi raMŋari, naiȥoȥo ȥinhu, ȥinoʋonekwa, hazina-kuitwa neȥinhu ȥinoʋonekwa.
4 Nokutenda Aberi wakaɓayira Mŋari ciɓayiro cakanaka kunecaKaini; akapupurirwa naco kuti wakaŋga akarurama, Mŋari acipupurira ȥipo ȥake; naiko *kutenda* iye, kunyaŋge afa hake, ucaŋgotaura naȥino.
5 Nokutenda Enoki wakatorwa, kuti arege kuʋona rufu; akasaʋonekwa, nokuti Mŋari wakaŋga amutora; nokuti asati atorwa wakapupurirwa kuti wakaŋga acifadza Mŋari.
6 Kana kusina-kutenda haȥibviri kumufadza; nokuti unoʋuya kunaMŋari, unofanira kutenda kuti iye uri'po, ʋuye kuti unopa ʋanomutșaka muɓairo *waʋo.*
7 Nokutenda Noa wakati anyeʋerwa pamsoro peȥinhu ȥicigere kuʋonekwa, akagadzira areka nokutya *Mŋari,* kuti aponese mhuri yake; akapa nyika mhoșa naȥo, akagara nhaka yokururama kunoʋuya nokutenda.
8 Nokutenda Abrahama, wakati aɗanwa, akaterera, akaɓuɗa, akaenda kunȥimbo yaakanzi ucaipiwa iʋe nhaka yake; akaɓuɗa akaenda, asiŋgaziʋi kwaanoenda.
9 Nokutenda wakandogara somutorwa munyika yecipikirwa, sapa*nyika* yaʋamŋe, akagara mumatente naIsaka naJakobo, ʋadyi ʋenhaka yecipikirwa cimŋe pamŋe cete naye;
10 nokuti wakaŋga acitarira guta rinenheyo, Mŋari ari mhizha nomuʋaki waro.
11 Nokutenda naiye Sara wakapiwa simba rokutora mimba, kunyaŋge akaŋga acembera, nokuti wakati iye wakamupikira wakatendeka.
12 Saka ku*munhu* mumŋe, wakaŋga akaita sowafa, kwakabva *ʋana* ʋakaita senyeredzi dzokuɗeŋga nokuwanda kwaʋo, ʋuye sejeca riri pamhenderekedzo yeguŋgwa risiŋgaʋereŋgwi.
13 Iʋaʋa ʋose ʋakafa ʋacitenda, ʋasina-kupiwa ȥipikirwa, asi ʋakaȥiʋona ȥiri kure, ʋakaȥikwazisa, ʋakatenda kuti iʋo ʋaeni naʋafambi panyika.
14 Nokuti ʋanotaura ȥakaɗaro, ʋanoratidza kuti ʋanotșaka nyika yaʋo caiyo.
15 Nokuti kana ʋairamba ʋacifuŋga *nyika* iyo yaʋakabva kwairi, ʋaŋgaɗai ʋawana ŋguʋa yokudzoka.
16 Asi ȥino ʋanoɗa *imŋe* inopfuʋura nokunaka, ndiyo yokuɗeŋga; naiȥoȥo Mŋari haanenyadzi pamsoro paʋo kuti aidzwe Mŋari waʋo; nokuti wakaʋagadzirira guta.
17 Nokutenda Abrahama, aciidzwa, wakaɓayira Isaka; iye wakaŋga agamucira kwaȥo ȥipikirwa, wakaŋga aciɓayira *mŋana wake* wakaɓerekwa mumŋe woga;
18 iye wakaŋga aʋudzwa, *ȥicinzi*: MunaIsaka ʋana ʋako ʋacatumidzwa;
19 nokuti wakati Mŋari unogona kumutsa *munhu* kunyaŋge kuʋakafa; ndipapo ʋo, *kana ticitaura* nomufananidzo, paakamudzoserwa.
20 Nokutenda Isaka wakaropafadza Jakobo naEsau pamsoro peȥinozoitwa.
21 Nokutenda Jakobo pakufa kwake wakaropafadza mŋanakomana mumŋe nomumŋe waJosefa; akanamata *akasendamira* pamsoro pomuɗonȥo wake.
22 Nokutenda Josefa, ofa, wakataura ȥokuɓuɗa kwaʋana ʋaIsraeri, akaʋaraira pamsoro pamafupa ake.
23 Nokutenda Mosesi pakuɓerekwa kwake wakaʋanzwa naʋaɓereki ʋake mŋedzi mitatu, nokuti ʋakaʋona kuti wakaŋga ari mŋana wakanaka; haʋana-kutya murairo wamambo.
24 Nokutenda Mosesi, akura, wakaramba kunzi mŋanakomana womukunda waFarao,
25 akati ȥirinani kuitirwa ȥakaipa pamŋe cete naʋanhu ʋaMŋari pakufarira ȥiʋi ŋguʋa ɗuku;
26 akati kuȥidzwa kwaKristu ifuma huru kukufuma kwose kweEgipita; nokuti wakatarira muɓairo.
27 Nokutenda wakabva Egipita, asiŋgatyi kutsamŋa kwamambo; nokuti wakatsuŋgirira somunhu unoʋona *iye* usiŋgaʋonekwi.
28 Noku-

tenda wakaʋamba paseka nokusasa
ropa, kuti muʋurayi wamataŋgwe
aʋarege iʋo. 29 Nokutenda ʋakaya-
mbuka Guŋgwa Dȥuku, sapanyika
yakawoma; ʋaEgipita ʋaciidza iȥoȥo,
ʋakaɓitiririrwa. 30 Nokutenda maşiŋgo
eJeriko akawira pasi, apoteredzwa ma-
zuʋa manomŋe. 31 Nokutenda Rakabi
cifeʋe, haana-kufa pamŋe cete naʋasina-
kuterera, nokuti wakaŋga agamucira
ʋashori norugare. 32 Ndicataurireiko
ȥimŋe? Nokuti ndicapererwa neŋguʋa,
kana ndikataura ȥaGideoni, naBaraki,
naSamsoni, naJefta, naDavidi, naSa-
mueri, naʋaprofita; 33 aʋo ʋakakunda
ʋushe nokutenda *kwaʋo* ʋakaita ȥakaru-
rama, ʋakapiwa ȥipikirwa, ʋakadziʋira
miromo yeshumba. 34 Ʋakadzima
simba romŋoto, ʋakatiza minondo
inopinza, ʋakasimbiswa paʋutera, ʋa-
kaʋa nesimba pakurwa, ʋakadziŋga
hondo dza*mamŋe* marudzi. 35 Ʋakadzi
ʋakapiwa ȥe ʋakafa ʋaʋo, ʋamutswa;
ʋamŋe ʋakapurwa, ʋakaramba kusu-
nuŋgurwa, kuti ʋawane kumuka kwa-
kapfuʋura nokunaka; 36 ʋamŋe ʋaka-
idzwa, ʋacisekwa, ʋacirobga ȥikuru,
ʋuye ȥe ʋacisuŋgwa, ʋaciiswa mutoro-
ŋgo; 37 ʋakatakwa namabge, ʋaka-
temŋa-temŋa nejeko, ʋakaidzwa, ʋa-
kaʋurawa nomunondo; ʋakafamba ʋa-
kafuka matebge amakwai, neŋguʋo
dzembudzi; ʋasinecinhu, ʋacitambu-
dzika, ʋaciitirwa ȥakaipa; 38 (nyika
haina-kufanirwa naʋo), ʋacidzuŋgaira
mumarenje, nomumakomo, nomuma-
pako, nomumakomba enyika. 39 Aʋa
ʋose ʋakaŋga ʋapupurirwa nokutenda
kwaʋo, *asi* haʋana-kupiwa ȥipikirwa,
40 nokuti Mŋari wakaŋga atigadzirira
cimŋe cinhu cinopfuʋura nokunaka, kuti
iʋo ʋarege kukwaniswa kunze kwedu.

*Kuraŋga kwaƁaɓa.*

12 1 Naiȥoȥo, nesu ʋo, ȥataka-
komberedzwa negore reȥapupu
rakakura rikadai, ŋgatibvisei
ȥose ȥinoremedza, neȥiʋi ȥinoŋgoti-
namatira, ŋgatimhanye nokutsuŋgirira
nhaŋgemutaŋge yatakaisirwa, 2 tici-
tarira kunaJesu, muʋambi nomukwanisi
wokutenda kwedu, iye wakatsuŋga
pamucinjikwa nokuda kwomufaro wa-
kaiswa pamberi pake, akashoʋora kunya-
dziswa kwawo, akandogara kurudyi
rwecigaro coʋushe caMŋari. 3 Nokuti
cerekedzai uyo wakatsuŋga pakukaka-
ʋara kwakadai kwaʋatadzi, kuti imi
murege kuneta nokupera simba pa-
mŋeya yenyu. 4 Mucigere kudziʋirira
kuşikira ropa riciɓuda pakurwa kwenyu
neȥiʋi. 5 Ʋuye makakaŋganwa kwaȥo
kuraira kunotaura kwamuri sokuʋana-
komana, *kuciti*:

Mŋanakomana waŋgu, usaȥidza ku-
raŋga kwaShe,
Usapera mŋoyo kana ucirairwa naye;
6 Nokuti waanoda Ishe unomuraŋga,
Unoroʋa ȥikuru mŋanakomana mu-
mŋe nomumŋe waanogamucira.

7 Tsuŋgai henyu mŋoyo kuti mura-
ŋgwe; Mŋari unoɓata nemi saʋana-
komana; nokuti mŋanakomana ndoupi
usiŋgaraŋgwi naɓaɓa? 8 Asi kana
musiŋgaraŋgwi, seȥinoitirwa ʋose, muri
ʋana ʋoʋupombge, hamuzi ʋanako-
mana *caiʋo*. 9 Ʋuye ȥe isu taiʋa
namadziɓaɓa edu enyama, ʋaitiraŋga,
tikaʋakudza; ko hatiŋgaȥiisi ȥikuru pasi
paƁaɓa ʋemŋeya, kuti tirarame here?
10 Nokuti iʋo, ȥirokwaȥo, ʋakatiraŋga
mazuʋa mashoma, seȥaʋaifuŋga: asi
iye *unotiraŋga* kuti tiɓatsirwe, tigogo-
ʋerwa ʋutşene bgake. 11 Ȥino kuraŋga
kwose, kana kucaitwa, kwakaita soku-
siŋgafadzi, kunocemedza; asi pashure
kunoɓerekera iʋo, ʋakadzidziswa na-
ko, ȥiɓereko ȥorugare, *ndiȥo ȥiɓereko*
ȥokururama. 12 Saka simbisai ȥe
maʋoko akarembera pasi, namabvi
anoshaiwa simba; 13 gadzirirai tsoka
dzenyu nzira dzakarurama, kuti ico
cinokamhina cirege kushodoka, asi
ciporeswe.
14 Tşakai rugare naʋanhu ʋose, noʋu-
tşene, *nokuti* kunze kwabgo haku-
nomunhu ucaʋona Ishe; 15 mucenjere
kuti kurege kuʋa nomunhu unodzokera
shure panyasha dzaMŋari; kuti mudzi
wokuʋaʋa urege kumuka, ukutambudzei,
ʋazhinji ʋagoşiɓiswa nawo; 16 kurege
kuʋa'pó nemhombge, kana nousine-
hanya naMŋari, saEsau wakateŋgesa
ʋudaŋgwe bgake nokudya kamŋe cete.
17 Nokuti munoziʋa kuti acizoda hake
pashure kugara nhaka yokuropafadzwa,
wakarambga; nokuti haana-kuwana ŋgu-
ʋa yokutendeʋuka, kunyaŋge akaitşaka
ȥikuru nemisodzi.

*Suŋgano itşa inofananidzwa nesuŋgano yekare.*

18 Nokuti hamuna-kuswedera *kugomo*
riŋgaɓatwa *namaʋoko*, rinopfuta, ʋuye

kurima, nokukuȿiɓa, nokuɗutu guru,
19 nokukurira kwehwamanda, noku-
nzwi ramashoko; iʋo ʋakarinzwa ʋaka-
kumbira kuti shoko rimŋe rirege
kuzoʋataurirwa; 20 nokuti ʋakako-
niwa kuteʋera cakaŋga carairwa, *cokuti*:
Kunyaŋge nemhuka kana ikaɓata gomo,
icatakwa namabge; 21 ico cakaʋo-
nekwa cakatyisa kuɗai, kuti naMosesi
wakati: Ndinotya kwaɀo, ndinoɗeɗera;
22 asi imi makasweɗera kugomo re-
Zioni, nokuguta raMŋari mupenyu,
Jerusarema riri kuɗeŋga, nokumazana
namazana aʋatumŋa ʋasiŋgaʋereŋgwi,
23 nokuʋuŋgano huru, nokukereke
yamataŋgwe akanyorwa kuɗeŋga, noku-
naMŋari, mutoŋgi waʋose, nokumŋeya
yaʋakarurama ʋakakwaniswa, 24 no-
kunaJesu, Mureʋereri wesuŋgano itȿa,
nokuropa rakasaswa, rinotaura ɀaka-
naka kupfuʋura Aberi. 25 Cenjerai
kuti murege kuramba unotaura; nokuti
kana aʋo ʋakamuramba ŋguʋa yaaka-
ʋaraira panyika, ʋasina-kupukunyuka,
ɀikuru isu kana tikafuratira iye woku-
ɗeŋga; 26 inzwi rake rakazunuŋgusa
nyika neŋguʋa iyo; asi ɀino wakapikira,
aciti: Ndicabvundisa ɀe kamŋe cete,
isati iri nyika ɓedzi, asi neɗeŋga ʋo.
27 Ɀino *shoko* iri *rokuti*, kamŋe cete,
rinoratidza kubviswa kweɀinozunu-
ŋguka, seɀinhu ɀakaitwa, kuti iɀo
ɀisiŋgazunuŋguki ɀigare. 28 Saka,
ɀatinopiwa ʋushe bgusiŋgazunuŋguki,
ŋgatiʋe nokuʋoŋga, kuti tishumire
Mŋari nako, ticimufadza nokukudza
nokutya. 29 Nokuti Mŋari weɗu
mŋoto unoparadza.

*Mashoko okupedzisira okuraira.*

13 1 Ruɗo pakati pehama ŋga-
rugare. 2 Musakaŋganwa kú-
itira ʋaeni ruɗo; nokuti ʋaciɗaro
ʋamŋe ʋakagarisa ʋatumŋa mumba,
ʋasiŋgaɀiziʋi. 3 Fuŋgai ʋakasuŋgwa,
somuneŋge makasuŋgwa pamŋe cete
naʋo; naiʋo ʋanoitirwa ɀakaipa, somu-
neŋge muri mumuʋiri imi ʋo. 4 Ku-
wanana *ŋga*kukudzwe naʋose, nenhoʋo
*ŋgairege* kuʋa nemhoȿa; nokuti Mŋari
ucatoŋgesa mhombge naʋanofeʋa.
5 Musakarira mari pamugarire wenyu;
tendai neɀamunaɀo; nokuti iye amene
wakati: Handiŋgatoŋgokuregeri, ha-
ndiŋgatoŋgokusiyi. 6 Naiɀoɀo tino-
tsuŋga mŋoyo, ticiti:

Ishe ndiye muɓatsiri waŋgu; handi-
ŋgatyi;
Munhu uŋgandiiteiko?
7 Raŋgarirai ʋatuŋgamiriri ʋenyu ʋai-
kuparidzirai shoko raMŋari; cerekedzai
kuguma kwokufamba kwaʋo, mugo-
teʋera kutenda kwaʋo. 8 Jesu Kristu
unogara akaɗaro zuro, nanhasi, noku-
siŋgaperi. 9 Musatorwa nedzidziso
dzimŋe dzisiŋgazikanwi; nokuti ɀaka-
naka kuti mŋoyo usimbiswe nenyasha;
urege kusimbiswa neɀokudya ɀisina-
kuɓatsira ʋakafamba maɀiri. 10 Isu
tineartari, pasiŋgatenderwi kudyiwa
naʋanoshumira tabernakeri. 11 Noku-
ti mitumbu yeɀipfuwo, ɀakaisirwa
ropa raɀo panɀimbo tȿene nomu-
prista mukuru nokuɗa kweɀiʋi, inopi-
swa kunze kwemisasa. 12 Saka naiye
Jesu ʋo wakatambudzika kunze kwe-
suʋo, kuti aite ʋanhu ʋaʋe ʋatȿene
neropa rake. 13 Naiɀoɀo ŋgatiɓuɗire
kwaari kunze kwemisasa, titakure
kunyadziswa kwake. 14 Nokuti pano
hatineguta ricagara, asi tinotȿaka rica-
zoʋa'po. 15 Naiɀoɀo ŋgatirambe tici-
ɓayira Mŋari naye ciɓayiro cokumu-
rumbidza, ndico ciɓereko cemiromo
inopupura zita rake. 16 Asi musaka-
ŋganwa kuita ɀakanaka nokugoʋana;
nokuti Mŋari unofara neɀiɓayiro
ɀakaɗai. 17 Tererai ʋatuŋgamiriri
ʋenyu, muɀiise pasi paʋo; nokuti
ʋanorinda mŋeya yenyu, saʋanhu
ʋanozobvunzwa pamsoro penyu, kuti
ʋaite iɀoɀo nomufaro, ʋasiŋgaiti ne-
shuŋgu; nokuti iɀoɀo haɀikuɓatsiriyi
cinhu.
18 Tinyeŋgetererei; nokuti tinoziʋa
kwaɀo kuti tinehana yakanaka, ɀatinoɗa
kufamba ɀakanaka paɀinhu ɀose.
19 Ndinokumbira ɀikuru kwamuri kuti
muite iɀoɀo, kuti ndikurumidze ku-
dzoserwa kwamuri.

*Kuwonekana.*

20 Ɀino Mŋari worugare, wakadzosa
kuʋakafa mufudzi mukuru wamakwai,
iye Ishe weɗu Jesu Kristu, neropa
resuŋgano isiŋgaperi, 21 ŋgaakukwa-
nisei paɀinhu ɀose ɀakanaka, kuti
muite kuɗa kwake, iye aciita mukati
meɗu iɀo ɀinofadza pamberi pake,
naJesu Kristu—ŋgaaʋe nokubginya
nokusiŋgaperi-peri. Ameni.
22 Asi ndinokuraírai, hama *dzaŋgu*,
kuti mutende neshoko rokuraira, nokuti

ndakakunyorerai mashoko mashoma.
23 Ziʋai kuti hama yeɗu Timotio
wakasunuŋgurwa; kana akakurumidza
kuşika, ndinozokuʋonai pamŋe cete
naye.

24 *Ndi*kwazisirei ʋatuŋgamiri ʋenyu
ʋose naʋatşene ʋose. ʋeItaria ʋano-
kukwazisai.
25 Nyasha ŋgadziʋe nemi mose.
Ameni.

# ŊWADI YAJAKOBO

*Kwaziso.*

1 1 Jakobo, muranda waMŋari no-
waShe Jesu Kristu, kumarudzi
anegumi namaʋiri akapararira:
Farai!

*Kutambudzika nemiidzo.*

2 Hama dzaŋgu, muti mufaro ɓedzi
kana muciwira mumiidzo mizhinji;
3 muciziʋa kuti kuidzwa kwokutenda
kwenyu kunoɓereka kutsuŋgirira.
4 Asi kutsuŋgirira ŋgakuʋe neɓasa
rakakwaniswa, kuti mukwane, muru-
rame kwaȥo, musiŋgashaiwi cinhu.
5 Ȥino kana mumŋe wenyu acishaiwa
kucenjera ŋgaakumbire kunaMŋari,
unoŋgopa ʋose asiŋgazotuki; ucapiwa
hake. 6 Asi ŋgaakumbire nokutenda,
asiŋganyunyuti napaɗuku; nokuti mu-
nhu unonyunyuta wakaita sefuŋgu
reguŋgwa rinosundwa nemhepo rici-
mutswa-mutswa. 7 Munhu uyu ŋga-
arege kufuŋga kuti ucazowana cinhu
kunaShe; 8 munhu, unemŋoyo miʋiri,
unoshanduka-shanduka panzira dzake
dzose.
9 Asi hama iri muɗuku ŋgaafare
nokukudzwa kwake; 10 nomufumi no-
kuninipiswa kwake, nokuti ucapfuʋura
seruʋa roʋuswa. 11 Nokuti zuʋa
rinoɓuɗa pamŋe cete nemhepo inopisa,
ndokuwomesa ʋuswa; ruʋa rabgo rino-
wira pasi, nokunaka kwabgo kwakanga
kwaʋonekwa kunopera; saiȥoȥo ʋo mu-
fumi ucaşaʋa panzira dzake.
12 Wakaropafadzwa munhu uyo uno-
tsuŋga mŋoyo pakuidzwa; nokuti kana
atendwa, ucapiwa korona yoʋupenyu
yakapikirwa aʋo ʋanomuɗa. 13 Kana
munhu aciidzwa, ŋgaarege kuti ndino-
idzwa naMŋari; nokuti Mŋari haaŋga-
idzwi neȥakaipa, naiye amene haaŋga-
idzi munhu. 14 Asi munhu mumŋe
nomumŋe unoidzwa kana acikwebga no-
kuciʋa kwake acinyeŋgerwa. 15 Ȥino
kuciʋa, kana kwarema, kunoȥara ȥiʋi;
neȥiʋi, kana ȥakura, ȥinoɓereka rufu.
16 Musanyeŋgerwa, hama dzaŋgu dzi-
noɗikanwa. 17 Ȥipo ȥose ȥakanaka
neȥipiwa ȥose ȥakakwana ȥinobva
kumsoro, ȥiciɓuruka kunaƁaɓa ʋeȥi-
edza, uyo usina-kupinduka kana mu-
mvuri wokushanduka. 18 Nokuɗa
kwake wakatiɓereka neshoko reȥokwaɗi,
kuti isu tiite seciɓereko cokutaŋga
ceȥisikwa ȥake.

*Ivai vaiti veshoko.*

19 Munoȥiziʋa henyu iȥoȥi, hama
dzaŋgu dzinoɗikanwa. Asi munhu
mumŋe nomumŋe ŋgaakurumidze
kunzwa, anonoke kutaura, anonoke
kutsamŋa; 20 nokuti kutsamŋa kwo-
munhu hakuiti kururama kwaMŋari.
21 Saka bvisai tşina yose nokuipa
kwakawanda, mugamucire nomŋoyo
munyoro shoko rakasimŋa mukati
*menyu*, rinogona kuponesa mŋeya yenyu.
22 Asi iʋai ʋaiti ʋeshoko, musaʋa
ʋanzwi ʋoga, muciȥinyeŋgera. 23 No-
kuti kana munhu ari munzwi weshoko,
asati ari muiti *waro*, wakafanana no-
munhu unoʋona ciso cake, caakaɓere-
kwa naco, muciʋoniʋoni. 24 Nokuti
ʋnoȥiʋona, ndokuenda, ndokukaŋganwa
pakarepo kuti wakaɗini iye. 25 Asi
munhu unocerekedza murairo waka-
kwana, *iwo murairo* wokusunuŋgurwa,
akaramba aciɗaro, asati ari munzwi,
unokaŋganwa, asi muiti weɓasa, iye
ucaropafadzwa paneȥaanoita. 26 Kana
munhu aciti ndinonamata *Mŋari*,
asiŋgadzori rurimi rwake, asi acinye-
ŋgera mŋoyo wake, kutenda kwaiyeyo
munhu hakunamaturo. 27 Kunamata,
kwakarurama, kusinemhoşa pamberi
paMŋari weɗu naƁaɓa, ndiko kufambira
nherera necirikadzi pakutambudzika
kwaʋo, *no*kuȥiceŋgeta, kuti arege
kuşiɓiswa nenyika.

*Regai kutsaura vanhu.*

2 1 Hama dzaŋgu, kutenda kwenyu
kunaShe weɗu Jesu Kristu, *iye*
wokubginya, ŋgakurege kuʋa noku-
tenda ȥinoʋonekwa ȥomunhu. 2 No-
kuti kana musinagoge renyu mukapinda
munhu unemhete yendarama, akapfeka
ŋguʋo dzakanaka, mukapinda ʋo mu-
rombo, wakapfeka ŋguʋo dzakaipa;
3 mukatarira uyo wakapfeka ŋguʋo
dzakanaka, mukati: Gara pano paka-
naka; mukati kumurombo: Mira papo,
kana: Gara pasi pecitsiko cetsoka
dzaŋgu; 4 ko hamuna-kutsaura mu-
mŋoyo yenyu, mukaʋa ʋatoŋgi ʋanemi-
fuŋgo yakaipa here? 5 Inzwai, hama
dzaŋgu dzinoɗikanwa: Ko Mŋari
haana-kusanaŋgura ʋarombo ʋenyika
here kuti ʋaʋe ʋafumi pakutenda,
naʋadyi ʋenhaka yoʋushe bgaakapikira
ʋanomuɗa? 6 Asi imi makaȥidza
murombo. Ko haʋazi ʋafumi ʋano-
kuremedzai, naiʋo ʋanokukwirirai
kuȥigaro ȥokutoŋga here? 7 Ko haʋazi
iʋo ʋanomhura zita rakanaka ramuno-
tumidzwa naro here? 8 Asi ȥino kana
mucizadzisa murairo woʋushe, seȥaȥa-
kanyorwa, *ȥicinzi*: Iɗa wokwako se-
ȥaunoȥiɗa iwe, munoita ȥakanaka.
9 Asi kana mucitenda ȥinoʋonekwa
ȥomunhu, munoita ȥiʋi, munopiwa
mhoşa nomurairo mucinzi ʋaɗariki.
10 Nokuti munhu unoceŋgeta murairo
wose, akagumburwa kunecinhu cimŋe
cete, waʋa nemhoşa kuneȥose. 11 No-
kuti iye, wakati: Usaita ʋupombge,
ndiye ʋo, wakati: Usaʋuraya. Ȥino,
kana usiŋgaiti ʋupombge, asi uci-
ʋuraya, waʋa muɗariki womurairo.
12 Taurai, ʋuye itai saʋanhu ʋano-
zotoŋgwa nomurairo wokusunuŋgurwa.
13 Nokuti kutoŋga hakuŋgaʋi neŋgo-
ni kunousina-kuitira *vamŋe* ŋgoni;
ŋgoni dzinoȥirumbidza dzicikunda ku-
toŋga.

*Kutenda kusinamaɓasa kwakafa.*

14 Ȥinoɓatsirei hama dzaŋgu, kana
munhu aciti: Ndinokutenda, asi
asinamaɓasa? Ko kutenda uko kuŋga-
muponesa here? 15 Kana kune*hama*,
murume kana mukadzi, asina-ȥokufuka,
unoshaiwa ȥokudya zuʋa rimŋe ne-
rimŋe, 16 mumŋe wenyu akati kwa-
ʋari: Endai henyu nomufaro, mudzi-
yirwe, mugute, musiŋgaʋapi iȥo ȥino-
ɗikanwa nomuʋiri, ȥinogoɓatsirei?
17 Saiȥoȥo, ʋo, nokutenda kana kusi-
namaɓasa, kwakafa hako. 18 Asi
mumŋe uŋgati: Iwe unokutenda, neni
ndinamaɓasa; ndiratidze kutenda kwako
kusinamaɓasa, neni ndigokuratidza
namaɓasa aŋgu kutenda *kwaŋgu*.
19 Iwe unotenda kuti Mŋari ndiye
mumŋe cete; unoita ȥakanaka; mŋeya
yakaipa inotenda ʋo *iȥoȥo*, iciɗeɗera.
20 Ȥino iwe munhu woʋupenzi, unoɗa
kuziʋa here kuti kutenda kusinamaɓasa
kwakafa? 21 Ko Abrahama, ɓaɓa
ʋeɗu, haana-kururamiswa namaɓasa
here, ŋguʋa yaakaɓayira mŋanakomana
wake Isaka paartari? 22 Unoʋona
kuti kutenda kwake kwakaɓata pamŋe
cete namaɓasa ake, ʋuye kuti kutenda
kwake kwakakwaniswa namaɓasa;
23 rugwaro rukaitika, runoti: Abra-
hama wakatenda Mŋari, kukanzi kwa-
ari ndiko kururama; akanzi hama ya-
Mŋari. 24 Munoʋona kuti munhu
unoruramiswa namaɓasa, haarurami-
swi nokutenda ɓedzi. 25 Saiȥoȥo
ʋo, Rakabi, cifeʋe, haana-kururamiswa
here namaɓasa, ŋguʋa yaakaciŋga-
midza nhume, nokuʋaendisa neimŋe
nzira? 26 Nokuti somuʋiri usinomŋeya
wakafa, saiȥoȥo kutenda kusinamaɓasa
kwakafa ʋo.

*Rurimi runofanira kudzorwa.*

3 1 Hama dzaŋgu, musaʋa ʋadzi-
dzisi ʋazhinji, ȥamunoziʋa kuti
ticatoŋgwa nokupfuʋurisa. 2 No-
kuti tinogumburwa tose paȥinhu ȥizhi-
nji. Kana munhu asiŋgagumburwi
pakutaura, iye munhu wakakwana,
unogona kudzora muʋiri wose ʋo.
3 Ȥino kana ticiisa matare amabiza
mumiromo yawo, kuti atiterere, tino-
dzora ʋo muʋiri wawo wose. 4 Tarirai
magwa makuru, kunyaŋge ari makuru
akaɗai, acidziŋgwa nemhepo dzinesimba
guru, anodzorwa necidzoreso ciɗuku-
ɗuku kwose-kwose nokuɗa kwomŋoyo
womufambisi wawo. 5 Saiȥoȥo ʋo
rurimi mutezo muɗuku, runoȥiru-
mbidza ȥikuru. Tarirai, mŋoto muɗuku
unotuŋgidza huni zhinji sei! 6 Rurimi
mŋoto, *rwakaita* senyika *izere* neȥisa-
karurama; ndiȥo ȥakaita rurimi pakati
pemitezo yeɗu, runoşiɓisa muʋiri wose,
runotuŋgidza nzira yose yoʋupenyu,
runotuŋgidzwa irwo neGehena. 7 No-
kuti marudzi ose emhuka, neeshiri,
neeȥinokambaira, neeȥiri muguŋgwa

aŋgapiŋgudzwa, ʋuye akambopiŋgu-
dzwa naʋanhu; 8 asi hakunomunhu
uŋgapiŋgudza rurimi; ndico cinhu
cakaipa cinoshanduka-shanduka, cizere
nomuti unoʋuraya. 9 Narwo tino-
rumbidza Ishe Ɓaɓa; narwo tinotuka
ʋanhu, ʋakaitwa nomufananidzo wa-
Mŋari; 10 mumuromo mumŋe mu-
nobva kurumbidza nokutuka. Hama
dzaŋgu, hatifaniri kuɗaro. 11 Tsime
rinoɓuɗisa pacituɓu cimŋe mvura ino-
naka neinoʋaʋa here? 12 Hama
dzaŋgu, muʋonde uŋgaɓereka maorivi,
kana muzambiriŋga maʋonde here?
Kunyaŋge nemvura inoʋaʋa haiŋga-
ɓuɗisi inonaka.

*Kucenjera kunobva kumsoro.*

13 Ndiani pakati penyu wakacenjera,
wakaŋgwara? Ŋgaaratidze nomu-
fambire wake wakanaka maɓasa ake
noʋunyoro bgoʋucenjeri. 14 Asi kana
munegoɗo rinoʋaʋa norukaʋe mumŋoyo
menyu, musaȥirumbidza nokureʋera
ȥokwaɗi nhema. 15 Kucenjera uku
hakuɓuruki kucibva kumsoro, asi ndo-
kwenyika, kwatakamuka nako, kwo-
mŋeya wakaipa. 16 Nokuti panegoɗo
norukaʋe, ndi'po panenyoŋganiso nama-
ɓasa ose akaipa. 17 Asi kucenjera,
kunobva kumsoro, ȥikuru kwakacena,
ʋuye kunorugare, kunyoro, kunoterera,
kuzere neŋgoni neȥiɓereko ȥakanaka,
kusiŋgatsauri kusiŋganyeŋgeri. 18 Ci-
ɓereko cokururama cinodȥarwa paru-
gare naʋanoita rugare.

*Musafarira ȥenyika.*

4 1 Kurwa nokukakaʋara pakati
penyu ȥinobvepiko? Haȥibvi pa-
kuciʋa kwenyu, kunorwa pamitezo
yenyu here? 2 Munociʋa, asi hamu-
ne*cinhu*; munoʋuraya, munogoɗorana,
musiŋgagoni kuwana *cinhu*; munoka-
kaʋara, mucirwa; hamunecinhu, nokuti
hamukumbiri. 3 Munokumbira, musi-
ŋgapiwi; nokuti munokumbira ȥakaipa,
kuti muȥiparadze pakuciʋa kwenyu.
4 Imi ʋoʋutere, hamuziʋi here kuti
ʋushamŋari bgenyika bgunoʋeŋgana
naMŋari? Naiȥoȥo mumŋe nomumŋe,
unoɗa kuʋa shamŋari yenyika, unoȥiita
muʋeŋgi waMŋari. 5 Munofuŋga kuti
Rugwaro runotaura pasina here, *ruciti*:
Mŋeya, waakagarisa mukati meɗu
uno*ti*shuʋa negoɗo? 6 Asi unopa
nyasha dzakapfuʋura. Saka *Rugwaro*
runoti: Mŋari unodziʋisa ʋanoȥikudza,
asi unopa nyasha ʋanoȥininipisa.
7 Naiȥoȥo muȥiise pasi paMŋari:
dziʋisai Diaborosi, agokutizai. 8 Swe-
ɗerai kunaMŋari, iye agosweɗera
kwamuri. Shambai maʋoko enyu,
imi ʋatadzi; natsai mŋoyo yenyu,
imi munemŋoyo miʋiri. 9 Shuwai,
muceme, murire; kuseka kwenyu
ŋgakushandurwe kuʋe kucema, no-
kufara kwenyu dziʋe shuŋgu. 10 Mu-
ȥininipise pamberi paShe, agoku-
kudzai.

*Musatoŋgana nokutoŋga ʋamŋe.*

11 Hama dzaŋgu, musareʋerana
ȥakaipa. Unoreʋera hama yake ȥakaipa,
kana kutoŋga hama yake, unoreʋera
murairo ȥakaipa nokutoŋga murairo;
ȥino kana ucitoŋga murairo, hauzi
muiti womurairo, asi mutoŋgi. 12 Mu-
mŋe cete ndiye mutemi womurairo
nomutoŋgi, iye unogona kuponesa no-
kuparadza; asi iwe ndiwe aniko unoto-
ŋga wokwako?

*Ȥamaŋgwana haȥizikanwi.*

13 Nhai imi, munoti: Nhasi, kana
maŋgwana ticaenda kuguta rokuti,
tigogara'ko gore, ticishambadzira, ti-
fume—14 imi musiŋgaziʋi ȥama-
ŋgwana. Ʋupenyu bgenyu cinyiko?
Nokuti muri mhute, inoʋonekwa ŋguʋa
ɗuku, ndokunyaŋgarika. 15 Muŋgaɗai
muciti: Kana Ishe aciɗa, ticararama
tiite ȥokuti neȥokuti. 16 Asi ȥino
munoȥirumbidza pakuȥikudza kwenyu;
kuȥirumbidza kwose kwakaɗai kwakaipa.
17 Naiȥoȥo uyo, unoziʋa kuita ȥakana-
ka, akasaȥiita, iye uneȥiʋi.

*Ʋafumi ʋasineŋgoni ʋanotukwa.*

5 1 Nhai, imi ʋafumi, cemai muri-
dze mhere nokuɗa kwamaɗa-
mbudziko acakuwirai. 2 Fuma
yenyu yakaʋora, ŋguʋo dzenyu dzapera
neȥiʋundudzi. 3 Ndarama yenyu nesi-
rveri yenyu ȥineŋgura; ŋgura yaȥo
icakupupurirai ȥakaipa, icapedza nyama
yenyu somŋoto. Makaȥiceŋgetera fuma
pamazuʋa okupedzisira. 4 Tarirai,
muɓairo waʋaranda ʋenyu ʋakaceka
minda yenyu, wamakaramba nawo
nokunyeŋgera, unoɗanidzira; noku-
ɗana kwaʋaceki kwakaşika kunzeʋe
dzaShe wehondo. 5 Makagara ȥino-

naka panyika mucikarira ȥinofadza;
makakodza mŋoyo yenyu nezuʋa ro-
kuɓaya. 6 Makatoŋgera wakarurama,
mukamuʋuraya; haakudziʋisiyi.

*Tsuŋgirirai kuşikira Ishe acivuya.*

7 Naiȥoȥo hama *dzaŋgu*, tsuŋgirirai
kuşikira pakuʋuya kwaShe. Tarirai,
murimi unomirira ciɓereko cenyika
cinokosha, acitsuŋgirira pamsoro paȥo
kuşikira ȥapiwa mvura yokutaŋga neyo-
kuguma. 8 Nemi ʋo tsuŋgirirai;
simbisai mŋoyo yenyu, nokuti kuʋuya
kwaShe kwaʋa pedyo. 9 Hama *dzaŋgu*,
musanyunyutirana kuti murege kuto-
ŋgwa; tarirai, mutoŋgi umire pamukoʋa.
10 Hama *dzaŋgu*, pakutambudzika
nokutsuŋgirira teʋerai makwara aʋapro-
fita ʋakataura nezita raShe. 11 Tarirai,
ʋakatsuŋga mŋoyo tinoti ʋakaropa-
fadzwa; makanzwa ȥokutsuŋgirira
kwaJobo, makaʋona Ishe ȥaakaʋaʋarira
naye, kuti Ishe unomŋoyo munyoro
kwaȥo, unetsitsi.

*Musapika.*

12 Asi, hama dzaŋgu, kupfuʋura
ȥinhu ȥose, musapika, kunyaŋge ne-
ɗeŋga, kana nenyika, kana nokupika
kumŋe kwose; asi hoŋo yenyu ŋgaiʋe
hoŋo, kwete yenyu ŋgaiʋe kwete; kuti
murege kutoŋgwa.

*Kunyeŋgetera kunesimba.*

13 Kunomumŋe unotambudzika pa-
kati penyu here? Ŋgaanyeŋgetere.
Kunomumŋe unofara here? Ŋgaaimbe
nziyo. 14 Kunomumŋe unorwara pa-
kati penyu here? Ŋgaaɗane ʋakuru
ʋekereke; ŋgaʋamunyeŋgeterere, ʋamu-
zodze namafuta nezita raShe. 15 Ku-
nyeŋgetera kwokutenda kucaponesa
unorwara, Ishe ucamumutsa; kana
akaita ȥiʋi, ucaȥikaŋganwirwa. 16 Na-
iȥoȥo reʋururanai ȥiʋi ȥenyu, munye-
ŋgetereraṅe kuti muporeswe. Kuku-
mbira kwomunhu wakarurama kune-
simba guru pakuɓata kwako. 17 Eria
wakaŋga ari munhu wakaita sesu,
akanyeŋgetera nomunyeŋgetero kuti
mvura irege kunaya; ikasanaya panyika
makore matatu nemŋedzi mitanhatu.
18 Akanyeŋgetera ȥe; ɗeŋga rikanisa
mvura, nyika ikaɓereka ȥiɓereko ȥayo.
19 Hama dzaŋgu, kana kunomunhu
pakati penyu wakatsauka paȥokwaɗi,
mumŋe akamudzora, 20 ŋgaaziʋe kuti
unodzora mutadzi panzira yokutsauka
kwake, ucaponesa mŋeya parufu noku-
fukidza ȥiʋi ȥizhinji.

---

# ŊWADI YOKUTAŊGA YAPETRO

*Kwaziso.*

1 1 Petro, muapostora waJesu
Kristu, kunaʋakasanaŋgurwa ʋari
ʋaeni, ʋakapararira paPonto, ne-
Garatia, neKapadokia, neAsia, neBiti-
nia, 2 *vakasanaŋgurwa* nokuziʋa ȥiri
mberi kwaMŋari Ɓaɓa, muʋutşene
bgoMŋeya, kuti ʋaterere, ʋasaswe ne-
ropa raJesu Kristu: Nyasha norugare
ŋgaȥiwanzwe kwamuri.

*Nhaka yakaceŋgetererwa vakasanaŋgurwa.*

3 Mŋari, Ɓaɓa ʋaShe weɗu, Jesu
Kristu, ŋgaatendwe, wakatiɓereka ȥe
neŋgoni dzake huru, kuti *tive* netariro
mhenyu, *inovuya* nokumuka kwaJesu
Kristu kuʋakafa, 4 kuti *tive* nenha-
ka isiŋgaʋori, isinemhoşa, isiŋgaşaʋi,
yamakaceŋgetererwa kuɗeŋga, 5 *imi*
munorindwa nesimba raMŋari noku-
tenda, kuti mupiwe ruponeso, rwaka-
gara rwakagadzirwa, kuti ruratidzwe
neŋguʋa yokupedzisira. 6 Iyo yamu-
nofarira ȥikuru, kunyaŋge ȥino, kana
ȥicifanira, mucicemedzwa ŋguʋa ɗuku
nemiidzo mizhinji; 7 kuti kuidzwa
kwokutenda kwenyu kunokosha ȥikuru
kupfuʋura ndarama inopera hayo,
kunyaŋge inoidzwa nomŋoto, kuwa-
nikwe *kuciɓereka* kurumbidzwa, noku-
bginya, nokukudzwa pakuʋonekwa
kwaJesu Kristu; 8 iye wamunoɗa,
kunyaŋge musina-kumuʋona; iye wa-
munotenda kwaari, kunyaŋge musi-
ŋgamuʋoni ȥino, mucifara ȥikuru

nomufaro usiŋgagoni kutaurwa, uzere
nokubginya; 9 mucipiwa cinoʋaʋa-
rirwa nokutenda *kwenyu*, ndirwo ru-
poneso rwemŋeya *yenyu*. 10 Rupo-
neso urwu rwakabvunzisiswa noku-
nȥerwa kwaȥo naʋaprofita, ʋakaprofita
ȥenyasha *dzamaizoitirwa* imi, 11 ʋaci-
nȥera kuti ŋguʋa ndeipi, kana yakaɗini,
yakataurwa noMŋeya waKristu, wa-
kaŋga uri mukati maʋo, ŋguʋa yaaka-
pupura kare ȥokutambudzika kwaKri-
stu, nokubginya kunozoteʋera iȥoȥo.
12 Aʋo, ʋakaratidzwa kuti ʋakaŋga
ʋasiŋgaȥiɓatiri iʋo, asi imi, *paȥinhu*
iȥo ȥamakataurirwa ȥino naiʋo ʋaka-
kuparidzirai Evaŋgeri noMŋeya Mu-
tşene wakatumŋa acibva kuɗeŋga;
ȥinhu iȥo ʋatumŋa ʋanoɗa kuȥicere-
kedza.

*Ivai vatşene.*

13 Saka ȥisuŋgei ȥiʋuno ȥendaŋgariro
dzenyu, muşinure, mutarire nomŋoyo
wose kunyasha dzamucazopiwa paku-
ʋonekwa kwaJesu Kristu; 14 *muve*
saʋana ʋanoterera, musiŋgaenzanisi
mufambire *wenyu* nokuciʋa kwakare
pakusaziʋa kwenyu; 15 asi saiye
mutşene wakakuɗanai, nemi ʋo mu-
mene muʋe ʋatşene pamufambire
wenyu wose; 16 nokuti kwakanyorwa,
*kucinzi*: Iʋai ʋatşene, nokuti ini ndiri
mutşene. 17 Ȥino kana mucimuidza
Ɓaɓa, iye unotoŋga acitarira ȥakaitwa
nomumŋe nomumŋe asiŋgatariri ȥino-
ʋonekwa ȥomunhu, garai paŋguʋa
yoʋutorwa bgenyu mucitya; 18 muci-
ziʋa kuti hamuna-kudzikinurwa neȥi-
noʋora, nesirveri kana ndarama,
pamufambire wenyu usinamaturo,
wamakasiyirwa namadziɓaɓa enyu;
19 asi neropa raKristu, seregwaiana
risina-cariŋgapomerwa, risinoruʋara;
20 iye wakazikanwa kare, nyika isati
yaʋambga, asi wakaratidzwa pakuguma
kweŋguʋa nokuɗa kwenyu, 21 *imi*,
munotenda naye kunaMŋari, waka-
mumutsa kuʋakafa, akamupa kubginya;
kuti kutenda kwenyu netariro yenyu ȥiʋe
kunaMŋari. 22 Ȥamakanatsa mŋeya
yenyu muciterera ȥokwaɗi, kuti muɗe
hama nokusanyeŋgera, munofanira ku-
ɗana ȥikuru nomŋoyo wose; 23 nokuti
makaɓerekwa kutşa, ȥisiŋgabvi pambeu
inoʋora, asi paneisiŋgaʋori, neshoko
raMŋari ɓenyu rinogara *nokusiŋgaperi*.
24 Nokuti,

Nyama yose yakaita soʋuswa,
Nokunaka kwose seruʋa roʋuswa.
Ʋuswa bgunoşaʋa, neruʋa rino-
wira pasi;
25 Asi shoko raShe rinogara noku-
siŋgaperi.
Ndireri shoko romufaro ramakaparidzi-
rwa.

*Kurai munaKristu.*

2 1 Naiȥoȥo rashai ȥakaipa ȥose,
nokunyeŋgera kwose, namano-
mano, negoɗo, nokucera kwose,
2 saʋacece ʋacaŋgoɓerekwa, paŋgai
mukaka womŋeya, usina-kushatiswa,
kuti mukure nawo, mugoponeswa;
3 kana makaraʋira kuti Ishe unomŋoyo
munyoro. 4 Ʋuyai kwaari, iye ibge
ɓenyu, rakarashwa naʋanhu, asi ra-
kasanaŋgurwa naMŋari, rinokosha.
5 Nemi ʋo, samabge mapenyu, muʋa-
kwe *muve* imba yoMŋeya, muʋe ʋu-
prista ʋutşene, kuti muɓayire ȥiɓayiro
ȥoMŋeya, ȥinofadza Mŋari nokuɗa
kwaJesu Kristu. 6 Nokuti muRu-
gwaro ȥiri'mo, *ȥinoti*:
Tarira, ndinoisa muZioni ibge
rekona, rakasanaŋgurwa, rino-
kosha;
Nounotenda kwaari haaŋganya-
dziswi.
7 Naiȥoȥo imi, munotenda, munako
kukudzwa; asi kunaʋasiŋgatendi,
Ibge rakarashwa naʋaʋaki,
Ndiro rakaitwa musoro wekona;
8 ʋuye
Ibge rokugumbusa,
Neɗombo rokupiŋganidza;
*ndiwo* aʋo ʋanogumburwa neshoko, no-
kuti haʋaritereri; ndiȥo ȥaʋakaisirwa
ʋo. 9 Asi imi muri rudzi rwaka-
sanaŋgurwa, ʋuprista bgamambo, rudzi
rutşene, ʋanhu ʋaakaȥiwanira, kuti
muparidze kunaka kwaiye wakaku-
ɗanai, kuti mubve parima muʋuye
kuciedza cake cinoshamisa. 10 Imi
kare makaŋga musi ʋanhu; asi ȥino
muri ʋanhu ʋaMŋari; makaŋga mu-
siŋganzwirwi ŋgoni, asi ȥino manzwirwa
ŋgoni.

*Mufambire wavakristu pakati pavahedeni.*

11 Ʋaɗikanwa, ndinokumbira ȥikuru
kwamuri, ȥamuri ʋatorwa naʋaeni,
kuti muȥidzore pakuciʋa kwenyama
kunorwa nomŋeya; 12 mufambire
wenyu uʋe wakanaka pakati paʋahedeni;

kuti paʋanokupomerai ʋaciti munoita
ɀakaipa, ʋarumbidze Mŋari nezuʋa
rokushanyira, kana ʋaciʋona maɓasa
enyu akanaka.

*Tinofanira kuɀiisa pasi pavaɓati venyika.*

13 Muɀiise pasi pecireʋo cimŋe ne-
cimŋe caʋanhu nokuɗa kwaShe: kana
ari mambo, nokuti ndiye mukuru;
14 kana ʋari ʋaɓati, nokuti ʋakatumŋa
naye kuti ʋatsiʋe ʋanoita ɀakaipa,
ʋuye ʋarumbidze ʋanoita ɀakanaka.
15 Nokuti ndiko kuɗa kwaMŋari, kuti
nokuita kwenyu ɀakanaka munyaradze
kusaziʋa kwaʋapenzi; 16 saʋanhu
ʋakasunuŋguka, musiŋgaiti kusu-
nuŋguka kwenyu kuti ciʋe cifukidzo
ceɀakaipa, asi *muve* ʋaranda ʋaMŋari.
17 Kudzai ʋanhu ʋose. Iɗai hama
dzose. Ityai Mŋari. Kudzai mambo.

*Ʋaranda.*

18 Ʋaranda, tererai ʋatenzi ʋenyu
nokutya kwose, *musiŋgaɀiiti* kuna-
ʋakanaka naʋanyoro ɓedzi, asi kuna-
ʋasakarurama ʋo. 19 Nokuti ndidzo
nyasha kana munhu acitsuŋgirira paku-
tambudzika nokuɗa kwehana kuna-
Mŋari, acitambudzika asinemhoȿa.
20 Nokuti kunerumbidzo yeiko, kana
mucitsuŋgirira matadza, mukarobga?
Asi kana mukatsuŋgirira kana muciita
ɀakanaka mukatambudzika, iɀoɀo inya-
sha kunaMŋari. 21 Nokuti makaɗa-
nirwa iɀoɀo, Kristu ɀaakakutambudzi-
kirai ʋo, akakusiyirai mufananidzo,
kuti muteʋere makwara ake; 22 iye
usina-kuita ɀiʋi, nokunyeŋgera hakuna-
kuʋonekwa mumuromo make; 23 iye
wakati acitukwa, haana-kutuka ɀe;
wakati acitambudzika, haana-kutyisi-
dzira; asi wakaisa *mhaka yake* kunaiye
unotoŋga ɀakarurama; 24 iye waka-
takura amene ɀiʋi ɀeɗu mumuʋiri
wake pamuti, kuti isu, kana tafa kuɀiʋi,
tiraramire ɀakarurama; iye wamaka-
poreswa namaʋaŋga ake. 25 Nokuti
makaŋga makatsauka samakwai; asi
ɀino madzokera kumufudzi nomutariri
wemŋeya yenyu.

*Ʋakadzi navarume.*

3 1 Saiɀoɀo, imi ʋakadzi, iʋai pasi
paʋarume ʋenyu; kuti kunyaŋge
kana ʋamŋe ʋasiŋgatereri shoko,
ʋadzorwe nomufambire waʋakadzi
ʋaʋo pasineshoko *rinorebga,* 2 kana
ʋaciʋona mufambire wenyu, wakacena
pamŋe cete nokutya *Mŋari.* 3 Kusho-
ŋga kwenyu ŋgakurege kuʋa kwokunze,
kwokuruka vudzi, nokushoŋga ndarama,
kana kupfeka ŋguʋo; 4 asi *ŋgakuve*
munhu wakaʋanzika womŋoyo, *waka-
shoŋga* ɀisiŋgaʋori ɀomŋeya munyoro
wakanyarara, unokosha, ɀikuru pamberi
paMŋari. 5 Nokuti saiɀoɀo ʋo kare
ʋakadzi ʋatȿene, ʋaitarira kunaMŋari,
ʋakaɀishoŋgedza, ʋaciɀiisa pasi paʋa-
rume ʋaʋo, 6 saSara waiterera Abra-
hama, acimuidza ishe; maʋa ʋana ʋake
ɀino, kana muciita ɀakanaka, musi-
ŋgatyiswi necinhu cipi necipi cino-
vundusa.
7 Saiɀoɀo imi ʋarume, garai *navakadzi
venyu* nokuziʋa, mucikudza mukadzi
muciti ndiye mudziyo unesimba ɗuku
*kwamuri,* ɀaʋari ʋadyi ʋenhaka dze-
nyasha dzoʋupenyu pamŋe cete nemi;
kuti minyeŋgetero yenyu irege kudzi-
ʋiswa.

*Ruɗo nokutsuŋgirira pakutambudzika.*

8 Pakupedzisira, muʋe nomŋoyo
mumŋe mose, munzwirane ŋgoni, muɗe
hama, muʋe nomŋoyo munyoro, mu-
ɀininipise; 9 musiŋgatsiʋi ɀakaipa
neɀakaipa, kana kutuka nokutuka; asi
muropafadze, nokuti ndiɀo ɀama-
kaɗanirwa, kuti mugare nhaka yokuro-
pafadzwa. 10 Nokuti,

Uyo, unoɗa ʋupenyu,
Nokuʋona mazuʋa akanaka,
Ŋgaadzore rurimi rwake paneɀa-
kaipa,
Nemiromo yake, kuti irege kutaura
ɀinonyeŋgera.
11 Ŋgaanɀenge ɀakaipa, aite ɀakanaka;
Ŋgaatȿake rugare, aruteʋere.
12 Nokuti meso aShe ari pamsoro
paʋakarurama,
Nenzeʋe dzake pakukumbira kwa-
ʋo.
Asi ciso caShe ciri pamsoro paʋa-
noita ɀakaipa.

13 Ndianiko ucakuitirai ɀakaipa, kana
mucishiŋgairira ɀakanaka? 14 Asi
kana mucitambudzika nokuɗa kwo-
kururama, makaropafadzwa; musatya
kutyisa kwaʋo, ʋuye musakaŋganiswa.
15 Asi itai Kristu mutȿene mumŋoyo
menyu aʋe Ishe; mugare makaɀiga-
dzira kupindura mumŋe nomumŋe
unokubvunzai pamsoro petariro iri

mukati menyu, asi *muciita* noʋunyoro
nokutya; 16 iʋai nehana yakanaka,
kuti paʋanokucerai, iʋo ʋanomhura
mufambire wenyu wakanaka muna-
Kristu, ʋanyadziswe. 17 Nokuti ȥiri-
nani, kana kuri kuɗa kwaMŋari, kuti
mutambudzike kana muciita ȥakanaka,
pakuti kana muciita ȥakaipa. 18 Noku-
ti naKristu wakatambudzika ʋo kamŋe
cete pamsoro peȥiʋi, *iye* wakarurama
nokuɗa kwaʋasakarurama, kuti atiise
kunaMŋari; wakaʋurawa hake pa-
nyama, asi wakararamiswa pamŋeya;
19 mauri wakandoparidzira ʋo mŋeya
iri pakusuŋgwa, 20 yakaŋga isina-
kuterera kare, paŋguʋa iya mŋoyo
murefu waMŋari ucimirira kugadzi-
rwa kweareka pamazuʋa aNoa; mu-
kati mayo ʋashoma, iʋo ʋanhu ʋasere,
ʋakaponeswa nemvura. 21 Naiwo
mufananidzo worubapatidzo, runoku-
ponesai ȥino, rusiŋgareʋi kubviswa
kwetşina yenyama, asi kutşaka hana
yakanaka kunaMŋari nokumuka kwa-
Jesu Kristu; 22 iye uri kurudyi
rwaMŋari; wakapinda kuɗeŋga, ʋa-
tumŋa namadzishe namasimba ȥikaiswa
pasi pake.

4 1 Naiȥoȥo, Kristu ȥaakatambu-
dzika panyama, nemi ʋo mushoŋge
muraŋgariro iwoyo; nokuti munhu
wakatambudzika panyama warega ȥiʋi;
2 kuti paŋguʋa yakasara panyama
arege kurarama nokuciʋa kwaʋanhu,
asi nokuɗa kwaMŋari. 3 Nokuti
ŋguʋa yakapfuʋura yakariŋgana kuita
kuɗa kwaʋahedeni, nokufamba no-
ʋutere, nokuciʋa, nokunwa waini,
nokutamba kwakaipa, namaɓira, no-
kunamata ȥifananidzo ȥisakafanira;
4 ʋanoshamiswa necinhu ici, kuti
hamufambidzani naʋo pakusaȥidzora
kwaʋo uku kwakawanda, ʋaci*ku*reʋerai
ȥakaipa. 5 Iʋo ʋacaȥiɗaʋirira kunaiye
wakaȥigadzira kutoŋga ʋapenyu naʋa-
kafa. 6 Nokuti nokuɗa kwaiȥoȥi
Evaŋgeri yakaparidzirwa ʋakafa, kuti
ʋatoŋgwe haʋo panyama nomutoʋo
waʋanhu, asi ʋararame nomutoʋo wa-
Mŋari pamŋeya.

*Cenjerai, nokuti kuguma kwaʋa pedyo.*

7 Ȥino kuguma kweȥinhu ȥose kwaʋa
pedyo; naiȥoȥo iʋai ʋakacenjera, mu-
şinure kuti munyeŋgetere. 8 Ȥikuru
kuneȥose ɗanai noruɗo rukuru, nokuti
ruɗo runofukidzira ȥiʋi ȥizhinji.
9 Itiranai ruɗo pakati penyu *kana
muri* ʋaeni, musiŋganyunyuti. 10 Mu-
mŋe nomumŋe seȥaakapiwa cipo ce-
nyasha, shumiranai naco saʋatariri
ʋakanaka ʋenyasha zhinji dzaMŋari.
11 Kana munhu acitaura, *ŋgaataure*
saaneŋge ari mashoko aMŋari; kana
munhu acishumira, *ŋgaȥiitwe* senesimba
raanopiwa naMŋari; kuti Mŋari aku-
dzwe paȥose naJesu Kristu, iye uno-
kubginya nesimba nokusiŋgaperi-peri.
Ameni.
12 Ʋaɗikanwa, musashamiswa noku-
nyanyisa *kwokuidzwa* pakati penyu,
kwakaʋuya kukuidzai, muciti mawirwa
necisiŋgazikanwi; 13 asi farai ȥamu-
nogoʋana naKristu pakutambudzika
kwake, kuti pakuʋonekwa kwokubginya
kwake mufare ʋo nomufaro mukuru.
14 Kana muciȥidzwa nokuɗa kwezita
raKristu, makaropafadzwa, nokuti
Mŋeya wokubginya waMŋari ugere
pamsoro penyu; 15 nokuti kurege
kuʋa nomumŋe wenyu ucatambudzika
nemhaka yokuti muʋurayi, kana mbava,
kana unoita ȥakaipa, kana usiŋgaregi
ȥaʋamŋe; 16 asi kana munhu acita-
mbudzika nokuɗa kwokuti mukristu,
ŋgaarege kunyadziswa; asi ŋgaakudze
Mŋari nezita iri. 17 Nokuti ŋguʋa
*yaşika* yokuti kutoŋga kutaŋge paimba
yaMŋari; ȥino kana kukataŋga kwatiri,
kuguma kwaʋasiŋgatereri Evaŋgeri
yaMŋari kucagoʋeiko? 18 Ʋuye kana
ȥiciremera wakarurama kuti aponeswe,
ko uyo, usiŋgaɗi Mŋari, nomutadzi,
ʋacagoʋonekwepi? 19 Naiȥoȥo naiʋo,
ʋanotambudzika nokuɗa kwaMŋari,
ŋgaʋaise mŋeya yaʋo kuMusiki waka-
tendeka ʋaciita ȥakanaka.

*Ʋakuru naʋaɗuku.*

5 1 Naiȥoȥo ndinoraira ʋakuru pa-
kati penyu, ini mukuru pamŋe
cete naʋo necapupu camaɗa-
mbudziko aKristu, nomugoʋani naʋo
wokubginya kucazoratidzwa, *ndiciti*:
2 Fudzai ɓoka raMŋari riri pakati
penyu, musiŋgaȥiiti nokuroʋererwa, asi
nomŋoyo unoɗa nokuɗa kwaMŋari,
musiŋgaȥiiti nokuɗa kwokukarira fuma
yakaipa; 3 musiŋgaiti nesimba neȥa-
makagoʋerwa, asi muʋe ʋatuŋgamiriri
ʋeɓoka. 4 Kana Mufudzi mukuru
acizoʋonekwa, mucawana korona yoku-

bginya isiŋgaʂaʋi. 5 Saiȥoȥo imi ʋa-
ɗuku, muȥiise pasi paʋakuru, nemi mose
pfekai kuȥininipisa mumŋe kuno-
mumŋe, nokuti Mŋari unodziʋisa ʋano-
ȥikudza, asi unopa nyasha ʋanoȥinini-
pisa. 6 Naiȥoȥo ȥininipisei pasi poru-
ʋoko runesimba rwaMŋari, kuti aku-
kudzei neŋguʋa yakafanira; 7 kandirai
pamsoro pake kufuŋganya kwenyu
kwose, nokuti iye unokuceŋgetai.
8 Ʂinurai, murinde; muʋeŋgi wenyu
Diaborosi, unofamba-famba seshumba
inorira, icitʂaka waiŋgaparadza. 9 Mu-
mudziʋisei, makamira nesimba paku-
tenda, muciziʋa kuti kutambudzika
ikoko kunoitirwa hama dzose dziri
panyika. 10 Ȥino Mŋari wenyasha
dzose, iye wakakuɗanirai kukubginya
kwake kusiŋgaperi munaKristu, kana
mambotambudzika kaŋguʋa kaɗuku,
ucakukwanisai, nokukumisai, nokuku-
simbisai, nokukuteyai. 11 Ŋgaaʋe
nesimba nokusiŋgaperi-peri. Ameni.

*Kuwonekana.*

12 Ndakakunyorerai mashoko masho-
manene naSirvano, hama yakatendeka
pakufuŋga kwaŋgu, ndiciraira, noku-
pupura kuti idzi ndidzo nyasha dzaȥo-
kwaɗi dzaMŋari; mirai madziri.
13 *Kereke* iri muBabironi, yakasana-
ŋgurwa pamŋe cete nemi, naMarko,
mŋanakomana waŋgu, ʋanokukwazisai.
14 Kwazisanai nokuʂeta kworuɗo.
Rugare ŋgaruʋe nemi mose muri
munaKristu.

# ŊWADI YECIPIRI YAPETRO

*Kwaziso.*

1 1 Simeoni Petro, muranda nomu-
apostora waJesu Kristu, kuna-
ʋakagoʋerwa kutenda kumŋe no-
kweɗu, kunokosha, nokururama kwa-
Mŋari weɗu noMuponesi Jesu Kristu;
2 nyasha ŋgadziʋe nemi norugare
ŋgaruwanzwe pakuziʋa Mŋari naJesu,
Ishe weɗu; 3 nokuti nesimba roʋu-
Mŋari bgake takapiwa ȥose ȥinoɗikanwa
paʋupenyu napakunamata Mŋari,
nenzira yokumuziʋa iye wakatiɗana
nokubginya kwake nokunaka; 4 aka-
tipa naȥo ȥi kirwa ȥinokosha ȥakakura
kwaȥo; kut naȥo muʋe ʋanhu ʋaka-
goʋerwa ʋuMŋari, matiza kuʋora kuri
panyika nokuciʋa.

*Shiŋgairai pavukristu.*

5 Ȥino nemhaka iyi mucishiŋgaira
kwaȥo wedzerai kunaka pakutenda
kwenyu, napakunaka *wedzerai* kuziʋa;
6 napakuziʋa, kuȥidzora; napakuȥi-
dzora, kutsuŋgirira; napakutsuŋgirira,
kunamata Mŋari; 7 napakunamata
Mŋari, kuɗa ʋatendi, napakuɗa ʋatendi,
ruɗo. 8 Nokuti kana muneȥinhu iȥi,
ȥiciramba ȥiciwanzwa, ȥicakuitai ʋanhu
ʋasinoʋusimbe naʋasiŋgashaiwi ȥiɓe-
reko pakuziʋa Ishe weɗu, Jesu Kristu.
9 Nokuti munhu, usinaiȥoȥi iɓofu,
unoʋona ȥiri pedyo ɓedzi, wakaŋga-
nwa kusukwa kweȥiʋi ȥake ȥakare.
10 Saka, hama *dzaŋgu,* shiŋgairai kwa-
ȥo kuti musimbise kuɗanwa nokusa-
naŋgurwa kwenyu; nokuti kana mu-
ciita iȥoȥi hamuŋgatoŋgogumburwi;
11 nokuti muciȥiita mucazarurirwa ȥa-
kanaka kuti mupinde muʋushe bgusi-
ŋgaperi bgaShe weɗu, noMuponesi Jesu
Kristu.
12 Saka handiŋgaregi kukuyeʋudzai
ȥinhu iȥi ŋguʋa dzose, kunyaŋge
muciȥiziʋa henyu, ʋuye makasimba
paȥokwaɗi *yamunayo.* 13 Ndinoti
ȥakanaka, kuti ndiciri mutabernakeri
ino ndikumutsei nokukuyeʋudzai;
14 ndiciziʋa kuti kubviswa kweta-
bernakeri yaŋgu kwaʋa pedyo, seȥa-
ndakaratidzwa naShe weɗu Jesu Kristu.
15 Ȥino ndicashiŋgaira, kuti mugogona
kuraŋgarira ȥinhu iȥi ŋguʋa dzose
kana ndaenda. 16 Nokuti hatina-kute-
ʋera ŋgano dzokufuŋgwa nenjere, ŋguʋa
yatakakuziʋisai simba nokuʋuya kwaShe
weɗu Jesu Kristu, asi takaŋga tiri

ʋanhu ʋakaʋona ʋumambo bgake.
17 Nokuti iye wakapiwa kukudzwa
nokubginya naMŋari, Ɓaɓa, paŋguʋa
iya, yakaʋuya inzwi rakaɗai kwaari,
ricibva kukubginya kukuru-kuru, *riciti*:
Uyu ndiye Mŋanakomana waŋgu uno-
ɗikanwa, wandinofarira. 18 Inzwi iri
takarinzwa isu, ricibva kuɗeŋga, ŋguʋa
yatakaŋga tinaye mugomo dȥene.
19 Ʋuye tineshoko roʋuprofita raka-
simba kwaȥo, ramunoita ȥakanaka kana
muciriterera, rakaita somŋenje unove-
nekera munerima, kuşikira ʋutoŋga
bgucitşuka, nenyamasase iciɓuɗira
mŋoyo yenyu; 20 muciziʋa pakutaŋga,
kuti hakunoʋuprofita bgorugwaro
bgunoŋgoɗudzirwa nomunhu; 21 no-
kuti hakunoʋuprofita bgakatoŋgoʋuya
nokuɗa kwomunhu, asi ʋanhu ʋa-
Mŋari ʋakataura, ʋacimutswa noMŋeya
Mutşene.

*Ʋadzidzisi venhema.*

2 1 Asi kwakaŋga kunaʋaprofita
ʋenhema pakati paʋanhu, seȥa-
ʋacaʋa'po pakati penyu ʋo ʋadzi-
dzisi ʋenhema, ʋacapinza pakaʋanda
dzidziso *dzakatsauka* dzinoparadza,
ʋaciramba naiye Tenzi wakaʋateŋga,
ʋaciȥiwisira kuparadzwa kunokuru-
midza. 2 Ʋazhinji ʋacateʋera ʋutere
bgaʋo; nokuɗa kwaʋo nzira yeȥokwaɗi
icaȥidzwa. 3 Pakukarira kwaʋo mari
ʋacakunyeŋgerai namashoko amano-
mano; kutoŋgwa kwaʋo, *kwakatarwa*
kare, hakunonoki, nokuparadzwa kwaʋo
hakukotsiri. 4 Nokuti kana Mŋari
asina-kurega ʋatumŋa ʋakatadza, asi
wakaʋakandira muTartaro nokuʋaisa
kumakomba erima, kuti ʋaceŋgeterwe
kutoŋgwa; 5 akasarega ʋo nyika ye-
kare, asi wakaponesa Noa muparidzi
wokururama pamŋe cete naʋamŋe ʋa-
nomŋe, ŋguʋa yaakaʋuyisa mvura zhi-
nji panyika yaʋanhu ʋakaŋga ʋasiŋgaɗi
Mŋari; 6 akashandura maguta eSodo-
ma neGomora akaaita maɗota, akaato-
ŋgera kuti aparadzwe, akaaita ciʋe
ciratidzo kunaiʋo ʋacagara ʋasiŋgaɗi
Mŋari; 7 akasunuŋgura Roti, wakaŋga
akarurama, wakaŋga afa neshuŋgu
nokuɗa kwomufambire woʋutere waʋa-
kashata, 8 (nokuti munhu uyu waka-
rurama, agere pakati paʋo aciʋona
nokunzwa, wakarwadzisa mŋeya wake
wakarurama zuʋa rimŋe nerimŋe nama-
ɓasa aʋo akaŋga asino-kururama).
9 Ishe unoziʋa kusunuŋgura pamiidzo
ʋanonamata Mŋari, nokuceŋgeta ʋasa-
karurama ʋaʋe pakurobga kuşikira pa-
zuʋa rokutoŋgwa; 10 ȥikuru iʋo ʋano-
famba nomutoʋo wenyama pakuciʋa
kunoşiɓisa nokuȥidza ʋukuru; ʋano-
tsuŋga, ʋaciita nokuɗa kwaʋo, ʋasi-
ŋgatyi kutuka aʋo ʋanokubginya;
11 ʋatumŋa, kunyaŋge ʋanoʋapfuʋura
nesimba noʋukuru, haʋaʋuyi pamberi
paShe nemhoşa yokuʋapomera nayo.
12 Asi aʋa ȥaʋanotuka ȥaʋasiŋgaziʋi,
ʋakaita semhuka dzisinomuraŋgariro,
dzakaɓerekwa kuti dziɓatwe, dzipa-
radzwe, naiʋo ʋacaparadzwa pakuʋora
kwaʋo, 13 ʋaciitirwa ȥisakarurama,
uri muɓairo wokusarurama *kwavo*;
ʋanhu ʋanoti, kutamba masikati ndiȥo
ȥinofadza, iʋo makwapa namaʋara,
ʋanofara nokunyeŋgera kwaʋo kana
ʋacidya nemi; 14 ʋanameso azere
noʋupombge, asiŋgaregi kutadza; ʋa-
nonyeŋgera ʋanhu ʋasinesimba; ʋa-
nomŋoyo wakadzidziswa kuciʋa; iʋo
ʋana ʋokutukwa; 15 ʋakasiya nzira
yakarurama, ʋakatsauka, ʋakateʋera
nzira yaBarami, *mŋanakomana* waBe-
ori, wakaɗa muɓairo wokusarurama;
16 asi wakarairwa pamsoro pokuɗarika
kwake, *nokuti* mboŋgoro, isiŋgagoni
kutaura, yakataura nenzwi romunhu,
ikadziʋisa kupeŋga kwomuprofita.
17 Iʋaʋa matsime asinemvura, mhute
rinodziŋgwa nemhepo; iʋo ʋakace-
ŋgetererwa kuşiɓa kwerima. 18 Nokuti
nokutaura kwaʋo mashoko mazhinji
okuȥikudza asinamaturo, ʋanonyeŋgera
pakuciʋa kwenyama noʋutere, aʋo
ʋacaŋgotiza ʋacibva kunaʋanogara
pakutsauka; 19 ʋaciʋapikira kusunu-
ŋgurwa, nyamba iʋo ʋamene ʋaranda
ʋokuʋora; nokuti waakundwa naye,
munhu unoitwa muranda wake. 20 No-
kuti iʋo, kana nenzira yokuziʋa Ishe,
Muponesi Jesu Kristu, ʋambotiza haʋo
ȥinoşiɓisa ȥenyika, kana ʋakaɓatwa
nokukundwa ȥe naȥo, kuguma kwaʋo
kwaipa kupfuʋura kutaŋga kwaʋo.
21 Nokuti ȥaiʋa nani kwaʋari kana
ʋasaiziʋa nzira yokururama, pakuti
ʋadzoke pamurairo mutşene waʋa-
kapiwa, waʋakaŋga ʋambouziʋa haʋo.
22 Ȥinorebga neshumo yaȥokwaɗi
ndiȥo ȥakaitwa kwaʋari, ȥinoti: Imbga
yakadzokera kumarutsi ayo, neŋguruʋe
yakaŋga yashambidzwa, kukuʋumbu-
ruka mumatope.

*Kudzoka kwaKristu.*

3 1 Ʋaɗikanwa, iyi ndiyo ŋwadi
yecipiri yandinokunyorerai ȥino;
panaidzedzi dzose mbiri ndino-
mutsa ndaŋgariro dzenyu ndicikuye-
ʋudzirai; 2 kuti mugoraŋgarira ma-
shoko akataurwa kare naʋaprofita
ʋatşene, nomurairo waShe, Mupone-
si, *wamakapiwa* naʋaapostora ʋenyu;
3 pakutaŋga muziʋe henyu cinhu ici,
kuti pamazuʋa okupedzisira ʋaseki ʋa-
caʋuya ʋaciseka, ʋacifamba nokuciʋa
kwaʋo, 4 ʋaciti: Cipikirwa cokuʋuya
kwake ciripiko *ȥino*? Nokuti kubva
pakuparara kwamadziɓaɓa, ȥinhu ȥose
ȥinoŋgoramba ȥakaita seȥaȥakaŋga ȥa-
kaita kubva pakutaŋga kwokusikwa.
5 Nokuti ʋanokaŋganwa nobgoni cinhu
ici, kuti kare ɗeŋga raiʋa'po, nenyika
yakaɓuɗiswa mumvura, yakaitwa ne-
mvura neshoko raMŋari; 6 naȥo nyika,
yaiʋa'po ŋguʋa iyo, yakafukidzwa ne-
mvura ikaparadzwa; 7 asi ɗeŋga,
riri'po ȥino, nenyika, ȥakaʋigirwa mŋoto
neshoko ireri, ȥinoceŋgetererwa zuʋa
rokutoŋga, nerokuparadzwa kwaʋanhu
ʋasiŋgaɗi Mŋari.
8 Asi ʋaɗikanwa, musakaŋganwa cinhu
cimŋe ici, kuti kunaShe zuʋa rimŋe
rakaita samakore anecuru, namakore
anecuru sezuʋa rimŋe. 9 Ishe haa-
nonoki kuita seȥaakapikira, seȥi-
noreʋa ʋamŋe *vaciti*: Hunonoka; asi
unomŋoyo murefu kwamuri, nokuti
haaɗi kuti ʋamŋe ʋarashike, asi kuti
ʋose ʋatendeʋuke. 10 Asi zuʋa raShe
ricaʋuya sembava; naro ɗeŋga rica-
pfuʋura nokutinhira kukuru, neȥe-
ɗeŋga ȥicaparadzwa ȥicipiswa, nenyika
namaɓasa ari mairi acapiswa. 11 Iȥi
ȥose ȥaȥicaparadzwa saiȥoȥo, imi muno-
fanira kuʋa ʋanhu ʋakaɗiniko pamu-
fambire wenyu mutşene nokunamata
Mŋari, 12 *imi* munotarira nokushuʋa
ʋo kwaȥo kuʋuya kwezuʋa raMŋari;
naro ɗeŋga ricaparadzwa nokutşa,
neȥeɗeŋga ȥicanyauka ȥicipiswa. 13 Asi
seȥaakapikira, tinotarira ɗeŋga idȥa
nenyika itşa, munogara kururama
maȥiri.
14 Saka ʋaɗikanwa, ȥamunotarira
ȥinhu iȥi, shiŋgairai kuti muwanikwe
naye munorugare, musinoruʋara, mu-
sinemhoşa; 15 muciti, mŋoyo mu-
refu waShe weɗu ruponeso; saPauro,
hama yeɗu inoɗikanwa, akakunyo-
rerai ʋo nokucenjera kwaakapiwa;
16 seȥaanotaura muŋwadi dzake dzose
pamsoro peȥinhu iȥi; madziri mune-
ȥimŋe ȥikukutu kunzwisiswa; ȥino-
minamiswa, samamŋe magwaro ʋo,
naʋasiŋgaziʋi naʋasinesimba, kuşikira
ʋaparadzwa. 17 Naiȥoȥo imi ʋaɗi-
kanwa, ȥamunoziʋa *ȥinhu iȥi* ȥisati
ȥaitwa, cenjerai kuti murege kurashwa
nokutsauka kwaʋakashata, muwe paku-
simba kwenyu. 18 Asi kurai panyasha
napakuziʋa Ishe weɗu, Muponesi Jesu
Kristu. Ŋgaaʋe nokubginya ȥino, no-
kusiŋgaperi. Ameni.

---

# ŊWADI YOKUTAŊGA YAJOHANE

*Ʋupenyu bguri munaJesu Kristu.*

1 1 Iȥo ȥakaŋga ȥiri'po kubva paku-
taŋga, ȥatakanzwa, ȥatakaʋona
nameso eɗu, ȥatakatarira, neȥata-
kaɓata namaʋoko eɗu, ȥeShoko ro-
ʋupenyu—2 (ʋupenyu bgakaratidzwa,
tikabguʋona, tinopupura nokukupari-
dzirai ʋupenyu bgusiŋgaperi, bgakaŋga
bguri kunaƁaɓa, bgukaratidzwa kwa-
tiri): 3 Iȥo ȥatakaʋona, neȥatakanzwa,
ndiȥo ȥatinokuparidzirai ʋo, kuti nemi
ʋo muyanane nesu; kuyanana kweɗu
*tinako* naƁaɓa, noMŋanakomana wake
Jesu Kristu. 4 Ȥinhu iȥi tinokunyore-
rai, kuti mufaro weɗu uzadziswe.

*Fambai muciedza, murevurure ȥivi ȥenyu.*

5 Heyi mharidzo yatakanzwa kwaari,
yatinokuparidzirai ʋo, kuti Mŋari ci-
edza, hamunerima maari. 6 Kana ticiti,
tinoyanana naye, ticifamba murima,
tinoreʋa nhema, hatiiti ȥokwaɗi; 7 asi
kana ticifamba muciedza, saiye ari
paciedza, tinoyanana isu; neropa raJesu
Kristu, Mŋanakomana wake, rinotinatsa

paȥiʋi ȥose. 8 Kana ticiti, hatineȥiʋi,
tinoȥinyeŋgera, ȥokwaɗi haizi matiri.
9 Kana ticiȥireʋurura ȥiʋi ȥeɗu, iye
wakatendeka wakarurama, *nokuɗaro* kuti
unotikaŋganwira ȥiʋi ȥeɗu, nokutinatsa
pakusakarurama kwose. 10 Kana ticiti,
hatina-kutadza, tinomuita mureʋi we-
nhema, neshoko rake *harizi* matiri.

2 1 Ʋana ʋangu ʋaɗuku, ndinoku-
nyorerai ȥinhu iȥi, kuti, murege ku-
tadza. Kana munhu acitadza, tino-
Mureʋereri kunaƁaɓa, *iye* Jesu Kristu
wakarurama; 2 ndiye mudzikinuri we-
ȥiʋi ȥeɗu; haazi weȥiʋi ȥeɗu ɓedzi, asi
weȥiʋi ȥenyika yose ʋo. 3 Ndiȥo
ȥinotiziʋisa kuti tinomuziʋa, kana tici-
ceŋgeta murairo yake. 4 Uyo, unoti,
ndinomuziʋa, asiŋgaceŋgeti murairo
yake, mureʋi wenhema, ȥokwaɗi haizi
maari; 5 asi uyo, unoceŋgeta shoko
rake, ruɗo rwaMŋari rwakwaniswa
maari ȥirokwaȥo. Ndiȥo ȥinotiziʋisa
kuti tiri maari; 6 uyo, unoti, ndinogara
maari, unofanira kufamba ʋo seȥaaka-
famba iye.

*Murairo woruɗo.*

7 Ʋaɗikanwa, handikunyoreriyi mura-
iro mutşa, asi murairo wekare, wama-
kaŋga munawo kubva pakutaŋga; mura-
iro wekare ndiro shoko ramakanzwa.
8 Pamŋe ȥe ndinokunyorerai murairo
mutşa, ciri cinhu caȥokwaɗi kwaari
nokwamuri; nokuti rima ropfuʋura,
ciedza caȥokwaɗi cotovenekera. 9 Uyo,
unoti, ndiri muciedza, aciʋeŋga hama
yake, uciri murima kuşikira ȥino.
10 Unoɗa hama yake, unogara muci-
edza, hapanecigumbuso maari. 11 Asi
unoʋeŋga hama yake, uri murima,
unofamba murima haaziʋi kwaanoenda,
nokuti rima rakapofumadza meso ake.

*Musaɗa nyika.*

12 Ndinokunyorerai, ʋana ʋaɗuku,
nokuti makakaŋganwirwa ȥiʋi nokuɗa
kwezita rake. 13 Ndinokunyorerai,
madziɓaɓa, nokuti munoziʋa iye waka-
ŋga ari'po kubva pakutaŋga. Ndino-
kunyorerai, majaya, nokuti makakunda
wakaipa. Ndakunyorerai, ʋana ʋaɗuku,
nokuti munoziʋa Ɓaɓa. 14 Ndakunyo-
rerai, madziɓaɓa, nokuti munoziʋa iye
wakaŋga ari'po kubva pakutaŋga. Nda-
kunyorerai, majaya, nokuti munesimba,
neshoko raMŋari rinogara mamuri,
makakunda wakaipa. 15 Musaɗa nyika
kunyaŋge neȥinhu ȥiri munyika. Kana
munhu aciɗa nyika, ruɗo rwaƁaɓa
haruzi maari. 16 Nokuti ȥose ȥiri
munyika, ȥinoti, kuciʋa kwenyama,
nokuciʋa kwameso, nokuȥikudza kwo-
ʋupenyu, haȥibvi kunaƁaɓa, asi panyika.
17 Nyika inopfuʋura nokuciʋa kwayo;
asi unoita kuɗa kwaMŋari, unogara
nokusiŋgaperi.

*Antikristu nokuvuya kwaShe.*

18 Ʋanana, iŋguʋa yokupedzisira; se-
ȥamakanzwa kuti antikristu unoʋuya,
naȥino ʋanaantikristu ʋazhinji ʋaʋa'po;
ndiȥo ȥinotiziʋisa kuti yaʋa ŋguʋa
yokupedzisira. 19 Ʋakabva kwatiri, asi
ʋakaŋga ʋasati ʋari ʋeɗu, nokuti ɗai
ʋaiʋa ʋeɗu, ʋaŋgaɗai ʋaigara nesu; asi
*vakabva* kuti ʋaʋonekwe kuti ʋose
haʋazi ʋeɗu. 20 Imi munokuzodzwa
kunobva kunaiye Mutşene, munoziʋa
mose. 21 Handina-kukunyorerai ndi-
citi hamuziʋi ȥokwaɗi, asi nokuti
munoiziʋa, ʋuye nokuti hakunenhema
dziŋgabva paȥokwaɗi. 22 Ndianiko
mureʋi wenhema, kana asati ari iye
unoramba kuti Jesu ndiye Kristu?
Ndiye antikristu, unoramba Ɓaɓa no-
Mŋanakomana. 23 Aninani unoramba
Mŋanakomana, naiye haanaƁaɓa ʋo.
24 Kana muri'mi, iȥo ȥamakanzwa
kubva pakutaŋga, ŋgaȥigare mamuri.
Kana iȥo ȥamakanzwa kubva pakutaŋga
ȥicigara mamuri, nemi ʋo mucagara
muMŋanakomana, nomunaƁaɓa.
25 Ndicoci cipikirwa caakatipikira, ndi-
bgo ʋupenyu bgusiŋgaperi. 26 Ȥinhu
iȥi ndakakunyorerai pamsoro paʋano-
kutsausai. 27 Kana muri'mi, kuzodzwa
kwamakagamucira kwaari kunogara ma-
muri, hamufaniri kuti mudzidziswe
nomunhu; asi kuzodza kwake, seȥaku-
nokudzidzisai pamsoro peȥinhu ȥose,
kuri kwaȥokwaɗi, dzisati dziri nhema,
seȥakwakakudzidzisai, garai maari.
28 Ȥino, ʋana ʋaɗuku, garai maari,
kuti, kana acizoʋoneswa, tiʋe nokusatya,
tirege kunyadziswa ʋo pamberi pake
pakuʋuya kwake. 29 Kana muciziʋa
kuti iye wakarurama, ziʋai ʋo kuti
mumŋe nomumŋe unoita ȥakarurama
wakaɓerekwa naye.

*Ʋana vaMŋari.*

3 1 Tarirai kukura kworuɗo rwata-
kaitirwa naƁaɓa, kuti tinzi ʋana
ʋaMŋari; ndiȥo ȥatiri ʋo; saka

nyika haitiziʋi, nokuti haina-kumuziʋa
iye. 2 Ʋaɗikanwa, ȥino tiri ʋana
ʋaMŋari, ʋuye ȥicigere kuratidzwa kuti
ticazoʋei. Tinoziʋa kuti kana acizoʋo-
neswa, isu ticafanana naye; nokuti
ticamuʋona seȥaakaita. 3 Mumŋe no-
mumŋe unetariro iyi kwaari, unoȥicenesa
seȥaakacena iye. 4 Mumŋe nomumŋe
unoita ȥiʋi, unoɗarika nomurairo ʋo;
ȥiʋi ndiko kuɗarika murairo. 5 Muno-
ziʋa kuti iye wakaʋoneswa kuti abvise
ȥiʋi; maari hamuneȥiʋi. 6 Mumŋe
nomumŋe unogara maari, haaiti ȥiʋi;
mumŋe nomumŋe unoita ȥiʋi, haana-
kumuʋona kana kumuziʋa. 7 Ʋana
ʋaɗuku, musatsauswa nomunhu; uyo,
unoita ȥakarurama, wakarurama, saiye
akarurama. 8 Uyo, unoita ȥiʋi, ndo-
waDiaborosi, nokuti Diaborosi unoita
ȥiʋi kubva pakutaŋga. Mŋanakomana
waMŋari wakaʋoneswa nemhaka iyi kuti
aparadze maɓasa aDiaborosi. 9 Mumŋe
nomumŋe wakaɓerekwa naMŋari haaiti
ȥiʋi, nokuti mbeu yake inogara maari,
haagoni kuita ȥiʋi, nokuti wakaɓerekwa
naMŋari. 10 Ʋana ʋaMŋari ʋanoʋo-
neswa naiȥoȥi, naʋana ʋaDiaborosi;
mumŋe nomumŋe usiŋgaiti ȥakarurama,
haazi waMŋari, naiye ʋo usiŋgaɗi
hama yake. 11 Nokuti ndiro shoko
ramakanzwa kubva pakutaŋga, kuti
tiɗane; 12 tisiŋgaiti saKaini, wakaŋga
ari wowakaipa, akaʋuraya mununŋuna
wake. Wakamuʋurayireiko? Nokuti
maɓasa ake akaŋga akaipa, asi omunu-
ŋuna wake akaŋga akarurama.
13 Musashamiswa, hama *dzaŋgu*, kana
nyika icikuʋeŋgai. 14 Tinoziʋa kuti
takabva murufu, *tapinda* muʋupenyu,
nokuti tinoɗa hama. Uyo, usiŋgaɗi,
unogara murufu. 15 Mumŋe nomu-
mŋe unoʋeŋga hama yake, muʋurayi;
munoziʋa kuti hakunomuʋurayi unoʋu-
penyu bgusiŋgaperi bgugere maari.
16 Ndoȥatinoziʋa ruɗo naȥo, kuti waka-
tipa ʋupenyu bgake; nesu ʋo tinofanira
kupa hama ʋupenyu bgeɗu. 17 Asi
kana munhu anefuma yenyika, akaʋona
hama yake icishaiwa, akamupfigira
tsitsi dzake, ruɗo rwaMŋari runogara
seiko maari? 18 Ʋana ʋaɗuku, ŋgati-
rege kuɗa neshoko kana norurimi, asi
neɓasa neȥokwaɗi. 19 Ndoȥaticaziʋa
naȥo kuti tiri ʋeȥokwaɗi, tigosimbisa
mŋoyo yeɗu pamberi pake; 20 nokuti
kana mŋoyo yeɗu icitipa mhaka, Mŋari
mukuru kumŋoyo yeɗu, unoziʋa ȥose.
21 Ʋaɗikanwa, kana mŋoyo usiŋgatipi
mhaka, tinako kusatya pamberi pa-
Mŋari; 22 ʋuye ȥose ȥatinokumbira
tinopiwa naye, nokuti tinoceŋgeta mira-
iro yake, ticiita ȥinomufadza. 23 Ndiwo
murairo wake, kuti titende kuzita
roMŋanakomana wake, Jesu Kristu,
ʋuye tiɗane, seȥaakatiraira. 24 Uno-
ceŋgeta mirairo yake, unogara maari,
naiye maari. Ndiȥo ȥatinoziʋa naȥo
kuti unogara matiri, noMŋeya waaka-
tipa.

*Mŋeya waȥokwaɗi, nemŋeya yenhema.*

4 1 Ʋaɗikanwa, musatenda mŋeya
yose, asi muidze mŋeya, *kuti*
*muʋone* kana yakabva kunaMŋari;
nokuti ʋaprofita ʋazhinji ʋenhema
ʋakaɓuɗira munyika. 2 Ndiȥo ȥamu-
noziʋa naȥo Mŋeya waMŋari: Mŋeya
mumŋe nomumŋe unopupura kuti Jesu
Kristu wakaʋuya munyama, ndowa-
Mŋari. 3 Mŋeya mumŋe nomumŋe
usiŋgapupuri Jesu, hauzi waMŋari; iwo
ndowaantikristu, wamakanzwa kuti uno-
ʋuya; naȥino watoʋa panyika. 4 Ʋana
ʋaɗuku, imi, muri ʋaMŋari, makaʋa-
kunda, nokuti uyo, uri mamuri, mukuru
kunaiye, uri munyika. 5 Iʋo ndoʋe-
nyika, naiȥoȥo ʋanotaura saʋenyika, ne-
nyika inoʋanzwa. 6 Isu tiri ʋaMŋari;
unoziʋa Mŋari, unotinzwa; usi wa-
Mŋari, haatinzwi. Ndiȥo ȥatinoziʋa
naȥo Mŋeya waȥokwaɗi, nomŋeya wo-
kutsauka.

*Ruɗo rwose runobva kunaMŋari.*

7 Ʋaɗikanwa, ŋgatiɗane; nokuti ruɗo
runobva kunaMŋari; mumŋe nomumŋe,
unoɗa, wakaɓerekwa naMŋari, unoziʋa
Mŋari. 8 Usiŋgaɗi, haaziʋi Mŋari,
nokuti Mŋari ruɗo. 9 Ruɗo rwaMŋari
rwakaratidzwa kwatiri necinhu ici, kuti
Mŋari wakatuma Mŋanakomana wake,
wakaɓerekwa ari mumŋe cete, munyika,
kuti tiʋe noʋupenyu naye. 10 Ruɗo
ruri pacinhu ici, kuti hatizisu takaɗa
Mŋari, asi kuti ndiye wakatiɗa, akatuma
Mŋanakomana wake kuti aʋe rudziki-
nuro rweȥiʋi ȥeɗu. 11 Ʋaɗikanwa,
kana Mŋari akatiɗa saiȥoȥo, nesu ʋo
tinofanira kuɗana. 12 Hakunomunhu
wakamboʋona Mŋari; kana ticiɗana,
Mŋari unogara matiri, noruɗo rwake
runokwaniswa matiri. 13 Ndiȥo ȥati-
noziʋa naȥo kuti tinogara maari, naiye
matiri, nokuti wakatipa ȥoMŋeya wake.

14 Isu takaʋona, ʋuye tinopupura kuti
Ɓaɓa ʋakatuma Mŋanakomana, kuti
aʋe Muponesi wenyika. 15 Aninani
unopupura kuti Jesu ndiye Mŋanako-
mana waMŋari, Mŋari unogara maari,
naiye munaMŋari. 16 Nesu takaziʋa,
tikatenda ruɗo urwu, Mŋari rwaanarwo
kwatiri. Mŋari ruɗo; unogara muruɗo,
unogara munaMŋari, naMŋari maari.
17 Ruɗo rwakakwaniswa matiri pacinhu
ici, kuti tirege kutya nezuʋa rokuto-
ŋgwa; nokuti seȥaakaita iye, ndiȥo
ȥatakaita ʋo panyika ino. 18 Hakuno-
kutya muruɗo; asi ruɗo, rwakakwana,
runodziŋga kutya, nokuti kutya kuno-
robga; munhu, unotya, haana-kukwa-
niswa paruɗo. 19 Isu tinoɗa, nokuti
iye wakataŋga kutiɗa. 20 Kana munhu
aciti, ndinoɗa Mŋari, aciʋeŋga hama
yake, mureʋi wenhema; nokuti usiŋgaɗi
hama yake yaakaʋona, uŋgaɗa seiko
Mŋari, waasina-kumuʋona? 21 Iwoyu
murairo wakabva kwaari, tinawo, wo-
kuti unoɗa Mŋari, ŋgaaɗe ʋo hama
yake.

*Unotenda kunaJesu Kristu, ndiye unokunda nyika.*

**5**
1 Mumŋe nomumŋe, unotenda
kuti Jesu ndiye Kristu, iye waka-
ɓerekwa naMŋari; mumŋe nomu-
mŋe, unoɗa iye wakaɓereka, unoɗa ʋo
wakaɓerekwa naye. 2 Ndiȥo ȥatinoziʋa
naȥo kuti tinoɗa ʋana ʋaMŋari, kana
ticiɗa Mŋari, ticiita mirairo yake.
3 Nokuti ruɗo rwaMŋari ndirwo, kuti
ticeŋgete mirairo yake; mirairo yake
hairemi. 4 Nokuti cinhu cipi necipi,
cinoɓerekwa naMŋari cinokunda nyika;
kukunda kwakakunda nyika, ndiko
kutenda kweɗu. 5 Ndianiko unokunda
nyika? Haazi iye unotenda kuti Jesu
ndiye Mŋanakomana waMŋari here?
6 Ndiye wakaʋuya nemvura neropa, iye
Jesu Kristu; haana-kuʋuya nemvura
ɓedzi, asi nemvura neropa. 7 Ndiye
Mŋeya unopupura, nokuti Mŋeya ndiye
ȥokwaɗi. 8 Nokuti kuneȥitatu ȥino-
pupura, *ȥinoti*: Mŋeya, nemvura neropa;
ȥitatu *iȥi ȥinopupura* cinha cimŋe
9 Kana ticigamucira kupupura kwa-
ʋanhu, kupupura kwaMŋari kukuru;
nokuti kupupura kwaMŋari ndiko, kuti
wakapupura pamsoro poMŋanakomana
wake. 10 Uyo, unotenda kuMŋanako-
mana waMŋari, kupupura unako mu-
kati make; usiŋgatendi Mŋari, waka-
muita mureʋi wenhema; nokuti haana-
kutenda kupupura kwakapupurirwa na-
Mŋari pamsoro poMŋanakomana wake.
11 Kupupura ndiko, kuti Mŋari waka-
tipa ʋupenyu bgusiŋgaperi; ȥino ʋupe-
nyu ubgu bguri muMŋanakomana
wake. 12 UnoMŋanakomana, unoʋu-
penyu; usinoMŋanakomana waMŋari,
haanoʋupenyu.

*Ȥatinoziʋa.*

13 Ndakakunyorerai ȥinhu iȥi kuti
mugoziʋa kuti munoʋupenyu bgu-
siŋgaperi, iyemi munotenda kuzita
roMŋanakomana waMŋari. 14 Ndiko
kusatya, kwatinako kwaari, kuti kana
ticikumbira cinhu nokuɗa kwake, uno-
tinzwa; 15 ȥino kana ticiziʋa kuti
unotinzwa paȥose ȥatinokumbira, tino-
ziʋa kuti tapiwa mikumbiro yatakaku-
mbira kwaari. 16 Kana munhu aciʋona
hama yake iciita cinhu cisati ciri
corufu, ucakumbira, *Mŋari* agomupa
ʋupenyu *bgunopiwa* ʋasiŋgaiti ciʋi
corufu. Ciri'po ciʋi corufu; handiti
akumbire pamsoro pecici. 17 Kusaru-
rama kwose ciʋi; ȥino ciʋi ciri'po cisati
ciri corufu.
18 Tinoziʋa kuti mumŋe nomumŋe
wakaɓerekwa naMŋari haaiti ȥiʋi; asi
wakaɓerekwa naMŋari unoceŋgetwa
naye, wakaipa haaŋgamuɓati. 19 Tino-
ziʋa kuti tiri ʋaMŋari, nenyika yose
igere munaiye wakaipa. 20 Tinoziʋa
kuti Mŋanakomana waMŋari wakaʋuya,
akatipa kuziʋa, kuti tiziʋe iye waȥo-
kwaɗi; nesu tiri munaiye waȥokwaɗi,
muMŋanakomana wake, Jesu Kristu.
Ndiye Mŋari waȥokwaɗi, noʋupenyu
bgusiŋgaperi. 21 Ʋana ʋaɗuku, ȥice-
njerei paȥifananidzo.

# ŊWADI YECIPIRI YAJOHANE

*Kwaziso.*

1 Mukuru kunamai ʋakasanaŋgurwa
naʋana ʋaʋo ʋandinoɗa neȥokwaɗi;
ndisati ndiri ini ndoga, asi naʋose ʋo
ʋanoziʋa ȥokwaɗi; 2 nokuɗa kweȥo-
kwaɗi, inogara matiri, icagara ʋo nesu
nokusiŋgaperi. 3 Nyasha, neŋgoni,
norugare ȥicaʋa nesu, ȥinobva kuna-
Mŋari Ɓaɓa, nokunaJesu Kristu, Mŋa-
nakomana waƁaɓa, muȥokwaɗi noruɗo.

*Fambai muȥokwaɗi noruɗo, mucenjere vadzidzisi venhema.*

4 Ndinofara ȥikuru, nokuti ndakawana
*vamŋe* ʋana ʋenyu ʋacifamba muȥo-
kwaɗi, seȥatakarairwa naƁaɓa. 5 Ȥino
ndinokumbira kwamuri, mai, ndisi-
ŋgaiti sendinokunyorerai murairo mu-
tşa, asi uyo watakaŋga tinawo kubva
pakutaŋga, wokuti tiɗane. 6 Ndirwo
ruɗo, kuti tifambe nemirairo yake.
Ndiwoyu murairo, seȥamakanzwa kubva
pakutaŋga, kuti mufambe mauri. 7 No-
kuti ʋanyeŋgeri ʋazhinji ʋakaɓuɗira
munyika, ʋasiŋgapupuri kuti Jesu Kri-
stu wakaʋuya panyama. Ndiye munye-
ŋgeri naantikristu. 8 Ȥicenjerei imi,
kuti murege kurashikirwa neȥataka-
ɓatira, asi kuti mupiwe muɓairo waka-
kwana. 9 Mumŋe nomumŋe, uno-
tuŋgamirira *vamŋe*, asiŋgarambiri mu-
kudzidzisa kwaKristu, haanaMŋari; asi
uyo, unorambira mukudzidzisa, ndiye
unaƁaɓa noMŋanakomana. 10 Kana
mumŋe aciʋuya kwamuri, asiŋgaʋuyi
nokudzidzisa uku, musamugamucira
mumba, kana kuti kwaari, Kwaziwa!
11 Nokuti unoti kwaari, Kwaziwa!
unofambidzana naye pamaɓasa ake
akaipa.

*Kuwonekana.*

12 Kunyaŋge ndineȥizhinji ȥandaiɗa
kukunyorerai, handiɗi *kunyora* neŋwadi
neiŋgi; asi ndinotarira kuti ndicaʋuya
kwamuri, tigotaurirana nomuromo, kuti
mufaro wenyu uzadziswe. 13 Ʋana
ʋomunuŋuna wenyu ʋakasanaŋgurwa
ʋanokukwazisai.

# ŊWADI YECITATU YAJOHANE

*Kwaziso.*

1 Mukuru kunaGayo, muɗikanwa,
wandinoɗa neȥokwaɗi.

*Gayo unorumbidzwa.*

2 Muɗikanwa, ndinokunyeŋgetera kuti
ufare paȥinhu ȥose, ʋuye uʋe muku-
kutu, sokufara kwomŋeya wako. 3 No-
kuti ndakafara ȥikuru hama dzicişika
dzicipupurira ȥokwaɗi yako, *dziciti,*
unofamba muȥokwaɗi. 4 Handino-
mufaro unopfuʋura uyu, wokuti ndi-
nzwe kuti ʋana ʋaŋgu ʋanofamba
muȥokwaɗi.
5 Muɗikanwa, unoɓate-ɓasa rakate-
ndeka paȥinhu ȥose ȥaunoitira hama
naʋaeni ʋo; 6 ʋakapupurira ruɗo
rwako pamberi pekereke; ucaita ȥaka-
naka kana uciʋaperekedza nomutoʋo
wakafanira Mŋari. 7 Nokuti ʋakaɓuɗa
nokuɗa kweZita *rake*, ʋasiŋgatori cinhu
kuʋahedeni. 8 Naiȥoȥo isu tinofanira
kugamucira ȥakanaka ʋakaɗaro, kuti
tiɓatsirane paȥokwaɗi.

*Diotrefe unopiwa mhaka. Demetrio unorumbidzwa.*

9 Ndakanyorera kereke; asi Diotrefe,
unoɗa kuʋa mukuru pakati paʋo,
unotiramba isu. 10 Naiȥoȥo, kana
ndiciʋuya, ndicayeʋudza maɓasa ake
aanoita, kuti unotiitira makuhwa nama-
shoko akaipa; ʋuye, haatendi naiȥoȥo
*ɓedzi*, iye amene haagamuciri hama,

ʋuye ʋakaŋga ʋaciɗa haʋo unoʋadziʋisa
nokuʋadziŋga mukereke. 11 Muɗika-
nwa, usateʋera cakaipa, asi cakanaka.
Uyo, unoita ȥakanaka, ndowaMŋari;
unoita ȥakaipa, haana-kuʋona Mŋari.
12 Demetrio unopupurirwa naʋanhu
ʋose, ʋuye neȥokwaɗi imene; nesu
tinopupura ʋo, iwe unoziʋa kuti kupu-
pura kweɗu ndokwaȥokwaɗi.

*Kuwonekana.*

13 Ndakaŋga ndineȥizhinji ȥandaiɗa
kukunyorera, asi handiɗi kukunyorera.
neiŋgi nepeni; 14 asi ndinotarira kuti
ndicakurumidza kukuʋona, tigotauri-
rana nomuromo. Rugare ŋgaruʋe
newe. Hama dzinokukwazisa. *Ndi-
kwazisire* hama, *mumŋe nomumŋe* nezita
rake.

# ŊWADI YAJUDASI

*Kwaziso.*

1 Judasi, muranda waJesu Kristu,
mununŋuna waJakobo, kunaʋakaɗanwa,
ʋakaɗikanwa munaMŋari Ɓaɓa, ʋaka-
ceŋgetererwa Jesu Kristu: 2 Ŋgoni,
norugare, noruɗo ŋgaȥiwanzwe kwa-
muri.

*Ʋadzidzisi venhema.*

3 Ʋaɗikanwa, ndakati ndicishiŋgaira
ȥikuru kukunyorerai pamsoro pokupo-
neswa kweɗu tose, ndakaʋona kuti
ndinofanira kukunyorerai, ndicikurairai
kuti murwire kwaȥo kutenda kwakaɗeya
kupiwa ʋatşene kamŋe. 4 Nokuti kuna-
ʋamŋe ʋarume ʋakapinda pakaʋanda,
ʋakagara ʋaisirwa kare kutoŋgwa uku,
ʋanhu ʋasiŋgaɗi Mŋari, ʋanoshandura
nyasha dzaMŋari weɗu ʋacidziita ʋu-
tere, ʋaciramba Tenzi *uyu* mumŋe cete,
Ishe weɗu Jesu Kristu.
5 Ȥino ndinoɗa kukuyeʋudzai, kunya-
ŋge maiȥiziʋa henyu kamŋe kare ȥose,
kuti Ishe, wakati amborwira ʋanhu mu-
nyika yeEgipita, akazoparadza aʋo ʋaka-
ŋga ʋasiŋgatendi. 6 Naʋatumŋa, ʋasina-
kuceŋgeta ʋukuru bgaʋo, asi ʋakasiya
paʋaifanira kugara, wakaʋaceŋgeta mu-
ȥisuŋgo ȥisiŋgaperi pasi perima guru
kuşikira pakutoŋgwa kwezuʋa guru;
7 seSodoma neGomora, namaguta aka-
poteredza, akaȥipa kwaȥo saiʋo kuʋu-
pombge nokuteʋera imŋe nyama, aka-
itwa ciratidzo, akarobga nomŋoto usi-
ŋgaperi. 8 Kunyaŋge ȥakaɗaro, *vanhu*
aʋa pakurota kwaʋo ʋanoşiɓisa nyama
yaʋo saiȥoȥo, ʋaciramba ʋukuru, noku-
tuka aʋo ʋanokubginya. 9 Asi Mikaeri,
mutumŋa mukuru, ŋguʋa yaakarwa
naDiaborosi, akaita nharo naye pamsoro
ʋomuʋiri waMosesi, wakatya kumupa
mhoşa namashoko okutuka, asi wakati:
Ishe ŋgaakuraire. 10 Asi *vanhu* aʋa
ʋanotuka ȥaʋasiŋgaziʋi; napaȥinhu iȥo,
ȥaʋanonzwisisa kubva pakuɓerekwa
kwaʋo, semhuka dzisiŋgaziʋi, ʋanopa-
radzwa paȥiri. 11 Ʋanenhamo, nokuti
ʋakafamba nenzira yaKaini, ʋakape-
ŋgera kukutsauka kwaBarami nokuɗa
kwomuɓairo, ʋakaparadzwa nokukaka-
ʋara kwaKora. 12 *Vanhu* aʋa mabge
akaʋanzika pamitambo yenyu yoruɗo,
kana ʋodya nemi ʋasiŋgatyi, *vafudzi*
ʋanoŋgoȥifudza iʋo; makore asine-
mvura, anotinhwa nemhepo; miti yeca-
ndo isineȥiɓereko, yakafa kaʋiri, yaka-
dzurwa nemidzi; 13 mafuŋgu eguŋgwa
anopeŋga, anopupuma nyadzi dzawo;
nyeredzi dzinofamba-famba, ʋakaceŋge-
tererwa kuşiɓa kwerima nokusiŋgaperi.
14 Enoki, wecinomŋe kubva kuna-
Adama, wakaprofitera iʋaʋa, aciti:
Tarira, Ishe wakaʋuya naʋatşene ʋake
ʋaneȥuru ȥamazana, 15 kuti atoŋge
ʋose, nokuroʋa ʋose ʋasiŋgaɗi Mŋari
pamsoro pamaɓasa aʋo ose okusaɗa
Mŋari, aʋakaita nokusaɗa kwaʋo Mŋari,
napamsoro pamashoko ose makukutu
akataurwa naʋatadzi ʋasiŋgaɗi Mŋari.
16 Iʋo ʋaŋuŋuni naʋasiŋgatendi *neȥa-
vanaȥo,* ʋanofamba nokuciʋa kwaʋo;
(miromo yaʋo inotaura mashoko okuȥi-
kudza), ʋacikudza ʋanhu nokuɗa kwo-
kufumiswa.

*Ʋatendi ngavakure pakutenda,
napakunyeŋgetera, naparuɗo.*

17 Asi imi ʋaɗikanwa, raŋgarirai
mashoko akaɗeya kutaurwa naʋaapo-
stora ʋaShe weɗu, Jesu Kristu; 18 kuti
ʋakakuʋudzai kuti neŋguʋa yokuʋe-
dzisira ʋaseki ʋacaʋa'ko, ʋanofamba
nokuciʋa kwaʋo ʋasiŋgaɗi Mŋari.
19 Ndiʋo ʋanoparadzansia, ndoʋenya-
ma, ʋasinoMŋeya. 20 Asi imi ʋaɗi-
kanwa, muȥiʋake pakutenda kwenyu

kutʂene-tʂene, munyeŋgetere muMŋeya
Mutʂene, 21 muȥiceŋgete muruɗo
rwaMŋari, mucitarira ŋgoni dzaShe
weɗu, Jesu Kristu, muʋe noʋupenyu
bgusiŋgaperi. 22 Iʋai neŋgoni naʋa-
mŋe ʋanenyunyuto, 23 muʋaponese
muciʋabvuta pamŋoto; ʋamŋe muʋe
neŋgoni naʋo nokutya, muciʋeŋga
kunyaŋge neŋguʋo yakaʂiɓiswa ne-
nyama.

*Kuvoŋga.*

24 Ȥino kunaiye unogona kukuceŋge-
tai, kuti murege kugumburwa, nokuku-
isai pamberi pokubginya kwake musina-
camuŋgapomerwa, mucifara kwaȥo,
25 kunaMŋari iye mumŋe, Muponesi
weɗu, naJesu Kristu, Ishe weɗu,
ŋgakuʋe kubginya, noʋumambo, nesi-
mba, noʋushe, ŋguʋa isati yaʋa'po,
naȥino, nokusiŋgaperi. Ameni.

# ȤAKAZARURWA ȤAJOHANE

*Zita rebuku neroMunyori.*

1 1 Ȥakazarurwa ȥaJesu Kristu, ȥa-
akapiwa naMŋari, kuti aratidze
ʋaranda ʋake ȥinhu iȥo ȥinofanira
kukurumidza kuitwa; akaȥituma nomu-
tumŋa wake, ndokuziʋisa muranda wake
Johane; 2 wakapupurira shoko ra-
Mŋari, neȥokupupura kwaJesu Kristu,
*acireva* ȥose ȥaakaʋona. 3 Wakaropa-
fadzwa uyo unoraʋa, naʋanonzwa ma-
shoko okuprofita, ʋaciceŋgeta ȥakanyo-
rwa imomo, nokuti ŋguʋa yaʋa pedyo.

*Ʋakanyorerwa: Kereke nomŋe paAsia.*

4 Johane kukereke nomŋe dziri paAsia:
Nyasha ngadziʋe nemi, norugare, ȥino-
bva kunaiye uri'po, wakaŋga ari'po,
noucazoʋa'po; nokunemŋeya minomŋe
iri pamberi pecigaro cake coʋushe;
5 nokunaJesu Kristu, capupu caka-
tendeka, ɗaŋgwe kuʋakafa, muɓati
wamadzishe enyika. Kunaiye unotiɗa,
akatisunuŋgura paȥiʋi ȥeɗu neropa
rake, 6 akatiita ʋushe, naʋaprista
kunaMŋari naɓaɓa ʋake, kwaari ŋga-
kuʋe kubginya nesimba nokusiŋgaperi-
peri. Ameni. 7 Tarirai, unoʋuya
namakore, meso ose acamuʋona, naiʋo
ʋakamuɓaya; marudzi ose enyika aca-
mucema. Hoŋo, Ameni.
8 Ndini Arfa neOmega, ndiȥo ȥinoreʋa
Ishe Mŋari, uri'po, wakaŋga ari'po,
noucazoʋa'po, wamasimba ose.

*Jesu unoȥiratidza kunaJohane paPatmosi.*

9 Ini Johane, hama yenyu, mugoʋerani
pamŋe cete nemi pakutambudzika,
noʋushe, nokutsuŋgirira munaJesu,
ndakaŋga ndiri paciwi cinonzi Patmosi,
nokuɗa kweshoko raMŋari, nokwoku-
pupura kwaJesu. 10 Ndakaŋga ndiri
muMŋeya nezuʋa raShe, ndikanzwa
shure kwaŋgu inzwi guru, rineŋge
serehwamanda, 11 riciti: Iȥo ȥauno-
ʋona, ȥinyore mubuku, uȥitumire kereke
nomŋe, paEfeso, napaSmirna, napa-
Pergamo, napaTiatira, napaSardisi, na-
paFiraderfia, napaRaodikia. 12 Ndi-
katendeʋuka kuti ndiʋone inzwi raka-
taura neni. Ndakati ndatendeʋuka,
ndikaʋona ȥigadziko ȥemŋenje ȥinomŋe
ȥendarama; 13 napakati peȥigadziko
ȥemŋenje, mumŋe wakafanana noMŋa-
nakomana womunhu, akafuka ŋguʋo
yakaʂikira kutsoka, akaȥisuŋga napaci-
fuʋa nebanhire rendarama. 14 Musoro
wake nevudzi rake ȥakaŋga ȥiri ȥicena
samakushe macena, secando; meso ake
akaita somuraȥo womŋoto; 15 tsoka
dzake dzakaŋga dzakafanana nesafuri
inopenya, ineŋge yakanatswa muʋira;
inzwi rake rakaŋga rakaita senzwi
remvura zhinji. 16 Muruʋoko rwake
rworudyi wakaŋga akaɓata nyeredzi
nomŋe; mumuromo make makaɓuɗa
munondo unopinza, unoceka kwose;
ciso cake caiʋa sezuʋa rinopenya nesi-
mba raro. 17 Ndakati ndicimuʋona,
ndikawira pasi patsoka dzake sendineŋge
ndafa; akaisa ruʋoko rwake rworudyi
pamsoro paŋgu, akati: Usatya, ndini
wokutaŋga nowokupedzisira, 18 naiye
Mupenyu; ndakaŋga ndafa, tarira,

ndiri mupenyu nokusiŋgaperi-peri; ndi-
nekiyi dzorufu neHadesi. 19 Naiȥoȥo
ŋyora ȥawaʋona, neȥiri'po, neȥicazo-
ʋa'po shure kwaiȥoȥi; 20 ȥakaʋanzika
ȥenyeredzi nomŋe dzawaʋona muruʋoko
rworudyi rwaŋgu, neȥigadziko ȥemŋenje
ȥinomŋe ȥendarama. Nyeredzi nomŋe
ndiʋo ʋatumŋa ʋekereke nomŋe; neȥi-
gadziko ȥemŋenje ȥinomŋe ndidzo
kereke nomŋe.

*Ŋwadi kukereke iri paEfeso.*

2 1 Nyorera mutumŋa wekereke iri
paEfeso, *uti:*
Ȥanzi naiye wakaɓata nyeredzi
nomŋe muruʋoko rwake rworudyi,
unofamba pakati peȥigadziko ȥemŋenje
ȥinomŋe ȥendarama: 2 Ndinoziʋa ma-
ɓasa ako, nokutambudzika kwako, noku-
tsuŋgirira kwako, ʋuye kuti hauɗi
kuʋonana naʋanhu ʋakaipa; wakaʋaidza
iʋo ʋanoti, tiri ʋaapostora, ʋasi iʋo
caiʋo, ukaʋawana ʋari ʋenhema; 3 uka-
tsuŋgirira nokuʋa nomŋoyo murefu
nokuɗa kwezita raŋgu, ukasaneta. 4 Asi
handifari necinhu ici kwauri, kuti waka-
siya ruɗo rwako rwokutaŋga. 5 Naiȥoȥo
raŋgarira pawakawa, utendeʋuke, ugoita
maɓasa ako okutaŋga; kana usiŋgaiti
saiȥoȥo, ndicaʋuya kwauri, ndikabvisa
cigadziko cako comŋenje panȥimbo
yaco, kana usiŋgatendeʋuki. 6 Asi
cinhu ici unaco, kuti unoʋeŋga maɓasa
aʋaNikoraiti, andinoʋeŋga neni ʋo.
7 Unenzeʋe, ŋgaanzwe ȥinoreʋa Mŋeya
kukereke; unokunda, ndicamutendera
kuti adye muti woʋupenyu, uri mu-
Paradiso yaMŋari.

*Ŋwadi kukereke iri paSmirna.*

8 Nyorera mutumŋa wekereke iri
paSmirna, *uti:*
Ȥanzi naiye wokutaŋga nowokupe-
dzisira, wakaŋga afa, akararama *ȥe:*
9 Ndinoziʋa kutambudzika kwako no-
ʋurombo bgako, (asi uri muƒumi), noku-
tuka kwaiʋo ʋanoti, tiri ʋaJuda, ʋasi iʋo
caiʋo, asi isinagoge raSatani, 10 usatya
iȥo ȥaucatambudzika naȥo. Tarira,
Diaborosi woɗo-kuisa ʋamŋe ʋenyu
mutoroŋgo, kuti muidzwe; mucata-
mbudzika mazuʋa anegumi. Uʋe
wakatendeka kuşikira parufu, ndigokupa
korona yoʋupenyu. 11 Unenzeʋe, ŋga-
anzwe ȥinoreʋa Mŋeya kukereke; uno-
kunda, haaŋgakuʋadzwi norufu rweci-
piri.

*Ŋwadi kukereke iri paPergamo.*

12 Nyorera mutumŋa wekereke iri
paPergamo, *uti:*
Ȥanzi naiye unomunondo, unopinza,
unoceka kwose: 13 Ndinoziʋa pauno-
gara, ndi'po panecigaro coʋushe ca-
Satani; wakaɓatisisa zita raŋgu, ukasa-
ramba kutenda kwaŋgu, kunyaŋge
napamazuʋa aAntipasi, capupu caŋgu,
*munhu* waŋgu wakatendeka, wakaʋu-
rawa pakati penyu, apo panogara
Satani. 14 Asi handifari neȥimŋe
ȥinhu ȥishoma kwauri, nokuti unaʋa-
mŋe'po ʋanoɓatisisa dzidziso yaBarami,
wakadzidzisa Baraki kuisa cigumbuso
pamberi paʋana ʋaIsraeri, cokuti ʋadye
ȥakaɓayirwa ȥifananidzo, nokuita ʋu-
pombge. 15 Nokuɗaro unaʋamŋe ʋo
ʋanoɓatisisa saiȥoȥo dzidziso yaʋa-
Nikoraiti. 16 Naiȥoȥo tendeʋuka; kana
usiŋgaiti saiȥoȥo, ndicakurumidza kuʋu-
ya kwauri, ndigorwa naʋo nomunondo
womuromo waŋgu. 17 Unenzeʋe, ŋga-
anzwe ȥinoreʋa Mŋeya kukereke. Uno-
kunda, ndicamupa mana yakaʋanzika,
ʋuye ndicamupa ibge jena, napabge iro
zita idȥa rakanyorwa'po, risiŋgazikanwi
nomunhu, asi naiye unoripiwa.

*Ŋwadi kukereke iri paTiatira.*

18 Nyorera mutumŋa wekereke iri
paTiatira, *uti:*
Ȥanzi noMŋanakomana waMŋari, una-
meso akafanana nomuraȥo womŋoto,
netsoka dzake dzakaita sesafuri inope-
nya: 19 Ndinoziʋa maɓasa ako, noru-
ɗo, nokutenda, nokushumira, nokutsu-
ŋgirira kwako, ʋuye kuti maɓasa ako
okupedzisira anopfuʋura okutaŋga.
20 Asi handifari necinhu ici kwauri,
kuti unotendera uya mukadzi Jesaberi,
unoȥiidza muprofitakadzi, ʋuye unodzi-
dzisa nokutsausa ʋaranda ʋaŋgu, kuti
ʋaite ʋupombge, nokudya ȥakaɓayirwa
ȥifananidzo. 21 Ndakamupa ŋguʋa kuti
atendeʋuke; akaramba kutendeʋuka pa-
kufeʋa kwake. 22 Tarira, ndoɗa kumu-
kandira panhoʋo, naʋanoita ʋupombge
naye panhamo huru, kana ʋasiŋgatende-
ʋuki pamaɓasa ake. 23 Naʋana ʋake ndi-
caʋaʋuraya norufu; nekereke dzose dzica-
ziʋa kuti ndini ndinonȥera itşo nemŋo-
yo; ndicapa mumŋe nomumŋe wenyu
paakaɓata napo. 24 Asi kwamuri, imi
makasara paTiatira, ʋose ʋasinedzidziso
iyi, ʋasiŋgaziʋi iȥo ȥaʋanoti ȥakadzika
ȥaSatani, ndinoti kwamuri: Handiŋga-

kutakudziyi mumŋe mutoro. 25 Asi
ɓatisai iȥo ȥamunaȥo kuşikira ndiciʋuya.
26 Unokunda aciceŋgeta maɓasa aŋgu
kuşikira pakupedzisira, ndicamupa si-
mba pamsoro pamarudzi; 27 ucaafudza
netşimbo yeɗare, sehari dzomuʋumbi
dzinoputsanyiwa; seȥandakapiwa ʋo
naƁaɓa ʋaŋgu. 28 Ʋuye ndicamupa
nyamasase. 29 Unenzeʋe, ŋgaanzwe
ȥinoreʋa Mŋeya kukereke.

*Ŋwadi kukereke iri paSardisi.*

3 1 Nyorera mutumŋa wekereke iri
paSardisi, *uti:*
Ȥanzi naiye unemŋeya minomŋe
yaMŋari, nenyeredzi nomŋe: Ndinoziʋa
maɓasa ako, kuti unonzi uri mupenyu,
asi wakafa. 2 Pepuka, usimbise iȥo
ȥakasara, ȥakaŋga ȥoɗo-kufa; nokuti
handina-kuwana maɓasa ako kuti
akakwana pamberi paMŋari waŋgu.
3 Naiȥoȥo raŋgarira kuti wakagamucira
nokunzwa sei; uȥiceŋgete, utendeʋuke.
Naiȥoȥo kana usiŋgapepuki, ndicaʋuya
sembava, hauŋgaziʋi nguʋa yandicaku-
wira nayo. 4 Asi unamazita mashoma
paSardisi aʋanhu ʋasina-kuşiɓisa ŋguʋo
dzaʋo; ʋacafamba neni ʋaneŋguʋo cena,
nokuti ʋakafanirwa *naȥo.* 5 Unokunda,
ucapfekedzwa saiȥoȥo ŋguʋo cena;
handiŋgatoŋgodzimi zita rake pabuku
yoʋupenyu, ndicapupura zita rake pa-
mberi paƁaɓa ʋaŋgu, napamberi paʋa-
tumŋa ʋake. 6 Unenzeʋe, ŋgaanzwe
ȥinoreʋa Mŋeya kukereke.

*Ŋwadi kukereke iri paFiraderfia.*

7 Nyorera mutumŋa wekereke iri
paFiraderfia, *uti:*
Ȥanzi naiye mutşene, iye waȥokwaɗi,
iye unekiyi yaDavidi, iye unoti kana
acizarura, hakuna-unopfiga, kana aci-
pfiga, hakuna-unozarura: 8 Ndinoziʋa
maɓasa ako, (tarira, ndakaisa pamberi
pako mukoʋa wakazaruka, hakuna-uŋga-
gona kuupfiga), kuti unesimba shoma
hako; wakaceŋgeta shoko raŋgu, uka-
saramba zita raŋgu. 9 Tarira ndino-
kupa ʋamŋe ʋari ʋesinagoge raSatani,
ʋanoti, tiri ʋaJuda, ʋasi iʋo caiʋo, asi
ʋanoreʋa nhema; tarira, ndicaʋaʋuyisa
kuti ʋanamate pamberi petsoka dzako,
ʋuye ʋaziʋe kuti ndakakuɗa. 10 Ȥawa-
kaceŋgeta shoko rokutsuŋgirira kwaŋgu,
ndicakuceŋgeta ʋo paŋguʋa yokuidzwa
yoɗo-kuʋuya panyika yose, kuidza
ʋanogara panyika. 11 Ndinokurumidza
kuʋuya; ɓatisisa ico caunaco, kuti urege
kutorerwa korona yako. 12 Unokunda
ndicamuita mbiru mutembere yaMŋari
waŋgu, haaŋgazoɓuɗi'mo ȥe; ndica-
nyora pamsoro pake zita raMŋari
waŋgu, nezita reguta raMŋari waŋgu,
Jerusarema idȥa rinoɓuruka kuɗeŋga
kunaMŋari waŋgu, nezita raŋgu idȥa.
13 Unenzeʋe, ŋgaanzwe ȥinoreʋa Mŋe-
ya kukereke.

*Ŋwadi kukereke iri paRaodikia.*

14 Nyorera mutumŋa wekereke iri
paRaodikia, *uti:*
Ȥanzi naAmeni, capupu cakatendeka,
caȥokwaɗi, kutaŋga kweȥisikwa ȥa-
Mŋari: 15 Ndinoziʋa maɓasa ako,
kuti hautonhori kana kupisa. Ɗai
ucitonhora kana kupisa. 16 Ȥino
ȥaunodziya, usiŋgatonhori kana kupisa,
ndicakuşişina mumuromo maŋgu.
17 Nokuti unoti, ndakafuma, ndaka-
fumiswa, handishaiwi cinhu; usiŋga-
ziʋi, kuti ndiwe unoʋurombo nenhamo,
uri murombo neɓofu usine-cokufuka.
18 Ndinokupa zano kuti uteŋge kwa-
ndiri ndarama yakaidzwa mumŋoto,
kuti uʋe nefuma, neŋguʋo cena, kuti
uȥifukidze, nyadzi dzokusafuka kwako
dzirege kuʋonekwa; necizoro cameso,
kuti uzore meso ako, uʋone. 19 Ʋose
ʋandinoɗa ndinoʋaraŋga nokuʋaroʋa;
naiȥoȥo shiŋgaira utendeʋuke. 20 Ta-
rira, ndimire pamukoʋa, ndicigogodza;
kana munhu akanzwa inzwi raŋgu,
akazarura mukoʋa, ndicapinda kwaari,
ndicarayira naye, naiye neni. 21 Uno-
kunda ndicamupa cinhu ici, kuti
agare neni pacigaro caŋgu coʋushe,
seni ʋo ndakakunda, ndikagara pamŋe
cete naƁaɓa ʋaŋgu pacigaro caʋo co-
ʋushe. 22 Unenzeʋe, ŋgaanzwe ȥino-
reʋa Mŋeya kukereke.

*Unoratidzwa Mŋari ari pacigaro coʋushe kuɗeŋga.*

4 1 Shure kwaiȥoȥi, ndakatarira
ndikaʋona mukoʋa wakazaruka ku-
ɗeŋga; nenzwi rokutaŋga randa-
kanzwa rakaita sehwamanda ricitaura
neni, riciti: Kwira pano, ndigokuratidza
ȥinofanira kuitwa shure kwaiȥoȥi.
2 Pakarepo ndakaʋa muMŋeya; tarira-
cigaro coʋushe cakagadzwa kuɗeŋga,
nomumŋe agere pacigaro. 3 Iye wa-
kaŋga agere'po wakaŋga akafanana
nebge rejaspisi neresardio; kwakaŋga

kunomuraraʋuŋgu wakakomberedza cigaro coʋushe, wakafanana *nebge* resmaragdino. 4 Kwakaŋga kuneȥigaro ȥoʋushe ȥinamakumi maʋiri namanna ȥakaŋga ȥakakomberedza cigaro coʋushe; napaȥigaro pakaŋga pagere Ʋakuru ʋanamakumi maʋiri naʋanna, ʋakapfeka ŋguʋo cena; ʋakaŋga ʋanekorona dzendarama pamisoro yaʋo. 5 Napacigaro coʋushe pakaŋga paciɓuɗa mheni, namanzwi, nokutinhira; nemŋenje minomŋe yakaŋga icipfuta pamberi pecigaro coʋushe, iri Mŋeya minomŋe yaMŋari. 6 Pamberi pecigaro coʋushe pakaŋga paneguŋgwa rakaʋonekera, rakafanana nekristaro; napakati pecigaro coʋushe, napamatiʋi ose ecigaro coʋushe, pakaŋga paneȥisikwa ȥinna ȥipenyu, ȥizere nameso mberi neshure kwaȥo. 7 Cisikwa cipenyu cokutaŋga cakaŋga cakafanana neshumba, cisikwa cipenyu cecipiri cakaŋga cakafanana nemhuru, cisikwa cipenyu cecitatu cakaŋga cineciso cakaita secomunhu, necisikwa cipenyu cecinna cakaŋga cakafanana negondo rinobururuka. 8 Neȥisikwa ȥipenyu iȥi ȥinna ȥakaŋga ȥinamapapiro matanhatu, cimŋe necimŋe; ȥakaŋga ȥizere nameso kunhiʋi dzose nomukati; haȥizorori masikati noʋusiku, ȥiciti: Mutşene, mutşene, mutşene, iye Ishe Mŋari, wamasimba ose, iye wakaŋga ari'po, uri'po, noucazoʋuya. 9 Ȥino kana ȥisikwa ȥipenyu iȥi ȥoʋigira iye unogara pacigaro coʋushe, iye uri mupenyu nokusiŋgaperi-peri, kubginya, nokukudzwa, nokuʋoŋga, 10 Ʋakuru ʋanamakumi maʋiri naʋanna ʋowira pasi pamberi paiye ugere pacigaro coʋushe, ʋacimunamata iye, uri mupenyu nokusiŋgaperi-peri, ʋacikandira korona dzaʋo pamberi pecigaro coʋushe, ʋaciti: 11 Imi Ishe, Mŋari weɗu, makafanira kuti muʋigirwe kubginya, nokukudzwa, nesimba, nokuti ndimi makasika ȥinhu ȥose, ȥakaʋa'po, ȥikasikwa nokuɗa kwenyu.

*Gwaiana rinozarura buku.*

5 1 Ȥino ndakaʋona muruʋoko rworudyi rwaiye wakaŋga agere pacigaro coʋushe buku yakanyorwa mukati nokunze kwayo, yakanamatidzwa neȥisimbiso ȥinomŋe. 2 Ipapo ndakaʋona mutumŋa, unesimba, aciɗanidzira nenzwi guru, *aciti*: Ndianiko wakafanira kuti azarure buku iyi, nokusunuŋgura ȥisimbiso ȥayo? 3 Asi kwakaŋga kusinomunhu kuɗeŋga napanyika, kana napasi penyika, wakagona kuzarura buku iyo, kana kutarira mairi. 4 Ipapo ndakacema ȥikuru, ȥakusina-kuwanikwa munhu, wakafanira kuti azarure buku, kana kutarira mairi. 5 Ȥino mumŋe waƲakuru akati kwandiri; Usacema hako, tarira, Shumba yorudzi rwaJuda, Mudzi waDavidi, yakakunda kuti izarure buku neȥisimbiso ȥayo ȥinomŋe. 6 Ȥino ndakaʋona pakati pecigaro coʋushe neȥisikwa ȥipenyu ȥinna, napakati paƲakuru, Gwaiana rimire, rakaita serakaɓayiwa, rinenyaŋga nomŋe nameso manomŋe, iri Mŋeya minomŋe yaMŋari, yakatumŋa kunyika yose. 7 Iro rikaʋuya, rikatora buku muruʋoko rworudyi rwaiye wakaŋga agere pacigaro coʋushe. 8 Ȥino rakati ratora buku, ȥisikwa ȥipenyu ȥinna naƲakuru ʋanamakumi maʋiri naʋanna ʋakawira pasi pamberi peGwaiana, mumŋe nomumŋe anoruɗimbga, nendiro dzendarama, dzakaŋga dzizere neȥinonhuwira, iri minyeŋgetero yaʋatşene. 9 Ʋakaimba rwiyo rutşa, ʋaciti: Ndimi makafanira kuti mutore buku nokuzarura ȥisimbiso ȥayo; nokuti makaɓayiwa, mukateŋgera Mŋari neropa renyu *ʋanhu* ʋanobva kumarudzi ose, nendimi dzose, naʋanhu ʋose, nendudzi dzose; 10 mukaʋaitira Mŋari weɗu, kuti ʋaʋe ʋushe naʋaprista, ʋaɓate ʋushe panyika. 11 Ȥino ndakaʋona, ndikanzwa inzwi raʋatumŋa ʋazhinji ʋakaŋga ʋakakomberedza cigaro coʋushe neȥisikwa ȥipenyu, naƲakuru—kuwanda kwaʋo kwakaŋga kuri ȥuru ȥeȥuru neȥuru ȥamazana—12 ʋaciti nenzwi guru: Gwaiana rakaɓayiwa rakafanira kuti riʋigirwe ʋushe, nefuma, nokucenjera, nesimba, nokukudzwa, nokubginya, nokurumbidzwa. 13 Ndikanzwa ȥisikwa ȥipenyu ȥose ȥiri kuɗeŋga, napanyika, neȥiri pasi penyika, napaguŋgwa, neȥose ȥiri mukati maȥo, ȥiciti: Kurumbidzwa, nokukudzwa, nokubginya, nesimba ŋgaȥiʋe kunaiye ugere pamsoro pecigaro coʋushe, nokuGwaiana nokusiŋgaperi-peri. 14 Ipapo ȥisikwa ȥipenyu ȥinna ȥakati: Ameni. Ʋakuru ʋanamakumi maʋiri naʋanna ʋo ʋakawira pasi, ʋakanamata.

*Ɀisimbiso ɀitanhatu ɀokutaŋga ɀinozarurwa.*

6 1 Ɀino ndakaʋona Gwaiana rici-
zarura cimŋe ceɀisimbiso ɀinomŋe,
ndikanzwa cimŋe ceɀisikwa ɀipenyu
ɀinna ciciti nenzwi romutinhiro: Ʋuya!
2 Ndikatarira, ndikaʋona biza jena,
naiye wakaŋga akaritaȿa, wakaŋga
anoʋuta; akapiwa korona, akaɓuɗa
acikunda, ʋuye kuti akunde.
3 Wakati azarura cisimbiso cecipiri,
ndikanzwa cisikwa cipenyu cecipiri
ciciti: Ʋuya! 4 Ipapo rimŋe *biza*
rakaɓuɗa riri dɀuku; wakaŋga akaritaȿa
akapiwa *simba* kuti abvise rugare pa-
nyika, kuti ʋaʋurayane; akapiwa mu-
nondo mukuru.
5 Wakati azarura cisimbiso cecitatu,
ndikanzwa cisikwa cipenyu cecitatu
ciciti: Ʋuya! Ndikatarira, ndikaʋona
biza ɗema; wakaŋga akaritaȿa wakaŋga
aneciyereso muruʋoko rwake. 6 Ndi-
kanzwa inzwi pakati peɀisikwa ɀi-
penyu ɀinna, riciti: Ciyero* ceɀiyo
*cicateŋgwa* nedenari†, neɀiyero* ɀitatu
ɀebari nedenari†; usatadzira mafuta
newaini.
7 Wakati azarura cisimbiso cecinna,
ndikanzwa inzwi recisikwa cipenyu
cecinna riciti: Ʋuya! 8 Ndikatarira,
ndikaʋona biza rakacenuruka; wakaŋga
akaritaȿa, zita rake Rufu; ʋuye Hadesi
rakamuteʋera. Iʋo ʋakapiwa simba
pamsoro pececinna cenyika, kuti ʋaʋu-
raye nomunondo, nenzara, norufu,
neɀikara ɀenyika.
9 Wakati azarura cisimbiso cecishanu,
ndikaʋona panyasi peartari mŋeya
yaʋanhu ʋakaŋga ʋaʋurawa nokuɗa
kweshoko raMŋari, nokupupura kwaʋo
kwaʋakapupura; 10 ʋakaɗana nenzwi
guru ʋaciti: Tenzi mutȿene waɀokwaɗi,
mucarega kutoŋga ʋanogara panyika
nokuʋatsiʋa ropa reɗu kuȿikira riniko?
11 Ipapo mumŋe nomumŋe waʋo
wakapiwa ŋguʋo cena; ʋakaʋudzwa
kuti ʋambozorora ciŋguʋa ciɗuku,
kuȿikira *ʋamŋe* ʋaranda pamŋe cete
naʋo nehama dzaʋo, dzaifanira kuʋu-
rawa saiʋo, ʋariŋganiswa ʋose.
12 Ɀino ndakaʋona pakuzarura kwake
cisimbiso cecitanhatu, kwakaŋga kuno-
kuɗeŋgenyika kwenyika kukuru, zuʋa
rikaȿiɓa segudza remvere, mŋedzi wose
ukaita seropa; 13 nenyeredzi dze-
ɗeŋga dzikawira pasi, somuʋonde uno-
zuza magaŋga awo, kana ucizunuŋguswa
nomututu mukuru. 14 Ɗeŋga rikabva
sebuku, kana icipetwa; namakomo ose
neɀiwi ɀose ɀakabviswa panɀimbo dzaɀo.
15 Namadzimambo enyika, naʋakuru,
naʋatuŋgamiriri ʋehondo, naʋafumi,
naʋanesimba, naʋaranda ʋose, naʋaka-
sunuŋguka ʋose, ʋakandoʋanda muma-
pako nomumabge amakomo; 16 ʋakati
kumakomo nokumabge: Tiwirei, muti-
ʋige pameso aiye unogara pacigaro
coʋushe, napakutsamŋa kweGwaiana;
17 nokuti zuʋa guru rokutsamŋa kwaʋo
raȿika; ndianiko unogona kumira?

*Ʋakasanaŋgurwa ʋanoisirwa cisimbiso.*

7 1 Shure kwaiɀoɀi ndakaʋona ʋa-
tumŋa ʋanna, ʋamire kumatiʋi
manna enyika, ʋakaɓata mhepo
inna dzenyika, kuti mhepo irege
kurira panyika, kana paguŋgwa, kana
pamiti yose. 2 Ipapo ndakaʋona
mumŋe mutumŋa acikwira acibva
kumabvazuʋa, anecisimbiso caMŋari
mupenyu; akaɗana nenzwi guru kuʋa-
tumŋa ʋanna, ʋaya ʋakaŋga ʋapiwa
simba kuti ʋatadzire nyika neguŋgwa,
3 aciti: Musatadzira nyika, kana gu-
ŋgwa, kana miti, kuȿikira taisa cisimbiso
pahuma dzaʋaranda ʋaMŋari. 4 Ndika-
nzwa kuwanda kwaʋakaiswa cisimbiso;
ʋaneɀuru ɀinezana namakumi manna
neɀinna, ʋakaiswa cisimbiso ʋacibva
kumarudzi ose aʋana ʋaIsraeri.
5 Kurudzi rwaJuda ʋakaiswa cisimbi-
so ʋaneɀuru ɀinegumi neɀiʋiri;
Kurudzi rwaRubeni ʋaneɀuru ɀine-
gumi neɀiʋiri;
Kurudzi rwaGadi ʋaneɀuru ɀine-
gumi neɀiʋiri;
6 Kurudzi rwaAseri ʋaneɀuru ɀine-
gumi neɀiʋiri;
Kurudzi rwaNeftarimi ʋaneɀuru
ɀinegumi neɀiʋiri;
Kurudzi rwaManase ʋaneɀuru ɀine-
gumi neɀiʋiri;
7 Kurudzi rwaSimeoni ʋaneɀuru ɀine-
gumi neɀiʋiri;
Kurudzi rwaRevi ʋaneɀuru ɀine-
gumi neɀiʋiri;
Kurudzi rwaIsakari ʋaneɀuru ɀine-
gumi neɀiʋiri;
8 Kurudzi rwaZaburoni ʋaneɀuru
ɀinegumi neɀiʋiri;
Kurudzi rwaJosefa ʋaneɀuru ɀine-
gumi neɀiʋiri;

* Ɀiyero ɀinna ɀinoita garoni rimŋe.
† Mari ineŋge sisipenzi netiki.

Kurudzi rwaBenjamini ʋakaiswa
cisimbiso ʋaneɀuru ɀinegumi neɀi-
ʋiri.

*Ʋazhinji-zhinji pamberi pecigaro coʋushe.*

9 Shure kwaiɀoɀo ndakatarira, ndi-
kaʋona ʋazhinji-zhinji ʋasiŋgagoni
kuʋereŋgwa nomunhu, ʋakabva ku-
ndudzi dzose, namarudzi, naʋanhu, ne-
ndimi, ʋamire pamberi pecigaro co-
ʋushe, napamberi peGwaiana, ʋaka-
pfeka ŋguʋo cena, ʋakaɓata micindwe
mumaʋoko aʋo; 10 ʋakaɗanidzira
nenzwi guru, ʋaciti: Ruponeso ŋgaruʋe
kunaMŋari unogara pacigaro coʋushe,
nokuGwaiana. 11 Ipapo ʋatumŋa ʋose
ʋakamira, ʋakakomba cigaro coʋushe,
naƲakuru, neɀisikwa ɀipenyu ɀinna,
ʋakawira pasi neciso pamberi pecigaro
coʋushe, ʋakanamata Mŋari, 12 ʋaciti:
Ameni: Kurumbidzwa, nokubginya,
nokucenjera, nokuʋoŋga, nokukudzwa,
noʋushe, nesimba, ŋgaɀiʋe kunaMŋari
nokusiŋgaperi-peri. Ameni! 13 Ipapo
mumŋe waƲakuru wakapindura, akati
kwandiri: Aʋa ʋakapfeka ŋguʋo cena
ndiʋananiko? Ʋakabvepiko? 14 Ndi-
kati kwaari: Ishe waŋgu, imi munoziʋa.
Akati kwandiri: Ndiʋo ʋanobva kuku-
tambudzika kukuru, ʋakasuka ŋguʋo
dzaʋo ʋakadzicenesa muropa reGwaiana.
15 Naiɀoɀo ʋari pamberi pecigaro
coʋushe caMŋari, ʋanomushumira
masikati noʋusiku mutembere yake;
iye, unogara pacigaro coʋushe, ucaʋa-
dzitira netabernakeri. 16 Haʋacazoziyi
nenzara, haʋacazofi nenyota; haʋa-
ŋgapiswi nezuʋa kana nokumŋe ku-
pisa; 17 nokuti Gwaiana riri pakati
pecigaro coʋushe ricaʋafudza, ricaʋa-
tuŋgamirira kumatsime emvura yoʋu-
penyu; Mŋari ucapisika misodzi yose
kumeso aʋo.

*Cisimbiso cecinomŋe cinozarurwa. Hwamanda inna dzokutaŋga.*

8 1 Wakati azarura cisimbiso ceci-
nomŋe, kunyarara kukaʋa'po ku-
ɗeŋga kuneŋge sehafu yeŋguʋa.
2 Ipapo ndakaʋona ʋatumŋa ʋanomŋe
ʋamire pamberi paMŋari; ʋakapiwa
hwamanda nomŋe.
3 Ɀino mumŋe mutumŋa wakaʋuya,
akamira paartari, anomudziyo wenda-
rama weɀinonhuwira; akapiwa ɀino-
uhuwira ziɀhinji kuti aɀiise pamŋe cete
neminyeŋgetero yaʋatȿene ʋose pa-
msoro peartari yendarama, yakaŋga iri
pamberi pecigaro coʋushe. 4 Ʋutsi
bgeɀinonhuwira bgukakwira pamberi
paMŋari bgucibva muruʋoko rwomu-
tumŋa pamŋe cete neminyeŋgetero
yaʋatȿene. 5 Mutumŋa akaʋora mu-
dziyo weɀinonhuwira, akauzadza no-
mŋoto weartari, akaukandira panyika;
ipapo kwakaʋuya kutinhira, namanzwi,
nemheni, nokuɗeŋgenyika kwenyika.
6 Ipapo ʋatumŋa ʋanomŋe, ʋakaŋga
ʋanehwamanda nomŋe, ʋakaɀigadzira
kuti ʋaridze.
7 Wokutaŋga wakaridza, kukaʋuya
cimvuramabge nomŋoto ɀakaveŋga-
niswa neropa, ɀikakandirwa panyika;
ipapo cetatu cenyika cikatȿa, necetatu
cemiti cikatȿa, noʋuswa bgutema bgose
bgakatȿa.
8 Ɀino mutumŋa wecipiri wakaridza,
cimŋe cakaita segomo guru rinopfuta
nomŋoto cikakandwa muguŋgwa; ipapo
cetatu ceguŋgwa cikashanduka ropa;
9 cetatu ceɀisikwa ɀakaŋga ɀiri mugu-
ŋgwa ɀikafa, iɀo, ɀakaŋga ɀinoʋupenyu;
necetatu ceɀikepe cikaparadzwa.
10 Ɀino mutumŋa wecitatu wakaridza,
nyeredzi huru, yakapfuta sezhenje,
ikawa kuɗeŋga, ikawira pamsoro pece-
tatu cenzizi napamatsime emvura;
11 zita renyeredzi rakaŋga ricinzi,
Cinoʋaʋa; ipapo cetatu cemvura cika-
ʋaʋiswa, ʋanhu ʋazhinji ʋakafa ne-
mvura, nokuti yakaŋga yaʋaʋiswa.
12 Ɀino mutumŋa wecinna wakaridza,
cetatu cezuʋa cikarobga, necetatu co-
mŋedzi, necetatu cenyeredzi, kuti
cetatu caɀo ciȿiɓiswe, ʋuye kuti cetatu
camasikati cirege kuvenekera, noʋusiku
saiɀoɀo.
13 Ipapo ndakatarira, ndikanzwa go-
ndo rimŋe riciburuka pakati peɗeŋga,
riciti nenzwi guru: Nhamo, nhamo,
nhamo, kunaʋanogara panyika, nokuɗa
kwamanzwi mamŋe ehwamanda aʋa-
tumŋa ʋatatu ʋacazoridza.

*Hwamanda yecishanu.*

9 1 Ɀino mutumŋa wecishanu wa-
karidza, ndikaʋona nyeredzi, yaka-
bva kuɗeŋga, yawira pasi; ikapiwa
kiyi yegomba rakadzika-dzika. 2 Ika-
zarura gomba rakadzika-dzika, ʋutsi
bgukakwira bgucibva mugomba, so-
ʋutsi bgeʋira guru; zuʋa neɗeŋga
ɀikaȿiɓiswa noʋutsi bgegomba. 3 Mu-

ʋutsi makaɓuɗa mhashu *dzikavuya*
panyika, dzikapiwa simba sesimba
reȥinyaʋaɗa ȥenyika. 4 Dzikaʋudzwa
kuti dzirege kutadzira ʋuswa bgenyika,
necinhu cinyoro, kana miti yose, asi
ʋanhu ɓedzi ʋasinecisimbiso caMŋari
pahuma dzaʋo. 5 Hadzina-kupiwa
*ɓasa* rokuʋaʋuraya, asi kuti ʋarwadziswe
mŋedzi mishanu; kurwadzisa kwadzo
kwakaŋga kwakaita sokurwadzisa kweci-
nyaʋaɗa, kana ciciruma munhu.
6 Namazuʋa iwayo ʋanhu ʋacatȿaka
rufu, asi haʋaŋgatoŋgoruwani, ʋaca-
ʋiŋga kufa, asi rufu rucaʋatiza. 7 Pa-
kuʋonekwa kwadzo mhashu dzakaŋga
dzakaita samabiza akagadzirirwa ku-
rwa; pamisoro yadzo pakaŋga pane-
ȥimŋe ȥakaita sekorona dzakafanana
nendarama; ȥiso ȥadzo ȥakaŋga ȥakaita
seȥiso ȥaʋanhu. 8 Dzakaŋga dzine-
vudzi rakaita sevudzi raʋakadzi, nameno
adzo akaŋga akaita seeshumba. 9 Dza-
kaŋga dzineȥidzitiro ȥecifuʋa ȥakaita
seȥamatare; nokutinhira kwamapapiro
adzo kwakaita sokutinhira kweŋgoro
dzamabiza mazhinji anomhanyira
kurwa. 10 Dzakaŋga dzinemiswe, ya-
kaita seyeȥinyaʋaɗa, noʋumborera;
pamiswe yadzo pakaŋga panesimba
rokukuʋadza ʋanhu mŋedzi mishanu.
11 Dzakaŋga dzinamambo wadzo, ari
mutumŋa wegomba rakadzika-dzika,
zita rake neciHeberu ndiAbadoni,
neciGiriki zita rake ndiAporioni.
12 Nhamo imŋe yapfuʋura; tarira,
nhamo dzimŋe mbiri dzinoteʋera
shure kwaiȥoȥi.

*Hwamanda yecitanhatu.*

13 Ȥino mutumŋa wecitanhatu waka-
ridza, ndikanzwa inzwi ricibva panyaŋga
inna dzeartari yendarama yakaŋga iri
pamberi paMŋari, 14 riciti kumu-
tumŋa wecitanhatu wakaŋga anehwa-
manda: Sunuŋgura ʋatumŋa ʋanna
ʋakasuŋgwa parwizi rukuru *runonzi*
Yufratesi. 15 Ipapo ʋatumŋa ʋanna
ʋakasunuŋgurwa, ʋakaŋga ʋakagadzi-
rirwa ŋguʋa, nezuʋa, nomŋedzi, negore,
kuti ʋaʋuraye cetatu caʋanhu. 16 Ku-
wanda kwehondo dzaʋataȿi ʋamabiza
kwakaŋga kuri ȥuru ȥeȥuru ȥamazana
maʋiri; ndikanzwa kuʋereŋgwa kwaʋo.
17 Saiȥoȥo ʋo ndakaʋona mabiza
pakuratidzwa *kwaŋgu*, naʋakaŋga ʋa-
kaataȿa, ʋaneȥidzitiro ȥecifuʋa ȥakaita
seȥomŋoto, neȥehiasinto, neȥesurferi;
nemisoro yamabiza yakaŋga yakaita
semisoro yeshumba; nomumiromo
yawo makaɓuɗa mŋoto, noʋutsi nesu-
rferi. 18 Cetatu caʋanhu cakaʋurawa
namaɗambudziko awa matatu, anoti,
mŋoto noʋutsi nesurferi, ȥakaɓuɗa
mumiromo yawo. 19 Nokuti simba
ramabiza riri mumiromo yawo, nomu-
miswe yawo; nokuti miswe yawo yakaita
senyoka, inemisoro; anokuʋadza nayo.
20 Ʋamŋe ʋanhu ʋasina-kuʋurawa
namaɗambudziko awa, haʋana-kute-
ndeʋuka pamaɓasa amaʋoko aʋo, kuti
ʋarege kunamata mŋeya yakaipa, neȥi-
fananidzo ȥendarama, neȥesirveri,
neȥendarira, neȥamabge, neȥemiti,
ȥisiŋgagoni kuʋona, kana kunzwa, kana
kufamba; 21 haʋana-kutendeʋuka ʋo
pakuʋuraya kwaʋo, kana pakurowa
kwaʋo, kana paʋupombge bgaʋo, kana
pakuɓa kwaʋo.

*Buku inobva kuɗeŋga inodyiwa naJohane.*

10 1 Ȥino ndakaʋona mumŋe
mutumŋa unesimba aciɓuruka
kuɗeŋga, akapfeka gore; mu-
raraʋuŋgu wakaŋga uri pamusoro wake,
ciso cake cakaŋga cakaita sezuʋa,
netsoka dzake sembiru dzomŋoto.
2 Wakaŋga akaɓata buku ɗuku yaka-
zaruka muruʋoko rwake, akaisa rutsoka
rwake rworudyi pamsoro peguŋgwa,
norworuɓoshwe pamsoro penyika;
3 akaɗanidzira nenzwi guru seshumba
inorira; iye wakati aɗanidzira, kuti-
nhira kunomŋe kukaɓuɗisa manzwi
ako. 4 Ȥino kutinhira kunomŋe kwa-
kati kwareʋa, ndakaŋga ndonyora, ndi-
kanzwa inzwi ricibva kuɗeŋga, riciti:
Zarira ȥarebga nokutinhira kunomŋe,
usaȥinyora. 5 Ipapo mutumŋa uya
wandakaʋona amire pamsoro peguŋgwa
napamsoro penyika, wakasimudzira
ruʋoko rwake rworudyi kuɗeŋga,
6 akapika naiye uri mupenyu nokusi-
ŋgaperi-peri, wakasika ɗeŋga neȥiri’mo,
nenyika neȥiri’mo, neguŋgwa neȥiri’mo,
kuti ŋguʋa haiŋgazoʋi’po. 7 Asi na-
mazuʋa enzwi romutumŋa wecinomŋe,
kana ʋoɗo-kuridza, ȥakaʋanzika ȥa-
Mŋari ȥicapedziswa, seȥaakaparidzira
ʋaranda ʋake, iʋo ʋaprofita. 8 Ipapo
inzwi riya randakanzwa ricibva kuɗe-
ŋga, rakataura ȥe kwandiri, riciti:
Enda utore buku yakazaruka iri muru-
ʋoko rwomutumŋa, umire pamsoro

peguŋgwa napamsoro penyika. 9 Ndi-
kaenda kumutumŋa, ndikati kwaari:
Ndipei buku ɗuku. Iye akati kwa-
ndiri: Tora, uidye; icaʋaʋisa muɗumbu
mako, asi mumuromo mako icanaka
soʋuci. 10 Ipapo ndakatora buku ɗuku
muruʋoko rwomutumŋa, ndikaidya;
ikanaka mumuromo maŋgu soʋuci;
asi ndakati ndaidya, muɗumbu maŋgu
mukaʋaʋiswa. 11 Ʋakati kwandiri:
Unofanira kuprofita ȥe pamsoro paʋa-
nhu ʋazhinji, nendudzi, nendimi,
namadzimambo.

*Ȥapupu ȥiʋiri.*

11 1 Ȥino ndakapiwa rutsaŋga
rwakaita somuɗonȥo; ȥikanzi:
Simuka, uyere tembere ya-
Mŋari, neartari, naʋanonamata mairi.
2 Asi siya ruʋazhe ruri kunze kwete-
mbere, usaruyera; nokuti rwakapiwa
ʋahedeni; ʋacatsika guta dȥene mŋedzi
inamakumi manna nemiʋiri. 3 Ndica-
raira ȥapupu ȥaŋgu ȥiʋiri kuti ȥiprofite,
ȥakapfeka masaga, mazuʋa anecuru
cinamazana maʋiri namakumi mata-
nhatu. 4 Aʋa ndiyo miorivi miʋiri
neȥigadziko ȥemŋenje ȥiʋiri ȥimire
pamberi paShe wenyika. 5 Kana
kunomunhu unoɗa kuʋakuʋadza,
mŋoto ucaɓuɗa mumiromo yaʋo uci-
paradza ʋaʋeŋgi ʋaʋo; kana kunomunhu
unoɗa kuʋakuʋadza, unofanira kuʋu-
rawa saiȥoȥo. 6 Ʋanesimba rokuzarira
ɗeŋga, kuti mvura irege kunaya nama-
zuʋa okuprofita kwaʋo; ʋanesimba
pamsoro pemvura kuti ʋaishandure iʋe
ropa, nokuroʋa nyika namaɗambudziko
ose neŋguʋa dzose dzaʋanoɗa. 7 Kana
ʋapedza kupupura kwaʋo, cikara ci-
nokwira cicibva mugomba rakadzika-
dzika cicarwa naʋo, ciciʋakunda noku-
ʋaʋuruya. 8 Mitumbu yaʋo *icarashwa*
panzira dzomuguta guru, rinonzi,
nezita rokufananidzira, Sodoma ne-
Egipita, pakaroʋerwa ʋo Ishe waʋo
pamucinjikwa. 9 Ʋanobva kuʋanhu,
namarudzi, nendimi, nendudzi, ʋaca-
ʋona mitumbu yaʋo mazuʋa matatu
nehafu, ʋasiŋgatenderi kuti iʋigwe
mubgiro. 10 Naʋanogara panyika ʋa-
cafara nokupembera pamsoro paʋo,
ʋacitumirana ȥipo, nokuti ʋaprofita
aʋa ʋaʋiri ʋakatambudza aʋo ʋanogara
panyika. 11 Ȥino mazuʋa matatu
nehafu akati apfuʋura, mŋeya woʋu-
penyu, wakabva kunaMŋari, ukapinda
mukati maʋo, ʋakamira netsoka dzaʋo,
kutya kukuru kukawira ʋose ʋaka-
ʋaʋona. 12 Ipapo ʋakanzwa inzwi
guru, rinobva kuɗeŋga, riciti kwaʋari:
Kwirai pano. Ʋakakwira kuɗeŋga
negore, ʋaʋeŋgi ʋaʋo ʋakaʋaʋona.
13 Ȥino neŋguʋa iyo kuɗeŋgenyika
kwenyika kwakaʋa'po, cegumi ceguta
cikaputsikira pasi, naʋanhu ʋaneȥuru
ȥinomŋe ʋakaʋurawa nokuɗeŋgenyika;
ʋakasara ʋakatya, ʋakarumbidza Mŋari
wokuɗeŋga.
14 Nhamo yecipiri yapfuʋura; tarira,
nhamo yecitatu inokurumidza kuşika.

*Hwamanda yecinomŋe.*

15 Ȥino mutumŋa wecinomŋe waka-
ridza; manzwi makuru akaʋa'po ku-
ɗeŋga, aciti: Ʋushe bgenyika bgaʋa
bgaShe weɗu, naKristu wake; uca-
bguɓata nokusiŋgaperi-peri. 16 Ipapo
Ʋakuru ʋanamakumi maʋiri naʋanna
ʋanogara paȥigaro ȥaʋo ȥoʋushe pa-
mberi paMŋari, ʋakawira pasi neȥiso
ȥaʋo, ʋakanamata Mŋari, 17 ʋaciti:
Tinokuʋoŋgai imi, Ishe Mŋari wama-
simba ose, muri'po, namakaŋga mu-
ri'po; nokuti makatora simba renyu
guru, mukaɓata ʋushe. 18 Marudzi
akatsamŋa, nokutsamŋa kwenyu kwa-
kaşika, neŋguʋa yaʋakafa, kuti ʋato-
ŋgwe, ʋuye kuti mupe ʋaranda ʋenyu
muɓairo, iʋo ʋaprofita, naʋatşene,
naʋanotya zita renyu, ʋaɗuku naʋa-
kuru; ʋuye kuti muparadze aʋo ʋano-
paradza nyika.
19 Ipapo tembere yaMŋari iri ku-
ɗeŋga yakazarurwa; areka yesuŋgano
ikaʋonekwa mutembere yake; ipapo
kwakaʋa'po mheni, namanzwi, noku-
tinhira, nokuɗeŋgenyika kwenyika, ne-
cimvuramabge cikuru.

*Mukadzi neshato.*

12 1 Ȥino kuɗeŋga kwakaʋo-
nekwa ciratidzo cikuru *ici*:
Mukadzi, wakaŋga akapfeka
zuʋa, mŋedzi uri pasi petsoka dzake,
napamusoro wake korona inenyeredzi
dzinegumi nembiri; 2 iye wakaŋga
anemimba, akaɗanidzira pakupona
kwake, acitambudzika pakuȥara.
3 Ipapo kuɗeŋga kwakaʋonekwa cimŋe
ciratidzo *ici*: Tarira, shato huru tşuku,
inemisoro minomŋe, nenyaŋga dzi-
negumi, napamisoro yayo korona
nomŋe. 4 Rumhinda rwayo ruka-

kweʋa cetatu cenyeredzi dzokuɗeŋga,
ndokudzikandira pasi panyika; shato
iyo ikamira pamberi pomukadzi wa-
kaŋga oɀara, kuti iparadze mŋana
wake kana aɀara. 5 Akaɀara mŋana
womukomana, unozofudza marudzi ose
netȿimbo yeɗare; mŋana wake ndoku-
torwa kunaMŋari, nokucigaro cake
coʋushe. 6 Mukadzi akatizira kurenje,
paakagadzirirwa nɀimbo naMŋari, kuti
ʋamuceŋgete'po mazuʋa anecuru cina-
mazana maʋiri namakumi matanhatu.
7 Ɀino kurwa kwakaʋa'po kuɗeŋga;
Mikaeri naʋatumŋa ʋake ʋakarwa ne-
shato, shato ikarwa inaʋatumŋa ʋayo;
8 ʋakasakunda, nenɀimbo yaʋo haina-
kuzowanikwa kuɗeŋga. 9 Ɀino shato
huru yakakandirwa pasi, iyo nyoka
yekare, inonzi Diaborosi, naSatani,
munyeŋgeri wenyika yose; yakaka-
ndirwa panyika, naʋatumŋa ʋayo
ʋakakandirwa pasi pamŋe cete nayo.
10 Ndikanzwa inzwi guru kuɗeŋga,
riciti: Ɀino ruponeso rwaȿika, nesimba,
noʋushe bgaMŋari weɗu, noʋumambo
bgaKristu wake; nokuti mupomeri we-
hama dzeɗu wakakandirwa pasi,
wakaʋapomera pamberi paMŋari weɗu
masikati noʋusiku. 11 Iʋo ʋakamu-
kunda neropa reGwaiana, ʋuye neshoko
rokupupura kwaʋo; haʋana-kuɗa ʋu-
penyu bgaʋo kuȿikira parufu. 12 Saka
farai kuɗeŋga *nemi* munogara'ko. Mu-
nenhamo *imi* nyika neguŋgwa, nokuti
mŋeya wakaipa wakaɓurukira kwamuri,
akatsamŋa kwaɀo, nokuti unoziʋa kuti
ucineŋguʋa ɗuku.
13 Shato yakati yaʋona kuti yaka-
ndirwa pasi panyika, ikatambudza
mukadzi wakaɀara mŋana womuko-
mana. 14 Ipapo mukadzi akapiwa
mapapiro maʋiri egondo guru, kuti
aɓururukire kurenje kunɀimbo yake,
kwaanoceŋgeterwa ŋguʋa nedzimŋe
ŋguʋa nehafu yeŋguʋa, kwaasiŋga-
ʋonekwi nenyoka. 15 Ipapo nyoka
yakaɓuɗisa mvura mumuromo mayo,
yakaita sorwizi shure kwomukadzi,
kuti akukurwe norwizi. 16 Ipapo
nyika yakaɓatsira mukadzi, nyika ika-
shamisa muromo wayo, ikamedza rwizi
rwakaɓuɗiswa neshato mumuromo
mayo. 17 Ɀino shato yakatsamŋira
mukadzi, ikaenda kundorwa naʋamŋe
ʋana ʋake, ʋanoceŋgeta mirairo ya-
Mŋari, naʋanoɓata kupupura kwaJesu.
18 Ikamira pajeca reguŋgwa.

*Cikara cakabva muguŋgwa.*

13 1 Ɀino ndakaʋona cikara cici-
kwira cicibva muguŋgwa, ci-
nenyaŋga dzinegumi nemisoro
minomŋe; napamsoro penyaŋga dzaco
pakaŋga panekorona dzinegumi, na-
pamsoro pemisoro yaco mazita oku-
mhura Mŋari. 2 Cikara *ici* canda-
kaʋona, cakaŋga cakaita ȿeŋgwe;
netsoka dzaco sedzeɓere, nomuromo
waco somuromo weshumba; shato
ikacipa simba rayo, necigaro cayo
coʋushe, namasimba makuru. 3 Mu-
mŋe musoro waco wakaŋga wakaita
sowakakuʋadzwa kuȿikira parufu; asi
ʋaŋga, raifanira kuʋuraya, rakaŋga
rapora; nyika yose ikashamiswa ikate-
ʋera cikara. 4 Ʋakanamata shato,
nokuti yakapa cikara masimba; ʋaka-
namata cikara, ʋaciti: Ndianiko waka-
fanana necikara? Ndianiko unogona
kurwa naco? 5 Ipapo cakapiwa mu-
romo unotaura *mashoko* makuru neɀo-
kumhura; cikapiwa simba kuti ciɀiite
mŋedzi inamakumi manna nemiʋiri.
6 Cikashamisa muromo waco kuti
cimhure Mŋari, nokumhura zita rake
netabernakeri yake naiʋo ʋanogara
kuɗeŋga. 7 Cikapiwa *masimba* ʋo
kuti cirwe naʋatȿene, nokuʋakunda;
cikapiwa masimba ʋo pamsoro pama-
rudzi ose, naʋanhu ʋose, nendimi
dzose, nendudzi dzose. 8 Ʋose ʋano-
gara panyika ʋacacinamata, iʋo ʋasina-
kunyorerwa zita raʋo mubuku ye-
Gwaiana rakaɓayiwa kubva pakusikwa
kwenyika. 9 Unenzeʋe, ŋgaanzwe.
10 Kana munhu acitapa, ucatapxa;
kana munhu aciʋuraya nomunondo
unofanira kuʋurawa nomunondo. Ndi-
po panokutsuŋgirira nokutenda kwaʋa-
tȿene.

*Cikara cakabva panyika.*

11 Ɀino ndakaʋona cimŋe cikara
cicikwira, cicibva panyika; cakaŋga
cinenyaŋga mbiri segwaiana, cikataura
seshato. 12 Cinoɓata namasimba ose
ecikara cokutaŋga pamberi paco. Ci-
nomanikidza nyika naʋagere mukati
mayo kuti ʋanamate cikara cokutaŋga,
ciya cakapora ʋaŋga rokuʋuraya raco.
13 Cinoita ɀiratidzo ɀikuru, ɀokuti
cinoɓurusira mŋoto unobva kuɗeŋga
panyika pamberi paʋanhu; 14 cino-
nyeŋgera ʋanogara panyika neɀiratidzo
ɀacakapiwa kuti ciɀiite pamberi peci-
kara; ciciti kunaʋanogara panyika kuti

ʋaitire cikara mufananidzo, ciya cakaŋga
cineʋaŋga romunondo cikararama.
15 Cikapiwa *masimba* okupa mufana-
nidzo wecikara mŋeya, kuti mufa-
nanidzo wecikara utaure, ciraire kuti
ʋose ʋasiŋganamati mufananidzo weci-
kara ʋaʋurawe. 16 Cinomanikidza
ʋose, ʋaɗuku naʋakuru, ʋafumi naʋa-
rombo, ʋakasunuŋguka naʋaranda, kuti
ʋapiwe ciratidzo muruʋoko rwaʋo
rworudyi, kana pahuma yaʋo; 17 kuti
munhu arege kuʋa'po unogona kuteŋga
nokuteŋgesa, asi iye uneciratidzo, iro
zita recikara kana ciʋereŋgo cezita raco.
18 Ndipo panokucenjera. Unoziʋa,
ŋgaaʋereŋge ciʋereŋgo cecikara; nokuti
ciʋereŋgo ndecomunhu; ciʋereŋgo caco
ndimazana matanhatu namakumi ma-
tanhatu nenhanhatu.

*Gwaiana pagomo reZioni.*

14 1 Ȥino ndakatarira, ndikaʋona
Gwaiana rimire pagomo re-
Zioni, rina*ʋamŋe* ʋaneʐuru ʐine-
zana namakumi manna naʋanna, ʋane-
zita raro, nezita raɓaɓa ʋaro, rakanyo-
rwa pahuma dzaʋo. 2 Ipapo ndaka-
nzwa inzwi ricibva kuɗeŋga, senzwi
remvura zhinji, ʋuye senzwi roku-
tinhira kukuru; nenzwi randakanzwa
*rakaŋga rakaita* seraʋaridzi ʋoruɗimbga
ʋaciridza ʋuɗimbga bgaʋo. 3 Ʋaka-
imba rwiyo rutȿa pamberi pecigaro
coʋushe, napamberi peʐisikwa ʐipenyu
ʐinna, naƲakuru; hakunomunhu waka-
gona kudzidza rwiyo urwu, asi ʋaya
ʋaneʐuru ʐinezana namakumi manna
naʋanna, ʋakadzikinurwa ʋacibva pa-
nyika. 4 Ndiʋo ʋasina-kuȿiɓiswa
naʋakadzi; nokuti *ʋakanaka se*mha-
ndara. Ndiʋo ʋanoteʋera Gwaiana
kwose kwarinoenda. Ndiʋo ʋakadzi-
kinurwa pakati paʋanhu, kuti ʋaʋe
ʐiɓereko ʐokutaŋga kunaMŋari noku-
Gwaiana. 5 Mumuromo maʋo hamu-
na-kuʋonekwa nhema, haʋana-caʋaŋga-
pomerwa.

*Ʋatumŋa ʋanoziʋisa kutoŋga kwaMŋari.*

6 Ȥino ndakaʋona mumŋe mutumŋa
aciburuka pakati peɗeŋga, aneEva-
ŋgeri isiŋgaperi, kuti aiparidzire ʋano-
gara panyika, namarudzi ose, nendudzi
dzose, nendimi dzose, naʋanhu ʋose.
7 Akati nenzwi guru: Ityai Mŋari,
mumurumbidzei; nokuti ŋguʋa yake
yokutoŋga yaȿika; namatai iye, wakasika
ɗeŋga, nenyika, neguŋgwa, namatsime
emvura.
8 Ipapo mumŋe mutumŋa wakateʋera,
aciti: Rawa, Rawa, Babironi, *guta* guru,
rakanwisa marudzi ose waini yoku-
tsamŋa kwoʋupombge bgaro.
9 Ipapo mumŋe mutumŋa wecitatu
wakateʋera, akati nenzwi guru: Kana
munhu akanamata cikara nomufana-
nidzo waco, nokugamucira ciratidzo
pahuma yake kana paruʋoko rwake,
10 naiye ucanwa ʋo waini yokutsamŋa
kwaMŋari, yakaɗirwa isina-kuveŋga-
niswa mumukombe wehasha dzake;
ucatambudzwa mumŋoto nesurferi pa-
mberi paʋatumŋa ʋatȿene, napamberi
peGwaiana. 11 Ʋutsi bgokutambu-
dzika kwaʋo bgunokwira nokusiŋga-
peri-peri; haʋanezororo masikati no-
ʋusiku, iʋo ʋanonamata cikara nomufa-
nanidzo waco, nounogamucira ciratidzo
cezita raco. 12 Ndipo panokutsuŋgi-
rira kwaʋatȿene, ʋanoceŋgeta mirairo
yaMŋari nokutenda kwaJesu.
13 Ipapo ndakanzwa inzwi ricibva
kuɗeŋga, riciti: Nyora, *uti*: Ʋakafa,
ʋanofira munaShe, ʋakaropafadzwa
kubva ʐino. Hoŋo, ndiʐo ʐinotaura
Mŋeya, kuti ʋazorore pakuɓata kwaʋo
kukuru, nokuti maɓasa aʋo anoʋateʋera.
14 Ipapo ndakatarira, ndikaʋona gore
jena, nomumŋe wakaita soMŋana-
komana womunhu agere pamsoro paro,
anekorona yendarama pamusoro wake,
naparuʋoko rwake anejeko rinopinza.
15 Ȥino mumŋe mutumŋa wakaɓuɗa
mutembere, akaɗanidzira nenzwi guru
kunaiye wakaŋga agere pamsoro pegore,
*aciti*: Tumai jeko renyu muceke;
nokuti ŋguʋa yokuceka yaȿika, nokuti
kuceka kwenyika kwaibva. 16 Ipapo
wakaŋga agere pamsoro pegore akaka-
ndira jeko rake panyika, nyika ikacekwa.
17 Ȥino mumŋe mutumŋa wakaɓuɗa
mutembere iri kuɗeŋga, naiye ʋo
anejeko rinopinza. 18 Nomumŋe mu-
tumŋa wakaŋga anesimba pamsoro
pomŋoto, akaɓuɗa paartari, akaɗani-
dzira nenzwi guru kunaiye wakaŋga
anejeko rinopinza, aciti: Tumai jeko
renyu rinopinza, muceke masumbu
omuzambiriŋga wenyika, nokuti maza-
mbiriŋga ayo aibva. 19 Ipapo mu-
tumŋa wakakandira jeko rake panyika,
akaceka muzambiriŋga wenyika, aka-
ʐikandira muciȿiniro cikuru coku-

tsamŋa kwaMŋari. 20 Ciṣiniro cika-
tsikwa kunze kweguta, ropa rikaɓuɗa
muciṣiniro rikaṣika pamatomo amabiza,
*rikaenda* mastadia anecuru cinamazana
matanhatu.*

*Ʋatumŋa ʋanomŋe ʋanendiro nomŋe.*

15 1 Ȥino ndakaʋona cimŋe ci-
ratidzo kuɗeŋga, cikuru cino-
shamisa, *ici*: Ʋatumŋa ʋanomŋe
ʋanamaɗambudziko manomŋe oku-
pedzisira, nokuti kutsamŋa kwaMŋari
kwakapera nawo.
2 Ndikaʋona cakaita seguŋgwa rino-
ʋonekera rakaveŋganiswa nomŋoto,
naiʋo ʋakaʋuya ʋakunda cikara nomu-
fananidzo waco, neciʋereŋgo cezita
raco, ʋamire pamsoro peguŋgwa rino-
ʋonekera, ʋanoʋuɗimbga bgaMŋari.
3 Ʋakaŋga ʋaciimba rwiyo rwaMosesi,
muranda waMŋari, norwiyo rwe-
Gwaiana, ʋaciti: Ishe, Mŋari wama-
simba ose, maɓasa enyu akakura,
anoshamisa; Mambo wamarudzi, nzira
dzenyu dzakarurama, ndedzaȥokwaɗi.
4 Ndianiko uŋgarega kutya nokukudza
zita renyu, Ishe? Nokuti imi moga
muri mutşene; nokuti marudzi ose
acaʋuya, acinamata pamberi penyu;
nokuti kururama kwenyu kwakara-
tidzwa.
5 Shure kwaiȥoȥo ndakaʋona tembere
yetabernakeri yoʋucapupu yokuɗeŋga
yakazarurwa; 6 mutembere mukaɓuɗa
ʋatumŋa ʋanomŋe ʋanamaɗambudziko
manomŋe, ʋakafuka muceka wakacena
unopenya, ʋakasuŋgwa paȥifuʋa ȥaʋo
namabanhire endarama. 7 Ipapo cimŋe
ceȥisikwa ȥipenyu ȥinna cakapa ʋatumŋa
ʋanomŋe ndiro nomŋe dzendarama,
dzizere nokutsamŋa kwaMŋari, iye
mupenyu nokusiŋgaperi-peri. 8 Te-
mbere ikazara noʋutsi bgunobva paku-
bginya kwaMŋari napasimba rake;
kukasaʋa nomunhu wakagona kupinda
patembere, kuşikira maɗambudziko
manomŋe aʋatumŋa ʋanomŋe apera.

16 1 Ȥino ndakanzwa inzwi guru
ricibva mutembere, riciti ku-
ʋatumŋa ʋanomŋe: Endai,
mundoɗurura panyika ndiro nomŋe
dzokutsamŋa dzaMŋari.
2 Wokutaŋga akaenda, akaɗurura
ndiro yake panyika; ronda rakaipa
rinorwadza rikaʋa'po paʋanhu ʋakaŋga
ʋaneciratidzo cecikara, ʋakanamata
mufananidzo waco.
3 Wecipiri akaɗurura ndiro yake
paguŋgwa; rikashanduka ropa sero-
munhu wakafa; neȥipenyu ȥose ȥakaŋga
ȥiri muguŋgwa ȥikafa.
4 Wecitatu akaɗurura ndiro yake
panzizi nomumatsime emvura, ika-
shanduka ropa. 5 Ndikanzwa mutu-
mŋa wemvura aciti: Imi, Makarurama,
muri'po, namakaŋga muri'po, Mutşene,
nokuti makatoŋga saiȥoȥo. 6 Nokuti
ʋakaɗurura ropa raʋatşene neraʋa-
profita, mukaʋapa ropa, kuti ʋanwe;
ʋakafanirwa *naiȥoȥo*. 7 Ndikanzwa
artari riciti: Hoŋo, Ishe, Mŋari wama-
simba ose, kutoŋga kwenyu ndokwa-
ȥokwaɗi kwakarurama.
8 Ȥino wecinna akaɗurura ndiro yake
pamsoro pezuʋa, rikapiwa *simba* kuti
ripise ʋanhu nomŋoto. 9 Ʋanhu ʋaka-
piswa nokupisa kukuru, ʋakamhura
zita raMŋari, unesimba pamsoro pama-
ɗambudziko awa; haʋana-kutendeʋuka,
kuti ʋamukudze.
10 Wecishanu akaɗurura ndiro yake
pamsoro pecigaro coʋushe cecikara;
ʋushe bgaco bgukaşiɓiswa, ʋakatseŋga
marimi aʋo nokurwadzwa; 11 ʋaka-
mhura Mŋari wokuɗeŋga pamsoro
pokurwadzwa kwaʋo namaronda aʋo;
asi haʋana-kutendeʋuka pamaɓasa aʋo.
12 Ȥino wecitanhatu akaɗurura ndiro
yake pamsoro porwizi rukuru, *runonzi*
Yufratesi; mvura yarwo ikapxa, kuti
nzira dzamadzimambo anobva kuma-
bvazuʋa dzigadzirwe. 13 Ipapo nda-
kaʋona mŋeya yetşina mitatu yakaita
samatafi icibva mumuromo weshato
nomumuromo wecikara, nomumuromo
womuprofita wenhema; 14 nokuti
ndiyo mŋeya yakaipa inoita ȥiratidzo;
inoenda kumadzimambo enyika yose,
kuʋakokera kukurwa pazuʋa iro guru
raMŋari wamasimba ose. 15 Tarira,
ndinoʋuya sembava. Wakaropafadzwa
unorinda, unoceŋgeta ŋguʋo dzake,
kuti arege kufamba asina-kupfeka,
ʋaʋone nyadzi dzake. 16 Akaʋaʋu-
ŋganidzira panȥimbo inonzi Harma-
gedoni neciHeberu.
17 Ȥino wecinomŋe akaɗurura ndiro
yake muɗeŋga, inzwi guru rikaɓuɗa
mucigaro coʋushe, riciti: Ȥapera!
18 Ipapo mheni yakaʋa'po, namanzwi
nokutinhira; nokuɗeŋgenyika kwenyika
kukuru kwakaʋa'po; kuɗeŋgenyika

* Maira dzineŋge mazana maʋiri.

kwenyika kwakakura-kura kukaɗai
hakuna-kumboʋa'po kubva pakusikwa
kwaʋanhu panyika. 19 Guta guru
rikakamurwa rikaita ȥikamu ȥitatu,
maguta amarudzi akaputsika; Babironi
guta guru rikaraŋgarirwa pamberi pa-
Mŋari, kuti ripiwe mukombe wewaini
yokutsamŋa kwehasha dzake. 20 Ȥiwi
ȥose ȥikatiza, namakomo haana-kuwa-
nikwa. 21 Cimvuramabge cikuru,
cinobva kuɗeŋga, cikawira pamsoro
paʋanhu, kurema *kwebge rimŋe nerimŋe*
kukaita setarenta*; ʋanhu ʋakamhura
Mŋari nokuɗa kweɗambudziko reci-
mvuramabge, nokuti ɗambudziko raco
raiʋa guru kwaȥo.

*Kuputsika kweBabironi, mhombge huru.*

17 1 Ȥino mumŋe waʋatumŋa
ʋanomŋe, ʋakaŋga ʋanendiro
nomŋe, akaʋuya akataura neni,
aciti: Ʋuya pano, ndicakuratidza kuto-
ŋgwa kwemhombge huru, inogara pa-
msoro pemvura zhinji; 2 madzimambo
enyika akaita ʋupombge nayo, naʋa-
nogara panyika ʋakaɓatwa newaini yo-
ʋupombge bgayo. 3 Ipapo wakandiisa
kurenje mumŋeya, ndikaʋona mukadzi
akataşa cikara citşuku, cizere namazita
okumhura *Mŋari*, cinemisoro minomŋe
nenyaŋga gumi. 4 Mukadzi wakaŋga
akapfeka ŋguʋo tşuku neshaʋa, aka-
shoŋga ndarama namabge anokosha,
namaparera, nomuruʋoko rwake ma-
kaŋga munomudziyo wendarama uzere
neȥinonyaŋgadza netşina yoʋupombge
bgake. 5 Pahuma yake pakaŋga paka-
nyorwa zita rakaʋanzika *iri*: BABI-
RONI, *GUTA* GURU, MAI ƲE-
MHOMBGE NAƲEȤINONYAŊGA-
DZA ȤENYIKA. 6 Ipapo ndaka-
ʋona mukadzi akaɓatwa neropa raʋa-
tşene, ʋuye neropa reȥapupu ȥaJesu;
ndikati ndicimuʋona ndikashamiswa
nokushamiswa kukuru. 7 Ipapo mu-
tumŋa akati kwandiri: Washamiswa
neiko? Ndicakuʋudza ȥakaʋanzika
ȥomukadzi, neȥecikara cinomutakura
cinemisoro minomŋe nenyaŋga dzine-
gumi. 8 Cikara cawaʋona, caiʋa'*po*,
hac*ici*'*po*; coɗo-kukwira cicibva mu-
gomba rakadzika-dzika kundoparadzwa;
ʋanogara panyika ʋasina-kunyorwa
mazita aʋo mubuku yoʋupenyu kubva
pakusikwa kwenyika, ʋacashamiswa
kana ʋaciʋona cikara, kuti caiʋa'*po*,
hac*ici*'*po*, ʋuye cicazoʋa'*po*. 9 Ndipo
panokufuŋga kunenjere. Misoro mi-
nomŋe ndiwo makomo manomŋe,
anogarwa nomukadzi. 10 Ndiwo ma-
dzimambo manomŋe; ʋashanu ʋawa,
mumŋe uri'po, mumŋe ugere kuşika;
kana acişika, unofanira kugara ciŋguʋa
ciɗuku. 11 Cikara caiʋa'*po*, cis*isi*'*po*,
ndiye worusere, mumŋe waʋanomŋe,
unondoparadzwa. 12 Nyaŋga dzi-
negumi dzawaʋona, ndiwo madzi-
mambo anegumi, acigere kupiwa ʋushe,
asi ʋacapiwa simba samadzimambo
pamŋe cete necikara ŋguʋa imŋe.
13 Iʋo ʋanendaŋgariro imŋe, ʋanopa
cikara simba raʋo noʋushe bgaʋo.
14 Aʋa ʋacarwa neGwaiana, Gwaiana
ricaʋakunda; nokuti iro ndiShe wama-
dzishe, namambo wamadzimambo;
naiʋo ʋanaro ndiʋanhu ʋakaɗanwa,
ʋatşene, ʋakatendeka. 15 Ȥino akati
kwandiri: Mvura yawaʋona, inogarwa
nemhombge, ndiʋo ʋanhu, naʋazhinji,
namarudzi, nendimi. 16 Nyaŋga dzi-
negumi dzawaʋona, necikara, ndiʋo
ʋacaʋeŋga mhombge, ʋacaiparadza,
nokuitorera ŋguʋo; ʋacadya nyama
yayo, nokuipisa nomŋoto. 17 Nokuti
Mŋari wakaisa mumŋoyo yaʋo kuti
ʋaite kuraŋgarira kwake, ʋaʋe noku-
raŋgarira kumŋe, ʋape cikara ʋushe
bgaʋo, kuşikira mashoko aMŋari aitika.
18 Mukadzi wawaʋona ndiro guta guru,
rinoɓata ʋushe bgamadzimambo enyika.

*Kuputsika kweBabironi nokucema panyika.*

18 1 Shure kwaiȥoȥi ndakaʋona
mumŋe mutumŋa aciɓuruka
kuɗeŋga, anesimba guru; nyika
ikavenekerwa nokubginya kwake.
2 Akaɗanidzira nenzwi guru, aciti:
Rawa, Rawa, Babironi, guta guru, yaʋa
nȥimbo munogara mŋeya yakaipa,
nenhare yemŋeya yose yetşina, nenhare
yeshiri dzose dzinetşina dzinoʋeŋgwa.
3 Nokuti marudzi ose akawa newaini
yokutsamŋa kwoʋupombge bgaro, na-
madzimambo enyika akaita ʋupombge
naro, naʋateŋgesi ʋenyika ʋakafuma
nesimba rokuȥirasha kwaro.
4 Ȥino ndakanzwa rimŋe inzwi rinobva
kuɗeŋga, riciti: Ɓuɗai mariri, ʋanhu
ʋaŋgu, kuti murege kuwadzana naro
paȥiʋi ȥaro, mugorega kupiwa maɗa-
mbudziko aro. 5 Nokuti ȥiʋi ȥaro
ȥaşika kuɗeŋga, Mŋari waraŋgarira

* Mapaundi aneŋge zana.

ȥisakarurama ȥaro. 6 Muritsiʋei
parakakutsiʋai napo, muciriitira kaʋiri
parakaɓata napo; mumudziyo iwoyo
marakaɗira iro, muriɗirire kaʋiri.
7 Parakaȥikudza nokuȥifadza napo,
murirwadzise nokuricemedza; nokuti
rinoti mumŋoyo maro: Ndinogara
*pacigaro covushe* ndiri ʋahosi, handizi
cirikadzi, handiŋgatoŋgoʋoni kucema.
8 Saka maɗambudziko aro acaşika
nezuʋa rimŋe, rufu, nokucema, ne-
nzara; ricapiswa kwaȥo nomŋoto, nokuti
Ishe Mŋari unoritoŋga, unesimba.
9 Madzimambo enyika, akaita ʋupo-
mbge nokuȥifadza naro, acarira noku-
cema pamsoro paro, kana aciʋona ʋutsi
bgokupiswa kwaro; 10 iʋo ʋamire
kure nokutya kurwadzwa kwaro, ʋaciti:
Nhamo, nhamo, *newe*, guta guru, iwe
Babironi, guta rakasimba! Nokuti
kutoŋgwa kwako kwakaşika neŋguʋa
imŋe. 11 Ʋateŋgesi ʋenyika ʋacarira
nokucema pamsoro paro, nokuti haku-
cinomunhu unoteŋga nhumbi dzaʋo;
12 nhumbi dzendarama, nesirveri,
nedzamabge anokosha, nedzamaparera
nedzomuceka wakanaka, nedzemiceka
mitşuku, nedzesiriki, nedzemiceka mi-
shaʋa, namarudzi ose emiti inonhu-
wira, namarudzi ose emidziyo yenyaŋga
dzenzou, namarudzi ose emidziyo
yamatanda anokosha, nedzesafuri, ne-
dzeɗare, nedzamabge macena; 13 ne-
kinamoni, nomuamumoni, neȥinonhu-
wira, namafuta okuzora, namafuta
omuribanoni, newaini, namafuta omuo-
rivi, noʋupfu bgakatsetseka, neȥiyo,
neŋombe, namakwai, *nenhumbi* dzama-
biza, nedzeŋgoro, nedzaʋatapxa, nedze-
mŋeya yaʋanhu. 14 Micero yaiɗika-
nwa nomŋoyo wako, yakabva kwauri,
neȥinhu ȥose ȥakanaka neȥinopenya,
ȥakabva kwauri, ʋanhu haʋaŋgato-
ŋgoȥiwani ȥe. 15 Ʋateŋgesi ʋeȥinhu
iȥi, ʋakaŋga ʋafumiswa naro, ʋaca-
mira kure nokutya kurwadzwa kwaro,
ʋacirira nokucema, 16 ʋaciti: Nhamo,
nhamo, guta guru rakaŋga rakapfeka
muceka wakanaka, mutşuku nomushaʋa,
rakaŋga rakashoŋga ndarama, namabge
anokosha, namaparera! 17 Nokuti
neŋguʋa imŋe fuma huru yakaɗai
yaparadzwa. Ȥino ʋafambisi ʋose
ʋeȥikepe, naʋose ʋanofamba neȥikepe
papi napapi, naʋafambi naʋaɓati pagu-
ŋgwa, ʋakamira kure, 18 ʋakaɗani-
dzira ʋaciʋona ʋutsi bgokutşa kwaro,
ʋaciti: Guta rakafanana neguta iri guru
nderipiko? 19 Ipapo ʋakakandira gu-
ruʋa pamisoro yaʋo, ʋakaɗanidzira
ʋacirira nokucema, ʋaciti: Nhamo,
nhamo, guta guru, kwaifumiswa neȥi-
nokosha ȥaro ʋose ʋaiʋa neȥikepe ȥaʋo
paguŋgwa; nokuti rakaparadzwa ne-
ŋguʋa imŋe. 20 Farai pamsoro paro
iwe ɗeŋga, nemi ʋatşene naʋaapostora,
naʋaprofita, nokuti Mŋari wakari-
toŋgera kutoŋga kwenyu.
21 Ȥino mumŋe mutumŋa unesimba
akasimudza ibge rakaita seguyo guru,
akarikandira muguŋgwa, aciti: Saiȥo-
ȥo guta guru, Babironi, ricaputsirwa
pasi nesimba, rikasatoŋgowanikwa ȥe.
22 Nenzwi raʋanoridza ʋuɗimbga,
neraʋanoimba, neraʋanoridza nyere,
neraʋanoridza hwamanda, haricato-
ŋgonzwiki mauri, nemhizha yeɓasa
ripi neripi haicatoŋgowanikwi mauri,
nenzwi reguyo haricatoŋgonzwiki
mauri; 23 ciedza comŋenje hacica-
toŋgovenekeri mauri, nenzwi recikomba
kana romŋeŋga haricatoŋgonzwiki ma-
uri; nokuti ʋateŋgesi ʋako ʋaiʋa ʋakuru
ʋenyika; nokuti noʋuroyi bgako maru-
dzi ose akanyeŋgerwa. 24 Mukati maro
mukawanikwa ropa raʋaprofita neraʋa-
tşene, neraʋose ʋakaʋurawa panyika.

*Kuwa kweBabironi. Mufaro kuɗeŋga.*

19 1 Shure kwaiȥoȥo ndakanzwa
inzwi guru seraʋazhinji-zhinji
kuɗeŋga, riciti: Hareruya!
Ruponeso, nokubginya, nesimba nde-
ȥaMŋari weɗu; 2 nokuti kutoŋga
kwake ndokwaȥokwaɗi kwakarurama;
nokuti wakatoŋga mhombge huru yaka-
ʋodza nyika noʋupombge bgayo, aka-
tsiʋa ropa raʋaranda ʋake paruʋoko
rwayo. 3 Ipapo ʋakapamhidza, *ʋaciti*:
Hareruya! Ʋutsi bgayo bgunokwira
nokusiŋgaperi-peri. 4 Ȥino Ʋakuru
ʋanamakumi maʋiri naʋanna neȥisikwa
ȥipenyu ȥinna ʋakawira pasi ʋakanamata
Mŋari wakaŋga agere pacigaro coʋushe,
ʋakati: Ameni, Hareruya! 5 Inzwi
rikabva pacigaro coʋushe, riciti: Ru-
mbidzai Mŋari, imi mose ʋaranda
ʋake, imi munomutya, ʋaɗuku naʋa-
kuru. 6 Ipapo ndakanzwa senzwi
raʋazhinji-zhinji, senzwi remvura
zhinji, senzwi rokutinhira kukuru,
riciti: Hareruya! Nokuti Ishe Mŋari
weɗu wamasimba ose woɓata ʋushe.
7 Ŋgatifarei, tifarisise, timukudze; no-

kuti mutambo wokuwana weGwaiana
waşika, mukadzi waro waȥigadzira.
8 Wakapiwa *simba* kuti apfeke muceka
wakanaka, unopenya, usinetşina; nokuti
muceka wakanaka ndiȥo ȥakarurama
ȥaʋatşene. 9 Ȥino akati kwandiri:
Nyora, *uti*: Ʋakaropafadzwa ʋakakoke-
rwa kucirayiro cokuwana ceGwaiana.
Akati kwandiri: Mashoko awa ndaaȥo-
kwaɗi aMŋari. 10 Ipapo ndakawira
pasi pamberi petsoka dzake, kuti
ndimunamate. Akati kwandiri: Rega
kuɗaro, nokuti ndiri muranda pamŋe
cete newe nehama dzako dzinoɓata
kupupura kwaJesu; namata Mŋari,
nokuti kupupura kwaJesu ndiwo mŋeya
wokuprofita.

*Kristu unokunda cikara nomuprofita wenhema.*

11 Ipapo ndakaʋona kuɗeŋga kwa-
kazarurwa, ndikaʋona biza jena; naiye
wakaŋga agere pamsoro paro wakanzi:
Wakatendeka noWaȥokwaɗi; unotoŋga
nokurwa ȥakarurama. 12 Meso ake
akaŋga akaita somuraȥo womŋoto;
pamusoro wake pakaŋga panekorona
zhinji; wakaŋga anezita rakanyorwa,
risina-kuzikanwa nomunhu, asi naiye
ɓedzi. 13 Wakaŋga akapfeka ŋguʋo
yakanyikwa muropa; zita rake rinonzi
Shoko raMŋari. 14 Hondo dzoku-
ɗeŋga dzakamuteʋera, dzakataşa mabiza
macena, dzakafuka muceka wakanaka
mucena, usinetşina. 15 Mumuromo
make makaɓuɗa munondo unopinza,
kuti aroʋe marudzi nawo; ucaafudza
netşimbo yeɗare; unotsika cişiniro
cehasha dzokutsamŋa kwaMŋari wama-
simba ose. 16 Paŋguʋo yake napacidȥa
cake pakaŋga pakanyorwa zita rinoti:
MAMBO WAMADZIMAMBO, NA-
SHE WAMADZISHE.
17 Ȥino ndakaʋona mutumŋa amire
muzuʋa; akaɗanidzira nenzwi guru,
aciti kushiri dzose dzinobururuka pakati
peɗeŋga: Ʋuyai, muʋuŋgane pacirayiro
cikuru caMŋari, 18 kuti mudye nyama
yamadzimambo, nenyama yaʋakuru ʋe-
ȥuru ȥamazana, nenyama yaʋanesimba,
nenyama yamabiza, neyaʋataşi ʋawo,
nenyama yaʋanhu ʋose ʋakasunuŋguka
naʋakasuŋgwa, ʋaɗuku naʋakuru.
19 Ȥino ndakaʋona cikara ciya nama-
dzimambo enyika nehondo dzaʋo,
ʋakaʋuŋgana kuti ʋarwe naiye wakaŋga
akataşa biza, nehondo dzake. 20 Ipapo
cikara cakaɓatwa pamŋe cete nomu-
profita wenhema, wakaita ȥiratidzo
pamberi paco, ȥaakanyeŋgera naȥo
ʋaya ʋakapiwa ciratidzo cecikara,
naʋainamata mufananidzo waco. Aʋa
ʋaʋiri ʋakakandirwa ʋari ʋapenyu
mugomba romŋoto unopfuta nesu-
rferi. 21 Ʋakasara ʋakaʋurawa nomu-
nondo waiye wakaŋga akataşa biza,
wakaɓuɗa mumuromo make; shiri
dzose dzikaguta nyama yaʋo.

*Satani unosuŋgwa. Ʋatendi ʋanoɓata ʋushe pamŋe cete naKristu.*

20 1 Ȥino ndakaʋona mutumŋa
aciɓuruka kuɗeŋga, anekiyi
yegomba rakadzika-dzika, ne-
ketani huru muruʋoko rwake. 2 Aka-
ɓata shato, nyoka yakare, ndiye
Diaborosi naSatani, akamusuŋga ma-
kore anegumi ramazana, 3 akamu-
kandira mugomba rakadzika-dzika,
akamupfigira'*mo*, akaisa cisimbiso pa-
msoro pake, kuti arege kuzonyeŋgera
marudzi kuşikira makore anegumi
ramazana apera; shure kwaiȥoȥo uno-
fanira kusunuŋgurwa ciŋguʋa ciɗuku.
4 Ipapo ndakaʋona ȥigaro ȥoʋushe,
ʋakagara pamsoro paȥo, ʋakapiwa *si-
mba* rokutoŋga; *ndikaʋona* mŋeya ya-
ʋakaŋga ʋagurwa misoro nokuɗa kwo-
kupupura kwaJesu, nokweshoko ra-
Mŋari, naʋose ʋasina-kunamata cikara
kana mufananidzo waco, ʋasina-kupiwa
ciratidzo pahuma dzaʋo naparuʋoko
rwaʋo; ʋakararama ʋakaɓata ʋushe
pamŋe cete naKristu makore anegumi
ramazana. 5 Ʋamŋe ʋakafa haʋana-
kurarama kuşikira makore anegumi
ramazana apera. Ndiko kumuka kwo-
kutaŋga. 6 Munhu unomugoʋe paku-
muka kwokutaŋga wakaropafadzwa,
mutşene; rufu rwecipiri harunesimba
pamsoro paiʋaʋa; asi ʋacaʋa ʋaprista
ʋaMŋari naʋaKristu, ʋacaɓata ʋushe
pamŋe cete naye makore anegumi
ramazana.

*Satani unosunuŋgurwa, ndokuzokundwa kwaȥo.*

7 Ȥino kana makore anegumi ramazana
apera, Satani ucasunuŋgurwa muto-
roŋgo yake, 8 ucaɓuɗa kundonyeŋgera
marudzi ose ari kumatiʋi manna enyi-
ka, iʋo Gogi naMagogi, aaʋuŋgani-
dzire kundorwa; kuwanda kwaʋo kwa-
kaita sejeca reguŋgwa. 9 Ʋakakwira

pakufara kwenyika, ʋakakomba misasa
yaʋatşene neguta rinoɗikanwa; ipapo
mŋoto wakaɓuruka ucibva kuɗeŋga,
ukaʋaparadza. 10 Ȥino Diaborosi,
wakaʋanyeŋgera, akakandwa mudziʋa
romŋoto nesurferi, panecikara nomu-
profita wenhema, kuti ʋarwadzwe masi-
kati noʋusiku nokusiŋgaperi-peri.

*Kutoŋga kwokupedzisira.*

11 Ȥino ndakaʋona cigaro coʋushe
cikuru cicena, naiye wakaŋga agere
pamsoro paco, iye, nyika neɗeŋga
ȥakatiza pamberi pake, ȥikasawanirwa
nȥimbo. 12 Ipapo ndakaʋona ʋakafa,
ʋaɗuku naʋakuru, ʋamire pamberi
pecigaro coʋushe; buku dzikazarurwa,
neimŋe buku yoʋupenyu ikazarurwa;
ʋakafa ʋakatoŋgwa neȥakaŋga ȥaka-
nyorwa mubuku, seȥaʋakaɓata. 13 Gu-
ŋgwa rikaɓuɗisa ʋakafa ʋakaŋga ʋari
mariri; norufu neHadesi ȥikaɓuɗisa
ʋakafa ʋakaŋga ʋari maȥiri; mumŋe
nomumŋe akatoŋgwa seȥaakaɓata.
14 Ipapo rufu neHadesi ȥakakandirwa
mudziʋa romŋoto. Ndirwo rufu rwe-
cipiri, ndiro dziʋa romŋoto. 15 Ȥino
kana munhu akawanikwa asina-kunyo-
rwa mubuku yoʋupenyu, wakakandirwa
mudziʋa romŋoto.

*Ɗeŋga idȥa nenyika itşa.*

21 1 Ȥino ndakaʋona ɗeŋga idȥa
nenyika itşa, nokuti ɗeŋga
rokutaŋga nenyika yokutaŋga
ȥakaŋga ȥapfuʋura; neguŋgwa rakaŋga
risisi'*po*. 2 Ndikaʋona guta dȥene,
Jerusarema idȥa, riciɓuruka kuɗeŋga
ricibva kunaMŋari, rakagadzirwa so-
mŋeŋga wakashoŋgerwa murume wake.
3 Ndikanzwa inzwi ricibva kuɗeŋga,
riciti: Tarirai, tabernakeri yaMŋari iri
pakati paʋanhu, iye ucagara naʋo, iʋo
ʋacaʋa ʋanhu ʋake; Mŋari amene uca-
ʋa naʋo, aʋe Mŋari waʋo. 4 Ucapisika
misodzi yose pameso aʋo; rufu haru-
caʋi'*po*, kana kucema, kana kurira,
kana kutambudzika haȥiŋgaʋi'*po*; no-
kuti ȥokutaŋga ȥapfuʋura. 5 Wakaŋga
agere pacigaro coʋushe akati: Tarirai,
ndinoʋandudza ȥose. Akati: Nyora,
nokuti mashoko awa aŋgatendwa,
ndaaȥokwaɗi. 6 Akati kwandiri: Ȥa-
itwa. Ndini Arfa neOmega, kutaŋga
nokuguma. Ini ndicapa unenyota
ȥinobva patsime remvura yoʋupenyu
asiŋgateŋgi. 7 Unokunda ucagara
nhaka yeȥinhu iȥi; ndicaʋa Mŋari
wake, iye ucaʋa mŋanakomana waŋgu.
8 Asi kana ʋari ʋanotya, naʋasiŋgate-
ndi naʋanyaŋgadzi, naʋaʋurayi, nemho-
mbge, naʋaroyi, naʋanonamata ȥifa-
nanidzo, naʋose ʋanoreʋa nhema,
mugoʋe waʋo uri mudziʋa rinopfuta
nomŋoto nesurferi; ndirwo rufu rwe-
cipiri.

*Jerusarema idȥa.*

9 Ȥino mumŋe waʋatumŋa ʋanomŋe,
ʋakaŋga ʋanendiro nomŋe dzizere
namaɗambudziko manomŋe okupedzi-
sira, wakaşika, akataura neni, aciti:
Ʋuya pano, ndigokuratidza mŋeŋga,
mukadzi weGwaiana. 10 Ipapo waka-
ndiisa muMŋeya kugomo guru refu,
akandiratidza guta dȥene, Jerusarema,
riciɓuruka kuɗeŋga, ricibva kunaMŋari,
11 rinokubginya kwaMŋari; ciedza caro
cakaŋga cakaita sebge rinokosha kwaȥo,
sebge rejaspisi, rinoʋonekera sekri-
staro; 12 rakaŋga rinoruşiŋgo rukuru,
rurefu, rakaŋga rinamasuʋo anegumi
namaʋiri; naʋatumŋa ʋanegumi naʋa-
ʋiri pamasuʋo, namazita akanyorwa
pamsoro pawo, ari mazita amarudzi
anegumi namaʋiri aʋana ʋaIsraeri.
13 Kumabvazuʋa kwakaŋga kunama-
suʋo matatu; kumsoro masuʋo matatu,
zasi masuʋo matatu; nokumaʋirira
masuʋo matatu; 14 ruşiŋgo rweguta
rwakaŋga runenheyo dzinegumi ne-
mbiri; napamsoro padzo mazita aʋa-
apostora ʋanegumi naʋaʋiri ʋeGwaiana.
15 Uyo, wakataura neni, wakaŋga
anorutsaŋga rwendarama rwokuyera
guta narwo, namasuʋo aro noruşiŋgo
rwaro. 16 Guta rakaŋga rakaʋakwa
namatiʋi manna akaenzana, kureɓa
kwaro kwakaenzana nokufara kwaro;
akayera guta norutsaŋga, ȥikaşika pama-
stadia aneȥuru ȥinegumi neȥiʋiri*;
kureɓa nokufara, nokukwirira kwaro
ȥakaŋga ȥakaenzana. 17 Akayera ru-
şiŋgo rwaro, makubiti anezana nama-
kumi manna namanna†, neciyero co-
munhu, ciri ciyero comutumŋa.
18 Ruşiŋgo rwaro rwakaŋga rwaka-
ʋakwa nejaspisi, ʋuye guta rakaŋga
riri *r*endarama yakaişo-naka, yakaʋo-
nekera kwaȥo. 19 Nheyo dzoruşiŋgo
rweguta dzakaŋga dzakashoŋgedzwa

* Maira dzineŋge curu cimŋe namazana mashanu.

† Mayadi aneŋge makumi manomŋe namaʋiri.

namabge amarudzi ose anokosha.
Nheyo yokutaŋga yakaŋga iri yejaspisi;
yecipiri yesafiri; yecitatu yekarsidoni;
yecinna yesmaragdino; 20 yecishanu
yesardoniksi; yecitanhatu yesardio; ye-
cinomŋe yekrisoriti; yorusere yeberiri;
yepfumbamŋe yetopasi; yegumi yekri-
soprasi; yegumi neimŋe yehiakinti;
yegumi nembiri yeametesti. 21 Ma-
suʋo anegumi namaʋiri akaŋga ari
amaparera anegumi namaʋiri; suʋo
rimŋe nerimŋe rakaŋga riri reparera
rimŋe; nzira yomuguta yakaŋga iri
yendarama yakaiȿo-naka, inoita se-
inoʋonekera. 22 Handina-kuʋona te-
mbere mukati maro, nokuti Ishe Mŋari
wamasimba ose neGwaiana itembere
yaro. 23 Guta haritȿaki zuʋa kana
mŋedzi, kuti rivenekerwe naɀo; nokuti
kubginya kwaMŋari ndiko kwairi-
venekera, nomŋenje waro ndiro Gwai-
ana. 24 Ndudzi dzinofamba neciedza
caro; madzimambo enyika anoʋuyisa
kubginya kwawo mukati maro. 25 Ma-
suʋo aro haaŋgatoŋgozarirwi masikati,
nokuti ʋusiku habgucazoʋi'po. 26 Ʋa-
caʋuyisa mukati maro kubginya noku-
kudzwa kwendudzi. 27 Mukati maro
hamuŋgatoŋgopindi cinhu cinoȿiɓisa,
kana cinonyaŋgadza, kana cinenhema;
asi aʋo ɓedzi ʋakanyorwa mubuku
yoʋupenyu yeGwaiana.

*Rwizi rwovupenyu.*

22 1 Ɀino akandiratidza rwizi-
rwemvura yoʋupenyu, yaka-
penya sekristaro, inoɓuɗa paci-
garo coʋushe caMŋari neceGwaiana,
2 pakati penzira yaro. Kumatiʋi ma-
ʋiri orwizi kwakaŋga kunomuti woʋu-
penyu, unoɓereka ɀiɓereko *ɀamarudzi*
anegumi namaʋiri, uciita ɀiɓereko ɀaro
mŋedzi mumŋe nomumŋe; namashizha
omuti aiʋa *mushoŋga* wokuporesa
ndudzi. 3 Hakucaʋi necinhu caka-
tukwa; cigaro coʋushe caMŋari nece-
Gwaiana cicaʋa mukati maro; ʋaranda
ʋake ʋacamushumira; ʋacaʋona ciso
cake; 4 ʋuye zita rake ricaʋa pahuma
dzaʋo. 5 Ʋusiku habgucazoʋi'po;
haʋatȿaki ciedza comŋenje, kana ciedza
cezuʋa; nokuti Ishe Mŋari ucaʋavene-
kera; ʋacaɓata ʋushe nokusiŋgaperi-
peri.

*Mashoko okupedzisira.*

6 Ɀino akati kwandiri: Mashoko awa
aŋgatendwa, ndaaɀokwaɗi; Ishe, Mŋari
wemŋeya yaʋaprofita, wakatuma mu-
tumŋa wake kuti aratidze ʋaranda ʋake
ɀinhu ɀoɗo-kuitwa. 7 Tarirai, ndo-
kurumidza kuʋuya; unoceŋgeta ma-
shoko okuprofita kwebuku iyi waka-
ropafadzwa.
8 Ini Johane, ndini ndakanzwa, ndi-
kaʋona iɀoɀi. Ɀino ndakati ndicinzwa,
nokuʋona, ndikawira pasi kuti ndina-
mate pamberi petsoka dzomutumŋa
wakandiratidza iɀoɀi. 9 Akati kwandiri:
Rega kuɗaro; ndiri muranda pamŋe cete
newe, nehama dzako, ʋaprofita, naʋano-
ceŋgeta mashoko ebuku iyi; namata
Mŋari.
10 Ipapo akati kwandiri: Usazarira
mashoko okuprofita kwebuku iyi, nokuti
ŋguʋa yaʋa pedyo. 11 Usina-kuru-
rama ŋgaarambe aciita ɀisakarurama;
unetȿina, ŋgaarambe aciȿiɓiswa; waka-
rurama ŋgaarambe aciita ɀakaru-
rama; mutȿene ŋgaarambe aciitwa
mutȿene. 12 Tarirai, ndinokurumidza
kuʋuya; muɓairo waŋgu ndinawo, kuti
ndipe mumŋe nomumŋe seɀaakaɓata.
13 Ndini Arfa neOmega, wokutaŋga
nowokupedzisira, kutaŋga nokuguma.
14 Ʋanosuka ŋguʋo dzaʋo ʋakaropa-
fadzwa, kuti ʋaʋe nesimba rokuʋuya
kumuti woʋupenyu, ʋapinde napama-
suʋo eguta. 15 Kunze ndiko kune-
mbga, naʋaroyi, nemhombge, naʋa-
ʋurayi, naʋanonamata ɀifananidzo,
naʋose ʋanoɗa nhema ʋacidziita.
16 Ini Jesu, ndakatuma mutumŋa
waŋgu, kuti akupupurirei iɀoɀi pa-
kereke. Ndini mudzi worudzi rwa-
Davidi, nyamasase inopenya.
17 Mŋeya nomŋeŋga ʋanoti: Ʋuya!
Naiye unonzwa ŋgaati: Ʋuya! Unenyota
ŋgaaʋuye. Unoɗa ŋgaatore mvura
yoʋupenyu asiŋgateŋgi.
18 Ndinopupurira mumŋe nomumŋe
unonzwa mashoko okuprofita kwebuku
iyi, *ndiciti*: Kana munhu akawedzera
paɀinhu iɀi, Mŋari ucawedzera kwaari
maɗambudziko akanyorwa mubuku iyi;
19 kana munhu akabvisa mashoko
ebuku yokuprofita uku, Mŋari ucabvisa
mugoʋe wake pamuti woʋupenyu,
nomuguta dɀene, napaɀinhu ɀaka-
nyorwa mubuku iyi.
20 Iye unopupura iɀoɀi unoti: Hoŋo,
ndinokurumidza kuʋuya. Ameni,
ʋuyai Ishe Jesu.
21 Nyasha dzaShe Jesu ŋgadziʋe
naʋose. Ameni.